VAVENGI VAVIRI
VAKAVA SHAMWARI

New Covenant Publications: Shona

Copyright © 2020. New Covenant Publications International.

Kodzero dzese dzakachengetwa. Hapana chikamu chebhuku rino chinogona kutsikiswa kana kufambiswa nenzira ipi zvayo kana neimwe nzira chero ipi zvayo pasina mvumo yakanyorwa kubva kumunyori, kunze kwenyaya yemashoko mapfupi ari muzvinyorwa zvinotsoropodza uye wongororo. Ndokumbira utarise mibvunzo yese yakakodzera kumuparidzi.

Kodzero dzese dzakachengetwa. Hapana chikamu chebhuku rino chinokwanisa kutsikiswa kana kufambiswa nenzira chero ipi zvayo kana neimwe nzira, zvemagetsi kana zvemuchina, kusanganisira kutora fotokopi, kurekodha, kana nekuchengetera ruzivo nehurongwa hwekutsvagisa - kunze kwemuongorori kana muongorori anogona kutora ndima pfupi kuti idhindwe. mumagazini, magazini kana magazini.

ISBN: 359-2-85933-609-1

ISBN: 359-2-85933-609-1

Catalog uye Data Rakaburitswa

Yakarongedzwa uye Yakagadzirwa ne: New Covenant Publications International Group

Yakadhindwa kuUnited Kingdom.

Yekutanga Kudhindwa 26 Chivabvu 2020

Rakabudiswa ne: New Covenant Publications International Ltd.,

Kemp House, 160 City Road, London, EC1V 2NX

Shanyira webhusaiti: www.newcovenant.co.uk

Iyi ndiyo nzvimbo yakakodzera yehurongwa hwevanhu. Inosanganisira nzvimbo yemukati mefungwa; ichikumbira rusununguko rwepfungwa muhurongwa hwakazara; rusununguko rwepfungwa, manzwiro; rusununguko rwakazara rwepfungwa nemanzwiro pane zvese zvinhu (zvinoshanda kana zvekufungidzira, sainzi, moral, kana teoloji). Rusununguko rwekutaura nekuburitsa maonero kunogona kutaridzika sekunge kuri pasi peimwe mitemo… Kuve kwakakosha sezvinoita rusununguko rwepfungwa pachayo, uye kuchinyanya kuvimba nemaitiro akafanana, hazvichinjiki pakudzivirira… Hapana nzanga iyo inotarisirwa kuti igamuchire rusununguko urwu zvizere, iri yakasununguka. Hapana iyo yakazara yakasununguka apo rusununguko urwu hwakakosha hwakazara uye huchinyatsoitika.

Peji rino rakasiiwa risina chinhu.

New Covenant Publications

International Ltd.

Mabhuku Akachinjwa, Mifungo Yakachinjwa

New Covenant Publications International Ltd.,
Kemp House, 160 City Road, London, EC1V 2NX

Chikero chetsamba yemumhepo: newcovenantpublicationsintl@gmail.com

Kutenda

Bhuku iri rakatsaurirwa kuna Mwari.

Nhanganyaya

Hushumiri huno [Kambani yekudhindisa yeChibvumirano Chitsva], unosanganisa muverengi nehurongwa hwaMwari hwakabatanidza kudenga nopasi uye kunosimbisa kusakundika kwemutemo werudo. Chiratidzo, areka yesungano, inomiririra hukama hwepedyo pakati paKristu Jesu nevanhu vake uye kukosha kwemutemo waMwari. Sezvazvakanyorwa zvichinzi “Iyi indiyo sungano yandichaita neimba yaIsraeri shure kwamazuva iwayo,” ndizvo zvinotaura Jehovha. “Ndichaisa murayiro wangu mundangariro dzavo uye ndigounyora mumwoyo yavo. Ndichava Mwari wavo, uye ivo vachava vanhu vangu.” (Jeremia 31:31-33; VaHebheru 8:8-10). Chokwadi, sungano itsva inopupurira kudzikinurwa, kwakaberekwa nekurwisana kusingaperi uye akaiswa, rakanamwa neropa.

Vakabvira kare, vanhu vasingaverengeki vakatambura ndokufa, nechinangwa chekudzvinyirira chokwadi. Kunyanya muNguva dzeRima, chiedza ichi chinorwiswa zvakanyanya uye chakavanzwa netsika dzevanhu uye kusaziva kwese nekuti vagari vepasi vakashora uchenjeri uye vakaputsa sungano. Kwehuori wakapararira munyika yose, zvichikonzera uipi hwakatekeshera uye yakamutsa ruvengo. Zvekuti hupenyu hwakawanda hwakabayirwa, vachiramba kupa rusununguko rwavo rwehana. Zvisinei, ruzivo rwakarasika rwakamutswa patsva.

Zvisinei, kuburikidza nebhuku iri, munhu anozodzidzazve kukosha kusingarambiki kwekuchinja uku kuburikidza nemaonero eva vavandudzi vezana ramakore rechigumi neshanu nevamwe vatungamiriri vane ushingi. Kubva munyaya dzavo, munhu anogona kunzwisisa hondo dzinoparadza, zvikonzero zviri pasi pekuramba kwakasimba uku zvinopa uye kupindira kwaMwari.

Dingindira redu: “Mabhuku Akachinjwa, Mifungo Yakachinjwa,” rinosimbisa nhambo yeChinjo, mabhuku ayo nepesvedzero yayo munyika yose. Inopindiranawo nechinodikanwa chinokosha chechinjo yomunhu oga, kuberekwa patsva uye kushandurwa. Sezvakaita muchina weGutenberg wekudhinda nekushandura kwakatapurira chitendero chakagadziridzwa, makore angangoita 500 apfuura, nhasi makomputa nedandemutande zvinotaurirana chokwadi chenguva idzi.

Tafura Yezviri Mukati

Chitsauko 1 Nhoroondo Yenyika Zvakafanotaurwa 6
Chitsauko 2 Rubhabhatidzo Rwemoto Neropa 22
Chitsauko 3 Nguva Yerima Guru 29
Chitsauko 4 Vanhu Vakakosha 38
Chitsauko 5 Nyamasase 51
Chitsauko 6 Varwi Vaviri Vechokwadi 65
Chitsauko 7 Kuparadzana Kukuru 80
Chitsauko 8 Dare Repamusoro 94
Chitsauko 9 Mushumiri werumutsiriro kuSwitzerland 109
Chitsauko 10 Kubudirira kwerumutsiriro rwokururama munyika yeGermany 121
Chitsauko 11 Chimurenga Chemachinda 132
Chitsauko 12 Shanduko muFrance 144
Chitsauko 13 Netherlands neScandinavia 160
Chitsauko 14 Vavandudzi Vekupedzisira vemu England 166
Chitsauko 15 Bhaibheri nechimurenga ChemuFrance 176
Chitsauko 16 Madzibaba Evafambi 195
Chitsauko 17 Pedyo Nemagumo—Vaparidzi Vekutanga 203
Chitsauko 18 Muparidzi Weshanduko wekuAmerica 216
Chitsauko 19 Chiedza mukati Merima 236
Chitsauko 20 Kumutswa kukuru kwechitendero 245
Chitsauko 21 Yambiro Inorambwa 260
Chitsauko 22 Kuzadziswa kwezviporofita 272
Chitsauko 23 Chii chinonzi nzvimbo tsvene (tebhanekeri)? 284
Chitsauko 24 Munzvimbo Tsvene Tsvene 294
Chitsauko 25 Mutemo waMwari unogara nekusingaperi 300
Chitsauko 26 Basa Rerumutsiriro 311
Chitsauko 27 Mamutsiriro emazuva ano 319
Chitsauko 28 Kutarisana Nenhorondo Yakanyorwa Yeupenyu 333
Chitsauko 29 Manyuko Echitema 342

Chitsauko 30 Ruvengo Rusingagumi 352
Chitsauko 31 Mabasa emweya Yakaipa 356
Chitsauko 32 Misungo Yasatani 359
Chitsauko 33 Kunyengedzwa Kukuru Kwekutanga 368
Chitsauko 34 Ko vakafa vedu vanogona kutaura nesu here? 382
Chitsauko 35 Rusununguko Rwehana Nechitendero 390
Chitsauko 36 Hondo iri Kuuya 398
Chitsauko 37 Magwaro ndiwo anogona Kutichengetedza 406
Chitsauko 38 Yambiro Yekupedzisira 413
Chitsauko 39 Nguva Yekutambudzika 420
Chitsauko 40 Vanhu vaMwari vanodzikinurwa 430
Chitsauko 41 Kuparadzwa Kwenyika 443
Chitsauko 42 Hondo huru Yapera 450

Chitsauko 1 Nhoroondo Yenyika Zvakafanotaurwa

Imwe yetemberi dzakanakisisa mupasi rose. Guta rakanakisisa kupfuvura mamwe ose: Heino nyaya yekuparadzwa kweJerusarema muna A.D. 70, nemaRoma pasi paTito.

Chakava chiitiko chinofadza kwazvo kuvaRoma; Ko maJudha chaivei? Pamusoro-soro pechikomo zasi kuneguta, mazhenje aiita semurazvo wemoto unobva pasi—Jerusarema, guta rakaidzwa kuchengetedzwa nemukuru wehondo yeRoma—asi rakapiswa rikaita madota haro, zvisinei nezvaingakwanisa kuitwa nemunhu kuridzikinura—nekuda kwechiprofita chakapiwa naJesu makore 39 akapfuvura

“Dzirwa meso ako! Nokuti uchasvikirwa nemazuva auchavakirwa nawo ai waiziva, zuva rino, zvinhu zvingakupa rugare! Asi zvino zvakavan-muchinjiziri nevavengi vako, vachakukomba, nekukumanikidza pamativi ose, vachakuparadzira pasi, iwe nevana vako mukati mako; havangaregi mukati mako ibwe rimwe riri pamusoro perimwe, nekuti hauna kuziva nguva yekushanyirwa kwako.” Ruka 19:42-44.

Kubva pamusoro pegomo reMiorivi, Jesu akatarisa Jerusarema. Kunaka nerugare zvakange zvakatambanudzwa pamberi pake. Yakanga yave nguva yePasika, uye vana vaJakobo vakanga vabva kunzvimbo dzese vaunganira mutambo mukuru uyu wenyika yavo. Pakati pemapindu neminda yemizambiringa, nemitenu nemikwidza yakazadzwa nematende evafambi kwaivonekwa zvikomo nemizinda yeumambo, nerusvingo rukuru rweguta guru raIsraeri. Mukunda weZioni, ainge anotaura nekuzvikudza achiti, “Ndigere samambokadzi, handisikuzoshungurudzwa; murunako saizvozvo,” achizviona akachengeteka mukufadza Denga, sezvazvaive makore ekare kare, vaimbi vehumambo vachiimba:

“Rakanaka pakukwirira kwaro, mufaro wepasi pose, ndiro Gomo reZioni, ... guta raMambo mukuru.” Pisarema 48:2. Zvivaka zvetemberi zvakaisvonaka zvichinyatsoonekera. Maranzi ezuva richivira aivheneka kuchena kunenge kwechando, kwezvidziro zvematombo akaisvonaka, nekubwinya kwaro kuchivonekwa pa goride resuwo guru nechiruvi chetemberi.

“Kuperera kwerunako” rakamira riri chidadiso cherudzi rwaJuda. Mwana upi waIsrairi aingatarisa zvakadai akasafadzwa, nekuyemura! Asi Jesu aitove nedzimwe pfungwa dzakasiyana zvachose mumwoyo make “zvino akati aswedera pedyo, akaona guta, akachema pamusoro paro.” Ruka 19:41. Mukati mekupemberera, kwavose, kupinda kwemukundi, mapazi emichindwe achizeeretswa, mahosana achimutsa maungira muzvikomo, nezviuru zvemazwi zvichidaidzira kuti Iye ndimambo, pakarepo Mudzikinuri wenyika akazadzwa nekusuruvara kunoshamisa. Iye, Mwanakomana waMwari, Akavimbiswa waIsrairi, anesimba rainge rakunda rufu nekudaidza vasungwa varwo kubva

muguva, aive nemisodzi, kwete yekungorwadziwawo zvako. Asi yekurwadziwa kusingavanzike.

Misodzi yake yakanga isiri yekuzvichema iye, kunyange aizivakwainaga tsoka dzake. Pamberi pake paive neGetsimane, nzvimbo kwaaizotambudzikira mumwoyo. Suwo remakwai zvakare raionekwa, iro kwemazana emakore raipinzwa naro zvibairo, raAizozarurirwawo Iye, “achitungamirirwa segwayana kunobaiwa.” Isaya 53:7. Karivari, nzvimbo yemichinjikwa, yaisavekure. Munzira iyo Kristu aizofamba, aifanira kuwirwa nekurema kwerima guru apo aizozvipa sechibairo chechivi. Kusiri kufungisisa nezviitiko izvi kwaiisa mumvuri wekusuwa paAri, panguva iyi yemafaro. Hakusi kuremerwa nekurwadziwa Kwake iye kunopfuvurisa kwevanhu kwakakwidibira mweya wake Iye wekusazvitsvakira zvake. Akachemera zviuru zve Jerusarema – nekuda kwehupofu nekusatendeuka kwevaakanga auya kuzokomborera nekuponesa.

Nhoroondo inopfuura chiuru chemakore, yekunatsirwa kwaka tsananguri ka nekuchengetedzwa naMwari, zvaiburitswa kuvasarudzwa vake zvaiva pachena kuna Jesu. Kwaiwe neGomo reMoria, apo mwanakomana wechipikirwa, asingarambe, akanga ambosungwa akaiswa paaritari-ari munongedzo wechibairo cheMwanakomana waMwari. Genesi 22:9. Ipapo, sungano yechikomborero, chipikirwa chaMesia, yakasimbiswa kunababa vevakatendeka. Genesi 22:16-18. Ipapo moto wechibairo uchikwira kudenga uchibva paruware rwaipurirwa naOnani wakatendeutsira kurutivi munondo wengirozi yekuparadza (1 Makoronike 21) – mufananidzo wakakwana waMuponesi wekubaira nekumiriri ra vanhu vane mhosva. Jerusarema rakanga raremekedzwa naMwari kudarika nyika yose. Tenzi akanga “asarudza Zioni,” Akanga “arida kuti rive hugaro hwaKe.” Pisarema 132:13.

Ipapo, kwemakore mazhinji, vaprofira vatsvene vakanga vaparidza mashoko avo eyambiro. Ipapo vapirisita vakanga vazunzira hadyana, negore rerusenzi pamwe chete neminamato yevainyengetera, rakanga rakwira pamberi paMwari. Ipapa zuva nezuva ropa remakwayana aivuraiwa rakanga rapirwa, richinongedzera kuGwaiana raMwari. Ipapa Jehova akanga azviratidza mugore rekubwinya pamusoro pechigaro chemutsa. Ndipo paizororera chitsiko chemanera aibatanidza pasi nekudenga. (Genesi 28:12; Johane 1:51) – manera ayo ngirozi dzaMwari dzaidzika nekukwirira nawo, akazarurira nyika nzira yekupinda munzvimbo tsvene tsvene.

Dai Israeri akachengetedza ruremekedzo rwake kuDenga, Jerusarema ringadai raka mira narini riri musanangurwa waMwari. Jeremiya 17:21-25. Asi nhorowondo yevadikanwa vaMwari ava yakava rungano rwekudzokera shure nekupanduka. Vakanga varamba nyasha dzeDenga nekuzvidza rombo rakanaka ravaive vapiwa, vakatambisa mikana yavo.

Kunyange Israeri yakanga “yatuka vatumwa vaMwari, nekushora mazwi Ake, nekusoropodza vaprofita” (2 Makoronike 36: 15, 16), Mwari akanga azviratidza kwavari, sa “Jehova Mwari, anenyasha nengoni, ane mwoyo murefu, azere nekunaka nechokwadi” Eksodo 34: 6; zvisinei nekumuramba kazhinji, nyasha Dzake dzakaramba dzichinyengerera. Zvinopfuura rudo rwababa rwunonzwira mwanakomana wavanochengeta, Mwari akanga “atuma yambiro kwavari nevatumwa Vake, vachimuka mwangwanani-ngwanani vachidzitumidzira, nekuti ainzwira vanhu Vake nenzvimbo yehugaro Hwake.” 2 Makoronike 36:15,16. Apo kudzivisa kose, kunyengerera, nekutsiura zvakanga zvakundikana, akavatumira chipo chakanakisa chekudenga; idi akadurura denga rese muChipo chimwe chete ichocho.

Mwanakomana waMwari Pachake akatumwa kozonyengerera guta raisatendeuka. NdiKristu akanga auya naIsrairi semuzambiringa wakanaka kubva kuIjipita. Pisarema 80:8. Ruoko rwake pachake rwakange rwapotsera vahedheni kubva pamberi pake. Akanga aidyara “pachikomo chaiburitsa michero kwazvo.” Isaya 5:1-4. Kuchengetedza kwake kwakanga kwakaripoteredza. Varanda Vake vakanga vatumwa kuzorirera. “Chii chimwe chingadai chaitirwa munda Wangu wemizambiringa, “Anodaro,” chandisina kuita mauri?” Isaya 5:1-4. Kunyange paakautarisira kuti ungabereke mazambiringa, iwo wakabereka mazambiringa emusango. (Isaya 5:1-4) asi neshungu dzaiva netariro dzekuwana michero akauya iye amene kumunda wake wemizambiringa, kuti pamwe ungadzikinurwa kubva kukuparadzwa. akautimbira; kaupemhenera nekuuda. Haana kuneta mukushigairirira kwake kuponesa muzambiringa waakadyara amene.

Kwemakore matatu Tenzi wechiedza nembiri akanga achipinda nekubuda pakati pevanhu Vake. Aka “poterera achiita zvakanaka nekurapa vose vakanga vakadzvanyirirwa naDiabhorisi,” achibatanidza vaive nemwoyo yakapwanyika achisunungura vakanga cakasungwa, achisvinudza mapofu, achikonzeresa zvirema kufamba nematsi kunzwa, achichenura vaive nemaperembudzi, achimutsa vakafa, nekuparidza vhangeri kuvarombo. Mabasa 10:38; Ruka 4:18; Mateo 11:5. Kune vanhu vose aitaura rukoko: “uyai kwaNdiri, imi mose munoshanda, makaremerwa, uye ndichakupai zororo.” Mateo 11:28.

Kunyange akaripirwa zvakanaka zvake nezvakaipa neruvengo panzvimbo yerudo rwake (Pisarema 109:5), akaramba akasimbira pachinangwa chake chekunzwira tsitsi. Hapana akarambwa kuna vose vaitsvaka nyasha dzake. Mufambi akanga asina musha, kushorwa nehurombo hwekupedzisira zviri pamusoro pake zuva rimwe nerimwe, airaramira kushandira kuti vanhu vawane zvinoraramisa, nekurerutsa nhamo dzevanhu, kuti avanyengetedze kuti vagashire chipo chehupenyu. Masaisai enyasha, aikavirwa kure nemwoyo mikukutu aidzokazve ave mananda enyasha nerudo rusingagoni kutsanangurika. Asi Israeri aiva atiza kubva kushamwari yake nemubatsiri wake mumwe chete oga. Kunyengerera kwerudo rwake kwaiva kwazvidzwa, kuraira kwake kwakarambwa nekusekwa, neyambiro dzake dzakashorwa.

Nguva yetariro nekusunungurwa yaiva ichipfuvura nekukasika; mukombe wehasha dzaMwari wakamiswa kwenguva yakareba wasara paduku duku kuzara. Gore ranga richivungana kwemakore ekudzokera kumashure nekupanduka, ranga zvino rasviba razara nenhamo, roda kudzutukira pavanhu vane mhosva ava, zvekare Iye oga aigona kuvaponesa kubva munjodzi yaivuya iyi aiva ashorwa nekutarisirwa pasi, azvidzwa, nekua raguma. Kurasika ckana kwemweya mumwe chete itsaona isingagoni kana kuenzaniswa nepfuma yakaenzana nenyika yose, asi Kristu paaitarisa Jerusarema, kuparadzwa kweguta rose, kwenyika yose, kwakauya kuri pamberi pake, guta iroro, nyika iyoyo yakanga iri musanangurwa waMwari,pfuma yake yakatsangurika.

Vaprofita vakanga vachema nekudzokera shure kwaIsrairi, nekuparadzwa kunotyisa kwakasiyana-siyana kwavakanga vashanyirwa nako nekuda kwezvivi zvavo. Jeremia akanga amboshuva kuti dai meso ake aive chitubu chemisodzi, kuti aidai aizochema usiku nemasikati nekuda kwevakauraiwa vemwanasikana wevanhu vake, neboka raJehova rakatapwa. Jeremiya 9:1; 13:17. Ko, kurwadziwa kwaive kukurusa sei kwaIye aigona kuona neziso rechiprofita kwete makore mashoma chete, asi mazera nemazera! Akaona ngirozi yekuparadza yakasimudza munondo kuguta raimbove hugaro hwaJehova kwenguva yakareba zvakadaro. Ari pakakwirira pechikomo cheMiorivi, panzvimbo chaipo paizomirwa naTito nehondo yake, panguva yaitevera, akatarisa mhiri kwemupata achiona dzimba tsvene dzetemberi nematenga adzo akaenda mudenga, nemaziso aive nemisodzo Akaona, zvinotyisa, madziro akakombwa nevarwi vemuvengi. Akanzwa mitsindo yehondo yaigadzirira kurwa. Akanzwa kuchema kwemadzimai nevana, vachichemera chingwa muguta rakakombwa. Akaona imba yaro tsvene, yakanaka, dzimba dzaro dzeumambo, dzichibvira, nepadzaiwe ari matutu ematongo aipfungaira.

Achitarisa mazera nemazera aive mberi, Akaona vanhu vechipikirwa vachiparadzirwa pasi pese, “sezvimedu zvezvikepe pamahombekombe emugwenga.” Mukurangwa kwakanga kwave kuzowira pamusoro pevana varo, Akaona zvekutanga zvemukombe wehasha zvaraizomedza zvose parutongo rwekupedzisira. Kunzwira kwehuMwari, rudo rune shungu, zvakanzwikwa mumazwi ekuwungudza: “Jerusarema! Jerusarema! Iwe unovuraya vaporofita, nokutaka namabge avo vakatumwa kwauri! Ndakanga ndichida kazhinji sei kuunganidza vana vako, semhambo inovunganidza hukwana dzayo munyasi mamapapiro ayo, mukaramba!” Mateo 23:37.

Haiwa iwe, rudzi rwakadiwa kudarika mamwe ese, ungadai wakaziva nguva yekushanyirwa kwako, nezvinhu zverugare rwako! Ndakamisa mutumwa wekururamisa, Ndakakudaidza kuti upinduke, asi hazvina kushanda. Havasi varanda chete, vakasarudzwa, nevaprofita, vawarambisisa, asi Mutsvene waIsrairi, Mudzikinuri wako. Kana ukaparadzwa, imhosva yako pachako. “Asi hamudi kuuya kwandiri kuti muve neupenyu.” Johane 5:40.

MuJerusarema, Kristu akona muenzaniso wenyika yakasindimara mukusatenda nekupanduka, uye yaimhanyira kunosangana nekutonga nekuranga kwakakodzira kwaMwari. Matambudziko erudzi rwakaputsika, airemera mweya Wake, akamanikidza kuchema kwaivava kubva mumuromo Make. Akaona chivi chakanyorwa munhorowondo yekutambudzika kwevanhu nemumisodzi, neropa; mwoyo Wake wakasundwa nekunzwira kusina muganhu, kwekunzwira vaitambudzika nevairwadziwa mupasi; Aineshungu dzekuvasunungura vose. Asi kunyange ruvoko rwaKe rwaisagona kudzosera shure rushambwa rwevanhu; vashoma vaingatsvaka Iye oga aive rubatsiro rwavo. Akanga akazvipira kudurura mweya Wake kusvika parufu, kuti asvitse ruponeso pedyo navo; asi vashoma vaizouya kwaari kuti vave neupenyu.

Mambo wedenga kuchema! Mwanakomana waMwari asina muganhu kunetseka mumweya nekukotamiswa nekurwadziwa kukuru! Chiitiko ichi chakazadza denga rose nekushamiswa. Chiitiko ichi chinoisa pachena kwatiri kukurisa kwekuipa kwechivi; chinoratidza kuoma kwazvakaita, kunyange kuSimba Risina Muganhu, kuti riponese mutadzi kubva mumatuso ekudarikwa kwemurairo waMwari. Jesu, achitarisa kusvikira kurudzi rwe kupedzisira, akavona nyika iri mukunyengerwa kwakafanana nekwakakonzeresa kuparadzwa kweJerusarema. Chitema chikuru chevaJuda chekuramba Kristu; chitema chikuru chemaKristu ndechekuramba mutemo waMwari, unove ndiwo hwaro hwehumambo Yake kudenga nepasi. Zvirevo zvaJehova zvaizotsoropodzwa nekuitwa chinhu chisina maturo. Mamirioni evanhu varimuhuranda hwechitema, varanda vaSatani, vachafa rufu rwechipiri, vaizoramba kuteerera mazwi echokwadi nezuva rekushanyirwa kwavo. Hupofu hunotyisa! Kushingaira kwavo mukunamata kune hupenzi nekurasika kunoshamisa!

Mazuva maviri Paseka isati yasvika, apoJesu akanga abva mutemberi kekupedzisira, atsoropodza hunyengeri hwevatungamiriri vemaJudha, akaenda zvakare nevadzidzi Vake kuGomo reMiorivi akagara navo pamawere aneuswa akatarisana neguta. Akatarisisazve zvidziro zvaro, zviruvi zvaro zvirefu, nedzimba dzaro dzemadzimambo. Akatarisazve temberi nekunaka kwayo kwaitosvora, chishongo cherunako chaive korona yegomo rakatsanangurwa.

Chiuru chemakore chakanga chapfuura, muimbi akanga arumbidza kuda kwaMwari Israiri, nekuita imba yake tsvene yehugaro Hwake: “PaSaremivo ndipo pane tabenekeri yake, nepaZioni vugaro hwake.”Pisarema 76:2. Aka “sanangura rudzi rwaJudha, negomo reZioni raakanga achida. Akavaka nzvimbo yake tsvene senhare dzakakwirira.” Pisarema 78: 68, 69. Temberi yekutanga yakanga yavakwa munguva yekubudirira kwakanyanyisa munhorondo yaIsrairi. Hupfumi huzhinji hwakange hwaunganidzirwa basa iri naMambo Davidi, uye mavakirwo ayo akanga arongwa nekuratidzwa naMwari. 1 Makoronike 28:12, 19. Soromoni, mambo akachenjera kudarika vose vakambotonga Israiri, ndiye akanga apedzisa basa iri. Temberi iyi yaive yakanaka zvakanga zvisati zvambovonekwa munyika.

Asi Jehova akanga ataura nemuporofita Haggai, pamusoro petemberi yechipiri: “Kubginya kwokupedzisira kweimba ino kuchapfuura kwokutanga.” “Ndichazunungusa ndudzi dzose, uye Chinotsvakwa nenyika dzose zvose zvinodikanwa nendudzi dzose zvichauya: Ndichazadza imba ino nekubwinya, ndizvo zvinotaura Jehova wehondo.” Hagai 2:7, 9.

Mushure mekunge temberi yaparadzwa naNebukadinezari, yakazovakwazve makore mazana mashanu Kristu asati aberekwa, nevanhu vakanga vakararama hupenyu hose vari nhapwa, vadzokera kunyika yakaparadzika zvekupotsa yaita dongo. Pakange paine vatana pakati pavo, vakanga vamboona mbiri yetemberi yaSoromoni, vakachema kwazvo pakuvakwa kwenheyo dzechivakwa chitsva ichi, kuti chakanga chakadarikwa nekure pakunaka nechekutanga. Ezra 3:12. Chimiro chaivepo chinotsanangurwa zvakasimba nemuprofita: “Ndiyani akasara pakati penyu, akaona imba ino pakubwinya kwayo kwekutanga? Zvino munoivona yakadiniko? Pakuona kwenyu haina kuita sepasina here?” Hagai 2:3. Pakazopiwa chitsidzo chekuti kubwinya kweimba iyi yakapedzisira kuvakwa kwaizopfuvura kwekutanga.

Asi temberi yechipiri yakanga isina kuenzana neyekutanga pakunaka; kana kuzadzwa nezvaivonekwa zvichiratidza kuvapo kwaMwari sezvaiva paneyekutanga. Hapana kuvonekwa masimba ekumatenga pakupirwa kwayo. Pakanga pasina gore rekubwinya raizadza senjuwari iyi yakanga yamiswa. Hapana moto wakabva kudenga kuzopisa chipisiro chaive paartari. Shekina (kubwinya kwaJehova) yakanga isisipo pakati pemakerubi munzvimbo tsvene tsvene; areka, chigaro chenyasha, nemahwendefa echipupuriro zvakanga zvisingawanikwimo. Hapana izwi raibva kudenga richivudza muprista aivhunza kuda kwaJehova.

Kwemazana emakore maJudha akanga achishingairira pasina kuratidza kuti chitsidzo chaMwari chakapiwa naHagai, chakanga chazadziswa; asi kuzvida nekusatenda zvakapofumadza pfungwa dzavo kuchokwadi chairehwa nemashoko emuprofita. Temberi yechipiri haina kuremekedzwa negore rekubwinya kwaJehova, asi nekuvapo kwaIye mupenyu uyo anekuzara kwehuMwari mumuviri wake-akanga ari Mwari chaiye munyama. “Chidiso chemarudzi ose” akanga avuya zvirokwazvo mutemberi yake Murume weNazareta aidzidzisa nekuporesa mudzimba dzavo dzaiera. Kuburikidza naKristu, uye nekuvepo kwake chete, ndiyo chete nzira iyo temberi iyi yechipiri yakapfuvura yekutanga mukubwinya. Asi Israeri yakanga yaburitsapo Chipo Chedenga ichi. Nemudzidzisi akazvininipisa akanga apfuvura nepamasuo ayo endarama nezuva iri, mbiri yakanga yabva zvachose patemberi. Mashoko aMuponesi akanga atozadziswa kare, “Tarirai, masiirwa imba yenyu rava dongo.” Mateo 23:38.

Vadzidzi vakanga vazadzwa nekushamiswa nekuvhunduswa nechiprofita chaKristu chekuparadzwa kwetemberi, uye vaida kunzwisisa zvakazara kuti mashoko ake airevei. Pfuma, basa, nehumhizha hwekuvaka zvakanga zvaiswapo kwemakore makumi mana (40)

kugadzirisa runako rwayo. Herude Wemukurumbira akanga adirira pairi hupfumi hweRoma nehwemaJudha, kunyange nemutongi mukuru wepasi rose akanga aifumisavo nezvipo zvake. Matombo makuru machena, akanga akakura chaizvo, akanga abva kuRoma achiitirwa basa iri, akanga aripovo pamudhuri uyu; uye kumatombo aya vadzidzi vakanga varatidza Tenzi wavo, vachiti, “tarirai mabwe, kunaka! Nedzimba kunaka!” Marko 13:1.

Kumashoko aya, Jesu akapa mhinduro yakasimba inovhundusa, “Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, hakungaregwi ibwe pamusoro perimwe ibwe risingazowisirwi pasi.” Mateo 24:2.

Vadzidzi vaifunga kuti kuparadzwa kweJerusarema chaive chimwe chezviitiko zvekuuya kwake mukubwinya kuti azotora hushe hwenyika yose, kuzoranga maJudha akanga asina kururama nekusunungurwa kwavo kubva kujoko revaRoma. Tenzi akanga avataurira kuti aizovuyazve kechipiri. Saka pakutaura kutongwa kweJerusarema, pfungwa dzavo dzakadzokera kunyaya yekudzoka kwake; saka pavakavungana panaMuponesi paGomo reMiorivi, vakavhunza, “tivudzei kuti izvozvo zvichagova riniko? Nechiratidzo chekuuya kwenyu nechekuguma kwenyika chichava chipiko?” Mateo 24:3.

Remangwana rakavanzwa kuvadzidzi nekuda kwenyasha. Kudai vakanzwisisa zvakazara zvinhu zviviri zvakaipisa zvaizoitika-kutambudzika nekufa kweMudzikinuri wavo, nekuparadzwa kweguta ravo netemberi yavo,vangadai vakazadzwa nekutya. Kristu akavataurira zvinhu zvikuru zvinokosha zvaizoitika nguva isati yapera. Mazwi ake haana kunyatsonzwisisikwa panguva iyi; asi zvaaireva zvaizoziviswa kuvanhu vake pavaingada kuzorairwa munezvaakataura. Chiprofita chaakataura chaiva nezvinhu zviviri zvachaireva: zvaisanganisira kuparadzwa kweJerusarema, nezviitiko zvinotyisa zvemazuva ekupedzisira.

Jesu akataura zvakasimba kuvadzidzi vakanga vakaterera nerutongo rwaizowira pamusoro pevaIsraeri vakasiya kunamata, zvikuru sei kukurangwa kwekutsiva kwaivuya nekuda kwekuramba nekurovera kwavakaita Messia. Zviratidzo zvisingatadzi kunzwisisika zvaizotanga kuonekwa kuguma uku kusati kwasvika. Nguva iyi yaityisa zvakadai yaizovuya nekukasika vasingazvifungire. Muponesi akayambira vateveri vake: “Naizvozvo kana muchivona nyangadzi yekuparadza yakarebwa nemuprofita Danieri imire panzvimbo tsvene (unorava ngaacherekedze). Zvino vari muJudea ngavatizire kumakomo.” Mateo 24:15, 16; Ruka 21:20. Zvino kana tsika dzekunamatwa kwezvifananidzo dzeRoma dzichiiswa munzvimbo tsvene, iyo yaitandavara kwemutunhu usingasviki maira kubva parusvingo rweguta, vateveri vaKristu vaifanira kupona nekutiza. Kana chiratidzo ichi chavonekwa, avo vanofanira kutiza havafaniri kunonoka. Munyika yose yeJudea, nemuJerusarema rose, chiratidzo chekuti vatize ichi chinofanira kuteererwa nekukurumidza. Uyo aingawanikwa aripamusoro peimba akanga asingafaniri kuburuka kumbopindazve mumba, kunyange kunotora zvinhu zvaikosha kwaari. Avo vaiwanikwa

vachishanda vari mumunda vakanga vasingafaniri kudzokera kumba kunotora nguvo yekunze iyo yaibviswa kana munhu ari kushanda muzuva raipisa. Havafaniri kuzengurira kana paduku zvapo, kuti vasawirwa nekuparadzwa kwaizoitika kuruzhinji.

Munguva yekutonga kwaHerude, Jerusarema rakanga risina kungonakiswa chete, asi nekuvakwa kweshongwe, rusvingo, nenhare, pamusoro pekusimba kwaraingove nako chisikirwe charo, rakave seguta rakanga risingakwanisiki kuparadzwa zvachose. Uyo aingataura nezvekuparadzwa kwaro munguva yaitevera, aingafananidzwa naNowa mumazuva ake, ainganzi ibenzi rinovhundutsira vanhu nezvisipo. Asi Kristu akati, “Denga nenyika zvichapfuvura asi mashoko angu haangatongopfuvuri.” Mateo 24: 35. Nekuda kwezvivi zvaro, hasha dzakanga dzadaidzirwa pamusoro peJerusarema, nekuomesa kwaro mwoyo rakanga rakonzera kuti kuparadzwa kwaro kusvike.

Jehova akanga ataura zvakasimba kuburikidza naMika: “Chinzwai henyu chinhu ichi, imi vakuru veimba yaJakobo, nevabati veimba yaIsraeri iyemi munosema kururamisa, nekuminamisa zvose zvakarurama. Munovaka Zioni neropa, uye Jerusarema nezvakaipa. Vakuru varo vanotamba mhaka kuti vapiwe zvipo, vaprisita varo vanodzidzisa kuti vapiwe mubairo, vaprofita varo vanovuka kuti vapiwe mari; kunyange zvakadaro vanosendamira kuna Jehova vachiti, `Ko Jehova haazi pakati pedu here? Hatingawirwi nezvakaipa.’ ” Mika 3: 9-11.

Mashoko aya aitsanangura nemazvo huwori nekuzviita vatsvene kwavagari vemuguta reJerusarema. Vachiti vanochengeta mutemo waMwari zvakasimba, vakanga vachidarika zvimiso zvayo zvose. Vaivenga Kristu nekuda kwekururama nehutsvene hwake zvaiburitsa pachena kusarurama kwavo; vachimupomera mhaka yekuti ndiye aikonzera matambudziko akavawira nekuda kwezvivi zvavo. Kana nepo vaimuziva asina chitema, vakanga vapika kuti rufu rwake rwakanga rwakafanira kuti ivo vachengeteke serudzi. “Kana tikamurega achidaro,” vakadaro vatungamiriri vechiJudha, “vanhu vose vachatenda kwaari; nevaRoma vachavuya vakatitorera nzvimbo yedu nerudzi rwedu.” Johane 11:48. Kana Kristu akapiriswa, vanogona kuvazve vanhu vakasimba vakabatana. Saka vakarangana, vakawirirana mukuita izvi nemuprisita wavo mukuru, kuti zvaive nani kuti munhu mumwe chete afe pane kuti rudzi rwose rupararare.

Ndiko kuti vatungamiriri vechiJudha “vakavaka Zioni neropa, neJerusarema nekusarurama.” Asi pavaivuraya Muponesi wavo, nekuti aivatsiura pazvivi zvavo, uku ndiko kwaiva kuzviita vatsvene vachiti ivo ndivo vanhu vaidikanwa naMwari, vachitotarisira kuti Tenzi avadzikinure kubva kuvavengi vavo. “Naizvozvo,” anoenda mberi muprofita, Zioni richarimwa semunda nemhaka yenyu, Jerusarema richaitwa mirwi yemabwe, uye gomo reimba yaJehova senzvimbo dzakakwirira dzekudondo”, Mika 3: 12.

Kwemakore anosvika makumi mana (40) kuparadzwa kweJerusarema kwataurwa naKristu Pachake, Jehova akanonoka kuburitsira rutongo rwake paguta iri nerudzi urwu.

Mwoyo murefu waJehova unoshamisa wavakaitira vanhu ava vairamba vhangeri ravo, mhondi dzeMwanakomana waMwari. Mufananidzo wemuti wakanga usingabereki waimiririra zvaiitwa naMwari nerudzi rwevaJudha. Chirevo chakanga chapiwa, “uuteme, unotadzireiko pasi?” Ruka 13:7.

Asi tsitsi dzedenga dzakanga dzaupa imwe nguva yekumborarama. Kwakanga kune vazhinji pakati pevaJudha vakanga vasingazivi nezvechimiro nebasa raKristu. Uye vana vakanga vasati vawana mikana kana chiedza zvakanga zvawanikwa nevabereki vavo vakazviramba. Kuburikidza nekuparidza kwevaapostora nevamwe vavo, Mwari aizoita kuti chiedza chivavhenekere; vaigona kuona kuti chiprofita chakazadziswa sei, musiri mukuzvarwa nehupenyu hwaKristu chete, asi nemurufu nerumuko rwakevo. Vana havana kupiwa mhosva yezvitema zvevabereki; asi neruzivo rwechiedza chose chakanga chapiwa vabereki vavo, vana vakaramba chimwe chiedza chavakanga vapiwa, vakave vagoverani muzvitema zvevabereki vavo, nekuzadza mukombe wekusarurama kwavo.

Mwoyo murefu waMwari pamusoro peJerusarema wakangosimbisa vaJudha mukuwomesa kwavo mwoyo muzvivi zvavo. Muruvengo rwavo nehutsinye hwavo kuvadzidzi vaJesu, vakaramba rukoko rwekupedzisira rwenyasha. Mwari akabva abvisa ruzhowa rwake rwakanga rwakavadzivirira, nekubvisa simba rake raidzivisa Satani nevatumwa vake, nyika iyi ikasiiwa yave pasi pemutungamiriri wavakanga vasarudza. Vana vavo vakanga varamba nyasha dzaKristu, dzaivabatsira kukurira zvidiso zvavo zvakaipa, zvino zvidiso izvi zvikavakunda. Satani akamutsa shungu mavari dzakashatisisa dzinotyisa. Vanhu vakanga vasingachashandise pfungwa; kufunga kwakanga kwabva mavari,-vavekutungamirirwa nezvavainzwa munyama nehasha huru kwazvo. Vakave sadiaborosi chaiye muhutsinye hwavo. Mumhuri nemunyika , pakati pevepamusoro nevepasi zvakangofanana, pakanga paine kufungirana, godo, ruvengo, hondo, kumukirana, nekupondana. Hapana pakanga pachine kuchengetedzeka kose kose. Shamwari nehama dzaitengesana.

Vabereki vaivuraya vana vavo, nevanavo vachivuraya vabereki vavo. Vatongi vevanhu vakanga vasisina simba rekuzvitonga ivo pachavo. Kusazvidzora pazvakaipa kwakavaita vadzvinyiriri. MaJudha akanga agashira huchapupu hwenhema kuti vapomere Mwanakomana waMwari akanga asina mhosva. Zvino kupomerana pasina mhaka kwakaita kuti hupenyu hwavo husava pakachengeteka. Nemabasa avo vakanga vagara vachiti, “bvisai Mutsvene waIsraeri pamberi pedu.” Isaya 30:11. Zvino zvavaida vakanga vazvipiwa. Kutya Mwari kwakanga kusingachavakanganisi zvino. Satani ndiye akanga ave kutungamirira nyika iyi, nevakuru munezve matongerwe enyika nevatungamiriri vezvekunamata vakanga vari pasi pesimba rake.

Vaitungamirira mapoka aipikisana dzimwe nguva vaibatana mukuparadza nekurwadzisa vavanenge vabata, vachirwisana, nekuvurayana zvisina tsitsi. Kunyange

kuyera kwetemberi hakuna kukwanisa kudzora hasha dzavo dzaityisa kwazvo. Vainamata vaiurairwa pamberi peartari, nesenjuwari ikasvibiswa nezvitunha zvevakanga vavuraiwa. Asi muhupofu hwavo nekumhura kwavo Mwari varongi vebasa iri rakaipisisa vaitaura pachena kuti vakanga vasingatyire kuti Jerusarema ringaparadzwa, nemhaka yekuti rakanga riri guta raMwari. Kusimbisa kubata kwavo, vakafufura vaprofita venhema kuti vaparidze, kunyange apo mauto eRoma aikomba temberi, kuti vanhu vamirire rudzikinuro rwaMwari. Kusvikira pekupedzisira, vazhinji vakabatirira padzidziso yekuti Wekumosoro-soro aizongomisa vavengi vavo nekuvakurira nenzira inoshamisa. Asi Israeri yakanga yaramba nekushora kudzivirira kwedenga, zvino apa yakanga isisina chidziviriro. Jerusarema risina rugare! Rakabvarurwa nekupesana kwaiva mukati maro, ropa revana varo vakanga vavurayana nemavoko avo rakanga ratsvukisa migwagwa yose yeguta apo mauto evavengi vekure vawisira pasi rusvingo rwaro rwechidziviriro nekuvuraya nemunondo varume varo vehondo!

Zvose zvakanga zvaprofitwa naKristu pamusoro pekuparadzwa kweJerusarema zvakaita nemo nemo chaimo pasina kana chimwe chakasara. VaJudha vakavona chokwadi chaiva mumashoko ake ekuyambira, “nechiyero chamunoyera nacho muchayerwa nacho.” Mateo 7: 2.

Zviratidzo nezvishamiso zvakavonekwa, zvichiratidza kuparara nenhamo huru. Pakati pevusiku pakavonekwa chiedza chisina kujairika pamusoro petemberi neartari. Mumakore kana zuva ravekudoka kwaivonekwa mifananidzo yengoro nevarume vehondo vachiunganira kunorwa. Vaprisita vaishumira mutemberi husiku vakatyiswa kwazvo nezvavainzwa zvakanga zvisina kujairika; nyika ikadengenyeka, mazwi mazhinji akanzwikwa achichema achiti, “Ngatibvei pano izvozvi.” Suwo guru rekumabvazuva, rakanga rakakura zvekuti raitonetsa kuvharwa nevarume vanosvika makumi maviri (20) kurivhara, uye rakanga rakabatwa nemasimbi akadzikwa mudombo rakasimba kwazvo raiva pasi, raizaruka pakati pevusiku, pasina mavoko aivonekwa. Milman, “History of the Jews,” Book 13.

Kwemakore manomwe mumwe murume akavonekwa achikwira nekudzika mumigwagwa yeJerusarema, achidaidzira matambudziko aizowira guta. Husiku nemasikati akaimba rwiyo rwemariro:, “Izwi rinobva kumazuva! Izwi rinobva kumavirira! Izwi rinobva kumhepo ina! Izwi pamusoro peJerusarema netemberi! Izwi pamusoro pezvikomba nemwenga! Izwi pamusoro pevanhu vose!” Milman, “History of the Jews,” Book 13.

Uyu munhu akanga asingazivikanwi kwaaibva akasungwa akarohwa neshamhu, asi hapana kunyunyuta kwakabva pamuromo make. Mukutukwa nemukuitirwa zvakaipa aingopindura achiti, “Nhamo, nhamo muJerusarema!” “nhamo, nhamo kuvagari vemo!”

Kudaidzira kwake kwekuyambira hakuna kunyarara kusvikira pakuvuraiwa kwake mukukombwa kwaaiprofita.

Hakuna kana Mukristu mumwechete akafa mukuparadzwa kweJerusarema. Kristu akanga apa vadzidzi vake yambiro, saka vose vakadavira mumashoko ake vakarindira chiratidzo chaakanga ataura. “Zvino kana muchivona Jerusarema rakombwa nehondo,” akadaro Jesu, “zivai kuti rodakuparadzwa. Musi uyo vari muJudea ngavatizire kumakomo; nevari pakati paro ngavabude; nevari kuruwa ngavarege kupindamo.” Ruka 21: 20,21.

Mushure mekukombwa kwaro nemaRoma achitungamirirwa naKestiasi, vakazongosiya guta zvakanga zvisingatarisirwi kunyange zvose zvairatidzika sekuti vaigona kurikurira pasina kana dambudziko. Vakanga vakombwa, vakanga vasisina tariro zvachose yekuti vangakunda, vakanga vasvika zvino pekuda kuzvipira kuvavengi vavo, apo mukuru wemauto eRoma akadaidzira mauto ake kuti vadzoke kumashure pasina kana chikonzero chekuzviita. Asi tsitsi dzaMwari ndidzo dzakatungamirira kufamba kwezvimhu saizvozvo kuitira vanhu vake. Chiratidzo chakanga chavimbiswa chaiva chapiwa kumaKristu akanga akarindira, zvino mukana wakanga wazarurwa kunavose vaida, kuteerera yambiro yaMuponesi. Kuitika kwezvinhu kwakanga kuri muchimiro chekuti hapana muJudha kana muRoma aingadzivisa maKristu aida kutiza.

Pakudzoka shure kwaKestiasi, maJudha akabuda muJerusarema , akadzingirira mauto aya akanga ave kudzokera kumashure; pakanga mauto aya ari mukati mekurwa kwakasimba, Makristu akawana mukana wekubuda muguta. Panguva iyi mumamisha makanga mabviswa vavengi vaingakanganisa avo vaitiza. Panguva iyi yekukombwa, maJudha akanga akavungana muJerusarema vachichengeta Mutambo weMatumba, izvi zvakabatsira kuti maKristu apfuvure nemunyika yose asina aivatambudza. Nekukasika vakatizira kunzvimbo yakachangeteka,-kuguta rePella, munyika yePerea, mhiri kwaJordani.

Mauto echiJudha, achidzingirira Kestiasi nemauto ake, vakavatevera vakavarwisa zvaityisa zvekuda kuvaparadza zvachose. VaRoma vakapinda nemunguva yakaoma zvachose pakudzokera kwavo kumashure. MaJudha akadzoka kuJerusarema nekukurira asina kurasikirwa kana nechinhu, vachitove nezvinhu zvavakapamba muhondo. Asi kwaiva sekubudirira uku kwakavaunzira zvakaipa chete. Kwakavakonzera kuva nemwoyo wenharo nekusazvininipisa kumaRoma zvakazovakokera nhamo isingataurike kuguta rekuparadzwa iri.

Matambudziko akawira Jerusarema akanga akaipisisa kwazvo pakamutsidzirwa kukombwa kwaro naTito. Guta rakashanyirwa nguva yePaseka, zviuru nezviuru zvevaJudha pavakanga vakawungana muguta. Matura avo aigona kupa vanhu zvekudya kwemakore akawanda kana aichengetwa zvakanaka, akanga aparadzwa pairwisana mapoka mapoka nekuda kwegodo nekutsivana, zvino matambudziko makuru enzara

akavapo. Kandiro kegorosi kaitengeswa netarenda. Nzara iyi yaiva huru zvakadaro zvekuti varume vakatanga kutsenga makanda emabhanire avo nematehwe emanyatera avo neenhovo dzavo. Vanhu vazhinji vaiverevedza husiku vachinotsvaka mirivo yemusango yaimera kunze kwerusvingo rweguta, kana nepo vazhinji vaibatwa vachivuraiwa nenzira dzehutsinye nekurwadziswa kukuru, vazhinjivo vevaikwanisa kudzoka vaipambwa nevamwe vavo zvavainge vawana nemutengo waive nenjodzi yakakura zvakadaro. Kurwadzisa kwakaipisisa kusingaisiki mumazwi kwaiitwa nevakanga vachitonga, kuvamanikidza kuti vaburitse nezvishoma zvose zvavaingadaro vakaviga. Hutsinye hwakadai kazhinji hwakanga huchiitwa nevanhu vakanga vatozvigutira zvavo, vaitsvaka kuunganidza kuchengetera mazuva ari mberi.

Zviuru zvakafa nehosha nenzara. Kudanana pakati pevanhu kwakanga kwapera. Varume vaibira vakadzi vavo, nevakadzi varume vavo. Vana vaivonekwa vachibvuta zvekudya kubva pamiromo yevabereki vavo vakakwegura. Mubvunzo wemuprofita, “Ko mukadzi angakanganwe mwana wake waanomwisa here?” Isaya 49:15. Wakawana mhinduro kubva mukati meguta rakaparara, “Mavoko evakadzi vaiva nemwoyo munyoro akabika vana vavo, zvikava zvekudya zvavo pakuparadzwa kwemukunda wevanhu vangu.” Mariro AJeremia 4:10.

Pakazadziswavo yambiro yechiprofita chakataurwa makore 400 akanga apera: “Mukadzi unevundere neanokudzwa pakati pako, wakanga asingadi kutsika pasi nerutsoka rwake nekuda kwekufuma kwake neundere hwake, uchava nemufungo wakaipa kumurume wake waanoda, nemwanakomana wake, nemwanasikana wake; nekumwana wake muduku, waachangobereka, nekuvana vake vaachazobereka; nekuti uchadya pakavanda nekuda kwekushaiwa zvinhu zvose, kana wokombwa nekumanikidzwa navavengi vako pamasuo ako.” Dueteronomio 28: 56,57.

Vatungamiriri vechiRoma vaida kuisa kutya kukuru muvaJudha, kuitira kuti vazvipire kwavari nekubvuma kukundwa. Vasungwa vaipikisa kana vave kutorwa, vairohwa neshamhu, vachirwadziswa, nekuroverwa pamichinjikwa yakanga iri kunze kweguta. Mazana aivuraiwa zuva rimwe nerimwe nenzira iyi, nebasa rakaipisisa iri rakaramba richienda mberi kusvikira, mumupata waJehoshefati nepaKarvari, michichinjikwa yakamiswa yakawanda zvekuti munhu aitotadza kufamba pakati payo. Chituko chakaipisa chavakazvidaidzira pamberi paPirato chakavashanyira nenzira inotyisa: “Ropa rake ngarive pamusoro pedu navana vedu.” Mateo 27: 25 .

Tito angadai akamisa chiitiko chaityiwa zvakadaro ichi nekumisa kuparadzwa kweJerusarema zvachose. Akatya zvikuru paakavona zvitunha zvevanhu zvakazara mumapani. Semunhu arimumuvono, akatarisa nepamusoro peGomo reMiorivi achivona temberi nekunaka kwayo, akaraira kuti pasabatwa kana dombo rimwe zvaro pairi. Asati aedza kubata hushe pamuzinda uyu, akapa rukoko rwakatsanangurika kuvatungamiriri

vechiJudha kuti vasamumanikidza kusvibisa nzvimbo tsvene neropa. Kana vaibuda kuzorwa naye kuneimwe nzvimbo, hakuna muRoma aingakanganisa hutsvene hwetemberi. Josefasi pachake, murukoko rune kugombedzera kwazvo, akavakumbira kuti vabvume kukurirwa kwavo nekuzvipira kuvavengi vavo, kuti vararame, vararamise guta ravo, nenzvimbo yavo yekunamatira. Asi mashoko ake akapindurwa nekutuka kunovava chaizvo. Vakakandira miseve kwaari, mumirririri wavo wekupedzisira pakati pevanhu, paakamira achivanyengerera. MaJudha akanga aramba kunyengerera kweMwanakomana waMwari, ikozvino kunyengerera nekuvagombedzera kwakavawomesa mwoyo yavo kusvika kwekupedzisira. Tito akaedza zvikashaya basa kuti zvimwe temberi isaparadzwa: Mumwe mukuru kupfuvura iye akanga ati hakuna ibwe raizosara riri pamusoro perimwe ibwe.

Kusindimara nekuomesa musoro kwevatungamiriri vechiJudha, nemhosva dzakaipisisa dzaiitwa mukati meguta rakakombwa iri, zvakamutsa ruvengo rukuru nehasha dzinotyisa dzevaRoma, zvikakonzera kuti Tito aswedere kutemberi. Akazvimisira kuti kana zvaibvira isaparadzwa. Asi rairo yake haina wakaiterera. Paakaenda kunozorora mutende rake husiku, maJudha, akabuda achibva mutemberi, akatanga kurwisa mauto aive kunze. Mukurwisana uku, zhenje remoto rakakandwa nemuuto nepaburi repamupanda wetemberi, mapuranga emusidari akanga akaiswa mumadziro eimba tsvene akabata moto ukapfuta zvinotyisa. Tito akamhanyira kuenda ikoko, vatevedzeri vehondo yake vachitevera akaraira mauto ake kuti vadzime moto. Hapana akaterera zvaakataura. Nekutsamwa kwavo kukuru vakakandira mazhenje emoto mumakamuri edzimba dzakanga dzakabatana netemberi, uye neminondo yavo vakavuraya vanhu vakawanda avo vakanga vavanda mutemberi. Ropa rikaerera pamanera ekukwira kupinda mutemberi semvura. Zviuru nezviuru zvemaJudha zvikaparara. Pamusoro peruzha rwehondo, mazwi akanzwikwa achishevedzera, “Ikabhodi!”-mbiri yabva.

Zvakaomera Tito kumisa kutsamwa kwemauto ake; akapinda nevakuru vake vehondo, achitarisa mukati menzvimbo tsvene iyi. Runako rwayo rwakavashamisa; uye sezvo marimi emoto akanga asati asvika munzvimbo tsvene tsvene, akaedza kekupedzisira kudzivira nzvimbo iyi, akasimuka akaraira mavuto kuti amise moto. Mukuru wezana Riberaris akaedza kushandisa masimba ake kuti vamuterere; asi kushatirirwa maJudha nemweya wehondo, nekufarira zvakapambwa kwemauto kwakakonzera kuti varambe kumuterera. Mauto akaona zvose zvakanga zvakavakomberedza zvichipenya nendarama, iyo yaipenyeswa mumarimi emoto waipenga; vakafunga kuti kuwanda kwakanga kunepfuma yakanga yakaiswa musenjuwari. Mumwe muuto, asingamboonekwi, akabaira zhenje remoto paibatira musuwo kumadziro: chivakwa chose chikabatira moto ipapo. Hutsi hwaipofomadza nemarimi emoto zvikadzingira mauto panze, imba yakanaka yairemekedzwa ikasara ichitsva zvayo.

“KumuRoma chakanga chiri chinhu chakanga chisingaiti zvachose mukuonekwa kwacho – ko kumuJudha zvaiva sei? Gomo rose rakanga riri pamusoro peguta, rakabhebha nezimoto. Midhuri yakadonha ichiteverana, nekudonha kukuru kuneruzha, zvose zvikamedzwa mugomba remoto. Matanga edzimba akanga akagadzirwa nemusidari aiita sekuti akanga akagadzirwa nemarimi emoto, nezviruvi zvetemberi zvakanamwa negoridhe zvakatsva zvikaita seminzwa yemoto; shongwe dzepamasuo dzakasimudza utsi nemarimi emoto. Zvikomo zvakakomberedza zvakajekeswawo nechiyedza chemoto uyu; zvipoka zvakasviba zvevanhu zvakavonekwa zvakatarisa nekushushikana chiitiko chairwadza chekuparara kweguta; madziro nenzvimbo dzakakwirira dzeguta rakazara nevanhu vakadongorera, vamwe vachigomera nekurwadziwa nekupererwa, vamwe vachituka nekushora vachidaidzira nehasha. Kudaidzira kwemauto eRoma pavaimhanya mberi neshure nekuungudza kwevaJudha vaiparara mumarimi emoto, zvakasangana nekutinhira kwezimoto nekuputika kwemapuranga aitsva achidonha. Maungira emakomo akadairira kana kuti akadzosa kurira kwevanhu vaive nechekumusoro; nguva yese iyi mumadziro mainzwikwa kurira nekuungudza; vanhu vaifa nenzara vakakoka simba ravo rakanga rasara mukuchema kwekurwadziwa kwazvo nekupererwa.

“Kuurayiwa kwakaitika mukati kwakanga kuchityisa kupfuura zvaioneka nekunze. Varume nevakadzi, vakuru nevadiki, varwi nevaprisita, avo vairwa neavo vaikumbira mutsa, vese vaitemerwa pasi zvisina kusarudza. Huwandu hwevakauraiwa hwakapfuura vaurayi. Varwi vaisvetuka nepamusoro pemirwi yezvitunha vachienda mberi nebasa rekuvuraya nekuparadza.”

Mushure mekuparadzwa kwetemberi, guta rose rakazowira mumaoko emaRoma. Vatungamiriri vemaJudha vakasiyawo nhare dzawo dzeutiziro, Tito akawana kusina vanhu. Akadzitarisa nekushamiswa kukuru akataura kuti Mwari akanga adziisa mumaoko ake; nemhaka yekuti hakuna muchina kunyange yakasimba sei yaigona kukunda panhare dzakadai. Zvose guta netemberi zvakaparadzwa kusvika panheyo, nepanzvimbo pakanga pakavakirwa imba tsvene “pakarimwa semunda.” Jeremiya 26:18. Mukukombwa nekuuraiwa kwakatevera vanhu vanopfuura mirioni imwechete vakaparara; vakasara vakatakurwa senhapwa, vamwe vakatengeswa sevaranda, vakakwekweredzwa vachienda kuRoma kuti vanoratidzwa semichero yekukunda, vakanokandwa kumhuka dzesango mudzinhandare dzaitambirwa mitambo, vamwe vakaparadzirwa pasi rose semarombe asina musha.

MaJudha akazvigadzirira oga misungo; vakanga vazvizadzira voga mukombe wekudzorerwa kwekutsamwa. Mukuparadzwa kukuru kwakavawira senyika, nemumatambudziko ose akavatevera mukupararira kwavo, vakanga vachikohwa zvavakanga vadyara nemaoko avo. Muprofita anoti, “ Imi Israeri, makazviparadza pachenyu.” “Nekuti makagumburwa nezvakaipa zvenyu.” Hosiya 13:9; 14:1. Kutambudzika kwavo kunoonekwa nguva zhinji sekurangwa kwakaiswa pamusoro pavo

nechirevo chaMwari Nenzira iyi munyengeri mukuru anoedza kuvanza mabasa ake. Nekuomesa mitsipa pakuramba rudo rwaMwari nenyasha, maJudha akanga akonzera kuti kudzivirira kwaMwari kubviswe kwavari,. Satani akabvumirwa kuvatonga sekuda kwake. Hutsinye hwakaipisisa hwakaitwa pakuparadzwa kweJerusarema chiratidzo chiri pachena chemabatiro anoita Satani pamusoro pevanhu vari pasi pake.

Hatingazivi kukura kwechikwereti chatinacho kuna Kristu nekuda kwerugare nekudzivirirwa kwatinako. Kurambidza kwesimba raMwari kunodzivirira vanhu kuti vasaende pasi paSatani zvachose. Avo vasingatereri nevasingatendi zvakanaka zvavanoitirwa vane zvikonzero zvikuru zvekupa kutenda nekuda kwetsitsi nemwoyo murefu zvaMwari mukuchengetedzwa kuhutsinye, nehutongi hwakaipa hwewakaipa uyu. Asi kana vanhu vazodarika miganhu wezvingagashirwa naMwari, kudzivirira uku kunobviswa. Mwari haamiri pamberi pemutadzi achiranga nekuda kwekudarika murairo kwake; asi anosiya avo vanoramba tsitsi dzake kuti vazvivonere, kuti vakohwe izvo zvavakadyara.

Karanzi kose kechiedza kakarambwa, yambiro yose yakashairwa hanya, kana isina kutererwa, kusazvidzora pakuda zvakaipa kose kwakaitwa, kudarika kose murairo waMwari, imhodzi yakadyarwa, isingatadzi kupa michero ichakohwewa. Mweya waMwari, ukaramba uchirambwa nekusateerera , unopedzisira wabviswa kumutadzi, pachisara pasisina simba rekuramba zvakaipa mumwoyo, pasina kudzivirirwa kubva kugodo, neruvengo rwaSatani. Kuparadzwa kweJerusarema iyambiro inotyisa inoyera kuvanhu vose vanotamba nenyasha dzaMwari, vachiramba rukoko rutsvene rwetsitsi dzake. Hakuna kumbopihwa huchapupu hweruvengo rwaMwari kuchitema, nekurangwa kusinga tadzi kuuya pamusoro peane mhosva, sezvakaitwa apa.

Chiprofita chaMuponesi pamusoro pekushanyirwa kwerutongo pamusoro peJerusarema chichave nekumwezve kuzadziswa, kwekuti kuparadzwa kunotyisa uku kwaingova mumvuri mutete chete. Mudambudziko rakaitika kuguta rakanga rakasarudzwa iri tinogona kuona kuparara kwepasi rose rinoramba tsitsi dzaMwari nekutsikirira mutemo wake pasi. Munhoroondo muzere kushungurudzwa nenhamo zvawira nyika mumazera emakore ekutadza kwayo. Mwoyo unorwara nepfungwa dzinoneta mukuedza kuzvifunga. Kwakaitika zvakaipisisa semibairo yekuramba hutongi hweDenga. Asi kune zvinopfuurisa nekuipa zvinoratidzwa kuti zvichaitika mberi. Zvakaitika kare, - kusagadzikana nemhirizhonga kwenguva refu, kunetsana, nekumukirana, hondo yemurwi izere nenyongano neruzha, “nenguvo dzake dzakanyikwa muropa” Isaya 9:5 – Koizvi zvinorevei kana zvichienzwaniswa nematambudziko ezuva iro kana mweya waMwari unodzivisa zvakaipa wabviswa zvachose kubva kumutadzi, asingachatarise kubuda kweshungu dzemunhu dzekuda zvakaipa nekutsamwa kunehusatani mukukati! Zvino nyika ichawona, zvaisina kumboona kare matuso ekutonga kwaSatani.

Asi nezuva iro, semunguva yekuparadzwa kweJerusarema, vanhu vaMwari vachadzikinurwa mumwe nemumwe achawanikwa akanyorwa pakati pevapenyu. Isaya 4:3. Kristu akataura pachena kuti achadzokazve, kuti azotora vakatendeka vake kuti vagare naye: "...Zvino marudzi ose enyika achachema achivona Mwanakomana wemunhu achivuya pamusoro pamakore okudenga nesimba nekubwinya kukuru. Uchatuma vatumwa vake nehwamanda huru. Vachavunganidza vasanangurwa vake kunobva mhepo ina kubva kurutivi rumwe rwedenga kusvikira kunerumwe rutivi." Mateo 24:30,31. Zvino avo vasingatereri evhangeri vachaparadzwa nemweya wemumuromo make, vachaparadzwa nekupenya kwekuuya kwake. 2 VaTesaronika 2: 8. SaIsraeri wekare. Vakaipa vachazviparadza; vachawira pasi nekuda kwezvakaipa zvavo. Nekuda kwehupenyu hwechitema vakazviisa kure naMwari, Zvimiro zvavo zvadzikiswa nechakaipa zvakadaro, zvekuti kuonekwa kwekubwinya kwake kunova semoto unoparadza kwavari.

Vanhu ngavachenjerere kuti vasashaya hanya nechidzidzo chavanopiwa mumashoko aKristu. Paakayambira vadzidzi vake nezvekuparadzwa kwe Jerusarema, achivapa chiratidzo chekuparara kwaiuya, kuti vakwanise kutiza; saka akayambirawo nyika nezvezuva rekuparadzwa kwekupedzisira, nekuvapawo zviratidzo zvekuswedera kwako, kuti vose vanoda vatize kutsamwa kunouya. Jesu akati, "Zviratidzo zvichavapo pazuva nepamwedzi, nepanyeredzi; nepanyika vurombo bwevanhu, vachikanganiswa nekutinhira kwegungwa nemafungu." Ruka 21:25; Mateo 24:29; Marko 13:24-2; Zvakazarurwa 6:12-17. Avo vachaona zviratidzo zvekudzoka kwake "zivai kuti wava pedyo pamukova." Mateo 24:33. "Naizvozvo rindai," Marko 13:35 aya ndiwo mashoko ake ekuraira. Avo vachateerera yambiro iyi havazosari vari murima, kuti zuva iri rivasvikire vasina kugadzirira. Asi kune avo vanenge vasina kurinda, "zuva raShe rinosvika sembavha vusiku." 1 VaTesaronika 5:2.

Nyika haina kugadzirira kutambira shoko iri kupfuura maJudha kugashira kwaakaita yambiro yaMuponesi yekuparadzwa kweJerusarema. Richauya zvisinei, zuva raMwari richauya vasingadi Mwari vasingazive. Hupenyu huchingofamba semazuva ose; vanhu vakanyura mukufara kukuru, vari mumabasa, mumigwagwa vachitsvaka mari; vatungamiriri vezvekunamata vachiparidza kubudirira kwenyika nekuwanda kwezivo, vanhu vorara mukuchengetedzeka kwekunyepera uku,- ipapo, sembavha inoba pakati peusiku panzimbo isina kuchengetedzwa, ndizvo zvichaita kuparara nekukasika kuchiwira pamusoro peavo vasina hanya nevasingadi Mwari, "havangatongo pukunyuki" 1 VaTesaronika 5:3.

Chitsauko 2 Rubhabhatidzo Rwemoto Neropa

Apo Jesu akaratidza kuvadzizdzi vake zviripachena maererano nezvaizowira guta reJerusarema pamwe nezviitiko zvaizotungamirira kudzoka kwake kwechipiri, Akagarawo audza vanhu vake zvavaizosangana nazvo kubvira panguva yaaizobviswa pakati pavo, kusvikira pakuzodzoka kwake kechipiri kuzovadzikinura nesimba nekubwinya. Jesu muponesi akatarira mberi kwenguva ari pagomo reMiOrivhi, ziso rake rakanzvera dutu rematambudziko rinotyisa raizowira vateveri vake mumakore mazhinji aizotevera, makore erima guru rekutambudzwa. Mumazwi mashoma akasimba anorakidza zvakashata, Jesu akaporofita chikamu chezvakashata chaizoitwa nevatongi venyika kukereke yaMwari. (Mateo 24:9, 21, 22). Vateveri vaKristu vanofanira kufambawo nzira imwechete yekunyadziswa, kutukwa, nekutambudzika seyakafambwa naTenzi wavo. Ruvengo rukuru rwakaratidzwa mudzikinuri wenyika yose rwucharatidzwa kuneavo vose vachatenda kuzita rake.

Nhoroondo yekereke yechikristu yekutanga inopupura pachena kuzadziswa kwemashoko amuponesi. Masimba akashata enyika akamira achirwisana naKristu kuburikidza nezvaakaitira vateveri vake. Vahedheni vakazviona kuti kana vhangeri raKristu rikabudirira, temberi dzavo, nearitari dzavo dzaizokukurwa zvachose; nokudaro vakabatanidza masimba avo ose kuparadza chiKristu. Moto yekutambudza vatendi yakatungidzwa. MaKristu vakatorerwa pfuma yavo vakadzingwa mumisha yavo. “Vakatsunga pakurwa kukuru kwedambudziko;” VaHebheru 10:32 «Vamwe vakaidzwa, vachisekwa, vachirobwa zvikuru, vuye zve vachisungwa, vachiiswa mutorongo;» VaHebheru 11:36. Vazhinji zhinji vavo vakaisa chisimbiso pakupupura kwavo nekudeuka kweropa ravo. Vanokudzwa navaranda, vapfumi navarombo, vakadzidza nevasina, vese vakaurawa zvisina tsitsi kana mutsauko.

Kubva mumazuva ekubata ushe kwaNero, inova ndiyo nguva yekufira evhangeri kwaPauro, matambudziko aya akaramba achienderera mberi kwemazana emakore. MaKristu vaipomerwa mhaka dzakakura dzemanyepo, vonzi ndivo vaikonzeresa matambudziko makuru aiwira vanhu panyika akafanana nenzara, hosha, kana kudengenyeka kwenyika. Sezvo vatendi vaifungirwa kuti ndivo chete vanokonzeresa izvi, vapomeri vaigara vakagadzirira kuvatengesa chero vasina mhosva kuti ivo vawane mibairo. MaKristu vainzi vanomukira hurumende, vainziwo imhandu dzechitendero, uye vasvibisi vetsika munharaunda. Vazhinji vavo vakakandirwa kuzvikara zvesango vakabvarurwa, vamwe vairoverwa pamichinjiko; vamwe vaipfekedzwa matehwe emhuka vokandirwa munhandare kuti vabvarurwe nembwa. Kurwadziswa kwavo kazhinji ndiko kwaishandiswa senzira yekuvaraidza nekunakidza vanhu paungano dzevazhinji. Mhomho dzevanhu dzakaunganira kunakidzwa nenzira dzinorwadza idzo vatendi vaiurawa nadzo, uye kafiro kavo kaiitwa jee vanhu vachiseka nekupemberera.

Pese apo vateveri VaKristu vaitsvaga pekuhwanda, vaivhimiwa semhuka dzenyama kuti vaparadzwe. Izvi zvakaita kuti vatendi vatsvage nzvimbo dzekuhwanda dzirikwakanyarara kusingasviki vanhu.“Vasinechinhu, vachitambudzika, vachiitirwa zvakaipa; (nyika hainakufanirwa navo), vachidzungaira mumarenje, nomumakomo, nomumapako, nomumakomba enyika.” Mavhesi 37, 38. Mwena mikuru yepasi pevhu yakapa vanezviuru pekugara. Pasi pezvikomo zvaivakunze kweguta reRome, pakanga pakacherwa matonera aripasi penyika nemumabwe, mwena iyi yaienda nzendo dzakareba kubva muguta asi muine dima guru. Imomo mumwena iyoyo vateveri vaKristu vaichema nekuviga vakafa vavo, uyewo ndimo mavaitizira kundohwanda kana vovhimiwa. Apo mupi weupenyu kana ozomutsa avo vakarwa kurwa kwakanaka, vazhinji vakafira vhangeri raKristu vachamutsva kubva mumwena iyoyo inerima.

Mukati mekushungurudzwa kukuru kunotyisa, izvi zvapupu zvaJesu zvakachengeta kutenda kusina gwapa. Kunyangwe vakagariswa pasina kunaka, vakapfigirwa kure kunerima kusingasviki zuva, misha yavo yakanga iri murima pasi penyika, vatendi ava havana kutsutsumwa. Vaikurudzirana nemazwi ekutenda, ekutiwira, netariro kuti vakwanise kutsungirira mukutambudzika uku. Kurasikirwa nezvikomborero zvese zvepanyika hazvina kuvamanikidza kuti varase kutenda kwavo munaKristu. Miedzo nekushungurudzwa, kwavari akava matsiko ekuvaswededza pedyo nezororo, nemubairo wavo munaKristu.

Sezvakangoitwa varanda vaMwari vekare, vazvhinji vavo “vakashungurudzwa, vakasagamuchira kusunungurwa, kuti vawane kumuka kwakapfuvura nokunaka” Vhesi 35. Ava, vakarangarira mashoko aTenzi wavo paakati kana muchitambudzwa nokuda kwaKristu, vaifanira kufarisisa, nokuti mubairo wavo mukuru kudenga, nokuti ndikowo kutambudzwa kwakaitwa vaporofita vakavatangira. Vakafara kuti vakanga vaonekwa nedenga kuti vakakodzera kuti vatambudzikire zvokwadi, nokudaro nziyo dzekukunda dzainzwikwa dzichibva pamiromo yavo. Kuburikidza nameso ekutenda, vaiona Kristu nengirozi dzake kudenga vakatarisa pavari nehanya huru, uye zvichiratidza kuti rusimbiro rwavo mumatambudziko rwaigashirwa nedenga. Inzwi rakanzikwa richiuya kwavari kubva pachigaro chaMwari richiti: “…Uve wakatendeka kusvikira parufu, ndigokupa korona yovupenyu.” Zvakazarurwa 2:10.

Satani akaedza pasina kuparadza kereke yaKristu nemhirizhonga. Hondo huru iyi inova yakakonzera kufa kwevadzidzi vaJesu haina kupera apo vakatendeka ava vakafira pabasa raKristu. Kuburikidza nekukundwa, vakakurira. Vashandiri vaMwari vakaurawa, asi basa rake rakaenderera mberi. Vangeri rakaramba richitekeshera, huwandu hwevakarigashira nekuritenda hukawedzera. Vhangeri rakapinda mumipata yenyika umo kunyangwe makondo ehondo dzeRoma aisakwanisa kusvika. Achipindura kushoko revatongi venyika rekupfuudzira mberi kutambudza vatendi, umwe muKristu akati: Munogona “kutiuraya, kutitambudza, kutizvidza…..Kusaruramisira kwenyu ndihwo

humboo hwekuti hatina mhosva…uye hutsinye hwenyu… hahukuchenurei.” Izvi ndizvo zvaitoita kuti vazhinji vatendeukire kuchiKristu. “Patinowisirwa pasi nemi, ndipo patinoramba tichiwedzera kuwanda: ropa remaKristu imbeu.” -Kubva mubhuku: Tertullian, Apology, paragraph 50.

Zviuru zvevatendi zvakaiswa mumajeri nekuuraiwa, asi vamwe vazhinji vaitendeuka wachitsiva nzvimbo dzacho. Vose vaiurawa nokuda kwaKristu vainyorwa kudenga kuti ndevake vakakurira. Vakanga varwa kurwa kwakanaka, vaizogashira korona yekubwinya apo Kristu aizouya. Matambudziko avakatsangana nawo akavabatanidza uye kuvaswededza pedyo nemudzikinuri wavo. Kararamiro kavo nekufa kwavo ndihwo huchapupu kuzvokwadi, zvakaita kuti nyange vanhu vaiva pasi pehubatwa hwasatani, vasiye vachitendeukira kuna Kristu.

Satani akabva zvino aruka zano rekurwisa zvakangwara kuti akunde hurumemde yaMwari, ndokubva asimudza mureza wake mukereke yaMwari. Apa aida kuti akakwanisa kunyengera vateveri vaKristu, zvekuti vatsamwise Mwari, ipapo zvaizoita kuti simba ravo ripere, kutenda kwavo kudzikire, nokudaro vaizowira mumusungo wake zvirinyore.

Parizvino, mhandu iyi huru yakatsvaga kuhwinha nekunyengera zvayakanga yatadza kuita nekumanikidza. Nokudaro, kushungurudzwa kwakamira, panzvimbo yacho pakaiswa nzira dzakaipisisa dzekuredza vanhu nezvinopfuura zvenyika. Vanonamata zvifananidzo vakatungamirirwa kuti vagashire zvisina kuzara chitendero chechiKristu, asiwo vachikwanisa kuramba zvokwadi dzinokosha dzacho. Vakava nemufananidzo wekugashira Jesu Mwanakomana waMwari nekutenda rufu nerumuko rwake, asi vaisabvuma kuti vatadzi saka vaisaona kukosha kwekuregererwa zvivi, kutendeuka nekushanduka pamoyo. Vakauya nezvibvumirano zvavo zvavaitenda kuti zvigashirwe nemaKristu kuitira kuti pave nekubatana pakutenda munaKristu.

Apa zvino kereke yaMwari yakabva yapinda parumano rwunotyisa. Kusungwa, kushungurudzwa, moto, nemunondo zvaivanani kana zvichienzaniswa neizvi. Mamwe maKristu akamira achiramba kutenda nhema idzi nekubva pachokwadi. Asiwo vamwe vakaona pasina chakaipa kuvandudza chitendero kuti chigamuchirike kuvanhu vasina kutendeuka. Apa zvainzi inongova nzira yekubatsira vanhu ava kuti vazonyatsotendeuka ramangwana. Iyi yakava nguva yekutambudzika mumoyo kukuru kunevakange vakatendeka. Achishandisa nzira yekusatendeuka kwakazara, Satani akanga arikugadza chigaro chake mukati mekereke, kuti awodze chitendero, nekubvisa pfungwa dzevatendi kubva pashoko rezvokwadi.

MaKristu mazhinji akabatwa mumusungo uyu, mubatanidza wechiKristu nechihedheni ukagadzirwa. Kunyangwe zvazvo vanamati vezvifananidzo vakanyepera kutendeuka, vakabatana nekereke yaKristu, asi vakaramba vakabatirira kuzvifananidzo zvavo, vakangoshandura zvifananidzo zvavo zvavainamata kuzviita mufananidzo

waKristu, nowaMaria navatsvene. Mbiriso yemanyepo yezvifananidzo yakapinzwa mukereke, ikaenderera mberi nebasa rayo. Dzidziso dzakatsauka, kutenda mashura, nemitambo yezvifananidzo zvakapinzwa muchinamato chekereke yaKristu. Apo vateveri vaKristu vakabatana nevanamati vezvifananidzo, chitendero chechiKristu chakawodzwa, kereke ikarasa hutsvene nesimba rayo. Asi zvakadaro, variko vamwe vasina kurasiswa nenhema idzi. Vakaramba vakabatirira pakutendeka kuzvokwadi vachinamata Mwari ega.

Kubvira panguva iyi kusvikira zvino, kwave nemapoka maviri evanhu vanotevera Kristu. Apo rimwe boka rinozvipira kudzidza hupenyu hwaKristu richiedza kuzvinzvera kuti rifanane naye, rimwe bokawo rinoramba zvokwadi iripachena, inoburitsa mhosho dzavo pachena. Kunyangwe panguva apo kereke yaifamba zvakananka, haina kumbobvira yaita vatendi vese vakazara nezvokwadi, vakachena, vanorevesa. Muponesi wedu akadzidzisa kuti avo vese vanopinda muzvivi maune, havafaniri kugashirwa mukereke; asiwo iye aifambidzana nevanhu vaiva nezvimiro zvisina kunyatsokwana, achivatendera mukana wekudzidza kubva pamuenzaniso wake iye, kuti zvimwe vawane mukana wekuona mhosho dzezvimiro zvavo nekuzvigadzirisa.

Pakati pavanegumi navaviri paivawo nemutengesi. Judas akagamuchirwa, kwete nekuda kwekusarurama kwakwe, asiwo zvaizivikanwa kuti haana kururama. Akabatanidzwa nevadzidzi, kuti kuburikidza nedzidziso nemuenzaniso wechimiro chaKristu, aigonawo kuzodzidza zvinoreva chimiro chakanaka chechiKristu., kuti zvimwe angaona mhosho dzechimiro chake, akatendeuka, uye akachenesa mweya wake achibatsirwa nenyasha dzaMwari “kuteerera zvokwadi”. Asi Judas haana kufamba muchiedza chaakaitirwa nyasha kuti chipenye paari. Nekuda kwekufarira zvivi akazvikokera miedzo yaSatani. Tsika dzake dzakaipa dzakamugadzirira chimiro chakashata. Akapa pfungwa dzake kuti dzitongwe nemasimba erima, akavawo nehasha kana apo aitsiurwa pakukanganisa, naizvozvo zvakamutungamirira kuita mhosva inotyisa yekutengesa Tenzi wake. Ndizvowo zvakaita avo vanofarira zvivi asi vakahwanda munguwo yehumwari, vanovenga avo vanoda kuvaratidza zvakaipa zvavo. Kana mukana ukazomuka, sezvakaita Judas, vanotegesa avo vaida kuvabatsira kubva muzvivi.

VaApostora vakasangana nevanhu vakadaro mukereke, vanhu vanonyepedzera humwari asi pakavanzika vachibika zvivi mumoyo yavo. Ananias naSapphira vakaita nzira yevanyengeri, vachinyepedzera kupa chipiriso chakazara kunaMwari, izvo vaikundwa nekuchiwa vakazvichengetera chimwe chikamu. Mweya waZvokwadi akaburitsa pachena kuvadzidzi chimiro chaicho chevainyepedzera ava, rutongo rwaMwari rwukabvisa mweya uyu wenhema mukereke. Ichi chiratidzo chekuvepo kweMweya weKunzvera waMwari mukati mekereke zvakatyisa vazviitisi nevaiti vezvakaipa. Zvaisagona kuti vakaipa ava varambe vari pakati pevanhu vaMwari vaizvirakidza mukuita nemutsika kuti vamirirriri vaKristu, kuti kana apo miedzo youya kuvateveri vaKristu, avo chete vaizobvuma kusiya zvakaipa nekuda kwezvokwadi kuti vave vadzidzi vaJesu. Kanapo kutambudzwa

kwaizoramba kuchiuya, kereke yairamba yakachena. Asi apo kutambudzwa kwakamira, vanhu vakatendeuka vaiva vasiri vechokwadi, nzira ikavhurika yekuti Satani awane mukana.

Asizve hakuna kuwadzana pakati peMuchinda wechiedza nemuchinda werima, saka hakugagoni kuva neruwadzano pavateveri vavo. Kana maKristu vakabvuma kubatana neavo vasina kusiya zvakazara tsika dzechihedheni, vakapinda munzira yaivatungamirira kure nezvokwadi. Satani akafara kwazvo kuti akanga agona kunyengera boka guru revateveri vaKristu. Akabva aita kuti simba rake rizare muvanhu ava, ndokuvafurudzira kuti vatambudze nekushungurudza avo vakasara vakabatirira pazvokwadi yaMwari. Hapana umwe aizogona kupikisa zvokwadi yaMwari kupfuura avo vaimbova vateveri vayo, neavo maKristu akarasika, vachibatana nechikwata chevaya vasina kusiya tsika dzechihedheni, vachiisa simba ravo mukurwisa mbiru dzedzidziso dzaKristu. Zvaitotsvaga kurwa kukuru kune avo vakaramba vakatendeka kuti vagone kumira vasingazungunuswi vachiramba manyepo nezvinonyangadza zvakanga zvakafukidzwa nenguwo dzehuprisita zvichidzidziswa mukereke. Bhaibheri harina kugashirwa sandiro rinotonga nyaya dzekutenda. Dzidziso yekusununguka panezvechitendero yakabva yanzi ndeye manyepo, avo vose vaitenda izvozvo vakavengwa nekurambwa.

Mushure menguva huru yekusawirirana kukuru, vakatendeka vashoma ava vakasarudza kuparadzana nekereke yakanga yarasika iyi kana yairambira mukutenda nhema nekubatirira pazvifananidzo. Vakona kuti zvirinani kuparadzana nekereke iyi kuti vakwanise kuramba vakatendeka pashoko raMwari. Vakaona kuti hazvingagoni kuti vatende mhosho dzakaoma kudaro dzaizouraya mweya yavo, vakazova muenzaniso wakaipa kuvana vavo kusvika kumarudzi arimberi. Kuti pave nekubatana nekubvumirana, vaizongobvuma bedzi zvinowirirana neshoko raMwari, asi vakaona kuti hazvigoni kutenga runyararo paaritari yekutengesa zvokwadi. Kana zvaireva kutenga runyararo nenzira iyi yekutengesa zvokwadi nekururama, saka zvaiva nani kukonana kana hondo zvayo.

Zvainganakira kereke nenyika kana dai zvimiso izvo zvakasimbisa vatendi vakarurama ava zvaingamutsirirwa mumoyo yevanhu vaMwari. Pane kushaya hanya kunoshamisa kurikuitwa nevanhu nhasi pazvinhu izvo zvinova mbiru nehwaro hwechiKristu. Pfungwa yekuti mbiru idzi hadzina kunyanya kukosha irikukura. Kurerutswa kwadzo uku kurikusimbisa maoko evashandiri vaSatani zvekuti dzidziso dzenhema dzairambwa nemoyo wese nevatendi vekare nhasi dzakugashirwa nemutsa nezviuru zvevatendi vanozviti vateveri vaKristu.

MaKristu ekare vaiva vanhu vakatsanagurika zvemazviro kwazvo. Kutenda kwavo kusina chakunopomerwa nekutsungirira kwavo kwakasimba zvaigara zvakaita seshamhu yaitsiura nekukanganisa vatadzi nguvadzose. Kunyangwe vaiva vashoma pakuwanda kwavo, vasina pfuma, vasina mazita anokudzwa, vasina zvinzvimbo zvepamusoro, vatendi

ava vaityiwa nevanhu vanoita zvakaipa pese paivaizikanwa. Nokudaro vaivengwa nevatadzi, sekuvengwa kwakaitwa Abel naCain mutadzi. Nechikonzero chimwechetecho chakaita Cain auraye Abel, ndizvo zvakaita kuti vatadzi varambe kudzorwa naMweya mutsvene, vakauraya vanhu vaMwari. Ndicho chikonzero chimwechetecho chakaita vaJudha varambe pamwe nekuuraya Muponesi- nekuti chimiro chake chehutsvene chaigara chichivapomera mhosva nguva dzose. Kubvira pamazuva aKristu kusvikira zvino, vateveri vake vakatendeka vanomutsa hasha neruvengo rweavo vanoda nzira dzezvivi nokufamba madziri.

Saka vhangeri ringazova seiko shoko rorugare? Apo Isaiah akaporofita kuzvarwa kwa Messiah akamutsanangura nezita rokuti “Muchinda worugare”. Apo ngirozi dzakasvitsa shoko rokuzvarwa kwaKristu kuvafudzi mumapani eBethlehem dzakaimba dzichiti: “Mwari ngaakudzwe kumusoro-soro, rugare ruve panyika, nomoyo muchena kuvanhu.” Ruka 2:14. Panoita kunge pane kusawirirana pakati pemashoko ekuporofita aya nemashoko aKristu paakati: “Musafunga kuti ndakavuya kuisa rugare panyika, handina kuvuya kuisa rugare asi munondo.” Mateo 10:34. Asi kana zvikanzwisiswa zvakanaka, zviviri izvi zvinofambidzana murugare.

Vhangeri ishoko rorugare. ChiKristu chikagashirwa zvakanaka, nekuteererwa, chinoparidza rugare, nerufaro mupasi rose. Chitendero chaKristu chinobatanidza muukama hwepedyo avo vose vanogashira dzidziso dzacho. Raivawo basa ra Jesu kudzosera vanhu kunaMwari, uye kuvabatanidza. Asi zvino vanhu vazhinji munyika vari pasi pehubatwa hwaSatani mhandu huru yaKristu. Vhangeri rinobva zvino rada kuvapa zvimiso zveupenyu zvinopesana nezvidiso netsika dzavo, zvoita kuti varimukire nekusarigashira. Vanovenga kuchena kwevhangeri kunoburitsa pachena zvivi zvavo, saka vanobva vavenga nekutambudza avo vanoriparidza. Nenzira iyi, nekuda kwekunaka nekukwirira kwezvokwadi, vhangeri rinobva rani munondo.

Nyaya yekuti Mwari vanotendera kuti vakarurama vatambudzike paruoko rwevasakarurama inonetsa kunzwisisa zvekuti avo vanekutenda kushoma vanoshunguridzika nayo. Vamwe vanotozorega kutenda munaMwari nekuti anoita kunge anotendera vasakarurama vachibudirira, asi vakatendeka vachitambudzika nekusabatwa zvakanaka paruvoko rwevaipa. Mubvuno unenge uripo ndewekuti, sei Mwari, anekururama netsisti, WaMasimbaose, achitendera hudzvinyiriri hwakadaro? Uyu mubvunzo watisina mhinduro nawo. Mwari akatipa humboo hwakakwana hunoratidza rudo rwake kwatiri, saka hatigoni kuramba kunaka kwakwe kwationoona pachena nekuda kwekuti tatadza kunyatsonzwisisa mashandiro ake. Mudzikinuri wedu paakaona zvaizouya mupfungwa dzevadzidzi vake apo vaizosangana nemiyedzo munazuva erima aiva mberi kwavo, akati kwavari: “Rangarirai shoko randakareva kwamuri, ndichiti: Muranda haazi mukuru kunashe wake. Kana vakanditambudza ini, vachakutambudzai nemivo, kana vakachengeta shoko rangu vachachengeta nerenyu vo.” Johane 15:20. Jesu

akatitambudzikira kupfuura kutambudzika kungaita ani nani wevateveri vake paruvoko revanhu vakaipa. Avo vanoshungurudzwa, kuurawa nekutambudzirwa vhangeri, vanenge vachingofamba mumatsiko eMwanakomana waMwari.

“Ishe haanonoki kuita sezvaakapikira”2 Petro 3:9. Haakangwanwi kana kusiya vana vake, asi anotendera vakaipa kuti vaburitse pachena chimiro chavo chaicho, kuitira kuti avo vanoda Mwari vasavhiringidzika kunzwisisa vakaipa. Zvakare, vakarurama vanoiswa muchoto chemuchenuri chemoto wematambudziko, kuti ivo vanatswe; kuti zvimiro zvavo zvizovawo muenzaniso wekutenda nehumwari, uye kuti upenyu hwavo hwemazuva ose hupomere mhosva kune vasingatendi navatadzi. Mwari anotendera vatadzi kubudiria kuti varatidze ruvengo rwavo kwaari, kuti kana vazozadza chiero chemukombe wekusarurama kwavo, vanozoona kururama kwakwe netsitsi dzake pakuparadzwa kwavo. Zuva rekutsiva kwake ririkusvika nekukasika, apo vose vakatyora murairo wake, nevakadzvinyirira vanhu vake vachawana mubairo wakariganirana mabasa avo; apo mabasa ose ehutsinye kana ekusaruramisira vakatendeka vaMwari achatsivirwa sekunge vakazviitira iye Kristu pachake.

Pane umwezve mubvunzo unokosha uyo masangano anhasi anofanira kucherekedza. Muapostori Paul anotaura kuti: “Zvino, navose vanoda kunamata Mwari munaKristu Jesu vachatambudzwa” 2 Timotio 3:12. Saka sei nhasi zvichiita sekuti nyaya yekutambudzwa kwevatendi yadzikira? Chikonzero choga chingavapo ndechekuti kereke yafanana nenyika saka haichagoni kumutsa vanoipikisa. Chitendero chavapo nhasi chadzikira zvakadaro zvekuti chasiyana nechaiva mukereke yaKristu nevadzidzi vake. Nokuda kwemweya wekurerutsa chivi, uye zvokwadi yeshoko raMwari ichishaiswa simba, humwari hwadzikira mumasangano, uye chiKristu changovewo hupenyu hwemunyika. Dai pangoita rumutsiriro rwehuMwari, kutenda nesimba rekereke yekutanga, ipapo moto wematambudziko unobakidzwazve.

Chitsauko 3 Nguva Yerima Guru

Mutsamba yake yechipiri kuVaTesaronica, Mupostori Pauro akaporofita kurasika kukuru kwaizouya kuchitungamirira kuzogadzwa kwehutongi hwaPapa. Pauro akataura pachena kuti zuva raKristu raisazosvika “kana kutsauka kusati kwatanga kuvuya, nomunhu wezvivi, mwanakomana wokurashika, asati amboonekwa, iye anorwa achizvikudza pamusoro pezvose zvinonzi Mwari, kana zvinonamatwa, nokudaro kuti unogara mutemberi yaMwari, achizviidza Mwari.” Anoenderera mberi, achipa mashoko eyambiro kuhama dzake ekuti, “chakavanzika chezvivi chotobata basa” 2 VaTesaronika 2:3,4,7. Kunyangwe mumazuva ekutanga iwayo, Pauro akaona dzidziso dzenhemha dzichiita kaverevere kupinda muKereke, dzaizogadzirira nzvimbo yekugadzwa kwehutongi hwaPapa.

Zvishoma nezvishoma, dzidziso idzi dzakabata ndangariroro dzevanhu, pakutanga zvakanga zvakavanzika, asi gare gare zvakava pachena kuti “chakavanzika chokurashika”, chakafambira mberi nebasa racho rekunyengera nekumhura Mwari. Dzidziso dzechihedheni, dakapinda zvakavanzika mukereke yeChiKristu. Mweya wekurerutsa zvinhu zvaMwari, nekuda kufanana nenyika wakambotadza kubata kereke mumazuva ekutambudzwa nehutongi hwechihedheni, asi pakazopera nguva yekushungurudzwa iyi, apo chiKristu chakatanga kupindawo mumatare nemudzimba dzemadzimambo, Kereke yechiKristu yakatanga kusiya hunhu hwaKristu nevadzidzi vake, ikagamuchira kuzvikudza nembiri ye vatongi nevaprisita vechihedheni, zvinova zvakazoita kuti panzvimbo yezvimiso zvaMwari, paiswe dzidziso dzevanhu netsika dzemadzibaba. Kutendeuka kwekunyepera kwakaitwa naConstantine, mumakore ekuvamba kweSenjuri yechina, kwakagashirwa nemhemberero huru, asiwo ndipo nyika yakafamba yakapfeka nhumbi dzehutsvene ichipinda mukereke yaJesu. Ipapo kuwora kwakafamba nekukasika kuchiwodza kereke. Chihedheni chakambenge chaita kunge chakundwa, chakabva chava ndicho chakakurira, mweya wacho ukatanga kutungamirira sangano Dzidziso dzechihedheni, mitambo yacho netsika zvakagashirwa muchinamato chechiKristu,nevanhu vaizviti vateveri vaKristu.

Mubatanidzwa wakavepo pakati pechiKristu nechihedheni ndiwo wakatungamirira kuumbwa kwe “Murume wezvivi”, akanga agara aporofitwa kuti achapikisana naMwari nekuzvigadza pamusoro paMwari. Chirukwa ichi chikuru-kuru kwazvo, chekunamata kwakatsauka, chakagadzirwa nehunyanzvi naSatani pachake. Ndicho chinova shongwe yesimba rake pakutsvaga kuzvigadza pachigaro kuti atonge nyika ino semadiro ake.

Satani akamboedza kuda kugadzira mubatanidzwa naKristu. Akasvika kuMwanakomana waMwari paakanga ari murenje rekuedzwa, akamuratidza umambo hwose hwepanyika nekubwinya kwahwo, akamuvimbisa kumupa ihwo kana bedzi akatenda kuti muchinda werima ndiye mukuru. Kristu akaraira muzviitisi nemuyedzi uyu

kuti abve paari, asi nhasi Satani anokurira vanhu vazhinji nemuyedzo umwechetewo. Nengariyekuda kukudzwa nenyika uye mbiri, Kereke yakatsvaga rutsigiro rwevatongi venyika, ikaramba Kristu, ndokubva zvaita kuti izvipe kumumirariri wasatani- anova Bhishopi weRome.

Imwe yedzidziso huru muchitendero chechiRoma ndeyekuti Papa ndiye mumirariri anoonekwa uye musoro weKereke yaKristu., uyewo ndiye akapiwa simba guru pamusoro pevafundisi vose nemabhishopi panyika yose. Pamusoro pazvo, Papa ndiye akapiwa zita chairo rechimiro chehutsvene nehumwari. Anoidaidzwa kuti “Ishe Mwari Papa”, uye anonzi haagoni kukanganisi. Anofanira kukudzwa navanhu vose. Zvimwechete zvaikarirwa naSatani murenje rekuyedzwa muya, ndizvo zvaarikutsvaga kuburikidza nesangano reRoma, uye vanhu vazhinji kwazvo vakazvimisira kumuteeera nekumukudza.

Asi avo vanotya nekushumira Mwari vanoramba dzidziso idzi sekuramba kwakaita Kristu pachake kunamata satani muvengi. “Namata Ishe Mwari wako, umushumire iye oga.” Ruka 4:8. Mwari haana kumbobvira apa munongedzo mushoko rake wekuti akagadza munhu kuti ave musoro weSangano rake. Dzidziso yehukuru hwaPapa inopikisana nezvakanyorwa mumagwaro matsvene. Papa haagoni kuva nesimba pamusoro peSangano kunze kwekunge azvipa ega. Sangano reRoma rinogaro pomera maSangano akaratidzira ndokubuda mariri mhosva yekupandukira sangano rechokwadi. Asi mhosva iyi chokwadi ndechekuti inobata iro sangano racho. Ivo veRoma ndivo vakatsveta pasi mureza waKristu vakabva “Pakutenda kwakadeya kupiwa vatendi kamwe”. Juda 3

Satani akaziva kwazvo kuti Magwaro Matsvene achabatsira vanhu kuona nzira dzake dzinonyengedza uye kuramba kuva pasi pesimba rake. Kuburikidzwa neBhaibheri-Shoko, Muponesi wedu akagona kudzivisa Satani. Paakavingwa nasatani pese, Kristu aishandisa chidzitiro chezvokwadi isigaperi achiti “kwakanyorwa kuchinzi”. Panezvose Satani kuti agone kuramba akabata mdangariro dzevanhu, uye kuti simba raPapa rirambe richitonga, anofanira kuramba achita kuti vanhu vasava nehanya neshoko raMwari. Bhaibheri rinosimudzira Mwari ukuwo richiisa munhu panzvimbo yake chaiyo; naizvozvo, kuna Satani, zvokwadi iyi inofanira kuvigwa nekutsikirirwa kuti isazikanwa. Kafungiro aka ndiko kakatorwa nesangano reRoma. Kwemazana emakore, Bhaibheri rakarambidzwa. Vanhu vakarambidzwa kuriverenga kana kuva naro mudzimba dzavo, ukuwo vadzidzisi nevaprisita vachidzidzisa zvisizvo kuti vachengetedze zvigaro zvavo. Izvi zvakaita kuti Papa agashirwe potse pasi rose achinzi ndiye mutevedzeri/ mumirariri waMwari panyika, aine samba pamusoro peKereke nezvematongerwo enyika.

Sezvo Bhaibheri, rinogona kuonesa manyepo rakanga rabviswa panzvimbo yaro, Satani akashanda madiro ake. Chiporofita chakanga chareva kare kuti simba raPapa raizo “funga kushandura nguva nemirairo.” Danere 7:25. Basa iri harina kunonoka kuedza kuitwa. Senzira yekuedza kugashira vaitendeuka vachibva kuchihedheni kuti vawane

chinamato chingagashirika kwavari, muKereke yeChiKristu makaunzwa tsika yekunamata zvifananidzo netsika dzakare. Musangano wakagarwa wevatungamiri ukapasimba kutsika yekunamatwa kwezvifananidzo mukereke. Kuti sangano reRoma rizadzise kugona kwaro kushandura zvinhu, rakatora danho rekuedza kushadura murairo nekubvisa pamitemo gumi yaMwari murairo wechipiri, unorambidza kunamatwa kwezvifananidzo, panzvimbo yawo ndokubva papatsanurwa mutemo wechigumi kuita mitemo miviri, izvi kurikuedza kuchengetedza nhamba yemitemo kuti irambe iri gumi.

Mweya wekuwirirana nekugashira chihedheni wakavhura masuwo ekumhurwa kwemasimba eDenga. Satani, kuburikidza achishanda nevatungamiri vanokudzwa veSangano, akanobata-bata pamutemo wechinawo zvakare, ndokubva aita kuti Sabata rekare ribviswe hutsvene hwaro nekuiswa parutivi, rinova zuva rakayereswa naMwari rikaropafadzwa (Genesi 2:2,3), panzvimbo yaro pakasimudzirwa zuva rekutanga kwevhiki rinova raikosheswa muchinamato chevahedheni richinzi “rekunamatwa kweZuva”. Shanduko iyi haina kungotanga yaitwa pachena, kwete. Mumakore ekutanga Sabata rakanga richichengetwa nemaKristu ese. Vakanga vaine godo nekuchengetedza kunamatwa kwaMwari kwazvokwadi, vachitenda kuti murairo wake haushanduki, saka vainyatsocherechedza zvakatemwa naMwari mushoko rake. Asi nekunyengera kukuru, satani akashanda kuburikidza nevashandiri vake kuunza shanduko yaaida. Kuti vanhu vagashire Svondo sezuva rinoera, rakaitwa kuti rinzi izuva rakaereswa nekuda kwekumuka kwaKristu kubva muguva nezuva iri.

Marusando ezvekunamata akatanga kuitwa nezuva iri, asi pakutanga painzi izuva rekuita zvekuzvivaraidza, ukuwo Sabata chairo richichengetwa nehutsvene hwaro.

Mukugadzirira kwake basa raazoita mberi, Satani akanga aita kuti vaJudha, mumakore ekumashure Kristu asati auya, varemedze vanhu nemutoro wemitemo yekuchegetwa kwesabata yairema kwazvo yavaigadzira ivo. Saka zvino Satani akachizoshandisa izvi senzira yekuzvidza Sabata richinzi itsika yevaJudha. Apo maKristu vakaenderera mberi vachitora Svondo sezuva remitambo yekuzvivaraidza, Satani akavatungamirira kuti vaite pfungwa yekuzvidza Sabata sezuva remaJudha, saka senzira yekuratidza ruvengo rwavo kumaJudha, vaifanira kumhura Sabata saka rakabva raitwa zuva rekutsanya, kusuwa, nekusuruwara.

Muchikamu chekutanga cheSenjuri yechina, mutongi wehurumemnde ainzi Constantine akatema chirevo chaiti Svondo rakange rave zuva rezororo muhushe hweRome hwese. Musi wekunamatwa kweZuva uyu wakayereswa nevanhu vainamata zvifananidzo uyewo ukaremekedzwa nemaKristu; iyi ikava nzira yaConstantine yekubatanidza Vahedheni nemaKristu anova mativi maviri aimborwisana kare. Constantine akakurudzirwa kuita izvi nevatungamiri (mabhishopi) vesangano rechiKristu, avo vaisundwa nenyota yavo yekuda hukuru nekukudzwa, vachiziva kuti kana izvi

zvikabudirira, zvaizoita kuti vahedheni vagashire chiKristu, zvozoita kuti Kereke ive nesimba nembiri. Asiwo kunyangwe zvazvo maKristu aitya Mwari vakatungamirirwa kugashira Svondo sezuva rakayereswa, vakarambawo vachichengeta Sabata remutemo wechina sezvinoreva murairo waMwari.

Munyengeri mukuru akanga asati apedza basa rake. Akatsvaga kuisa maKristu ese pasi pehutongi hwake achishandisa kuzvikudza kwamambo weSangano reRome anonzi Papa, aizviedza mumiririri waKristu panyika. Kuburikidza nevanhu vakanga vasina kutendeuka zvakazara, uyewo kuburikidzawo nevatungamiri vesanagno vaida zvenyika, Satani akafambisa mberi chinagwa chake. Misangano mikuru yakagarwa nguva nenguva, apo vanoremekedzwa veSangano vaiungana vachibva kumativi ese enyika. Pamusangano wega wega waigarwa, Sabata rinoyera raMwari raitsikirirwa pasi zvishoma nezvishoma, ukuwo Svondo, zuva rekutanga revhiki richisimudzidrwa nenzira imwecheteyo. Pakupedzisira, zuva iri revahendheni rakazokudzwa rikayereswa navanhu, apo Sabata raMwari rakaraswa richinzi itsika yekare yemaJudha, uye vateveri varo vakanzi vapari vemhosva.

Kurashika kukuru kwakanga zvino kwazadziswa nekuzvisimudzira “pamusoro pezvose zvinonzi Mwari uye zvinonamatwa” 2 Vatesaronika 2:4. Akanga zvino azvipira kushandura murairo iwo wega pamitemo mitsvene unonongedzera vanhu vese kunaMwari mupenyu wezvokwadi. Mumutemo wechina, Mwari anonongedzwa kuti ndiye musiki wedenga nenyika, obva atsaurwa kubva kuvamwari venhema. Zuva rechinomwe rakatsaurwa rikayereswa sezororo remunhu kuti rive muranagridzo webasa rekusika. Ranga rakaitirwa kuti rirambe raichiyeuchidza vanhu kuti Mwari ndiye anofanira kunamatwa nekupiwa mbiri. Satani arikurwisa kuti abvise vanhu kubva kunaMwari, uye kuti vasateerera mitemo yaMwari, saka anonyanya kuisa samba rake pakuputsa mutemo wechina unova ndiwo unonongedza kuti Mwari ndiye musiki.

Masanagano echiProtestant nhasi avekutenda kuti rumuko rwaKristu nezuva rekutanga kwevhiki (Svondo),rwakaita kuti richiva ndiro Sabata remaKristu. Asi izvi hazvina rutsigiro rweMagwaro Matsvene. Hakuna rukudzo rwezuva iri rwakapiwa naKristu pachake kana nevadzidzi vake. Kuchengetwa kweSvondo sezuva raKristu kunemanyuko ako kubva “munechakavanzika chokusarurama’ (2 VaTesaronika 2:7, R,V)., icho chakanga chotobate basa kunyangwe mumazuva aPauro. Ndekupi uye ndiirini apo Kristu akazogamuchira chiito chaPapa ichi? Ndezvipi zvikonzero zvinobatika zvingapiwa kuti zvitsigire shanduko iyi zvisingatsigirwi neMagwaro Matsvene?

MuSenjuri yeChitanhatu, hushe hwaPapa hwakanga hwasimba. Chigaro chake nesimba zvakanga zviine muzinda muguta remadzishe rinokudzwa, zvekuti Bhishopi weRome akabva anzi ndiye musoro weKereke yese. Chihedheni zvino chakanga chapa masimba kunaPapa. Nyoka yakanga zvino yapa chikara “simba rayo, nechigaro chayo

chovushe, namasimba makuru' Zvakazarurwa 13:2. Apa ndipo panotangira makore anechiuru namazana maviri namakumi matanhatu (1260) ekutonga kwaPapa nehudzvinyiriri sezvakaporofitwa mubhuku ya Dhanieri naZvakazarurwa. (Danieri 7:25; Zvakazarurwa 13:5-7) MaKristu panguva iyi vakamanikidzwa kusarudza pakati pekunamata Mwari sezviri muShoko kana kugashira mitambo nechinamato chaidzidziswa naPapa, kana kufa vachitambura munajeri,kana kutouraiwa chaiko neminondo nematemo. Apa ndipo pakazadziswa mashoko aJesu ekuti "muchaiswa kuvatongi kunyange vavabereki, navanun'una, nehama, neshamwari, vamwe venyu vachaurawa. Muchavengwa navanhu vose nokuda kwezita rangu" Ruka 21:16,17. Kutambudzwa kwakamukazve pamusoro pevakatendeka nehasha huru dzinopfuura pamazuva ekare, nyika yose ikava nzvimbo yekurwa. Kwemazana emakore, Sangano raMwari rakawana pekuvanda munzvimbo dziri pakavanzika. Muporofita anotaura achiti "Mukadzi akatizira kurenje, paakagadzirirwa nzvimbo naMwari, kuti vamuchengetepo mazuva anechiuuru chinamazana maviri namakumi matanhatu" Zvakazarurwa 12:6.

Kutora simba rehushe kwakaitwa neSangano reRome ndiko kwakava kuvamba kweMakore Erima Guru. Paiwedzera simba reSangano, rima raiwedzerawo nekusviba. Kutenda kwakabviswa kuna Kristu, hwaro hwezvokwadi, kukaiswa kunaPapa we Rome. Panzvimbo yekuvimba kuMwanakomana waMwari pakuregererwa kwezvivi neruponeso rusingaperi, vanhu vakanga vakutarisira kuna Papa, nevaprisita nevashandiri vake vaaituma muzita nesimba rake. Vanhu vaidzidziswa kuti Papa ndiye mumiriririri wavo panyika uye kuti hakuna anogona kuenda kunaMwari asina kupfuura nepanaPapa nokuti iye ndiye aiva panzvimbo yaMwari saka aifanira kuteererwa. Kuramba kutevera izvi kwaireva kuti munhu aizviwanira shamhu huru yakaomarara pamuviri wake. Izvi zvakaita kuti pfungwa devanhu dzibviswe kubva kuna Mwari vachitevera vanhu vanokanganisa, vanehutsinye, kunovewo ndiko kutevera muchinda werima pachake, uyo aishandisa vatungamiri kuita chinangwa chake. Kana Magwaro Matsvene akatsikirirwa, munhu akazviita ndiye mukuru anesimba, chatichaona chichibuda ipapo huwori, kunyengera, nechimiro chekusarurama. Kusimudzirwa kwakaitwa mitemo yevanhu netsika dzemadzibaba kwakaunza hwuwori hunongowanikwa pese apo mitemo yaMwari inoiswa parutivi.

Ava ndiwo akava mazuva ekutambudika kukuru kwekereke yaKristu. Vatendi vakatendeka vaizoramba vakasimudza chiedza vaiva vashoma zvikuru. Kunyangwe zvazvo zvokwadi isisna kusara isina zvapupu, asiwo zvaizomboita sekuti nhema nekutenda mashura zvakanga zvakurira chose, uye kutenda kwechokwadi kwakanga kwaparadzwa zvachose panyika. Vhangeri yakanga isisaonekwi panyika, asi mifanannidzo yekutenda ndiyo yakanga ichiwedzera nokuwanda, vanhu vachiremedzwa nezviga zvinorema kuita zvavaipiwa kuti vaite. Vanhu vaisangodzidziswa kutarisa kuna Papa chete senzira yekuponeswa kwavo, asiwo kuti vatende kuti mabasa avo avanoita anogona kuvanatsa

kubva kuzvivi. Kufamba nzendo dzakareba dzechitendero, nzira dzekuzvirwadzisa panyama, kunamata tsika dzekare dzemadzibaba, kuvakwa kwedzimba dzekunamatira, kugadzira nzvimbo dzinoyera, nemaAritari, kubhadhara mari zhinji kuSangano- izvi nezvimwe zvizhinji zvakadaro zvainzi zviitwe kuti vanhu vapomhodze hasha dzaMwari, uye kuti vawane nyasha dzake, zvoita sekuti Mwari akafanana nemunhu, anotsamwiswa zvirinyore, onyaradzwa kana kupfaviswa nekupiwa zvipo kana nekuzvirwadzisa kwemutadzi!

Kunyangwe zvazvo kusachena kweupenyu kwaionekwa pakati pevatungamiri vesangano reRome, simba rayo rehwezvero rakaramba richikura. Mumakore ekunopera kweSenjuri yechisere, vafundisi vesanagano reRome vakatanga kutaura kuti zvavaidzidzisa nekuita mumazuva avo zvakanga zvadzidziswa kubva kare mumakore ekutanga eSangano raKristu uye kuti ivo vaingovewo nesimba reMweya Mutsvene rakafanana neraivapo muVafundisi nemuSanagano mumazuva ekutanga. Kuti vazadzise gakava ravo rekukambira iri, panezvaifanira kuburitswa sehumbowo hwekuratidza kuti ichi chaiva chokwadi, asi izvi ipfungwa yaitungamirirwa naSatani, baba venhema pachake. Nokudaro kwakatanga kuvhundunyurwa zvinyorwa zvekunyepa zvainzi zvakanyorwa nevarume vakanga vakatsaurwa munezvehumwari vekare. Kwakaburitswawo zvinyorwa zvainzi zvakasungwa sezvibvumirano pamisngano mikuru yezvechitendero yainzi yakaitwa mumakore ekuvamba kweKereke, asi chokwadi ndechekuti kwakanga kusina misangano yakadaro yakambogarwa. Misangano iyi yainzi ndiyo yakasunga kukosha kwehofisi yaPapa nevatevedzeri vake ikasimbisa kuyera kwavo. Izvi zvkaita kuti Kereke yakanga yaramba pachena zvokwadi yaMwari igamuchire manyepo aya.

Vashoma vakasara vari vavaki vakatendeka pahwaro hwechokwadi (1 Vakorinte 3:10,11) , vakatambudzika vakavhiringidzika sezvo marara aya edzidziso dzenhema akanga arikukanganisa kufamba kwebasa. Sezvakangoitawo vavaki verusvingo rweJerusarema mumazuva aNehemiah, vamwe vakanga vazvigadziria kutaura vachiti “Simba ravatakuri vemitoro raderera, vuye marara aripo mazhinji, saka hatigoni kuvaka rusvingo”. (Nehemiya 4:10). Nekuda kwekuneta nematambudziko aya asingaperi, nekuda kwekushungurudzwa, kubiridzirwa, kusarurama, nezvimwe zvimhingamupiyi zvizhinji izvo Satani aivakandira kuvhiringidza basa ravo, vamwe vakambenge vakatendeka pabasa iri vakakuhunika, saka nokuda kwekutsvaga rugare, nekuchengetedzawo pfuma yavo, vakazogumisra vabva pakutenda kwazvokwadi. Vamwewo, vakanga vakashinga vakakwanisa kumira zvisinei nekupikisa kwaiita vavengi vavo, vakataura vachiti ‘Regai kuvatya, ; rangarirai Jehovha mukuru unotyisa” (Nehemiya 4:14); vakaenderera mberi nebasa, umwe neumwewavo akasungirira munondo wake parutivi rwake. (VaEfeso 6:17). Mweya umwechetewo weruvengo nekupikisa unofemerwa muvavengi vaMwari mumarudzi evanhu ese, uyewo huchenjeri nekuzvipira zvinotsvagwa muvashandiri vaMwari nguva dzose. Mashoko aKristu kuvadzidzi vake anoshandawo kuvateveri vake

kusvikira pakuguma kwenguva: “Zvandinokuvudzai imi ndinovudza vose, ndichiti, Rindai!” (Marko 13:37).

Rima rakaenderera mberi richiwedzera kusviba. Kunamatwa kwezvifananidzo kwakatanga kujairika. Mwenje yakatanga kubakidzwa pamberi pezvifananidzo, minamato ikaitwa pamberi pazvo kwazviri. Minongedzo isinganzwisisiki netsika dzekutenda mashura zvakakudzwa. Pfungwa dzevanhu dzakabatwa mukutenda mashura zvekuti kunyatsoshandisa pfungwa kwakanga kwava kushaikwa. Nekuda kwekuti maBhishopi neVaprisita vakange vazere nehuwori, kuda mafaro enyika, zvaingorevawo kuti nevanhu vose vaitarisira kutungamirwa navo vaizongonyurawo mukusaziva zvokwadi.

Rimwe danhozve rakatorwa muhutungamiri hwaPapa mumakore eSenjuri yagumi neimwe. Mukuru wesangano anonzi Pope Gregory wechinomwe (V11) akadaidzira kuti Sangano reRoma rakanga ravadzvene risisina gwapa. Chimwe chezvaakataura ndechekuti Sangano iri kubvira kare rakanga risina kumboita mhosho kana kukanganisa, uye haraizofa rakaita mhosho mune ramangwana kana zvichitariswa muBhaibheri. Asiwo pakanga pasina rutsigiro rwemagwaro matsvene ebhaibheri kutsigira pfungwa yake iyi. Papa uyu, mukuzvikudza kwake akataurawo kuti akanga aine simba rekubvisa madzimambo enyika, akadaidzira pachena kuti zvaanenge atonga iye hakunazve munhu aiva nesimba rekuzvishandura, asi kuti iye badzi ndiye aiva nesimba rekushandura zvinenge zvaitwa nevamwe vanhu vese.

Muenzaniso wekutonga kwake nechisimba achizviti haakanganise unowonekwa panezvaakaita kuneumwe mutungamiri aiva mambo wenyika ye Germany ainzi Henry wechina (1V). Mambo uyu akadzingwa mukereke akabviswawo pachigaro chekutonga zvichinzi akanga azvidza Papa. Henry akavhunduka nekutya zvikuru nekuti Papa akasvika kunyangwe pakuraira machinda amambo kuti vapandukire mambo, nokudaro Henry akatsvaga rugare nemuzinda waPapa kuRome.achiperekedzwa nemudzimai wake nemuranda mumwechete, Henry akanokwira nemumakomo eAlps pakati pemwaka wechando, kuti anoratidza kuzvininipisa kwake pamberi paPapa. Paakanosvika panzvimbo iyo Pope Gregory akanga ari, Henry akanzi ngaanogara kuruvhazhe rwekunze, asina varindi, kwaiva nechando chinotyisa, asi aisafanira kuzvifukidza musoro, asina shangu mutsoka dzake, ndokupfekedzwa hanzu inosiririsa, achimirira kuzonomira pamberi paPapa kana nguva yakwana. Akagarapo panze ipapo kwemazuva matatu achitsanya nekureurura zvivi zvake kusvikira Papa azobvuma kumuregerera. Kunyangwe zvakadaro, mambo uyu aifanira kumirira kuzosunungurwa naPapa kuti azogona kupfeka hanzu dzake dzehumambo kana kuzodzokera pachigaro chehushe. Pope Gregory, achizvikudza nekuda kwechiitiko ichi, akataura nemufaro kuti raiva basa rake kuwisira pasi kuzvikudza kwemadzimambo.

Panemutsauko mukuru pakati pekuzvikudza kwaPapa uyu nehunyoro nekunaka kwaKristu, uyo anozviratidza kuti amire pamukova wemoyo yevanhu achinyengerera kupinda, kuti azopa munhu rugarare neruregerero, uye akadzidzisa vadzidzi vake kuti "Aninani unoda kuva wokutanga pakati penyu, ngaave muranda wenyu" Mateo 20:27.

Mazana emakore akatevera akaona kuendeswa mberi kwedzidziso dzakatsauka musangano reRoma. Kunyangwe kare, hofisi yaPapa isati yavapo, dzidziso dzekunyepa dzaibva mumafungiro nenjere dzevanhu vasingatyi Mwari dzakanga dzagashirwa nekudziidziswa muSangano raMwari. Vazhinji vaitendeukira kuchiKristu vairamba vakabata padzidziso dzechihedheni, uye vaisangozviita ivo bedzi, asiwo vaidzidzisa vamwe zvichinzi ndiyo nzira ingona kutendeutsa vahedheni zvirinyore. Dzidziso dzakatsauka huru kwazvo dzakapinzwa muchitendero chechiKristu. Pakati pedzimwe dzidziso dzakaipisisa, paivawo nekutenda kuti munhu haafi zvachose uye anoona nekuziva zvakamutenderedza kana achinge afa. Dzidziso iyi yakagadzira hwaro apo Sangano reRoma rakasimbisa pfungwa yekutsvaga rubatsiro kana kunamata vatsvene uye kuzoyereswa kweMhandara Maria. Kubva mudzidziso iyi kwakabudawo imwe yekuti vanhu vanenge vasina kutendeuka vachapiswa nekushungurudzwa nekusingaperi.

Nzira yedzidziso yakaramba ichigadzirwa musangano reRoma kuchibva kwazobudawo imwe inoti vakaipa vanopiswa munzvimbo inonzi Purgatory, izvi zvaiitirwa kuvhundutsira vatadzi nevanotenda mashura. Dzidziso iyi inotaura kuti kunenzvimbo yekushungurudzwa naSatani kwemweya yeavo vasina kuita mabasa akanaka, kwavanotambudzika nekuda kwezvivi zvavo, vozoti kana vakumbirirwa nevatsvene vapenyu vanozobviswa vachiendeswa kudenga.

Rusando runokosha rweChirairo chaTenzi, rwunodzidziswa nebhaibheri rwakabviswawo panzvimbo yarwo pakaiswa rusando rwunonzi Mass. Murusando rwavo urwu, vaPrisita vaPapa vanotaura vachiti vanesimba rekushandura chingwa ne waini kuzviita "ropa chairo nemuviri waKristu" – (Cardinal Wiseman, the Real Pressence of the Body and Blood of Our Lord Jesus Christ in the Blessed Eucharist, Proved From Scripture, Lecture 8, sec, 3 par 26). Mumashoko ekumhura Mwari, vanotaura vachiti vanesimba rekusika Mwari, Musiki wezvinhu zvose. MaKristu vakamanikidzwa kubvuma manyepo anotsamwisa Denga aya, paine mutongo werufu kune vanoramba. Vazhinji zhinji vakaramba kutenda vakapiswa nemoto.

Mumakore eSenjuri yegumi nenhatu, kwakazobudawo imwe dzidziso yakaipisisa inonzi muchirungu Inquisition, zvichireva kuferefeta kwakadzama kwaiitwa nePrisita hupenyu hwemutendi. Apa ndipo Satani akagara pasi nevatungamiri vesangano kugadzira izvi. Mumisangano yavo, muchinda werima nengirozi dzake vaibata pfungwa dzevarume vakaipa nekuvapa miono yake, asiwo vaisaziva kuti ngirozi yaMwari yakanga iri pakati pavo ichinyora zvose zvavaiita mumashoko anotyisa asingagoni kuverengwa nemunhu.

“Bhabhironi guta guru” rakanga zvino “radhakwa neropa revatsvene.” Hupenyu hwemagamba ekutenda akanga afira vhangeri hwakanga huri kuchema pamberi paMwari kuti atsive vatadzi ava.

Hofisi yaPapa zvino yakanga yavakubata nesimba rehudzvinyiriri hunorwadza. Madzimambo nevatongi venyika vakanga vachihwarara pamberi paPope. Ramangwana rehupenyu hwevanhu nekwavachagumira zvaiita sekuti zviri muruwoko rwaPapa. Kwemazana emakore, dzidziso dzeRome dzichigashirwa, kudzipikisa kwaiurayisa, uye mitambo yaro ndiyo yaicherechedzwa. Vafundisi varo vairemekedzwa vachichengetwa nekuriritirwa zvakazara. Hakunazve imwe nguva apo Sangano reRoma rakaita simba rinokudzwa nembiri kupfuura iyi.

Asi munyori J ,A Wyle anoti “masikati esimba raPope, ndiwo aivawo mhindo yepakati pehusiku kunyika” (The History of Protestantism, b, l ch. 4) panguva iyi Bhaibheri Dzvene raisazikanzwa, kwete nevanhu bedzi asi kunyangwe nevaPristawo. Sezvaingoitawo VaFaresi vekare, vana Papa venguva iyi vaisada kuti chiedza chivheneke chichiburitsa pachena zvivi zvavo. Mutemo waMwari unova ndiwo chiero chekutenda wakati wabviswa, vakuru ava vakaita zvivi zvavo nesimba risingatuvidzwi. Kubiridzira, makaro, uye kusazvibata ndihwo hwakava hupenyu hwavo. Vanhu vaisatya kuita zvivi chero mhosva kana zvaivawanisa pfuma nezvigaro zvepamusoro. Nzvimbo dzaigara Pope navaPrisita vake dzaizivikanwa nemafaro nemitambo yekusazvidzora. Vamwe vana Papa vakaita mbiri dzekupara mhosva huru zvekuti vatongi venyika vaishumba kuvabvisa pazvigaro. Kwemazana emakore, nyika yeEurope haina kumbobudirira munezvedzidzo, nezveupfumi. Pakaita kuremara kukuru pahunhu nendangariro muchitendero chemaKristu.

Chimiro chenyika pasi pehutongi hweRome chakazadzisa zvinotyisa mashoko eMuporofita Hosiya:“Vanhu vangu vaparara nekushaiwa zivo: nokuti wakaramba zivo, neni ndichakuramba vo…zvawakakanganwa murairo waMwari wako, neni ndichakanganwa vana vako” “nokuti hakunezvokwadi, kana vunyoro, kana kuziva Mwari munyika ino. Hakune zvimwe asi kupika, nokunyengera, nokuvuraya, nokuba, nokuita vupombwe; vanopaza dzimba, kutevura ropa kunoramba kuchitevera kutevura ropa.” (Hosiya 4:6,1,2). Aya ndiwo akava matuso ekurambidza shoko raMwari.

Chitsauko 4 Vanhu Vakakosha

Mukati medima guru rakauya panyika munguva refu yekubataushe kwa-Papa, chiyedza chezvokwadi hachina kudzima zvachose. Mumazera ega ega, kwakave nezvapupu zvaMwari- vanhu vaiva nekutenda kuti Kristu ndiye chete muyananisi pakati pemunhu naMwari. Vanhu vaisimudzira Bhaibheri chete kuti ndiro rinotonga hupenyu, vanhu vairemekedza Sabata rezvokwadi. Nyika haingagoni kubhadhara vanhu ava, zvizvarwa zvemberi hazvinganzwisisi kana kuziva vanhu ava. Nekuda kwemiono yavo vakatumidzwa zita remadunhurirwa rekuti Varasiki pashoko, miono yavo pashoko yakazvidzwa, zvimiro zvehupenyu hwavo zvikazvidzwawo, zvinyorwa zvavo zvakarambwa, zvikatsikirirwa, zvikaparadzwa. Asi vakamira vakasimba, kwemakore nemakore vakabata pakutenda kwavo kwakachena, vakava nhaka yenhoroondo yakayereswa kumarudzi anotevera.

Nhoroondo yevanhu vaMwari mumakore erima guru akatevera hutongi husingapikiswe hweRoma yakanyorwa mumabhuku eKuDenga, asi mumabhuku evanhu panyika vanhu ava havazikanwe. Nhoroondo yekurarama kwavo hainyatsowanikwa nhasi, kunze kwemuzvinyorwa zveavo vaivatambudza nekuvapa mhosva. Wakanga uri mutemo muhushe hweRome kuparadza nhoroondo ine humbowo hwevanhu vairamba kuvateerera. Zvese zvavaiti ndezve kupanduka, zvingava zvinyorwa kana vanhu, zvaiparadzwa zvachose. Chese chairatidza kusatenda zvinhu zvavo, kana mibvunzo yaibvunza simba ravo nedzidziso dzavo zvairingana kuparadza hupenyu hwevanhu vacho zvisinei kuti varombo kana vapfumi, vakakwiria kana vepasi. Humambo hweRoma hwaiparadzawo humbowo hwese hwehutsinye hwavakaita kumarudzi evanhu vaivamukira. Misangano yanaPapa yaiburitsa zvisungo zvaitaura kuti zvinyorwa nemabhuku anehumbowo hwakadaro aifanira kupiswa. Michina yekudhinda mapepa isati yaveko, mabhuku aiva mashoma uyewo akanga asina kugadzirwa nenzira dzingamachengetedza kwenguva refu, saka zvainetsa kutadzisa Vakuru ava kuti vaite zvavanoda nawo.

Hakuna Sangano reChikristu raiva pasi pehushe hweRoma raigona kusiiwa richiita rusununguko rwekuita sezvavangafunga. Nekukasika, hushe hwaPapa hwakatekeshera hukatambanudza ruoko kuparadza vese vainganzi vapanduki, nokudaro, kereke imwe neimwe yakazvipa pasi pehutongi hwavo. Munyika yeGreat Britain, ChiKristu chekare chakanga chakadzika midzi. Vhangeri rakanga ragashirwa nevanhu vemuBritain munakore esenjuri yekutanga rakanga rakachena, risina kusvibiswa nekurasika kweRoma. Chipo chekutanga chakawanikwa nevatendi vemuBritain kubva kuRome ndechekutambudzwa. MaKristu mazhinji vakatiza kutambudzwa uku muEngland vakanowana pekuhwanda kuScotland., zvikaitawo kuti zvokwadi iyede kuIreland, uyewo munyika idzi dzese vhangeri yakagashirwa nemufaro.

Panguva apo rudzi rwemaSaxons rwakapinda kunorwisa Britain, chihedheni chakatanga kubata hushe. Vatapi ava vakaramba kudzidziswa tsika dzevaranda vavo, zvakabva zvaita kuti maKristu vatizire kumakomo nemumasango. Chiedza chakanga chambovigwa kwechinguva, chakatanga kupenyazve. Mushure memakore zana, chiedza ichi chakapenya muScotland nechadzera chacho chikasvika kunzvimbo dziri kure. MuIreland kwakabva murume ainzi Columba nevamwe vake vaashanda navo, vakanoungana pachitsuwa che Iona apo pakabva pava pamuzinda webasa ravo. Pakati pevaparidzi ava paivawo neumwe aiva muchengeti weSabata remuBhaibheri, nokudaro zvokwadi iyi yakabva yadzidziswa kuvanhu. Pazvimbo iyi yeIona pakabva pavhurwawo chikoro chemaMishinari pavaitumwa vachibva vachienda kunzvimbo dzakafanana neScotland, England kusvikawo kure kwakafanana neku Germany, Switzerland kunyangwe neku Italy.

Asi Roma yakanga yaisa ziso rayo paBritain kuti ive pasi pehutongi hwayo. MuSenjuri yechitanhatu, maMishinari eRoma akatsvaga kutendeutsa maSaxons kubva kuchihedheni. Ava vakagamuchirwa nemarudzi aizvikudza emaBabarians zvikaita kuti zviuru zvevanhu zvigashire chitendero cheRoma. Apo basa raifamba, vaparidzi veRoma vakasangana nemaKristu aya ekare emuBritain. Pakatanga kubuda mutsauko pakati pechiKrisu chekuRoma nechevaya vekare vemuBritain. Ava vemuBritain vaiva nechiKristu chisina kuoma, chinozvininipisa, chaiva nechimiro nedzidziso dzemuBhaibheri, ukuwo chiKristu cheku Roma chairatidza kuzvikudza kwevakuru, kutenda mashura nenharo. Mumiririri akanga atumwa naPapa akatema chirevo chaiti Kereke dzese dzemaKristu aya ngavagamuchire hukuru nehutongi husingapikiswi hwaPapa weRoma. Vanhu vemuBritain vakapindura vakazvirereka kuti ivo vaifanira kuvanerudo kuvanhu vese, asi sezvo Papa akanga asina kodzero yekuva mukuru weSangano asingapikiswi, vaigona bedzi kumupa ruremekedzo rwakafanira vateveri vese vaKristu.

Kwakaramba kuchiedzwa kuonesa vanhu ava hukuru hwaPope kuti vahubvume, asi maKristu aya, pavaiona kaitiro kekuzvikudza kenhume dzaPapa idzi, vakataura pachena kuti hapana umwe tenzi wavaiziva kunze kwaKristu. Apa ndipo mweya waPapa chaiwo wakachizviratidza. Mashoko akataurwa nemutungamiri weRoma ekuti “kana mukaramba kugashira hama inokuvigirai rugare, muchazogamuchira muvengi anokuvigirai hondo. Kana mukasabatana nesu pakuratidza rudzi rwemaSaxons nzira yehupenyu, muchagamuchira kubva kwavari shamhu yerufu”. –(J,H Merle D’ Aubigne, History of the Reformation of the Sixteenth Century, b. 17, ch 2.) Aya akanga asiri mashoko ekuvhundutsira bedzi. Hondo, kurongerwa nehunyengeri hwekurasisa zvakavigirwa zvapupu zveshoko raMwari izvi, kusvikira maKereke ese emuBritain akaparadzwa kana kumanikidzwa kuva pasi pehutongi hwaPapa.

Munyika dzaiva kunze kwehutongi hweRoma, kwaiwanikwa maSangano echiKristu akanga ararama kwemakore mazhinji, ayo akanga asina kukanganiswa nembiriso yehuwori hwaPapa. Vanhu ava vakanga vakatenderedzwa nevahedheni vaive netsika dzakazovhiringidza chiKristu mukufamba kwemakore, asi zvakadaro vakaramba vachikoshesa Bhaibheri nekuteerera dzidziso dzaro dzechokwadi. MaKristu aya vaitenda kuti mutemo waMwari unogara nekusingaperi uyewo vaichengeta Sabata remutemo wechina. Kereke dzaive dzakabata kutenda uku dzaiwanikwa munyika dzePakati peAfrica uyewo pakati pemarudzi echi Aramenia aiwanikwa muAsia.

Asi rudzi remaWaridhenzi rwakaonekwa ruri pamusoro peavo vose vakaramba kuteera dzidzizo nesimba raPapa. Munzvimbo dzese idzo vakuru veRoma vakaisa chigaro chavo, manyepo nehuori hwavo zvakasangana nevaizvipikisa. Kwemazana emakore, maSangano emu Piedmont akaramba aine kuzvitonga kwawo, asi nguva yakazosvika apo Sanagano reRoma rakavaudza kuti vazviise pasi paro. Mushure mekumboedza kumira vachiramba rukoko urwu, vatungamiri vemaSangano aya vakazongogashirawo asi vasingadi, nokuti zvairatidza kuti pasi rese rinenge raiva pasi pehutongi hweRoma. Asi kunevamwe vakaramba vakamira vakashinga kuti vasava pasi pehutongi hwaPapa kana vaPrista vake. Vakaramba vakabata kutenda kwavo nekuteerera Mwari uye kuchengetedza kuchena kwekutenda kwavo. Izvi zvakatungamirira kuparadzana. Avo vakasarudza kuramba vakabatirira pakutenda kwavo vakasuduruka; vamwe vachisiya misha yavo, vachinosimudza mureza wezvokwadi vari munyika dzeutorwa; vamwewo vakaenda kunze kwemaguta nekumipata yemakomo, kwavainochengetedza rusununguko rwavo rwekunamata Mwari.

Kutenda uko kwakadzidziswa nemaKristu erudzi rwemaWaridhenzi, mumakore mazhinji, kwaisiyana kwazvo nedzidziso dzenhema dzaibva kuSangano reRoma. Chitendero chemaWaridhenzi chaiva nemidzi yacho muShoko raMwari Bhaibheri, rinova ndiro maitiro echokwadi echiKristu. Asi zvino varombo ava vaigara kure kusingaonekeri, kwaiva kunze kwenyika yevazhinji, vachitambudzika havo mumabasa ekurima mazambiringa nekupfuya zvipfuyo, havana kugona vega kusvika pakunzwisisa zvokwadi yaipikisana nedzidziso dzakatsauka dzekereke yakanga yapanduka. Kutenda kwavo kwakanga kusiri kwevanhu vatsva. Chitendero chavo yakanga iri nhaka yakabva kumadzibaba avo. Vaibvuma bedzi kutenda kwakafanana nekweKereke yevaApostori, - “Kutenda kwakadeya kupiwa kuvatsvene kamwe” (Juda 3). “Sangano raiva murenje” ndiro raiva rechokwadi, richichengeta zvakavanzika zveshoko raMwari wezvokwadi raakapa kuvanhu vake kuti vaparidzire nyika, kwete zvinzvimbo zvekukudzwa zvaiwanikwa musangano raPapa raiva nemuzinda waro muguta guru remunyika.

Chimwe chezvikonzero zvikuru zvakaita kuti Sanagano rechokwadi ripatsanurane nere Roma, inyaya yekuti Roma yakaratidza ruvengo paSabata remuBhaibheri. Sezvakanga zvataurwa kare muzviporofita, simba raPapa rakawisira zvokwadi pasi.

Mutemo waMwari wakatsikwa-tsikwa muguruva, asi mirairo netsika dzevanhu zvikasimudzirwa. MaSangano ese aiva pasi pehutongi hwaPapa akamanikidzirwa kukudza Svondo sezuva dzvene. Pakati pemhosho dzakanga dzakakurumbira paivawo netsika yaiti: kunyangwe vanhu vaitenda nekuchengeta Sabata, vaiwanikwawo vachizorora nezuva reSvondo. Asi izvi hazvina kugutsa vatungamiri muhofisi yaPapa. Vakaraira vanhu kuti vaisangofanira kuchengeta Svondo sezuva dzvene chete, asiwo kumhura Sabata, vakatukawo nemazwi akasimba avo vaizowanikwa vachirikudza. Nzira yoga yekuti munhu agone kunamata Mwari akasununguka, kwaiva kutiza kubva pasi pesimba reRoma.

MaWaridhenzi ndivo vakava rudzi rwevanhu vekutanga muEurope kuisa Bhaibheri munerumwe mururimi. Mazana emakore nguva yeReformation isati yasvika, vanhu ava vakanga vatove neBhaibheri mururimi rwavo. Vaiva nezvokwadi isina kusvibiswa, zvinova zvakaita kuti vavengwe nekutanbudzwa. Vakataura pachena vasingatyi kuti Sangano reRoma ndiro Bhabhironi rakarasika rinorehwa naZvakazarurwa, uye vakamira noupenyu hwavo vachiramba dzidziso dzaro. Nokuda kwekumanikidzwa nekushungurudzwa, vamwe vavo vakazosiya kutenda zvishoma nezvishoma, asi vamwe vakaramba vakashinga vakabata pazvokwadi. Mumakore ese erima guru, kune maWaridhenzi vakaramba kugamuchira hutongi hweRoma, vakaramba kunamatwa kwezvifananidzo, vakachengeta Sabata. Mudutu guru rinotyisa rekutambudzwa, vakarambira pakutenda. Kunyangwe vaibaiwa nepfumo rinouraya, vachirohwa neshamhu inorwadza, vakamiririra kukudzwa kwaMwari neShoko rake.

MaWaridhenzi vaiwana nzvimbo dzavo dzekuhwanda museri memapako emakomo, mumarudzi mazvinji ekutambudzwa nekudzvinyirirwa. Mavari ndimo makachengetedzwa mwenje wezvokwadi uchipfuta mukati merima guru remumakore epakati. Mumakore anosvika chiuru, huchapupu hwezvokwadi hwakachengetedzwa.

Mwari akapa vanhu nzvimbo yekuchengetera zvokwadi yake pakati perudzi urwu nemutoo unoshamisa. Kuvatendi ava, makomo aiva mucherechedzo wehutstvene hwaMwari husingashanduki. Vairatidza vana vavo kureba kwemakomo avaiona kure asingashanduki, vochivadzidzisa pamusoro paMwari asingasanduki, Mwari aneshoko rinoramba rakamira semakomo avaiona, Mwari akamisa makomo akamasunga nebhanhire rinesimba, zvekuti hakuna ruoko rwemunhu rwunoabvisa panzvimbo yawo kunze kwesimba risingaperi rake iye Mwari. Nenzira imwecheteyo, Mwari akasimbisa mutemo wake, unove ndiwo hwaro hwehurumende yake kudenga nepanyika. Ruoko rwemunhu rwunogona kutambanudzwa rukatora upenyu hweumwewo munhu, asiwo ruoko irworwo rwunogonawo kusvikira makomo rwuchiabvisa nemidzi yawo nekuakandira mugungwa, sezvarungoitawo ruchidzura mumwe wemitemo waMwari, nekudzima zvivimbiso zvake kunaavo vanoita kuda kwake. Varanda vaMwari vanofanira kumira vasingazununguswi semakomo pamutemo wake.

Makomo akanga akakomberedza mapani avo aiva huchapupu hunoramba huchivarangaridza hunyanzvi hwaMwari pakusika, uye huvepo hwake pakati pavo kuvachengetedza. Vafambi ava vakadzidza kubva paminongedzo iyi kuda Jehovha aizviratidza pakati pavo. Havana kumbopindwa nemweya wekutya kana kusagutsikana kunyangwe zvazvo hupenyu hwakanga hwakavaomera, uye havana kunzwa kusurikirwa mumakomo mavaigara. Vakatenda Mwari kuti akanga avapa nzvimbo yeutiziro kubva pakati pehasha nehutsinye hwevanhu. Vakafara nekuda kwerusununguko rwavaiva narwo pakunamata. Nguva idzo vaitsvagwa nevavengi vavo, simba remakomo mukurukana kwawo raivadzivirira. Kubva munzvimbo dzakakwirira, vaiimbira Mwari nziyo dzekurumbidza nekutenda zvekuti masoja eRoma aisagona kuvanyaradza.

Kutenda nerusimbiro rwevateveri vaKristu ava zvakanga zvakachena zvichibva pakati pemoyo yavo. Vaikoshesa zvimiso zvezvokwadi kupfuura dzimba neminda, shamwari, hama kana upenyu chaihwo. Zvimiso izvi vaizvidzidzisa vana nevadiki vavo. Kubva pazera diki, vechidiki vaidzidziswa kubva paMagwaro, uye kukoshesa mutemo waMwari. MaBhaibheri chaiwo aive mashoma nokudaro mashoko eBhaibheri aifanira kugara mundangariro. Vazhinji vavo vaigona kutaura nemusoro ndima dzakareba kubva muTestamende dzeBhaibheri dzese dziri mbiri. Pfungwa dzezvaMwari dzaivandudzwa pavaiona kunaka kwekusika kwake uye chikomborero chekurarama zuva nezuva. Vana vadiki vakadzidza kutenda Mwari pamusoro pezvakanaka zvaanovaitira.

Vabereki vacho, kunyangwe vaida vana vavo zvikuru, havana kuvarera vachivayemedza kana kuvaregerera vachirasika mukusazvidzora. Pamberi pavo paiva nehupenyu hwemiyedzo nekuremerwa, dzimwenguva rufu rwaitarisana navo. Vaidzidziswa kubva pahucheche hwavo kugona kutsungirira munguva dzekuoma kwehupenyu, kugona kudzoreka, asiwo kugona kufunga nekuita zvakanaka pachavo. Pazera diki vaidzidziswa kugona kuzvimiririra, kurongeka pakutaura, nekunzwisisa njere dzinobva pakunyarara. Shoko rimwe risina hanya rikataura munzeve dzemuvengi raizopinza panjodzi hupenyu hwearitaura pamwechete nehama zhinji; nokuti vavengi vavo vaivavhima semapere vachitsvaga kuaparadza boka iri rairambira pakutenda kwezvokwadi.

MaWaridhenzi vakanga vakazvipira kurasikirwa nezvinhu zvehupenyu huno nokuda kwekuchengetedza zvokwadi, saka vaitambudzika zvakaomarara kuti vawane zvokudya zvavo. Nzvimbo dzose dzemumakomo dzaigona kurimika vaidzigadzira nehunyanzvi; mapani neminda isina ivhu rakanaka yaishandwa kusvikira yaburitsa goho. Kugona kuchengetedza zvinhu ne kuzvinyima itsika dzaidzidziswa kuvana senhaka yeupenyu. Vaidzidziswa kuti Mwari akagadzira hupenyu kuti chive chidzidzo, uye kuti zvavanoda muupenyu zvinongowanikwa pakushanda nesimba, kuronga zvinepfungwa, kuva nehanya, nekutenda. Nguva yekudzidza nekushanda iyi yairwadza asi yaibatsira, uye inodikanwa nemunhu muchimiro chake chezvivi, chinovawo chikoro icho Mwari akagadzirira munhu

kuti agobudirira. Apo vechidiki vaidzidziswa kararamiro munguva dzakaoma, vabereki vaisakanganwawo kuti vana vaifanira kubudirira panezvedzidzo zvakare. Vaidzidziswa kuti masimba avo ose endangariro aibva kunaMwari, saka zvaifanira kuvandudzwa kuitira kushandira Mwari.

Kereke dzese dzevagari veVhaudiosi, pakuchena nekuurama kwadzo, dzaifanana neKereke yenguva yevaApostori. Vakasimudzira Bhaibheri roga vachiramba dzidziso dzanaPapa. Vafundisi vavo, vakanga vakasiyana nanaPapa veRoma, pakuti vaitevera muyenzaniso waTenzi uyo: “akauya kwete kushumirwa asi kuzoshumira, iye”. Vaigutsa makwai aMwari, vachiatungamirira kumafuro manyoro nekuzvitubu zvemvura mhenyu yeShoko rake dzvene. Vanhu ava vaiungana kure neminongedzo yekuzvikudza kwevanhu, vaisapinda kunonamata mudzimba dzembiri dzakavakwa nehunyanzvi, asi pasi pemimvuri yemakomo, nemumapani eAlpine, kana mumapako ematombo kana muri munguva dzenjodzi, vachiteerera shoko razvokwadi kubva kuvaranda vaKristu. Vafundisi vaisangoparidza shoko bedzi, asi vaishanyirawo vanorwara, vairovedzerawo vana, vaitsiurawo vanenge vorasika pakutenda, uye vaibatsira kuyananisa vanenge vatadzirana kuti pave nerudo nerugare pakati pehama. Munguva dzerugare, vafundisi vairarama kubva pazvipo zvaibviswa nevanhu, asi saPauro musuki wematehwe, umwe neumwe aidzidza basa rekuti kana zvaoma anogona kuzviriritira.

Vechidiki vaiwana dzidziso nekurairwa kubvawo kuvafundisi vavo. Kunyangwe hazvo dzimwe nyaya dzehupenyu dzaidzidzwa nezvadzo, asi Bhaibheri ndiro raiva chidzidzo chikuru. Mabhuku anoti Mateo na Johane aidzidzwa kusvika abatwa nemusoro, kusanganisirawo netsamba dzimwe zhinji dzeTestamende Itsva. Vechidiki vaidzidziswawo kunyora pasi mabhuku emuBhaibheri. Zvimwe zvinyorwa zvavo zvaibata Bhaibheri rese, zvimwewo zvine ndima diki, apo paiiswawo tsanangudzo dzakareruka parutivi kubva kune avo vaigona kududzira Bhaibheri. Nenzira iyi, fuma inokosha yeShoko raZvokwadi yakachengetedzwa, ikawonekwa nekuti yakanga yaedza kuvanzirwa nyika neavo vaida kuzvigadza panzvimbo yaMwari.

Nemoyo yakachenjera, nemoyo murefu, nebasa rakasimba, murima remapako nemakomo, mwenje yaibatidzwa mumipata yenyika kuti shoko raMwari rinyorwe ndima nendima, chitsauko nechitsauko. Naizvozvo basa rakafambira mberi, kuda kwaMwari kukaburitswa pachena kuchipenya sendarama yakaidzwa: tarira kubwinya kwayo, kuvapachena uye simba racho kana zvichienzaniswa nemiyedzo yaisangana neavo vakazvipira kuita basa iri. Ngirozi dzekudenga dzaikomberedza vashandi ava vakatendeka.

Satani akanga ashandisa nekukurudzira vaPrisita vaPapa kuti vavige shoko rezvokwadi pasi pemarara enhema, manyepo netsika dzevanhu, asi nenzira inoshamisa kwazvo, Shoko rakachengetedzwa mumakore ese erima guru. Harina kuchengetwa nechidhindo chemunhu asi nechisimbiso chaMwari. Vanhu havana kuneta pakuedza

kwavo kuvanza magwaro nedzidziso dzawo dzakajeka, uye kuti zviite sekuti Magwaro anozvipikisa; asi sezvinoita ngarava iri mugungwa rakadzika, Shoko raMwari rinokurira dutu remhepo nemafungu zvingada kurinyudza. Sezvakaita mugodhi wemabwe anokosha une tsinga dzakapfuma dzendarama nesirivheri dzakavigwa pasi pevhu, zvingade kuti vose vanoda kuzviwana vachere nekufukunura kuti vazviwane, ndizvo zvakaitawo Shoko raMwari sepfuma yakavanzika inondoburitswa pachena chete kuneavo vanorevesa, vanozvininipisa, vanoitsvaga nekunyengetera. Mwari vakagadzira Bhaibheri kuti rive bhuku rezvidzidzo kuvanhu vose, richidzidzwa hupenyu hwese nemunhu kubva pahucheche, kuenda pahujaya kusvika pakukwegura. Mwari akapa Shoko rake kuvanhu kuti riburitse pachena zvaari. Zvokwadi yoga yoga inoburitswa pachena inenge ichidzidzisa munhu patsva nezvechimiro chemupi weBhaibheri. Kudzidza Bhaibheri ndiyo nzira yakagadzirirwa munhu nedenga kuti aswedere pedyo neMusiki uye agovewo nekunzwisisa kuda kwaMwari. Bhaibheri ndiro nzira yekutaurirana pakati pemunhu naMwari.

Kunyangwe maWaldenses vaitenda kuti kutya Jehovha ndiko kuvamba kwehuchejeri, vaizivawo kuti zvakakosha kuti munhu azive nezvenyika yaanorarama mairi, kuvawo neruzivo nezvevanhu pamwechete nekufamba kwehupenyu, kuitira kuti pfungwa dzikurewo nekugona kunzwisisa hupenyu. Vachibva muzvikoro zvavo zvemumakomo, vamwe vana vaiendeswa kuzvikoro zvedzidzo zvemuFrance kana Italy, kwavainowedzera dzidzo, kuvhurika pfungwa, nekuonawo hupenyu hunosiyana nehwemumakomo eAlps mavaigara. Vechidiki ava pavaiendeswa uku vainosangana nemiyedzo, vainoonawo kusarurama nameso avo, vaisanganawo nenhume dzaSatani, dzaiedza kuvanyengera nemano akavanda. Asi dzidzo yavakawana kubva pahudiki hwavo yakanga yavagadzirira pazvose zvakadaro.

Muzvikoro zvese zvavaienda vaisafanira kuno shamwaridzana nevanhu. Mbatya dzavo dzakanga dzakagadzirwa nenzira yekuti dzivige pfuma yavo inokosha yaiva mavari-inova mabhuku eBhaibheri. Zvinyorwa izvi, zvakabva mubasa rakaoma remakore, vaizvitakura vachienda nazvo, uye pose pavaiwana mukana zvisingavapinzi panjodzi, vaigoverana neavo vavaiona kuti moyo yavo inodokwarira zvokwadi. Kubva pamakumbo emadzimai avo, vana vemaWaridhenzi vaidzidziswa paine donzvo iri, uye vainzwisisa basa ravo vachiriita nekutendeka. Kwaitowanikwawo vanhu vaitendeukira kuZvokwadi muzvikoro izvi, uye dzidziso dzavo kazhinji dzaipinda chinyararire muchikoro chose; asi vakuru vezvikoro vaitadza kuziva kuti ndiyani arikuzviita kunyangwe pavaiita tsvagurudzo dzakasimba.

Mweya waKristu ndewe kuenda nevhangeri. Chekutanga chinofanira kuitwa nemoyo mutsva kuudza vamwe nezvaMuponesi. Uyu ndiwo mweya waiva nemaKristu veKereke dzeVhaudiosi. Vainzwa kuti Mwari aida kuti vaite zvinopfuura kungochengetedza zvokwadi yake vari mumaSangano avo; uye kuti vaivawo nechitsvambe chekuudza vanhu

vaiva mudima zvokwadi yavakanga vainayo; nesimba reShoko raMwari vaitsvaga kuputsa nheyo dzemanyepo dzakanga dzavakwa neSangano reRoma. Vafundisi veVaudios vaidzidziswawo kuva maMishinari ekuenda nevhangeri, zvekuti wese aida kudzidzira chifundisi aifanira kunge aine nhoroondo neruzivo rwekumboita muvhangeri. Aifanira kumboenda kunoparidza mumunda kwemakore matatu asati azopiwa Kereke kumusha yekufudza. Basa iri raitsvaka chekutanga kuzviramba nekuzvipira, uye zvaibatsira mufundisi kuzomira kana nguva dzekuyedzwa dzasvika. Vechidiki vaizodzerwa basa iri vaisaona kutanga kukosha kwepfuma nembiri yavangawana pariri, asi hupenyu hwekushanda nesimba vakatarisana nenjodzi uyewo dzimwenguva kuzofira vhangeri iroro. Vaparidzi ava vaiendeswa vaviri-vaviri, sekutuma kwakaita Jesu vadzidzi vake. Kazhiji muparidzi wechidiki aibatanidzwa nemukuru abvezera ane ruzivo, wechidiki arimutevedzeri kuti adzidze, uye mukuru uyu aitarisirwa kudzidzisa wechidiki, uyuwo aifanira kuteerera kurairwa. Vashandi ava vari vaviri vaisagara vese pamwechete nguva dzose, asi vaisangana panguva dzekunamata, kudzidzisana, nekusimbisana pakutenda.

Vaparidzi vaisabuda pachena kuti donzvo ravo nderei, kana kuti ivo ndivanani, kuitira kuti basa ravo ribudirire. Mufundisi umwe neumwe aiva neruzivo rwebasa rekuzviriritira, uye mamishinari vaigona kuvanza basa ravo zvakadaro zvekutopindawo rimwe basa ravaiwana. Kazhinji vaifarira kupinda basa rekutengesa kana kuva nhume. “Vaitakura machira, zvindori, nezvimwewo zvingatengeswa, asi kazhinji vaida izvo zvainonoka kufamba pakutengesa uye zvinoda kuendeswa nechekure, kwavainogashirwa sevatengesi kana vashambadzi asi kwavakamborambwa sevavhangeri” (Wylie, b. I .ch 7.) Pavasvika vaisimudzira moyo yavo kuna Mwari kuti avape njere dzekutengesa izvo zvinokosha kupfuura siriveri kana ndarama. Muchivande vaitakura zvinyorwa zveBhaibheri pavari, muchidimbu kana rese rakazara, saka pese pavaiita mukana, vairatikidza shoko kuvanhu vavaitengesera. Nekuda kweizvozvo kazhinji Mwari aimutsa muvanhu chidiso chekuverenga Shoko rake, zvekuti vamwe vaitozosara nemabhaibheri acho vachiverenga.

Basa revaparidzi ava rakatangira munapani nemuzvikomo zvekwavaigara, asi rakazokura richienda kunzvimbo dziri kure. Vakakusha mbeu iyi inokosha kunzvimbo dzose. Masangano akamuka munzira dzavaifamba, ropa ravo rikava chapupu chezvokwadi. Zuva raJehovha richaburitsa pachena goho guru rekubata kwevarume vakatendeka ava. Muchivande uye chinyararire, Shoko raMwari rakanga richipinda muChiKristu richigashirwa mumisha nemoyo inerufaro.

KumaWaridhenzi, Bhaibheri raisangova nhoroondo yezvakaitwa naMwari pakati pevanhu kare, kana kuburitswa pachena kwezvingadiwa naMwari nhasi, asi kwavari kwaiva kurapanurwa kwematambudziko nezvinofadzawo zveramangwana. Vaitenda kuti kuguma kwezvinhu zvose kwaisava kure, saka pavaidzidza Bhaibheri nemisodzi nekunyengetera, vaifadzwa kwazvo nezvaraitaura saka raiva basa ravo kuudzawo vamwe zvokwadi iyi inoponesa. Vakanyatsooona zano reruponeso richiburitswa pachena

mumaMagwaro, zvikavapa tariro, kunyaradzwa, uye nerugare ruri mukutenda kunaJesu. Apo chiedza chaivhenekera pfungwa dzavo, chichifadzawo moyo yavo, vakashuwira kusvitsa chadzera chacho kune avo vakanga vari mudima remanyepo aPapa.

Vakaona kuti kuburikidza nehutungamiri hwaPapa nevaPrisita, vazhinji vairwadzisa miviri yavo senzira yekuwana rudzikinuro kubva kuzvivi zvemweya yavo. Vanhu vakanga vadzidziswa kuvimba nemabasa avo akanaka kuti anovaponesa, pfungwa dzavo dzaigara dzichingoona kutadza kwavo bedzi, zvekuti vaingoona vakatarisana nehasha dzaMwari, saka vaizvirwadzisa panyama nepamweya asi vasingawani zororo. Nenzira iyi, pfungwa dzevanhu dzaigara pasi pehubatwa hwedzidziso dzeRome. Zviuru zvevanhu zvakasiya misha nehama dzavo vakanogara mumajeri evaitsvaga kutendeuka. Vazhinji vaitsvaga rugare naMwari kuburikidza nekuzvinyima zvekudya, kuzvirova neshamhu, kuumburuka mumadota, kuita minamato yehusiku hwese vachichema, kuhwarara pasi nedumbu mukati mechando kwenguva refu, kufamba nzendo refu netsoka kunotsaga kuregererwa, asi zvose izvi zvaisavabatsira pamweya yavo kana kuvapa zororo mupfungwa. Vaigara vakadzvinyirirwa pasi pendangariro dzezvivi, vachivhundutsva nekutya hasha dzaMwari dzekutsiva, vazhinji vakashungurudzika, kusvikira moyo yavo yaputsika, vakarwara panyama ndokufa vasina kana tariro.

MaWaridhenzi vaitsvaga kumedurirawo vanhu ava chingwa chehupenyu, nekuvazarurira zvivimbiso zvaMwari zvemashoko erugare, uye kuvanongedzera kuna Kristu anova ndiye chete tariro yeruponeso. Dzidziso yavakanga vakabatiswa yekuti ruponeso kubva mukutyora murairo waMwari runotsvagwa nemabasa akanaka yakanga iine hwaro hwayo mumanyepo. Kuvimba nemabasa emunhu kunowisira pasi basa raKristu rerudo rwake rwusingaperi. Jesu akafa sechibairo kubatsira vanhu nokuti rudzi rwakawa haruna zvarungaita kuzviisa kunaMwari. Zvakaitwa naJesu pamuchinjikwa nekumuka kwake ndizvo chete hwaro hwechitendero cheMaKristu. Kurarama kwemweya muna Kristu kunofanira kuva kwechokwadi, uye kubatana naye kunofanira kuva pedyo pedyo, sezvakaita nhengo pamuviri, uye davi pamuzambiringa.

Dzidziso dzaPope nevaPrisita dzanga dzatungamirira vanhu kufunga kuti chimiro chaMwari naKristu ndechemutongi ane hutsinye, akaomarara, asingajaidzi. Mudzikinuri akanga apiwa chimiro chisina tsitsi nemunhu anenge atadza, zvekuti paitoda kumiririrwa nevaParisita nevatsvene kuti zvigadzirike. Avo vakanga vazarurwa ndangariro neShoko raMwari vaitsvaga kudzidzisa vanhu kuti Jesu anehanya, anerudo, uye akamira nemaoko akatambanudzwa, achikoka vose vakaremerwa nemitoro yezvivi, vakaneta kuti vauye kwaari. Vaitsvagawo kuti vabvise zvigumbuso izvo satani anga aisa munzira yevanhu kuti vasaone vimbiso nekuuya vega kunaMwari, vachireurura zvivi zvavo, kuti vawane kuregererwa nekupiwa rugare.

Muparadzi wechiVaudois aitsanangura kuvanhu vaida kuteerera mashoko akakosha eVhangeri. Nehuchenjeri aizoburitsa zvinyorwa zveMagwaro matsvene. Waiva mufaro wake mukuru kupa tariro kumweya wakaputsika muchitema, uyo wainge uchingoona hasha dzaMwari dzekutsiva, akangomirira kutongera mutadzi zvakafanira. Nemiromo yaidedera, nemisodzi mumaziso, kazhinji vachitaura vakapfugama pasi, vaparidzi ava vaizarura zvivimbiso zvaMwari zvairatidza tariro kumutadzi. Nokudaro chiedza chezvokwadi chaipinda mundangariro dzaiva nedima, chosudurutsa gore dema rekusuruwara, kusvikira "Zuva Rekururama" richipenya mumoyo nemaranzi ekurapa. Zvaiitikawo kazhinji kuti dzimwe ndima dzeBhaibheri dzaidzokororwa kuverengwa, nekuti vatateereri vaida kuti dzidzokororwe, kuti vagotsinhira kana vanzwa zvakanaka. Kazhinji mashoko aiwanzo dzokororwa kuverengwa ndeanoti; "neropa raJesu Kristu, Mwanakomana wake, rinotinatsa pazvivi zvose" 1 Johane 1:7. "Moses sezvaakasimudza nyoka murenje, saizvozvo Mwanakomana womunhu unofanira kusimudzwa vo, kuti aninani anotenda kwaari ave novupenyu husingaperi" (Johane 3:14,15).

Vazhinji vaisarasiswa havo nezvaitaurwa neSangano reRoma. Vaitoona kuti chaisava chokwadi kuti munhu kana ngirozi imiririre mutadzi. Apo zvokwadi yakapenya mundangariro dzavo, vakadanidzira nemufaro: "Kristu ndiye muPrisita wangu; Ropa rake ndicho chibairo changu: Aritari yake ndichochapupu changu." Vakazvipira zvakazara kumabasa akaitwa naJesu, vachidzokorora mazwi anoti, "Pasina kutenda hazvibviri kumufadza" VaHebheru 11:6. "Nokuti hakuna rimwe zita pasi pedenga, rakapiwa pakati pevanhu, ratingasunungurwa naro". Mabasa 4:12

Vimbiso yerudo rwaMuponesi yakaratidza kuti yaiva yakakura nekunaka kuvatadzi ava vakanga vatambudzwa nechitema. Vimbiso iyi yakaunza zororo guru, chikava chiedza chikuru kwavari, zvekuti vakatozviona vachisimudzwa kupinda mudenga. Maoko avo akabata nehushingi ruoko rwaKristu, tsoka dzavo dzikasimbiswa paDombo Remakore. Kutya rufu kwese kwakatiza. Vakanga zvino votodawo kupinda mumatirongo kana kurohwa kana zvaivapa kukudza Zita reMudzikinuri wavo.

Munzvimbo dzakavanzika, Bhaibheri raivhurwa richiverengwa, pamwe kumunhu umwechete, paneimwewo nguva kukaboka kadiki kaidokwairira chiedza nezvokwadi. Dzimwenguva husiku hwese hwaipera nenzira iyi. Vaiteerera vaikomborerwa zvekuti dzimwenguva muverengi aisazomira kuverenga kusvikira vese vanzwisisa mashoko eruponeso. Mashoko anenge aya aiwanzotaurwa: "Mwari angagamuchira here chipo change? Anganyemwerera here kwandiri? Angandikangwanwira here? Mhinduro yaiverengwa inoti: "Huyai kwandiri mose makaneta makaremerwa, ini ndichakupai zororo" (Mateo 11:28).

Kutenda kwakabata vimbiso, pakazwikwa mhinduro yemufaro ichiti: "hapasisina kufamba nzendo refu, hapasisina nzendo ndinorwdza kuenda kunzvimbo dzakayeriswa.

Ndinouya kunaJesu sezvondiri, mutadzi asina kururama, iye haazorambi munamato wekutendeuka, ‘zvivi zvako zvaregererwa.’ Izvo zvangu, ini chaiye, zvinogona kuregererwa!”

Mufaro wakayereswa waizadza moyo, zita raJesu raisimudzirwa nekurumbidza uye kutenda. Mweya iyi yakafara yaidzokera kumisha yavo vonoisa chiedza ichi kunevamwe, uyewo nepavaikwanisa vaitaura huchapupu hwavo; vachiti vakanga vawana Nzira mhenyu yezvokwadi. Kwaiva nesimba risinganzwisisiki munashoko emuBhaibheri raitaura kumunhu pachake uyo akanga aine nyota yezvokwadi. Raiva izwi raMwari, uye raiva nesimba rekutendeutsa avo vairinzwa.

Nhumwe yezvokwadi yaichienda hayo, asi chimiro chayo chekuzvininipisa, chekurevesa, uye kuita zvinhu nemoyowese, nekudzikama kukuru, zvaisiya vanhu vaine chekutaura chakanaka. Munguva zhinji vateereri vainge vasina kubomubvunza kwaaibva nekwaaienda. Pekutanga vaibatwa nekushamisika kukuru, mushure vaibatwawo nekutenda nemufaro, vozoshaya pfunga yekumubvunza nezveupenyu hwake. Pavaimugombedzera kuti vaende naye kudzimba dzavo, aipindura achiti aifanira kushanyira makwai akarasika eboka. Vaisara vachibvunzana kuti zvimwe yaiva ngirozi yakabva kudenga.

Munguva zhinji mutumwa uyu wezvokwadi aisazoonekwa zvekare. Ainge aenda kunemamwe matunhu, kana aigona kunge atosungwa achitambudzwa mutirongo risingazikanwi, dzimwewo nguva mapfupa ake ainge achitowoma ari panzvimbo yaakaparidza zvokwadi. Asi mashoko aakasiya aisaparara. Ainge achiita basa rawo muhana dzevanhu; zvekuti michero yacho ichanyatsonekwa parutongo.

Vaparidzi vemaWaldenses vakanga vapinda muhumambo hwaSatani, saka masimba erima akamutsa hasha dzawo huru kwazvo. Basa rose rekuda kufambisa vhangeri raiva muziso remuchinda werima, kubva adenha kutya kwevatumwa vake. Vatungamiri vehushe hwaPapa vakaona njodzi yakanga irikuunzwa pabasa ravo kuburikidza nebasa revaparidzi ava vaifamba. Kana chiedza chezvokwadi chikaregererwa chichipenya, chaizotsvaira makore erima rakanga rakabata vanhu mupfungwa. Chaizotungamirira vanhu kunaMwari zvikazoita kuti humambo hweRoma huparare. Kuvepo kwevanhu ava, vachiramba vakabatirira pakutenda kwekare, kwairamba kuchiburitsa pachena kurasika kweRoma, saka zvakamutsa hasha dzavo, ruvengo nekushungurudza. Nyaya yavo yekuramba vakabatirira paBhaibheri yaivawo mhosva iyo Roma yaisatendera. Saka Roma yakazvipira kuvabvisa vese pasi pezuva. Ndipo pakabva patanga hondo dzekurwisa vanhu vaMwari ava mumisha yavo yemumakomo. Vaferefeti vakadyarwa munzira dzose dzaifambwa nevanhu ava, zvekuti chiitiko chekupondwa kwa Abel naCain chaigara chakadzokororwa muzvimbo idzi.

Minda yavo yaisibereka mbeu yaigara ichiparadzwa, misha yavo nenzvimbo dzavo dzekunamatira dzakakukurwa, zvekuti panzvimbo yaimbove neminda inoibva, nemisha

yevanhu vasina mhosva, nevanhu vaishanda nesimba, rakasara rave renje. Sezvinoita chikara chinowedzera hasha kana charavira ropa, ndizvo zvakaita hasha dzanaPapa pavakaona kutambudzika kwevanhu ava. Vazhinji vezvapupu zvechokwadi izvi, vakadzingirirwa mumakomo, vakavhimiwa mumipata nemapani mavakanga vakahwanda, vakavharirwa mumasango nepamusoro pemakomo.

Hakuna mhosva yaigona kupomerwa vanhu ava. Kunyangwe vavengi vavo vaipupura kuti vanhu ava vaiva nerunyararo, nerugare uye vaida Mwari. Mhosva yavo huru yaiva yekuti vaisanamata Mwari nenzira yaidiwa naPapa. Nekuda kwemhosva iyi, vakanyadziswa, vakashingurudzwa, vakatukwa, kurwadziswa kose kungaitwe nevanhu nasatani kukaitwa pavari.

Panguva iyo Rome yakafunga kubva yatsvaira rudzi urwu rwaivengwa zvachose, Papa akaita chinyorwa chake chaishedzera chinesimba, chaiti vanhu ava vakanga vapara mhaka yekumhura shoko raMwari, saka vaifanira kubatwa vachiunzwa kunouraiwa. Havana kupiwa mhosva yekuti vaiva tsimbe, kana vanhu vasina kutendeka, kana vasina kurongeka, asi zvakanzi vaiva nechimiro chekunyepera hutsvene chaikwezva ‘makwai kubva mudanga rechokwadi”, saka Papa akaraira kuti “kaboka aka kevanhu vakaisvoipa, vakasvibiswa”, kana vakaramba kupika nekusiya chinamato chavo, vaifanita kutswanyiwa senyoka inehuturu hwakaipisisa”. (Wylie, b.16, ch 1.). Uyu Papa anozvikudza kudaro aiziva here kuti mashoko ake aya achasangana nawo zvakare? Anoziva here kuti mashoko aya akanyorwa mumabhuku ekudenga, uye achasangana nawo nezuva rekutongwa? “Pamakazviitira mumwe wevaduku vehama dzangu idzi,” Jesu akataura; “makazviitireni”. (Mateo 25:40).

Chinyorwa chinesimba chaPapa ichi chaikurudzira nhengo dzese dzeSangano kuti dzibatane mukurwisa vanhu ava. Semubairo kune vanenge vaita basa iri: “vaizosunungurwa pamitoro yese yeSanangano inorwadza kana pamhosva dzemhando dzose; vese vainge vamboita mhiko vaizosunungura pamhiko dzavo; kunevainge vatora pfuma, dzimba kana minda nenzira dzisidzo vaizopiwa kodzero yekuva varidzi vezvinhu izvi zviri pamutemo, uye vese vaizoita zvivi zvekuuraya vanhu ava vainge varegererwa. Chidaidziro ichi chakasunungura vese vakanga vaine zvibvumirano nerudzi uru rwema Vaudois, chikasungurawo vaivashandira kuti vabve pavari, chikarambidza aninani kupa vanhu ava rubatsiro chero rwupi zvarwo, uyewo chakapa simba kuvanhu vose vanoda kutora zvinhu kana pfuma yevanhu ava”–(Wylie, b. 16.ch 1.). Chinyorwa ichi chinoratidza pachena kuti ndiyani akanga ari kuseri kwacho. Uku ndiko kudzvova kweshato, kwete izwi raKristu rakanzwikwa apa.

Vatungamiri vaPapa ava vakaramba kushandura zvimiro zvavo kuti zvienderane nechiyero chemutemo waMwari, asi vakagadzira chavo chiyero chinowirirana nezvavanoda ivo, kwava kumanikidza vanhu vose kuti vashandise chiero ichi nokuti

ndicho chavaida ivo. Zvivi zvikuru zvinotyisa zvakagadzirwa. VaPrista nanaPapa vakanga vazere nehuwori nekumhura vakanga varikuita basa iro Satani akavatuma. Zvimiro zvavo zvakanga zvisina tsitsi. Mweya umwechetewo wakarovera Kristu, nekuuraya vaApostora, mweya waisunda muteuri weropa revatendi, Nero mumazuva ake, ndiwo waiva pabasa kuti ubvise panyika avo vanhu vaindikanwa naMwari.

Kutambudzika nekushungurudzwa kwakasangana nevanhu vanotya Mwari kwemazana emakore, nekutsungirira kwavo zvakapa mbiri nerukudzo kuMudzikinuri wavo. Zvisinei nehutsiye hwavakaitirwa, nekupondwa kwavakauraiwa nako, vakaenderera mberi vachitumira Mamishinari avo kunoparidza zvokwadi inokosha. Vaivhimiwa vachiurawa, asi ropa ravo raidiridzira mbeu yeshoko yainge yadyarwa, saka haina kukundikana kubereka zvibereko. Nenzira iyi maWaridhenzi vakapupurira Mwari mazana emakore Luther asati aberekwa. Mukupararira kwavo munzvimbo zhinji, vakadyara mbeu yeRuvandudzo yakatangawo mumazuva a Wycliffe, ikakura nekudzika midzi mumazuva aLuther, uye inofanira kupfuudzirwa mberi kusvika pakuguma kwenguva neavo vakazvigadzirira kutambudzika pazvinhu zvose nokuda “kweshoko raMwari nekupupura kwaJesu.” (Zvakazarurwa 1:9)

Chitsauko 5 Nyamasase

Nguva yekuvandudzwa kwechitendero cheChikristu isati yasvika, kwakanga kuine maBhaibheri mashoma aiwanikwa muvanhu, asi Mwari haana kutendera kuti Shoko rake riparare zvachose. Zvokwadi yaro yaisafanira kuramba yakavigwa. Mwari vaigona kusunungura shoko ravo kubva mubabote sezvavakaita pavaizarura masuwo nemagedhe ematirongo vachisunungura varanda vavo. Munyika dzakasiyana-siyana muEurope, kwakamuka varume vaisundwa nemweya waMwari kunzvera Magwaro vachitsvaga zvokwadi sepfuma inokosha. Vakapiwa chipo chekugona kunzvera Magwaro Matsvene vaine nyota yekunzwisisa. Vakanga vazvipira kugamuchira chiyedza chavaizowana zvisinei nemutengo wacho. Kunyangwe zvavo vaisanyatsoona zvakajeka mushoko, asi vakagona kuburitsa pachena zvokwadi yakanga yakavanzwa kwemakore mazhinji. Sevatumwa veDenga, vakaenda mberi vachidambura mabote enhema ne zvekutenda-mashura, vachidanidzira kune avo vakanga vasungwa muhuranda hwenhema kwenguva refu kuti vasimuke vachigamuchira kusunungurwa kwavo.

Kunze kwemaWaridenzi, Shoko raMwari, kwemakore mazhinji, rakanga rakavharirwa mururimi rwaizivikanwa bedzi nevakadzidza; asi zvino nguva yakanga yakwana yekuti Magwaro apihwe kuvanhu nekuiswa mururimi rwavanonzwisisa munzvimbo dzavo. Nyika yakanga yapfuura nguva yayo yedima. Nguva dzedima dzakanga dzirikupera nekukasika, zvekuti munzvimbo zhinji makanga mave kuonekwa chadzera chemambakwedza.

Musenjuri yegumi nechina, munyika yeEngland makasimuka “Nyeredzi YeMangwanani eRuvandudzo”. Murume anonzi Johane Wycliffe ndiye akava Mudanidziri wekuvandudzwa kwechitendero, kwete muEngland chete asi muchitendero cheChikristu chose. Kuratidzira kukuru kwaakatenderwa kuvamba muSangano reRoma hakuna kuzogona kunyaradzika. Kuratidzira uku kwakazarura masuo ekurwisa kukuru zvinove zvakazotungamirira mukusununguka kwemunhu akazvimirira, kweMasangano, uyewo kwenyika dzakazvimirira.

Wycliffe akawana dzidzo yakasununguka, uye kwaari, kutya Jehova kwaiva kuvamba kwehuchenjeri. Pachikoro paakadzidza aizivikanwa neKuremekedza Mwari zvikuru, uyewo nematarenda aakanga anawo, pamwechete nekuva mudzidzi wemabhuku akachenjera. Mukutsvaga kwake zivo, Wycliffe akava nenyota yaakazoita kuti ade kuongorora mhando dzezvidzidzo dzese dzaiwanikwa pachikoro. Nokudaro, akaita zvidzidzo zvekutsvaga ruzivo zvainzi (Scholastic Phylosophy), akadzidzawo nezve Mitemo yeSangano (Canons of the Church), akaitawo dzidzo nuneZvemitemo yekugarisana nekutongwa kwevanhu (Civil Law) - zvikuru mitemo yenyika yekwake. Kukosha kwedzidzo idzi kwaari kwakazoonekwa kushure mebasa raakabata. Kunyatsoongorora kwaakaita dzidziso dzekutsvaga njere dzaiitwa mumazuva ake

kwakaburitsa pachena mhosho dzaivamo, uyewo kudzidza kwaakaita mitemo yenyika neyeKereke kwakaita kuti apinde mukurwa kukuru achida kuti pave nerusununguko mukutongwa kwevanhu uye mune zvechitendero. Aigona kumira achirwa akabata zvombo zvaakawana muShoko raMwari, asiwo akanga awana njere mukudzidza kwake nezveZvikoro, saka aiziva nzira dzakangwara dzaishandiswa nevezvikoro. Kudzama kwehunyanzwi hwekuziva nenjere dzaakanga anadzo zvakaita kuti aremekedzwe neshamwari kunyangwewo mhandu dzake. Vanhu vaimuterera vakabvuma nekugutsikana kuti nyanzvi yavo iyi yakanga iripamberi kana kuchitariswa vanhu vanenjere munyika, saka mhandu dzake nevaimupikisa havana kumuwanira mhosho padzidziso dzake dzavainga shandisa kukonesa basa rake.

Wycliffe paakanga achiri pachikoro chedzidzo yepamusosoro, ndipo paakatanga kupinda mukudzidza Bhaibheri zvakadzama. Mumakore iwayo ekutanga, Bhaibheri raingowanikwa mundimi dzekare chete, saka vanhu vedzidzo ndivo bedzi vaikwanisa kunwa pastime rezvokwadi iri, asi veruzhinji vakanga vasina kudzidza vaivharirwa kunze. Saka nguva iyi yakamugadzirira basa raiva mberi rekuzovandudza chinamato cheChikristu. Varume vakadzidza vakanga vanzvera Magwaro vakawana dzidziso huru yezvokwadi yeNysaha dzaMwari dzinopiwa pachena. Mukudzidzisa kwavo, vakanga vatambanudza zvokwadi iyi kuvanhu zvikaita kuti igamuchirwe.

Pfungwa dzaWycliffe dzakanangisa kuMagwaro, saka akadzidza Bhaibheri nesimba rimwechetero raakanga aisa apo aidzidza nezveZvikoro. Apa ndipo paakanzwa ainenzara iyo dzimwe dzidzo dzaakanga aita dzese dzakatadza kugutsa. Mushoko raMwari ndimo maakawana izvo zvaaitsvaga kumashure asi achizvishaya. MuMagwaro ndimo maakawana zano reruponeso richiburitswa pachena, uye Kristu achiratidzwa kuti ndiye chete mumiriririri wemunhu. Wycliffe akazvipira kushandira Kristu uye kuparidzawo zvokwadi iyi yaakanga awana.

Sezvakangoita vamwe vavandudzi vechitendero vakazouya kumashure kwake, Wycliffe haana kuziva kwaizosvika basa rake. Haana kuita maune kurwisana neRome, asi kuzvipira kuzvokwadi iyi hakwaizotadza kusawirirana nemanyepo. Paairamba achiona kujeka kwemhosho dzaiitwa nemaiitiro aPapa, ndipowo paaiwedzera kudzidzisa chokwadi chaakanga awana muBhaibheri. Akaonawo kuti Roma yakanga yasiya Shoko raMwari ikatanga kudzidzisa tsika dzevanhu panzvimbo yaro. Akamira akasimba achipomera vaPrisita mhosva yekurambidza kudzidziswa kweMagwaro, akakohomedza kuti Bhaibheri ridzorerwe kuvanhu uye kuti simba raro ridzorerwe muSangano. Wycliffe akanga ari mudzidzisi weBhaibheri ane hunyanzvi, zvakare aiva muparidzi wevhangeri anonzwisisika, uye hupenyu hwake hwemazuva ese hwaiva muenzaniso wezvaanoparidza. Ruzivo rwake rwemagwaro, rwunova simba rekufunga kwake, uye kuchena kwehupenyu hwake, uye hushingi hwake, zvose izvi zvakaita kuti awane rutsigiro rwevanhu. Vanhu vazhinji vakanga vasisa gutsikani nechitendero chakanga chave muSangano reRoma uye

kusarurama kwavaiona pachena muKereke iyi, saka vakasimudzira nemufaro zvokwadi yakanga yauya naWycliffe, asi Papa nevatungamiri veSangano vakamutswa hasha dzavo pavakaona kuti mudzidzisi uyu akanga akutowana rutsigiro muSangano kudarika ivo.

Wycliffe aiva munhu anokwanisa kuona mhosho nekukasika, saka aibva arova pamuzongoza penyaya asingatyi, achitendeka pachena zvakaipa zvaiitwa nekukurudzirwa neRoma. Mazuva aakanga achishanda akasanobata chigaro semufundisi waMambo, akatora danho rakasimba rekubvunza kuti sei Papa akanga achitora mutero kubva kuna Mambo weEngland, akaburitsawo pachena kuti simba raikambirwa naPapa pamusoro pehumambo wenyika rakanga risina rutsigiro kubva mushoko kana mumitemo. Zvaidiwa naPapa kubva kuvanhu zvakatanga kumutsa ruvengo pakati pevanhu, uye dzidziso dzaWycliffe dzakavhura pfungwa dzevatungamiri vemunyika. Izvi zvakaita kuti Mambo weEngland nemakurukota ake vasvike pakuramba kutongwa naPapa uye kubvisa mutero wadiwa kubva kwavari. Izvi zvakabva zvarova pahwaro hwesimba raPapa muEngland.

Chimwe chakaipa icho Wycliffe akaona akashanda nesimba kuchirwisa, itsika yekugadzwa kwevanhu vaitumwa naPapa kuzorarama sevapemhi pakati pevanhu. Vapemhi ava vakanga vakazara munyika yeEngland, vachikanganisa kubudirira kwenyika. Kuita kwevanhu ava kwakakanganisa mune zvemabasa, mune zvedzidzo, uye mune zvetsika nemagariro. Hupenyu vevafundisi ava hwehusimbe nekupemha hwaisava mutoro kuvanhu bedzi asi zvakaita kuti uve muenzaniso wakaipa unosimudzira kusashanda nesimba. Vechidiki vakakanganiswa vakawodzwa hunhu havo. Mukutevedzera vapemhi vaPapa ava, vechidiki vazhinji vakapinda mutsika yekuda kuzvipira kuhupenyu hwekuzvitsaura vachingoita zvekunamata chete, kubva pamisha vachinogara kunzvimbo dzakayereswa, uye izvi vaizviita kunyangwe vabereki vavo vasingadi, kana kuti vaigona kutoenda vabereki vasingazivi, kana kuenda zvenharo. Umwe Papa weSangano reRoma mumakore aya, paaidzidzisa tsika yekuenda kunogara kunzvimbo dzakayeriswa idzi, akataura mashoko ekuti: “Kunyangwe baba vako vakarara pamusiwo vachiungudza nekuchema, kunyangwe amai vako vakabvisa mbatya dzose ukaona muviri wavo pamwe nemazamu awakayamwa, iwe vatsike netsoka dzako uchipfuura, uchienda mberi wakatarisa kuna Kristu.” Luther akazonyorawo mumashure pamusoro petsika iyi yakashata achiti: “Tsika iyi yehunhu hwakashata, yaikurudzira munhu kuva bere nemudzvinyiriri, kwete kuva muKristu nemunhu,” Tsika iyi yakaita kuti moyo yevana isindimare kuvabereki vavo: -(Barnas Sears, The Life of Luther, mapeji 70, 69). Ndizvo zvakaitwa naPapa nevatungamiri vake, sezvakaitwa neVaFarise vekare, kushaisa mutemo waMwari simba nekuda kwetsika dzavo. Misha yevanhu yakaitwa matongo, vabereki vakatorerwa mukana wekukudza nekurera vanakomana nevanasikana vavo.

Kunyangwe vadzidzi muzvikoro zvepamusoro vakanyengerwa nevafundisi ava vakasiya zvikoro vachienda kunzvimbo idzi. Vazhinji vavo vakazozviona kwave mberi kuti vakanga varasiswa, vakanya hupenyu hwavo nekurasa mukana, uye kuti vakanga

vashungurudza vabereki vavo, asi sezvo vana va vakanga vasungwa mumusungo uyu, zvakanga zvakaoma kusungurwa kwavo. Vabereki vazhinji, nekuda kwekutya kuti vana vaizonofurirwa nevadzidzisi ava, vakaregera kuendesa vana kuzvikoro zvedzidzo yepamusoro.

Izvi zvakaita kuti huwandu hwevana vaienda kuzvidzidzo zvepamusoro hudzikire zvikuru. Zvikoro zvakatambudzika, kusadzidza kukakura, vana vasina kudzidza vakawanda. Papa akanga apa vafundisi vake simba rekuteerera vanhu vachireurura, uye rekurergerera zvivi. Iyi tsika rakava tsime rezvivi zvikuru. Nekuda kwesimba iri, vafundisi ava vaivawo vapemhi vepfuma, vakaona kuti zvaivapa mari zhinji saka vakatanga kurerutsira vapari vemhosva huru, nekuvapa ruregerero pamhosva dzose dzavaipara, chero chete vaine mari pfuma chete, zvinova zvakakonzeresa kuparwa kwemhosva huru dzisingatongwi. Asi vanorwara nevarombo vakasiiwa vachitambudzika, nekuti zvipo zvaifanira kuvabatsira zvakaenda kuvafundisi ava, vaikararira kuti vanhu vabhadhare zvipo, vachiisa zvituko pamusoro peavo vaitadza kana kuramba kubhadhara.

Zvisinei nechimiro chehurombo nekupemha chairatidzwa kunze nevafundisi ava, hupfumi hwavo hwakatanga kuwanda. Zvivakwa zvavo zvembiri zvavaivaka pamwechete nekushongedzwa kwaiita matafura avo pakudya zvakaita kuti hurombo hwenyika hunyatsoonekwa. Vaipedza nguva yavo zhinji vachizvifadza nekuzvivaraidza, uku vachituma vanhu vasina ruzivo kunoparidza manyepo, nengano, nezvinosetsa vanhu, kuti vanhu veruzhinji vaite manyawi ekupa kuvafundisi. Vapemhi vaPapa ava vakaramba vaine simba pamusoro pevanhu vavaitendesa mashura nemanyepo, zvikaita kuti vanhu vafunge kuti chintendero chese chaiva pakuita zvinodiwa naPapa, kumuremekedza, kumamata vatsvene vakafa, nekupa zvipo kuvafundisi, uye kuti izvi ndizvo zvairingana kuwanisa munhu nzvimbo kuDenga.

Varume vakadzidza vakashanda nesimba vachiendza kuunza shanduko muzvikoro zvakayereswa izvi asi havana kubudirira: asi Wycliffe, achitaura zvakajeka, akakwanisa kurova pamudzi wechivi ichi, akadanidzira pachena asingatyi kuti tsika iyi yaiva yemanyepo, uye yaifanira kuparadzwa. Vanhu vakatanga kugara pasi vachiita hurukuro nekuongorora, ukuwo vafundisi nevapemmhi vachikwidza nekudika munyika yose vachidanidzira kutengwa kweruregerero nemari, vachiunganidza pfuma yaPapa, vanhu vakatanga kubvunza huchokwadi hwekutenga ruregerero nemari, vakatagawo kubvunza kuti vaisafanira here kuwana kuregererwa kwezvivi kubva kunaMwari badzi pasina Papa weRome? Vazhinji vakatanga kushamiswa nemaitiro evapemhi vaya nemakaro avo epfuma. Vanhu vakatanga kutaurirana vachiti “Vafundisi nevaPrisita veRoma varikutidya vachitipedza senhuta, Mwari vanofanira kutidzikinura, zvikasadaro vanhu vanopera”-(D’Aubigne, b.17.ch.7.) Senzira yekuedza kuvharidzira huipi hwemakaro avo, vafundisi vapemhi ava vakatanga kudzidzisa vachiti kaitiro kavo aka vakanga vachiteedzera tsika yaJesu Kristu nevadzidzi vake avo vairarama nerutsigiro rwavaiwana muzvipo zvavaipiwa

nevanhu. Chikonzero ichi chavakapa chakatozonyanya kuvakuvadza nokuti vanhu vakabva vadzokera muBhaibheri kuti vanotsvaga chokwadi pachavo- zvakazobuda ipapo hazvina kuzofadza muzinda weRome. Pfungwa dzevanhu dzakatanga kunangiswa kuMagwaro, chinova chinhu icho muzinda weRome waisada.

Wycliffe akatanga kunyora nekuburitsa zvinyorwa zvaipikisa basa revapemhi, asi izvi aisazviitira kurwa navo asi kunangisa pfungwa dzevanhu kudzidziso dzeShoko raMwari. Akadanidzira kuti simba raiva naPapa nevaPrisita vake rekuregerera zvivi nekudzinga vanhu muSangano rakanga rakafanana, asi hakuna munhu aigona kuregererwa kana kubviswa muSangano zvisingaitwi naMwari pachake. Hapanazve imwe nzira inopfuura iyi yakaitwa naWyclife zvikaita kuti abvise nekuwisira pasi simba rekuzvipa raPapa iro rakanga rakatandira nekusunga vanhu pasi pehuranda. Wycliffe akazosheedzwa kuti anomirira kodzero dzevanhu veEngland kuti vasakanganiswa nekupinda kwakanga kwaita Rome, saka akatumwa kunoita mumiriri waMambo we England kuNetherlands, kwaakanopedza makore maviri achiita misangano nevamiriri vaPapa ikoko. Munyika iyi akawana mukana wekutaura nevakuru veMasangano kubva kunyika dzeFrance, Italy ne Spain, izvi zvikamupa mukana wokuona nekuziva zvimwe zvinhu zvakavanzika zvaaisagona kuona nekuziva dai akaramba ari muEngland chete. Akadzidza zvizhinji zvakazobatsira kunzwisisika kwebasa rake mumashure. Muvamiriri vaPapa ava, akadzidza chimiro chaicho nezvinangwa zveVakuru vakuru vaiva kumusoro kweSanagno. Akazodzokera kuEngland kunoenda mberi nedzidziso dzake pachena asizvino akanga ava nesimba rakawedzerwa zvekugona kudaidzira kuti vamwari veRoma vaiva makaro, ruchiva, kuzvikudza nekunyengera.

Munezvimwe zvinyorwa zvake, achitaura pamusoro paPapa nevashandiri vake, Wycliffe anoti: “Vanotora hupenyu hwevarombo venyika yedu, mari yamambo yezvinhu zvakayereswa pagore rimwe inosvika kuzviuru, ichishandiswa muchituko chekutenga ruregerero, vachiita kuti maKristu ese achengetedze manyepo aya. Zvokuti kunyangwe zvainzi tine gomo guru rendarama, kusina umwe munhu anotora pariri kunze kwemuprisita uyu wenyika, munguva pfupi gomo iroro raipera, nokuti chaanongoita kuramba achitora mari munyika yedu asingadzosi chinhu kunze kwechakatukwa naMwari chekutitengesera ruregerero” –(John Lewis, History of the Life and Sufferings of J. Wiclif, peji 37).

Mushure mekunge achangodzokera kuEngland, Wycliffe akagadzwa naMambo kuvaMuprisita aigara muLutterworth. Izvi zvaireva kuti hofisi yaMambo yakanga isina kukanganiswa nedzidziso dzake. Kuita kwaWycliffe kwakava nehwezvero yakashandura mashandiro edare redzimhosva, uyewo kwakaumba zvaitendwa nevanhu munyika.

Asi nekukasika mabhanan’ana ehasha aitinhira achibva kunaPapa akamusvikira. Tsamba nhatu dzinechirevo chaPapa dzakatumirwa kuEngland, imwe kuChikoro chepamusoro, imwe kunamambo, imwe kuvafundisi vaiva nehofisi dzepamusoro

musangano kuEngland, - dzese tsamba idzi dzichiraira zvisingapikiswi kuti nekukasika paifanira kutorwa matanho ekunyaradza Wycliffe nekuti aiva mudzidzisi wenhema. (Augustus Neander, General History of the Christian Religion and Church, period 6, sec.2, pt 1, par.8.). Asi tsamba idzi dzisati dzasvika, maBhishopi emuEngland akanga atodana Wycliffe nechekare kuzomubvunzurudza. Asi kwakaitawo makurukota anesimba maviri amambo akamuperekedza vachimuchengetedza, ukuwo boka guru revanhu rakauya richimhanya richiratidzira rikapinda nekukomberedza dare maitongwa Wycliffe, saka vatongi vakabatwa nekutya ndokubva dare rambomiswa, akanzi ngaande hake nerugare. Mushure menguva pfupi, mambo Edward III uyo akanga ava mutana, akabva afa, apo mabhishopi nevakuru veSangano vakanga varikuedza kumufurira kuti amukire Wylcliffe, umwe aiva muchengetedzi waWycliffe muhushe hwaEdward lll akabva agadzwa kusanobata chigaro chamambo.

Asi kusvika kwakaita tsamba dzinesimba dzaPapa muEngland, dzakaraira zvisingapikiswe kuti muparidzi uyu asungwe nekuiswa mutirongo. Izvi zvaireva kuti chaizotevera rufu rwemunhu achipondwa. Zvakabva zvaita sekuti Wycliffe nekukasika aizosangana nehasha dzeRoma. Asi uyo akataura kunevekare achiti “Usatya:…ini ndiri nhovo yako” (Genesi 15:1), akatambanudzazve ruoko rwake kuchengetedza muranda wake. Rufu rwakabva rwasvika, kwete kunaWycliffe, asi kuna Papa akanga atema chirevo ichi. Pope Gregory Xl akabva afa, zvakaita kuti vatungamiri vakanga vaunganira dare rekutonga Wycliffe vapararire.

Ruoko rwaMwari rwakabata, rukapa mukana wekuti basa rekuvandudza chitendero rifambire mberi richikura. Rufu rwaGregory rwakateverwa nekusarudzwa kwanaPapa vaviri avo vairwisana. Pakabva paita masimba maviri airwisana, ese achizviti haakanganisi, uye vese vaida kuteererwa. Umwe neumwe aidaidzira nekukumbira kuti vanhu vakatendeka vamubatsire kurwisa umwe, uye vese vaitema zvirevo zvaituka vavengi vavo uye vachivimbisa mubairo kudenga kune avo vaivatsigira. Chiitiko ichi chakapedza simba rehuPapa, nekuti apo mativi maviri paarwisana, zvakapawo Wycliffe nguva yekuzorora. Zvituko nemashoko ekushuvirana rufu aibururuka pakati kubva kune umwe Papa zvichienda kuneumwe, uyewo paiitwa zvibairo zveropa kutsvaga kuti umwe neumwe agamuchirwe pane zvaaitaura. Zvakaitawo kuti mhosva nedzimhosva dziparwe nekuvigiridzwa muKereke. Panguva iyoyo, Muvandudzi Wycliffe akanga ari kufambira mberi achivandudza basa rake rekudzidzisa Sangano raaitungamira muLutterworth, achitungamirira vanhu kubva kunanaPapa vairwisana ava achivaratidza kunaJesu, Muchinda WeRugare.

Mutswi wekutsemuka kweSangano wakakonzerwa negakava ranaPapa uyu, wakaumba hwaro hwebasa guru reKuvandudzwa kweChitendero, nokuti gakava iri rakavhura vanhu pfungwa vakanyatsoona chimiro chehutongi hwanaPapa. Munerimwe bepa rakanyorwa naWycliffe achitsanangura gakava nekupatsanurana kwanaPapa,

akadaidzira vanhu kuti vacherekedze kuti vanaPapa ava vaisareva zvokwadi here mumashoko avo ekutukana nekuzvidzana vachiti umwe ndiAntikristu? Akatiwo: “Mwari haana kurega muvengi achitonga kuburikidza neumwe wevaprisita ava, asi akavaita mhandu mumwe kunemumwe, kuitira kuti vanhu, muZita raJesu Kristu, vagone kukunda vose vaviri ava zvirinyore’(R Vaughan, Life and opinions of John de Wycliffe, vol 2, p.6.).

Sezvaiita Tenzi wake, Wycliffe akaparidza vhangeri kuvarombo. Haana kugutsikana nekuparidza mudunhu rake remuLutterworth chete, asi akatsvaga kuti vhangeri risvike muEngland yose. Kuti izvi zvibudirire, akagadzira boka revaparidzi, vanhu vaiva nyore, vaizvininipisa asi vakazvipira, uye vaida zvokwadi vachitsvaga bedzi kuparadzirwa kwayo. Varume ava vakaenda kunzvimbo dzese, vachidzidzisa muzvimbo dzekutengeserana, munzira dzemumaguta makuru, uye dzekumamisha. Vaitsvaga vanhu vose kusanganisira vatana, varwere, nevarombo, vese vakavazarurira nhau dzinofadza dzeNyasha dzaMwari.

Semuzvinafundo munezveBhaibheri pachikoro chikuru cheOxford, Wycliffe akaparidza Shoko raMwari mudzimba dzinoungana ruzhingi pachikoro ichi. Ainyatso tsanangura shoko aakatendeka kuvana vechikoro vaaidzidzisa, zvekuti akazopiwa zita rekuti “Chiremba wezveVhangeri’. Asi basa guru rakaitawo muupenyu hwake ndere kuturikira Bhaibheri kuisa mururimi rweChirungu. Munerimwe basa rake rinonzi “On the Truth and Meaning of Scripture”, anotaura pamusoro pechinangwa chake chekuturikira Bhaibheri, kuitira kuti munhu wese muEngland agone kuverenga mururimi rwakazvarwa narwo, mabasa anoshamisa aMwari.

Asi nekukasika basa rake rakamiswa. Kunyangwe zvake akanga ava pazera remakore asingasviki makumi matanhatu ekuzvarwa, nyaya yekushanda zvakaoma asingazorori, nekushungurudzwa kwaakaitwa nevavengi vake, zvakanga zvamubata nesimba panyama, zvikaita kuti akasikwe kuchembera. Akabva abatwa nekurwara kwakaipisisa. Shoko rekurwara kwake rakasvika senhau dzinofadza munzeve dzevapemhi. Vakafunga kuti iyi ndiyo nguva yaaizotendeuka nemisodzi kubva muzvakaipa zvaakanga aiitira Sangano, saka vakamhanyira kumba kwake kuti vanonzwa achireurura ari pamubhedza werufu. Vamirririri vehutungamiri kubva kumatunhu mana esangano, pamwechete nevaibva kuhofisi yezvemutemo vana, vakaungana vakatenderedza murume wavaifunga kuti akanga otandadza.

“Wava nerufu pamiromo yako”:, vakadaro, “batikana nekukanganisa kwako kwawakaita,utaure mashoko ekutendeuka pamberi pedu, kutsiva mashoko nezvose zvawakataura uchitirwadzisa.” Muvandudzi akavateerera anyerere hake ndokubva akumbira mubatsiri wake kuti abatsirwe kumuka pamubhedha wake, ndokubva anyatsovatarisa, apo vakanga vakamirira kunzwa achireurura, akabva ataura neizwi raivavhundutsa rakasimba achiti: “handisi kufa, asi ndichararama, kuti ndiparidzezve

zvakaipa zvevapemhi". (D'Aubigne, b.17, ch.7.) Nekushamisika kunotyisa zvikuru, vafundisi ava vakakasika kubuda mumba make. Mazwi aWycliffe akazadziswa. Akararama kusvikira aisa mumaoko evanhu vekwake chombo chikuru chekurwisa Roma chinova Bhaibheri, rinova nhume yakagadzwa neDenga kuzosunungura, nekupa chiedza, nekuparidzira vanhu.

Kwakanga kuine zvimhingamupinyi zvikuru uye zvizhinji zvaigona kunge zvakakonesa basa iri. Wycliffe akadhonzerwa pasi nematambudziko; aizivawo kuti kwakanga kwangosara makore mashoma kwaari ekuita aite basa iri; akaonawo zvinopikisa zvaaizosangana nazvo; asi akakurudzirwa nevimbiso dzemuShoko raMwari, akaenda mberi asina kukuhunika. Paakanga achine simba mundanagriro dzake, neruzvivo rwakapfuma, akanga agadzirirwa naMwari kuti aiite basa iri, rinova ndiro guru pamabasa ake ese. Apo chitendero cheChiKristu chakanga chakazadzwa nekusagadzikana, Muvandudzi uyu pakushanda kwake semuPrisita muLutterworth, akaita basa rake raakadanirwa asingatyi dutu raivhuvhuta kunze.

Pakupedzisira basa rakabudirira rikapera, Bhaibheri rekutanga mururimi rweChirungu rakagadzirwa. Shoko raMwari rakazarurirwa kuEngland. Muvandudzi zvino haana kuzotya kupinda mutirongo kana rufu. Akanga aisa mumaoko evanhu vemuEngland chiedza chisingazodzimi. Mukupa Bhaibheri kuvanhu venyika yake, akanga aita basa guru rekudambura makashu ekusaziva neemanyepo, zvikuru kusimudzira nekusunungura vanhu venyika yake, zvisina kumbogona kuitwa nevarwi vakakunda nekurwa nehunyanzvi kuhondo.

Hunyanzvi hwekudhinda mabhuku husati hwazikanwa, zvakaitika mukurema, zvishoma nezvishoma kuti maBhaibheri awande. Kwaiva nechidiso chikuru muvanhu chekuwana bhuku iri, zvekuti vazhinji vakazvipira kuita basa rekunyora nemaoko vachitevedzera bhuku iri, asi zvakanga zvakaoma kuti vanyori ava vagutse huwandu hwevanhu vairida. Vamwe vevatengi vaiva nemari vaida Bhaibheri rese rakazara, vamwewo vaida chikamu charo. Zvaiitikawo kazhinji kuti mhuri dzaigona kubatana kuti vatenge bhaibheri rimwechete. Nekudaro, Bhaibheri raWycliffe rakawana nzira yekupinda mudzimba dzevanhu. Rukoko rwekuti munhu agone kushandisa pfungwa rwakavabatsira kuti vabve mukutevera dzidziso dzaPapa. Wycliffe akadzidzisa dzidziso dzinemutsauko dziowanikwa mumaSangano akabuda muRoma nekuratidzira zvakaita senyaya yeruponeso kuburikidza nekutenda munaKristu, uye kusashanduka kweBhaibheri roga. Vaparidzi vakatumwa naWycliffe vakaendesawo Bhaibheri, kusanganisira nezvimwe zvinyorwa zvaWycliffe, izvi zvikabudirira zvekuti chitendero ichi chitsva chakagashirwa nehafu yehuwandu hevanhu muEngland.

Kuwanikwa kwakanga kwavakuita Bhaibheri kwakashaisa vakuru veSangano rugare. Nokuti zvino vakanga vave kuzorwisana nesimba rakakura kupfuura Wycliffe, simba

raizonetsa kukunda vachishandisa zvombo zvavo. Panguva iyi kwakanga kusina mutemo muEngland wairambidza Bhaibheri, nokuti rakanga risina kumbovapo kumashure mururimi rwevanhu. Mitemo yakadaro yakazoiswa mumakore akazotevera ikashandiswa zvakaomarara. Asi kwenguva iyi, zvisinei nekurwisa kwaiita vaPrisita, Bhaibheri rakawana mukana wekumbotenderera muvanhu.

Vatungamiri vesangano reRome vakatanga zvakare kuedza kunyaradza Wycliffe. Akamiswa katatu pemberi pedare achitongwa asi achishairwa mhosva. Pekutanga, musangano wakaitwa nemaBhishopi wakatonga kuti zvinyorwa zvake zvaiva zvizere nemanyepo, saka vakabva vawana rutsgiro rwamambo wechidiki akanga agadzwa ainzi Richard ll, uyo akabva atonga kuti vese vaizowanikwa vachishandisa zvinyorwa zvaWycliffe vaizoiswa mutirongo.

Wycliffe akakwidzawo chichemo chake kudare reParamende maringe nezvakanga zvatongwa nedare reSangano, achibva anotaura asingatyi nekuratidza kuParamemde humbowo uye kukumbira kuti pavandudzwe mashandiro akanga achiita Kereke pakufambisa basa rayo. Nemashoko anesimba rinotendesa vanhu, Wycliffe akaratidza pachena kuti hofisi yaPapa yakanga yabvuta masimba eSanagano uye yakanga ichiita huwori. Vavengi vake vakasara vakakanganiswa vasisina kuwirirana. Vakanga vachifunga kuti panguva iyi, Wycliffe nevatsigiri vake vainge vabvuma kukundwa, uye sezvo Wycliffe akanga akura, uye asisina shamwari dzakawanda aifanira uzviisa pasi pesimba raMambo uye revakuru veKereke. Asi hazvina kuita saizvozvo, asi kuti ivo ndivo vakatozoona vakundikana. Dare reParamende, parakacherechedza nyaya iyi, rikaona kusimba kwehumboo hwaWycliffe, rakatonga kuti chirevo chakanga chatemwa namambo nekereke pamusoro pezvinyorwa nekusungwa kwevanhu chibviswe, izvo zvakabva zvasunungura Wycliffe kuti aite basa rake.

Akazomiswazve kechitatu pamberi pedare guru repamusoro muhurongwa hweSangano muhumambo hweEngland. Apa hapana kuzoratidzwa tsitsi kumuvanhudzi uyu. Pakupedzisira, Sangano reRoma rakakurira, mabhuku eMuvandudzi uyu akarambidzwa. Hofisi yaPapa yakafunga kuti kana vakakunda apa, chinangwa chavo chikabudirira, Wycliffe aizomanikidzwa kubvuma kuti akatyora mutemo, uye aizobuda mudare umu akanangiswa kunopiswa.

Asi Wycliffe haana kubvuma kudzokera shure, kana kusiya basa rake. Akaramba akamira padzidziso yake uye akaramba mhosva dzaaipomerwa nevadzivisi vake. Asingazvitarisi iye, kana chigaro chake, kana chiitiko chakanga chiripo, Wycliffe akadanidzira vateereri vake kuti vapinde mudare dzvene, ndokubva ayera manyepo avo pachiyero chezvokwadi isingaperi. Simba reMweya Mutsvene rakanzwika mudare umu, simba raMwari rikava pamusoro pevateereri. Vakashaiwa simba rekubva panzvimbo iyi. Semiseve inobva mugoba raJehovha, mashoko eMuvandudzi akabaya moyo yavo. Mhosva

yekunyora manyepo yavakanga vachimupomera akazoiisa pamusoro pavo ivo. Akabvunza kuti sei ivo vaida kuramba vachiparadzira manyepo? Vaizviitira kuwana pfuma nekutengesa Nyasha dzaMwari here?

Akabvunza achiti: “Munofunga kuti murikurwa nani?, Nemutana akwegura avepedyo neguva here?, kwete, asi murikurwa nezvokwadi- zvokwadi inesimba kupfuura imi, saka ichakukurirai.” (Wylie b. 2, ch. 13.). Apedza kutaura izvi, akafamba achibuda mudare, asi hapana umwe wevavengi vake akasimuka kuti amumise.

Basa raWycliffe rakanga rave pedyo nekusvika kumagumo. Mureza wezvokwadi waakasimudza wakanga wavapedyo kudonha kubva muruoko rwake, asi akanga achine kanguva kekupupura Vhangeri. Zvokwadi yaifanira kunoparidzwa mukati chaimo meguta raiva pasi pehutongi hwemanyepo. Wycliffe akasheedzwa kunomira pamberi pedare raiye Papa pachake kuRome, iro dare rakanga radeura ropa revatsvene vazhinji. Aitoziva njodzi yaakanga atarisana nayo, asi akanga azvipira kunomira pamberi pedare iri, dai pasina kurwara kusinganzwisisiki kwakazomubata akatadza kufamba rwendo urwu. Kunyangwe zvino zvaireva kuti haachakwanisi kunozvipundurira nemuromo ari kuRome, akasarudza kushandisa nzira yekunyora tsamba. Ari kudunhu kwake kwaaishandira, Muvandudzi akanyora tsamba kunaPapa, umo maakashandisa mazwi airatidza mweya wechiKristu wekuremekedza nerukudzo, asi achitendeka pachena simba rekuzvikudza raiwanikwa muhofisi yaPapa.

Akanyora achiti: “Chokwadi ndinofara kwazvo, kuzarura nekutaura kuvanhu pachena kutenda kwandakabata, zvikuru kunaBishopi weRome, uyo wandinoziva kuti kana achida hake kureva chokwadi, anotenderana neni panyaya iyi, asi kana ndiri kunyepa, anogona hake kundigadzirisa mashoko aya. Chekutanga, ndinoda kutenda kuti vhangeri yaKristu ndiyo muviri wose wemurairo waMwari…saka ndinoda kutaura kuti Bishopi weRome, kunyangwe hake ari iye mumirariri waKristu pasi pano, ndiye anofanira kunyanya kusungwa nemurairo wevhangeri, kupfuura vamwe vanhu vese. Nokuti uyo aiva mukuru pakati pevadzidzi vaKristu akanga asina mbiri kana kukudzwa kwepanyika, asi aigara pedyo uye achitevera Kristu muupenyu nemaitiro ake…Kristu, mumazuva ake ekufamba panyika ino, aiva murombo wekupedzisira, achiramba nekurasha kukudzwa kwese nembiri yepanyika…

“Hakuna munhu akatendendeka anofanira kutevera Papa kana umwe wevarume vatsvene, asi nenzira iyo chete sezvaiita Peter nevanakomana vaZebedee vachitevera Kristu, asi paya pavakada rukudzo rwepanyika, zvinova zvaisafambirana nekutevera matsiko aKristu, zvikava chigumbuso, nokudaro ipapo pamhosho iyoyo, hakuna munhu anofanira kuvatevedzera…

“Papa anofanira kusiira vezvematongerwo enyika simba ravo rinoguma nehutongi, uyewo anofanira kutora danho rekutsiura vafundisi vake vose, nokuti ndizvo zvaiita Kristu,

kunyanya vaApostori vake. Asi kana ndakakanganisa panezvose zvandakanyora, ndinosununguka kuuya kuzogadziriswa, kunyangwe nerufu kanazvirizvo zvakafanira, uye kana ndirikuzvishandira nekuda kwangu kana madiro angu, ndichazviunza ndega kuzvipira pamberi paBhishopi weRome; asi zvisinei hazvo, Mwari vakandishanyira, vakandidzidzisa kuti ndinofanira kuteeera Mwari kupfuura vanhu."

Mukuvhara tsamba yake akanyora achiti: "Ngatinamatei kunaMwari wedu, kuti amutse mukuru wedu Papa Urban Vl, kuti sematangiro akaita, iye nevafundisi vagone kutevera Ishe Jesu Kristu muupenyu nemuzviito; uye kuti vagone kudzidzisa vanhu zvakanaka, uye,kuti vanhu vagone kuvatevera kana vaita zvakanaka." (John Foxe, Acts and monuments, vol.3, pp.49,50.).

Nenzira iyi Wycliffe akaratidza Papa nedare revatevedzeri vake, hunyoro nekuzvininipisa kwaKristu, akaratidzawo, kete ava chete asi nyika yese yeChiKristu mutsauko uri pakati pavo naTenzi uyo wavaitaura kuti vanomiririra.

Wyclife akagutsikana nekutarisira kuti hupenyu hwake ndihwo hwaizova mubhadharo wekutsungirira kwake. Mambo, Papa, nemaBhishpoi, vese ava vakanga vakabatana kuti vamuparadze, saka zvakava pachena kuiti mumwedzi mishoma vaizogona kumuisa kunogurwa musosoro. Asi hushingi hwake hahuna kuzununguswa. Akataura achiti: "Munotaurirei zvekuenda kure kunotsvaga kufira Kristu?, Paridza vhangeri yaKristu kuvafundisi vanozvikudza, hauzopotsani nerufu rwekuurairwa vhangeri. Kutii? Kuti ndinyarare ndigorarama? Haisva!, regai chibhakera chiuye,ndakachimirira." (D'Aubigne, b.17,ch.8.).

Asi ruoko rwaMwari rwakaramba rwakadzivirira muranda wake. Murume akanga amira hupenyu hwake hwose achimiririra zvokwadi, aisafanira kufa achiurawa nevavengi vake. Wycliffe haana kumbobvira aedza kuzvidzivirira ega, asi Jehovha ndiye aiva mudziviriri wake, nazvino apo vavengi vake vakanga votsvaga hupenyu hwake, ruoko rwaMwari rwakamuisa kure navo. Mukereke yake paLutterworth, apo akanga arikugadzirira kuti ape chirairo chaTenzi, akawira pasi nechirwere chekuwoma mitezo, mushere menguva pfupi akabva afema kekupedzisira ndokuzorora murufu.

Mwari vakanga vapa Wycliffe basa rake. Vakanga vaisa shoko ravo mumuromo make, ndokuisa murindi kuchengetedza muranda wavo kuti shoko risvike kuvanhu. Hupenyu hwake hwakachengetedzwa, makore ebasa rake akatambanudzwa, kusvikira hwaro hwaiswa hwebasa guru rekuvandudza chitendero.

Wycliffe akanga amutswa ari wekutaga kubva mumakore erima guru. Hakuna akanga amutangira mubasa iri ainge amugadzirira hwaro hwebasa rake raakazoita. Akamutswa sezvakita Johane Mubhabhatidzi kuti aite basa rakatsanangurika, akava mushevedzeri nemuvambi wechikamu chinokosha munhoroondo yechiKristu. Asi zvakadaro pabasa

raakaita, hakuna vakamutevera shure kwake vakamupfuura, kana kugona kusvika paakasvika, kunyangwe musure memakore zana. Hwaro hwaakaisa hwanga hwakafara uye hwakadzika, uye nheyo dzaakaisa dzakanga dzakasimba muzvokwadi zvekuti hazvaitsvaga kuti zvinatsurudzwe nevakazomutevera.

Basa guru rakavambwa naWycliffe raiva nemanyuko muBhaibheri, uye raizo sunungura pfungwa dzevanhu vedzidzo, nekusunungura ndudzi dzevanhu vakanda vakabatwa muhuranda hwedzidziso dzeRome. Wycliffe ndiye akava manyuko enzizi dzezvikomborero, idzo dzakazova zvitubu zvemvura yeupenyu yakayerera kumarudzi nemurudzi kubvira mumakore eSenjuri yegumi nechina. Wycliffe akagamuchira Magwaro matsvene nekutenda kwakaperera, achibvuma kuti ndiko kuzarurwa kwekuda kwaMwari, uye kuti magwaro akaringana kutonga chitendero nemaitiro acho. Akanga akadzidziswa kuti agamuchire kuti Sangano reRoma raiva dzvene, uye risingakanganisi pakutonga kwaro, uye kugamuchira usina mubvunzo tsika dzaro nedzidziso dzaro dzezviuru zvemakore, asi iye kazosiya izvi akasarudza kutevera shoko dzvene raMwari. Bhaibheri ndiro simba raakanga ave kukurudzira vanhu kuti varitevere. Panzvimbo yekuteerera Kereke ichitaura kuburikidza naPapa, Wycliffe akakurudzira vanhu kuteera izwi raMwari vachitaura kuburikidza neShoko ravo. Haana kungodzidzisa chete kuti Bhaibheri ndiro kuzarurwa kwakakwana kwekuda kwaMwari, asiwo kuti Mweya Mutsvene ndiye mududziri waro, uye kuti munhu wese anogona kuziva basa rake pakuridzidza. Naizvozvo akabvisa pfungwa dzevanhu kubva kuna Papa weRome kudziisa ku Shoko raMwari.

Wycliffe anoverengwa semumwe wevaparidzi vakuru vekuvandudza Chikristu. Vashoma vakauya kumashure kwake vangaenzaniswa naye kana pachitariswa kuzvipira, kugona kushandisa pfungwa zvakajeka, kumira nehushingi pachokwadi nekugona kumiririra chiKristu. Kuchena kwehupenyu, kusatsukira kurudyi kana kuruboshwe pakudzidza Bhaibheri nepabasa, chimiro chakachena chisina huwori, uye rudo serwaKristu nekutendeka muhushumiri, ndizvo zvainyanya kuzivikamwa nazvo vaparidzi venguva yeruvandudzo rwesangano. Izvi zvakanga zvisinei nekuti vairarama munyika yakanga yashata zvakadaro.

Chimiro chaWycliffe huchapupu hwesimba reShoko pakushandura chimiro chemunhu. Bhaibheri ndiro rakamuumba kuti azove zvaaive. Shungu dzekugamuchira zvokwadi huru dzeBhaibheri dzinounza kufefetera nesimba idzva mundanagriro. Pfungwa dzinokurawo nekurodzwa, zvopa matongero epfungwa akarurama. Kudzidza bhaibheri kunobatsira pfungwa dzese, kunzwa uye zvidiso zvisingagonekwi nezvimwe zvidzidzo zvese. Kuridzidza kunodzikamisa zvinangwa, kunopa moyo murefu, kunopa hushingi, kunovandudzawo chimiro pamwe nekuchenesa mweya. Kudzidza Bhaibheri nekurevesa, nerukudzo, kunounza pfungwa dzemudzidzi kuti dzigunzvane nedzaMwari, izvo zvinozopawo nyika vanhu vanenjere dzakasimba vanogona kumira pazvimiso zvinokosha, asi izvi hazvigoni kuitwa nekudzidza panjere dzevanhu vehunyanzvi hwepanyika.

Mapisarema anoti: “Kuzarurwa kwemashoko enyu kunopa chiedza, kunopa njere vasina mano” (Mapisarema 119:130).

Dzidziso dzeBhaibheri dzakasiiwa naWycliffe dzakaendera mberi kwenguva yakatevera: vateveri vake vanozivikanwa nekuti maWycliffes nemaLollards, havana kungowanikwa muEngland chete, asi vakapararira vachienda kune dzimwe nzvimbo, vachienda neruzivo rweVhangeri. Nekuda kwekuti mutungamiri wavo akanga abviswa, vaparidzi ava vakashanda nesimba rakawedzerwa kupfuura kare, vanhu vazhinji vakauya kuzonzwa dzidziso dzavo. Vamwe vaibva mudzimba dzakakwirira dzinoremekedzwa, kusanganisira memudzimai wamambo, vakatendeuka. Mune dzimwe nzvimbo kwakaonekwawo shanduko mutsika dzevanhu, uye zvifananidzo zveRome zvikabviswa mumaKereke. Asi nekukasika moto wekutambudzwa wakatungidzwa kurwa neavo vakanga vasarudza kutevera Shoko raMwari. Madzimambo ekuBritain, mukutsvaga kwavo simba rekutonga nekuwana rutsigiro rwaPapa weRoma, havana kuzeza kuuraya vatendi. Kekutanga munhoroondo yeEngland, mutongo wekugurwa musoro wakapiwa kuvateveri veVhangeri. Kufira vhangeri kwakatekeshera. Vamiririri vezvikwadi, pavaitambudzwa nekushungurudzwa, vaingonzwikwa kuchema kwavo bedzi nenzeve dzaJehovha weHondo. Vaivhimiwa sevavengi veSangano uye sevatengesi vechokwadi, asi vakaramba vachiparidza munzvimbo dzakavanzika, vachiwana pekuwanda mumisha yevarombo, uye kazhinji vaiwana pekuhwanda mumapako nemuninga.

Zvisinei nekushungrudzwa kwakauya, kuratidzira kwakadzikama, kunerunyararo kwakaenderea mberi kwemazana emakore kuchirwisana nehuwori hwakanga huri muchitendero. MaKristu venguva iyoyo yekare vaive neruzivo rushoma rwezvokwadi, asi vakanga vadzidza kuteerera nekuda Mwari, vakatambudzwa nekuda kwaizvozvo. Sezvakaitawo vadzidzi mumazuva eKereke yevaApostora, vazhinji vakasarudza kupa pfuma yavo yepanyika kuti basa raKristu riitwe. Avo vaitenderwa kugara mumisha yavo, vaigamuchira nekuchengeta nomufaro hama dzavo dzaitambudzwa, uye vaizotiwo kana ivo vavewo kutambudzwa, vaigamuchira nomufara mukombe unovava uyu. Ichokwadiwo kuti kune zviuru zvedzimwe hama dzakati dzichiona kutambudzwa uku kukuru, dzakatyiswa nekukura kwehasha dzevatambudzi, ndokubva vasurudza kutenga rusununguko nemutengo wekusiya kutendeka kwavo, vakabuda mumajeri vakapfeka nguwo yechivi, vakaendawo kunoramba kutendeka kwavo pamheri pevatambudzi vavo. Asiwo huwandu hwevakaramba vakamira pakutendeka kwavo hwakakura chose, uye pakati pavo paiva navanhu vanokudzwa pamwechete nevarombo vanozvininipisa- ava vose vakashinga kupupurira zvokwadi vari mumatirongo, munzvimbo dzakaita seLollard, uku kwavaipiswa nomoto nekushungurudzwa, asi vaifara kuti vakanga vasarudzwa kuti vazive “kuyanana naIye mukutambudzika kwake”.

Vashandiri veRome havana kunge vagona kuita zvavaidisa kunaWycliffe mumazuva ehupenyu hwake, uye ruvengo rwavo haruna kugutswa nekurara kwake nerunyararo

muguva. Izvi zvakaita kuti pamusangano mukuru wakaitwa paConstance, makore anopfuura makumi mana Wycliffe afa, pakapiwa mutongo wekuti mapfupa ake afukunurwe, ndokupbva mapfupa aya apiswa nomoto pamberi peruzhinji, madota acho akanokandwa murukova rwaiva pedyo.

Umwe munyori wekare akanyora achiti: “rukova urwu rwakanodira madota aya murwizi Avon, rwizi Avon rukanoadira murwizi Severn, rwizi Severn rukanoadira mumakungwa madiki, ayo akazonoadira munyanza huru. Naizvozvo, madota aWycliffe ndiwo munongedzo wedzidziso dzake, idzo nhasi dzapararira pasi rose.” (T. Fuller, Church History of Britain, 6, 4, sec2, par, 54.). Vatambudzi vake havana kuziva havo kukura nekuipa kwechiito chavo ichi uye zvachaireva.

Kuburikidza nezvinyorwa zvaWycliffe, murume anonzi John Huss weBohemia, akatungamirirwa kuramba dzidziso zhinji dzemanyepo sekudzidziswa kwadzaiitwa neSangano reRoma uye zvakitawo kuti apinde pabasa rekutsvaga kuvandudza chitendero cheChikristu. Nokudaro mumaSenjuri maviri aya, mbeu yeZvokwadi yakaparadzirwa kusvika kure, kubva munzvimbo yeBohemia basa rakatandavara richienda kunedzimwe nzvimbo. Pfungwa dzevanhu dzakatungamirirwa kudzokera kuShoko raMwari iro rakanga rakanganwikwa kwenguva refu. Ruoko rwaMwari rwakanga rwuri kugadzira nzira yebasa guru reKuvandudzwa kweChitendero.

Chitsauko 6 Varwi Vaviri Vechokwadi

Vhangeri rakange radyarwa MuBohemia munguva ye senjuri yechipfumbamwe. Bhaibheri rakange raiswa mururimi rwevanhu uye minamato yaiitwa mururimi rwevanhu venyika iyi. Asi apo masimba aPapa akange achikura shoko raMwari rakange richidzvinyirirwa. Papa Gregory VII, uyo akange azvimisira kuninipisa madzimambo, akange asingafarirriri zvaiitwa nevanhu ava naizvozvo akatema chirevo chairambidza vanhu veBohemia kunamata nemutauro wavo mumakereke. Papa akati "zvaifadza Wamasimbaose kuti kunamta kuitwe nerurimi rwekumwe uye kuti dzidziso dzenhema dzakange dzauya nokuda kwekusateerera mutemo uyu."- Wylie. B. 3. ch. 1.

Saizvozvo Roma yakatema kuti chiedza cheshoko raMwari chidzimwe uye kuti vanhu varambire mudima. Asi denga rakange ragadzira dzimwe nzira dzekuchengetedza nadzo sangano. Vanhu vazhinji vechi Waridenzi neveAribegenzi vakange vadzingwa nematambuziko kunyika dzavo dzeFrance neItaly vakauya kuBohemia. Kunyange zvavo vasina kudzidzisa pachena vanhu ava vakashanda zvikuru muchivande. Naizvozvo kutenda kwakachengetedzwa munguva dzose.

Mazuva aHasi asati asvika pakaita varume muBohemia vakataura zvakasimba vachishoropodza huori nekurashika kwesangano. Kushanda kwavo kwakabata zvikuru ndangariro dzevanhu kunzvimbo zhinji. Hutungamiri hwakabatwa nekutya izvo zvakakonzeresa kusimudzwa kwekutambudzwa kwevateveri veEvhangeri. Vatsvene vakasundirwa kundonamatira mumakomo nemasango, umo vaivhimwa semhuka nemauto vazhinji vavo vakaurawa. Mushure menguva chirevo chakatemwa chekuti vose vaizowanikwa vachinamata nenzira isati iri yeRoma vaizofanira kupiswa. Asi kunyange zvavo vaiuraiwa maKristu vakange vaine tariro yekuti vhangeri raizokunda. Mumwe wavo uyo akadzidzisa kuti "ruponeso runowanikwa bedzi nekutenda kuna Muponesi akaroverwa pamuchinjikwa," akadaidzira apo akange ofa kut: "Hasha dzemhandu dzezvokwadi dzingatikunda nhasi, asi hadzingakundi nekusingaperi; kuchasimuka mumwe pakati pavanhu, asina munondo, asi iyeye havangamukundi." Ibid., b. 3, ch. 1. Nguva yaLuther yakanga ichiri kure zvakanyanya; asi aripo mumwe akange otosimuka, ane kupupura kwaizo zungunutsa nyika yose.

John Huss akazvarwa mumhuri isina kunyanya kukurumbira, uye akafirwa nababa achiri mudiki. Amai vake avo vaikoshesa zvikuru dzidzo nekutya Mwari vakatsvaka kuti vadzidzise mwanakomana wavo. Huss akadzidza pachikoro chemudunhu ravo akazoenda kuchikoro chepamusoro cheUniversity kuPrague, apo akawana rubatsiro senherera. Akaperekedzwa kuenda kuUniversity namai vake avo vaiva chirikadzi rombo, isina chekupa mwana wayo; asi pavakange vosvika muguta vakapfugama vakakumikidza nherera yavo kuna Baba vedu varikudenga. Amai ava havana kuziva kukura kwaizoita mhinduro yemunamato wavo.

Pachikoro chikuru ichi Huss akakasika kuzikanwa nekushanda zvikuru mukuwana ruzivo uye hupenyu hwake hwakachena hwakaita kuti ayemurwe nevazhinji. Aiva muteveri akakwana wechitendero chesangano reRoma nedzidziso dzaro. Panguva yejubiri akaenda kunoreurura, ndokubhadhara tumari twose twaainge asara natwo muhomwe, kwakupinda muminamato nevamwe achitarisira kanganwiro yezvivi iyo sangano raivimbisa. Mushure mekupedza zvidzidzo zvake, Huss akazova mumwe wevaPrisita veRoma akakasika kukwidziridzwa pazvigaro, akazova mudzidzisi nemukuru weUniversity apo paakange adzidza. Mumakore mashoma mudzzidzi akazvininipisa uyu akange akwidziridzwa akava munhu mukuru anozikanwa kwazvo muzinyika mai reEurope.

Asi Huss akatanga basa rerumutsiridzo neimwe nzira. Makore mazhinji apfuura, Huss akazopihwa basa rekuva muparidzi wesangano reBethlehem. Muvambi wesangano iri akange akurudzira kuparidzwa kweshoko raMwari mururimi rwevagari venzvimbo iyi. Kunyange zvazvo tsika iya yakange yarambidzwa nehutungamiriri hwesangano reRoma, asi muBohemia tsika iyi yakanga isina kuperesesa. Kusaziva magwaro kwaivapo muvanhu uye zvakaipa zvizhinji zvairaramiwa neruzhinji muBohemia. Huss akatanga kuparidza nesimba achitsiura zvakaipa izvi nekudzidzisa chokwadi cheshoko raMwari.

Mumwe mugari wemuPrague ainzi Jerome uyo akazobatana naHuss akange abva kuEngland akauya nezvidzidzo zvaWycliffe. Mudzimai waMambo wekuEngland, uyo aive muteveri wedzidziso dzaWycliffe, aive mwanasikana wamambo wekuBohemia, akabatsirawo zvikuru mukuparadzirwa kwezvidzidzo zverumutsiriro rwaWycliffe kumusha kwake. Huss akaverenga zvidzidzo izvi nemwoyo unoda; akaona kuti munyori wazvo aiva munhu anotya Mwari akazvimisira kuendesa mberi basa rerumutsiriro iri. Huss haana kuziva kuti sarudzo iyi yakanga yamuisa mugwara raizomuendesa kure nesangano reRoma.

Panguva imwechete iyi kunevarume vaviri, vakadzida, vakasvika muPrague vachibva kunyika yeEngland kuzoita basa rekuparadzira chokwadi cherumutsiriro. Vakatanga kushoropodza pachena hukuru hwaPapa, izvo zvakaita kuti vanyaradzwe nekukasika, nokudaro vakatsvaka dzimwe nzira dzekufambisa shoko nadzo. Sezvo vaiva vaparidzi vanehunyanzvi hwehunyanduri vakapfuurira mberi kushandisa hunyanzvi hwavo. Vakanyora mifananidzo miviri vakaiisa panzvimbo yaionekwa neruzhinji. Paneumwe wemifananidzo iyi paive pakaiswa Jesu arikupinda muJerusarema, “aine kuzvininipisa, uye akatsva pambongoro” (Mateo 21:5), achiteverwa nevedzidzi vake vakafuka nguvo dzakasakara nerwendo, vasina chinhu padzoka dzavo. Wechipiri waiva naPapa arikufamba, akapfeka nguwo dzinodhura nekorona yehutatu, akatasva bhiza rakashongedzwa, uye achiteverwa nevaridzi vehwamanda nemachinda ake nawo akafuka nguwo dzinoyevedza.

Iyi yakava mharidzo yakabata ndangariro dzevanhu vemazera ose. Ruzhinji rwevanhu rwakauya kuzoyeva mifananidzo iyi. Hapana munhu asina kunzwisisa zvairehwa nemifananidzo iyi, uye vazhinji vakabatikana nemusiyano waipo pakati pekuzvininipisa kwaKristu Tenzi nekuzvitutumadza kwaPapa, uyo aizviti muranda waKe. Pakava nekuzengezeka kukuru muguta rePrague, naizvozvo vaenzi ava vakaona zvakafanira kuti vadzokere zvavo kumusha kwavo kuti varambe vakachengeteka. Asi chidzidzo chavakange vadzidzisa hachina kukanganwikwa nevanhu. Mifananidzo iyi yakabata mwoyo waHuss zvikuru, zvikamutungamirira mukuwedzera kudzidza mangwaro matsvene nezvinyorwa zvaWycliffe. Kunyange akange asati azvimisira kuendesa mberi zvimiso zvese zverumutsiridzo zvaWycliffe, akaona pachena chimiro chehutongi hwaPapa, akatanga kushoropodza nesimba, kuzvikudza nehuori hwehutongi uhu.

Kubva kuBohemia chiedza chakasvikawo kuGermany, nokuti mhirizhonga yakaitika muPrague yakakonzeresa kuti vadzidzi vazhinji vaibva kuGermany vadzokere kumba. Vazhinji vavo vakange vawana ruzivo rwekutanga rweBhaibheri kubva kunaHuss, naizvozvo vakadzokera kunyika yamadzibaba avo vakandoparadzira ruzivo urwu.

Mashoko ebasa rakaitwa muPrague akasvika kuRoma, naizvozvo Huss akadaidzwa kuti andomira pamberi paPapa. Kubvuma izvi kwaive kuzviisa pamberi perufu. Mambo namambokadzi veBohemia, chikoro chikuru, nevavanokudzwa vose vehurumende vakakumbira kunaPapa kuti Huss atenderwe kuramba arimuPrague uye kuti azvidavirire nyaya dzake pamberi pemumiriri waPapa. Papa havana kugamuchira izvi asi vakatumira shoko rekudzinga Huss ndokuisa guta rese rePrague pasi perushamhu.

Munguva idzi rutongo rwakadai rwaiti kana rwapihwa rwaiunza kutya kukuru. Zviitiko zhaizotevera rutongo urwu zvaiunza kutya kukuru kuvanhu avo vaitarisa Papa semumiriri waMwari panyika, uyo anesimba redenga negehena, uye aine simba rekuunza rutongo rwepanyama nepamweya. Paiva nekutenda kwekuti dunhu rinenge rapiwa rutongo urwo rinenge ravharirwa denga uye kuti vakafa vedunhu iri vaizodzingwa mumafaro edenga. Nokuda kwerutongo urwu, marusando ose ekunamata akanga achizomiswa. Masuwo emakereke ose aizopfigwa. Hakuna michato yaizoitwa mumakereke ose. Vakafa vaizorambidzwa kuvigwa paruvazhe rwekereke uye vaizovingwa mumasango pasina minamato yevaprisita. Naizvozvo nematanho anotyisa zvakadai Roma yakange yabata ndangariro dzavanhu.

Guta rePrague rakava nekuzununguka kukuru. Vanhu vazhinji vakaona Huss ari iye honzeri yematambudziko awa vakadanidzira kuti apiwe kuhasha dzeRoma. Kunyaradza dutu iri, Huss akabuda muguta kwechinguva akandogara kumusha kwake. Achinyora kushamwari dzake dzakange dzasara muPrague, Huss anoti; “Kana ndakabva pakati penyu, ndakazviita kuti nditevere muenzaniso waKristu Jesu, kuti ndipe vane mwoyo yakaipa mukana wekuzviisa parutongo rusingaperi, uye kuti ndisave honzeri yekutambudzika

kwevatsvene. Ndakabvawo zvakare kuti ndisaita kuti maprisita akaipa arambe achirambidza kuparidzwa kweshoko raMwari pakati penyu, asi handina kuti munyarare kutaura shoko raMwari, iro randakazvimisira kufira."- Bonnechose, The Reformers Before the Reformation, Vol. 1, p. 87. Huss haana kumira basa asi akaterera nemisha achipardzira ruzhinji. Naizvo matanho ayo Papa vakange vatora ekudzvinyirira chokwadi akatokonzeresa kuparariira kwacho kunzvimbo zhinji. "Nokuti hatigoni kuita chinhu chinopesana nezvokwadi, asi chinobatsira zvokwadi." 2 Vakorinde 13:8

"Panguva iyi mwoyo waHuss waifanira kunge uri pakumanikidzwa. Kunyange sangano rakange richida kumuparadza, asi akange asati aramba hutongi hwaro. Kwaari sangano reRoma rakange richiri mudzimai waKristu uye Papa vari mumiriri waKristu panyika. Chairwiswa naHuss kwaiva kuzvikudza nehuori kwete hutongi hwekereke pachahwo. Izvi zvakaunza kurwisana kukuru pakati pendangariro dzake nezvaaiparidza. Kana hutongi uhu hwaiva huri hwaMwari, sekutenda kwaaiita, ko sei ainzwa simba rekusada kuhuteerera. Kwaari kuteerera hutongi uhu kwaiva kutadza; ko sei kuteerera hutongi hwesangano kwaunza kutadza kana riri sangano raMwari? Iri raiva dambudziko raakatadza kugadzirisa, zvikadya ndangariro dzake nguva dzose.

Mhinduro yaiva pedyo padambudziko iri kwaari yaiva yekuti izvi zvakange zvamboitika kare munguva yaKristu, apo vaPirisita vakaratidza huipi hwavo vakashandisa simba ravo kuita zvaisava pamurairo. Izvi zvakamutungamirira mukugadzira gwara rake oga, uye kuparidza kunevamwe kuti zvimiso zveshoko raMwari ndizvo zvinotonga ndangariro; nemamwe mazwi, "Mwari vanotaura kuburikidza neBhaibheri, ndiye mutungamiri wavo kwete mapirisita anotaura musangano." –Wylie,b. 3, ch. 2.

Mushure menguva yakati kuti apo zvinhu zvakange zvadzikama muPrague, Huss akadzokera kuKereke yake yekuBethlehem kuti aenderere mberi nekuparidza shoko raMwari zvinesimba nehushingi. Mhandu dzake dzaiva nesimba guru, asi mambokadzi nevamwe vaikudzwa dzaiva shamwari dzake, uye vanhu vazhinji vakamutsigira. Vachienzanisa dzidziso dzake dzakarurama nedzevapridzi veRoma dzaive dzizere nemanyepo nekunyengera, vanhu vazhinji vakaona kuti zvaiva nerukudzo rukuru kumira naHuss.

Kusvika panguva iyi Huss akange amira oga mubasa rake; asi Jerome, uyo akagamuchira dzidziso dzaWycliffe apo aive ari kuEngland, akabatana naye pabasa rekuvandudza. Vaviri ava vaiva nezvipo zvakasiyana. Hunyanzvi, dzidzo, nekugona kutaura, zvipo zvaiva naJerome asi Huss aiva nesimba rekumira pazvimiso zvake.Kugona kumira kwake kwakabatsira Jerome uyo aive nemenyukunyuku zvikabatsira kudzikamisa basa ravo. Basa rerumutsiridzo rakakasika kufamba kuburikidza nekubatana kwevaviri ava.

Mwari vakatendera chiedza chikuru kuti chivhenekere mwoyo yevarume vaviri ava, kuvaratidza mhosvo zhinji dzesangano reRoma; asi havana kupihwa chiedza chose chaifanira kupihwa nyika. Kuburikidza nevaranda vake ava Mwari vakange vachitungamirira vanhu kubva mudima rechiRoma; asiwo pakange panematambudziko makuru avaizosangana nawo, saka akavatungamira zvishoma nezvishoma nepavaigona napo. Vaisazokwanisa kuwana chiedza chose pamwechete. Sezvingaita chiedza chemasikati makuru kune uyo anga arimudima guru ndizvo zvavaingazoita dai vakazarurirwa zvose, zvaizovakunda vakatiza. Naizvozvo Mwari akazarurira vatungamiri ava zvishoma nezvishoma izvo zvaizokwanisa kugamuchirwa nevanhu. Mumasenjuri aizotevera kwaizomutswawo vamwe vashandi vakatendeka vaizotungamirira vanhu kunzira yeshanduko.

Kupesana kwakapfuurira mberi musangano reRoma. Vana papa vatatu vakange vachirwira kutonga, kurwa kwavo kukazadza chitendero chose nekupesana nehuipi. Hondo yavo yakasvika pakusimudzirana minondo, apo mumwe nemumwe wavo aitsvaga zvombo nemauto ekurwisa vamwe. Izvi zvaida mari naizvozvo maropafadzo, zvipo nezvigaro zvemusangano zvakatanga kutengeswa. Vaprisita wo, vachitevera vakuru vavo, vakatangawo kushandisa hondo nebopoto kuti vanininipise mhandu dzavo nekuzvisimbisa. Huss akasimuka zuva rimwe nerimwe akazvisimbisa kurwisana nemasimba ehupapa; ukuwo vanhu vakaendera mberi kuramba huipi nehuori haiva musangano. Guta rePrague rakange zvakare ratarisana nebopoto ringadeura ropa. Sepanguva dzekare, muranda waMwari akapomerwa mhosva yekuva “mutambudzi waIsraeri.” 1 Madzimambo 18:17.

Guta rakaiswa pasi peshamhu zvakare, Huss ndokudzokerazve kumusha kwake. Kupupura kwaibva muKereke yake inodikanwa yeBeterehema kwakamira. Aifanira kuzotaura kupasi rose asati aisa hupenyu kwake pasi sechisimbiso chekupururura kweidi. Kurapa huipi hwaikanganisa nyikamai yeEurope, musangano wakadaidzirwa kuConstance. Musangano uyu wakadaidzwa naMambo mukuru Sigismund, vachisundwa napapa John XXIII, mumwe wevaipikisana. Asi papa John vakanga vasingafariri kuti paitwe musangano wakadai nengari yehuipi hwavo uhwo hwakanga hwatekesherawo mumaprisita avo, asi sezvo mambo mukuru akanga adaidza musangano uyu, papa uyu haana kugona kupikisa.

Donzvo guru remusangano uyu raiva riri rekupedza kupesana musangano reRoma uyewo nekumisa dzidziso dzakatsauka. Naizvozvo mapapa maviri aipikisana akadaidzwa kuti avepo, kusanganisira naHuss uyo aiva mukuru wedzidziso itsva. Vanapapa, nekuda kwekutyira hupenyu hwavo havana kuuya asi vakatumira vamiriri vavo. Papa John, uyo aiva mukumbiri wemusangano akauya vachityira kuti mambo aigona kuvabvisa nekuda kwehuipi hwake. Naizvo akapinda muguta reConstance nemukurumbira nekuzvikudza kukuru akapoteredzwa nemudungwe wevaperekedzi.

Vanokudzwa vese veguta neruzhinji rwevanhu vakaenda kunomuchingamidza. Vatongi vakuru vana vemuguta irir vakanga vakasimudza mumvuri wendarama pamusoro pake. Kushamisira kukuru kwakaonekwa pakupinda kwake muguta. Panguva imweyo mumwe mufambi akange achipindawo muguta iri. Huss akange achiziva njodzi yaivapopakuenda kumusangano uyu asi akaenda achiziva zvake kuti zvaigona kumutungamirira kukuparadzwa. Akange avimbiswa kuchengetedzwa naMambo weBohemia uye namambo Mukuru Sigismund apo akange ari munzira, mushure mekuona kuti rwendo urwu rwaigona kumutungamirira kurufu.

Mutsamba yaakanyorera kushamwari dzake dzemu Prague anoti: “Hama dzangu, …. ndinoenda nerutsigiro rwamambo kunosangana nemhandu dzangu zhinji…. Ndinozviisa musimba risingagumi raMwari naMuponesi wangu; Ndinovimba achanzwa minamato yenyu kuti aise ruzivo rwake mumuromo wangu, kuti ndigone kuvarwisa; uye kuti andipe Mweya Wake Mutsvene kundisimbisa muzvokwadi Yake, kuti ndigone kumira pamberi pemiendzo, netirongo, uye kana zvichibvira nerufu runonyadzisa. Jesu akatambudzwa nekuda kwehama dzake; naizvozvo tingashamisika here kuti akatisiira muenzaniso kuti nesuwo tive nekutsunga pazvinhu zvose kuti tiponeswe? Ndiye Mwari, isu tiri zvisikwa zvake; Ndiye Ishe, isu tiri varanda vake; Ndiye tenzi wepasi rese, isu tiri vanhu venyama- asi akatambudzwa! Ko isu tingatadza nei kutambudzika kana kutambudzika kuchigona kutiunzira kunatswa.

Naizvozvo hama dzangu, kana kufa kwangu kuchifanira kumuunzira mbiiri, namatai kuti kukasike kusvika. Asi kana zvakanaka kuti ndidzoke ndiri mupenyu, namatai kuti ndidzoke dzisina vanga- ndirege kuvanza chero chokwadi chimwe kuti ndiwanire hama dzangu muenzaniso wakanaka wekutevera. Zvinogona kuitika kuti hamuchazooni chiso changu zvakare muPrague; asi kana wemasimba ose andidzosa kwamuri ngatiendei mberi nebasa nesimba rose murudo rwaKe.” –Bonnechose, vol. 1, pp. 147, 148.

Muneimwe tsamba kumupirisita akange ave muteveri wake Huss akataura nekuzvininipisa nekuzvishora “pamusoro pekufarira kupfeka zvigaro.” akawedzera mashoko anobata aya: “Dai mbiri yaMwari nekuponeswa kwemweya zvazadza mwoyo wako, kwete kufa nezviwanikwa zvepasi. Chenjera kuti usashongedza imba yako kupfuura mwoyo wako. Zvininipise pamwe nevarombo uye usadzire pfuma yako mumitambo. Ndinotyira kuti uchazotambudzwa sezvandichaitawo…. Unoziva kudzidzisa kwangu kubva muhudzuku hwako; naizvozvo hazvibatsire kuti ndikunyorere zvakawanda. Asi ndinokukumbira zvikuru kuti usanditeedzera muzvinhu zvisina basa zvawakandiona ndichiwira mazviri.” Pamusoro petsamba iyi pakanga pakanyorwa kuti: “Ndinokukumbirisa kuti usavhure tsamba iyi kusvika wanzwa kuti ndafa.” Ibid., vol. 1, pp. 148, 149.

Arimurwendo Huss akaona pese- pese humbowo hwekupararira kwedzidziso dzake uye nekugamuchirwa kwadzakanga dzaitwa. Vanhu vakaungana kuzosangana naye uye mune mamwe maguta vatongi vakamuchingamidza munzira dzavo.

Achisvika muConstance, Huss akapiwa rusununguko rwese. Pamusoro pekuvimbiswa kuchengetwa namambo mukuru, Huss akavimbiswawo napapa kuchengetedzwa. Asi kunyange zvakadaro mushure menguva pfupi Huss akasungwa pasi pechirevo chapapa akakandwa mutirongo rakaipisisa. Mushure mazvo akaendeswa kurerimwe jeri kuRhine akachengetwa semusungwa. Napapawo vakazokandwa mutirongo rimwechetero mushure mekusabudirira pahondo dzavo. Papa uyu akanga awanikwa nemhosva dzehuori, hupombwe nezvimwe zvakaipisisa kutaura, pamusangano mukuru uyu. Dare rakaona kuti akanga asina kufanirwa nekorona naizvozvo akakandwa mutirongo. Vamwe anapapa vaipikisa navowo vakabviswa kukaiswa papa mutsva pachigaro.

Kunyange Huss akange asina mhosva asi ari iye aito tsiura mabasa akaipa emapapa aya, asi dare iri rakamurasa. Kusungwa kwaHuss kwakaunza hasha huru pavanhu veBohemia. Varume vanokudzwa vakataura vachipikisa kusungwa kwake. Mambo mukuru uyo akange avimbisa Huss chuchengetedzwa akange asingade kuti Huss asungwe asi mhandu dzemuparidzi weshanduko uyu dzakange dzinerusimbiro rukuru pahuronga hwadzo. Vakataura zvinesimba kunamambo mukuru maererano nekuchengetedzwa kwekutenda uye kubviswa kwevapanduki vesangano zvisinei kuti vakange vavimbiswa kuchengetedzwa namambo. Jacques Lenfant, History of the Council of Constance, vol. 1, p. 516.

Naizvozvo vakabudirira. Pakupedzisira Huss akaunzwa pamberi pedare, achirwara nekuda kwemweya waiva uri mutirongo raaive aiswa. Akamira pamberi pamambo mukuru akasungwa nemaketati. Murutongo rwake rurefu akamira pazvokwadi yeshoko, akataura zvakatendeka pamberi pavakuru vese achipikisana nehuori hwehutungamiri hwesangano. Apo akabvunzwa kuti aizosarudza chii pakati pekuramba dzidziso dzake kana kufa, akasarudza rufu.

Nyasha dzaMwari dzakamusimbisa. Mumavhiki akateverwa nerutongo rwake rwekugumisira, rugare rwedenga rwakazadza mwoyo wake. Achinyora kushamwari anoti; “Ndinonyora tsamba iyi ndiri mutirongo, ndakasungwa maoko ndichitarisira kutongerwa rufu mangwana…. Apo nekubatsira kwaJesu Kristu tichasanganazve murugare rweupenyu hwamangwana, uchaziva kuti Mwari akandiitira nyasha dzakadii, kuti Akandi batsira sei mukati memiyedzo.”- Bonnenchose, vol. 2, p. 67.

Mudima retirongo yake akaona kukurira kwekutenda kwechokwadi. Muhope dzake akaona achidzokera kuKereke yake yekuPrague uko akange aparidza evhangeri, akaona papa nemabhishopi ake vachinyangadza mifananidzo yaKristu iyo akange aisa pamadziro. “Hope idzi dzakamukanganisa, asi pazuva rakatevera akaona vanhu vazhinji vachiita basa

rekudzosera mifananidzo iyi yakawanda uye ichionekwa zvakajeka kwazvo. Mushure mekupedza basa ravo vanhu ava vakakombwa nemhomho huru yevanhu vaidaidzira vachiti, ‘zvino papa nemabhishopi ake ngavauye tione. Havambofa vakagonazve kudzima mifananidzo iyi.’” Akadaro Huss achirondedzera hope dzake. “Ndakabva ndava nechokwadi kuti mufananidzo waKristu hauzofi wakadzimwazve. Vangashuwira kuudzima asi uchaiswa patsva nemwoyo wese nevaparidzi varinani kupinda ini.”– D’Aubigne, b. 1,ch. 6.

Kekupedzisira Huss akaunzwa pamberi pedare. Paiva neungano huru inokudzwa-Mambo mukuru, machinda enyika, vatevedzeri vemachinda, vakuru vesangano, mabhishopi, maprisita, nevazhinji vakange vauya kuzoona chiitiko chemusinuyu. Kubva kwese kwese mupasi rechiKristu vanhu vakaungana kuzova zvapupu zvekuzvipira kwekutanga kukuru muhondo yekunamata kwakasununguka. Achidaidzwa kuti ataure sarudzo yake kekupedzisira, Huss akabudisa pachena kuti aizomira nedzidziso dzake. Akatarisa mumaziso amambo mukuru uyo akange amunyengedza nechivimbiso chekumuchengetedza akati: “Ndakauya kuzomira pamberi pedare rino nekuda kwangu, pasi pechivimbiso chekuchengetedzwa namambo uyo andimire pamberi pake.”– Bonnechose, vol. 2, p. 84. Chiso chamambo chakatsvuka apo meso evanhu vose vaiva mudare akatendeukira kwaari.

Rutongo rwakati rwapiwa, mutambo wekunyadzisa wakatanga. Mabhishopi akapfekedza musungwa wawo nenguwo yekunyadziswa, achipfeka nguwo iyi Huss anoti: “Ishe wedu Jesu akapfekedzwa nguwo chena yekuzvidzwa, apo Herode akaita kuti aiswe pamberi paPirato.” –Ibid., vol. 2, p. 86.

Pavakamuudza zvakare kuti arambe zvidzidzi zvake, akapindura: “Ndinozotarisana nedenga nechiso chakaita sei? Ndichazotarisana sei nezviso zvevanhu vazhinji avo ndakaparidzira evhangeri rechokwadi? Kwete, ndinokoshesa kuponeswa kwavo kupfuura muviri usina simba uyu uyo watongerwa kufa. Nguwo dzakabviswa imwe neimwe, bhishopi mumwe neumwe achitaura shoko rekutuka apo anenge achibvisa. Pedzezvo vakaisa ngowani yebepa apo pakange pakanyorwa mifananidzo inotyisa yemadhimoni, nemazwi anoti ‘Mudzidzisi mukuru wenhema’ akaiswa pamberi. Huss akadaidzira akatarira kudenga; Ndinopfeka nguwo yekunyadziswa iyi nokuda Kwenyu ndinemufaro mukuru, O Jesu, imi makapfeka korona yeminzwa nokuda kwangu.” Apo akange apfekedzwa, maprisita vakataura vachiti, “Zvino tinoisa mweya wako kunasatani.” Huss akanamatawo achiti, “Ndinoisa mweya wangu mumawoko enyu Tenzi Jesu, nekuti makandidzikinura.”- Wylie, b. 3, ch. 7.

Panguva iyi akapiwa kuhutungamiriri hwenyika ndokutungamirirwa kuenda kunzvimbo yekuurairwa. Mhomho huru yakatevera, mazana evarwi, maprisita nemabhishopi akashonga nguwo dzinodya mari zhinji, nevagari vemuConstance. Apo

akange asungirirwa pamurwi wehuni, moto wave kuda kutungidzwa, Huss akapihwazve mukana wekuramba zvidzidzo zvake kuti azviponese. Anopindura achiti: “Kukanganisa kupi kwandingarambe? Handizive chero mhosva imwe yandakapara. Ndinodana Mwari kundipururira kuti izvo ndakanyora nekuparidza zvaiva zvekusunungura mweya kubva kuzvivi nerutongo; naizvozvo ndichasimbisa neropa rangu chokwadi icho ndakanyora nekuparidza.”– Ibid., b. 3, ch. 7.

Apo moto wakatanga kubvira uchimutenderedza, akatanga kuimba, “Jesu, Mwanakomana waDavid, ndinzwireiwo ngoni,” akaramba achiimba kusvika izwi rake ranyaradzwa nekusingaperi. Kunyangwe nemhandu dzake dzakabatwa zvikuru nehushingi hwake. Mumwe mutendi akasimbira wechipapa achitsanangura kuurawa kwaHuss nekwaJerome akazourawawo munguva pfupi yakatevera anoti: “Vose vakanga nakadikama mupfungwa apo nguva yavo yekupedzisira yakanga yasvika. Vakagadzirira moto sekunge vaienda kumuchato. Havana kana kuchema nekurwadziwa. Apo moto wakatanga kukwira, vakatanga kuimba nziyo; hasha dzemoto hadzina kugona kuvanyaradza kuimba kwavo.”–Ibid., b. 3, ch. 7.

Apo muviri waHuss wakapera kupiswa, madota ake, pamwe nevhu iro akange ari, zvakatorwa zvikanokandwa murwizi Rhine, urwo rwakazvitakura kuenda kunyanza. Vatambudzi vake vakazvinyengedza nekufunga kuti vakange vanyaradza zvokwadi iyo akange aparidza. Havana kuziva nepadiki pose kuti madota ake ayo akaeredzwa kuenda kunyanza akange achazova mhodzi dzakaparadzirwa munyika dzose; kuti munyika dzisingazikanwe chokwadi chakange chaparadzirwa. Izwi rakange rataura mudare reConstance rakange ramutsa maungira aizonzwikwa mumazera anouya. Huss akanga asisipo asi chokwadi chaakafira hachaigona kuparadzwa. Muenzaniso wekutenda nekushinga kwake zvaizosimbisa vazhinji kuti vamirire chokwadi vasinga zungunuswi, kunyangwe pamberi pekutambudzwa kana rufu. Kuurawa kwake kwakange kwaratidza nyika hutsinye hweRoma. Mhandu dzechokwadi dzakange dzisingazivi kuti apo dzaefunga kuti dzirikupedza chikwadi dzaitochiendesa mberi.

Mumwe moto wakanga uchazoiswa zvekare paConstance. Ropa rechimwe chapupu raifanira kupupurira chokwadi. Jerome, apo akaparadzana naHuss achienda kudare, akamushingisa akavimbisa kuti kana aizopinda munjodzi iye aivapo kuzouya kuti amubatsire. Apo akanzwa kusungwa kwemumwe wake, muteveri uyu akavimbika akakasika kugadzirira kuzadzisa mhiko yake. Asina rudziviriro, akasimuka neshamwari imwechete, kuenda kuConstance. Achisvikako akabva aona kuti akange azvipinza munjodzi, uye haana zvaaigona kuita kununura Huss. Akabva abuda muguta achitiza asi akasungwa asati aenda kure akadzoswa akasungwa nemaketani. Paakatanga kuiswa pamberi pedare mhinduro dzake dzakasangana nekudaidzira, “Ngaapiswe, Ngaapiswe!”– Bonnechose, vol. 1, p. 234. Akakandirwa mutirongo, akasungwa nenzira yairwadza chose, akapiwa chingwa nemvura kuti adye. Mushure memwedzi mishoma hutsinye hwaakaitirwa

hwakaita kuti arware zvikuru zvekuti nhandu dzake dzakafunga kuti dzaizorasikirwa naye saka vakarerutsa kutambura kwake, kunyange zvazvo akaramba ari muhusungwa kwegore rose.

Kufa kwaHuss hakuna kuitika nenzira iyo vakuru veRoma vaitarisira. Kuputswa kwevimbiso yekumuchengetedza kwakamutsa bopoto guru munyika, naizvozvo dare rakatsvaka kumanikidza Jerome kuti arambe kutenda kwake senzira yaiva nani kupedza nyaya iyi pane kumupisa. Akamiswa pamberi pedare akapihwa mukana wekuramba dzidziso yake panekupiswa nemoto. Kwaari, dai akaurawa paakasungwa zvaiva nani pane kutambudzwa kwaakanga aitwa mutirongo, naizvozvo panguva iyi, apera simba nehurwere, uye nehutsinye hwetororngo rake, pamwe nekushungurudzwa mupfungwa uye kupatsana neshamwari dzake, kusanganisira nerufu rwaHuss; zvose izvi zvakapedza simba raJerome rekumira, zvikamupa kuti abvume kuita zvaidiwa nedare. Akazvimisira kuterera sangano reKatorike pakutenda akabvuma zvaidiwa nedare kuti arambe dzidziso dzaWycliffe naHuss. Nenzira iyi akafunga kuti aizonyaradza izwi rendangariro uye owana rusununguko. Asi ava oga muhusungwa akaona zvakajeka izvo akanga aita. Akafunga nehushigi nekutendeka kwaHuss akazvienzanisa nekuramba kwake chokwadi. Akafunga nezvaMuponesi uyo aakanga avimbisa kuzoshumira, uyo akazvipa nokuda kwake kurufu rwemuchinjikwa. Kuzvidemba kukuru kwakabata mwoyo wake. Akazvimisira kuti aizomira naTenzi wake pakuti atize kutambudzika kwenguva duku.

Akazodzoswazve pamberi pedare mushure menguva duku. Mhinduro dzake dzakange dzisina kunyatsogutsa dare revatongi. Nyota yavo yeropa, iyo yakange yamutswa nerufu rwaHuss yakange yokarirazve kutonhodzwa patsva. Jerome aifanira kuramba chokwadi zvinemutsindo kuti apunyuke. Asi parizvino akazvimisira kumira nechokwadi atevere hama yake kufuru rwevatsvene mumoto.

Akaramba zvaakanga ambobvuma pashure, akazvimisira kumiririra chokwadi chaaiparidza asati afa. Vadzivisi vake vakange vasingadi kuti ataure zvakawanda kunze kwekubvuma kana kuramba dzidziso dzake, vachitya kuti aizotendeutsa vazhinji vainzwa. Jerome akaramba izvi akataura achiti; “Makandivharira kwegore rose, mujeri rinonhuhwa, rinetsvina, ndichishaiwa zvinhu zvakawanda; nhasi mondiburitsa mondiunza pano kuti muteerere vavengi vangu vachitaura asi morambawo kundinzwa…. kana zvedi muri vahu vanenjere, uye mwenje wenyika, zvichenjererei kuti musatadzira kururamisira. Ini zvangu ndiri munhu asina kukosha nemmurwere, naizvozvo pandinokukurudzirai kuti musatonge zvisakarurama, handizviitiri ini asi imi.”– Ibid., vol. 2, pp. 146, 147.

Vakazomutendera kutaura. Pamberi pevatongi vake, Jerome akapfugama akanamata kuti Mweya waMwari ubate pfungwa dzake nemashoko ake, kuti asataure chinhu chinopikisana naTenzi wake nezvokwadi. Kwaari musi uyu mashoko aMuponesi akazadzikiswa, apo akati kuvadzidzi: “Muchaiswa pamberi pevatongi nemadzimambo

nokuda Kwangu…. asi musatya izvo muchapindura nekuti muchazvipihwa panguva imwechete iyoyo, izvo muchapindura. Nokuti hamusiri imi muchapindura, asi Mweya waBaba venyu unotaura mamuri." Mateo 10:18-20.

Mashoko aJerome akashamisa nekuyemurwa kunyangwe nevavengi vake. Kwegore rose aiva avharirwa mutorongo asingagone kuverenga kana kuona, ari mukutambudzwa kukuru kwenyama nepfungwa. Asi akataura zvakajeka nesimba semunhu asina kumbobvira avhiringwa zvidzidzo zvake. Akanongedzera vanzwi kumudungwe wevatsvene avo vakanga vatongwa nevatongi vakaipa ava. Mumazera ose kwakange kunevanhu avo vakapomerwa vakatongerwa zvakaipa kunyangwe vaifanirwa nekukudzwa.

Kristu pachake akatongwa semunhu akaipa pamberi pevatongi vasakarurama.

Apo akange amboramba kudzidzisa kwake, Jerome akangewo aratidza kudare kuti akange achiwirirana naro mukupa kwaro mhosva kuna Huss; asi panguva ino akaratidza kutendeuka kwake akataura pachena kuti aitenda kuhutsvene nemukushaiwa mhosva kwaHuss. "Ndakamuziva kubva muhuduku hwake," anodaro Jerome. "Aiva munhu akanaka, akarurama uye mutsvene; akapihwa mhosva kunyangwe akanga asina kutadza…. Neniwo ndakazvimisira kufa: Handingatye kutambudzwa kwaiswa pamberi pangu nemhandu dzangu nevapupuri venhema avo vachamira nerimwe zuva pamberi paMwari mukuru, uyo asinganyengedzwi, vachizvidavirira pamusoro pemanyepo avo."–Bonnechose, vol. 2, p. 151.

Achiratidza kuzvidemba pamusoro pekumboramba kwaakaita chokwadi, Jerome anoendera mberi achiti: "Pazvivi zvose zvandakamboita kubva pahuduku hwangu, hapana chinondiremera kudarika icho ndakaita panzvimbo ino, apo ndakabvumirana nedare pakupa mhosva kuna Wycliffe, nekuna tenzi wangu neshamwari yangu, John Huss, mutsvene waMwari. Ichokwadi, ndinoreurura uye kuzvidemba kuti ndakatadza, apo nokuda kwekutya rufu, ndakarasha kudzidzisa kwavo. Naizvozvo, ndinokumbira Mwari Wamasimbaose kuti andiregerere zvivi zvangu, kunyanya ichochi chandakaita pano chakaipisisa kupfuura zvose." Achinongedzera kuvatongi vake, akataura akasimba achiti: "Makazvidza Wycliffe naHuss kwete nekuti vakazungunusa dzidziso dzesangano, asi nekuti vakashoropodza huipi hwevakuru vesangano- kuzvikudza kwavo, nezvinonyangadza zvese zvavanoita, izvo zvinobuda pachena, uye neniwo ndinozvishoropodza." Mashoko ake akamiswa aripakati pekutaura. Vakuru vesangano, vachibvunda nehasha, vakadaidzira: "Chii chimwe chatingada kunzwazve? Tose tirikuzviona kuti pamberi pedu pamire mupanduki mukuru!"

Asingazungunuswi nedutu, Jerome akapindura: "Munofunga kuti ndiri kutya kufa here? Makandiona kwegore rose ndiri mutorongo rakaipa kupfuura rufu pacharwo. Makandibata zvakaipa kupfuura zvamungaisa muJudha kana muhedheni, naizvozvo

nyama yangu yaora pamapfupa angu ndirimupenyu; asi handina kumbogunun'una, kunyangwe zvangu ndichishamisika nehutsinye hwakadai hunoitirwa muKristu."– Ibid., vol. 2, pp. 151-153.

Zvakare bope rakasimuka, Jerome akakasika kubviswa achiendeswa kutorongo. Asi vakanga varipo vamwe mudare avo vakabatwa nemashoko ake uye vakatsvaka kumununura. Akashanyirwa nevakuru vesangano vakamukurudzira kuzvipira kuzvido zvedare. Akavimbiswa zvipo zvikuru zvaaizowana akabvuma kuzviisa pasi pezvido zveRoma. Asi Jerome akaamba akamira pakutenda kwake seizvo zvakaitwa naMuponesi wake panguva yekuedzwa. "Ndipangidzei kubva muShoko Dzvene kuti ndiri kutadza, ipapo ndichabvuma." Anodaro Jerome. Mumwe wevaedzi vake akadanidzira, "Shoko Dzene! Unofunga kuti zvinhu zvese zvinotongwa neshoko dzvee here? Ndiani anganzwisise Shoko Dzvene kana risina kudzudzirwa nesangano?" "Tsika dzevanhu dzingakosha kudarika evhangeri raMuponesi here?" Anopindura Jerome. "Pauro haana kukurudzira vanhu vaakanyorera kuti vateerere tsika dzevanhu, asi anoti, 'Tsvakai pamagwaro.'" "Mupanduki!" Akapindura mumwe mupomeri wake, "Ndinozvidemba kuti ndapambadza nguva ndichikunyengetedza ndisingaoni kuti unosundwa nemweya wakaipa." – Wylie, b. 3, ch. 10.

Ipapo akatongerwa kuparadzwa. Vakamutungamirira kunzvimbo imwechete apo pakafira Huss. Akaenda achiimba munzira yese, chiso chake chakajeka nemufaro nerugare. Meso ake akange akatarira panaKristu, uye rufu kwaari rwakanga rusisatyise. Apo uyo aitungidza moto akaenda kumashure kwake kuti atungidze moto, Jerome akadaidzira kwaari: "Huya pamberi pangu utungidze moto usingatye. Dai ndaitya ndingadai ndisiri pano." Mashoko ake ekugumisira, ayo akataura moto uchimukomberedza, waiva munamato. "Ishe, Baba Vamasimba ose, ivai netsitsi neni, mundiregererewo kudarika kwangu; nokuti Munoziva kuti ndakagara ndichida zvokwadi yenyu."–Bonnechose, vol. 2,

Izwi rake rakapera asi miromo yake yakaramba ichifamba mumunamato. Apo moto wakapedza basa rawo, madota emutsvene uyu akatorwa akandokandwa murwizi, Rhine sezvakaitwawo madota aHuss.

Ndiko kwakava kupera kwevasimudzi vemwenje waMwari vakatendeka. Asi chiedza chavakatungidza hachina kugona kudzimwa. Kuedza kudzima chiedza ichi zvaingafanana nekuedza kuvhara chiedza chezuva ririkubuda nezijira dema guru kuti chisavhenekere nyika. Kuurawa kwaHuss kwakamutsa moto wehasha munyika yeBohemia. Nyika yese yakaona kuti Huss akanga abatwa nehuipi hwemaprisita nekunyengera kwamambo mukuru. Akaitwa muparidzi wezvokwadi, uye dare rakamutongera rufu rakapihwa mhoswa yeropa rake. Dzidziso dzake dzakawana vateveri vazhinji kudarika kare. Nechirevo chapapa zvinyorwa zvaWycliffe zvakange zvatongerwa kupiswa. Panguva iyi

zvidzidzo zvake zvakange zvisina kutsva zvakaburitswa zvikadzidzwa pamwechete neBhaibheri vanhu vakawanda vakatungamirirwa mukutenda kurumutsiridzo.

Vaurai vaHuss havana kuramba vakanyarara izvi zvichiitika. Papa namambo mukuru vakabatana kuparadza basa iri, naizvozvo mauto aSigismund akatumirwa kuBohemia. Asi Mudzikinuri akasimudzwa. Ziska, uyo akava bofu mushure mekutanga kwehondo iyi, aiva mukuru wehondo anogona, ndiye akava mutungamiri wevanhu veBohemia. Vachivimba naMwari uye nehutsvene hwezvavairwira, vanhu ava vakakwanisa kumira vachirwa nehondo huru kwazvo. Mambo mukuru akasimudza hondo dzake kakawanda asi dzose hadzina kugona kukurira Bohemia. Vateveri vaHuss vakanga vasingatye rufu naizvozvo hapana chakagona kuvakunda. Ziska akazofa makaore mashoma hondo yatanga, nzvimbo yake ikatorwa naProcopius, uyo aive akashingawo uye ari mutungamiri wehondo anogona.

Mhandu dzeBohemia padzakanzwa nezvekufa kwaZiska dzakafunga kuti waiva mukana wekutora zvose izvo dzakange dzarasikirwa nazvo. Papa zvino vakadaidzira hondo tsvene kuBohemia, naizvozvo hondo huru yakaunzwa kuBohemia asi yakasangana nekukundwa kwakaipisisa. Imwe hondo tsvene yakadaidzirwa zvekare. Kubva kunyika dzose dzechipapa muEurope, kwakabuda varume, mari nezvombo zvekurwa. Mhomho yevarwi yakauya vainechokwadi chekuti hundo nevateveri vaHuss yakanga yozopera zvino. Varwi vazhinji ava vakapinda muBohemia vachivimba kuti vakange vachizokunda. Vanhu vakamira vachirwa nehondo iyi. Mapoka maviri aya akasangana apo vaipatsaniswa nerwizi pakati pavo. “Varwi vapapa vaiva hondo irinani zvakanyanya, asi panzvimbo yekuti vafambe vachiyambuka rwizi kundorwa nevateveri vaHuss avo vakanga vavinga kuzoparadza, varwi ava vakaramba vakamira murunyararo.”–Wylie, b. 3, ch. 17. Mushure mekanguva chimwe chinhu chinoshamisa chakaitika kuvarwi ava. Hondo huru iyi yakatanga kutiza ikaparara sekunge yadzingwa nesimba risingaonekwi nemunhu. Vazhinji vavo vakaurawa nevateveri vaHuss, avo vakavatevera vakanhonga pfuma zhinji yakasiiwa nevaitiza, izvo zvakaita kuti hondo iyi isiye vanhu veBohemia vapfuma zvikuru.

Mushure memakore mashoma akatevera, kwakamuka Papa mutsva, uyo akaronga imwe hondo tsvene. Sepakutanga varume nezviwanikwa zvakaunganidzwa kuenda kuhondo iyi. Kuregererwa kwezvivi zvikuru kwakavimbiswa kunevose vaizopinda pahondo iyi. Avo vose vaizofira muhondo iyi vakavimbiswa mugove kudenga, zvoti avowo vaizorarama pahondo iyi vaizowana pfuma kubva kune zvaizopambwa muhondo. Varwi vazhinji kwazvo vakauya vakasvika kuBohemia. Varwi veBohemia vakadududza vakadzokera shure, izvo zvakaita kuti varwi vapapa vatevere kusvika vapinda mukati-kati meguta vachivimba kuti vakange vatokunda. Pakarepo varwi vaProcopius vakamira, vakatarisana nemhandu, vakarwa navo. Apo varwi vapapa vakanzwa ruzha rwekuuya kwevarwi veBohemia, vakabatwa nekutya kukuru. Machinda, vakuru vehondo, nevarwiwo zvavo, vose vakarasa zvombo zvavo vakatizira kumativi ose. Mumirìriri wapapa akaedza

kudzosa mauto ake asi zvakaramba kusvika iye akukurwa nedutu rekutiza kwehondo yake. Hondo yakapera, zvekare pfuma huru ikawira mumaoko evanhu veBohemia.

Naizvo kechipiri hondo dzemuEurope, idzo dzaiva dzakawanda uye dzakadzidziswa kurwa, dzakawa pamberi pevanhu vashoma veBohemia pasina kana chombo chakasimudzwa. Apa pakaonekwa simba raMwari pachena. Mhandu dzakarohwa neruoko rwedenga. Uyo akaparadza hondo dzaFarao pagungwa Dzvuku, uyo akaita kuti hondo dzevaMedia dzitize pamberi paGedioni nevarwi vake vanemazana matatu, uyo akapedza hondo yemuAssiria aizvikudza nehusiku humwe, ndiye akange atambanudza ruwoko rwake kurwa nemudzvinyiriri.

Pakupedzisira, anapapa vaona kuti vakundikana kushandisa simba kuti vakunde, vakafunga kushanda nekunyengera. Vanhu veBohemia vakanyengedzwa vakafunga kuti vakange vapihwa rusununguko asi vasingazive kuti vakange vatopinzwa pasi pesimba reRoma. Vanhu veBohemia vakanga vatara zvinhu zvina izvo vaida kuti vaitirwe kuti vapinde murugare neRoma: kuparidzwa pachena kweEvangeri; kuwaniswa kodzero kwemunhu wese kuchingwa newaini zvepachidyo, uye kushandiswa kwerurimi rwavo parusando; kubviswa kwevakuru vesangano pazvigaro zvose zvehutongi hwenyika; uye kuti mumatare edzimhoswa vanhuwo zvavo pamwe nevaprisita vaizotongwa zvakafanana.

Hukuru hwesangano “hwakazobvuma kuti vateveri vaHuss vaitirwe zvavaida, asi kuti kududzirwa kwazvo kwaizoitwa nehutungamiriri chete- nemamwe mazwi, papa namambo mukuru ndivo vaizova nekodzero yekuzvidudzira.”– Wylie, b. 3, ch. 18. Naizvozvo chibvumirano chakaitwa, nenzira iyi Roma yakakwanisa kuwana kuburikidza nehunyengeri izvo yakanga yatadza kuwana kuburikidza nemhirizhonga; nokuti kana vaizova nesimba rekududzira zvirimuchibvumirano, sesimba ravaiva naro rekududzira magwaro, vaizomonyorora mashoko kuti awirirane nezvavaida ivo. Vanhu vazhinji veBohemia vachiona hunyengeri hwaiva muchibvumirano ichi vakaramba kuchigamuchira. Kupesana kwakamuka pakati pavo, izvo zvakatungamirira kupokana nekurwisana pakati pehama. Mukurwa uku, Procopius mukuru wehondo aikudza akawa, zvikatungamirira mukuparara kwerusununguko rwevanhu venyika iyi.

Sigismund, munyengeri waHuss naJerome akabva ava mambo weBohemia, naizvozvo kunyange akanga avimbisa kuchengetedza kodzero dzevanhu veBohemia, akaenderera mberi mukupa masimba kunaPapa. Asi haana zvizhinji zvaakabatsirwa nazvo nekuva pasi pesimba reRoma. Kwemakore makumi maviri hupenyu hwake hwakange hwakazadzwa nekushanda kunenjodzi. Mauto ake nepfuma yake zvakange zvapedzwa nekurwa mudzihondo dzaakaita, zvekuti mushure mekutonga kwegore rimwe chete akafa akasiya humambo hwake huri pedyo nehondo yemukati uyewo akazvisiira zita rakaipa. Kurwa, mhirizhonga nekudeuka kweropa zvakatevera. Zvekare mauto ekunze akauya akarwisa Bohemia, kutambudzwa kukuru kwevanhu nekuda keEvangeri kukasimukawo.

Apo hanma dzavo dzakaita mubatanidzwa neRoma, dzikagamuchira manyepo ayo, avo vakarambira pakutenda kwekare vakazvivambira sangano idzwa, vakazvitumidza kuti "United Brethren." Izvi zvakaunza kushoropodzwa kubva kunevamwe vanhu. Asi kutenda kwavo hakuna kuzungunuswa. Vakatizira kumasango nemapako uko vaiungana vachirava shoko raMwari nekunamata.

Kuburikidza nevatumwa vakatumwa muchivande kunyika dzakasiyanasiyana, vatendi ava vakaziva kuti munzvimbo dzakawanda kwaiva "nevamwe vakafanana navo vainge vakachengeta kutenda kweidi, uye vachitambudzwawo; uye kuti pakati pemakomo eAlps paiva nesangano rekare, raive rakazendama panheyo dzeMagwaro, richirwisana nehuori hweRoma."–Wylie, b. 3, ch. 19.

Ruzivo urwu rwakagamuchirwa nemufaro, pakatangiswa hurongwa hwekutaurirana nesangano remaWaridenzi. Vanhu veBohemia ava vakarambira paEvangeri munguva yekutambudzwa kwavo, vakasimudza maziso avo sevanhu vakatarisira kuuya kwechiedza chemangwanani. "Vaive mumazuva akaipa, asi … vakarangarira mashoko akataurwa naHuss, ayo akadzokororwazve naJerome ekuti zana remakore richati rapfuura ipapo mambakwedza achasvika. Mashoko aya akava KuvaTabori (vateveri vaHuss) sezvaiva mashoko aJosefa kuimba yaIsraeri yaiva muhutapwa: 'ini ndofa zvangu asi zvirokwazvo Jehovha uchakushanyirai akakubudisai.'"– Ibid., b. 3, ch. 19. "Pakupera kwesenduri yechishanu sangano reHama iri rakaenderera mberi nekukura. Pakutanga kweSenjuri yechitanhatu masangano avo akanga asvika mazana maviri muBohemia neMoravia." – Ezra Hall Gillett, Life and Times of John Huss, vol. 2, p. 570. Sangano remusaririra iri rakanga rakanaka kwazvo, iro rakapunyuka hasha dzemoto nemunondo, rikatenderwa kuona kubuda kwezuva rakanga rarehwa naHuss." –Wylie, b. 3, ch. 19.

Chitsauko 7 Kuparadzana Kukuru

Kune avo vose vakadanwa kuti vatungamirire sangano kubva mudima rehuPapa kuenda muchiedza chakajeka, Luther akava mukuru wavo. Akadzidzisa nekusatya uye nesimba rake rose nekutendeka, asingatyi chinhu kunze kwaMwari, achitenda kuBhaibheri rega sehwaro hwekutenda. Mwari akashandisa Luther kuita basa rakakura pakumutsiridza kereke.

Sevaparidzi veEvhangeri vekutanga, Luther akakurira mumhuri yaitambudzika. Akakurira mumusha wevarimi vepasi pasi munyika ye Germany. Baba vake vaishanda mumigodhi maicherwa zviwanikwa kuti Luther akwanise kuenda kuchikoro. Vaida kuti azova gweta asi Mwari vaida kuti azove muvaki wekereke yake iyo yainge yatanga kukura zvishoma nezvishoma mukati memazana emakore. Luther akawana dzidziso yakasimba kuburikidza nematambudziko nenhamo izvo zvakamugadzira kuti azove mushundi webasa raMwari akasimba.

Baba vaLuther akanga ari murume akarurama pakurarama kwake . Akanga asingatyi zvaizomuwira pamusoro pezvaanenge aita. Pfungwa dzake dzaisavimba nezvaiitwa nekereke. Baba vaLuther havana kuzvi gamuchira apo mwana wako akasarudza kuvapakati pevatungamiriri vesangano. Kwakatora makore maviri kuti vazoyanana zvakare asi baba vakaramba vasinga gamuchiri kaitiro kevakuru vekereke. Vabereki vaLuther vakanga vane hanya huru pamusoro pekudzidza nekukudzwa kwemwana wavo. Vaida kumupa dzidziso dzekuziva Mwari nekurarama hupenyu hwemunhu anotya Mwari. Mwanakomana aigara achinzwa munamato wababa kuti azorangarira Mwari zvakare azobatsira kufambiswa kwevhangeri. Vabereki vaiita zvose zvaiita kuti mhuri yavo ibudirire pazvose. Vaishingaira nemoyo wose kuti vararame hupenyu hwakachena nekushanda zvine pundutso. Dzimwe nguva vaimboita zvinopfuuridza mwero mukuedza kuita zvinhu zvose nemazvo.

Asi Luther mukuona kukanganisa kwavo, aitora zvakanaka zvose achisiya zvinenge zvakanganiswa nevabereki vake asingavashoori.

Luther aiitirwa hutsinye kuchikoro kwaakatanga kuenda arimuduku. Nekuda kwenhamo yavaiva nayo dzimwe nguva Luther aikwanisa kupemha zvokudya kuchikoro. Mashura aitendwa pamusoro pechinamato akazadza pfungwa dzake nekutya. Aikwanisa kurara achitya nekuda kwekutya pamusoro peramangwana, apo aiwona Mwari arimunhu anehutsinye asiri Mwari anerudo. Luther akaramba achishingaira kuti ave munhu arinani pakurarama semutendi. Akava nenyota yeshoko, akashuvira kuva munhu anozvininipisa kwete kuzvikudza.

Paakasvitsa makore gumi nemasere, akaenda kuchikoro chepamusoro (University of Erfurt), apo akanga avanemikana iri nani akava netarisiro dzakajeka kupfuura ari muduku

. Vabereki vakanga zvino vokwanisa kumupa zvaidikanwa nekuda kwekushingaira kwavo. Shamwari dzake dzaidzidzawo zvehugweta dzaimusimbisa. Akatanga kuverenga zvinyorwa zvevamwe vanyori ,achitora zivo kubva pahupenyu hwavo. Dzidziso dzaakawana kubva kuvabereki vake dzakaita kuti ashuvire kubudirira zvemhando yepamusoro pazvidzidzo zvake. Akakwanisa kukurumidza kuwana nzvimbo zvepamusoro nekuda kwenjere dzake. Kuzvidzora kwake pakufunga kwakaita kuti agadzirire mupfungwa dzake matambudziko ayizomuwira nekufamba kwenguva.

Kutya Mwari kwakagara mumoyo maLuther akava munhu anozvininipisa zvikuru pamberi paMwari. Akanga achishuvira kugara achitungamirirwa naMwari nguva dzose. Nguva dzose aitanga zuva rake nemunamato wekukumbira kutungamirwa. Aigara achitaura mashoko ekuti, “Kunamata kwakanaka ndiyo shamwari yekudzidza.” — D’Aubigne, b. 2, ch. 2.

Rimwe zuva, Luther akasangana neBhaibheri rechiLatin apo akanga arimunzvimbo inochengeterwa mabhuku ekuverenga. Akanga asati amboona bhuku rakadaro. Akanga asingazivi kuti bhuku rakadaro raiveko. Akanga achifunga kuti zvikamu zveBhaibheri zvaiverengwa mukereke ndiro Bhaibheri racho rose. Akatanga kuvhura Bhaibheri iri nekukatyaramara kukuru, achinamata kuti Mwari amupe bhuku rakaita seiroro!”—Ibid., b. 2, ch. 2. Ngirozi dzekudenga dzakanga dziri padivi pake dzichimuvhenekera kuti anzwisise chokwadi. Akava nekumutsiridzwa nekusimudzirwa pakutya kutadzira Mwari. Nechidiso chekuva akasununguka kubva pachivi, akazvitsaura kuti agare oga nekuda kweshoko raMwari. Akatanga kuita basa rinorema, achipemha mudzimba dzevanhu. Panguva yaaifanirwa kuva anoremekedzwa ndipo paakatanga kurarama hupenyu hwakadzika kudaro. Akazvigamuchira nekuti aifunga kuti zvivi zvake zvaimupa mhosva.

Aitora mukana wese waaiwana kuti adzidze Bhaibheri izvo zvaaifarira kupfuura zvinhu zvose. Paakanyanya kunzwisisa kuipa kwechivi, akatanga kutsvaga nzira dzekuregererwa zvivi achishandisa simba rake. Akatanga kurarama hupenyu hwekuzviwomesera, achizvinyima zvekudya nekuita mabasa akawoma. Akaramba kurarama hupenyu hurinyore. “Ndakava mushumiri aneshungu zvikuru ,” akazoti mushure, “ndakatevedza mitemo yandakazvipa nemazvo. Dai kudenga kwaiendwa nemabasa ndingadai ndaiponeswa ... Dai zvakaenderera mberi kwechinguvana, ndingadai ndakafira mukunyadziswa kwangu.”— Ibid., b. 2, ch. 3. Nekuda kwekararamire aka Luther akatanga kurwara izvo zvisina kuzopera. Pakuita kwake kwese uku, moyo wake hauna kuwana zororo.

Akasvika pakushaya zvekuita, nekupererwa. Mwari akaunzira Luther shamwari yaizomubatsira Luther. Staupitz akasimbisa pfungwa dzaLuther kuti atarise mberi kuna Jesu anoregerera zvitadzo zvake, arege kuramba akatarisa pamurango wekuputsa murairo waMwari. “Pachinzvimbo chekuzvirwadzisa nyama yako kuti uregererwe zvivi zvako,

zvikande mumaoko amuponesi. Vimba nerufu rwake pamuchinjiko nekururama kwake. Teerera kuMwanakomana WaMwari. Akauya semunhu kuti akuratidze rudo. Ida uyo akakuda usati wamuda."—Ibid., b. 2, ch. 4. Akataura mashoko aya enyasha. Mashoko ake akabata pfungwa dzaLuther zvikuru. Mushure mekutambudzika nenhema kwenguva yakakura, akakwanisa kutanga kunzwisisa chokwadi, moyo wake ukava nerugare.

Luther akazodzwa kuve muprista, akava mudzidzisi pachikoro chedzidzo yepamusoro cheWittenberg. Luther akatanga kudzidza Bhaibheri kubva mumitauro yarakanyorwa nayo yeHebrew ne Greek. Akatanga kudzidzisa Bhaibheri kusanganisira Mapisarema, Mateo Marko, Ruka naJohane netsamba dzaPauro. Bhaibheri rakatsanangurwa kuti vanhu vanzwisise. Staupitz, akakurudzira Luther kuti aparidzire vanhu shoko raMwari. Akambotya achifunga kuti haana kufanira kuparidza pachinzvimbo chaKristu. Akazogamuchira pfungwa iyi kwapera nguva yakareba. Akanga atove nesimba pakudzidzisa shoko raMwari, nyasha dzaMwari dzikauya pamusoro pake. Kugona kutsanangura zvakajeka kwake kwakabata moyo yevanhu vazhinji. Panguva iyi Luther akanga ari mwanakomana akatendeka wekereke yaPapa asina pfungwa dzekusiya kereke. Mwari vakamupa mukana wekushanyira Roma. Akafamba netsoka rwendo rwake, achimbozororo munzvimbo dzaigara vamwe vaPrisita vekereke. Paakasvika paichengetwa vamwe vashandi vekereke kuItaly, akashamisika achiwona hupfumi, nekunaka kwaive panzvimbo iyi. Vafundisi vaigara munzvimbo dzinoshamisira vakapfeka hembe dzinodhura vachidya chikafu chemhando yepamusoro. Luther akafanidza hupenyu uhu nehwake hwekuzviramba nekuzvininipisa akakuhunika nazvo.

Pakupedzisira akaona nechekure guta remakomo manomwe, ndokudaidzira; "Roma rinoera, ndinokukwazisa."- Ibid., b. 2. Ch. 6. Akapinda muguta, akashanyira makereke, ndokuteerera kungano dzinoshamisa dzaitaurwa nevaPrisita nekubata marusando ose aaifanira kubata. Kwese kwaaifamba aiona zvinhu zvaimushamisa nekutyisa. Akaona kuti maprisita anenge ose airarama muzvivi. Akanzwawo kutaura kwakaipa kuchibuda mumiromo yevashandi vemweya akazadzwa nekutya nekusaremekedza kwavo hutsvene hwekereke kunyange panguva dzeminamato mikuru. Apo aisangana nevafundisi akaona huori hwakaipisisa. Kwese kwaaitarisa aiona panzvimbo yeutsvene huipi hunotyisa. "Hapana munhu anogona kunzwisisa kukura kwezvivi zvinoitwa muRoma kunze kweuyo azviona." Akanyora Luther. "Saka zvichinzi, 'Kana gehena ririko, Roma yakavakirwa pamusoro paro: igomba rakadzika-dzika umo munobuda mando dzose dzezvivi.'"- Ibid., b. 2, ch. 6.

Panguva pfupi yakanga yapfuura pakange paitwa chivimbiso, naPapa, chekuregererwa kwezvivi kunemunhu anenge akwira nemabvi "danhiko raPirato," iro rainzi ndiro rakafambwa naKristu apo aibva pamberi paPirato pamusi waakatongwa, danhiko iri rainzi rakange rauya kuRoma nenzira yeminana. Luther aikwira danhiko iri rimwe zuva apo akanzwa munzveve dzake izwi rakatinhira semheni richiti: "Mutsvene

achararama nekutenda.” VaRoma 1:17. Akasimuka akabva padanhiko iri nekunyara nekutya kukuru. Shoko irir harina kuzobva pamwoyo wake zvachose. Kubva panguva iyi akatanga kuona zvakajeka huipi hwekuvimba nemabasa enyama pakuponeswa akadzidza kukosha kwekutenda mubasa rakaitwa naKristu. Meso ake akange azaruka zvekusazo pfigwazve. Apo akafuratira guta reRoma nemoyo wake wakabva wafuratirawo kutsika dzehuPapa kusvika adambura hukama nesangano zvachose.

Pakudzoka kwake kubva kuRoma, Luther akasvikopihwa digirii rekuva Chiremba wezvehuMwari (doctor of divinity) nechikoro chikuru cheUniversity of Wittenberg. Izvi zvakamupa mukana wekudzidza akasunungunga shoko raMwari nekuriparidza nekutendeka mazuva ose ehupenyu hwake, achisiya dzidziso dzose dzemenyepo dzeRoma. Akanga asisiri muPrisitawo zvake asi muparidzi weBhaibheri. Akange adaidzwa semufudzi kupa boka raMwari kudya, iro rakange rinenzara nenyota yeshoko. Akaparidza nesimba kuti maKristu akange asingafanirir kuwana imwe dzidziso kunze kweizvo zvakanyorwa mushoko raMwari, Bhaibheri. Mashoko aya akazungunusa nheyo dzehutongi hwaPapa. Aivawo mashoko azere nezvimiso zverumutsiriro.

Luther akaona kuipa kwekukudza dzidziso dzevanhu kupfuura shoko raMwari. Nekusatya akarwisana nepfungwa dzevadzidzi veRoma dzakanga dzakabata vanhu kemakore mazhinji. Akatsvaka kutsautsa vanhu kudzidziso dzakatsauka nekuipa idzi akavanangisa kuzvokwadi isingaperi yakaiswa pachena nevaprofita nevaApostora. Mashoko ake akasvika munzeve dzemhomho dzevanhu nekukosha kukuru. Vanhu vakanga vasati vambonzwa mashoko akanaka zvakadai. Rudo rwaMwari, nekuregererwa kwezvivi, zvakaunza mufaro netariro isingaperi mumoyo yevazhinji vakanzwa. paWittenberg pakayungidzwa mweje waizovhenekera pasi rose, uyo waizoramba uchiwedzera kujeka kusvika munguva yekuguma.

Asizve chiedza nedima hazvifambidzane. Kusimudzira chimwe kurwisana nechimwe. Muponesi wedu akdaidzira achiti: “Handina kuuya kuzoisa rugare asi munondo.” Mateo 10:34. Makore mashoma mushure mekutanga kwerumutsiriro Luther akataura achiti: “Mwari vanondisunda, vanonditakura. Handiiti zvandinoda. Kunyangwe ndichida kugara hangu pasiasi Mwari vanondikanda mushanduko.”- D’Aubigne, b. 5, ch. 2. Akange zvino ave kupinzwa mugakava.

Sangano reRoma rakanga richitengesa nyasha dzaMwari. Matafura evatengesi vemari akanga akamiswa pamativi emaatari esangano (Mateo 2112), uye mumhepo makanga muzere ruzha rwevatengesi nevatengi. Paitsvagwa mari yekuvaka muzinda weSt. Peter’s kuRoma vanhu vakapihwa mikana yekubhadhara kuita zvivi nehutungamiri hwaPapa. Nemutengo wezvakaipa temberi yekunamatira Mwari yakavakwa- ibwe repakona rikaitwa nemubairo wezvivi. Asi izvi ndizvo zvimwe zvakapa simba vavandudzi vechitendero

vakakwanisa kurwisana nehunyengeri hwesangano kusvikira nheyo dzehutongi hwaro dzazungunuswa.

Munhu akapihwa simba rekutungamirira kutengeswa kweruponeso muGermany- Tetzel- uyo aive atongerwa mhosva dzakaipisisa munyika iyi, akapukunyuka mhosva dzake akapihwa simba rekuenderesa mberi zvirongwa zvehuipi hwapapa uhu. Akatanga kudzokorora nekudzidzisa nhema kuchaunga chaitenda mashura. Dai vanhu ava vaiziva shoko raMwari vaisanyengerwa. Vakarambidzwa kuti vazive shoko raMwari vega kuti vavanyengere vachitora pfuma kwavari. (Verenga John C. L. Gieseler, A Compendium of Ecclesiastical History, per. 4, sec. 1, par. 5.)

Tetzel paakasvika muguta, mutumwa akamhanya mberi kwake achideedzera: “Nyasha dzaMwari nedzaPapa dzasvika pamasuvo enyu.”— D’Aubigne, b. 3, ch. 1. Vanhu vakagamuchira murevi wenhuma uyu sekunge ndiye Mwari pachake aburuka kubva kudenga. Tetzel akaenda mberi kwevanhu mukereke akakurudzira vanhu kuti vabvise mari kuti varegererwe zvivi zvavo. Akaudza vanhu kuti ukangobhadhara chivi chako, unenge wasunungurwa, “panenge pasisina chikonzero chekutendeuka.”—Ibid., b. 3, ch. 1. Akaudza vanhu kuti unokwanisa kubhadharira hama dzakafa kuti dziponeswe kubva mupegatori kuenda kudenga. (See K. R. Hagenbach, History of the Reformation, vol. 1, p. 96.)

Simon Magus paakada kutenga simba rekuita zvishamiso kubva kuvadzidzi, Peter akati kwaari: “Sirveri yako ngaiparadzwe newe, nokuti wafunga kutenga chipo chaMwari nemari.” Mabasa 8:20. Asi chipo chaTetzel chakagamuchirwa nevazhinji. Sirivheri nendarama zvakaunzwa muhomwe yake. Ruponeso rwekutenga nemari rwaiva nyore kuwana pane kutanga watendeuka nekutenda uchibva wasiya zvivi. (See Appendix note for peji 59.

Dzidziso yekutenga kuregererwa yakazvidzwa mukereke yeRoma nevanhu vakanga vakadzidza uye vaitya Mwari. Hakuna mumwe chete kuvakuru vekereke akakwanisa kupikisana nekaitiro aka asi vanhu vaingogunun’una vachishuvira kuti dai Mwari angomisa tsika yakadai. Luther akabatwa nekutya kukuru nezvakanga zvavekuitwa mukereke zvekutengesa ruponeso. Nhengo dzake zhinji dzakapihwa zvitupa zvekuregererwa , vakatanga kuenda kuna mufundisi wavo kundokumbira kuregererwa zvivi zvavo, kwete nekuti vakaknge vatendeuka asi nekuti vakanga vabhadhara .Luther akavaudza kuti vanofanirwa kusiya nzira dzavo dzakaipa kuti vave vakaregererwa zvivi zvavo vasaparare vari muzvivi. Vanhu vakadzokera kunaTetzel nechichemo chekusagamuchirwa kwetsamba dzavo dzekuregererwa zvivi naLuther. Vakakumbira zvikuru kuti vadzoserwe mari dzavo. Mukuru wekereke akabatwa nehasha zvikuru. Akataura mashoko makuru ekumhura, akaraira kuti moto ubatidzwe pachena, akati

“ndagamuchira shoko kubva kuna papa rekupisa vanhu vose vanopikisa kubhadharwa kuregererwa kwezvivi.”— D’Aubigne, b. 3, ch. 4.

Luther zvino akatanga basa rake semhare yezvokwadi. Akanzwikwa achiparidza achiyambira nekurevesa. Akaudza vanhu kuipa kwechivi akaisa pachena kuti hakuna anokwanisa kuzvisunungura kubva pachivi nesimba rake. Kutenda kuna Jesu nekutendeka ndizvo zvega zvinokwanisa kusunungura munhu. Nyasha dzaMwari hadzitengeswi asi chipo chinongopihwa pachena naMwari. Akaudza vanhu kuti vasatenge kuregererwa zvivi, asi vaise kutenda kunaMuponesi akaroverwa pamuchinjiko. Akatsanangurira vanhu hupenyu hwake apo aitsvaga kururama achishandisa simba rake. Akakurudzira vanhu kuti vatarise kuna Mwari chete kuti vawane rugare nerunyararo.

Apo Tetzel akaenderera mberi pakubira vanhu Luther akaramba achipikisa tsika iyi yekutyora kodzero dzevanhu. Kereke yepaWittenberg yakanga ine mifananidzo yakawanda iyo yairatidzirwa kuvanhu pamazuva akasanangurwa, apo zvivi zvevanhu vaiiuya kuzoreurura pamazuva aya zvizoregererwa nesangano. Nokudaro vanhu vazhinji vakaenda kukereke iyi nemazuva aya. Mumwe wemitambo iyi wakanga wavekusvika wainzi Mutambo Wavatsvene Vose. Zuva raitevera Luther akabatana nechaunga chaienda kukereke . Akanamira, pamukova wekereke, zvinyorwa makumi mapfumbamwe nezvisahnu zvaipikisana nekutengeswa kweruponeso. Akanga akazvimisira kumiririra zvinyorwa izvi kana paine vanenge vachizvipikisa.

Zvinyorwa izvi zvakabata ndangariro dzevanhu vakawanda. Zviverengwa izvi zvakaverengwa kakawanda. Pakava nemanyukunyuku pachikoro nemuguta rose. Zvinyorwa izvi zvairatidza kuti simba rekuregerera zvivi nekupa murango harina kubvira rapihwa kuna Papa. Chitsotsi chese chakagadzirwa kungobira vanhu mari, kubudikidza nekuvatendesa nhema dzasatani kuti vaparare. Zvakaratidzawo zvakare kuti shoko raMwari rakanga rakakosha zvikuru kukereke. Rairatidza nyasha dzaMwari idzo dzaipihwa pachena avo vanotsvaga kutendeuka kubudikidza nekutenda. Zvinyorwa zvaLuther zvakaita kuti paitwe hurukuro asi pakanga pasina aikwanisa kumira achizvipikisa. Zvinyorwa izvi zvakapararira munyika yese yeGermany nemuma kristu ose. Vamwe vatendi vakatendeka vechiRoma, vaishaya kuti vangatsiura sei zvakaipa izvi, vakaverenga zvinyorwa nemufaro mukuru vachiti iri raive inzwi raMwari. Vakaona rwuri rwuwoko rwaMwari rwauya kuzodzivisa zvakaipa zvakanga zvichiramba zvichikura muRoma. Vatongi nevatungamiri venyika vakafara muchivande nekuti simba rehudzvinyiriri raizo wongororwa kashandiro karo.

Vazhinji vaifarira kurarama muzvivi vakabatwa nekutya apo zvaivadzivirira kubva mukutya zvakabviswa. Apo vakuru vekereke vakaona kuti pfuma yavo yapinda panjodzi, vakabatwa nekutya kukuru, vakasimuka kuti vamiririre hunyengeri hwavo. Luther aifanirwa kusangana nevavengi vake. Vamwe vaimuti wasundwa nemanyawi zvakare

haana kutumwa naMwari kunyora zvinyorwa izvi. “Ndiyani asingazivi,” akapindura, “kuti hazvina kujairika kuti munhu auye nepfungwa itsva asingaonekwi seanozvikudza, zvakare anopihwa mhosva yekuunza nyongano? ... Chinyi chakaita kuti Kristu nevamwe vakafira vhangeri vaurayiwe? Vaiwonekwa sevanhu vaizvikudza vasingateereri pfungwa dzevatungamiriri venguva iyoyo vachiunza dzimwe dzidziso vasina kukumbira kuvakuru.” Akavaudza zvakare achiti: “Zvese zvandichaita hakuzi kuda kwevanhu asi Mwari ndivo vanonditungamirira. Kana basa riri raMwari, ndiyani angaridzivisa? Kana basa riri raMwari diyani achariendesa mberi? Mwari ndivo voga vachaita kuti basa ravo riende mberi?”—Ibid., b. 3, ch. 6.

Luther aizosangana nematambudziko kunyangwe aitungamirirwa neMweya waMutsvene. Vavengi vake vakatanga kumushoropodza hupenyu hwake, izvo zvakaramba zvichi kanganisa kufamba kwechokwadi nekukasika. Aitarisira kuti vatungamiriri vekereke nekunyika vachabatana naye pakuunza mutsiridzo. Mashoko ekurudziro kubva kuvatungamiriri akamupasimba, mufaro netariro. Akanga avekuona chiedza chichiuya kukereke. Kurudziro yakazoshanduka, ikava kutukwa nekushoropodzwa kukuru. Vakuru vose vakagutsikana kuti zvinyorwa zvaLuther zvaive zvechokwadi, asi havana kuzvigamuchira nekuti zvaizounza shanduko yakakura. Shanduko iyi yaizomisa kuuya kwemari yakawanda kukereke yeRoma. Kudzidzisa vanhu kuti vavimbe naKristu chete zvaibvisawo simba ravo. Nekuda kwaizvozvo havana kugamuchira mutumwa WaMwari akanga auya kuzovavhenerekera.

Luther akadedera paakazvitarisa- munhu mumwechete anopikisana nevatongi vepasi rose. Pamwe aimbokatyamara kana vari Mwari vakamutuma kupikisana nemasimba. “Ndingava aniwo zvangu ndingapikisana nemasimba eRoma ayo anoita kuti madzimambo enyika dzose adedere nekutya.” Anodaro Luther, “Hakuna anoziva kudzamirwa kwandakaita mumakore maviri ekutanga aya, ndakanyura mukukuhunika nekutya kwakanyanya.” Ibid., b. 3, ch. 6. Kunyange zvakadaro haana kurasha moyo zvachose. Apo rubatsiro rwevanhu rwakashaikwa, Luther akatenda kuti aizovimba neruwoko rwaMwari oga rusingakundikane kurinda vanhu vake.

Kutenda kwechokwadi kwakatora chinzvimbo chekutenda kwenhema kwakanga kwatora nguva refu kuri mukereke. Vanhu vakatanga kusava neshungu nemanyepo aidzidziswa nekereke yeRoma. Shoko raMwari raiparidzwa naLuther raibatsira kuona musiyano wechokwadi nenhema. Kwakava nerumutsiriro kunyika zhinji. Kwakava nenzara nenyota kuvanhu vazhinji. Maziso evanhu akatanga kubviswa pakuwona vanhu sevamiriri vakatarisa pana Kristu akaroverwa pamuchinjiko. Kuparirira uku kwakavhundutsa papa nedare rake. Luther akadanwa kuRome kuzozvidavirira pamusoro pedzidziso idzi. Kudana uku kwakatyisa shamwari dzake. Luther Akaziva njodzi yaizomuwira nekuti papa akanga akatombouraya vamwe vatendi vaJesu. Shamwari dzaLuther dzakaramba kuti ayende kuRome asi atongwe ari munyika yeGermany. Papa

akatuma nhume kundo teerera nyaya yake. Mutsamba yakatumwa nenhume yapapa, Luther akanga akatonyorwa kuti mudzidzisi wenhema. Dare rakatoudzwa kuti ripe murango risinga pambadzi nguva. Kunonoka kumupa murango kwaiitakuti awane simba pamusoro pevanhu." Vaida kumubvisa pakati pevanhu vose."— Ibid., b. 4, ch. 2. Papa akaraira kuti vose vacharamba kuti Luther apihwe murango wake semudzidzisi wenhema aizobviswa pakati pevanhu. Apa ndipo pakaratidzwa chimiro chehutungamiriri hwechi papa. Pakanga pasingafanirwi kuonekwa nyaya dzechiKristu muchinyorwa chapapa zvakare hapafaniri kuwanikwa kutonga kwakarurama. Luther akanga arikure neRome; akanga asingagoni kutsanangura achizvimiririra asi musi mumwechete akanzi ngaapihwe mutongo wake semudzidzisi wenhema. Izvi zvakaitwa napapa anozviti baba vatsvene, muridzi wekereke nenyika. "Ndaimbova ani," akadaro Luther, "kupikisana nemasimba apapa anotyiwa nemasimba enyika yose ? ... Hakuna anoziva zvaiita moyo wangu makore maviri apfuura aya, kuti ndakapinda pakushushikana kwakakura zvakadini."—Ibid., b. 3, ch. 6.

Asi haana kusiiwa kusvika pakuwora moyo. Apo akashaya munhu aimubatsira akatarisa kuna Mwari oga kuti adzidze murunyararo ari mumaoko akachengetedzeka. Luther akanyora: "Tinotanga kunamata tisati tadzidza shoko raMwari. Kumbira nyasha kubva kuna Mwari kuti dzibatsire kunzwisisika kweshoko raMwari. Hakuna mumwe mududziri weshoko raMwari kunze kwake iye Mwari. 'Vachadzidziswa vose naJehovah.' Ngative nekutenda munaMwari kwete musimba nenjere dzedu. Ngativimbe naMwari ega neMweya Mutsvene."—Ibid., b. 3, ch. 7.

Apa ndipo panechidzidzo kune vose vanoshuvira kundodzidzisa vamwe chokwadi chenguva ino. Chokwadi ichi chinomutsa ruvengo kubva kuna satani nevanhu vasingadi chokwadi asi nhema dzavakagadzira. Mukurwisana nemasimba ewakaipa panodikanwa simba raMwari kutibatsira. Apo vavengi vaidzokera kutsika dzavo nedzidziso dzechipapa, Luther aishandisa Bhaibheri shoko raMwari roga. Vakashuvira kuuraya Luther nekuti vakatadza kutsanangura shoko raMwari, sezvakaita maJuda kuna Jesu apo vakashevedzera. "Mudzidzisi wenhema," Mauto eRoma akasheedzera. "Hazvina kunaka kusiya mudzidzisi wenhema achirarama kwenguva imwechete. Gadzirai zvimbo yekuti apiswe nemoto!"—Ibid., b. 3, ch. 9. Luther haana kuvhunduka hasha dzavo. Mwari akanga aine chinangwa naye, akatuma ngirozi kuzomuchengetedza. Vazhinji vakagamuchira chiedza kubva kuna Luther, vakatanga kutambudzwa naSatan vamwe vakasvika pakuuraiwa. Dzidziso dzaLuther dzakakwezva pfungwa dzevanhu vaidzamisa pfungwa munyika yeGermany Kubudikidza nemharidzo nezvinyorwa zvake vazhinji vakamutswa moyo.

Kutenda kwechokwadi kwakatora chinzvimbo chekutenda kwenhema kwakanga kwatora nguva refu kuri mukereke. Vanhu vakatanga kusava neshungu nemanyepo aidzidziswa nekereke yeRoma. Shoko raMwari raiparidzwa naLuther raibatsira kuona musiyano wechokwadi nenhema. Kwakava nerumutsiriro kunyika zhinji. Kwakava

nenzara nenyota kuvanhu vazhinji. Maziso evanhu akatanga kubviswa pakuwona vanhu sevamiriri vakatarisa pana Kristu akaroverwa pamuchinjiko. Kuparirira uku kwakavhundutsa papa nedare rake. Luther akadanwa kuRome kuzozvidavirira pamusoro pedzidziso idzi. Kudana uku kwakatyisa shamwari dzake. Luther Akaziva njodzi yaizomuwira nekuti papa akanga akatombouraya vamwe vatendi vaJesu. Shamwari dzaLuther dzakaramba kuti ayende kuRome asi atongwe ari munyika yeGermany. Papa akatuma nhume kundo teerera nyaya yake. Mutsamba yakatumwa nenhume yapapa, Luther akanga akatonyorwa kuti mudzidzisi wenhema. Dare rakatoudzwa kuti ripe murango risinga pambadzi nguva. Kunonoka kumupa murango kwaiita kuti awane simba pamusoro pevanhu.” Vaida kumubvisa pakati pevanhu vose.”— Ibid., b. 4, ch. 2. Papa akaraira kuti vose vacharamba kuti Luther apihwe murango wake semudzidzisi wenhema vaizobviswa pakati pevanhu. Apa ndipo pakaratidzwa chimiro chehutungamiriri hwechi papa. Pakanga pasingafanirwi kuonekwa nyaya dzechiKristu muchinyorwa chapapa zvakare hapafaniri kuwanikwa kutonga kwakarurama.

Luther akanga arikure neRome; akanga asingagoni kutsanangura achizvimiririra asi musi mumwechete akanzi ngaapihwe mutongo wake semudzidzisi wenhema. Izvi zvakaitwa napapa anozviti baba vatsvene, muridzi wekereke nenyika.

Mwari vakatumira Luther shamwari yaizomusimbisa yainzi Melanchthon kuWittenberg. Melanchthon akawana vateveri vakawanda nekuda kwekugona kutaura, nenjere dzakapinza, kutendeka nekufambirana kwake nenguva. Akanga ari munhu akanyorova. Akava muteweri wevhangeri, izvi zvakaita kuti awe shamwari yaLuther yaaivimba nayo. Hunhu hwake nehwaLuther hwaiita kuti basa riende mberi zvakanaka. Nzvimbo yeAugsburg yakavakwa senzvimbo yekupira vanhu mitongo yavo . Luther akashanyira nzvimbo iyi. Kutya kwakavapo muvanhu nekuda kwaLuther. Akayambirwa kuti aikwanisa kuurayiwa munzira saka shamwari dzake dzakaedza kumunyengetedza kuti asaende. Vakamukumbira kuti abude munzvimbo yeWittenberg kwechinguva chiduku aende kunzvimbo yaaizochengetedzeka.

Luther akaramba kusiya nzvimbo yaakaiswa naMwari. Aifanira kurambira pachokwadi kunyangwe aisangana nematambudziko akawanda. Mashoko ake akanga ari ekuti: “Ini ndakaita saJeremiah, munhu wekushingaira nekukakavadzana; mufaro wangu unowedzera apo vanenge vachiwedzera kundishungurudza... Vakandizvidza kare nekundidzikisira. Changosara chavanoda, muviri wangu wasakara uyu. Regai vautore; vanoda kundiuraya munguva shoma inotevera. Chavasingagoni kutora mweya wangu. Uyo unoparidza shoko raKristu kunyika, anofanira kutarisira rufu.”— Ibid., b. 4, ch. 4.

Kusvika kwaLuther muAugsburg kwafadza mutevedzeri wapapa. Mudziddzisi wenhema akanga anetsa, ava mumaoko eRoma, zvakare akanga asingafaniri kupukunyuka. Luther akanga amboyambirwa neshamwari dzake kuti asayende. Mutevedzeri wapapa aida

kuti Luther arevurure kuti arege kuendeswa kuRome asavurawe sezvakaita Jerome. Akaronga kuti anyengerere Luther.

Luther akaramba kuita zvose. Akabvuma kuenda pamberi papapa avimbiswa kuchengetedzwa nemutungamiriri wenzvimbo iyi. Vanhu vemu Roma vaida kushandisa nzira yekunyengerera Luther kuti aite zvavanoda. Mutevedzeri wapapa akaratidza hanya kuna Luther paaimubvunza, achida kuti asapikise kana kubvunza paaizotongwa nedare guru. Akanga asinganyatsonzwisisi munhu waaitaura naye. Luther akapindura achiratidza kuremekedza kereke, chidiso chake chekutevera chokwadi, kugadzirisa kwake kuzozvidavirira pane zvose zvaakadzidzisa, nekuisa zvinyorwa zvake kuzvikoro zvedzidzo yepamusoro kuti zviongororwe. Akapokana nepfungwa yekuti asazvidavirira ega pazvidzidzo nemharidzo zvaakapa kuvanhu vasina kumuudza paakarasika. Luther akaratidza kuti dzidziso dzake dzaibva muBhaibheri zvakare akaramba akasimbira padziri akati haakwanisi kuzvidza chokwadi. Mutevedzeri wapapa paakatadza kupindura akatanga kushowora nekutuka Luther asingamupi mukana wekutaura.

Luther akazopihwa mukana wekupindura muzvinyorwa. “Mukuita izvi,” anodaro seari kunyorera kushamwari, “ uyo akadzvinyirirwa achawana zvikamu zviviri; chekutanga, zvichanyorwa zvichaenda kunevamwe vatongi; chechipiri, mumwe achashandisa pfungwa dzake nemazvo.”—Martyn, The Life and Times of Luther, mapeji 271, 272. Luther akatsanangura zviri pachena achishandisa Bhaibheri shoko raMwari. Mushure mekuverenga chinyorwa chake zvainyatsonzwika, akapa kudare chinyorwa chake icho chakarasirwa kure chichinzi chaive chakazara nhema. Luther akanga anyatso sangana nevakuru veRoma zvemazvirokwazvo izvo zvakabvisa kufungidzira kwose. Mutongi paakaona kuti Luther aitaura zvinehuchenjeri akatadza kuzvidzora akaviruka nehasha. Akadeedzera nehasha akati: “Tendeuka kana kuti ndokuendesa kuRome, pamberi pevatongi vakatumwa kuzokuwongorora. Ndichakubvisa pakati pevanhu, vose vanokutevera ndichavapa murango wavo.” Akapedzisira achideedzera nenzwi rehasha kuti Luther atendeuke kuti aizovuraiwa: —D’Aubigne, London ed., b. 4, ch. 8.

Luther neshamwari dzake vakasuduruka vakavimbisa kuti vaisazodzokera shure pachinangwa chavo. Ichi chakanga chisiri chinangwa chevatungamiri vesangano. Vaifunga kuti Luther aizobvuma mushure mekunge vashandisa chisimba. Vakaona kukundikana kwezano ravo. Zvakaitwa naLuther zvakabereka michero. Vazhinji vakanga vakaungana vakakwanisa kuona musiyano pakati pemutongi naLuther kuti ndeupi akanga akamira pachokwadi. Luther mukuzvininipisa kwake akamira panaMwari achitsigirwa nechokwadi cheshoko rake. Mumiriririri wapapa aitaura asina kana tsigiro yeshoko raMwari. Aingopedzisira avekudeedzera kuti Luther atendeuke kana akaramba aizorangwa. Vatungamiriri veRoma vakanga vakaronga kubata Luther vomuisa mutirongo. Shamwari dzaLuther dzakaita kuti adzokere Wittenberg nekukasika. Akasimuka achibva Augsburg zuva risati rabuda ari pamusoro pebhiza, akakombwa nevanhu vaimuchengetedza

vakatumwa nemutongi. Akabuda kaverevere nemigwagwa yeguta kuchakasviba. Vavengi vake vaironga kumuvuraya. Aizokwanisa here kupukunyuka miteyo yakanga yagadzirwa iyi? Yakanga iri nguva yekushushikana nekunamata. Akasvika pasuwo duku reguta. Vakawana rakavazarukira kare nevaimuchengetedza. Vakapinda zviri nyore. Luther akachimbidza kutiza kuti vavengi vake vazozviziva avakure kwavaisazomubata. Satan nevatumwa vake vakakurirwa.

Munhu wavaifunga kuti vabata, akapukunyuka kubva pamusungo seshiri. Mumirириri wapapa paakanzwa kuti Luther atiza, akabatwa nekushamisika nehasha. Aitarisira kukudzwa nekugona kudzivisa munhu aiparidza nhema achikanganisa kereke. Tarisiro yake yakabva yapera. Kuratidza kutsamwa kwake mutsamba yaakanyorera kunaFrederick weku Saxony achizvidza Luther akaraira kuti Frederick atumire Luther kuRome kana kuti asapinde muSaxony. Luther akakumbira kuti mumirириri wapapa kana papa vamuratidze kukanganisa kwake vachitsinhanisa neshoko raMwari. Izvi ndizvo zvaizoita kuti arase zvinyorwa zvake. Akatenda Mwari nekuti aizotambudzwa nekuda kweshoko ravo. Frederick akazvimisira kuchengetedza Luther kusvika pawanikwa paari kukanganisa. Akanga anakidzwa nekutsanangura kwaLuther. Akapindura tsamba yakabva kune mumirириri wapapa: “Nekuda kwekuti Dr. Martin vakambosvika kuAugsburg pamberi penyu, maifanira kugutsikana. Anofanira kutendeuka mushure mekuratidza zvizere kukanganisa kwake. Hakuna kana mumwe chete munzvimbo mangu akakwanisa kutsanangura kukanganisa kwaMartin.’ Luther haana kuendeswa kuRome, kana kubva paakanga achigara.”—D’Aubigne, b. 4, ch. 10.

Akaona zvakare kuti pakanga pasina hunhu hwakanaka pakati pevanhu. Vanhu vaifarira kumutsiridzwa. Panenge pasisina chikonzero chekushandisa murango yakawomarara kana vanhu vakadzidza tsika dzakanaka. Izvi ndizvo zvaitarisirwa na Luther. Semudzidzisi pachikoro chedzidzo yepamusoro, Luther akanga abudirira. Mushure megore Luther aisa zvinyorwa zvipfumbamwe pamusiwo wekereke, vanhu vaingoramba vachiita vashoma vaiuya kumitambo weVatsvene Vose. Vatendi veRoma vakaramba vachiita vashoma nezvipo zvakanga zvavakubviswa zvishoma. Pa Wittenberg, pakanga pavekungouya vanhu vaizouya kuzodzidza. Zvinyorwa zvaLuther zvakaita kuti vanhu vazhinji vaite shungu dzekuverenga shoko raMwari munzvimbo zhinji. Vakomana vechidiki vaifara pavaisvika paWittenberg vachirumbidza Mwari nekuda kwechiedza chechokwadi chaibva panzvimbo iyi sezvakaita paZion yekare.”—Ibid., b. 4, ch. 10.

Luther akanga asati abuda zvakazara kubva mutsika dzeRoma. Akashamisika paakanga achitsinhanisa Shoko raMwari nezvinyorwa zveRoma. “Ndiri kuverenga zvinyorwa zvevakuru vekereke ... handizivi kana papa ari iye Anti Kristu, kana muteveri wake, asi chandinoziva ndechekuti havasi kumiririra Kristu zvinotarisirwa.”—Ibid., b. 5, ch. 1. Panguva iyi Luther akanga arinhengo yeRoman asina pfungwa dzekubuda mukereke. Zvinyorwa zvaLuther zvaisvikawo kumaKristu mazhinji pasi rose. Basa revhangeri

rakasvika kuSwitzerland nekuHolland. Zvimwe zvinyorwa zvake zvakasvika kuFrance, Spain, England, Belgium neItaly. Vanhu vazhinji vakamutsiridzwa murufaro nemukutenda. Roma yakatanga kushunguridzika nekutsiurwa kwayaiitwa naLuther. Pakawiriranwa nevakuru vekereke paRoma kuti anouraya Luther haana mhosva. Mumwe munhu asingazivikanwi akasvika panaLuther akabata pfuti akamubvunza kuti sei aiva ega. Luther akapindura kuti aiva mumaoko aMwari. “Ndiye simba rangu nemudziviriri wangu. Munhu angandiiteiko?”— Ibid., b. 6, ch. 2.

Munhu uyu paakanzwa mashoko aya akatiza kubva pamberi pengirozi dzaMwari. Roma yakanga yavakuda kuparadza Luther asi Mwari akanga akamuchengetedza. Dzidziso dzaLuther dzakasvika pose pose. —Ibid., b. 6, ch. 2.

Mumazuva iwayo Luther, akanga achiverenga zvinyorwa zvaHuss, apo akasangana nechidzidzo chekururamiswa nekutenda icho aida kusimbisa. “Pauro, Augustine, neni taiva vateveri vaHuss tisingazivi!” “Mwari achashanya zvakare pamusoro penyika,” akaenderera mberi, “chokwadi chakamboparidzwa kare chikapiswa nemoto!”—Wylie, b. 6, ch. 1 Luther akakumbira kuvakuru muGerimani akamiririra makristu ose. Luther akanyora pamusoro papapa: “Zvinotyisa kuti munhu anozviita mumirriri waKristu, anochipfeka zvekushamisira kukunda madzimambo enyika. Ndiko here kufanana naJesu murombo kana saPetro wekuzvininipisa? Uyu anoti ndiye anobata hushe hwenyika yose asi Jesu anoti Hushe hwake hausi hwenyika ino?”—D’Aubigne, b. 6, ch. 3. [141]

Akanyora pamusoro pezvikoro zvedzidzo yepamusoro kuti zvaiva masuwo eku gehena kunze kwekunge vatanga kududzira Shoko raMwari vachiriisa mumoyo mevechidiki. Nzvimbo imwe neimwe isingaverengwi shoko raMwari inopedzisira yazadzwa nehuwori. —Ibid., b. 6, ch. 3. Chikumbiro ichi chakaendeswa kunzvimbo dzose dzemuGerimani chikava nesimba guru kuvanhu vazhinji. Nyika yose yakazungunutswa, vanhu vakawanda vakashuvira kuita shanduko. Vavengi vaLuther vakabatwa neshungu dzekutsiva, vakaudza papa kuti vatore matanho ekumumisa. Pakaiswa murairo wekuti dzidziso idzi ngadziregwe nekukasika. Luther nevateveri vake vakapihwa mazuva makumi matanhatu ekutendeuka, vakasatendeuka vaizo dzingwa mukereke izvi zvakaita kuti muRoma muve nekutya kukuru.

Luther akanga asingazivi zvaizomuwira asi akaramba akaisa vimbo yake munaKristu semudziviriri wake. Akanyora mashoko aya asingatyi: “Handizi zvichandiwira, zvakare handidi kuzviziva...regai zvindiwire, asi ini handina kutya mandiri. Hakuna shizha rinodonha pasi zvisingawonekwi naMwari. Nekudaro anehanya nesu. Zviri nyore kufa nekuda kweshoko raMwari nekuti iye Jesu akafawo. Kana tikafa naye, tichararamawo naye; tichazova naye nekusingaperi.”—Ibid., 3d London ed., Walther, 1840, b. 6, ch. 9. Luther haana kugamuchira zvinyorwa zvakabva kuna papa. Akati “Ndinozvidza zvinyorwa izvi semanyepo makuru...ndiKistu arikuzvidzwa ... ndinonzwa kusununguka pamweya

wangu nekuti ndazoziva pakupedzisira kuti papa ndiye anti kristu, nechigaro chake ndecha satani.”— D’Aubigne, b. 6, ch. 9. Roma yaiva nechinangwa chekutambudza vanhu kuti vavateerere. Vakanga vane simba shoma pakutenda vaidedera nekuda kwemutongo wakapihwa vanhu vasingadi kuteerera murairo weRoma. Vanhu vakanga vachinzwira Luther tsiye nyoro, vachimuti azviisirei hupenyu hwake panjodzi zvakadai. Vazhinji vaifunga kuti basa rerumutsiridzo iri rasvika pakupera. Luther haana kumbopindwa nekutya. Roma yakanga yamupa mutongo wake saka nyika yakafunga kuti Luther aizouraiwa kana kumanikidzwa kutendeuka. Vaimutonga vakataura paruzhinji kuti vakanga vamubudisa mukereke kuti asave nhengo. Luther akapisa zvinyorwa zvapapa pamberi peruzhinji. “Vavengi vangu vakapisa zvinyorwa zvangu nechinangwa chekudzima chokwadi mupfungwa dzevanhu kuti vaparare. Hondo huru yatanga, ichapedzwa naMwari.”—Ibid., b. 6, ch. 10.

Luther akapindura kutukwa kwaakanga achiitwa nevavengi vake akati: “Ndiyani angaziva kana ndakatumwa naMwari, kana musingatyi kundizvidza, munenge muchizvidza Mwari. Moses akanga ariega pakubuda Egypt; Eriyah akanga ariega panguva yekutonga kwamambo Ahabi; Isaya akanga ariega muJerusarema; Ezekeri ariega muBhabhironi.... Mwari haana kusarudza munhu anoremekedzwa; asi akashoreka, kunyangwe mufudzi wemakwai Amosi. Nguva dzese Mwari vaida kutsiura vanokudzwa venyika ino.... ndinechivimbo chekuti shoko raMwari rine simba kwete ivo.”—Ibid., b. 6, ch. 10.

Yakava nguva yakaoma kuti Luther apatsane nekereke yeRoma. Akanyora chaiti: “Ndavekuwona kurema kwekusiya dzidziso dzakakurera kubva pahuduku. Zvakanga zvakaoma kubudisa pachena kuti papa ndiye anti kristu, uchishandisa Shoko raMwari. Ndakava nekuremerwa kukuru, ndichizvibvunza mubvunzo wandaigara ndichibvunzwa nevavengi vangu: ‘Ndiwe wega wakachenjera here? Vanhu vese vangarasika here? Dzimwe nguva ndini ndakarasika?’ ‘Ndakava nekuzvishungurudza zvakare Satani akandishungurudza kusvika Kristu andibatsira kubudikidza neshoko rake richibvisa kusatenda mandiri.”—Martyn, mapeji 372, 373.

Papa akaudza Luther kuti aizomuisa panzvimbo kwaaizogara ega, izvi akabva anozviita. Pakauya rimwe gwaro raitaura kudzingwa kwaLuther mukereke yeRoma. Akaudzwa kuti akanga arambwa nedenga nevose vachagamuchira zvinyorwa zvake. Hondo yanga yava pane chimwe chinhanho. Vose vachaparidza chokwadi chenguva yavanenge vachirarama mairi vachasangana nekurwiswa. Pakanga paine chokwadi chenguva yaLuther, —chokwadi chakanga chakakosha panguva iyi kusangano.

Mwari vanoisa vanhu muzvimiro zvakasiyana siyana, nekuvapa zvekuita panguva imwe neimwe kuti vaite sekutungamira kwake. Kana vakakoshesa chiedza chavanenge vapihwa vaizovhenekerwa kuti vawone chimwe chokwadi chiri mberi. Vanhu vakawanda

havachadi chokwadi kupfuura vateveri vapapa vairwisa Luther. Pachingorine tsika yekugamuchira dzidziso netsika dzevanhu kupfuura shoko raMwari sepamazuva ekare. Vanouya nechokwadi vasatarisire kugamuchirwa nemufaro kupfuura vekare. Hondo huru pakati pechokwadi nenhema, satani naMwari icharamba ichiwedzera kusvika pakuguma kwenyika. Jesu akati kuvadzidzi vake: “Kana maiva venyika, nyika yaida vayo, zvino zvamusati muri venyika asi ndakurangarirai panyika, saka nyika inokuvengai. Rangarirai shoko randakareva kwamuri ndichiti: Muranda haasi mukuru kunashe wake, kana vakanditambudza ini, vachakutambudzai nemiwo, kana vakachengeta shoko rangu, vachachengeta renyuwo.” Johane 15:19, 20.

Ishe akarevawo pachena: “Munenhamo kana vanhu vose vachitaura zvakanaka pamusoro penyu, nekuti madzibaba avo akaitira vaporofita venhema zvakadaro.” Ruka 6:26. Mweya wenyika hauchayanani neMweya waKristu sepamazuva ekare. Vanoparidza Shoko raMwari nekutendeka havagamuchiriki sepamazuva ekare. Kurwiswa kwevhangeri uku kucharamba kuripo kusvika pakuguma kwenyika.

Chitsauko 8 Dare Repamusoro

Mambo mukuru mutsva, Charles V, akange apinda pahutungamiri hwenyika yeGerimani, naizvozvo hutungamiriri hweRoma wakakasika ku-endesa vamiriririri vahwo kunomuchingamidza uye nekumukumbira kuti ashandise masimba ake kumisa rumutsiridzo. Kunerumwewo rutivi mubati weSaxony uyo akanga aita rupande rukuru pakugadzwa kwamambo Charles akamuyambira kuti asite chinhu kuna Luther asina kumbomunzwa. Naizvozvo mambo vakaiswa panguva yakaoma nemativi maviri aya. VanaPapa vakange vasingagutswi nechimwe chinhu kunze kwekuti Luther atongerwe rufu. Mubati weSaxony akanga aisa pachena kuti “hapana munhu, chero mambo akanga aisa pachena kuipa kwezvidzidzo zvaLuther;” naizvozvo akakumbira “kuti Luther apiwe chivimbiso chekuchengetedzwa, kuitira kuti agogona kumira pamberi pevatongi vakadzidza, vanotya Mwari, uye vasina divi ravakarerekera.” –D’Aubigne, b. 6, ch. 11.

Mapoka ose aive akatarisira kusvika kwemusangano mukuru wemaguta eGerimani waizoitwa kuWorms mushure mekugadzwa kwamambo Charles. Paiva nemibvunzo yakakosha yezvematongerwo enyika yaifanira kutarirwa nedare guru renyika iyi; apo kekutanga machinda aitarisira kuzosangana namambo wavo mutsva wechidiki. Kubva kunzvimbo dzose dzenyika makurukuta esangano neenyika akanga aungana, kusaganisira nemakurukota aibva kunedzimwe nyika. Asi panyaya dzose dzaizotaurwa apa hapana yakanga ichinyanya kutarisirwa nevanhu kupfuura yemuvandudzi wechitendero wekuSaxon.

Mambo Charles vakange varaira mubati kuti auye naLuther kudare, akamuvimbisa kuchengetedzwa, uye nekukurukurwa zvakasununguka kwenyaya dzake nevanhu vanokodzera. Luther akanga achidisa zvikuru kundomira pamberi pamambo. Panguva iyi hutano hwake hwakange husina kumira mushe; asi akanyorera mubati achiti: “Kana ndikatadza kuenda kuWorms ndakasimba, ndichatakurwa kuendako ndichirwara sezvandiri. Nokuti kana mambo vandidana, handikahadzike kuti rukoko rwaMwari pachake. Asi vakada kundishandisira simba, izvo zvavanogona kungoita, ndichaisa nyaya yacho muruoko rwaMwari. Achiri mupenyu uyo akachengeta varume vatatu mugomba remoto. Kana akasandiponesa, hupenyu hwangu hauna zvahwo kunyanya kukosha. Ngatichengetedze Evhangeri kubva mukushorwa nevaipi, uye ngatideure ropa redu nekuda kwaro. Handisiri ini ndinoziva kuti kurarama kwangu kana kufa kwangu ndiko kuchaendesa basa reruponeso mberi zvirinani ... mungatarisira zvimwe zvese kubva kwandiri asi kwete kutiza kana kurasa dzidziso dzangu.” Ibid., b. 7, ch. 1.

Shoko rekuti Luther achange aripo pamusangano weWorms rakamutsa chido chevazhinji chekuvapo. Alexander, uyo aiva mumiriri wapapa pamusangano uyu akashamiswa nekugumburwa nazvo. Akaona kuti kupera kwazvo kwakanga kusina kunakira hutungamiri hweRoma. Kutsvaga kutongazve nyaya iyo Papa akange atoisa

rwake rutongo rwkuzvidza nekurasha kwaiva kuri kuzvidza hukuru nehutongi hwapapa. Zvakare aiziva kuti kutaura kwakatsetseka kwaLuther kwaizoba mwoyo yemachinda mazhinji kubva kunapapa. Nokudzaro akaedza kunyengetedza mambo Charles kuti varege kuunza Luther kudare. Panguva imweyo chirevo chekudzinga Luther musangano chakabva chabuda, izvi zvakabva zvaita kuti mambo ateerere kukumbira kwemumiriri wapapa kuti Luther asabvumirwe kupinda mumusangano. Mambo akanyorera mubati kuti kana Luther aizorambira mudzidziso dzake aifanira kurambira kuWittenberg.

Alexander, uyo asina kugutsikana nekungosiya Luther akadaro akashanda zvikuru nesimba nehuchenjeri hwake kuti Luther atongerwe kufa. Akataura nesimba pamberi pemachinda nevose vaiava mudare achipomera Luther kuti “aiva mupanduki, munyengeri, nemumhuri.” Asi simba rakaratidzwa nemumiriri uyu rakapangidza pachena mweya wakanga uchimusunda. Vanhu vazhinji vakaona kuti; “Arikusundwa neruvengo negodo kwete nehutsvene.” Ibid., b. 7, ch.

Vadare vakawanda vakanga vakarerekera kurutivi rwaLuther. Mumiriri wapapa akaedza nesimba rake rose kuonesa mambo kukosha kwekuteedzera zvirevo zvapapa. Asi pasi pemurairo weGerimani hakuna chaiitwa pasina kutenderana kwemachinda, naizvozvo mambo vakaudza mumuriri wapapa uyu kuti aunze nyaya yake pamberi pedare. “Raiva zuva rekuzvikudza kune mumiriri uyu. Gungano raiva guru, uye nyaya yaivapo yaiva huruvo. Alexander akanga achimiriirira Roma, … mai vemasangano ose. Murume uyu aiva nechipo chekutaura naizvozvo akasimudza nyaya yake zvine simba pamusangano. Mwari vakagdzira kuti Roma ipe huchapupu hwayo kuburikidza nenyanzvi dzayo isati yaraswa.” –Wylie, b. 6, ch. 4. Avo vaitsigira Luther vakateerera mumiriri uyu. Mubati weSaxon akanaga asipo asi akanga atuma nhume dzake kundomunzwira.

Nesimba rake rekudzidza nekutaura mumiriiri uyu akazvimisira kuwisira chokwadi pasi. Nekupomera kuzhinji akaita kuti Luther aonekwe semhandu uesangano nenyika, yevapenyu nevakafa, vafundisi nenhengo, makurukota nemaKristu. “Muna Luther munehuipi hwakakwanira vapanduki zana rezviuru vanofanira kupiswa.” Akadanidzira Alexander. –D’Aubigne, b. 7, ch. 3.

Nemiseve yakaita seiyi vamiriiri vezvokwadi vakarwiswa kwemakore. Kusvikira nhasi ndiwo marwisiro anoitwa varanda vezvokwadi. Vanopomerwa kuti vashoma, havana kudzidza, asi vanozviti vanezvokwadi inoponesa. Kuvandudzwa kwechitendero hakuna kuguma naLuther, sezvingafunga vamwe. Kucharamba kuripo kusvika pakuguma kwenhoroondo yenyika. Luther akaita basa guru rekuratidza vanhu chiedza icho Mwari akange amupa asi haana kuzarurirwa chiedza chose chaifanira kuwanikwa nenyika. Kubva panguva yake kusvika nhasi chiedza chitsva chinoramba chichivhenekera Magwaro matsvene.

Mashoko emumiriri wapapa akabata basa guru padare reDiet. Luther akange asipo kuti aburitsewo chokwadi pachena, kudzivisa shasha yeRoma iyi. Hakuna shoko rakarehwa kumiriririra Luther. Pakava nekuwirirana kuti zvinyorwa zvake zvipihwe mhoswa uye kana zvaibvira kuti basa rerumutsiridzo riparadzwe kamwe kamwe. Roma yakanga yawana mukana wekuzvireverera. Zvose zvavaida kutaura zvakanga zvarehwa. Asi kukunda kwayo kwaionekwa ndiko kwakava munongedzo wekukundwa kwayo. Kubva zvino musiyano wezvokwadi nemanyepo zvakange zvavekuzoonekwa nekuda kwehondo yakanga yave pachena. Roma yakange isisazomirizve sezvayakanga yakaita kare. Vanhu vazhinji vaiva padare reWorms vangadai vakarega Luther achienda mukuparadzwa neRoma asi vakawanda vavo vakanga vachitotsvagawo angavasunungura kubva muhuori nemuzvivi zvakawanda zvaiitwa nesangano kuburikidza nehutungamiri hwaro.

Mutauriri wapapa akanga aisa murairo weRoma pamberi pedare nenzira yakanaka. Zvino Jehovha vakamutsa imwe nhengo yedare kuti iburitse pachena hutsinye hweRoma. Muchinda weSaxony ainzi George akasimuka akatura nekusakanganisa kunotyisa hunyengeri nehuipi hwehupapa nematuso ahwo. Pakuvharira mashoko ake anoti: “Pane kumbunyikidza kurikuitwa nesangano reRoma. Havasisina kunyara zvachose uye donzo ravo rangova… mari, mari, mari,... zvekuti vaparidzi vaifanira kudzidzisa chokwadi vave kunobudisa manyepo vachipiwa mari semubairo. Vanhu vakawanda vachaenda kunoparadzwa nekuda kwemabasa akaipa esangano. Kumutsiridzwa kwekunamata kuri kufanira kuitwa.”- Ibid., b. 7, ch. 4.

Mashoko akasimba kupfuura awa ekushoropodza hudzvinyiriri hwehupapa akanga aisazo kwanisa kuwanikikwa achibva kunyangwe mumuromo waLuther pachake. Chimwe chinhuzve chakaita kuti mashoko aya ave nesimba ndechekuti aibva mumuromo wemhandu yaLuther. Dai meso evaiva pamusangano uyu aivhurwa vangadai vakaona ngirozi dzaMwari dziri pakati pavo, dzichiunza miranzi yechiedza chekudzinga dima rekurasika uye kuzarura mwoyo yevnhu kuti igamuchire chokwadi. Raiva simba raMwari wezvokwadi iro rakatungamirira kunyangwe nemhandu dzerumutsiridzo kugadzira nzira yebasa guru raifanira kuitwa. Martin Luther aisavapo, asi izwi reUyo mukuru kuna Luther rakanzwika pamusangano uyu.

Pakarepo komiti yakagadzwa, kuti igadzire gwaro rezvimhu izvo sangano reRoma rakanga raisa pamitsipa yevanhu veGerimani, zvaivaremera. Zvinhu zvaisvika zana nechimwe zvakanyorwa zvikaunzwa pamberi pamambo, nechikumbiro chekuti patorwe matanho ekuzvigadzirisa nekukasika (Ibid., b. 7, ch. 4).

Ipapo dare rakabva rakumbira kuti Luther kuzomira pamberi pavo. Zvisinei nekupikisa, uye kutyisidzira kwaAlexander, mambo pakupedzisira akabvuma kuti Luther auye, naizvozvo akadaidzwa kuti asvike kudare. Pamwechete nerukoko urwu, akapihwawo

chivimbiso chekumuchengetedza, uye nekumudzosera kunzvimbo yakachengeteka mushure memusangano. Mashoko aya akatakurwa nenhume kuenda kuWittenberg, iyo yaifanira kumuunza kuWorms.

Shamwari dzaLuther dzakakatyamara nekutya. Vachiziva kuipa kwemhandu dzake, vakatyira kuti kunyangwe nemhiko yekumuchengetedza yaigona kusaremekedzwa, naizvozvo vakamurambidza kuisa hupenyu hwake panjodzi. Akavapindura akati: “Vana papa havadi kuti ndiende kuWorms, asi vanotsvaga kuti ndiurawe. Hazvina basa. Namatirai kwete ini, asi Shoko raMwari…. Kristu achandipa Mweya wekukunda vafundisi vekurashika ava. Ndinovashora muhupenyu hwangu; ndichavakunda murufu rwangu. Vari mubishi kutsvaga kuti ndirambe dzidziso dzangu kuWorms; uku ndiko kuchava kuramba kwangu: Ndakambotaura kuti papa mutevedzeri waKristu; nhasi ndinoti imhandu yaShe, uye inhume yaSatan.” Ibid., b. 7, ch. 6.

Luther akanga asingazoendi ega parwendo rwakaipa urwu. Shamwari dzake nhatu dzakasimba dzakazvimisira kumuperekedza. Melanchthon akazvimisira kuenda navo. Mwoyo wake wakanga wakanamirana newaLuther zvakadaro zvekuti akashuwira kumutevera, kunyange zvaireva kupinda naye mutororngo kana murufu. Asi akarambidza. Nekuti dai Luther aizourawa, tariro yerumutsiridzo rwechitendero yaizosara yakazendama panemubati uyu wechidiki. Luther anoti kuna Melanchthon apo vaiparadzana: “Kana mhandu dzangu dzikandiuraya, ndikasadzoka, enderera mberi nekudzidzisa, wakamira pachokwadi. Shanda panzvimbo yangu…. Kana ukasara urimupenyu, rufu rwangu ruchava chinhu chidiki.” Ibid., b. 7, ch. 7. Vadzidzi nevanhu vakanga vaungana kuzoona Luther achienda vakabatwa nemashoko awa zvikuru. Mhomho yeavo vakanga vadaira kuevhangeri yakauya kuzomuperekedza nemisodzi pamatama. Naizvozvo muvandudzi uyu neshamwari dzake vakasimuka kubva kuWittenberg.

Munzira vakaona kuti mwoyo yevanhu vakawanda yakanga yakabatwa nedima. Munemwamwe maguta havana rukudzo rwavakawana. Apo vakazorora kuti vamborara, mumwe muprisita aiva nehushamwari naye akaratidza kutya kwake kuna Luther nekubuditsa mufananidzo waiva nemumwe muvandudzi wechitendero kuItaly, uyo akanga aurawa. Ava mangwana vakanzwa kuti zvinyorwa zvaLuther zvakanga zvarambwa kuWorms. Nhume dzamambo dzaifamba dzichidaidzira chirevo chamambo nekuudza vanhu kuti vaendese zvinyorwa izvi kuvatongi. Nhume yamambo yaiifamba nayo, nekuda kwekutyira hupenyu hwemuvandudzi uyu kudare, achifunga kuti Luther akange avekutya, akamubvunza kana akanga achiri kuda kuenda mberi. Luther akapindura: “Kunyangwe ndasvibiswa mumaguta ose, ndicharamba ndichienda.”- Ibid., b. 7, ch. 7.

Muguta reErfurt, Luther akagamuchirwa nerukudzo. Mhomho dzevanhu vaiyemura dzakamira achipfuura mumigwagwa iyo yaakambofamba achipemha kare. Akashanyira sangano rake, akarangarira nhamo iyo akaona apo akazowana chiedza icho chakanga

chadai kutekeshera nenyika yeGerimani. Akakumbirwa kuti aparidze. Akange arambidzwa kuparidza asi nhume yamambo yakamutendera, naizvozvo akakwira pahamende.

Kumhomho yevanhu vakange vaungana akataura kubva pamashoko aKristu, “Rugare ngaruve nemi. Vachenjeri, vanachiremba, nevanyori, vakamboedza kudzidzisa vanhu kuti vangawana sei hupenyu husingaperi, asi havana kubudirira. Ndichakuzivisai izvozvo: … Mwari akamutsa munhu mumwechete kubva kurufu, Jesu Kristu, kuti aparadze rufu, nekubvisa zvivi, akapfiga masuwo egehena. Iri ndiro basa reruponeso…. Kristu akazvipedza! Ndiro shoko rinofadza, takaponeswa nemabasa ake kwete edu. Ishe wedu Jesu Kristu akati, ‘Rugare kwamuri; tarirai maoko angu;’ ndiko kuti, Ini ndoga, ndini ndinobvisa zvivi zvenyu, nekukudzikinurai; naizvozvo mava nerugare, ndizvo zvinotaura Ishe.”

Akaenderera mberi nekuratidza kuti kutenda kweidi kunoratidzwa nehupenyu hutsvene. “Kana Mwari akatiponesa, naizvozvo ngatibate mabasa anogamuchirwa pamberi pake. Uri mupfumi here? Hupfumi hwako ngahushumire varombo. Uri murombo here? Mabasa ako ngaagamuchirwe nevafumi. Kana mabasa ako achibatsira iwe wega, kushumira kwako kuna Mwari ndekwemanyepo. Ibid., b. 7, ch. 7.

Vanhu vakabatwa zvikuru neshoko iri. Chingwa chehupenyu chakamedurwa kunemweya iyi yaiva nenzara. Kristu akasimudzirwa pamberi pavo kupfuura papa, vafundisi nemadzimambo. Luther haana kumbotaura nezvenjodzi yaaive mukati mayo. Haana kuda kutsvaga kunzwirwa tsitsi nevanhu. Akange arasikirwa nekuzvikudza asi avekungotsvaka kuti Kristu oga ndiye azikanwe semudzikinuri wevatadzi.

Apo akapfuurira mberi nerwendo vanhu vakawanda vakauya kuzosangana naye, vazhinji vavo vachimuyambira nezvezano raiva nesangano reRoma. Vamwe vakamuudza vachiti; “Vachakupisa ukaita madota sezvavakaita Huss.” Luther akapindura achiti, “Kunyangwe vakavesa moto unobva kuWorms kusvika kuWittenberg, biravira rawo richisvika kudenga, ndichafamba mauri nezita raShe; Ndichandomira pamberi pavo; ndichapinda mumuromo webere, ndikavhuna mazino aro, ndichipupura Jesu Kristu.” Ibid., b. 7, ch. 7.

Mashoko ekuswedera kwake kuWorms akaunza kusagadzikana kukuru. Shamwari dzake dzakabvunda nekutyira hupenyu hwake, mhandu dzake dzakatyira kubudirira kwebasa ravo. Basa guru rakaitwa kuedza kumurambidza kupinda muguta. Maprisita apapa akaronga kuti aende kunemumwe muzinda wemumwe murwi apo vaka vimbisa kuti zvinhu zvese zvaizogadziriswa. Shamwari dzake dzakaedza kumurambidza kupinda muguta nekuda kwenjodzi yaivapo pakuita izvi. Zvese izvi zvakashaya basa. Luther, asingazungunuswi anoti: “Kunyange muWorms mukava nemadhimoni akawanda semarata aripadenga remba, ndichamupinda chete.” Ibid., b. 7, ch. 7.

Paakapinda muWorms mhomho yevanhu yakaungana kumugamuchira. Ungano yakadai yakanga isina kuungana kunyange pakauya mambo. Paiva nemhirizhonga huru, kukanzwikwa rimwe izwi richidaidzira pakati pemhomho kuyambira Luther pamusoro pedambudziko rakanga rakamumirira. “Mwari vachava nhowo yanyu,” akadaro achiburuka mungoro.

Vanapapa vakanga vasina kumbofungira kuti Luther angazvimisire kupinda muguta, nazvozvo kusvika kwake kwakaita kuti vabatwe nemudumbu. Mambo akakasika kudana vadare vake kuti vaonesane kuti vodii. Mumwe mufundisi wapapa akati: “Nyaya iyi takaitaura kare. Mambo munofanira kupedza nemunhu uyu kamwe. Ko Sigismund haana kuraira kuti Huss apiswe here? Hatingasungirwi kuchengetedza mhiko yekuchengetedzwa kwemupanduki.” “Kwete,” mambo vakapindura, “tinofanira kuchengeta mhiko yedu.” Ibid., b. 7, ch. 8. Naizvozvo dare rakazowirirana kuti Luther anzwikwe.

Guta rinenge rose rakauya uko Luther aigara. Luther, uyo akange asati anyatsopora kubva pahurwere hwake, uye aneta nerwendo rwemavhiki maviri, aida nguva yekuzorora, yakanyarara kuti angadzirire musangano waizovako zuva raitevera. Asi vanhu vaiva nechidiso chikuru chekumuuona zvekuti asati aita nguva refu pakuzorora kwake, vanhu vanokudzwa, varwi, maprisita nevagari veguta vakange vamuunganira. Pakati pavo paiva nevarume vakakudzwa avo vainge vataura namambo kuti munyika muunzwe shanduko kubva muhudzvinyiriri hwesangano reRoma.- Martyn p. 393. mhandu zvese neshamwari vakauya kumufundisi uyu, uyo akavagamuchira nemashoko akadzikama nehuchenjeri hukuru. Akange azere nehushingi pachimiro chake. Vanhu vese vakashiswa naye vakabvumirana kuti simba raMwari raiva pamusoro pake. Asi varikowo vakataura pamusoro pake sezvakaita vaFarise kuna Jesu vachiti: “Ane mweya wetsvina.”

Ave mangwana Luther akadaidzwa kuzomira pamberi peDare. Mubati wamambo akagadzwa kuti amutungamirire kuimba yaiitirwa musangano, asi vakasviko nekunetseka kukuru. Munzira dzose makange makazara vanhu vainge vauya kuzoona mufundisi uyu akanga azvimisira kupikisana nesimba raPapa. Apo vakange vakupinda muhoro mumwe mukuru hwehondo akamuzevezera mashoko ekumushingisa nezita raShe. D’Aubigne, b. 7, ch. 8.

Pakupedzisira Luther akamira pamberi pedare. Mambo akagara pachigaro chake, akakombwa nevanhu vanokudzwa vehumambo hwake. Hapanazve mumwe munhu akambenge amira pamberi pedare rakakudzwa zvakadai seiro Luther akange ava kuzozvidavirira pakutenda kwake. “Mamiriro edare iri pachawo wakava munongedzo wekukunda hupapa. Papa vakange vamutongera kurashwa asi zvino akange amira pamberi pedare iro, nekuda kwechiitiko ichi, rakanga razvipa simba pamusoro paPapa. Papa akanga atema chirevo chekuti Luther araswe, uye kuti vanhu vese vasawadzane naye, asi

parizvinhu akanga adaidzwa neruremekedzo, ndokugamuchirwa pamberi pedare guru pasi rose.” Ibid., b. 7, ch. 8.

Pamberi pedare guru rakadai, muvandudzi uyu akanga azvarirwa mukuninipa, akapindwa nokutya. Machinda mazhinji, vachiona kutya kwake, vakaswedera kwaari, mumwe wavo akazevezera kwaari: “Usatya avo vanouraya muviri, asi vasingagoni kuuraya mweya.” Mumwe akati: “Pavachakuisai pamberi pevatongi nemadzimambo nokuda Kwangu, Mweya waBaba vangu uchakupai zvamuchataura.” naizvozvo mashoko aKristu akaunzwa kwaari nemiromo yevarume vakuru venyika kushingisa muranda Wake panguva yekuedzwa.

Luther akamiswa panzvimbo yakanga yakanangana namambo. Runyararo rukuru rwakava mudare iri rakanga rakazarisa nevanhu. Panguva iyi mhume yedare yakasimuka ikanongedzera pamurwi wezvinyorwa zvaLuther, ndokubvuza muvandudzi uyu kuti akanga achibvuma kuti zvinyorwa izvi ndezvake here uye akanga akazvimisira here kushoropodza zvakanga zvirimukati mezvinyorwa izvi pamberi pedare. Mazita emabhuku aya akati averengwa, Luther akapindura kumubvunzo wekutanga achibvuma kuti zvinyorwa zvaiva zvake. “Kumubvunzo wechipiri,” akadaro Luther, “ndichiona kuti mubvunzo unechekuita nekutenda, nekuponeswa kwemweya, uye unechekuita nechekuita neShoko raMwari, rinova pfuma yakakosha kupfuura zvose pasi nekudenga, ndinenge ndisina kuita zvakanaka ndika pindura ndisina kufunga. Ndingatadzira Mwari, nokuti zvimwe ndingarerutsa nyaya kana kuwedzera zvandingafanira kutaura. Naizvozvo ndinokumbira mambo wangu, kuti mundipewo nguva, kuti ndipindure ndisingatadzire shoko raMwari.”– D’Aubigne, b. 7, ch. 8.

Mukutaura uku Luther akaita nehuchenjeri. Maitiro ake akaratidza ungano kuti akange asingaiti namanyawi kana hasha. Kudzikama kwakadai, nekuzvibata, zvakawedzera kusimba rake, zvikamubatsira kuti azokwanisa kupindura nehuchenjeri, zvikashamisa nekugumbura mhandu dzake, zvikavatsiura pakuzvikudza kwavo.

Remangwana aifanira kuzopa mhinduro yekupedzisira. Kwekanguva akatya apo akafunga huwandu hwemasimba akanga achirwisa chokwadi. Kutenda kwake kwakazungunuka; akadedera achipindwa nekutya kukuru. Njodzi yakamira pamberi pake; akaona mhandu dzake sedzokurira. Makore akaungana paari akaona sekunge akanga apatsaniswa naMwari. Akashuwira kunzwa Mwari achimuvimbisa kuti aiva naye. Akawira pasi nechiso akachema kunaMwari.

“O Mwari Wamasimba ose, nyika ino yakaipa sei! Tarirai yashamisa muromo wayo kuti indimedze, handichina simba rekuvimba nemi. Kana riri simba renyika ino bedzi randinofanira kuvimba naro, pangu papera…. nguva yangu yekupedzisira yasvika. Mwari ndibatsireiwo kurwa nehuchenjeri hwenyika ino…. nokuti iri ibasa renyu, kwete rangu. Handina chekuita pamberi penyanzvi dzenyika ino… basa nderenyu, uye ibasa dzvene

risingaperi. Makandisarudzira basa iri, miraiwo neni, nokuda kweMwanakomana wenyu anodikanwa, Jesu Kristu, ari nhowo yangu, rutiziro rwangu, nemureza wangu." Ibid., b. 7, ch. 8.

Mwari vakanga varatidza Luther kuti aone njodzi yaaive mairi, kuti asavimbe nesimba rake izvo zvaingamupinza munjodzi. Asi kwakanga kusiri kutyira hupenyu hwake uko aiva nako. Akakanga asvika padaambudziko akazvinzwa asina kukwana kusangana naro. Nokuda kwehutera hwake basa rezvokwadi raigona kukundwa. Naizvozvo akanga asinga chemeri kuchengetedzwa kwehupenyu hwake asi airwira evhangeri. saIsaraeri akarwa naMwari akakunda. Pakukundikana kwake, kutenda kwake kwakabata pana Mwari, mudzikinuri mukuru. Akasimbiswa nevimbiso yekuti akanga asingazomiri pamberi pedare ari oga. Rugare rwakadzoka kwaari akafara kuti akanga atenderwa kusimudza shoko raMwari pamberi pevatongi venyika.

Akaisa mwoyo wake panzvimbo imwechete akagadzirira hondo yaiva pamberi pake. Akafunga pamusoro pemhinduro dzaaizopa, akaongorora zvinyorwa zvake, akatora ndima dzaitsigira dzidziso dzake mushoko raMwari. Achiisa ruwoko rwake rweruboshwe pazvinyorwa zvake, akasimudza ruoko rwerudyi kudenga akapika "kuti acharamba akatendeka kushoko, kunyange zvikareva kudeuka kweropa rake." Ibid., b. 7, ch. 8.

Paakazomirazve pamberi pedare akanga asina kana kutya. Akamira akadzikama sechapupu chaMwari pamberi pevakuru venyika. Mukuru wedare parizvino akadana Luther kuti apindure kuti akanga achida here kuramba dzidziso dzake. Akapindura akadzikama chose, asina hasha paizwi rake. Akanga aine rukudzo nemufaro wakashamisa ungano yose. "Mambo wangu anokudzwa, machinda anoremekedzwa, nemadzishe anenyasha, "Ndinomira pamberi penyu nhasi nekuda kwemubvunzo wandakapihwa nezuro, ndichivimba kuti muchanditeerera zvakanaka ndichipindura ndakamirira basa randinovimba kuti rakarurama. Mundiregererewo kana ndikadarikira pakutaura kunodiwa mudare nekuti ndakakurira musangano." Ibid., b. 7, ch. 8.

Achienda pamubvunzo, akati mabhuku ake akanga asina kufanana. Munemamwe akanyora zvekutenda nemabasa akanaka, uye kunyange mhandu dzake dzaiwirirana naye kuti zvinorwa izvi zvakanaka. Kuramba zvinyorwa izvi kwaiva kushora zvokwadi yaitendwa nemativi ose. Boka rechipiri rakange riri zvinyorwa zvaibuditsa pachena huori, nehudzvinyiriri hwehupapa. Kuramba zvinyorwa izvi kwaiva kusimbisa hutsinye hweRoma izvo zvaizodziura masiwo ehuipi hwakawanda. Muzvinyorwa zvetatu maiva nemashoko ekurwisa vanhu vanotsigira huipi hwaiva panyika. Kuneizvi akabvuma kuti anogona kunge akanyanya kushandisa hasha, asi akange asingagone kurasawo zvinyorwa izvi zvakare, nekuti izvi zvaizosimbisa vavengi vezvokwadi kuti vaparadze vanhu vaMwari nehutsinye hwakanyanya.

“Asi ndiri munhuwo zvangu, handisi Mwari,” akaenderera mberi; “SaKristu ndichataura ndichiti: ‘Kana ndareva zvakaipa, pupurai tinzwe.’ … Nenyasha dzaMwari, ndinokukumbirai mambo, nemi machinda, nemi mose munokudzwa, kuti mundiratidzewo kubva mushoko raMwari kuti ndakatadza. Kana ndangoudzwa izvi, ndicharamba dzidziso dzakatsauka idzo, ndigova ini wekutanga kuisa maoko pamabhuku angu ndichiakandira mumoto.” Ibid., b. 7, ch. 8.

Luther akanga ataura mururimi rwechiGerimani; akakumbirwa kuti adzokorere mashoko mamwewo muchiLatini. Kunyange zvake akanga aneta asi akabvuma ndokutaura, nesimba uye zvakatsetseka sepakutanga. Mwari vakatungamira basa iri. Mwoyo yemachinda mazhinji yakanga yakapofomadzwa nenhema zvekuti havana kunyatsonzwa hudzamu hwemashoko aLuther, asi paakadzokorora zvakavapa mukana wekunyatso bata zvakanaka minongedzo yake. Avo vakatsinzinya meso avo kuchiedza nokuda kwekuzvikudza, ndokuramba kugamuchira chokwadi, vakatsamwiswa nesimba remashoko aLuther.

Achipedza kutaura, mutauri wedare akataura akatsamwa akati: “Hauna kupindurwa zvawabvunzwa ... unofanira kupa mhinduro yakajeka…. Urikurasa dzidziso dzako here kana kuti kwete?” Muvandudzi akapindura: “Sezvo mambo wangu anokudzwa murikuda mhinduro yakajeka, isinganetsi, ndichakupai iyo, naizvozvo ndinoti: Handigoni kuisa kutenda kwangu pasi paPapa kana pematare, nekuti zvakajeka semasikati kuti vagara vachikanganisa uye vachipikisana. Kunze kwekuti ndatendeswa neMatsamba kana nekutsanangura kwakajeka kunobva mushoko raMwari, handigoni uye handizofa ndakatendeuka padzidziso dzangu, nokuti hazvina kunaka kuti muKristu aite zvinopikisana nepfungwa dzake. Ndiripano, hapana chimwe chandingagone kuita; Mwari vandibatsire. Amen.” Ibid., b. 7, ch. 8.

Murume mutsvene uyu akamira pahwaro hweshoko raMwari. Chiedza chedenga chakapenya pauso hwake. Hukuru nekuchena kwechimiro chake, rugare nerufaro rwemwoyo wake, zvakaonekwa nevose apo akapupura hukuru hwekutenda kunokunda nyika nedzidziso dzakatsauka. Kwakanguva vanhu vaiva mudare vakashamiswa vakashaya zvekutaura. Paakatanga kutaura Luther akanga akaisa izwi pasi akazvininipisa. VaRoma vakafunga kuti izvi zvaireva kupera kwehushingi hwake. Vakafungidzira kuti kunonoka kupindura kwake kwaireva kuti aigadzirira kutendeuka. Charles pachake, achiona kuninipa kwenufundisi uyu akati: “Mufundisi uyu haambofa akandiita mupanduki.”

Kutaura kunesimba nehushingi kwaakazenge oita, uye kujeka kwemifungo yake zvakazadza vanhu nekukatyamara. Mambo vakayemura vakati: “Mufundisi uyu anotaura nehushingi nehuchenjeri.” Machinda akawanda emuGerimani vakanzwa kuzvikudza nekuda kwekumiriririrwa kwakanga kwaitwa nyika yavo. Vamiririri veRoma vakanga

vapedzwa; chiedza chavo chakanga chadzima. Vakatsvaga kumisa simba ravo kwete nemagwaro, asi nekutyisidzira. Mutauriri wedare akati: “Kana ukasatendeuka, mambo nematunhu ose ehumambo vachaona kuti vangaite sei nemupanduki asingatendeuki.”

Shamwari yaLuther, uyo akanga akateerera nemufaro mukuru kumhinduro dzake, yakadedera nekutya, asi Luther pachake akapindura akadzikama: “Mwari ngavandibatsire, nokuti hapana chandiri kutendeuka kwachiri.” Ibid., b. 7, ch. 8. akakumbirwa kubuda mudare apo machinda akanga ava kutauonesana zvekuita. Pakaonekwa kuti dambudziko guru rakanga rasimuka. Kuramba kwaLuther kutendeuka kwaizo shandura nhoroondo yesangano kwemakore. Vakawirirana kuti vape Luther mumwe mukana wekutendeuka. Kekupedzisira akaunzwa zvekare mudare. Zvekare mubvunzo wakapihwa kuti aizoramba here zvidzidzo zvake kana kuti kwete. “Handina imwe mhinduro yekupa,” akapindura, “kunze kweyandapa kare.” Zvakava pachena kuti akanga asingagone kunyengetedzwa nezvipo kana kutyisidzira kweRoma.

Vakuru veRoma vakashungurudzika kuti simba ravo, iro rakaita kuti madzimambo adedere, ringazvidzwa zvakadaro nemufundisi akashoreka; vakashuwira kuti vamurwadzise kusvika murufu. Asi Luther achiziva njodzi yaivapo akataura kunavose nekudzikama kwechiKristu. Mashoko ake akanga asina kuzvikudza, hasha kana manyepo. Haana kuzvitarira kana kuona varume vanokudzwa vakanga vakamukomba, asi akaona bedzi kuti akanga amire pamberi paUyo mukuru kunanapapa, nemadzimambo. Kristu akanga ataura kuburikidza nekupupura kwaLuther nesimba rakabata vose shamwari nemhandu panguva iyi. Mweya waMwari waiva pamusangano uyu, uchibata mwoyo yemadzishe enyika. Machinda akawanda akabvuma kururama kwebasa raLuther. Vazhinji vavo vakatenda kuchokwadi asi vamwe zvaingova zvechinguva. Pane vamwe vasina kukasika kutenda asi mushure mechinguva apo vakanga vanzvera magwaro vakatenda nekusatya nekutsigira rumutsiridzo reevhangeri.

Mubati weSaxony akanga akatarisira kwazvo kumira kwaLuther pamberi pedare, akateerera nemwoyo wese kumashoko ake. Nemufaro mukuru akaona kushinga kwachiremba uyu, akazvimisira kuramba achimuchengetedza. Akatarira zvakaitika mudare akaona kuti huchenjeri wemaprisita hwakanga hwashaiswa basa nezvokwadi. Sangano rapapa rakanga rakundwa nenzira yaizonzwikwa munyika dzose kwenguva dzose.

Mumiriririri waPapa akaona matuso aizova nemashoko aLuther, akatyira kuchengeteka kwesimba reRoma, naizvozvo akatsvaka nzira dzose dzaigona kuita kuti Muvandudzi uyu anyudzwe. Nekugona kwake kutaura akaisa pachena kunamambo wechidiki uyu njodzi yaivapo pakuchengetedza muvandudzi asina kukosha uyu, achirasikirwa nehushamwari uye rutsigiro rweRoma.

Mashoko ake haana kushaya basa. Zuva rakatevera, Charles akapa shoko kudare, rekuzivisa kuzvimisira kwake kuenderera mberi nemhiko yevakamutangira yekuchengetedza chitendero chechiKatorike. Nokuti Luther akanga aramba kurasha dzidziso dzake, naizvozvo matanho akaomarara aifanira kutorwa pamusoro pake nezvinyorwa zvake. “Mufundisi mumwechete, achitsautswa nehupenzi hwake, amukira kutenda kwechiKristu. Ndikachengeta kupanduka kwakadai, ndinenge ndatengesa humambo hwangu, pfuma yangu, ropa rangu, mweya wangu nehupenyu hwangu. Ndavekuda kudzinga Luther, ndimurambidze kukonzera nyongano pakati pavanhu; ndichamuti iye nevanomutevera vapanduki, vanofanira kuraswa nekuparadzwa. Ndinodana nhengo dzanyika ino kuti vave maKristu akatendeka.”-Ibid., b. 7, ch. 9.

Kunyange zvakadaro mambo vakaraira kuti mhiko yekuchengetedzwa kwaLuther ipihwe ruremekedzo, uye kuti atenderwe kusvika kumba kwake zvakanaka mamwe matanho ese asati atorwa.

Miono miviri yaipikisana yakange yodai kusundwa nenhengo dzedare. Vamirririri vapapa vaiti mhiko yekuchengetedza muvandudzi yaifanira kuputswa. Vakadaidzira kuti, “Rwizi Rhine rwunofanira kugamuchira madota ake, sekugamuchira kwarwakaita madota aHuss musenjuri yakapfuura.” Ibid., b. 7, ch. 9. Asi machinda eGerimani, kunyangwe navowo vaiva vesangano reRoma uye vavengi vaLuther, vakaramba kuputsa chirangano ichi nekuti zvaizo svibisa humambo hwenyika yavo. Vakanongedzera kuzviitiko zvakatevera kuurawa kwaHuss, vakati vaisada kuunza matambudziko akaipa zakadaro kunyika yeGerimani uye kunambo wavo mutsva.

Mambo Charles pachake, akapindura akati: “Kutenda nekukudzwa kungashaikwa munyika yose asi zvinifanira kuwana rutiziro mumwoyo yemachinda.” Ibid., ch. 9. Apo vakuru veRoma vakaramba vachimukurudzira kuti aitire Luther sezvakaitwa naSigismund kuna Huss, apo akarega sangano richiita zvarinoda naye; mambo, achirangarira mashoko aHuss, uyo muhusungwa hwake akarangaridza mambo chivimbiso chavo chavakanga vaputsa, Charles akati: “Handingadi kunyara sezvakaita Sigismund.” – Lenfant, vol. 1, p. 422.

Ichokwadi kuti Charles akanga aramba chokwadi chaktaurwa naLuther. “Ndichamira ndakasimba pamatsiko amadzibaba angu,” akanyora mambo. –D’Aubigne, b. 7, ch. 9. akanga azvimisira kuti haangatsauki panzira dzezvokwadi nekururama. Akanga achazochengetedza kutenda kweRoma, pamwe nehutsinye nehuori hwacho, nokuda kwemadzibaba ake. Naizvozvo akamira achiramba kugashira chimwe chiedza chitsvachinopfuura chakagamuchirwa nemadzibaba ake, kana kuita rimwe basa ravasina kuita. Variko vazhinji nhasi vanoramba vakabatirira patsika dzemadzibaba avo. Apo Mwari anovatumira chimwe chiedza, vanochiramba, nekuda kwekuti hazvina kumboitwa namadzibaba avo. Hatina kufana nemadzibaba edu; uye mabasa edu nezvatinotarisirwa

kuita hazvina kufanana. Mwari havatarisire kuti titevere muenzaniso wemadzibaba edu pakuita basa rake asi kuti tinzvere tega mushoko raKe kuti tiwane chokwadi. Zvinotarisirwa kwatiri zvakakura kupfuura izvo zvaitarisirwa kubva kumadzibaba edu. Tinotarisirwa kuchengeta chokwadi chavakapihwa, icho chakauya kwatiri senhaka, uyezve totarisirwawo kuchengeta chokwadi chatakazowedzerwa munguva yedu.

Anodaro Kristu kumaJudah aisatenda: “Dai ndisina kuuya ndikataura kwavari, vangadai vasina chivi: asi zvino havangavi nepembedzo pazvivi zvavo.” Johane 15:22. Simba dzvene rimwechetero rakanga rataura kuburikidza naLuther kunamambo namachinda eGerimani. Mweya waMwari wakagombedzerana navose vaiva mudare kekupedzisira, kuburikidza nechiedza cheShoko. Sazvakaita Pirato makore ekare apo akatendera kuzvikudza kuti kuvhare nzeve dzake kuna Muponesi; naFelix apo akati kunenhume yezvokwadi, “Enda hako; kana ndawana mukana ndichazokudaidza;” sezvakapupurwawo naAgripa achizvikudza, “Wapotsa wandiita muKristu” Mabasa 24:25; 26:28, asi vakafuratira mashoko edenga- ndizvo zvakaitwawo naCharlses, nokuda kwekuzvikudza uye mirairo yenyika, akasarudza kuramba chiedza chezvokwadi.

Guhu rezvaida kuitirwa Luther rakafamba rikakonzera kusagadzikana kukuru muguta. Muvandudzi aiva neshamwari zhinji, idzo, nekuda kwezvavaiziva zvinoitwa nesangano muhutsinye hwaro kunemunhu anoripikisa, vakazvimisira kuti aisafanira kubatwa. Vanokudzwa vanemazana vakazvimisira kumuchengetedza. Pamasuwo edzimba dzakawanda pakaiswa zvibhakani zvaipembedza kana kuzvidza Luther. Panerimwe ramabhakani aya pakanga pakanyorwa mashoko emuchenjeri, “Unenhamo iwe nyika kana mambo wako ari mucheche.” Ecclesiastes 10:16. Kudiwa kwaiitwa Luther munyika neGerimani kwakaratidza mambo nevadare vese kuti kana pakaitwa chinhu chisakarurama kwaari zvaizoshaisa rugare munyika iyi nekuisa chigare chamambo panjodzi huru.

Frederick weSaxony akaramba akazvibata, akavanza zvaaifunga pamusoro paLuther, asi panguva imwe achiongorora kuchengetedzwa kwake, akatarisisa mafambiro emuvandudzi neemhandu dzake. Asi variko vakawanda vasina kuvanza kumira kwavo naLuther. Akashanyirwa nemachinda uye nevanhu vakakudzwa vazhinji, zvekuti imba yaaigara yakatadza kukwana vaenzi vake. – Martyn, vol. 1, p. 404. Vanhu vakamuyeva yekunge akange asiri munhuwo zvake. Navose vaitenda kuzvinyorwa zvake vakayemura simba rake rekumira kunyange zvaireva kufira zvaaitenda. Matanho makuru akatorwa ekuti abvume zvido zveaRoma. Machinda nevakakudzwa vakamuonesa kuti akaramba akamira nepfungwa dzake achipikisa sangano aizodzingwa pasina angamuchengetedze. Kumashoko aya Luther akati: “Shoko raKristu harigone kuparidzwa pasina kupesana…. Handinga paradzane neshoko dzvene reidi nokuda kwekutya. Kwete, ndingatopa zvangu muviri wangu, ropa rangu, noupenyu hwangu.” – D’Aubigne, b. 7, ch. 10.

Zvakare akakumbirwa kuti azviise pasi perutongo rwamambo, naizvozvo haazovi nechekutya. “Ndinobvuma,” akapindura, “nemwoyo wangu wese kuti mambo, machinda, kana muKristu mudiki sei, ngavaongorore nekutonga basa rangu, vachitora shoko raMwari sechiero. Vanhu havana chimwe chavangaita kunze kwekuriteerera. Musatyisidzira mwoyo wangu, uyo wakasungwa neShoko Dzvene.” Ibid., b. 7, ch. 10.

Kune imwe kukudziro akapindura achiti: “Ndinobvuma kushoropodza maitiro angu. Ndinozviisa ini nehupenyu hwangu mumaoko amambo, asi kwete shoko raMwari!” Ibid., b. 7, ch.10. akaratidza chido chekuzviisa pasi pehutongi wekanzuru, kwoga kana kanzuru ichizotonga sezvinoreva shoko raMwari. “Mairerano nezvinoreva shoko raMwari, mukristu wese akangofanana pakutonga kwake napapa, kunyange vakapoteredzwa nemamiriyoni evabatsiri.” Akawedzera.- Martyn, vol. 1, p. 410. Shamwari dzake pamwe nevavengi vakazogutsikana kuti hapana zvavaingagona kuita kuedza kumudzosa.

Dai muvandudzi akabvuma pachinhu chimwe zvacho, Satani nehondo dzake vangadai vakawana rukuriro. Asi hushingi hwake hwakava rudzikinuro rwesangano, uye mavambo enguva itsa irinani.

Hwezvero yemurume mumwe uyu, aida kuzvifungira nekurarama zvaanoda panezvekunamata, hwakanga huchazoshandura nyika nesangano, munguva yake nemumazera aizotevera. Hushingi hwake hwaizosimbisa vose vaizosangana nechimiro chakdai kusvika pakuguma kwenyika. Simba nembiri yaMwari zvakamira pamusoro pematare ose evanhu, nepamusoro pemasimba aSatani.

Luther akazokasika kupiwa shoko raibva kunambo kuti achidzokera kumusha, akaziva kuti chiziviso ichi chaizo kasika kuteverwa nekutongwa kwake. Makore anotyisa aiva panzira yake; asi pakubva kwake kuWorms akava nemufaro nekurumbidza. “Satani pachake” akadaro Luther, “akakomberedza chigaro chapapa; asi Kristu akapaza ruzhowa urwu, naizvozvo satani akamanikidzwa kupupura kuti Jehovha mukuru kwaari.”– D’Aubigne, b. 7, ch. 11.

Mushure mekubva kwake, asingade kuti hushingi hwake hufunidzirwe sekupanduka, Luther akanyorera mambo nwadhi. “Mwari, uyo anonzvera mwoyo, ndiye chapupu changu, kuti ndakazvimisira zvakanyanya kukuteererai, mukukudzwa kana kuzvidzwa, muupenyu kana murufu, pazvinhu zvese kunze kweshoko raMwari, iro rinoraramisa vanhu. Pazvinhu zvese zvehupenyu hwanhasi, kutendeka kwangu hakungazununguki, nokuti pano kuwana kana kushaya hazvingaenzaniswe neruponeso. Asi kana pari panyaya dzekurarama nekusingaperi, Mwari havadi kuti munhu azviise pasi peumwe munhu. Nekuti kuziisa pasi kwakadai ndiko kunamata chaiko kunofanira kuipiwa kunaMusiki oga.” Ibid., b. 7, ch. 11.

Parwendo rwake rwkubva kuWorms, Luther akagashirwa nevanhu munzira yake kupfuura paakaenda. Machinda akamuchingamidza, uye vatongi vematunhu vakakudza mufundisi uyu akanga araswa nesangano. Akakumbirwa kuti aparidza, naizvozvo kunyange zvake akanga arambidzwa kuparidza namambo, akakwira pahamende akaparidza. “Handina kumbozvimisira kuisa shoko raMwari muhusungwa.”–Martyn, vol. 1, p. 420.

Akanga asati aenda kure neworms apo mafundisi apapa akabudirira kunyengetedza mambo kuti vaise mutongo pamusoro pake. “Pachirevo ichi Luther akanzi ndiye Satani chaiye muchimiro chemunhu, akafunga nguwo dzehufundisi.”– D’Aubigne, b. 7, ch. 11. zvakarairwa kuti mushure mekupera kwemhiko yaimuchengetedza, matanho atorwe ekumisa basa rake. Vanhu vese vakarambidzwa kumuchengeta, kumupa chikafu kana zvekunwa, kana kumubatsira nenzira ipi zvayo, mungave muchivande kana pachena. Aifanira kubatwa oiswa mumaoko evakuru. Vateveri vake navo vaifanira kusungwa, uye nhumbi dzavo dzotorwa. Zvinyorwa zvake zvaifanira kuparadzwa, uye vose vaizopikisa chirevo ichi navowo vaifanira kuparara. Mubati weSaxony namachinda ake vakanga vasimuka kundosngana naLuther muhushamwari, apo gwaro ramambo rakawana rutsigiro rwedare. Parizvino vaRoma vakanga vafara. Vakaona basa rerumutsiridzo rapera.

Mwari vakanga vagadzira nzira yekupunyuka nayo yemuranda wavo panguva yakaipa. Ziso rechengetedzo rakanga ratevera Luther mukufamba kwake kuti anunurwe. Zvakava pachena kuti Roma yaisatsvaka chimwe chinhu kunze kwerufu rwake, naizvo kumuviga ndiko chete kwaizogona kuchengetedza Luther. Mwari vakapa huchenjeri kuna Frederic weSaxony kuti aronge zano rekuvanza muvandudzi. Vachibatsirwa neshamwari dzakatendeka, zano ravo rakabudirira, Luther akavigwa kubva kuhama nevavengi. Ari munzira kuenda kumba, akabatwa, akamhanyiswa nemumasangu kuenda kuimba huru yeWartburg, mumakomo aiva kure. Kuvanzwa kwake kwakanga kwakarongeka zvakadaro zvekuti kunyange naFrederick pachake akambotora nguva asingazive zvakaitika. Akazofara kuziva kuri Luther akanga akachengeteka. Gore rose rakapera Luther ari musungwa. Aleander nevamwe vake vakafara kuti mwenje weevhangeri wakanga wava kudzima. Asi muvandudzi akanga arimubishi kuisa mafuta mumwenje wezvokwadi, uyo waizojeka zvakare kupfuura kare.

Muhushamwari hwenzimbo yekuchengetedzwa yeWartburg, Luther kwechinguva akafara kuti akanga abviswa pakupisa nebongozozo rehondo. Asi haana kugutsikana nekuramba akanyarara. Semunhu akanga akajaira hupenyu hwekushanda nekurwa, haana kunakidzwa nekuramba akazorora. Mumazuva ekunyarara kwake chimiro chesangano chakasimuka pamberi pake naizvozvo akachema nekukuhunika. “Maiwee, hakuna munhu pamazuva ano ehasha dzaShe, angamira serusvingo, kuponesa Israeri!” Ibid., b, ch. 2. zvakare pfungwa dzake dzakadzoka kwaari, akatya kuti angatongwa nekugwara hwekutisa hondo. Akazvituka nekutsvaka kwake kuzvichengetedza.

Asi zuva nezuva akanga achiita basa risingagone kuitwa nemunhu mumwe. Haana kumira kunyora. Apo vavengi vake vaizvinyengera kuti akanga anyaradzwa, vakakatyamara nekuona humboo hwekuti akanga achiri kushanda. Mapepa mazhinji, akanyorwa naye, aitenderera muGerimani. Akaitawo chinhu chikuru kuvanhu verudzi rwake nekududzira Testamende itsva kuisa mururimi rwechi Gerimani. Gwegore rose akaendrera mberi nekutsiura zvivi zvenguva yake nekuparidza shoko, ari munzvimbo yake yainge Patmos. Asi Mwari vakanga vasina kumuvinga nemhaka yekumuchengeta kubva kumhandu dzake badzi. Akanga aponesa muranda wake kubva mukuzvikudza kunokonzerwa nekubudirira.

Apo vanhu vanofara mukusununguka kunounzwa nekuziva zvokwadi, vanogona kusimudzira avo vanenge vashandiswa naMwari kuputsa maketani enhema. Satani anotsvaka kubvisa meso evanhu kuna Mwari, oita kuti vaone nekupa rukudzo kune avo vanenge vashandiswa semidziyo nedenga. Kazhinji vakuru vekereke avo vanowana kurumbidzwa vanopedzisira vabvisa kuvimba kwavo muna Mwari votanga kuzvivimba. Naizvozvo vanopedzisira voita kuti vanhu vatarire kwavari, kwete kutsvaga kutungamira kweshoko raMwari. Kazhinji basa rerumutsiridzo rinoshaiswa simba nemweya wakadai unowanikwa muneavo vanoriita. Mwari vakachengeta basa rerumutsiridzo nenzira iyi kubva kudambudziko iri. Vaida kuti basa iri riwane pembedzo yaMwari, kwete yemunhu. Meso evanhu vese akanga aiswa kunaLuther saiye muparidzi weidi; naizvozvo akabviswa kuitira kuti vanhu vatarire kuna Iye Muvambi wezvokwadi isingaperi.

Chitsauko 9 Mushumiri werumutsiriro kuSwitzerland

Mukusarudza vashumiri mubasa rokumutsiridza sangano nekuunza shanduko, zano reuMwari rinoonekwazve sepanodyarwa sangano id-zva. Mudzidzisi Mukuru wokudenga akapfuura nepavanokudzwa venyika ino, vakapfuma kunyangwe nevaidanwa nemazita okukudzwa, avo vakanga vakajaira kurumbidzwa nokupiwa mbiri sevatungamiriri vavanhu. Vatungamiriri ava vaiva nekuzvida nekuzvikudza mukuzvisimudzira kwavo havana kuda kuva nehanya nevamwe vanhu vose uye nokuve vashumiri pamwechete nomurume weNazareta akazvininipisa. Kune vasina kudzidza, varedzi vehove veGarirea ndiko kwakaenda rukoko: “nditeverei, ndigokuitai vabati vavanhu” Mateo 4:19. Vadzidzi ava vaiva vakazvininipisa uye vachidzidzisika.

Pakuva nesimba shoma redzidziso dzenhema dzenguva yavo mavari, vadzidzi vakakwanisa kubudirira zvikuru pakuwana dzidziso dzaKristu uye kugona kudzidzisika mukumushumira. Saizvozvovo ndizvo zvazvakanga zvakaita mumazuva orumutsiriro rukuru. Vatungamiriri vorumutsiriro vaiva varume vakabva muupenyu hwokuzvininipisa– varume vaisava nechipomerwa maererano nokuzvida kunouya nezvidanho zvinopiwa vanhu munyika uye vaiva vasina hwezvero inokonzerwa nokutarisira vamwe vanhu pasi uye nemafungiro akaipira vamwe. Vaiva vanhu vasina chipomerwa pakusashanda kwakarurama kwama Pirisita enguva dzavo. Izano raMwari kupinza vanhu vakazvininipisa pabasa roushumiri kwaAri kuti pazobuda matuso makurukuru. Pakadaro, mbiri haizoendi kana kupiwa kumunhu, asi kuti inopiwa kuna Iye anoshanda mukati mavo kuti vade noikuita izvo zvakanaka zvinomufadza.

Mavhiki mashoma mushure mokuberekwa kwaMartin Luther muimba yepamugodhi munzimbo yeSaxony, Ulric Zwingli wakaberekwa muimba yevapfuyi vemombe pakati pemakomo eAlps. Zvaiva zvakatenderedza Zwingli muhuduku hwake, uye nedzidziso yaakawana achiri mwana, zvakamugadzirira basa rehushumiri hwakanaka mune ramangwana rake. Semunhu akanga akarererwa pakati pezvinoyevedza zvesango zvakasikwa zviripo naMwari, uye achiona kunaka pamwe nohumhizha hwaMwari mukusika, pfungwa dzake dzakakasika kudzamirwa noukuru, simba, uye hukuru hwehumambo hwaMwari.

Nhoroondo yemabasa oumhare yakaitikira munzvimbo yamakomo yaakaberekerwa yakabatidza maari chidikwadikwa chokushumira somunhu wechidiki. Agere parutivi rwambuya vake vaitya Mwari zvikuru, mukomana aiteerera nyaya shoma dzinokosha dzemuBhaibheri idzo dzavainge vatsaura kubva pakati penyaya dzevakakurumbira netsika dzekereke. Nechidikwadikwa chikuru, mukomana aiteerera nezvemabasa makuru akanga aitwa nemadzibaba navaporofita, uye nevafudzi avo vaitarira makwai avo pazvikomo zveParestina apo ngirozi dzaitaura navo, uye nezve mwanakomana weBetirehema pamwe nezve murume weKarivhari. SaJohn Luther, baba vaZwingli vakatsvaka kuti

mwanakomana wavo ange ari munhu akadzidza, naizvozvo mwanakomana akakurumidziswa kubva kwaakakurira. Pfungwa dzomukomana dzakakurumidza kukura, zvikakasika kuonekwa kuti mubvunzo mukuru wakanga uri wokuti, vangawanikwepi vadzidzisi vane hunyanzvi hunogutsa zvekugona kumudzidzisa. Ave namakore gumi namatatu, akaendeswa kunzvimbo yainzi Bern, iyo yakanga iine chikoro chakakurumbira munyika yeSwitzerland. Pachikoro ichi, kunyangwe zvakadaro, dambudziko rakamuka rakaita serichauraya vimbiso yaitaridzika muupenyu hwake. Kushanda kunesimba kwakaitwa nevapirisita kuedza kumukwezvera kunzvimbo yeMONASTERY. Vapirisita veDominican vakanga vari mumakwikwi vachirwirana kuti vave navanhu vanovatewera wakawanda. Izvi zvose mapato aizviita kuburikidza nokushongedza nzvimbo dzavo dzokunamatira, uye kuita mitambo yaishamisira pamwechete nokukwezvera vanhu kunhumbi nemidziyo yaitendwa kuti yakange iri yavatsvene vakafa kare, uye yaiva nesimba reminana nekumifananidzo yainzi inoita minana namapipi.

Vebato reDominican vachibva kuBern, vakaona kuti vakazviwanira mukomana uyu ane chipo uye akadzidza, zvaizovawanira zvose kukudzwa pamwe nekukunda vaivapikisa. Nokuva kwake mudukusa, uye kunge zviri maari chiberekerwo kugona kutaura, kunyora, pamwe chete noumhizha hwake sanyanduri wenhetembo nomuimbi wenziyo, Zwingli aizova munhu unoita nomazvo kupfuura kuzvirumbidza pamwe nokushamisira kwaiitwa navapirisita. Nokudaro vanhu vaizouya vachikwezverwa kumarusando avapirisita uye mari yaizowedzerawo kuhurongwa hwegungano ravo. Vachishandisa unyengeri uye kufadza namanzwi asina kurevesa, vapirisita vakazama kuunza Zwingli mugungano ravo. Luther, apo akanga achiri pachikoro ari mudzidzi akazviviga mutirongo yeCONVENT zvokuti dai aisava Jehovah nenyasha dzake dzinosunungura, nyika ingadai isina kana kumbomuwana. Zwingli haana kutenderwa kuti asangane nemuteyo mukuru uyu. Nerombo rakanaka kubva kuna Mwari, baba vaZwingli vakagashira ruzivo pamusoro pezvakanga zvirikurongwa navapirisita. Baba vakanga vasina pfungwa yokutendera mwanakomana wavo kuti ateverere tsika dzoupenyu hwavapirisita hwaiva huzere hunyope pamwe chete nezvisina maturo. Baba vakaona kuti ramangwana remwanakomana wavo rakanga raiswa pasina kunaka, vakaraira kuti adzoke kumba munguva pfupi yaitevera pasina kunonoka.

Akateerera kuraira kwababa vake; asi haana kutora nguva refu achigara nzvimbo yemipata yamakomo yaakaberekerwa, akaendazve kuchikoro kundosimudzira dzidzo paakanga akaisiira kuBasel. Ndiko Zwingli akatanga kunzwa nezve vhangeri raMwari rokuregerera pachena pasina mutengo. Wittembach akanga ari mudzidzisi wendimi dzekare, neimwe nguva apo akanga achidzidza rurimi rwechiGiriki nechiHebheru akakwezverwa kumanyoro Matsvene nokudaro maranzi echiyedza chinoyera chitsvene akavhenekera mukati menjere dzavadzidzi avo vaidzidza vari pasi petsoka dzake. Akareva pachena kuti kwakanga kuine chokwadi chakanga chiri chekare-kare, uye chiine kukosha

kunobvira mukusingaperi chichiyera kupfuura zivo namazano sezvaaidzidziswa nevanhu muzvikoro pamwe nanamuzvinafundo venguwa iyo.

Chokwadi ichi chekare chakanga chiri chekuti rufu rwaJesu Christu ndiyo yoga tariro nedzikinuro yemutadzi. Kuna Zwingli, mazwi aya akanga akaita semaranzi echiedza anotanga kuonekwa kuyedza kuchizotevera. Nokukasika Zwingli akazodanirwa basa raaifanirwa kuzoita muupenyu hwake achibva kuBasel. Munda wake wokutanga webasa kwakanga kuri kufudza boka duku ravatendi kuAlps, nzvimbo iyi yakanga isiri kure nokumupata kwaakaberekerwa nokukurira. Paakazodzwa kuva mupirisita akazvikumikidza iye nemweya wake wose kukutsvaga chokwadi, nokuti akanga achiziva nezveumwe mushumiri weshanduko akati “anofanira kuziva zvakawanda sei munhu uyo unopiwa basa naKristu rokufudza makwai ake.”—b.8,ch.5.

Paainyanya kutsvaka nokuverenga mumagwaro, ndipowo painyanya kujeka musiyano waivapo pakati pechokwadi cheshoko raMwari nedzidziso dzenhema dzeRoma. Akazvikumikidza kuShoko raMwari seinzwi Rake uye semurairo usina chipomerwa unofanira kutevedzerwa. Akaonazve kuti Shoko raMwari rinofanira kuzvidudzira iro romene. Haana kuda kuyedza kutsanangura Shoko raMwari kuti agone kusimbisa dzidziso dzenhema uye mazano asina chokwadi, asi akariita basa rake kuti aizodzidza zvabva kushoko romene uye zvichijekeswa naro. Akatsvaka kuti azviwanire rubatsiro rwokuwana zivo yakazara nokunzwisisa zvairehwa neshoko raMwari. Akatsvaka rubatsiro rwaMweya Mutsvene uyo waakati unozarurira vose vanomutsvaka nokurevesa nomunamato.

Zwingli akati “shoko raMwari rakabva kunaMwari kwete kuvanhu, uye kuti Mwari anopa zivo … Shoko raMwari harikundikani, rakajeka, rinozvidzidzisa, rinozviratidza, rinozarurira mweya nemoyo, ruponeso nenyasha, richinyaradza moyo munaMwari. Shoko rinoninipisa moyo kuti iwo uzvirambe asi kuti ubatirire kuna Mwari.” Chokwadi chamashoko aya chakararamwa zvinobatika naZwingli. Achitsanangura nhorondo youpenyu hwake panguva iyi, mushure akazotaura kuti: “Apo ndakazvipa zvachose kuMagwaro Matsvene dzidziso dzavanhu pamwe nokudzidza humwari pasina hutsvene zvose izvi zvaingomutsa gakava nenharo mandiri.” Ibid., b8.ch.6

Dzidziso yaidzidziswa naZwingli haana kuitora kunaLuther. Yakanga iri dzidziso yaKristu. “Kana Luther achidzidzisa zvaKristu,” akadaro Zwingli weSwitzerland “anoita zvandiri kuita. Avo vaakaunza kuna Kristu vakawanda kupfuura avo vandakaunza. Asi izvi hazvina hazvo basa. Handichazosimudziri rimwe zita kunze kweraKristu, uyo wandiri wuto Rake, uye kuti Iye oga ndiye Ishe wangu. Handina kana neshoko rimwe randakanyorera Luther, kana rakabva kuna Luther richiuya kwandiri. Zvingadaro nei? ... Kuti zvitaridzike uye zvioneke kuti Mweya Mutsvene haazvipikisi asi kuti anozvibatanidza Maari iye Amene, nokuti pahuviri hwedu, pasina patakambosonganiswa, tinodzidzisa dzidziso yaKristu zvakafanana.”—D’Aubigne, b,8,ch.9.

Mugore ra1516 Zwingli akakokwa kuzowa muparidzi mugungano re Einsiedeln. Panzvimbo iyi ndipo paaizoonera pedyo huwori hwose hweRoma uye kuti panzvimbo iyi ndipo paaizosimbisa mukurumbira wake wokuwa mushumiri weshanduko yekururama musangano. Mbiri iyi yaizonzwikwa kure kupfuura kwaakaberekerwa mumakomo e Alps. Pakati pazvinhu zvaikwezva vanhu kunzvimbo ye Einsiedeln wakanga uri mufananidzo wemhandara, chiumbwa ichi chaitendwa kuti chaiva nemasimba okuita minana nezviratidzo. Pamusoro pemusuwo kana kuti zambara rokupinda naro munzvimbo yegungano pakanga pakanyorwa kunzi, “pano panzvimbo ino kuregererwa kwezvivi kunowanikwa” … Vafambi vazhinji mumwaka yose yemakore vaiuya kuchiumbwa chemhandara asi pamutambo mukuru wepagore apo chiumbwa ichi chaikumikidzwa, vazhinji-zhinji vaiuya vachibva kumativi ose enyika ye Switzerland. Vamwe vaibvawo kunyika dze France ne Germany. Zwingli achitambura zvikuru nezvaaiona pamberi pake, akatora mukana uyu kuparidza rusununguko rwevhangeri kuvanhu ava vakanga vari nhapwa dzemanenji nemashura.

Akati: “musafunga kuti Mwari aripanzvimbo ino kupfuura zvaari mune dzimwe nzvimbo dzaakasika. Zvisinei nenyika yaunobva, Mwari anokunzwa, uye akakutenderedza … ko mabasa asina maturo, nzendo dzezvokunamata refu, zvipo nezvifananidzo, nekushopera kumhandara kana kuvasande vakafa, zvingakuwanirai nyasha dzaJehovah here? ... Zvinobatsirei kuva namashoko mazhinji mumunamato? Zvinobatsirei kuva nemisoro yakavewurwa, kana kuva nenguwo refu dzinonzvenzvera pasi, kana kuva nemanyatera akarukwa neshinda dzendarama? ... Mwari anonzvera moyo, naizvozvo moyo yedu iri kure naMwari.” Akati, “Kristu uyo akapiriswa pamuchinjikwa, ndiye Chipo neChipiriso chakaita kuti kuve nedzikinuro kubva kuzvivi kusvikira nokusingaperi.” – Ibid., b.8.ch.5.

Kuvateereri vazhinji dzidziso idzi dzaisatambirika. Kwaiva kukuhunika kwairwadza kuti nzendo dzezvokunamata refu dzavainge vaita zvaingova nhando. Kuregererwa kwezvivi pachena muna Kristsu havana kukunzwisisa. Vanhu vainge vakagutsikana nenzira yavo yekare yokuenda kudenga iyo vakanga vatarirwa ne Roma. Vakazeza nokutya kunetseka kutsvaka zvimwe zvaive nani. Zvaiva nyore kwavari kuti mapirisita aite iwo basa rokuvaunzira Ruponeso pane kuti ivo vatsvage kuva nehana dzakachena.

Chimwe chita chakagamuchira norufaro shoko rokuwana ruponeso muna Kristu bedzi. Tsika nemitemo zvakanga zvakatemerwa vanhu ne Roma zvakatadza kuunzira vatendi runyararo nezororo remoyo, nokutenda muna Kristu, vakagashira ropa rake sechibairo chedzikinuro yavo huru. Ava vanhu, pavakadzokera kumisha yavo, vakandoudzawo vamwe nezvechiedza chinokosha chavakanga vagamuchira. Uku ndiko kwakava kufamba kwechokwadi chichibva mumisha kuenda kune imwe, kubva mune rimwe guta kuenda kune rimwe. Nokuda kwechiitiko ichi, vanhu vaienda kundonamata vari pachiumbwa chemhandara vakaderera zvikuru. Kwakava nokuderera kukuru

kwezvipo kunyangwe nomubhadharo waiwanikwa naZwingli wakadererawo. Izvi zvakangounza mufaro bedzi kwaari nokuti akaona simba rokusimbira mumashura namanenji richiputsanywa.

Vakuru vesangano havana kuva mapofu pakuona basa ra Zwingli nematuso aro. Kunyangwe zvakadaro vakambotivira kwechinguva, havana kuda kubvunza kana kupinda munyaya yacho. Netariro yavaive nayo, vapirisita vakaedzazve kukwezva Zwingli nemashoko anofadza iwo asina chokwadi paiitika izvi, chokwadiwo chakanga chiri kudzika midzi muhana dzavanhu vazhinji.

Kushanda kwa Zwingli pa Einsiedeln zvakamugadzirira kuti agone kuzobata basa mukati memunda mukuru. Basa iri raTenzi aizoripinda nokukasika. Papera makore matatu, Zwingli akakokwa kuzowa muparidzi mugungano re Zurich. Iri rakanga ririguta rakakosha mu Switzerland zvokuti mukurumbira waizomuka munzvimbo iyi waizofamba uchienda kure-kure. Vatungamiriri vesangano vakanga vamukoka.

Ku Zurich vaiva neshuwiro yekuti hapanazve kumukira dzidziso dzavo kungaitwa na Zwingli nokudaro vakaenderera mberi nokumutsanangurira mashandiro aaizoita munzvimbo iyi. Vakati, “Uchashandisa simba rako rose kuunganidza zvipo nezvakapikirwa navatendi pasina kutarisira vanoshoreka vavo pasi. Uchakurudzirawozve vakatendeka, kubvira uri pamberi pavo uchiparidza, uye nomukati memba yokurevururira zvivi. Vanofanira kukurudzirwa kubhadhara zvegumi zvavo nezvipo kusangano, nenzira iyi vanotaridza rudo rwavo kusangano. Iwe uchashanda nesimba rako guru kuti mari dzinobva kuvarwere, kuruzhinji rwavatendi, uye nedzinobva kumitambo nezvirango zvinoyera zvesangano dziwedzere.” Kana kuri kufambiswa zvakanaka kwebasa rezvirango zvitsvene zvesangano, kuparidza, nekufudzwa kwevatendi, nokuwedzerwa kwavanodzidzisa, ose aya mabasa ndiwo anofanira kuitwa nomuvhangeri. Pamabasa aya unogona kutsvaka mumwe anogona kukuitira zvikuru sei kuparidza. Kana zviri zvirango zvinoyera zvesangano, unofanira iwe womene kuzviitira vanhu vepamusoro uye vanokudzwa. Kanazve uchinge wadanirwa basa iri, haufaniri kuita iri basa pasina kutsaura vanhu.”—Ibid., b.8,ch.6.

Zwingli akateerera mashoko ukutsinhidzira aya anyarare. Pakuzovapindura mushure mokutaridza mufaro wake nokuremekedzwa kwaakange aitwa murukoko runokosha, akazoenderera mberi mukutsanangura gwara raaizotora mubasa rake. Akati, “hupenyu hwaKristu hwange hwakavigirwa vanhu kwenguva refu. Ini ndichaparidzira vanhu vhangeri rose riri mubhuku raMateu, … ndichitora koga kubva mutsime raMagwaro Matsvene, ndichiyera hudzamu hweShoko, ndoyenzanisa ndima imwe neimwe, ndichitsvaga kunzwisisa nokunamata nokurevesa nguva imwe neimwe. Zvakanangana nembiri kunaMwari, kukukudzwa kwezita roMwanakomana, uye kukuponeswa kwavanhu kwechokwadi, pamwe nokusimudzirwa kwavanhu mukutenda kwezvokwadi, mubasa iri

ndichakumikidza ushumiri hwangu hwose.”—Ibid., b.8,ch.6. Kunyangwe vamwe vakuru vesangano vakanga vasiri kufara nezano ra Zwingli vachiedza kukuhunisa zano iri, Zwingli akaramba akasimbisa zano rake asingatongovhundutswi. Akareva pachena kuti iye akazenge ave kuparura nzira itsva, asi yakanga iri tsaru pakuti ndoyakashandiswa kare apo sangano rakanga richiri kukura uye richiri rakachena.

Nazvino chido nehanya muzvokwadi yakanga yauya na Zwingli chakasimudzirwa zvikuru muvanhu vazhinji. Vanhu vaiuya nouhwandu hwavo kuzonzwa nokuteerera Zwingli achiparidza. Vamwe vakange varega kuuya kuminamato kwenguva refu ndovakange vari vamwe vevateereri ava. Zwingli akatanga basa rake achiverenga matsamba evhangeri akanyanya kusimbira paupenyu, dzidziso nerufu rwaJesu Kristu. Panzvimbo iyi seku Einsiedeln, Zwingli akaparidza shoko raMwari sezvariri kuti harina chipomerwa uye rine simba guru, uye kuti rufu rwaJesu Kristu ndicho chega Chipiriso chakazara cheupenyu. Zwingli akati, “Ndekuna Kristsu kwoga kwandinokutungamirirai—kuna Jesu, kutsime roruponeso rwechokwadi.”—Ibid., b.8.ch.6. Pamberi pomuparidzi pakaungana vanhu vamapoka ose, kubva kune vedzihurumende, vadzidzisi, mhizha navarimi. Vaine chido nokudzamirwa kukuru, vose vakateera muparidzi. Haana bedzi kuparidza rusununguko pachena muna Kristsu, asi asingatyi akatukawo huyipi nohuwori hwaiitwa munguva idzodzo.

Vazhinji vakadzoka kubva kukereke vachirumbidza Mwari. “Murume uyu,” vakadaro vanhu, “muparidzi akamira pazvokwadi. Ndiye uchava Moses wedu kuti atitungamirire tibve murima iri re Ijipita.”—Ibid., b.8,ch.6.

Kunyangwe hazvo hushumiri hwake hwakatanga kugamuchirwa nerudo rukuru, papera chinguva, kupikiswa kwakatanga kusimuka. Boka ravarume vanogara vari pasi pemhiko dzechitendero dzeurombo, kuchena nekuteerera, vakazvimisira kuve zvimhingamupini mubasa ra Zwingli uye vairamba zvaaidzidzisa nokuraira vanhu. Ruzhinji rwavanhu rwakashoora Zwingli, kumutsvinyira pamwe nokumutuka pachena. Vamwe ndivo vaida kumutyisa nokumuvimbisa njodzi dzakaipa. Pazvose izvi, Zwingli akazvigamuchira nounyoro nokutiwira akati, kana tichidisa zvikuru kuti vakaipa vauyewo kuna Mwari, tinofanira kutsinzina meso edu kune zvinhu zvakawanda.”—Ibid., b.8.ch.ch.6.

Panguva iyi simba idzva rakawanikwa raizofambisa basa reshanduko. Mumwe ainzi Lucian akatumwa ku Zurich aine zvimwe zvezvinyorwa zva Martin Luther nemunhu aiva nehushamwari mukutenda kwe Basel, iye akati kutengeswa kwezvinyorwa izvi kunogona kuve nzira inesimba yokuparidzira chiedza cheshoko raMwari kuvanhu. Akanyora achiti, “nzverai kuti murume uyu ane hungwaru neruzivo rwakafanira here; kana anazvo, ngaayende nechokwadi kuguta rimwe nerimwe, nedhorobha rimwe nerimwe, apinde mumusha mumwe nomumwe, imba imwe neimwe pakati pavanhu venyika ye Switzerland.

Ngaapinde nezvinyorwa zva Luther, zvikurusei tsananguro yake mushoko pamusoro pemunamato waTenzi uyo wakanyorerwa vatendi. Kunyanya kuzikanwa kwezvinyorwa izvi, ndiko kuwandawo kunoita vanotenga.”—Ibid., b.8,ch.6. Nenzira iyi, chiedza cheshoko raMwari chakapinda kuvanhu.

Panguva iyo Mwari achigadzirira kudambura ngetani dzokushaiwa zivo pamwe nokutenda mumashura namanenji, ndipowo apo satani anoshanda nesimba guru kuti vanhu varambe vakafukidzwa nerima guru, anodazve kusungirira vanhu murima nesimba rakapetwa. Apo varume vaisimuka vachisundwa nomweya waMwari munzvimbo dzakatsaukana kuti vaparidzire kuvanhu ruregerero nokucheneswa zvivi nekuda kweropa raKristu, Roma yakaenderera mberi nesimba idzva rekuvhura misika munyika dzose dzaiva namaKristu kuti vatengese kuregererwa kwezvivi nemari.

Chivi chimwe nechimwe chaiva nomutengo wacho, uye vanhu vaisunungurwa kuita mhaka dzose kana homwe yekereke yaigara yakazadzwa. Uku ndiko kwakawa kufamba pamwechete kwemapato maviri, rokutanga raiparidza ruponeso nokuda kwa Kristu rechipiri richitengesa ruponeso nemari. Roma yaitengesa zvivi nemari kuti igopfumiswa, norumwe rutivi vashumiri veshanduko tsvene vainongedzera vanhu kuna Jesu somumirariri nomudzikinuri wevatadzi.

Munyika ye Germany kutengeswa kwezvivi nomutero ibasa rakakumikidzwa kuboka ravaitenda nhema raizikanwa nezita rinonzi Dominican. Akanga ari mutungamiri wavo ainzi Tetzel, aiva munhu asingafarirwi. Munyika ye Switzerland, iri basa romutero wechivi rakaiswa mumaoko eboka rainzi Franciscans. Aitungamira boka iri, ainzi Samson wenyika ye Italy. Samson aiva weboka revanogara vari voga vari pasi petsika dzechitendero. Samson akanga aitira sangano basa guru kwazvo, akanga aita kuti kuuye mari zhinji kubva ku Germany pamwe nenyika ye Switzerland mari iyo ikazadzwa muchivigiro chemari chesangano ku Roma. Samson paaifamba munyika ye Switzerland vanhu vaiuya nouwandu hwavo kwaari, airozva varombo avo vaibva vatorerwa zvishoma zvavaiva nazvo. Vapfumiwo vainyengerwa kuti vabvise nepakuru. Asi nokuda kwebasa reshanduko yokururama, basa rokutengesa zvivi nomutero rakaenderera haro mberi asi riine simba shoma. Zwingli akanga achiri ku Einsiedeln apo Samson akapinda mu Switzerland nemidziyo yake mune rimwe guta imomo. Zwingli paakanzwa nezvokuuya kwa Samson, haana kupedza nguva, ipapo-ipapo akaenda kundosongana naye kuti amudzivise kunyengera vanhu. Kunyangwe zvazvo vaviri ava vasina kusongana chiso nechiso, Zwingli akakwanisa kuratidza ruzhinji rwavanhu kunyengera kwakaipa kwaiitwa na Samson zvakadaro zvokuti Samson akatama, akaenda kune dzimwe nharaunda.

Pa Zurich, Zwingli akaparidza zvine simba achirwisa boka raitengesa zvivi nomutero. Samson paakasvika panzvimbo iyi akasangana nemutumwa akanga achibva kukanzuru aine shoko rokuti Samson aifanira hake kupfuurira aende arege kugara muguta. Samson

akazviwanira nzira yokupinda muguta maakanga arambwa, asi kunyangwe zvakadaro vanhu vakamuona vakamudzinga asina kutengesa mutero wechivi kana umwe chete hawo. Samson akabva azobuda munyika ye Switzerland.

Chimwe chezvinhu zvakapa simba kubasa rerumutsiriro rwokururama idenda rainzi Black Death. Denda iri rakatekeshera nyika yose ye Switzerland mugore ra 1519. Vanhu pavaisangana uso neuso nemharadzi, vazhinji vakaona hupenzi nokushaiwa simba kwemitero yezvivi. Vanhu vakashuva nokutsvaka nheyo dzokutenda dzirinani. Zwingli ari ku Zurich akabatwavo nedenda; chirwere chakamurwadza nokumupedza zvokuti tariro yekupora yakanga yapera, shoko rakafamba rikatenderera rokuti iye aive afa. Munguwa idzodzo dzokuyedzwa pamwe nokurwara, kutenda kwa Zwingli hakuna kuderera kana kuzununguswa. Iye akaramba akatarira kumuchinjikwa nokutenda achivimba muna Kristu Iye Chibairo Chikuru Chinesimba rokusunungura mutadzi. Paakasunungurwa kubva mumasuwo erufu, Zwingli akatanga kuparidza Shoko raMwari zvine simba kupfuura pakutanga. Mazwi ake akange akavhenganiswa nesimba guru nechikuriri. Vanhu vakagamuchira mufundisi wavo nomufaro mukuru nokuti akanga adzoswa kwavari kubva mumazariro erufu. Ivowo vakanga vachibva kunopepa varwere nokuviga vakafa, nenzira iyi, vanhu vakanzwisisa kukosha kwakaita vhangeri raKristu muupenyu hwavo.

Zwingli akanga aisa chokwadi chiri muvhangeri muupenyu hwake, akanga ararama nenzira inobatika simba guru revhangeri rokushandura nokusunungura munhu. Kuputsika kwemunhu nezano roruponeso ndizvo zvidzidzo zvainyanya kudzidziswa na Zwingli. Akati; “muna Adam tose tiri vakafa, takanyudzwa muhuwori nomukutongwa.”—Wylie, b.8.ch.9. “Kristu ... akatitenga nerusununguro rwusingaperi … kurwadziwa kwake chibairo chikuru chokusingaperi chine simba rokurapa nariini, chinochenura rutongo rwaMwari kune vose vanovimba naye vane kutenda kusingazunungutswi.” Zwingli akadzidzisa pachena dzidziso yokuti nyasha dzaJehovah haisi mvumo yokutyora murairo waMwari. Apo pane kutenda, Mwari aripowo. Kuvepo kwenyasha hazvirevi kusununguka kutadzira Mwari. Pese pana Mwari, panoonekwazve chidikwadikwa chinokwezvera vanhu kumabasa akarurama.”—D’Aubiegne, b.8.9.

Iri ndiro rakanga riri simba rokuparidza kwa Zwingli, zvikaita kuti vanhu vauye vachizadza imba yokunamatira nokupfuuridza avo vaiuya kuzomunzwa achiparidza. Zvishoma nezvishoma zvichienderana nokunzwisisa kweboka ravatendi, Zwingli aizarurira vatendi zvokwadi. Aiva akachenjerera kuti arege kuvapa chiedza chaizovashamisa nekuvakuhunisa. Chidiso chake chaive chokuti moyo yavatendi izarukire kudzidziso dzaJehovah muna Kristu Jesu. Aida kunyevenutsa moyo yavo nerudo rwaKristu uye kuti muenzaniso wake ugare uri pamberi pavo, napakugamuchira kwavo zvimiso zvevhangeri, kutenda mashura, mazango nouroyi pamwe namabasa akaipa zvaizowira pasi.

Nenhanho imwe neimwe, basa rerumutsiriro rwokururama rakaramba rwuchienderera mberi ku Zurich. Mukushamiswa nokukahadzika kukuru, vavengi vevhangeri vakazvimisira kuripikisa. Mugore rakanga rapfuura, umwe webota rakanga rakazvimisira urombo, kuchena nekuteerera, we Wittenberg akanga ataura kupokana kwake na Zwingli kuna mambo uye achinosumazve Papa munzvimbo ye Worms, nazvino zvirikuratidza sokuti chimiro chimwechetecho chichavako ku Zurich.

Kurwisa Zwingli kwakaitwa nedzokororo. Mukati mematunhu a Papa, munguva nenguva vadzidzi vevhangeri vaiiswa pamabakwa ehuni kuti vapiswe. Sezvisina kukwana, mudzidzisi wevhangeri aifanira kunyararidzwa. Zvichienderana nepfungwa iyi Bhishopi we Constance akatumira nhume nhatu kukanzuru ye Zurich achipomera Zwingli mhosva yokudzidzisa vanhu kumukira mitemo yesangano, zvaizoita kuti rugare nokurongeka kwenharaunda kusagadzikane. Bhishopi akati kana simba rekereke rikaiswa padivi, nyongano inobva yavepo mupasi rose. Zwingli akati iye akange aparidza vhangeri mu Zurich kwemakore mana. Akati guta iri ndiro rakanga riine runyararo nerugare kupfuura mamwe ose akanga ari mumubatanidzwa wenyika. Akati, “handizvo here kuti chiKristu ndicho chinotochengetedza rugare rworuzhinji mupasi?”—Wylie, b.8.ch.11.

Vatongi vakanga vatsiura vekanzuru kuti varambire mukereke nokuti vaiti kunze kwekereke hakuna ruponeso. Zwingli akati: mhosva iyi ngairege kukutambudzai. Akati nheyo dzekereke iDombo rimwe chete, ndiye Kristu. Ndiye akapa Petro zita rake ndiyezve akange apupura Jesu. Mukati mematunhu ose enyika pasi pose, aninaani unotenda nomoyo wake wose muna Kristu Jesu, iye akadaro anogashirwa naMwari. Iri ndiro sangano nekereke, aninani anomira kunze kwayo haawani ruponeso.”—D’Aubigne, London ed., b.8.ch.11. Nokuda kwenhau iyi pagungano, mumwe wavatevedzeri vemaBhishopi akagashira kutenda kuri muhushumiri hwokutenda hweshanduko.

Kanzuru yakaramba kutorera Zwingli matanho, Roma yakatanga kugadzirira kurwisa Zwingli patsva. Iye paakanzwa nezvazvo akati, “ndinotya vanhu ava sezvinoita dombo guru refu riri pagungwa rinonzwa simba refungu rinorova tsoka dzaro.” Wylie, b.8.ch.11. Kushingaira kwevakuru vekereke kwakaita kuti vhangeri ravaida kudzivisa ritofambira mberi nesimba guru. Chokwadiwo chakaramba chichitenderera. Munyika ye Germany vatendi vakanga vakuhuniswa nokushaikwa kwa Luther, vakawanazve simba idzva pavakaona kufamba kwevhangeri mu Switzerland.

Apo rumutsiriro rwokururama rwakadzika midzi mu Zurich, zvibereko zvarwo zvakanyanya kuonekwa mukudzikira kwoupenzi, nokukura kwerunyararo nerugare rworuzhinji. “Runyararo rwunogara pakati pedu muguta redu, hakuna gakava nenharo, hapana kunyengera, godo, kana humbavha, kubatana kwakadai kungabvepi kana kusingabvi kuna Ishe wedu Kristu, nedzidziso yedu inotizadza nezvibereko zverunyararo nekuvimbika kuna Mwari?—Ibid., b.8.ch.15.

Kukunda kwaiita shanduko yokururama kwakaita kuti ve Roma vashinge nokutsunga kukuru kuti basa guru revhangeri riwire pasi riparare. Vachiona kuti zvishomasei zvavakanga vaona pakurambidza zvinyorwa zva Luther uye nokutambudza vadzidzi vevhangeri ku Germany, vakafunga kuti varwise vhangeri vachishandisa zvombo zvaro. Vakaronga kuzoitisana nharo na Zwingli paruzhinji. Ivo ndivo vaizosarudza nzvimbo yemusangano navatongi vaizotonga nhau yaitauriranwa. Nenzira iyi, veRoma vaitarisira kukunda kukuru. Zvekare namarongero aya, vaida kubata Zwingli zvokuti haaizopukunyuki, vaizomunyararidza, vhangeri raimira kufamba uye rumutsiriro rwokururama rwaibva rwashaiwa simba. Zano iri harina kupupurwa pachena asi kuti yaiva tsindidzo kune vaironga nezvazvo.

Nzvimbo yenhaurirano yakasarudzwa yainzi Baden; asi Zwingli akange asipo. Kanzuru ye Zurich, ichifungira vanhu veRoma misikanzwa nekunyengera uye nokuona zvekuti mumatunhu evaRoma makanga makabatidzwa moto pamabakwa ehuni, izvi zvaiitirwa vatendi vevhangeri. Kanzuru ye Zurich yakayambira mufudzi wayo Zwingli kuti arege kuzvipinza mudambudziko raiva pachena iri. Ari pa Zurich, Zwingli aive akagadzirira kusangana nevose avo vaigona kutumirwa kwaari navaRoma; asi kuenda ku Baden uko ropa ravakafira Kristsu rakadeurwa, kwaiva kuenda kurufu rusinganonoki kusvika. Oecolampadius na Haller ndivo vakasarudzwa kuti vagozomiririra avo veshanduko yokururama, nerumwewo rutivi Dr. Eck vakanga vakakurumbira, vakatsigirwa namamwe madhokotera navapirisita ndiye aiva mhare ye Roma.

Kunyangwe Zwingli aisavapo pamusangano mukuru uyu, simba rake nehwezvero rainzwika. Vanyori vainge vakasarudzwa neve Roma, vamwe vose vakarambidzwa kunyora zvavaiona kana kunzwa pamusi uyu. Aninani aizotyora murairo uyu, aifanira kuurawa. Kunyangwe hazvo zvaiva saizvozvi, Zwingli aiwaniswa ruzivo rwakatendeka maererano nezvese zvaiitika ku Baden kumusangano. Mumwe mudzidzi akanga ari pamusangano uyu aizonyora usiku zvinenge zvaswerotaurika masikati. Mapepa aya aizotakurwa nevamwe vaviri pamwechete netsamba dzainyorwa na Oecolampadius kuna Zwingli. Iye aizopindura achipa mazano ne kurudziro, dzake tsamba dzainyorwa usiku, vadzidzi vevhangeri vaizoenda nadzo ku Baden mangwanani. Kuti vanzvenge kuonekwa nomurindi pamasuwo eguta, vadzidzi vakapinda vakatakura matengu ane huku pamisoro yavo, nokudaro vaitenderwa kupinda pasina dambudziko.

Uku ndiko kwakava kusimba kwa Zwingli apo akanga achirwa nemhandu dzinemano akaipa. Myconius anonyora pamusoro pa Zwingli achiti; “akashanda, kuburikidza nokuverenga magwaro kwake, nokusarara usiku, uye nokuda kwemazano aaiendesa ku Baden, kupfuura zvaaingadai akaita dai aivepo iye amene pakati pemhandu nevavengi vake.” D’Aubigne, b.11,ch.13.

VeRoma pavakauya kumusangano vaiva vakazadzwa netarisiro yekukunda vavhangeri nyore, nokudaro akauya vakapfeka nhumbi dzavo dzinokosha pamwe nokuzvishongedza nematombo anokosha .Vaigara pakasununguka, matafura avo aiva akashongedzwa nechikafu chepamusoro chaidhura zvikuru pamitengo yacho. Vainwa waini yemhando yepamusoro. Mutoro webasa ravo rokushandira kereke, wairerutswa nekuita mitambo vachifadzana nokupambadza pfuma. Kune rimwe divi, kwaioneka mukaha mukuru kana vanhu vachiona vamirririri veVhangeri. Ava vanhu pakuvonekwa kwavo navanhu, vaitaridzika savashaiwi. Nekuda kwekushomeka kwezvavaiva nazvo, hazvaigona kuti vatore nguva refu vagere pakudya. Muridzi wemba apo paigara Oecolampadius aigara achimuona achiverenga magwaro nokunamata, mukushamiswa kwake nazvo akazopupura achiti; pakuonekwa kwake uyu munhu mupesanisi hake asi anoda zvokunamata, munhu anozvipira zvikuru.

Kumusangano, Eck akasimuka azere nokuzvida kukuru achienda kundomira patafura yokuparidzira, iyo yakanga yakashongedzwa nenzira yapamusoro-soro. Nekune rumwe rutivi Oecolampadius akanga akazvininipisa akamanikidzwa kugara pamberi pavadzivisi vake pamusoro pechigaro chakanga chakavezwa nenzira yakaipa zvaishoreka. Nguwo dzake dzaiwa dzomurombo asinavo chaaiva nacho.

Nokuda kwenzwi rake raisvika kure riine simba Eck aitaura aine simba noumhare, simba airiwana pakuti aiva akatarisira muripo wendarama uye kuti mushure mebasa iri aizozviwanira mukurumbira mukuru. Kana mashoko echokwadi achinge amuperera, zvaiva nyore kuna Eck kushandisa kutuka kana kuzvidza avo vasingatendi zvaanoda.

Oecolampadius, akadzikama, pamwe nokuzvitorera pasi akanga asingadi kupinda panopisa gakava, akazopinda hake muhondo iyi akamira pashoko guru rokuti; “handikoshesi chimwe chipimo cherutongo kunze kweShoko raMwari.”—Ibid., b.11.ch.13. Kunyangwe hazvo aive munyoro, ane rukudzo pahunhu hwake, Oecolampadius akaburitsa pachena kuti aiva munhu aitoziva uye asingatsukunuswi pachokwadi chaaiziva. VeRoma apo vaisimbisa shoko ravo mumasimba ekereke, mutsika dzavo nenharo, veVhangeri vaisimbisa Shoko ravo neBhaibheri Dzvene. Oecolampadius akati tsika dzekereke hadzina simba munyika yedu ye Switzerland, kunze kwekunge zvichienderana nebumbiro remitemo; kana dziri nhau dzokunamata nechitendero, Bhaibheri ndiro bumbiro guru munyika yedu.”—Ibid., b.11,ch.13.

Musiyano wakanga uri pakati pavaviri vaipokana hauna kusiya usina kubata hana dzevaiona. Kutaura kwakadzikama, nokutsanangudza zvakajeka, zvichiitwa murunyararo nerukudzo, zvakakwezva pfungwa dzavazhinji avo vakabvisa meso avo kuna Eck akanga achivanyangadza nokutuka kwake pamwe nokuzvikudza.

Nhaurirano yakaenderera mberi kwemazuva gumi nemasere. Pakupera kwemazuwa aya, veRoma vaine kuzvivimba kukuru vakati ivo ndivo vakanga vakunda. Vazhinji

vavatongi vakaenda kurutivi rweRoma. Vaitungamira musangano vakati vavhangeri vakundwa, nokudaro ivo, nomutungamiriri wavo Zwingli vakange vatodzingwa mukereke. Kunyangwe hazvo zvakarehwa saizvozvo, michero yemusangano uyu yakataridza pachawo kuti raiva divi ripi rakanga rakunda. Nokuda kwemusangamo uyo, vanhu vazhinji vakaonekwa kuti vaipa rutsigiro rukuru kune vaVhangeri. Kubva apa, hazvina kutora nguva apo maguta anokosha e Bern ne Basel areva pachena kuti ivo vaive nokutenda muvhangeri rorumutsiriro rwokururama.

Chitsauko 10 Kubudirira kwerumutsiriro rwokururama munyika yeGermany

Kushaikwa kusinganzwisisiki kwa Luther kwakakonzera kushushikana kukuru mukati memoyo yavanhu venyika yose ye Germany. Mibvunzo pamusoro pake yainzwika kwese-kwese. Makuhwa akanga asingafungidziriki akatanga kutenderera, vanhu vazhinji vakatenda kuti Luther akanga akauraiwa. Kwakaita mariro makuru mukati memoyo yavanhu, kwete neshamwari dzake dzepamoyo dzoga, asi nezvuru zvavanhu vakapupura pachena kuti naivo vaizomira kurutivi rwerumutsiriro rwokururama. Vazhinji vakazvisunga nemhiko yokurevesa yokuti, ivo vaizotsiva rufu rwa Martin Luther.

Vatungamiri veRoma vaitarira vakabatwa nokutya kukuru danho rakanga rasvika mifungo yavanhu vachipokana navo. Kunyangwe zvakavafadza pokutanga, maererano nenyaya dzaifungidzirwa kunzi Luther aive akafa, veRoma munguva diki vakadisa zvikurusa kuti vagare vakahwanda kubva kubope rehasha dzaiva novoruzhinji. Mhandu dza Martin Luther, hadzina kumbenge dzakatambudzwa namabasa ake apachena oumhare nehushingi achiri pakati pavo sezvazvakaita apo zvino abviswa kwavari. Avo vaisundwa nehasha zhinji kuna Luther vakatsvaka kuparadza mushumiri weshanduko yekururama aiva noumhare, vakazenge zvino vazadzwa nokutya panguva ino nokuda kwokuti Luther akange angove musungwa asingakwanisi kuzvisunungura. Vekereke vakataurirana vakati; “nzira yoga yasara yekuti tizviponese, kubatidza mwenje totsvaga Luther mupasi rose, tomudzosera kuvanhu venyika yake vari kumuchemera.” –D’Aubigne, b.9,ch.1. Chirevo chamambo chakaita sechawira pasi chisina simba. Makurukota aPapa, vakazadzwa nehasha huru pakuona kwavo kuti chirevo chamambo hachina kugashirwa muvanhu zvakanyanya nokuti mumifungo yavo, zvainge zvakawira Luther ndiyo yakanga yaita senyaya inonyanya kukosha kwavari.

Shoko rokuti Luther aiva akachangeteka, kunyangwe hazvo aive mutirongo semusungwa, zvakadzikamisa hana nokutya kwavanhu, izvi zvakaita kuti varambe vakamira naye pane zvaaitenda. Zvinyorwa zva Luther zvaiverengwa navanhu vaine chidikwadikwa chikuru kwazvo kupfuura pakutanga. Vazhinji vavanhu vaiuya vachiwedzera huwandu hweavo vaimira na Luther mhare mubasa rerumutsiriro rwokururama. Vanhu ava vakauya kuzomiririra Shoko raMwari munguva dzakanga dzisina kujairika. Rumutsiriro rwokururama rwakaramba ruchiwedzera pasimba. Mhodzi yakanga yakadyarwa na Luther yakamera kose-kose. Kushaikwa kwake kwakaita kuti basa guru kwazvo rifambe kupfuura zvaaingadai akaita dai aivepo. Vamwe vabati vebasa vakazvinzwa vaine musengwa mutsva, nokuda kwokuti Luther semutungamiri wavo, akanga abviswa kwavari. Nokutenda kutsva, uye nokurevesa kukuru, vakashingaira kuyenderera mberi kuita zvose zvavaikwanisa nesimba ravo rese kuti basa rakanga rakatangwa norukudzo rirege kukanganiswa.

Asi Satani wakanga asina kugara pasi asingaiti chinhu. Akazama kuita zvaaisimboita pose pakambomuka rumutsiriro rwokururama—kunyengera nokuparadza vanhu nokuvapa chinhu chokunyepera panzvimbo yechokwadi. Sezvo kwaive nevana Kristu venhema mumakore zana okutanga mukereke yaKristu, naizvozvowo vakasimuka vanaKristu venhema mumakore zana nemakumi nematanhatu.

Varume vashoma, vakanga vapindwa nemanyawi ezvechinamato mupasi rose, mukurashika kwemifungo yavo vaizviona vachigashidzwa zviratidzo zvichibva kudenga, vakatanga kupupura kuti vakanga vaine kutumwa kunoyera kubva kudenga kuti ivo vachipedzisa basa raJehova rerumutsiriro rwokururama rwakanga ratangiswa na Luther ane simba shoma-shoma. Chaiva chokwadi panhau iyi ndechekuti varume ava vakange vauya kuzoparadza basa rakanga rakatangwa na Luther. Varume ava vakauya vachiramba chimiso chikuru kwazvo chaitova nheyo huru yerumutsiriro rwokururama—chekuti Shoko raMwari ndiro rakafanira uye rakakwana, riri murairo wokutenda namabasa; panzvimbo yaro vakaisa mifungo yavanhu nezvavanonzwa munyama yavo. Nokuda kwechinhu ichi, kuti vanhu vakange vaisa kure navo shoko raJehovah iro rakanga riine simba rokuisa pachena manyepo uye nokunyengera kwose. Kana mashoko echokwadi achinge asisipo, nzira inobva yavepo yekuti Satani apinde kuti ashandise mifungo yavanhu sezvinomufadza iye.

Mumwe wavaporofita venhema ava, ainyepa pachena kuti iye akange achipangirwa mazano na Gabhuriere mbune. Umwe mwana wechikoro akazvibatanidza naye, akasiira chikoro panzira achipupurawo nhema kuti Mwari amene akanga amuzodza nouchenjeri hwekuti agone kududzira zvirimuManyoro Matsvene. Vamwe vazhinji vainge vakarerekera kune zvemanyawi izvi vakazvibatanidza navo. Zvakatevera ruzhinji rwavanhu vamanyawi ava rakanga risiri jemera duku asi guru rainyangadza. Kuparidza Shoko raMwari kwa Luther kwakasimudza mukati memoyo yavanhu vazhinji kwese-kwese chido nehanya muzvokwadi uye kukosha kwerumutsiriro rwokururama, asi nokuda kwavaporofita venhema vanhu vazhinji vairevesa vakatsauswa navaporofita vainyengera.

Vatungamiri veboka rokunyengera iri vakaenda ku Wittenberg vakandotsinhira zvavaitenda kuna Melanchthon pamwe navamwe vashumiri naye. Varume venhema vakati; “tatumwa naMwari kuti tigodzidzisa vanhu. Takaita nhaurirano naTenzi; tinoziva zvichaitika; mushoko rimwe, tiri vaapostora navaporofita, tinoda kunzwikwa na Dr. Luther.”—Ibid., b.9,ch.7.

Vashumiri veshanduko yokururama vakashamiswa vakakanganiswa zvikurusa nazvo. Ichi chaiva chinhu chavakanga vasina kumbosangana nacho, vakashaiwa zano rokuti iyi nyaya vaizoibata sei. Melanchthon akati; “zvirokwazvo mune mweya isina kujairika muvarume ava; asi mweya yaani? … Kune rumwe ruvoko, ngatingwarirei kudzima Mweya

waMwari, uye kune rumwe ruvoko tingwarire kutsauswa nemweya waSatani.”—Ibid., b.9,ch.7.

Zvibereko zvedzidziso itsva hazvina kutora nguva refu zvisati zvatanga kuonekwa. Vanhu vakatungamirirwa mukurasa Bhaibheri, uye kusatoda kuriverenga. Zvikoro zvakapinzwa munyongano yakaipa, vadzidzi vaisada mitemo nemirairo, vamwe ndovakasiya zvidzidzo zvavo vamwe ndovakaramba chikoro. Varume vakange vachipupura kuti vaiva nesimba rekuendesa basa rerumutsiriro rwokururama mberi, vakakwanisa bedzi kuunza rushambwa kubasa iri rikaita serichatoparara. VeRoma vakawaniswa simba nezvakanga zvaitika munguva idzi vakataura nokuzvida kukuru vakati; “kwangosara hondo imwe, mushure zvose zvinova zvedu.”—Ibid., b.ch.7.

Luther apo akanga ari ku Wittenberg akati anzwa nezvakanga zvaitika akati nokushushikana kukuru: “Ndanga ndakatarisira nguva nenguva kuti Satan aizotitumira denda iri.” Ibid., b.9.ch.7. Luther akaona ndokunzwisisa hunhu hweava vaporofita venhema akaona kuti raive dambudzo rakanga rakadini raizouya kuyedza Sangano rechokwadi. Kupikisa kwaPapa namambo hakuna kukonzera Luther dambudzo guru nenhamo seyaarikutarisana nayo zvino. Kubva pakati pevaiti dzaiva shamwari dzerumutsiriro rwokururama, ndipo pakamuka mhandu dzarwo dzakaipisisa. Zvokwadi yakanga yamuunzira mufaro mukuru nekunyaradzwa kukuru ndiyo yakanga yave kushandiswa kubvongodza nyongano nekuita bope mukereke.

Mubasa rerumutsiriro rwokururama, Luther akanga achitungamirirwa mberi kwake neMweya waMwari, akaisvitswa pakanga pakakura kupfuura iye. Akanga asina kumbofunga kuzotora chivimbo sechaakanga anacho, kana iye kuzove mutungamiri mushanduko huru. Iye Luther aingova mudziyo urimumavoko aVamasimbaose Vanogara mukusingaperi. Kazhinji aidedera nokuda kwezvaizova tuso rebasa rake. Neimwe nguva akamboti; “dai ndakaziva kuti dzidziso dzangu dzakatsausa munhu, munhu mumwe chete oga, kunyangwe akadzikisirwa zvakadini kana asingazivikanwi, kunyange dzisingadaro, nokuti ndiro vhangeri romene, zvaive nani kuti ndife kanegumi pane kuramba kuridzora rirege kushandiswa.”—Ibid., b.ch.7.

Parizvino Wittenberg yomene iwo muzinda weshanduko yekururama, yakanga ichikurumidza kuwira pasi pemasimba emanyawi munhema uye kurashwa kwemitemo nemirairo. Ichiwo chakaipa ichi chakanga risiri tuso redzidziso dzaMartin Luther; asi munyika yose yeGermany, mhandu dzake dzaiti ndiye akanga achikonzera nyongano. Mukurwadziwa nekushushikana mumoyo nedzimwe nguva Luther aizoti: “uku ndiko kungave here magumo akatarirwa basa iri guru rerumutsiriro rwokururama?”—Ibid., b.ch.7. Zvakare, apo aiita mutsimba naMwari mumunamato, runyararo rwaiyerera ruchipinda muhana yake. Ainamata achiti: “basa iri harisi rangu, asi ndeRenyu, imi hamungaritenderi kuti riwodzwe namashura nemanyawi enhema.” Pfungwa yokuti iye

apambadze nguva ari kure nehondo munguva dzaiva dzakaipa zvakadaro, haina kugashirika maari. Akashingaira kuti adzokerezve ku Wittenberg.

Pasina kunonoka Luther akapinda munzira kuti atangise rwendo rwake rwaityisa zvikuru nenhamo. Luther akanga akarambidzwa zviri pamutemo namambo, nokudaro vavengi vake vaitenderwa kumuuraya; apawo shamwari dzake hadzaitenderwa kumubatsira nechikafu kana nepokurara. Hurumende yemadzimambo yakagamuchira mitongo yangayakaomarara zvikurusa kuvanhu vakatenda dzidziso dza Martin Luther. Iye akaona kuti basa revhangeri rakanga rapinzwa mudambudziko zvakadaro zvokuti nezita raTenzi akabuda asingatyi kundorwira chokwadi.

Mutsamba yake kune rimwe remagota anotonga mushure mokutsanangudza pfungwa yake yokubva ku Wittenberg anoti; “ngazvizikanwe kwamuri ishe wangu wepamusoro kuti ndirikuenda ku Wittenberg ndakachengetedzwa nesimba gurusa kupfuura remachinda nemakurukota, handisi kufunga nezverubatsiro rwamungandipa, ndinotoshuva kukuchengetedzai imi ini ndimene. Dai ndaiziva kuti imi munokudzwa maikwanisa uye kuti maida kundichengetedza, ndaisamboda kuenda ku Wittenberg zvachose. Hakuna bakatwa ringaendesa basa iri mberi. Mwari ega Ndiye anofanira kuita zvese, pasina rubatsiro kana kubvumirana navanhu. Iye ane kutenda kukuru ndiye anonyanya kukwanisa kuchengetedza.”—Ibid., b.ch.8.

Mutsamba yake yechipiri yaakanyora ari parwendo kuenda ku Wittenberg, Luther anowedzera achiti: “ndazvimisira kuzvikokera kusafara kwenyu Ishe wangu nehasha dzepasi rose. Ko avo veku Wittenberg havazi makwai angu here? Mwari haana kuvaisa mumawoko angu here? Kunyangwe hazvo zvakadaro ndinotya kuona mukati menyika ye Germany pachimuka dambudziko rinokoka rushambwa neshamhu yaMwari.”—Ibid., b.ch.7.

Neuchenjeri hwose hukuru uye nokuzvininipisa, panezve kusimba pasarudzo, Luther akatangisa basa rake. “Neshoko raMwari tinofanira kuputsa nokuparadza zvose zvakamiswa ne gakava nenharo. Ini handizozhandisi kumanikidza kana nharo kune vasingatendi kana vanotenda mumanenji. ... Hakuna anofanira kumbunyikidzwa. Rusununguko ndicho chimiro chokutenda kwedu.”—Ibid., b.9.ch.8.

Zvakakasika kudaidzirwa mu Wittenberg kuti Luther akanga apinda munzvimbo uye kuti akanga auya kuti aparidze. Vanhu vakaungana kubva kumativi ose, kereke ikazara zvokushaisa vamwe nzvimbo mukati mayo. Achindomira patafura yokuparidzira, akashandisa uchenjeri hukuru pamwe nokupfava kwakanaka, akadzidzisa, akakurudzira pamwe nokutsiura.

Achitaura nezvevamwe vakanga vakazvipinza mumabasa enyonganyonga, akati: “sakaramende yeMasi yakaipa; Mwari anopokana nayo; inofanira kurambidzwa; ndaidisa

kwazvo kuti mupasi rose kuti ichinjaniswe nechirairo cheVhangeri. Ngakurege kuva nomunhu uchabviswa kwairi nechisimba. Tinofanira kusiira nhau iyi mumaoko aMwari. Shoko raMwari ndiro rakafanira kuti riite basa kwete isu. Ko ngei zvakadaro? Munogona kubvunza, nokuti ini handina moyo yavanhu mumavoko angu, sezvazvakaita nomuumbi wehari ane ivhu nyoro mumawoko ake. Tine kodzero yokutaura: hatina maruramiro kana kodzero yokuita. Isu ngatiparidze; zvimwe zvese ndezvaMwari. Dai ndaida kushandisa bope nenharo, chii chandaingawana? Zviso zvakaunyana, zvisina maturo, kunyengera uye tsika dzavanhu dzisina kunaka … pazvese izvi hapawanikwe kurevesa kwomoyo, kana kutenda kana rudo nehanya. Panoshaikwa zvitatu izvi, zvimwe zvese zvinoshaikwa ini handingavi nehanya nematuso eiri basa … Mwari anoita zvikurusa neShoko rake bedzi kupfuura zvingaitwa neni kana iwe tichibatanidza Simba redu tose isu vari panyika. Mwari anonzvera nekubata moyo; kana moyo uchinge watorwa, zvimwe zvose zvawanikwa…”

Ini ndichaparidza nekuita nhaurirano, ndichanyora; asi handizomanikidzi munhu, nokuti kutenda isarudzo inoitwa pachena. Tarirai zvandakaita, ndakamira ndikapokana naPapa, mitero yezvivi, asi pasina bope kana mhirizhonga. Ndinoisa pamberi shoko raMwari; ndakaparidza ndikanyora— izvi ndizvo zvega zvandakaita. Moona kuti munguva iyo ini ndange ndakavata … shoko raMwari randaiparidza rakawisira pasi hutongi hwaPapa, zvokuti hakuna muchinda kana mambo akambenge aitira hutongi uhwu chinhu chakadaro. Kananepo, ini handina zvandakaita. Shoko raMwari ndiro rakanga riine simba rokuita zvose. Dai ndakashuvira kuti pave nehondo, ingadai nyika yose ye Germany yakazadzwa reropa semvura yemurowe.

Asi chii chaizova matuso azvo zvese? Kuparara nokuondomoka kwezvese, miviri nemweya. Ini ndakaramba ndinyerere, ndokurega kuti Shoko raMwari ritenderere mupasi rose iro rega.”—Ibid., b. 9.ch.8.

Zuva nezuva, kwevhiki rose, Luther akanga achiparidza kuvanhu vaidisa zvikuru kuteerera. Shoko raMwari ndiro rakabvisa chadzimira chakanga chapinda muvanhu chokusundwa namanyawi akaipa. Nokuda kwesimba reshoko revhangeri, vanhu vazhinji vakanga vatsauswa kubva muzvokwadi vakadzorwa mairi zve.

Luther akanga asina pfungwa yokuti asangane nevakanga vakaita noupenzi hwamanyawi akaipa vakakonzeresa huipi hwakakura chose. Aiziva hake kuti vaiva vanhu vane kuona kuzere hutera, vaiva vanhu vaisazvidzora pamafungiro avo kunyangwe nepane zvavainzwa munyama yavo. Kunyangwe zvavo vaiti vaigashira chiedza nemirairo kubva kudenga, vanhu vakange vachinetseka zvikuru kuti vagashire kutsiurwa kudukuduku kuri munyasha. Pakuzviita ivo vanoziva, vaitarisira kuti vamwe vose vateerere kwavari pasina kupokana kana nharo. Varume ava pavakatsvaga kuita nhaurirano na Luther, iye haana kuvarambira, akaisa kunyengera kwavo kwose pachena ivo vakasazodazve kuramba vari mu Wittenberg.

Kwechinguva, manyemwe akaipa akambodzikamiswa; asi mumakore mashoma akatevera, manyemwe akaipa akamukazve aine bope guru nematuso akaipa kupfuura pakutanga. Achitsanangura pamusoro pehutungamiri hwevanhu ava akati; “kwavari vanhu ava magwaro matsvene kwavari inotori tsamba yakafa, vose vakatanga kudaidzira vachiti, mweya! mweya! Asi ndinotaura muchokwadi kuti ini handingateveri kwavanotungamirirwa nemweya iyi. Mwari wenyasha dai angandichengeta kubva kukereke isina vamwe vanhu asi vanongori vatsvene voga. Ndinoda hangu kugara nevakazvininipisa, vasina simba, vanorwara, vanoziva pamwe nokunzwa kuti ivo vatadzi, vanochema nekugomera pamberi paMwari nguva dzose zvichibva pasi pemoyo yavo kuti Jehovah avape rubatsiro nekunyaradzwa.”— Ibid., b.10.Ach.10.

Thomas Munzer, uyo akanga arimberi achishingaira zvikurusa muboka revaiva namanyawi akaipa, akanga ari munhu aiva noumhizha hukuru pamabasa ake iye zvokuti dai kubata kwake kwakange kuri mugwara kwaro, zvaidai zvakamubatsira kuita mabasa akanaka; asi Thomas akanga asina kudzidza hwaro hwokutanga hwakakosha muchitendero cheidi. “Thomas aiva akabatwa nemweya wokuda kushandura nyika yose, sezvinoita vose vane manyawi, achikanganwa kuti shanduko yokururama inofanira kutangira maari.” Ibid., b.9.ch.8. Thomas aisundwa nekuda kuzviwanira kukudzwa nesimba rokukwezva vanhu, akanga asingadi kuita iye wechipiri asi wekutanga kunyangwe nekuna Luther. Thomas akati vashumiri veshanduko yokururama pakubvisa simba raPapa vachiisa Bhaibheri, vakange vachigadzira imwe mhando itsva yehuPapa. Akaenderera mberi achiti iye akanga atumwa neDenga kuti amise panyika hushumiri hweshanduko yokururama yechokwadi. Akati; “munhu uyo anochengeta nokugara nomweya, ndiyezve anogara nokuchengeta kutenda kwechokwadi, kunyangwe iyeye munhu akafa asina kumbobvira aona magwaro matsvene muupenyu hwake.” Ibid., b.10.ch.10.

Vadzidzisi vezvemanyawi vakazviisa mukutungamirirwa nemifungo yavo. Zvose zvavaifunga kana kunzwa kuda kuita, vaiti iri inzwi raMwari; nokuda kwamaitiro iwaya vakaenda kwokupedzisira mukurashika. Vamwe ndivo vaipisa maBhaibheri avo vachiti: “shoko rinouraya asi mweya ndiwo unopa upenyu.” Dzidziso dza Thomas Munzer dzakagashirika zvikuru kune maboka avanhu vanoda kuona nokunzwa zvinoshamisa nezvisina kujairika, zvaivapawo kuzvida nekuzvikudza nokuti vakanga votora pfungwa dzavanhu vachidziisa pamusoro peshoko raMwari. Shoko rake rakagashirwa nezviuru zvavanhu. Thomas akatanga kuzvidza kurongeka kwose kwokunamata paruzhinji, akatizve kuteerera makurukota anotonga zvinofanana nekuedza kuda kushumira Mwari naBhaari.

Pfungwa dzavazhinji dzakanga dzatotanga kukurura joki reRoma, dzakatanga kutadza kutiwira vari pasi pamasimba ehurumende dzavo. Nokuda kwedzidziso dza Thomas Munzer, vanhu vose vakatanga kupupura kuti vakanga vaine kutumwa kunoyera kubva kudenga saka zvose zvavaida zvaitenderwa. Vaityora mitemo umwe neumwe achiita

zvaaida. Nokuda kweizvi, kumukira vatongi kwaityisa kwakavapo, mhirizhonga nehondo zvikavapo. Minda ye Germany yakayerera ropa revakafira mukusagadzikana kwenyika.

Kudumbirwa nokurwadziwa kwemoyo kwakasanganikwa nako na Luther kubvira kare achiri ku Erfurt zvino kwakamubata nesimba rakapetwa kaviri apo akange achiona matuso emanyawi akaipa zvichinzi michero yehushumiri hweshanduko yokururama. Vabati venyika avo vakanga vaine kudyidzana nehurumende yaPapa vakapa chirevo chokuti kumukira vatongi kwaityisa kwakavapo nemhirizhonga yaiva michero yehushumiri hwa Luther. Vamwevo machinda aiva nomufungiro mumwechetewo. Kunyangwe hazvo kutaura uku kwakanga kusina kana tsigiro nepaduku, hazvina kupedza kushushikana kukuru mukati memoyo wa Luther. Kuti nzira yedi nechiedza yaizozvidzwa nokufananidzwa nemabasa akaipa epasi-pasi, mutoro wakaremera Luther akauona wakamukurira kuti autakure. Nokune rumwe rutivi, vatungamiri vebope vaivenga Martin Luther nokuti akanga asina kupokana nedzidziso dzavo bedzi asi kuti akanga azvidzawo shoko ravo rokuti ivo vaitungamirirwa nomweya waMwari mutsvene. Luther akangezve avaudza kuti ivo vaiva vanhu vanomukira hurumende. Nokudaro vanhu ava vakada kutsiva Luther vachiti aiva munyengeri wavanhu. Kuna Luther zvakaita sokuti akanga azvikoromorera hasha dzavanhu pamwechete nehasha dzevatungamiriri.

Vatungamiri veRoma vakazvirumbiza nokufara vachitarisira kukurumidza kuwa kwehushumiri hweshanduko yokururama; vaipomera Luther, kunyangwe nepamusoro pezvinhu zvaairwisa nokurevesa kuti zvirege kuitwa. Boka revemanyawi, nokupupura kwavo nhema vachiti vakanga vatadzirwa zvikurusa, vakakwanisa kuwana tsitsi norutsigiro kubva kuvanhu vakati wandei avo vavaikumbana navo pamaonero aya. Sezvazvinonyanya kuita munguva zhinji, zvikuru sei pakati pevanoenda kurutivi rwenhema, vanhu vanotovaona sokuti ndivo vakarurama varikutambudzwa nokuwurairwa hutsvene kana nepo zvisina kumira sokudaro. Iri rakanga riri basa guru rasatani, richisundwa nomweya mumwechetewo wekumukira Mwari wakatanga kuonekwa kudenga.

Satani ari kushingaira nguva nenguva kuti anyengere vanhu nokuvatungamirira kuti vadane chivi kuti ndicho kururama, iko kururama konzi chivi. Basa iri ranga richibudirira sei! Kangani apo kuzvidza nekushoora zvichiiswa pamusoro pavanhu vaMwari vakatendeka nokuti vanomira vasingatyi vachirwira nokumiriria chokwadi! Vanhu vanotori nhume nevabati vasatani vanosimudzirwa nokuudzwa zvavanoda kunzwa dzimwe nguva vachitorwa savanhu vanoshumira nokufira Vhangeri, kurumwe rutivi vacho vanofanira kukudzwa nokusimbiswa pamwe nokubatsirwa nokuda kwokutendeka kwavo kuna Mwari, vari kuregwa vakamira voga, vachifungidzirwa zvakaipa uye nokushaya anovimbavo navo.

Hutsvene hwekunyepera, nokuyera kwenhema zvichiri kuita basa razvo rokunyengera kuchishanda nzira dzakatsaukana-tsaukana mweya mumwechetewo wekumukira Mwari nokunyengera uchiri pabasa nanhasi. Sezvazvaiva mumazuva a Luther, mweya uyu unobvisa vanhu vazhinji pashoko raMwari wovatungamirira kuti vaite zvinodiwa nemifungo yavo mukurashika. Mukuita kwese uku, vanhu vanoramba kuteerera mitemo yaMwari. Irori ndiro rimwe remabasa asatani rinomubatsira kukunda uye kuti aise kushoorwa pamusoro pokuchena kwechokwadi chaMwari.

Noumhare nokusatya, Luther akamira achirwira vhangeri kubva kuhondo dzaibva kumativi ose. Shoko raJehova iro mbune rakataridza kuve chombo chine simba mumhando dzose dzehondo. Nairori Shoko akarwisa veRoma vakanga vazvitorera masimba asiri avo. Akakundazve naro apo avo vaizviita vana muzvinadzidzo muzvikoro vairamba simba raMwari. Neshoko raMwari Luther akamira akasimba sedombo achirwisa boka ravarume vemanyawi avo vaida kuzvibatanidza noushumiri hwokururama.

Chimwe nechimwe chezvinhu izvi zvaipikisa, nenzira yazvo zvega chaishanda kuti vanhu varambe magwaro matsvene vosimudzira uchenjeri hwemunhu semavambo akatendeka ekuwana nawo zivo yepamweya. Dzidziso yekutenda mune zvinooneka nezvinobatika idzidziso inotsausa. VeRoma vanotenda kuti Papa mutungamiri anozvimiririra akagashira kuzodzwa kusina kuvhenganiswa kuchibva kuvaapostora, kusingachinjwi kusvikira nokusingaperi. Kuita uku uye mafungiro aya anoita kuti mhando dzose dzohuipi nokupambadza nohuwori zvigovigwa pasi pohutsvene hwokunyepera zvichinzi kufambira mberi kwebasa ravaapostora. Kufemerwa nomweya waMwari kwaipupurwa na Munzer nevaimuteerera hakuna kubva kune rimwe simba guru rapamusoro asi kuti zvaibva mukufunga kwavo vamene kusina maturo. Zvakadaro, mifungo iyi yaitsausa vanhu kubva pamitemo yevanhu kunyangwe nemutemo waMwari. ChiKristu chezvokwadi chinogashira Shoko raMwari. Irori Shoko raMwari, ndiro rinoyera rakazara chokwadi chese chakafemerwa.

Pakusimuka kwake achibva ku Wartburg, Luther akapedzisa basa rake rokuturikira Testamende itsva, iri vhangeri rakakurumidza kupihwa kuvanhu ve Germany mururimi rwavo. Bhaibheri iri riri mururimi rwavanhu ve Germany, rakagamuchirwa nomufaro mukuru navanhu vaifarira zvokwadi yaJehovah; asi rakarambwavo nokuzvidzwa navanhu vaida tsika dzavanhu kupfuura mutemo yaMwari.

Vapirisita vakakatyamara zvikuru pakufunga kwavo kuti vakazenge vave kubvunzana nezve mutemo waMwari navanhu vavaitarisira pasi. Vakatyazve kuti kusaziva kwavo ivo Magwaro kwaizova chinhu chinozikanwa nomunhu wese. Zvaiva pachena kuti zvombo zvavo zvose zvavaifunga mumifungo yavo hazvaigona kumira kana bakatwa remweya ravapo. Roma yakaisa simbarayo rose kuedza kudzivisa kutenderera kwebhuku tsvene munyika. Kana nepo zvaiva saizvozvi, zvituko, zvirevo, kurwadzisa nenzira dzose hazvina

kushanda kumisa kufamba kwebhuku raJehovah. Pakuwanda kwekurambidza kwaiita Roma kuti Bhaibheri rirege kuzikanwa, ndiko kwakava kusimbawo nokukura kwaiita chido chevanhu kutoda kuziva kuti iro Bhaibheri racho rinomboti kudini. Vose vaigona kuzviverengera shoko iri vaiva nechido chekuva naro. Vaifamba naro kwose kwavaiyenda, vachiverenga pamwe nokudzokorora kuverenga, vaisagutsikana neizvi kusvikira vavakugona kuisa ndima huru dzeshoko mundangariro dzavo. Aona kuti Testament itsva yakanga yagashirwa norufaro sei, Luther akaenderera mberi nokuturikira Testamende yekare. Aiipa kuvanhu muzvikamu pazvaikasika kuperera kunyorwa.

Zvinyorwa zva Luther zvakagamuchirwa zvakafanana mumaguta kunyange nomumisha. “Izvo zvainyorwa na Luther neshamwari dzake, vamwe ndivo vaikusha. VaFata vakagutsikana kuti zvaisava pamutemo kuti vagare voga, vakashuvavo kushandura hupenyu hwavo hwokusashanda nokupemha kuti vagashire humwe hupenyu hurinani hune basa. Nokuda kwekusagona uye kusaziva kuparidza, bato iri ndiro raifamba misha nematunhu vachitengesa zvinyorwa zva Martin Luther. Nenguva duku, Germany yakazadzwa neboka iri revaitengesa zvinyorwa vakashinga.” Ibid., b. ch.9. 11

Zvinyorwa izvi zvakadzidzwa nechidiso chaiva nehudzamu navarombo nevapfumi, vakadzidza nevasina. Usiku, vadzidzisi vezvikoro zvemumisha vaiverenga zvinyorwa izvi kumapoka madiki anenge akagara pamoto. Nokudaro basa iri parairamba richiitwa, mweya yaiponeswa pakugashira kwayo shoko raMwari nomufaro, vainge varinzwa vaifambawo naro vachiudza vamwe vhangeri romufaro.

Shoko raMwari rakafemerwa rakataridza kuve chokwadi rokuti: “kuzarurwa kwamashoko enyu kunopa chiedza; kunopa njere usinamano” Mapisarema 119:130. Kudzidzwa kweshoko raMwari kwakaunza shanduko ine simba mumifungo nemoyo yavanhu. Hutongi hweRoma hwakanga hwaisira vanhu vavaitungamirira joki redare rakaita kuti vagare murima kwenguva huru nokuparara. Kuchengetedzwa kwetsika nemitemo nezvirango zvakabva kuvanhu zvaiitwa nomazvo neveRoma asi nzvimbo inokosha yemoyo nemweya yaisagutswa. Kuparidza Shoko raMwari kwa Martin Luther, achiisa pachena chokwadi chinoponesa, nairo shoko racho remene mumaoko evanhu, zvakamutsa masimba akarara kwete koga kuchenesa ndangariro kana kunatsa hupenyu hwepamweya, asi kupa simba idzva kupfungwa nendangariro.

Vanhu vose nokusiyana kwavo, vaionekwa vaine maBhaibheri mumavoko avo, vachimirira dzidziso dzevhangeri sezvazvaitsanangurwa nevashumiri veshanduko yokururama. VeRoma vakanga vakasiira kuverengwa kweshoko raMwari kuvapirisita nevakazvisungira kugara muurombo, kuchena nekuteerera, nemafata vakavadanira pamwe kuti vagone kuramba dzidziso yaKristu muvanhu. Nokuda kwokusaziva magwaro uye simba guru raMwari, vapirisita nemakurukota avo vakanyadziswa zvikuru vakundwa navanhu vavaiti havana kudzidza uye vakarashika. Mumwe munyori we Catholic akati:

“Luther akakurudzira vanomutevera kuti varege kuisa vimbo yavo mune chimwe chinhu asi Shoko raMwari roga.”—D’Aubigne, b.ch.11. Vanhu vazhinji vaiungana kuzonzwa chokwadi chichidzidziswa nevanhu vakange vaine kudzidza kushoma, vachitoita nhaurirano dzakasimba nevakadzidza magwaro.

Kusaziva kwainyadzisa kwavarume ava vainge vakadzidza kwakanyanya kuiswa pachena apo nharo dzavo dzaipindurwa nedzidziso dzisina kana kumbooma dzeShoko raMwari. Vashandi, mauto, madzimai pamwe nevana, ndivo vaitoziva Magwaro zvirinani kupfuura maprista nemadhokotera.

Musiyano waiwa pakati pevanhu vakadzidza shoko neavo vaiita tsika dzeRoma, waisaoneka pakati pavanhu vakadzidza voga bedzi asi kunyangwe nepakati pavanhuvo zvawo. Pakati pavakanga vasinei nehukuru munyika, vasinei nokuunganidza zvinyorwa uye kudzidzwa kwendimi dzakatsaukanatsaukana … Vaiva vechidiki vane pfungwa dzakatambanuka, vakazvipira kuverenga Magwaro uye nokutsvaka maari vachizvigutsa noumhare noumhizha hwezvakaitika kare. Vaive nepfungwa dzaida basa, nehunhu uye moyo isina kutya mairi, vechidiki ava vakanga vane zivo yokuti kwenguva refu, hapana aigona kukunda kana pari pakubvunzana nezvemagwaro. Vaduku ava vari vamirириri veVhangeri zvaivaitira nyore kunyaradza vaRoma zvakadaro zvokuti kunyadziswa kwavo kwaionekwa navanhu.

Vakuru vesangano reRoma pavakaona kuti huwandu hwevatendi hwakanga hwavakuderera zvikurusa, vakatsvaka rubatsiro rwavatongi vemumadzitare, vatungamiri vematunhu enyika vachishandisa nzira dzose dzavaikwanisa kuzama kudzorera vatendi kukereke. Asi vanhu vakanga vawana dzidziso itsva yaigutsa nzara dzemoyo yavo ndokubva vafuratira avo vakange vachivapa chakanga chisiri chingwa chaisagutsa.

Apo moto yokutambudza vatendi yakabatidzwa kuitira kuparadza chokwadi navose, vatendi vakateerera kuraira kwaKristu paakati: “asi kana vachikutambudzai muguta rimwe, tizirai kune rimwe, nokuti zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Hamungapedzi maguta ava Israeri, Mwanakomana womunhu asati asvika” Mateo 10:23. Chokwadi chakapinda kwose. Kune vaitiza kutambudzwa vaionavo kune imwe nzvimbo vakazarura masuwo vachitambirwa nomufaro. Pavaigara munzvimbo idzi, vaparidza Kristu. Pamwe vaiparidza Jesu mumakereke. Kana vakanyimwa mikana iyi, vaiparidza mudzimba kana pachena pabani pachena. Pose pavaiona boka ravanoda kuteerera Shoko, ivavo vanhu ndiyo yaibva yava Temberi yavo. Chokwadi chaiparidzwa zvine simba nekohomedzo chikatekeshera pasina simba raidzivisa.

Simba rekereke nerenyika rakatadza kutuvidza simba revhangeri, munondo, matirongo, moto, uye nokurwadzisa vanhu, hazvina kudzora vanhu kukereke yeveRoma. Zviuru nezviuru zvavatendi zvakasimbisa kutenda kwazvo neropa razvo, kunyangwe zvakadaro basa revhangeri harina kumira. Kutambudzwa kwemaKristu kwakashanda

bedzi kuti vhangeri raKristu riende kumberi. Vaiita manyemwe akaipa vachizama kubatanidza boka ravo nehushumiri hweshanduko yokururama yechokwadi zvakaburitsa pachena kuti vaiita manyemwe akaipa vaisava norupandi mubasa raMwari.

Chitsauko 11 Chimurenga chemachinda

Kumwe kwekupupura kwakange kwakakosha kuri kwaikudzwa nokuremekedzwa kukuru, kakaitwa navanakomana, machinda eumambo ku Germany. Machinda aya akataura zvaiva nesimba kutaridza rutsigiro rwavo rukuru muhushumiri hweshanduko yokururama pamusangano mukuru we Spires mugore ra 1529. Hushingi, kutenda noumhare hwavanhu ava vaMwari, hwakawanira vamwe munguva dzaizotevera rusununguko rwendangariro uye nemaererano nenyaya dzokunamata. Kupupura kwemachinda kwakaita kuti sangano rine shanduko yokururama, rakazvitsaura kubva kuRoma, ridaidzwe kunzi: Purotestenti. Zvimiso zvesangano iri ndidzo dzakava nheyo dzemasangano ose anonzi Purotestenti.” D’Aubgne,. b.13.ch.6.

Pakambosvika nguva yaiva izere rima hehuipi mukufamba kwebasa reshanduko yokururama. Zvisinei neChirevo chamambo panzvimbo ye Worms chakanga chaparura pachena kuti Luther akanga ari munhu aisafanirwa kuchengetedzwa nomutemo aifanira kufa, uye kuti dzidziso nezvinyorwa zvake zvaiva zvinhu zvinorambidzwa munyika, pakange paine kuremekedza zvitendero zvevamwe mumatunhu ose ehumambo. Nokuda kwokuita kwaMwari, zvaiva pachena masimba aipikisa kufamba kwevhangeri akange akabatwa naIye kuti chokwadi chirege kumiswa. Mambo Charles V. akanga akazvipira kuti aizoshanda kuti rumutsiriro rwokururama rwuparadzwe asi kazhinji paaisimudza ruwoko rwake kuti aputse iri basa, aimanikidzwa kuti ruoko rwake rwuwire divi. Nguva nenguva zvaitaridzika pachena kuti avo vose vaizvimisira kupokana neveRoma kuparara kwaive padyo zvikurusa, asi pazvaitarisirwa kuti zviitike, ipapo-ipapo hondo dze Turkey dzaiuya nokumabvazuva, kana kuti Mambo we France kana Pope pachake, nokuda kwegodo rake namambo, aisimukira nokubudirira kupfuurira iye, aizorwa namambo. Nokudaro mukati mehondo, bope guru nemhirizhonga mundudzi dzavanhu, basa guru revhangeri norumutsiriro rakasimba rikatandira nyika.

Pakupedzisira, veboka raana Papa vakazodzikamisa nhunha dzavo, kurwa kukambomira vakaisa misoro pamwe kuti vagone kuwirirana zano rimwechete rokurwisa shanduko yokururama. Pamusangano mukuru we Spires mugore ra 1526 wakanga wapa nyika imwe neimwe rusununguko ruzere maererano nenyaya dzokunamata kusvikira pamusangano mukuru we Kanzuru; asi hazvina kutora nguva refu zvisati zvatanga kuonekwa nemutongi kuti mumwe musangano ugarwe. Musangano wechipiri we Spires wakaitwa mugore ra 1529 uyu waiva uinechinangwa chokuparadza hupanduki mudzidziso. Mambo Charles V akati machinda anofanira kupihwa fufuro kuti agorwisa Vhangeri nevairitsigira, izvi zvaifanira kuti zviitwe murunyararo asi zvikaramba, mambo vakange vachigadzira kushandisa munondo kana bakatwa.

Boka ra Pope rakanga riine kupembera kukuru. Vakauya kumusangano waiva ku Spires nohuwandu hukuru, vaimhura vavhangeri pamwe nevavaidzidzisa kururama

nokuzvidza basa rose reshanduko yokururama. Melanchthon akati: “tiri zvituko ne marara enyika; asi Kristu uchatarira pasi pamusoro pavanhu vake varombo, iye amene uchavadzivirira nokuchengeta.”—Ibid., b.13.ch.5. Machinda vana vamadzimambo vaiva veboka re Evangelicals vakanga vauyawo pamusangano mukuru we Spires, vakange vakarambidzwa mumatunhu enyika dzavo kuti kuparidzwe Shoko raMwari madziri. Vanhu venzvimbo ye Spires vaive nenzara nenyota yeshoko raMwari, zvokuti kunyangwe hazvo zvakanga zvakarambidzwa, vakaenderera mberi kuungana mutemberi ye Saxony kuti vanzwe Shoko raMwari richiparidzwa.

Izvi zvakakudza dambudziko raivapo. Chirevo chamambo chakauya pamusangano chikaverengwa zvichinzi, senzira yokugadzirisa nhau yokusununguka pakunamata mundangariro, hazvichatenderwi kubva ikozvino nokuda kwokuti kodzero iyi yaunza kusateramira kwezvinhu kukuru. Ichi chirevo chamambo mukuru chakauya, chakatsamwisa nokushamisa zvikurusa machinda aiva ma Evangelicals. Mumwe wavo akataura akati; “Kristsu Jesu apindazve mumavoko a Ciaphas na Pirato.” VaRoma vakatanga kuita mhirizhonga nehasha. Umwe weboka ra Pope akataurawo achiti; “vanhu ve Turky varinani pane vanotevera Luther nokuti ve Turky vanemazuva avanozvitsaurira kutsanya, asi vanhu vanotevera Luther vanoamhura. Kana takafanira kusarudza chatingada pakati pemagwaro matsvene aMwari nenzira dzakarashika dzekare, tinofanira kurasha magwaro matsvene.” Melanchthon akati: “Zuva nezuva, pamberi peungano huru, Faber anopotsera matombo kwatiri isu vavhangeri.”—Ibid., b.13. cb .5.

Kusununguka kunamata kwakange kwatekeshera munzvimbo zhinji zvaiva pamutemo. Mumatunhu ose ehumambo makanga muine ma Evangelicals, vakazvimisira kuti vaizopokana naani nani aizovarambidza kunamata vakasununguka. Luther akanga achiri pasi pechirevo chamambo chakaitwa ku Worms achinzi mudariki womurauro. Haana kukwanisa kuuya kumusangano we Spires. Asi nzvimbo yake yainge yakamiriririrwa nehama dzake mubasa uye namachinda akanga asimudzwa naMwari kuti varwire basa rake munguva dzaiva dzisina kujairika. Mukuru airemekedzwa zvikurusa Frederick we Saxony, akanga ari muchengeti wa Luther akange abviswa nokuda kworufu; asi munin’ina wake Duke John akamutevera pahutungamiri, iye akange akagashira nomufaro shanduko yokururama, uye ari mukurudziri werunyararo, akataridza Simba guru neumhare panhau dzose dzaiva nechokuita nokutenda.

Vapirisita vakatema chirevo chavo chokuti matunhu ose muhumambo uhwu akanga agashira vhangeri vakurumidze kuzviisa pasi poutungamiri hweRoma. Norumwe rutiviwo, vaVhaingeri vakanga vachida rusununguko rwavakambopiwa zvaiva pamutemo kare. Vakaramba kubvuma kuti matunhu avo akange amboratidza nomufaro mukuru kudaira kwavo kuVhangeri kuti vadzokezve muutongi hweRoma.

Zvakazotenderanwa kuti kwose uko kwakange kusati kwasvika vhangeri reshanduko yokururama, Chirevo chamambo chakaita ku Worms chaizosimbiswa nesimba guru; uye kuti munzvimbo idzo maityorwa mutemo uyu, uye kuti vasingautevedzi havo pasina dambudziko rokumukira vatongi paisazounzwa mitemo mitsva, hapana aizoisa kohomedzo pamusoro penyaya dzagara dzichipesanisa vanhu, hapana aitenderwa kupokana nechirango kana mutambo we Masi, hapanazve muRoma aitenderwa kuve muteveri wa Luther."— Ibid., b.13.ch.5. Zvirevo izvi zvose zvakafadza nokugutsa vapirisita nemakurukota avo.

Kana zvikanzi Chirevo ichi chapiwa simba rokuti chishande, basa guru revhangeri rokushandura nokusunungura haraizofambira mberi ... Kwese kwainge kusina Vhangeri haraizosvika uye raitadza kumiswa panheyo dzaro chaidzo ... uko kwaive neVhangeri racho nechekare." Ibid., b.13.ch.15. Kodzero yokusununguka kutaura yaizorambidzwa. Hapana kutendeuka kwaizotenderwa uye pazvirango zvose izvi shamwari dzeshanduko yokururama dzaisungirwa kuti dzizviise pasi pavaRoma. Tariro yenyika yose yaitaridza kuti yaiva pedyo kudzimwa. "Kudzoredzerwa kwehukuru hwemasimba eRoma … kwaidzosa kushungurudzwa kwavanhu sepamazuva akare pasina rimwe simba raigona kuzvimisa." Uye kuti chikonzero chaigadzirwa nokuwanikwa chaizoparadza zvachose basa guru revhangeri rakambenge razununguswa nemanyawi uye kupanduka kwevasingarevesi. — Ibid., b.13.ch.15.

Boka remaKristu e Evangelical rakasangana kuti ripangane mazano, umwe akatarisa umwe nokusuwa uye nokupererwa kukuru. Umwe aibvunza mumwe kuti: "todini?" Nhau huru dzine chekuita nepasi rose dzakanga dzava pamazivandadzoka. Vatungamiri veVhangeri vangazvininipisa vakagashira chirevo here? Nenguva iyi yedambudzo, zvaiva nyore sei kuti boka revhangeri ripinde mukati menharo nevanhu uye kuzvipinza painge pakavaomera zvikuru. Zvainge zvakawanda sei zvikonzero zvaifadza nezvaitaridza kuisa vanhu pakaenzana zvaigona kutaurwa kuti vavhangeri vagashire kuenda pasi peRoma! Machinda akanga achigashira dzidziso dza Martin Luther, akatenderwa kuramba achinamata Mwari nenzira yavo. Chirevo chimwechetecho chakatenderawo Machinda nevanhu vavo vakanga vachigashira dzidziso dza Martin Luther, Chirevo chamambo chokurambidza chisati chatemwa. Izvi hazvifaniri kuunza kugutsikana here? Akawanda sei madambudziko achapedzwa nokuzviisa pasi peRoma! Ndiyani angaziva mikana inogona kuunzwa yakanaka muneramangwana? Tose ngatigamuchirei runyararo; ngatigamuchirei mukana wakanaka wakatambanudzirwa kwatiri neRoma, tivhare mavanga namaronda e Germany. Nokutaura kwakadai vavhangeri vaigona kunge vakachenura danho rokuteera vaRoma, rinova raizova zano raitora nguva shoma kuti zvose zvavaimiririra zviwisirwe pasi.

"Nomufaro vakatarira hwaro pakagadzirirwa zano iri vakabva vaita nokutenda. Zano raivepo raiva rei? Rakanga riri rokuti, ikodzero yeRoma kuudza nokupa vanhu zvokufunga nokuita mundangariro dzavo uye kuti hakuna unotenderwa kuzvitsvakira zivo kana

kubvunza kuti chakati chaitirwei. Ko iwo machinda pamwe nevanhu vakange vasiri kuzofanira kunamata vakasununguka here? Chokwadi, asi semukana wokupiwa pawirirano mubumbiro rechirongwa ichi asi isiri kodzero yavo. Pane zvimwe zvose zvakanga zviri kunze kwechirongwa ichi shoko guru raiva rokuti panofanira kuva nomutongi; kana zviri zvine chekuita nendangariro; Roma ndiyo mutongi asingatadzi, uye anofanira kuteerwa. Kugashira zvakange zvatemwa mumusangano, kwaive kuri kubvuma pachena kuti kunamata vakasununguka kwaingoitwa mudunhu re Saxony bedzi; kana kuri kumwe kwese kune maKristu, kusununguka kunamata uye kugashira Vhangeri reshanduko yokururama yaitove mhosva huru kwazvo. Mhosva idzi dzaizoita kuti vapari vadzo vapiswe nemoto kana kuvharirwa mumatirongo. Kuti votendera here kuti rusununguko rwokunamata rwungobata nzvimbo duku bedzi? Kuti kutaurwe kuti rumutsiriro rwokururama rwawana munhu anotendeuka wekupedzisira? Uye kuti vhangeri ravo ratosvika panzvimbo yokupedzisira mupasi rino? Nokuti zve kwese kune kutonga kweRoma, ikoko simba rayo haraizova nemagumo? Ko ivo vaVhangeri vaizopupura here kuti vakange vasina mhaka neropa ravasina mhosva raisvika mazana nezviuru zvavanhu, avo vaishingairira Vhangeri vakafira mumatunhu enyika aitongwa navaRoma? Izvi dai zvaiitwa, kwaiva kutengesa, panguva yakakosha zvakadaro, nzira nezano zvevhangeri uye kutengesa kodzero dzamaKristu pasi tenderere.” D’Aubigneb, 13.ch.5.

“Ngatirambei chirevo ichi,” akadaro machinda. “Kana dziri nhau dzokunamata murusununguko rwendangariro, ruzhinji rwavanhu haruna simba.” Vatevedzeri vavatongi vakati: kuchirevo chegore ra 1526 ndokwatakabatira, ndiko kune nheyo dzerunyararo rwuri mukati mehumambo huno nanhasi: kuramba mutemo nechirevo ichi zvichaunzira nokuzadza nyika ye Germany nenhamo nokupesana. Musangano weku Diet hauna simba rakakwana kuchengetedza rusununguko rwendangariro nokunamata kusvikira musangano we Kanzuru wagarwa.”— Ibid., b.13.ch.15. Kuchengetedzwa kwerusununguko rwendangariro ibasa renyika, uye apa ndopanogumira simba rayo kana pava panyaya dzokunamata. Hurumende yese yenyika inoyedza kumanikidzira vanhu tsika nemitemo zvemanamatiro vachishandisa simba rehurumende inenge ichirasa nheyo huru idzo maKristu eEvangelical ari kuedza kuchengetedza.

Wungano yeboka rekwaPapa vakashingaira nesimba rose kuedza kuputsa zvavaiti “kusindimara kune zviwindi nenharo.” Vakatanga kuzama kuisa kupokana pakati pavanhu vakanga vachitsigira vhangeri pamwe nokutyisidzira avo vakanga vasina kubuda pachena kuti vaitsigira zvipi. Vaimiririra maguta akasununguka pakupedzisira vakazodanirwa musangano we Diet uko vaitarisirwa kuti vapupure pachena kuti vaiwirirana here nezvakanga zvatemwa kana kuti kwete. Vakambokumbira chinguva asi hazvina kushanda. Pavakaiswa pakuedzwa kukuru, zvakaonekwa kuti pahuwandu hwavo hwose, inenge hafu yavo, yakanga iri kutsigira vavhangeri. Vose vakaramba kurasha rusununguko rwendangariro uye simba romunhu rokuzvitonga vakaziva kuti danho irero ravakange

vasarudza raizovaisa munguva dzokuyedzwa pamberi apo. Kushoorwa, kutambudzwa nokusekwa zvose zvaiva munzira dzavo. Mumwe wevaivapo akati: “tinogona kuramba Shoko raMwari, kana kutsva.”-Ibid., b.13,ch.5.

Mambo Ferdinand, akange arimumiriri wamambo mukuru pamusangano we Diet, akaona kuti chirevo chaizounza kupokana nokupesana kukuru kunze kwekunge machinda akanyengetedzwa kuchigashira nokuchimisa. Nokudaro akazama zano rekukurudzira, achiziva kuti kuvamanikidza neruzha zvaitovaomesa moyo. Akakumbira machinda kuti agamuchire chirevo akavimbisa kuti vakabvuma, Mambo Mukuru aizofadzwa nazvo zvikurusa. Asi Machinda akanga ari pasi perimwe simba guru kupfuura ose mamwe ari panyika. Vakapindura nounyoro vachiti: “Isu tichateerera Mambo Mukuru muzvinhu zvose zvinowedzera nokuvaka runyararo nekumbiri yaMwari.” -Ibid., b.13.ch.5.

Pamberi peungano mumusangano we Diet, mambo akataura kuMusarudzi neshamwari dzake kuti chirevo chakange chave kuda kunyorwa sechirevo nomurairo waMambo mukuru. Akatsanangurazve kuti chakange chasara kuti vanhu vazviise pasi pezvido zvagashirwa nevoruzhinji. Mushure mokutaura uku akabva pavanhu, vaVhangeri vakasara vasina nguva nemukana wekubvunza kana kupa zvichemo zvavo. Vakazama kukumbira mambo kuti adzoke asi iye haana. Pakutaura kwose kwaiitwa namachinda, shoko ramambo raingova rokuti iyi nyaya yapera imi zviisei kuzvido zvavamwe.

Veboka ramambo vaiva nechokwadi chokuti machinda ose echiKristu vakanga vakamira padzidziso yeshoko raMwari bedzi, uye kuti kwese kwese kwaizova mechimiro chakadai, zvose zvine chekuita nehuPapa zvaikoromoka zvichiwira pasi. Kunyangwe hazvo zvaive zvakadaro, sevamwe vanhu zviuru nezviuru panguva yavo kunyangwe nakare, vakazvifadza vachiti gwara ramambo mukuru naPapa raive rakasimba ravavhangeri riine simba shoma. Dai vavhangeri vaivimba nesimba ravanhu bedzi, vaizova vasina simba sokutaura kweRoma. Kunyangwe hazvo vaive vashoma pahuwandu, vachipesana neRoma, simba vaiva naro. “Vakakwidza nyaya yavo kubva kuchirevo chepamusangano mukuru we Diet kuenda kushoko raMwari, uye kubva kunamambo mukuru Charles kuenda kuna Kristu Jesu, Mambo waMadzimambo naIshe wamadzishe.” Ibid., b.13,ch.6.

Nokuda kwokuti Ferdnand akanga asina kugashira zvidiso zvamachinda zvichitsigirwa nomurairo uye kufunga kwakaperera, machinda haanavo kukoshesa kusavapo kwake saka vakaenderera mberi kundotura kutsutsumwa kwavo nokuratidzira pamusangano weKanzuru pasina kunonoka. Chirevo chaiva nesimba nokurevesa chakanyorwa namachinda ndokunoverengwa kumusangano we Diet:

“Tirikuratidza kutsutsumwa kwedu, pamberi Mwari, musiki wedu ega, muchengetedzi wedu, Muponesi, Mudzikinuri, naIye uchazova mutongi wedu nerimwe zuva, uye nepamberi pavanhu nezvisikwa zvose, kuti, isu, nevanhu vedu, hatibvumi chero

neipi nzira kuti tigashire chirevo chatemwa namambo mukuru. Hatitenderani nechero chinhu chinopikisana naMwari, neshoko raMwari dzvene, nekufunga kwakanaka kwendangariro dzedu, uye nekuruponeso rwemweya yedu.”

Vakaenderera mberi vachiti tinogashira kuti, kana Mwari Samasimba achidanira munhu kuhuchenjeri nezivo Yake, munhu uyo kunyange zvakadaro haakwanisi kugashira kuziva zvaMwari!” “Hakuna dzidziso ine chokwadi kunze kweiyo inobvumirana neshoko raMwari … Mwari haatenderi kudzidziswa kwedzidziso dzimwewo … Magwaro matsvene anofanira kuturikirwa nemamwe magwaro nemamwezve anonyatso jekesa. Magwaro matsvene aya, akafanira muKristu pazvinhu zvose. Ari nyore kunzwisisa, uye akaitwa kuti adzingire dima kure. Tinozvimisira, nenyasha dzaMwari, kuchengetedza kuparidza kwakachena uye kusina kuvhenganiswa kweshoko raMwari kwoga, sezvazviri muTestamende yekare neItsva, pasina chinopesanisa chinowedzerwa. Shoko raMwari iri ndiro chokwadi chiri chega; ndiro rinotonga dzidziso dzose neupenyu, shoko iri harikundikani kana kunyengera. Uyo anovakira paneiyi nheyo anogona kumira asingaputswi namasimba egehena, nerimwewo divi, zvose zvisina maturo zvinoitwa navanhu zvichawira pamberi pechiso chaJehovah.”

“Nokuda kwezvikonzero izvi, tirikuramba joko raiswa pamitsipa yedu isu tisingade.” “Munguva imwecheteyo tine tarisiro yokuti Mambo wedu Mukuru abate nokushanda nesu, semuchinda muKristu uyo anoda Mwari kupfuura zvimwe zvese; uye kuti isu, takazvimisira nazvino kuti tiripire kuna mambozve nekunemi imi makurukota ake anokudzwa norudo rwose, nokuteerera kwose izvo zvatakafanirwa nomutemo kuti tiite sebasa redu.” – Ibid., b.13,ch.6.

Kudzamirwa kukuru kwakavapo kune vaiva pamusangano we Diet. Ruzhinji rwavanhu rwakazadzwa nokushamiswa kukuru pamwe nokutya vachiona hushingi hwakanga hwaratidzwa nevakange vachiratidzira. Ramangwana kwavari raivimbisa dutu nekusajeka. Kumukira hurumende, hondo, nekudeurwa kweropa zvaiita sokuti yaiva garoziva. Asi vachiona kutonga kwakarurama mugwara ravaifamba naro, vaive vakazadzwa noushingi uye kusimba pakutenda.”

Zvimiso zviri mukati mekuratidzira uku kwakakurumbira, ndizvo zvitori chimiro chaicho chechiProtesitenti. Kuratidzira uku kwaipokana nokumbunyikidzwa kuri mumapoka maviri, kwokutanga kwaive kushandiswa kwaiitwa makurukota ezvenyika munyaya dzokunamata. Chechipiri kuwandisa kwesimba rekereke kusingapikiswi. Panzvimbo yokumbunyikidzwa uku, vevhangeri vakaisa simba kumunhu umwe neumwe kuti ave nokusununguka mundangariro pane kuti izvi zviitwe namakurukota. Vakatizve, Shoko raMwari ndiro rine simba kudarika kereke iyi iri rinopasi inoonekwa. Vakaramba kugashira Simba raipiwa kune venyika muzvinhu zvokunamata. Vakati tinoda kuteerera Mwari pane munhu. Panzvimbo yokusimudzira chiremba chamambo Charles V,

vavhangeri vakakudza chiremba chaJesu Kristu. Pfungwa huru inokosha yakavazve yokuti, dzose dzidziso dzinouya navanhu dzinofanira kuenda pasi peshoko raMwari." Ibid., b.13. ch.6. Machinda akakohomedza kodzero yavo yokutaura vakasununguka maererano nokunzwisisa kwavo chokwadi. Vaisazongotenda nokuteerera bedzi, asi kudzidzisa izvo zvairehwa neshoko raMwari, vachiramba kodzero dzamapirisita nekupindira kwevematare edzimhosva. Kuratidzira kwakaitwa namachinda ku Spires, chakava chapupu chakakosha chaipokana nenhau yekusaremekedza kodzero dzavanhu kuva nezvitendero zvavaida. Kuratidzira uku kwakakohomedza kodzero dzavanhu kuti vanamate Mwari zvichienderana nokunzwisisa kwendangariro nehana dzavo.

Chirevo chamachinda chakanga charehwa, chaitwa, chikanyorwawo mundangariro dezviuru zvavanhu nemumabhuku okudenga, uko akange asingakwanisiki kudzimwa nokuda kwamabasa kana mano avanhu. maKristu eEvangelical ose aiva munyika ye Germany vakagashira kuratidzira kwakaitwa namachinda sechiratidzo chaiva pachena chebumbiro rezvavanotenda. Vanhu vazhinji vakanga vachiona mukati mechirevo chamachinda, vimbiso youpenyu hutsva hwurinani kumberi. Umwe wemachinda akanga ari pamusangano mukuru we Spires akati kune vakanga varatidzira: "dai Samasimba, Iye akupai nyasha kuti mupupure nesimba, makasununguka, uye musingatyi, akuchengetedzei mukusimba kweuKristu kusvikira nokusingaperi." – Ibid.,b. 13. Ch.6.

Dai hushumiri hweshanduko yokururama, mushure mokutaridza kubudirira zvishoma pazvinhu zvishoma, vakatsvaga hushamwari nenyika hahwaizova nechokwadi kuna Mwari nokunaihwo mbune, asi kuti hwaizoshandira kuputsika kwahwo. Nhorondo nehupenyu hweava vavhangeri vanokudzwa ine chidzidzo chakakosha kumarudzi ose avanhu munguva dzose dzinoteverana. Kushanda kwaSatani achipokana naMwari neshoko raKe hakushanduki; nazvino anopokana neshoko raMwari kuti risave iro rinotungamirira hupenyu hwavanhu sezvaaiita mumakore mazana makumi nematanhatu emunhorondo yamaKristu.

Munguva yedu zvino, pane kupumhuka kukuru kubva kuzvitsidzo, zvikohomedzo nedzidziso yemagwaro matsvene zvakadaro zvokuti panotodiwa kudzokera kukohomedzo dzekare apo vavhangeri vaivimba nesimba guru reshoko raMwari vachiti: Shoko raMwari uye Shoko raMwari roga ndiro rakafanira kuti ritonge kutenda kwavanhu namabasa. Satani achiri kushandisa nzira dzose dzaanokwanisa kushandisa kuti abate nokuparadza kusununguka kwavanhu kunamata. Simba reMupikisi waKristu rakarambwa nokuzvidzwa navaratidziri veku Spires, zvino rawandudza simba raro kuti rigonezve kudzorera hutongi hwaro hwakamborashika pakutanga. Simbavo rokurambira pashoko raMwari, sezvakaitwa nevavhangeri ndiyo yoga taririro inosarira vanoda rumutsiriro rwokururama nhasi.

Kwakawa nezviratidzo zvenjodzi kuvavhangeri; zvimwe zvikavapowo zvaitaridza kuti ruwoko rwaMwari rwainge rwakatambanudzwa kuchengetedza vanhu vake

vakatendeka. Yaiva nguva yakaita seiyoyi Melanchthon aiperekedza shamwari yake vachifambisa munzira dzemumusha ku Spires vakananga kurwizi Rhine. Shamwari yake Simon Grynaeus achishingaira zvikurusa kuti amuyambukise rwizi. Grynaeus akashamiswa nekukasika kushanduka kwaiita zvinhu musi uyu. Melanchthon akati kwaari, mumwe murume achembera asi anotara zvakanaka uye anoremekedzeka zvikurusa, asi ini ndisingamuzivi, “ati ari pamberi pangu, Melanchthon munguva shomashoma mapurisa atumwa na Ferdinand kuti vabate nokusunga Grynaeus.”

Mukati mezuva iroro kusati kwasviba, Grynaeus akange apupurirwa zvakaipa na Faber, uyo aitsigira zvekubato rekwaPapa. Faber akaita izvi paakange achiparidza. Grynaeus akapokana zvikuru nemharidzo iyi nokuti yakanga iine nhema idzo dzaitsigirwa na Faber pakutaura kwaaiita. Faber akaviga hasha dzake, asi ndokukasika kundomhan’ara kuna mambo uko akanobva negwaro rokusungwa kwa Grynaeus uyo akangevo ari munhu wedzidzo airambira pachokwadi asingasundwi achivazve mudzidzisi ku Heidelberg. Melanchthon haana kupokana nepfungwa yokuti Mwari akange atumira mutumwa kuzoyambira shamwari yake nezvaida kuzoitika.

Melanchthon akamira pamahombekombe erwizi Rhine kusvikira shamwari yake Grynaeus abira mhiri. Achimuona ari mhiri akadaidzira achiti, “pakupedzisira abvutwa kubva pashaya dzine hasha dzeavo vanenyota yeropa risina mhaka.”—Ibid. b.13. Hushumiri hweshanduko yokururama hwaizopinda pachimiro chokusimudzirwa zvikuru pakati pavane masimba panyika. Machinda maKristu eEvangelical akange arambirwa kuti mambo avateerere—Ferdinand; asi vakapiwa mukana wokundotura chirevo chavo pamberi pamambo mukuru, nepamberi pavanhu vanokudzwa venyika uye nekereke. Mukuyedza kunyaradza kumuka kwebope nemhirizhonga muhumambo hwake, Charles V, mugore rakatevera kutsutsumwa kwamachinda ku Spires, akadanira vanhu musangano we Diet muguta re Augsburg, akati zve iye amene ndiye aizova sachigaro pamusangano mukuru uyu. Kumusangano uyu, vatungamiri verumutsiriro rwokururama vakadanirwako.

Njodzi huru dzaitaridza kuda kuzowira vamirириri veVhangeri nerumutsiriro; asi kunyangwe hazvo zvaive zvakadaro, vavhangeri vaivimba nesimba guru reshoko raMwari uye kusabvuma kuzunungurwa kubva kwariri. Havanazve kurasha tariro yokurwirwa pamwe nokuchengetwa naMwari. Musarudzi we Saxony, akurudzirwa nevaimupanga mazano, akanzi arege kuvapo pamusangano we Diet. Vakati, Mambo Mukuru anoda kusangana nevose machinda kuti avapinze mumuteyo. “Hakuzi kuisa zvinhu zvose pakaipa here kuti munhu aende achinozvipfigira mukati meguta rakakombwa namadziro iye aine mhandu ine simba mukati?” Asi vamwe vakarevavo noumhare vachiti, “Machinda ngaazvishonge bedzi nokushinga, nokudaro basa guru raMwari richachengeteka.” “Mwari akatendeka; haazotirashi isu,” akadaro Luther. —Ibid, b. 14,ch.2. Musarudzi we Saxony akabuda iye nemakurukota ake ndokupinda munzira vakananga Augsburg. Vose vaiziva njodzi nokuiisa kwavaiita hupenyu hwavo pakamanikana. Vazhinji vevaaiva navo

vakafamba naye nemoyo yakapwanyika nezviso zvizere kusuwa. Asi Luther akange achifamba navo nhambwe huru kusvikira kunzvimbo ye Coburg, akamutsirira mweya yavo nokutenda, achivaimbira rwiyo rwaakanyora parwendo urwu, “nharirire ine simba ndiMwari wedu.” Mifungo yemanenji netsaona zvakabuda mundangariro dzavo, nemoyo yavanhu yakange yakaputsika yakawaniswa mufaro nemanzwi erwiyo.

Machinda akanga agashira vhangeri rokumutsirira vakadisa zvikurusa kuti vaise mashoko avo ezvavaitenda murugwaro rwakarongeka, aine huchapupu huzere hweshoko raMwari, kuti vagopira kugungano re Diet. Basa iri rokuronga zvinyorwa nenzira iyi vakaripa kuna Luther, na Melanchthon nevamwe vavo. Gwaro iri rakagashirwa nevanhu vose vakatambira rumutsiriro rwokururama setsananguro yezvimiso zvokutenda kwavo. Vose vakaungana ndokuisa mazita avo parugwaro urwu senzira yokutsinhira zvairehwa nechinyorwa ichi chinokosha. Yakanga iri nguva yaidzamira uye iine kuyedzwa kukuru nokuoma. Machinda evhangeri vaiyedza zvikurusa kukumbira nokujekesa kuti basa ravo rirege kuvhenganiswa nokuda kwekusanzwisisika kunomboitwa nyaya dzezvematongerwo enyika. Vakadisa zvikurusa kuti basa rorumutsiriro rirege kuva nerimwe simba kupfuura iro rega rinobva mutsigiro yeshoko raMwari. Apo Machinda akanga achiuya kuzoisa mazita avo parugwaro, Melanchthon akambovamisa achiti: “ibasa ravafundisi nevakadzidza zvehumwari kuti vaite iri basa; ngatichengeterei vanokudzwa venyika ino rimwe basa kwete iri.” “Mwari ngaazvirambidze,” akadaro Johane we Saxony, “kuti ini mundivharire panze. Ndakazvipira kuti ndiite chinhu chakanaka, ndisingazvitambudzi nokuda kwechiremba changu chokutonga. Ndinodisa kupupura Tenzi. Simba rangu rokusarudza, nenguvo dzangu dzoushe, hazvina kukosha kwandiri sezvakaita muchinjiko waKristu.” Achipedza kutaura izvi, akanyoravo zita rake pasi. Mumwevo muchinda achitora chinyoreso akati: “kukudzwa kwaTenzi kuchitendera izvi … ini ndakagadzirira … kuti ndisiye zvandinazvo neupenyu.” Ndingasva ndaramba vandinotungamirira, nematunhu angu, ndorambazve nyika yamadzibaba netsvimbo muruvoko, pane kugashira imwe dzidziso isiri murugwaro urwu.”—Ibid., b.14,ch.6. Uku ndiko kwakava kutenda noumhare hwavanhu vakange vakasanangurwa naMwari.

Nguva yokuti vanhu vasangane naMambo Mukuru yakasvika. Charles V akagara pachigaro chake chokutonga, akakombwa naVasarudzi namachinda, akateerera vashumiri veshanduko yokururama vachitaura. Gwaro rezvavaitenda rakaverengwa. Mumusangano mukuru uyu waiva nohukoshi hwose, munhorondo yechiKristu neye marudzi avanhu.”—Ibid. b. 14, ch.7.

Makore mashomanene akange apfuura kubvira pakamira mumwe weboka rekuzvipira kukushaya, kuchena, nekuteerera we Wittenberg ari ega pamusangano weku Worms pamberi pedare rekanzuru yenyika yose. Ikozvino, panzvimbo yake pakamira vanokudzwa venyika nevane simba guru—machinda emuhumambo. Luther akanga akarambidzwa kuti avepo mumusangano we Augsburg, asi akange aripo nemashoko ake uye nomunamato.

Akanyora achiti; “ndine mufaro mukuru kwazvo kuti ndakatenderwa kurarama kusvikira ikozvino apo Kristu achisimudzirwa nokupupurwa pachena nevanhu vepamusoro vanokudzwa vari mugungano rembiri huru kwazvo.”—I of., b.14. ch. 7. Izvi zvakazadzisa Shoko dzvene rinoti: “ndichatauravo zvipupuriro zvenyu pamberi pamadzimambo.” Mapisarema 119:46.

Mumazuva aPauro vhangeri iro raakanga asungirwa rakaunzwa pamberi pamachinda nevaikudzwa vemaguta ehumambo hweRoma. Saizvozviwo, izvo Mambo Mukuru akange arambidza kuti zviparidzwe mumakereke zvakaparidzwa mumuzinda wamadzimambo. Izvo zvainzi hazvifaniri kunzwikwa navaranda, zvakazenge zvoteererwa nokushamiswa kukuru nevakuru vehumambo. Madzimambo nevanokudzwa ndivo vakanga vari vateereri, machinda anehutongi ndivo vakanga vari vaparidzi, mharidzo yacho rakanga riri shoko rinoyera rechokwadi chaMwari. “Kubvira panguva yavaapostora hakuna kuzombova nebasa guru kana chapupu chakakosha chepamusoro seichi.”—Ibid., b.14 ,ch.7.

“Zvose zvataurwa nevanotevera Luther ichokwadi; hatigoni kuzviramba.” Akadaro mumwe Bhishopi webato rekwaPapa. “Mungaramba here nokushandisa kufunga kwakadzama chapupu chakakosha chaitwa nomusarudzi nevanhu vake?” Akabvunza mumwezve akanga auya na Dr. Eck, “kana kuchishandiswa zvinyorwa zvevaapostora nevaporofita, kwete! Iyi ndiyo yakava mhinduro. Asi kana tiine dzidziso dzamadzibaba uye nemakanzuru esangano—hongu!” Aibvunza mibvunzo akazoti; “Ndinonzwisisa kuti kana zvichienderana nemi muri pano, vanotevera

Luther vari muMagwaro Matsvene isu vamwe tinotori kunze kwawo.”— Ibid., b.14,ch.8.

Vamwe vemachinda e Germany vakakwezverwa kukutevera kutenda kweshanduko yokururama. Naiye mambo mukuru akatsinhira pachena kuti zviga zvokutenda zvemaProstestenti zvaiva nechokwadi chizere. Chinyorwa chechapupu chemachinda, chakaturikirwa mundimi zhinji chikatenderera munyika dzose dze Europe uye chikagashirwa namamiriyoni avanhu nemarudzi ose aitevera sechiratidzo chiri pachena chokutenda kwavo. Varanda vaMwari vakatendeka vakange vasiri kubatikana nebasa vasiri voga. Apo madzimambo, nemasimba uye nemweya yakaipa iri munzvimbo dzakakwirira zvaibatana kurwisa vatendi, Mwari haana kusiya vanhu vake. Dai zvaibvira kuti meso avo avhurike, vaingadai vakaona seumbowo hunobatika huvepo hwaMwari nerubatsiro rwaanopa sezvazvaiva mumazuva emaporofita ekare. Apo muranda waErisha akamunongedzera wungano yehondo yakaipa yakavakomba zvokuti vashaye kupukunyuka kana rudzikinuro, muporofita akanamata: “Tenzi, ndinonamata, zarurai meso ake kuti awone” 2 Madzimambo 6:17. Tarira gomo rose raive rakazadzwa nengoro namabhiza emoto, hondo yokudenga yakanga yakamira kuti ichengetedze munhu

waMwari. Uku ndikowo kwakava kuchengeta kwengirozi avo vose vaiva vorumutsiriro rwokururama.

Chimwe chezvinhu zvikuru chaikosha chaitsinhirwa na Martin Luther kwaive kuti hazvaizofanira kuti vanhu vashandise masimba enyika kuti vanhu vasimudzire basa rerumutsiriro rwokururama. Hapanazve pazvaizotenderwa kuti Masimba enyika ashandiswe kudzivirira rumutsiriro nehondo. Luther akafara zvikurusa kuti vhangeri rakange ragashirwa namachinda ehumambo hwose. Asi pavakarangana kuti vave nehondo inovadzivirira, iye akati dzidziso dzevhangeri dzinodzivirirwa naMwari ega. Kana vanhu vakasabatikana nebasa iri, ndipo panonyanya kuonekwa kusimudzirwa kwebasa raMwari achizviita amene. Kuronga kwose kwaiitwa kwaitaurwa kwokuda kuzvidzivirira, mumaonero a Luther, kwaiva kutya kusina maturo uye kusavimba naMwari kuzere zvivi.”—D’Aubigne, London ed., b.10,ch..14.

Apo mhandu dzaiva nesimba guru dzakabatana kuwisira kutenda pasi uye zviuru zvemabakatwa zvakaburitswa mumihara kuti zviriparadze, Luther akanyora achiti; “satani arikupupa nehasha huru. Vapirisita vasingadi Mwari vari kupangana, isu tinoedzwa nokuvimbiswa hondo. Kurudzirai vanhu kuti vamire varwe semhare pamberi pechigaro chaMwari, nokutenda nekunamata kuitira kuti mhandu dzedu dzikundwe nemweya Mutsvene waMwari vanogona kutsvakavo runyararo. Chinhu chikuru chatinoda, basa guru munamato nokunamata, vanhu ngavazive kuti, vakange vaiswa pamberi pemunondo unopinza uye nekuhasha dzaSatani, naizvozvo vanofanira kunamata.” D’Aubigne, b.10,14.

Nerimwe zuva achitaura pamusoro pehondo yaida kugadzirwa namachinda, Luther anoti, chombo chega chinofanira kushandiswa muhondo iyi ibakatwa remweya Mutsvene. Akanyora kuMusarudzi we Saxony: “Hatigoni isu nendangariro dzedu kuti titenderane nezano remubatanidzwa rakarongwa, tingasva tafa hedu kakapetwa kagumi pane kuti vhangeri rikonzere kudonha kwedonhwe rimwe chete reropa. Isu basa redu nderekumira samakwai anoenda kundobaiwa. Muchinjikwa waKristu unofanira kusimudzwa. Regai henyu kutya imi tenzi wangu anokudzwa. Tichaita zvizhinji nokunamata kupfuurira vavengi vedu zvavanoita nokuzvikudza. Kwoga regai henyu kuti mawoko enyu asasvibiswe neropa rehama dzenyu. Kana mambo mukuru achinge ati zvakafanira kuti tigoiswa kuvatongi, takagadzirira kundomira. Hamugoni kudzivirira kutenda kwedu: umwe neumwe anofanira kuti atende achisangana nenhamo dzake ega amene.”—Ibid., b.14,ch.1.

Kubvira panzvimbo yakavanda yemunamato ndipo pakasimuka simba rakazunungutsa nyika yose munyaya yorumutsiriro rukuru. Ipapo nohutsvene hwakadzikama varanda vaMwari vakamisa tsoka dzavo pa dombo rezvitsidzo. Munguva yemhirizhonga ku Augsburg, Luther aisapedza zuva asina kunamata kwemaawa matatu pazuwa. Nguva iyi aiitora pane yaainyanyisa kukoshesa pakurava Magwaro Matsvene. Ari

mukati nemba yake yemukati ainzwikwa achidurura mwoyo wake kuna Mwari nemanzwi azere kurumbidza, kutya, netariro sezvinoita munhu achitaura neshamwari yake. “Ndinoziva kuti imi muri Baba vedu naMwari wedu, uye kuti muchapesanisa vanotitambudza kuti vabve kuvana venyu; nokuti Imi pamwechete nesu tiri mudambudziko rimwe. Nhau iyi yose ndeyenyu uye kuti kuburikidza nekusimbisa kwenyu kwoga zvaita kuti tiise mawoko edu pairi, tirwirei henyu Baba!”—Ibid., b.14,ch.6.

Kuna Melanchthon, uyo akange awisirwa pasi nomutoro wekufunganya uye kutya, Luther akanyorawo achiti; “Nyasha nerunyararo zviri munaKristu— muna Kristu Jesu bedzi kwete munyika. Amen. Ndinovenga nokuvenga kukuru nhunha idzo dziri kukupedza. Kana basa iri riri rakaipa, rirashire kure newe, asi kana riri rakanaka, tadireiko kuita nhema vimbiso yaIye anotiraira kuti tivate tisingatyi? ... Kristu haazoshaiwi simba kuti ashande mubasa rokururamisira nechokwadi. Iye anorarama, anotonga, kutya kupi zvino kwatingave nako?”—Ibid., b.14, ch.6.

Mwari akateerera kuchema kwevaranda vake. Akapa kumachinda nevaparidzi nyasha nekushinga kuti vachengetedze chokwadi kubva kuvatongi vedima venyika ino. Ishe unoti: “Tarirai, ndinoisa muZioni Ibwe rekona, rakasanangurwa, rinokosha; nounotenda kwaari haanganyadziswi.” 1 Petro 2:6. Vashumiri veshanduko yokururama vakange vavakira pana Kristu, masuwo egehena haana kuvakunda.

Chitsauko 12 Shanduko muFrance

Kuratidzira kunzvimbo yeSpire nekupinduka panzvimbo yeAugusburg kwakaparura kukunda kweRuvandudzo muGermany, kwakateverwa nemakore ekurwisana pamwe nedima munyaya dzekunamata. Kusavapamwe kwevateveri veRuvandudzo nekurwiswa nevabati vesimba kwakapa chiratidzo chekuparara kwemasangano akapandukira Roma. Zviuru nezviuru zvevanhu zvakasimbisa kutenda kwavo neropa ravo, vakaurairwa kutenda kwavo. Hondo munyika ikavamo vamwe vateveri veRuvandudzo vakakundikana kumirira zvokwadi; Mambo mukuru akaita nhapwa vanakomana vaitevera shanduko yevekutenda kutsva muguta rimwe narimwe, asi mukuita semukundi ndiye akazokundwa.

Akaona vaaida kuparadza vachipukunyuka mumaoko ake, akamanikidzwa kugashira dzidziso yeRumutsiridzo yaakanga azvimisira kurwisa kweupenyu hwese. Mambo uyu akange amisikidza umambo hwake, upfumi pamwe neupenyu hwake kuparadza dzidziso dzeRuvandudzo dzaaiti ndedzenhema. Akaona varwi vake vachiparadzwa muhondo, upfumi hwake huchipera,nyika dzaaitungamira dzichimukirwa, ukuwo vatendi vaaida kuparadza vachiwedzera simba nekukura. Charles V akanga achirwisana neWamasimbaose. Mwari vakange vati, “Ngapave nechiedza”asi embara vaida kuti rima rirambe rakapofomadza nyika. Zvaaida zvakakudikana, asati akura zvakanyanya, apedzwa nehondo akaramwa chigaro akandovanda, akarega kuvamutungamiri.

Munyika yeSwitzerland sezvazvaiva muGermany yakange iringuva yakaoma zvikuru kuneve Ruvandudzo. Kunyange zvazvo zvizvarwa zvizhinji zvemuSwitzerland zvakange zvagashira kutenda kweshanduko vamwe vakaramba vakabatirira padzidziso dzechiRoma. Kutambudzwa kwevakange vasarudza kutevera chokwadi kwakamutsa hondo pakati pavanhu. Zwingli nevamwe vazhinji vakange vari vateveri veShanduko vakaurawa pamunda weCappel. Oecolampadius akundwa nematambudziko aya akabva ashaikawo. Roma yakakunda uye munzvimbo zhinji yakange yavakugashirika zvakare padzidziso dzayo. Asi Uyo Anenjere dzisingazikanwi kubvira pakusingaperi akange asina kusiya basa kana kurasa vari vake. Ruoko Rwake rwuchaunza dzikinuro kwavari. Mwari vakange vamutsa vamwe vabati vachaendesa mberi basa reshanduko.

MuFrance zita ra Martin Luther risati raizikanwa semuunzi weshanduko, chiedza chakange chavamo kuburikidza nemudzidzisi aive muzvinafundo paChikoro chikuru cheParis muFrance ainzi Lefevre. Murume uyu ndiye akatanga kuwana chiedza, akanga akaperera kwazvo pachitendero cheRoma uye ari mupirisita akatendeka. Mukuita tsvakurudzo pamusoro penhoroondo yekare akakwezvwa neBhaibheri ndokutanga kuridzidzisa kuvadzidzi paChikoro ichi.

Lefevre akange ari murumbidzi wavatsvene uye akange azvipira kunyora nekuita tsvakurudzo pamusoro pevatsvene nevakafira chitendero sekutaurwa kwazvaiitwa

nekereke mumabhuku anonyorwa vanofanira kunamata. Basa iri raive rakaoma kwazvo asi akange achiratidza kubudirira pakuriita, akatanga kuverenga Bhaibheri anepfungwa dzekuwedzera ruzivo pamusoro petsvakurudzo dzaaiita. MuBhaibheri zvedi akatanga kuwona vatsvene vachizarurwa asi kwete sezvaitaurwa munhoroondo dzeRoma. Mafashama echiedza chitsvene akapinda munjere dzake. Mukushamisika nekuzvishora akarasa pfungwa dzaaive nadzo dzekutsvaka nhoroondo ndokutanga kuzvipira kuzere mukudzidza Bhaibheri. Chokwadi chinokosha chaakawana muBhaibheri akatanga kuchidzidzisa.

Mugore ra 1512, Luther naZwingli vasati vatanga basa reRuvandudzo, Lefevre akanyora kuti ”NdiMwari unotipa kururama, kuburikidza nekutenda, kunouya nenyasha dzinopa kururamiswa kuupenyu husingaperi”--Wylie, b. 13, ch. 1. Achitarisa chakavanzika cherudzikinuro anoti: “Tsinhaniso inoshamisa isingatsananguriki,-- Asina chaakatadza anopiwa mhosva, anechaakatadza osunungurwa; zvikomborero zvotakudzwa kutuka, zvakatukwa zvotakudzwa zvikomborero; Upenyu hunofa, mufi worarama; Hutsvene hoputirwa nerima, uyo asina chaanoziva kunze kwenyongano opfekedzwa nguvo yekubwinya.”-- D’Aubigne, London ed., b. 12, ch. 2.

Aidzidzisa kuti Ruponeso runobva kunaMwari oga uye kuteerera ibasa remunhu.” Kana urinhengo yechechi yaKristu, urinhengo yemuviri Wake, kana uri wemuviri wake uzere nechimiro cheutsvene. . . dai vanhu vainzwisisa izvi mifungo yavo ingadai yakachena uye kurarama kwavo kurikutsvene. . . .” -Ibid., b. 12, ch. 2.

Pakati pevadzidzi vaidzidziswa naLefevre pakange pane vaiterera nemazvo shoko raaitaura uye vakange vazvipira kupfuurira mberi nekuparidza chokwadi kana mudzidzisi wavo anyaradzwa. Mumwe wevakazvipira kuenda mberi nekuparidza Chokwadi ainzi William Farel. Akange arimwana akarerwa nekukurira mudzidziso dzechiRoma nevabereki vakanga vakaperera padzidziso dzekereke, saPauro aigona kuzvifananidza naye pashoko rinoti ”ndaiva muFarise, nedzidziso yekupira kwedu yakaisvorurama.” Mabasa 26:5. Aiva muRoma akakwana akaperera zvekuda kuparadza aninani anopikisa kereke. “Meno angu aibvunda mumukanwa sebere ratsamwa kana ndainzwa munhu anotaura nekuzvidza Papa” anodaro Farel achitarisa muraramire wake wekare. -Wylie, b. 13, ch. 2. Aive akaperera pakupa rumbidzo kuvatsvene, achifamba naLefvre mumakereke emuParis, achinamata paaritari nekukoshesa nzvimbo dzaive tsvene. Zvose izvi hazvina kumupa kuzorora pamweya. Pfungwa yekuziva kuti ndirimutadzi yakaramba irimaari uye haaina kubviswa kunyange aitevedzera zvinotaurwa nekereke. Senzwi rinobva kudenga akaterera mashoko emuvandudzi: ”Ruponeso rwunouya nenyasha,”Asinamhosva anotongwa, anemhosva anosunungurwa.” “Muchinjikwa waKristu woga ndiwo unozarura masuwo edenga nekupfiga masuwo egehena.” --Ibid., b. 13, ch. 2.

Farel akagamuchira chokwadi ichi nemufaro. SaPauro akatendeuka kubva kudzidziso nemuraramiro netsika dzekare achiuya kurusununguko rwekuva mwana waMwari. “Panzvimbo yekuva nemweya wehumhondi sebere rinehasha,” adzoka anoti, ”ndave munyoro segwayana, moyo wabva pana Papa ndikaupa Jesu Kristu.”--D’Aubigne, b. 12, ch. 3.

Lefevre akaenderera mberi nekuparidza kuvadzidzi pachikoro, mumwe wevadzidzi vake ainzi Farel, mutendi akange akaperera panaKristu sezvaaiva kuna Papa, akaenda neshoko rezvokwadi pajekerere, kuruzhinji rwavanhu. Munyarikani mukereke bishop wenzvimbo yeMeaux akavamuteveri wezvokwadi. Vadzidzisi vemukurumbira vakabatirawo moto wekuparidzira vhangeri yechokwadi vazhinji vanosanganisira varimi, vashandi vemabasa epasi kusvikira kuimba yeumambo vakava vateveri veRuvandudzo. Mukunda wamambo ainzi Francis 1 akavawo muteveri weRuvandudzo, iye Francis nemudzimai vakataridza kufarira dzidziso kwekanguva asi havana kuzozvipira kutevera kutenda kutsva, vateveri veRuvandudzo vakaramba vachitarisira kuti mhuri iyi yeumambo ichazvipira kutevera vhangeri rimwe zuva, asi shuviro iyi haina kuzadzikiswa. Kutambudzwa nekuuraiwa zvakanga zvakamirira vateveri vaKristu, izvi zvakaratidzwa kwavari munyasha dzaMwari. Pakambova nenguva yekudzikama nerunyararo kuti zvisimbise vateveri vaJesu nekuvagadzirira kutivagone kuve nesimba pakuedzwa kukuru kwaiva mberi. Munguva yerunyararo iyoyo shanduko yakapararira. Bishopu weMeaux akashanda pakuparidza pakereke napakufundisa vakuru vekereke nevanhu zvokwadi. Mapirisita akange anehunhu hwakaipa akavabvisa akaisa vaive vakafunda vachiita zvakanaka. Bishopi uyu aida kuti Shoko risvike mudunhu make vanhu vavenaro, izvi zvakazadzikiswa.

Lefevre akashanda pakushandura Testamente itsva ichiisa mumutauro wevanhu, Bhaibheri rainzi French New Testament rikaparurwa paMeaux panguva imwechetewo yakaparurwa Bhaibheri raLuther rechiGerimani paWittenberg. Bishopu akaita zvose zvaaigona kuti Bhaibheri iri risvike kumasangano, nenguva shoma varimi nevanhu vepasi vakange vave neBhaibheri mudzimba dzavo.

Rufaro rwevafambi vanopanga mvura vaona chitubu ndizvo zvingafananidzwa nekugashirwa kwakaitwa shoko reBhaibhiri.Vabati vemumunda nevemapazi akasiyana-siyana vaishanda vachikurukura pamusoro pamashoko akanaka ezvokwadi yemuBhaibheri. Munguva dzamanheru vakange vasingachaendi kumafaro asi vaiungana mudzimba kuzoverenga Bhaibheri, kunamata pamwe nekupa mbiri kunaMwari. Shanduko huru mumararamiro ikavapo munharaunda.Vanhu vepasi, varimi nevasina kufunda, nyasha dzaMwari dzakararamika mavari. Mukuzvininipisa, murudo, muhutsvene vakamira sezvapupu zvinoitwa nevhangeri kune vanorigashira mukuperera.

Mwenje weshoko wakatungidzwa paMeaux wakasvika kure. Zuva rimwe narimwe vaitendeuka vaiwedzera.Uturu hwehutungamiri (monks) hwakambomiswa namambo kwekanguva asi vatungamiri vana Papa vakazokururira pakurwisa vatendi.Hondo yakachizotanga.Bishopi weMeaux akamanikidzwa kuti asarudze pakati pekufa nemoto kana kutuka nekuzvidza kutenda kwaakange agashira,iye akasarudza nzira irinyore akatiza marwadzo asi vateveri veRifomesheni vakaramba vakamira panaMwari. Vazhinji vakapupurira kutenda kwavo mumoto. Hushingi nekuramba vamire vakatarisana nerufu nekuzvininipisa kwaKristu yakava mharidzo kuzviuru nezviuru zvavanhu vakange vasina kuwana zvokwadi munguva yerunyararo.

Vakange vari varombo nevakazvininipisa vakaramba varipana Kristu chete panguva dzekutambudzika, kusekwa nekuurawa. Mumuzinda wamambo makange munevakazvipira kutevera zvokwadi vaikoshesa bhaibheri kudarika rukudzo rwavaiwana chero upfumi hwavo neupenyu. Vamwe varindi vamambo vaive vachigashira zvokwadi kudarika mabishopi. Loise de Berquin akange akazvarwa muimba yeupfumi. Aive achishandira pamuzinda wamambo ane hushingi, aive muverengi anehunhu hwakanaka asina chaanopomerwa. Akange ari muteveri akatendeka webumbiro raana Papa, achitevedzera misa nedzidziso dzacho pakuperera kwake. Berquine aivenga dzidziso dzaLuther asi sezvakaitika kuvazhinji akatungamirirwa kuBhaibheri akashamisika kudzidza kuti dzidziso dzeRoma hadzina tsigiso reshoko raMwari asi dzaLuther ndodzirimuBhaibheri--Wylie, b. 13, ch. 9.

Kubvira nguva iyi akazvipira zvizere pakuita zvinoda vhangeri. “Aive mufundi kudarika vachenjeri vemuFrance, uchenjeri nekugona kutaura, ushingi, kukurudzira uye rukudzo rwaaipiwa nevazhinji pamuzinda wamambo zvakaita kuti adiwe namambo. Vazhinji vakaona paari munhu achaunza shanduko munyika mavo. Beza anoti: “Berquin angadai akava Luther wechipiri dai akawana rutsigiro kubva kuna Francis 1.” “Akasvoipa kudarika Luther,” vakadaidzira mapirisita.-Ibid., b. 13, ch. 9. Aityiwa zvakanyanya nemaRoma emuFrance. Vakamusunga vachimupa mhosva yekuti mudzidzisi wenhema asi mambo aimusunungura. Kwemakore hondo iyi yakaramba iripo. Francis akange asina rutivi rwaairerekera pakati peRoma neVavandudzi, pamwe aimbogashira kaitire kemafundisi eRoma pamwe odzivisa pfungwa yehuipi hwavanenge vachida kuita. Katatu Berquine achisungwa nekuiswa mutirongo, asi aisunungurwa nevatongi vaiyemura njere dzake nekudzikama kwake uye vakaramba kuti aitirwe zvakaipa nevakuru vekereke.

Berquin akapiwa yambiro yenjodzi yaizomuwira kana akaramaba ari muFrance, akakurudzirwa kuti atore matanho ekubuda munyika iyi sezvaiita vamwe. Mumwe muzvinafundo airemekedza kukudzwa, nekuita zvaanoda kudarika Mwari; ainzi Erasmus akanyora mwadhi kuna Berquin achiti; “kumbira kuti unove mumiriri weFrance kunenyika dzekunze kana kuenda kuGermany. Beda unomuziva kuti chikara chakapedza vazhinji nekuuraya uye miseve yeuturu hwake inoenda mativi ose. Vavengi vako vanosvika zviuru

nezviuru. Chinangwa chako chakakosha kudarika chaJesu here? Havakuregi uchienda vanoda kukuuraya muutsinye hwavo. Usavimba zvakanyanya nechengetedzo yauri kupiwa namambo.”-Ibid., b. 13, ch. 9.

Njodzi payakanyanya kuvepedyo, Berquin mushure mekuwana mashoko aya kubva kuna Erasmus zvakatowedzera hushingi maari. Akazvipira kumiririra zvokwadi nekurwisa nhema. Mhosva yaaipiwa yekuvamuteveri wenhema nemaRoma akaita kuti ive yavo ivo. Boka remadhokotera epaChikoro chikuru cheParis nevafundi vebhaibheri vairwisana zvakanyanya naBerquin pamusoro peBhaibheri. Kubva pazvinyorwa zvemadhokotera aya, Berquin akanyora zvavaitenda zvinegumi nezviviri akaisa pachena kuti dzidziso dzavo ndedzenhema uye hadzisi mubhaibheri. Ndokubva akumbira mambo kuti vave mutongi panyaya iyi.

Vatongi mukuona kukakavadzana kwaivapo uye mukufarira kwavo kunyadziswa kwevakuru vechechi vakapa mutemo wekuti vakuru veRoma ngavamiririre kutenda kwavo vachitsigirwa neBhaibheri. Kusapindura kwavo kwaireva kuti jeri, nekurwadziswa zvakange zvatarisana navo. Gomba ravakange vachida kuti Berquin awire mariri ndivo vakange vakufanira kuwiramo. Nyaya yakange yavapandukira, mukushamisika nekupererwa vakatsvaka nzira dzekupukunyuka nadzo panjodzi yerufu yavakange vakatarisana nayo. “Munguva imwechete chitombi chemhandara Mary chakaputswa paneimwe kona munzira yemuguta. Pakave nekukatyamara guta rose, vazhinji vakanoungana vachiratidza kubatikana nekushungurudzika. Namambo vakabatikana nechiitiko ichi. Ndowakava mukana wemamafundisi wekuitira Berquin huipi hwekumuparadza. ”Izvi ndozvibereko zvedzidziso dzaBerquin,” vakadaidzira. ”Zvose zvakuzomukirwa—chinamato, mutemo, kusanganisira neumambo nemhaka yedzidziso dzaLuther idzi.”-Ibid., b. 13, ch. 9.

Berquin akasungwa zvakare. Mambo akange asiri muguta musi uyu zvakapa mukana kuti mafundisi aite zvavaishuvira pasina mudzivisi. Muvandudzi akamiswa pamberi pedare ndokutongerwa rufu, mukutya kuti Francis angauya akasunungura musungwa, Berquin aifanira kuuraiwa zuva iroro.

Munguva dzamasikati Berquin akange atarisana nerufu.Vanhu vazhinji vakange vakaungana vamwe vachishamisika kuti musungwa ndeweimba huru inoremekedzwa muFrance. Kuseka kuzvidza kutuka zvaive zvakaputira zviso zvegungano yaivepo asi chiso chaBerquin chairatidza mufaro nekubwinya. Pfungwa nendangariro dzake dzaive kure nezvaiitika paari akange akanangisa pakuvepo kwaJesu pedyo naye.

Mungoro yerufu yaaive mairi, kufinyama kumeso kwevavengi vake, rufu rwakange rwakatarisana naye-zvose izvi haana kuzvitarisa; “Uyo arimupenyu, akange akafa, arimupenyu nekusingaperi, ane kiyi dzerufu nehadhesi akange ariparutivi rwake. Chiso chaBerquin chairatidza kupenya chine runyararo rwedenga” -D’Aubigne, History of the

Reformation in Europe in the Time of Calvin, b. 2, ch. 16. Yakange yave nguva yake yekupupura pamberi pamambo wemadzimambo nepamberi pedenga rose nokudaro hakuna chaidzivisa rufaro rwake.

Paaitungamirirwa kunzvimbo yerufu zvishomanezvishoma vanhu vaishamisika nerunyararo rwaive paari, rufaro rwemukundi rwaiva maari. “Anoita sekunge uyo anogara mutemberi achimiririra zvitsvene” vamwe vaidaro--Wylie, b. 13, ch. 9. Aripamatanda ekuti achiurawa Berquine akakumbira kuti ataure mashoko mashoma kuvanhu vaive vakaungana asi vafundisi mukutya zvingazoita vanhu vakatanga kuita ruzha nekuombera maoko kuti zvaitaurwa naBerquin zvisanzwikwa navanhu. Ibid., b. 13, ch. 9.

Berquin akauraiwa nekudzipwa netambo mutumbi wake ukapiswa nemoto. Shoko rekufa kwake rakaunza kusuwa kuvateveri veshanduko munyika yose yeFrance. Asi mucherechedzo weupenyu hwake hauna kurasikira pasina. “Nesuwo tazvigadzirira,” vakadaro vapupuri vechokwadi, “kusangana nerufu takatarisa paupenyu unouya.”--D’Aubigne, History of the Reformation in Europe in the Time of Calvin, b. 2, ch. 16.

Munguva yekutambudzika uku munzvimbo ye Meaux, vadzidzisi vaive nekutenda muRuvandudzo vakatorerwa marezinesi ekuti vaparidze ndokubva vatizira kune dzimwe nzvimbo. Lefevre akaenda kunyika yeGermany uyevo Farel akadzokera kunyika yechibarirwe chake kumabvazuva eFrance kuti andoparidza munzvimbo yaakakurira. Shoko rezvaiitika kuMeaux rakange ratosvika, chokwadi chaaiparidza mukusatya chakagashirwa nekuteererwa. Munguva pfupi vakuru venharaunda vakamurambidza kuparidza ndokumudzinga muguta ravo. Kunyange anga asingachakwanisi kuparidza paruzhinji, nguva yake yaive yekuparidzira vagari vemumaruwa nemapani, achiwana hugaro hwake mumapako nemumasango maaitambira achiri mwana. Mwari vakange vachimugadzirira basa guru raizove mberi kwake. “Michinjiko, kuurawa, nzira dzose dzehuipi hwaSatani dzandakange ndafanoziviswa hadzaiva pasina,” anoti, ”miyedzo yacho yakange yakarema zvokusakunda ndiri ndoga; asi Mwari vari Baba vangu; vaindipa simba uye vacharamba vachindisimbisa” -D’Aubigne, History of the Reformation of the Sixteenth Century, b. 12, ch. 9.

Sepamazuva avaapostora kutambudzwa kwakaita kuti shoko revhangeri ritoenda mberi nesimba. VaFiripi 1:12. ”Zvino avo vakaparadzirwa, vakapotenyika, vachiparidza shoko.” Mabasa 8:4. Chiedza chikasvika munzvimbo dzekumaruwa muFrance.

Mwari vakange vachiri kugadzira vabati vachaendesa basa mberi. Munechimwe chikoro muParisi maive newechidiki aifunga, akanyarara, aipa chiratidzo chekuti njere dzake dzakadzama, haana chaaipomerwa mukurarama uye ainge akazvipira pakunamata. Hudzamu hweuchenjeri hwake nemuitire wake wakaita kuti ave chidadiso pachikoro paaiva mudzidzi, Calvin uyu aitarisirwa navanhu kuti achazove mukuru anenge achirwira nekumiririra kereke. Chiedza chaMwari cheshoko chakasvika nepaari kuti chimurwire

muchinamato chenhema chaakange akanyura machiri. Akanzwa dzidziso itsva nekukahadzika, aizivazve kuti dzidziso dzenhema nevanoitenda vakafanira moto. Akaita tsvakurudzo achida kubudisa pachena kuti dzidziso yeShanduko ndeyenhema kana tichitarisa dzidziso yeRoma.

Muzukuru waCalvin, uyo akange avemuteveri weShanduko aigara muParis. Vaviri ava paukama hwavo vaisikurukura pamusoro pezvinetso muchiKristu. “Kune zvitendero zviviri bedzi munyika,” akadaro Olivetan, aiva mutendi weRuvandudzo. “Boka rekutanga rechinamato rakavambwa navanhu, mariri munhu anoita mabasa akanaka nekutevedzera zvipiriso kuti agozviponesa; rimwe boka rechitendero rinoratidzwa kubva muBhaibheri, rinodzidzisa munhu kuti ruponeso runobva kuna Mwari kuburikidza nenyasha dzinopiwa pachena.’’ “Handinei nedzidziso itsva dzako idzo,” akadaro Calvin; “unofunga ndakararama mumanyepo upenyu hwangu hwese uhwu here?”

--Wylie, b. 13, ch. 7.

Shoko harivhikwi, pfungwa dzake dzakange dzakutoshushikana. Ari oga akafungisisa pamusoro pemashoko emuzukuru wake. Pfungwa yekuziva kuti iye mutadzi yakamubata zvinesimba, akazviona asina mumiriririri, pamberi pemutongi akarurama ari mutsvene. Kumiririra kwevatsvene, mabasa akanaka, zvipiriso zvekereke hazvaigona kuchenesa chivi. Pamberi pake aiona rima rekuparadzwa kwake chete. Vakuru vesangano vakaedza kuti mutoro uyu ubve paari asi vakakundikana. Kureurura nezvimwe zvakaitwa asi hapana zvakabatsira pakudzorera ukama hwake panaMwari.

Achiri pakushungurudzika nenyaya iyi pasina betsero Calvin akasvika panzvimbo paipiswa mutendi weRifomesheni. Akashamiswa nekuratidzika kwekudzikama nekuva nerunyararo kwemusungwa uyu akange atarisana nerufu. Pakati pekurwadziswa zvikuru nekuzvidzwa nekereke mubatwa uyu akaratidza ushingi nekutenda, Calvin achiita fananidzo neupenyu hwake akaona kuti arikurarama upenyu husina tariro uye arimurima guru.Akaziva kuti kutenda kwevarevi venhama ava kuri paBhaibheri. Akasarudza kudzidza Bhaibheri kuti agowana chakavanzika chemufaro wavo kusvika pakufa.

MuBhaubheri akaona Kristu. “O Mwari,” akachema,’’Kufa kwaJesu kwakanyaradza hasha dzenyu; Ropa rake rakasuka kuipa kwangu; Muchinjikwa wake wakatakura kutukwa kwangu; Rufu rwake rwakachenesa ini. Takazviitira paupenzi hwedu dzimwe nzira asi imi maisa Shoko renyu semwenje pamberi pangu, imi mabata moyo wangu kuti ndisiye zvose zvinokunyangadzai kunze kwekuva naJesu.” --Martyn, vol. 3, ch. 13.

Calvin akange akafundira kuva mupirisita. Ane makore gumi nemaviri akange achitungamira imwe kereke. Aiziva kafambire kesangano zvakadaro zvekuti mabhishopu vaimuti musoro wake ibhuku. Akave mukuru nenguva pfupi mukereke. Achiziva kuti ave mupirisita hazvichagoni akasarudza kuita zvidzidzo zvekuti agove gweta asi akazvisiira

panzira ndokusarudza kuzvipira kuvhangeri kweupenyu hwake. Aitya kuva mutauri pamberi pevazhinji nekuita basa reuvhangeri, asi shamwari dzake dzakamukurudzira akazogashira kuvamuparidzi wechokwadi. ”Zvinoshamisa izvi,” anodaro, ”kuti munhu ane nhoroondo yepasipasi anopiwa rukudzo rwandirikupiwa.”Wylie, b. 13, ch. 9.

Chinyararire Calvin akatanga kuita basa, mashoko ake aive semvura yedova inopa upenyu kunyika. Akange abuda muParis muguta diki munerimwe dunhu akachengetwa nemukunda wamambo ainzi Margaret uyo aichengetedza vadzidzi nekuti iye aifarira vhangeri. Calvin akange achiri wechidiki akadzikamira kwazvo. Basa rake ayiriitira mudzimba. Akatenderedzwa nemhuri dzaaishanyira aidzidza navo Bhaibheri nekuzarura chokwadi cheruponeso. Vaainge adzidza navo vakatakura mashoko akanaka aya kunevamwe, shoko rikapararira kwese kwese nenguva pfupi.

Kwemwedzi mishoma Calvin akadzoka zve muParisi. Pakati pevadzidzi paive nekudzidza mitauro yekare zvakazotungamira kuti vasvike pakudzidza Bhaibheri. Kudzidza kwacho kwaingove kwekuda kuratidzana ruzivo chete, kunyange Calvin aive neruzivo rwakadzama akasarudza kupfuurira mberi nekuparidza pakuita nharo dzisina chadzinobudisa.

Calvin aipinda imba imwe neimwe achizarura Bhaibheri kuvanhu nekutaura nezvaJesu akafa akamuka.

Mukuzarura kwaMwari, Parisi yaifanira zve kupiwa mumwe mukana wekuwana vhangeri. Kudaidza kwaLefevre naFarel hakuna kunge kwagashirwa nevagari veguta iri, saka vhangeri raifanira kusvika zvakare mumapoka ose. Mambo achicherechedza nyaya dzematongerwe enyika akange asina kunatso rerekera kuRoma pakurwisana kwayo neShanduko. Margaret akaramba akabatirira patariro yekuti kutenda kutsva kuchakunda nekugamuchirwa muFrance. Akazvimisira kuti kutenda kweshanduko kunofanira kuparidzwa muParis. Kana mambo asipo Margaret aiukurudzira kuti mufundisi weRuvandudzo aparidze mumakereke ose emuguta. Pazvakarambidzwa nanapapa akazarura pamuzinda kuti paparidzirwe ipapo. Nzvimbo yekupindira pamuzinda yakazarurwa uye paive nenguva yekuparidzwa kweshoko, vanhu vose vaikokwa.

Vazhinji vaienda kunonzwa shoko. Zviuru nezviuru zvaisangana zuva nezuva, pavauyi paisanganisira, vachenjeri, vamirariri, magweta, vagadziri vezvinhu. Mambo vakaraira kuti mamwe makereke maviri emuParisi avhurwe. Hazvina kumbobvira zvakaitika kuti vanhu vaishandurwa neshoko zvakadaro. Mweya waMwari waiva pakati pevanhu. Kuzvidzora, kuchena pamoyo, kurongeka nekushanda kwakatora nzvimbo yekuraradza, kuchiva, hondo neunyope.

Asi hutungamiri hune zvawaironga kumisa kufamba kweshoko. Mambo vakaramba kumisa kuparidzwa kweshoko, vakuru ndokuenda kuvanhu. Vakashandisa nzira dzose

dzinosanganisira kutyisidzira vanhu kuti varege kuteerera kuparidzwa kweshoko. Vagari vemuParisi vakabvuma kupofumadzwa ndangariro dzavo nevadzidzisi venhema, seJerusarema rekare havana kuziva zuva renjodzi ichavawira nekubvisa runyararo. Kwemakore maviri shoko raMwari rakaparidzwa muguta, kunyange pane vakawanda vakagashira vhangeri, vazhinji vakariramba. Francis akange angotendera kuti vhangeri rifambe achida kuzadzisa zvinangwa zvake, vana papa vakakundazve kuvapamusoro. Makereke akavharwa zve nzvimbo yekuuraya vatendi ikamutsiridzwa.

Calvin akange achiri muParisi achizvigadzirira basa remberi nemunamato, kudzidza Bhaibheri nekuramba achifamba neshoko. Vatungamiri vakange vomutsvaka vachida kuti vamupise. Iye achifunga kuti paari pakavanda hakuna chingamuwana shamwari dzake dzakauya dzichimhanya neshoko rekuti vatariri varikuuya kuzomusunga. Nguva imwechete pakanzwikwa kugogodza pamukova wekunze, pakange pasina mukana wekutambisa, dzimwe shamwari dzake dzakandozama kuvanonotsa kuti vasapinde ukuwo dzimwe shamwari dzichimuburutsa nepafafitera, ndokutizira kunze kweguta kumba kwemumwe mutendi akapfuurira achibva ipapo akananga kumadokero ndokuguma avanda nekuchengetwa naMargaret. (See D'Aubigne, History of the Reformation in Europe in the Time of Calvin, b. 2, ch. 30).

Calvin akagara panzvimbo iyi kwemwedzi mishoma akachengetedzwa neshamwari achipfuurira mberi nekuverenga Bhaibheri. Moyo wake waidokwairira kunoparidza kuFrance uye ange asingachakwanisi kugara asingaparidzi. Paakaona kunze kwadzikama akaenda kunoshandira munzvimbo itsva yainzi Poitiers makange munechikoro chikuru, uyezve pfungwa itsva dzaigashirwa. Vanhu vemapoka ose vakaterera vhangeri nemufaro. Vanhu vaisaungana pakuparidzwa kweshoko asi mudzimba, kwaigara Calvin nemuminda mashoko eupenyu husingaperi aisvitswa kuvanhu naCalvin. Vanhu vaiterera shoko, pavakaramba vachiwedzera vakasarudza kunosangana kunze kweguta. Bako raive pamupata rakavharirwa nemiti yakasvibira ndiro rakava nzvimbo yakasarudzwa kunamatira. Vanhu vaibuda muguta varizvipoka zviduku uye nenzira dzakasiyana vaindosangana panzvimbo iyi yekunamatira. Panzvimbo iyi Bhaibheri raiverengwa mukudaidzira nekududzirwa. Panzvimbo iyi ndipo pakaparurwa kudyiwa kwechidyo chaTenzi kekutanga nevatendi veshanduko muFrance. Kubva pasangano duku iri vaparidzi vazhinji vakenda neshoko.

Calvin akadzokera zvakare kuParis. Tariro yake yaive yekuti guta iri ragadzirira kugashira Ruvandudzo, asi akawana mikana yose yekushandira Mwari yakavharwa. Kuparidza shoko kwaive kutora nzira yerufu rwekuurawa ndokubva atizira kuGermany. Nguva shoma achangobuda muFrance dutu renjodzi rakawira vatendi veshanduko zvekuti dai asinakukasika kubuda angadai akafiramo.

Vateveri veshanduko muFrance mushungu dzekuda kuti nyika yavo ifambirane neGermany neSwitzerland vakazvimisira kuparadza kamwekamwe chinamato nezvaitendwa neRoma. Usiku humwe zvibhakani zvaishoropodza misa zvakanamatidzwa munyika yose yeFrance. Panekuti varambe vachienda mberi neRuvandudzo boka iri raisundwa nesimba asi risina kunatsoronga rakaunza kuparara kwavari nevose vaive vatendi veshanduko muFrance yose. Zvakapa mukana kumaRoma kuti vaiite zvavakange vachishuvira kwenguva refu—kuparadzwa nekuurawa kwevateveri venhema nekuti vanounza kusagadzikana munyika uye vanopandukira humambo.

Mukusaziva kuti zvakaitwa nani chimwe chibhakani chakanonamatidzwa pamukova wemba yamambo yemukati, pakange pakanyorwa mashoko ekuzvidza nekutsoropodza tsika dzechinamato chaitendwa nemaRoma. Muzinda wese wakavhunduka. Kusatya kweakanamira chibhakani ichi kusvika pakuisa paimba yamambo zvakamutsa hasha dzamambo, mambo vakaita nguva vachibvunda nehasha vakanyarara. Hasha dzakabuda nepamuromo nemashoko akaipa ekuti: ”Vose vari vateveri ve Lutherism ngavabatwe ndoda kuvaparadza vose.” -Ibid., b. 4, ch. 10. Muchiitiko ichi, mambo akasarudza kuva rutivi rumwe neRoma.

Matanho akabva atorwa ekusungwa kwemutendi wese anotevera dzidziso dzaLuther muParis. Murombo aive mutendi weRuvandudzo aisikokera vanhu kunonamata munzvimbo dzakavanda akabatwa akanzi; ‘’sarudza pakati pekufa uchitsva, nekutiratidza kunevatendi veshanduko varimuguta.’’Akavhunduka nekutya kutsva nemoto akasarudza kuvamutengesi nekupandukira vatendi. Akatungamirira boka remapirisita, vabati vezvinonhuwira masoja, naMorin mupurisa wamambo, chinyararire vachipfuura nemuguta. Kufamba kwavo kwaive kuchenesa guta muhuipi hwavaiti hwakonzerwa nevaratidziri vePrositendi, asi raiva zano rekuparadza vatsvene. Kana vasvika paimba yemu Lutheran, mutengesi uya aivanongedzera pasina shoko raitaurwa, vomira imba yopindwa mhuri yotobuda yose yasungwa nengetani vachikwevewa. Boka raibva rapfuurira kunotsvaka vasungwa vatsva. Hapana imba yakasara, vakuru kana vadiki vaitorwa chero pamakoreji nechikoro chikuru pakasvikwa. Morin akaita kuti guta rose ridengenyeke…Utsinye hwakabata ushe. -Ibid., b. 4, ch. 10.

Vasungwa vakauraiwa mukurwadzisa kukuru, pamwe painzi moto ngauve mushoma vatsve kuti marwadzo aite nguva refu. Asi vakafa sevakundi. Kutenda kwavo kwakange kusingazungunuki uye runyararo rwavo rwaivepo. Vatambudzi vavo vakaona vakundikana kubvisa vanhu ava paushingi hwavo. “Matanda nenzvimbo dzekupisira vatendi dzakaiswa munzvimbo dzose muParis, kupiswa kwavanhu kwakaitwa zuva rogaroga, chinangwa chiri chekuvhundutsira vamwe kuti vasatevere maKristu. Pakupera kwazvo mukana wakasara urikuvhangeri. Vagari vose vemuParis vakagona kuona shanduko inounzwa nevhangeri. Kwaisava nemharidzo inodarika matanda nevanhu vaitsva vachifira shoko raMwari. Mufaro waive nevatendi vakananga kunotsva, hushingi hwavo vakamira mumarimi emoto,

hunyoro, kushanduka kwavo kwakaita kuti vaiona vabve pakuva nehutsinye vachiuya pakuita hanya, vamwe vakabva pakuvenga vachiva nerudo, vakaramba vachishuvira kuti vhangeri rirambe richienda mberi.”--Wylie, b. 13, ch. 20.

Maprisita achida kuparadza vatendi vose vakataura manyepo pamusoro pevatendi veshanduko. Vatendi ava vakanenerwa mhosva dzekuti vaida kuuraya maKatorike, vaida kupandukira hurumende nekuuraya mambo. Hakuna kana umbowo hwairatidza kuti ndezvechokwadi. Utsinye hwakaitirwa vatendi ava vakange asina mhosva nemaKatorike hwakaita kuti vazosanganawo nazvo kwapera makore mazhinji zvakazokonzera kutambudzwa kwamambo, hurumende yake nevaitungamirira asi kutambudzika kwaizokonzerwa nevasingatendi pamwe nana papa. Kudzvanyirira vatendi veshanduko kwakaitwa kwaizokonzeresa matambudziko makuru muFrance makore anamazana matatu emberi.

Francis I aizvirumbidza semutungamiri wekutanga akamutsirira fundo musenjuri yegumu nenhanhatu. Aifara kunge ane vanhu vakafunda pamuzinda wake. Chakaita kuti ambogashira Ruvandudzo kwaive kuona kuti vateveri vacho vaive vakafunda kana achienzanisa nevafundisi veRoma vaitevera tsika nezvipiriso zvisina kujeka. Nepfungwa yekuda kuparadza vadzidzisi venhema (reformation) mutsigiri wefundo Francis akaraira kuti vose vateveri veshanduko vaparadzwe.

France kuburikidza nekuita mitambo yayo yakange yazvipira kuparadza zvachose vateveri vekutenda kutsva. Mapirisita akakumbira zvechisimba kuti kuzvidzwa kwakaitwa kudenga pamusoro peMisa kuchenurwe neropa uye mambo semumiriri wevanhu atsigire kuitwa kwechiitiko ichi vanhu vose vachiona.

Musi wa21 Ndira 1535 ndiro zuva rakatarwa rekuita mutambo wacho. Ruzhinji rwavanhu rwaivapo muguta reParis. Mwenje yainge yakatungidzwa mudzimba dzemumugwagwa. Maaritari akange akaiswa mumugwagwa aripedyo napedyo. Achirimangwanani vanhu vaibva pamuzinda wamambo zvakarongeka vanezvibhakani varimberi, voteverwa nana papa, tevere vagari venzvimbo vachifamba vari vaviri vaviri vakabata mwenje waipfuta. Vakuru vekereke vakateverawo vakafuka nhumbi dzinokosha.

“…Francis 1 musi uyu haana kupfeka nhumbi dzeumambo. Musoro wake musina chinhu, meso ake akatarisa pasi, maoko ake akabata mwenje,’’ Mambo weFrance airitadza kunge ,’’arikunzwa urombo nezvaiitika.” -Ibid., b. 13, ch. 21. Aipfugama paaritari imwe neimwe mukuzvininipisa, kwete pamusoro pezvivi zvake, kana pamusoro peropa revatsvene vaakauraya pasina mhaka asi aichemera chivi chakaipisisa chekuzvidzwa kweMisa kwakange kwaitwa nevaitenda kushanduko. Mudzimai wake aiteverawo shure kwake, teverewo vanoremekedzwa vachifamba vari vaviri vaviri vakabata mwenje.

Pazuva iri mambo pachake akataura zvinesimba kuvatungamiri vehurumende yake pamuzinda wemaBhishopi. Neuso huzere nekusuwa nemashoko azere nemisodzi akati, ’’mhosva yakaparwa yekumhura misa yaita kuti zuva rive rekusuruwara rinonyadzisa, zvakawira nyika yedu.” Akakurudzira kuti mumwe nemumwe anotungamirirwa naye abatsire pakubvisa nekurwisa vatsigiri nevateveri venhema avo varikuunza kuparara munyika yeFrance. ’’Ini semutungamiri wenyu wechokwadi kana ndikaziva kuti gumbo rangu rabatwa neutachiona uye ririkuora, ndinokupai kuti muridambure. Uyezve ndikaona mwana wangu anechakaora paari, handimuregi . . . ndinomuita chibairo chaMwari ini ndomene,” akadaro mambo, misodzi ichiperekedza mashoko ake. Vose vakange vakaungana vakachema, nezwi rimwechete vakadaidzira:’ ’Tichararamira nekufira chitendero cheKaturike!’’ -D’Aubigne, History of the Reformation in Europe in the Time of Calvin, b. 4, ch. 12.

Dima rakange raputira nyika yakaramba chiedza chechokwadi raityisa. Nyasha,’’dzaiiunza ruponeso,’’ dzakange dzauya; asi France mushure mekuona simba revhangeri neutsvene hwaro, shanduko huru yaratidzwa vakafuratira nyasha idzi vakasarudza dima panzvimbo yechokwadi. Zvakaipa vakazviita zvakanaka, nezvakanaka vakazviita zvakaipa kusvikira vava vabatwa vemusungo wavo. Kunyange vaiita izvi vachifunga kuti varikutoitira Mwari mukuparadza vatsvene, mhosva vaiva nayo pamberi paMwari. Dai vakagashira chiedza chingadai chakavarwira pakunyengerwa nepakuteura ropa risinamhaka.

Chirevo chekuparadza vatendi veshanduko chakaitwa pakereke huru, ndipozve pakazoiswa chimwarikadzi chekunamata njere mushure memakore anemazana matatu nenyika iyi yakange yakanganwa Mwari mupenyu. Basa rezuva rakaenderera mberi, vamiriri veFrance vachizadzisa zvavakange vapikira. Nechepedyo matanda akange asimudzwa apa paizopiswa maPorositendi varivapenyu, zvakange zvakarongwa kuti moto waizotungidzwa kana mambo avepedyo, uye vaifanira kumira voona kafiro nekatsviro kemaKristu.”-Wylie, b. 13, ch. 21. Marwadzo akasangana nezvapupu zvaJesu izvi haatsananguriki, asi kunyange zvakadaro vakaramba vamire panaMwari. Mumwe akaudzwa kuti arambe zvokwadi agosunungurwa, akapindura kuti: ’’Ini ndirimutendi wezvakaparidzwa neva porofita nevaapostora, uye nezvinotendwa nevatsvene vose. Kutenda kwangu kuri munaMwari achadzivisa masimba egehena.” -D’Aubigne, History of the Reformation in Europe in the Time of Calvin, b. 4, ch. 12.

Nguva nenguva nhungamiri dzaimira panzvimbo yaitsva vatsvene. Kana vapedza vaidzokera pavakatangira, kumuzinda wamambo, vose vakadzokera kudzimba dzavo vachikorokotedzana uye vagutsikana kuti basa ravakatanga rekuparadza vatendi venhema raifamba zvakanaka.

Vhangeri rerunyararo rakarambwa muFrance rakaita kuti nguva dzinotyisa nematuso acho zvirambe zviripo. Musi wa 21 January mugore ra1793, mushure memakore ane mazana maviri nemakumi mashanu nesere mushure mekunge France yazvimisira kuparadza vateveri veRuvandudzo, chiitiko chakafanana chakaitika zve muParisi. “Zvakare mambo aive munyarikani mukuru, kwaive nekudaidzira, kuchema kwevasungwa kwainzwika,matanda ekupisira vanhu aivepo zuva rikapera nekuurawa nekupiswa kwevanhu. Louis XVI, akabatwa achikwekweredzwa nemasoja akananga panzvimbo yaakagurwa musoro pamatanda.” -Wylie, b. 13, ch. 21. Akanga asiri iye oga mambo akaurawa musi uyu asi vanhu vaivepedyo nekusvika zviuru zvitatu vakauraiwa vachigurwa musoro pazuva rinotyisa iri.

Shanduko yakasvitsa Bhaibheri rakazaruka kunyika, richibudisa mutemo waMwari kuti ubatsire vanhu. Rudo rwaMwari rwakazivisa zvisungo zvaanotarisira nemuiitirwe wedenga. Mwari vakange vakati: ’’Naizvozvo muchengete izvozvo, muzviite; nokuti ndiko kuchenjera kwenyu nekungwara kwenyu pamberi pavanhu. “ Deuteronomy 4:6. Nyika ye France payakaramba chipo chedenga yakadyara mhodzi yekupanduka yakaita kuti pave nekurarama muupenyu hweutsinye hunotyisa.

Kutambudzwa kwakakonzereswa nevaratidziri vezvibhakani zvaitsoropodza katorike kusati kwaitika, Farel murume wehushingi akange atizira kunyika yake yechizvarwa. Kuparidza kwake muSwitzerland achishandidzana naZwingli kwakaita kuti Shanduko igashirike munyika iyi. Mumakore ake ekuvanda akatora nguva achiparidza munharaunda yaaive agere achipa kurudziro kune vaitambudzwa. Zvinyorwa zveShanduko yeGermany zvakashandurwa mururimi rweFrance, uye Bhaibheri mururimi rweFrance raidhindirwa muSwiztzerland muuzhinji hwazvo. Zvinyorwa izvi zvakasvitswa kuFrance nevatengesi vemabhuku basa rikaramba richienda mberi.

Farel akapinda mubasa rake semudzidzisi wevana pachikoro muSwitzerland. Mukereke yaive munyika aidzidzisa vana chokwadi chemuBhaibheri ane tarisiro yekuti vana vachanoudza vabereki vavo zvavadzidza. Vamwe vakagashira shoko asi mapirisita akapikisa kwazvo dzidziso iyi. ’’Iri haringavi vhangeri raKristu,’’ vakadaro mapirisita, ’’kuparidzwa kwaro hakuunzi runyararo asi hondo” -Wylie, b. 14, ch. 3.Sezvazvaive kuvadzidzi vekutanga kana vakatambudzwa vaitizira kunerimwe guta. Kubva muruwa rimwe achienda kunerimwe zvimwechetezvo nemumaguta achifamba dzendo refu netsoka, kunzwa nenzara, chando, kuzvidzwa, kurohwa zvose akasangana nazvo pakuparidza shoko asi akaramba achienda mberi. Kunyange airamba achidzingwa iye achitsungirira akatanga kuona vhangeri rake richitanga kugashirwa uye nzvimbo dzaitongwa nana papa dzichitanga kuzarura magoni avo kwaari. Kutenda kweshanduko kwakatanga kugashirwa. Guta reMorat nereNeuchatel vakaramba chitendero cheRoma vakabvisa zvifananidzo zvainamatwa mumakereke avo.

Farel akange ane shuviro yekudzvara kutenda kutsva munyika yaGeneva. Kana guta iri raigashira kutenda raizova muzinda werifomesheni munyika yeFrance, Switzerland neItaly. Nepfungwa iyi maari akaramba achiparidza mumaguta akapoteredza. Iye nemubatsiri waaiva naye vakazopinda muGeneva. Akakwanisa kuparidza mharidzo mbiri chete nekuti vapirisita vakange vakutsvaka kumudzivisa, pavakakundikana kumuisa kumatare vakamudeedza kudare ravo rekereke vanezvombo muhanzu dzavo kuti vamuponde, panze paive zvakare nevanhu vaida kumukuvadza kana apukunyuka mukati medare. Kuvepo kwevatongi nemasoja kwakaita kuti asauraiwe, akarwirwa iye nemubatsiri wake vakanosiiwa kunzvimbo yakachengeteka. Ndiwo akava magumo mukuedza kekutanga kuparidzira vagari vemuGeneva.

Mukuedza kupinda nevhangeri muGeneva Mwari vakashandisa mukomana wechidiki aitarisirwa pasi kwazvo kunyange nevateveri veRuvandudzo. ’’Ko chii chaangatiitira panzvimbo yakarambwa Farel? Zvinogoneka sei kuti munhu asina zvivindi neruzivo agone kumira pahondo yakaita kuti vanesimba neruzivo vadududze?’’ “Hazviitwi nehondo kana nesimba, asi neMweya wangu ndizvo zvinotaura Jehovha.” Zechariah 4:6. “Mwari vakatsaura zvinhu zvinozvidzwa zvenyika, kuti anyadzise izvo zvinesimba . . .” “Nokuti vupenzi hwaMwari hwakachenjera kupfuura vanhu; novutera hwaMwari hwakasimba kupfuura vanhu.” 1 VaKorinte 1:27, 25.

Froment akatanga kuita basa semudzidzisi pachikoro. Chokwadi chaaidzidzisa kuvana vaindo dzokorora kuparidzira vabereki vavo. Vabereki vakatanga kuuya muhuzhinji hwavo kuzodzidza Bhaibheri uye vaiterera kwazvo. Bhaibheri muTestamende itsva nezvimwe zvinyorwa zvaipiwa pachena, uye zvinyorwa izvi zvakasvikira vazhinji kusanganisira nevakange vasina kusununguka kuungana nevamwe pakudzidzwa kweBhaibheri. Mushure menguva mubati uyu akamanikidzwa kutiza asi chokwadi chaakadzidzisa chakange chatobata pfungwa dzavanhu. Shanduko yakange yatodzvarwa ikaramba ichikura nekupararira. Vaparidzi vakaramba vachiuya, kuburikidza nekushanda kwavo chinamato chitsva chakagashirwa nekudzika midzi munyika yeGeneva. Calvin akazotizira muGeneva iye naFarel vakatora nguva kudzidzisa vagari vemuGeneva kuti vaperere panaMwari zvizere. - D’Aubigne, History of the Reformation in Europe in the Time of Calvin, b. 9, ch. 17.

Panguva iyi matambudziko mazhinji akange akatarisana nemavatendi veshanduko. Kutuka nehasha dzana papa dzakange dzakudururwa panyika yeGeneva. Guta iri nehuduku hwaro raizokwanisa kumira here pamberi pesimba rapapa iro rakambo gwadamisa madzimambo nevakuru vedzinyika? Geneva yaigona kumira here pamberi pamasoja aya akange akunda pasi rose? Rome yakatsvaka nzira itsva yekurwisa nekupedza vateveri vekutenda kutsva. Boka remaJesuits, rakange riine utsinye, risina charinotya rakavambwa kuti ridzorere utongi hwanapapa paumambo. Boka iri raive rakaipisisa kwazvo, risinganzwi nzwiri tsitsi, vaurayi vasina hanya uye vasingafungi, chavo kuda kuti umambo

hweRoma hurambe huchisimba nenzira dzose dzingashandiswa. Vhangeri raKristu rakagadzira vanhu kuti vagone kushinga mumatambudziko ose anosanganisira kusungwa, nzara, urombo nekufa asi chokwadi chaMwari chichiramba chichiparidzwa. Kuedza kukunda boka ramaKristu aya maJesuits akakurudzirana kushandisa nzira dzose dzekunyengera uye nekutambura kuti chokwadi chisazikanwa. Hakuna zvinotyiwa neboka iri kuita, kuuraya, kushaya chero zvichingoita kuti vana popu varambe varivakuru boka iri rakazvigadzirira kuita zvose zvingawisira pasi kutenda kutsva.

Boka iri rinorarama sevanhu vakanaka vachiita mabasa emutsa akafanana nekushanyira vakasungwa mumatirongo nemuzvipatara; vanoshanya, vachibatsira vanotambura,vanoratidzika sevakasiya upenyu hwenyika uye vakatakura zita rakanaka raJesu. Mukuita sevasina chipomerwa boka iri rakazara nehuipi hunotyisa. Humbavha, kureva nhema, kupomera, kuuraya, kunyangaritsa vanhu zvinokurudzirwa neboka iri chero zvichiita kuti chinangwa chavo chizadzikiswe. Mukunyengera kwavo maJesuits anopinda achinoshandira muhurumende, mumatare edzimhosva achitora rupande pakuumbwa kwemitemo kuti irerekere kurutivi rwavo. Vanogona kutova varanda vachitapa mashoko ezvinoitika pavanoshandira. Vakavaka zvikoro nemakorechi vana vevatendi veruvandudzo vanonodzidza ikoko vabereki vevana vopedzesera vakugashira dzidziso dzeRoma. Tsika dzose nechinamato cheRoma dzinodzorwa nekuda kwezvikoro zvowisira pasi zvokwadi yakagamuchirwa nemadzibaba avo. MaJesuits nekukasika akapararira Europe yose, kwese kwavaipfuura nako paive nerumutsiriro rwesimba raana papa. Boka iri rinoshanda zviripamutemo asi muchivande mupasi rose. Vazhinji mumapoka avanhu vakaurawa muchinyararire vamwe vakamanikidzirwa kutizira kunedzimwe nyika.

Ndidzo nzira dzaishandiswa neRoma kuedza kudzimura mwenje weRuvandudzo nekubvisa vanhu pashoko raMwari, nekuita kuti vanhu vatevere mabasa erima nedzidziso dzekupira. Muzvikomborero zvaMwari, kushanda kwevaranda vake vakatevera Luther, shanduko yakakurira ikasakundwa. Nyika dzaive duku nedzaitarisirwa pasi dzakave idzo dzakange dzakasimba pakutenda kweShanduko. Nyika idzi dzinosanganisira Geneva, Holland neSweden dzakapa kukunda kuRuvandudzo.

Kwemakore anosvika makumi matatu Calvin akashanda ari muGeneva, chekutanga aisimbisa sangano kutirimire nehunhu paBhaibheri, nekuita kuti Shanduko irambe ichienda mberi muEurope yose. Calvin mukuita basa semutungamiri zviripo zvaaitokundikana nekukonewa, dzimwe dzidziso dzake dzaitopesana neshoko raMwari, asi muchokwadi chaakange akazararirwa munguva iyoyo akachiparidza nesimba. Akashanda zvakare pakudzivisa dzidziso dzeRoma dzakange dzaakudzoka, akakurudzira masangano ose eRifomesheni kuti ararame upenyu hwakachena husina kuda kuwonekwa nekuzvikudza.

Kubva munyika yeGeneva, zvinyorwa nevadzidzisi vakabuda kuparidzira kutenda kweRifomesheni. Munyika iyi vaitambudzwa vaiwana kurudziro nemazano. Guta raibva

Calvin rakava utiziro nenzvimbo yekuvanda kuvateveri veRifomesheni vaitambudzwa kuchamhembe kweEurope. Geneva yakazarura mikova yayo kuvanhu vaitsvaka upenyu, vaiva nezara, vakakuvadzwa, vasina pekugara vakatambirwa nemufaro munyika iyi, rikava guta rakakomborerwa nevane njere nevashandi vaibva kunyika kwavaitambudzwa neRoma. John Knox, murume wehushingi aive muvandudzi wemuScotland, vamwe vemaPuritan, vavandudzi vemuHolland nevemu Spain, maHuguenots emuFrance vakaenda nechiedza cheshoko munyika dzavo vachibvira muGeneva.

Chitsauko 13 Netherlands neScandinavia

Munyika yeNetherlands hudzvinyiriri hwaana Papa hwakaita kuti kuratidzira kwevanhu kuvepo nekukasika. Makore zvuuru zvinomwe nguva yaLuther isati yasvika, mutungamiri weRoma akabviswa zvechisimba nemabhishopi maviri vakanga vatumwa sevamiriri kuRome, vakange vadzidza chimiro chezvokwadi chekuona kutsvene; “Mwari akange aita sangano rake mambokadzi nemudiwa wake, akange achipa mhuri yake zvinodikanwa zvose, akatenga sangano nepfuma isingawori kana kupera, akange apa korona isingaperi netsvimbo yehumambo yaizobatsira vose. . . unozvigadza saMwari mutemberi, panekuva mufudzi wakava sebere kumakwai. . . unoita kuti vanhu vatende kuti uriBhishopi unamasimba kudarika vose, asi iwe uri mudzvinyiriri. Waifanirwa kuva muranda pakati pevaranda, sezvaunozvidana asi unoda kuva mambo wemadzimambo. Wakaita kuti murairo waMwari ushaye simba. . . . Mweya Mutsvene ndiye muvaki wemakereke sekupamhamha kwenyika. Guta raMwari iro tiri vagari varo, rinosvika kumativi ose ematenga, iguta guru kupfuura rakadaidzwa nevapofofita vatsvene kuti Babylon, rinoda kuzviita seraMwari richida kuzvienzanisa nedenga, rinofunga kuti uchenjeri hwaro hauna mukundi uye huchagara, pakupedzisira rinofunga kuti haritadzi nyangwe risina chinoita kuti rifunge kuti haritadzi, uye kuti richatadza.”-Gerard Brandt, History of the Reformation in and About the Low Countries, b. 1, p. 6.

Vamwe vakamuka nguva nenguva vachisimbisa kuratidzira uku. Vadzidzisi vekutanga vakafamba nzvimbo nenzvimbo vachidaidzwa mazita akasiyana vakange vanechimiro chema mishinari vaibva Vaudois, vakaparidzira kwose kwose ruzivo pamusoro pevhangeri, vakapindawo munyika yeNetherlands, Vhangeri ravo rakaparira nekukasira. Vakadudzira bhaibheri remaWaridhenzi mururimi rwechi Dutch muchikamu nechikamu.

Vakati; “muBhaibheri mune zvakanaka zvirimo, hamuna ngano, kana nyaya dzisina maturo, nezvisina basa kana mashoko asakafanira, asi chokwadi choga. Vakati apo neapo mune kakuomarara, asi mukati maro munemwongo nekutapira kwezvakanaka zvitsvene.’’ Izvi ndizvo zvakanyorwa neshamwari dzekutenda kare musenjuri yegumi nembiri.

Zvino kutambudzwa kwevanhu neRoma kwakatanga, asi mukati mekutambudzwa uku, nekushungurudzwa vatendi vakaramba vachiwedzera pahuwandu vakasimbisa kuti bhaibheri ndiro roga rine masimba panyaya dzekunamata uye hakuna munhu anofanirwa kuudzirwa kunamata asi koga nekuparidzwa kweshoko. Dzidziso yaLuther yakawana ivhu rakaorera muNetherlands umo varume vakavimbika uye vakatendeka vakasimuka kuzoparidza ivhangeri iyi. Kubva mune imwe nzvimbo yeHolland kwakabuda murume ainzi Menno Simons. Murume uyu akange akadzidziswa zvekereke yeRoma yeKatorike, akazodzwa kuva mumwe wevapirisita, akanga asingafungi pamusoro peBhaibheri uye akanga asingadi kuriverenga nekutya kusvibiswa nedzidziso dzaaifunga kuti

dzinowanikwa mariri. Akava nekunyunyuta pamusoro pedzidziso yaitendwa nekereke yaiti vanhu pavanodya chirairo, waini yavanonwa ritori ropa chairo raKristu uye chingwa itori nyama chaiyo yaKristu. Nyaya iyi yakamumanikidza kuti adzidze Bhaibheri, asi akazvitora semuedzo kubva kuna Satani. Nekunamata pamwe nekureurura aifunga kuti achazvisunungura asi zvose hazvina kubetsera. Akazama kunyaradza inzwi raitaura naye mundangaririo zvikaramba. Mushure mechinguva akatungamirirwa kudzidzidza pamusoro peTestamende Itsva, izvi pamwe nedzidziso dzaLuther zvakamumanikidza kugamuchira kutenda kweshanduko. Akaona mumwe murume achigurwa musoro nemhaka yekuti akange abhabhatidzwa kechipiri mushure mekunge akambobhabhatidzwa arikasvava. Izvi zvakamutungamira kudzidza pamusoro pekubhabhatidzwa kwevana vaduku. Akashaya chaisimbisa kuti vana vaduku vanga bhabhatidzwa murugwaro. Asi wakaona kuti kutendeuka pamwe nekutenda zvaive pose murugwaro zviri izvo zvinodiwa kuti munhu abhabhatidzwe.

Menno akabva mukutenda kwesangano remaKatorike, akazvipira kudzidzisa chokwadi chaakanga agamuchira. MuGermany pamwe nemuNetherlands makange mabudawo boka revanhu vanonyanyisa kuenda mberipanyaya dzechinamato vachitaura dzidziso dzavo dzenhema pamwe chete nekuita mhirizhonga. Menno akaona zvaizova matuso ekudzidzisa uku akapokana nekudzidzisa kwavo kwenhema nemano avo akaipa. Vakange varipo vazhinji vakanga varasiswa neboka iri, asi pakati pavo pane maKristu akare akamira akaramba dzidziso iyi nekuti vaive zvibereko zvekudzidzisa kwema Waridhenzi. Menno pakati pemapoka awa akashanda nekudisa uye nebudiriro.

Kwemakore makumi maviri nemashanu akafamba nemhuri yake, mukuoma nemukutambudzwa kusvika pakuda kurasikirwa neupenyu hwavo. Akafamba muNetherlands pamwe neche kumusoro Germany achishanda pakati pevanhu vakazvideredza asi vaine hwezvero yakakura. Menno akange ari murume waigona kutaura uye akange akadzidza zvishoma, murume aive nechimiro chisingazungunuswi, uye akange ane kuzvideredza netsika dzakanaka. Murume airarama zvaaidzidzisa muhupenyu hwake semadzidzisiro aita vanhu uye akawana rukudzo nekugashirwa munharaunda. Vadzidzi vake vakange vakapararira nyangwe zvavo vaive muhutapwa. Vakatambudzwa zvikuru nekufananidzwa neboka rinonyanyisa kurasika padzidziso, asi vazhinji vakaponeswa kuburukidza nemabasa ake.

Hakuna kwakagamuchirwa kutenda kweRuvandudzo kupfuura muNetherlands. Mune dzimwe nyika shoma vakasangana nekushungurudzwa kukuru. MuGermany Charles V akarambidza vatendi veshanduko, vaizowunza vose vaitevera kudzidzisa kwavo mukutongwa nerufu, asi machinda amambo akamira sevadzivisi kubva muudzvanyiriri hwake. MuNetherlands simba rake mambo uyu rakange rakanyanya nekudaro kushungurudzwa kwakavapo mukukasira. Kuverenga Bhaibheri, kuriparidza, kuriterera kana kutaura pamusoro paro zvaive nemurango werufu mukutongwa. Kunamata Mwari

pakavanda, kusavapo pakupfugamira chifananidzo kana kuimba nziyo zvaiurayisa zvekare. Nyangwe avo vairamba kurasa kutenda kwavo vaitongerwa rufurwekupiswa nemoto. Kana uri murume waiurawa nebakatwa, kana ari mukadzi aivigwa ari mupenyu. Vakaramba vamire vakasanganawo nemutongo wakadaro. Zviuru zvemazana zvakafa panguva yekutonga kwaCharles na Philip II. Pane imwe nguva mhuri yose yakawunzwa pamberi pevatongi vachitongerwa kusaenda kumisa uye kunamatira kumba. Pakubvunzurudzwa pamusoro pekuita tsika iyi muchivande, mukomana muduku akapindura, “ tinopfugama namabvi edu, kuti Mwari ativenekere mundangariro dzedu nekutiregerera zvivi zvedu. Tonamatira mambo kuti ave neupenyu hunemufaro uye hurefu, tonamatira vatongi vedzimhosva kuti Mwari avachengetedze.” Zvakabata vamwe vevatongi vedzimhosva vakabaiwa moyo, asi nyangwe hazvo zvakadero baba vemhuri iyi nemumwe mwana vakaurawa.

Kutsamwa kwevatambudzi hakuna kupedza kutenda kwevakafira vhangeri. Havasi varume voga vakamira nyangwe vakadzi nemhandara vakaratidza kumira kwavo pakutenda nehushingi,vamwe vachimira nevarume vavo mumitongo yavo varimukati memoto vaishevedzera mashoko esimbiso, kuimbira rwiyo vachivasimbisa. Mhandara dzaivata mumabwiro adzo dziri mhenyu sekunge vakuenda kunorara hope dzemandorokwati, vamwe vaipinda vakapfeka nhumbi dzavo dzakaisvonaka kunge vakuenda kumuchato wavo vofusirwa vachiimba vakafara. Sepamazuva ekare vanamati vezvifananidzo vakaedza kurwisa vhangeri asi ropa remaKristu rakaita sembeu. Kushungurdzwa kwaitoita kuti vanopupura zvokwadi vawande. Gore negore vakuru vekereke vakaedza nenzira dzose dzehuipi kupedza Shanduko asi hazvina kubatsira.

Mukutonga kwaWilliam wekuOrange kunamata Mwari zvakasungunguka kwakabvumidzwa kuHolland . Mumakomo eku Piedmont nemumapani eFrance uye muzasi menyanza kuHolland vhangeri rakasiya rupau rweropa ravadzidzi. Munyika dzeku musoro vhangeri rakapinda murugare.Vadzidzi vepa Wittenberg vakaenda naro kumisha yavo vakatakura kutenda kwevavandudzi kuScandinavia. Zvinyorwa zvaLuther zvakaparadzira chiedza. Vanhu vakaoma nevanyoro veku musoro vakasiya zvinonyangadza, uye zvisina maturo zveku Roma, vachigamuchira vhangeri rakachena, ririnyore uye rine chokwadi chehupenyu chinobva muBhaiberi.

Tausen muunzi weshanduko munyika yeDenmark akange ari mwana wemuranda. Akange aratidza pahudiki hwake kuti mukomana azere nenjere, aive nenyota nekuda kudzidza kuenda mberi nedzidzo, kwairamba nokuda kwechimiro chehupenyu chevabereki vake, akapinda muboka revanozvimisira kuzova mafata kana vabati vekereke. Umo kunzwisisa kwake uye huchenejri hwake zvakaita kuti adiwe nevatungamiri vake. Mukuongororwa zvakaonekwa kuti aive nechipo chaizobatsira sangano mune ramangwana. Vakaona zvakafanira kuti vamudzidzise muzvikoro zvepamusoro zvemuGermany kana kuNetherlands. Akapiwa mukana wekuzvisarudzira kwaida

kunodzidza asi asingafanirwi kuenda kuWittenberg. Nekuti muzvina fundo wesangano aisafanirwa kusvibiswa nedzidziso dzisina maturo sekutenda kwavo.

Tausen akaenda kuCologne iyo yakange yakasimbira pachiRoma. Uko pasina nguva akange asvotwa nezvishamiso zvedzidziso pachikoro apa. Panguva iyoyo zvekare akawana zvinyorwa zvaLuther akazviverenga nekushamiswa kukuru pamwe chete nekushuva kuva muteveri wedzidziso dzaLuther. Kuti aite izvi zvaireva kuti aifanirwa kusanetsana nevatungamiri vake zvazoita kuti agoshaiswa betsero yaaiwana kubva kwavari. Mushure maizvozvi akaita sarudzo yake akawana nzvimbo yekudzidza paWittenberg.

Paakadzoka kuDenmark akanogadzira nekudzokera kuboka ravashandi vekereke. Hakuna akamufungira kuti angave muteveri wedzidziso dzaLuther, haana kuburitsa chakavanzika chake akadisa kutungamirira vamwe vake mukutenda kwakaisvonaka nekuhupenyu hustvene. Akavhura Bhaibheri akatsanangura chokwadi charinoreva, pakupedzisira akavaparidzira Kristu, saIye Oga akarurama, tariro yeruponeso yoga yemutadzi. Kutsamwa kwevakuru kwakava kukuru nekuti vaitarisira kuti aizova iye mumiriri weRoma. Akabviswa pakarepo kubva kuboka revakuru vekereke, akanoiswa muhusungwa umo aitariswa nguva nenguva.

Chishamiso chakaitika kuvatariri vetirongo ndechekuona kuti; munguva duku vazhinji vevamwe mapirisita vakatendeuka vakava vateveri veShanduko. Arimo muhusungwa akagona kutaurirana nevamwe vake ruzivo pamusoro pezvokwadi. Dai zvakazikanwa namadzibaba akange aneumhizha pakuronga nzira dzekudzivirira vhangeri, izwi raTausen haraizonzwikwazve. Pakupedzesera vakamubudisa mutirongo iye ndokuenderera mberi nekuparidza. Chinyorwa chamambo chakanyorwa chaichengetedza vadzidzisi vezvokwadi, chakaita kuti Tausen atange kuparidza akasununguka. Masangano mazhinji akavhura mikova yawo kuti aparidze, vanhu vakauya kuzonzwa. Vamwewo vaiparidza shoko raMwari. Testamende itsva yakadudzirwa mururimi rwechiDanish ikaparadzirwa kunzvimbo dzose. Mazano ose akaitwa nema papa ekuparadza basa iri akatoita kuti rive nemichero yakawanda. Denmark yakasvika pakuisa murairo wekugamuchira kutenda kweRuvandudzo.

MuSweden vakomana vakanga vanwa patsime repaWittenberg vakatakura mvura yehupenyu iyi kunzvimbo dzavo. Vamwe vaviri vatungamiri veRuvandudzo muSweden, Olaf naLaurentius Petri vaive vana vemupfuri wesimbi wepa Orebro, vakadzidza pana Luther naMelancthon, zvokwadi yavakawana vakaidzidzisa nekuperera. Sezvaiita maRifoma akare, Olaf akasimuka nesimba nekutaura kusina kukakama ukuwo Laurentius akaita saMelancthon, akange akadzidza, aifunga uye ari munyoro. Vose vakange vari varume vakadzidza zvaMwari zvepamusoro, vaine kurevesa uyezve vakange vane chivindi chisingatuvidzwi mukuti chokwadi chiende mberi. Maprisita havana kurega kupokana navo, vaprisita vechikatorike vakazama kuti vanhu vavamukire. Nguva zhinji Olaf Petri

akamukirwa neruzhinji rwevanhu, dzimwe nguva akapona achitiza nehupenyu hwake. Asi vavandudzi ava vaidikanwa namambo uye mambo aivachengetedza.

Mukutonga kwekereke yechiRoma vanhu vakange vari varombo uye vari pasi peudzvinyiriri. Vakange vari vanhu vasingazivi magwaro, vane kunamata kunongori nechiratidzo uye nezvipiriso netsika dzekunamata kwavo zvakange zvisingaunzi chiedza mupfungwa dzavo.Vanhu vakange vakudzokera mukutenda kwavo kwakare kwekunamata madzitateguru. Nyika yakange yoputsika napakati vachishaya honzeri yezvaitika pakati pavo kuti zvaibvepi. Mambo akatsvaga rumutsiriro pakati penyika uyezve nesangano akafara kuwana varume ava vaiparidza. Pamberi pevatungamiri vose vemuSweden Olaf Petri nekugoneswa kukuru akamiririra dzidziso yekutenda kweshanduko kubva kumhizha dzechiRoma. Akatiwo kutenda kwamadzibaba kwaifanirwa kugamuchirwa kwoga kana kuchitenderana neRugwaro, uyezve zvakakosha zvedzidziso zvinowanikwa mubhaibheri zvirinyore nenzira inonzwisisika kuti vanhu vose vanzwe. Kristu akati, “dzidziso yandinokupai haisi yangu ndeyewakandituma’’ (Johane 7:16). Paul akatiwo kana ndingakuparidziraiwo imwe evhangeri isiriyo yamakagamuchira nganditukwe (VaGaratia 1:8). Ko zvinogova sei kuti vamwe vanongofunga zvavada nekuda kwekusindimara kwavo voita kuti zviite kunge zvine rupuneso. Akavaratidza kuti zviga zvesangano hazvina maturo kana zvichipokana nemutemo waMwari. Akaramba akamira papfungwa huru yeVavandudzi yekuti “Bhaibheri uye Bhaibheri roga”ndiro rinotonga panyaya dzekutenda nekaitiro.

Nyangwe nhaurirano idzi dzaiitwa pajekerere zvinotibatsira kuona mhando dzevarume vaitungamirira paRuvandudzo. Apo tinotarisa vadzidzi vaibva muzvikoro zvikuru zvemu Wittenberg neZurich, nemazita evadzidzi vakamira akaita seana Luther, Melancthon, Zwingle naOecolampadius nevamwe zvinoratidza kuti vaive vatungamiri veboka vakange vakamira pashoko raMwari. Patinotarisa kuSweden tinonosangana nemazita kaita seana Olaf na Laurentius Petri varume ava vaiva vakuru vanoremekedzwa asi vakava vateveri vaJesu. Tinodzidza chii pavari? Vakange vari varume vanenjere dzakapinza, vanamuzvinafundo.Vakange vakadzidza shoko raMwari muudzamu hwaro uye vachinatsoziva muitire nemufambiro weevhangeri. Vamwe vakafunda veRoma hava kugona kumirisana navo.

Kuburikidza nekumira kwevarume ava mambo weSweden akagamuchira kutenda kwevaShanduri, uye pasina nguva dare guru muSweden rakagashira chitendero ichi. Testamende Itsva ikadudzirwa naOlaf Petri mururimi rwechi Swedish. Nechidiso chamambo varume vaviri vakadudzira bhaibheri rose. Ndokakava kekutanga vanhu vemuSweden kunzwa shoko raMwari mururumi rwamai. Zvakashevedzerwa nehutungamiri kuti mumatunhu ose ehumambo Rugwaro ngarutsanangurwe uye vana kuchikoro ngavadzidziswe pamusoro peBhaibheri. Idi rima pachinamato rakange zvino ravakuenda pashoma nepashoma kuchiuya chiedza chakakomborerwa cheevhangeri.

Sweden yakasunungurwa kubva mukudzvinyirira kweRoma, nyika yakawana simba nehukuru hwayakanga isati yambowana. Sweden ikava hutiziro hwevatendi veshanduko.

Makore zana akatevera, panguva yematambudziko akaomesesa, nyika duku iyi yainzi haina simba, yakava iyo yoga yakakwanisa kupa ruoko rwekubetsera Germany muhondo yemakore makumi matatu muEurope. Munguva iyo nyika dzose dzekumusoro dzakaratidza kuva pasi peudzvinyiriri hweRoma, mauto eSweden akaita kuti Germany igone kukunda hutungamiri hwaana Papa, uye kuti shanduko igashirwe muGermany. Dzidziso dzaLuther naCalvan dzakagashirwa. Kunamata zvakasununguka kunyika dzakagashira Ruvandudzo kukavapo.

Chitsauko 14 Vavandudzi Vekupedzisira vemu England

Luther paizarura Bhaibheri kuvanhu veGermany, Tyndale aisundwawo neMweya waMwari kuita zvimwechete munyika yeEngland. Bhaibheri rakanyorwa naWycliffe rakange rashandurwa kubva mururimi rweLatini rakanga rinemhosho dzakawanda. Bhaibheri iri harinakusvika kuvanhu nekuti raidhura kudhindisa uye kereke yairamba kuti vanhu vaverenge Bhaibheri. Mugore ra 1516, Luther asati anyora zvikonzero zvaipikasana neshoko raMwari, Erasmus akange asvitsa kujekerere Testamende itsva muchiGiriki neLatin. Kaive kekutanga kuti shoko raMwari ridhindwe mururumi rwechiGiriki. Muchinyorwa ichi mhosho zhinji dzaive muchinyorwa chekutanga dzakange dzagadziriswa uye zvaibuda zvakajeka.

Zvakapa vakafunda mukana wekunzwisisa chokwadi zvirinani nekupa simba mukuitwa kwebasa reRuvandudzo. Tyndale aive mufundi akaperera uye arimutsvaki wezvokwadi akagashira vhangeri kubva muTestamende Itsva yechigiriki yakange yanyorwa naErasmus. Aiparidza mukunzwisisa kwake asingatyi, achikurudzira kuti dzidziso dzose dzinofanira kutsigirwa nemagwaro. Kunana papa vaiti kereke ndiyo yakapa bhaibheri kuvanhu uye ndiyo chete inogona kududzira,Tyndale akapindura achiti: “Ndiyani akadzidzisa gondo kutsvaka zvokudya? Mwari mumwechete iyeye anodzidzisa vana vake vanenzara kuwana Baba vavo kubva mushoko. Hamuna kutendera kuti magwaro matsvene asvike kuvanhu, makapisa vose vaidzidzsa bhaibheri, dai maitenderwa maida kupisa Bhaibheri racho.”-D’Aubigne, History of the Reformation of the Sixteenth Century, b. 18, ch. 4.

Kuparidza kwaTyndale kwaimutsa moyo uye vazhinji vakagashira chokwadi. Maprisita akange asina kumira kurwa hondo yawo, aiteverera kunenge kwabviwa nemuparidzi achityisidzira nekutaura zvisizvo kuti zvakaparidzwa zvishaye simba. Mukuita izvi vaibudirira. “Chii chinofanira kuitwa?” akazvibvunza. “Pandirikudyara, muvengi arikusvika achiparadza kana ndabva panzvimbo. Handikwanisi kuvapose nguva imwe. Dai muKristu mumwenemumwe awana magwaro mururimi rwavo vanogona kuzvimirira panhema dzingauya nevavengi. Pasina Bhaibheri zvakaoma kusimbisa mutendi muzvokwadi.”—Ibid., b. 18, ch. 4. Chinangwa chitsva chakange chavemaari chaive chekuti Bhaibheri rive mururimi rwavanhu. “Kuti kupokana kusavepo, vanhu vanofanira kuverenge Testamende itsva mururimi rwavo.” -Ibid., b. 18, ch. 4.

Mumwe ndokotera pafundo akange arimukatorike achikakavadzana naye akati: “kutevera dzidziso dzana papa kutori nani pakutevera mutemo waMwari.” Tyndale akamupindura:’ “Ndinoshovora papa nemitemo yake; kana Mwari vakandipa upenyu ndichadzidzisa mukomana murimi zvakawanda pamusoro peShoko raMwari pakudzidzisa iwe” -Anderson, Annals of the English Bible, peji 19.

Chinangwa chaaiva nacho chekusvitsa Testament itsva mururumi rwavanhu akatanga kuchiita. Akatizira kuLondon mushure mekutambudzwa uko akaenderera mberi nebasa rekuisa Bhaibheri mururimi rwavanhu pasina zvipingaidzo. Maprisita akamuteverera zvakare, pasisina kwekutizira muEngland akaenda kuGermany. Arimunyika iyi akatanga kudhindisa Testamende Itsva muchirungu. Kaviri basa iri richimiswa asi aitizira kunerimwe guta. Pakupedzesera akazowana mukana wekuita basa iri panzvimbo yeWorms, pakambovhikirwa vhangeri naLuther. Achiwana betsero kubva kushamwari dzeRuvanndudzo, Tyndale akakwanisa kudhindisa mabhaibheri anosvika zviuru zvitatu.

Mukutsungirira nekurevesa akaenderera mberi nebasa rake. Hutungamiri hwakange hwavharira kuti Bhaibheri risapinde munyika yeEngaland asi rakapinda muchivande muLondon ndokupararira munyika yose. Maprisita vakaedza kutsikirira chokwadi asi zvakakona. Bishopi weDurham imwe nguva akatenga maBhaibheri ose aitengeswa neshamwari yaTyndale achida kumaparadza achifunga kuti zvichamisa basa nekupararira kwawo. Asi mari yaakatenga nayo yakandobatsira zvikuru kudhindisa mamwe maBhaibheri akawanda nekutiyaive zhinji. Tyndale akazosungwa ndokunzi tokusunungura kana watiudza kuti mari yekudhindisa mabhaibheri waiiwana kupi. Akapindura kuti bishop weDurham akabatsira zvikuru kukunda vanhu vose nekuti akatenga mabhaibheri akange asara nemari zhinji zvakatipa simba rekuramba tichiita basa.

Tyndale akazoiswa mumaoko evavengi veshoko, imwe nguva akaiswa mutirongo kwemwedzi mizhinji. Pakupedzisira akazadzisa huchapupu hwake nerufu rwekuurayirwa kutenda kwake; asi zvombo zvaakange asvitsa kuvanhu (Bhaibheri) zvakaita kuti mauto evhangeri arambe achienda mberi nebasa.

Latimer akaramba achisimbisa pakuparidza kwake kuti Bhaibheri rinofanira kuverengwa mururimi rwavanhu. “Mwari ndiye munyori wemagwaro matsvene. Mambo, vatongi, nevatungamiri vose vanosungirwa kutevera zviri muBhaibheri…Ngatisatevedzera tsika dzamadzibaba edu pakurasika kwavo asi ngatitungamirwe neshoko raMwari.” Aya ndiwo emamwe mashoko ake pamharidzo yake yokutanga pamberi pamambo Edward wechitanhatu. Aijekesa pachena kuti Roma iripo pakutungamidza pfungwa dzavo panzvimbo yezviri muBhaibheri.

Barnes naFrith, shamwari dzakatendeka dzaTyndale dzakapinda pabasa rekuvhikira chokwadi cheshoko vachiteverwawo naRidleys pamwe naCranmer. Vatungamiri muRuvandudzo rweEngland ava vaive vakafunda kwazvo pazivo yenjere uye vari vateveri vechitendero cheRoma vakaperera. Kupikisana kwavo nanapapa kwaive kwevanhu vakange vaona nekuziva nhema dzairaramwa nekereke iyi.

Magwaro maTsvene anesimba risngakundikani uye anotibatsira panyaya dzekutenda nekurarama. Pfungwa iyi ndiyo yainyanyisa kutsimbidzirwa neVavandudzi vose vanosanganisira maWaridhenzi, WYcliffe, John Huss, Luther, Zwingli, nevose vaibatana

navo.Vakaramba kuti vatungamiri, vana papa nevamwe vose vasava pfungwa dzavanhu panyaya dzechinamato. Bhaibheri ndiro roga rinesimba uye naro tinoyedza dzidziso dzose nekuita zvarinotaura. Kutenda munaMwari nemushoko zvakapa varume ava simba rekuramba vakabatirira kusvika parufu rwekuurairwa shoko iroro. “Ivai nekunyaradzwa,” akadaidzira Latimer kunevamwe vake vaaipiswa navo, “rimwe zuva muno muEngland vhangeri richapfuta semwenje pasina anoudzima.” -Works of Hugh Latimer, vol. 1, p. xiii.

Munyika yeScotland mhodzi yevhangeri rechokwadi yakange yadzvarwa naColumba yakange isina kuparara zvachose. Kwemakore mazhinji mushure mekunge masangano emuEngland azvipa zvizere kuRoma, Scotland yakaramba yakachengetedza rusununguko rwayo senyika. Musejuri yegumi nembiri dima guru kuburikidza nedzidziso dzeRoma rakafukidza nyika iyi asi chiedza cheshoko chakapinda nekudzikunura vanhu kubva munhema dzavakange vagashira. MaLollards achibva kuIngirandi neBhaibheri pamwe nedzidziso dzaWycliffe vakaita zvikuru pakuchengetedza ruzivo rwevhangeri. Nguva imwe neimwe yaitove nevaifira vhangeri iri, anova magamba ekutenda.

Kuvamba kweShanduko kwakaita kuti zvinyorwa zvaLuther zvivepo pamwe neBhaibheri raTyndale muTestamende itsva. Mukusaonekwa nevakuru, zvinyorwa izvi zvakasvikira vanhu vaive munzvimbo dzose, mumakomo, mumipata zvichimutsidzira nekupa upenyu kumwenje wechokwadi chakange chavakudzima muScotland nekushandura dzidziso yeRoma yakange yatonga nyika iyi kwemakore anemazana mana.

Ropa revatsvene rakatangazve kuteurwa.Vatungamiri vemapirisita pavakazoona shanduko yevanhu kuburikudza nechokwadi chakange chaakuraramiwa vakatanga kubata, kutambudza nekuuraya vatsvene, vakachenjera nevanakomana vanokudzwa vemuScotland. Kuurawa kwavo yakava mharidzo yakaparidzwa kunzvimbo dzose nekupa hushingi kuvanhu kuti varwise utungamiri hweRoma.

Hamilton pamwe naWishart vaive vana veumambo pakuzvarwa nepakuita, vakabatana navamwe pakufira vhangeri. Mushure mekupiswa kwaWishart pakabuda mumwe muparidzi akanga asinganyaradzwi nemoto akagona kurwisa nekukunda humambo hwana papa muScotland nekuparidza vhangeri. John Knox akange afuratira nekurasa tsika nedzidziso yekereke yeKatorike; dzidziso dzaWishart dzakamusimbisa kuti asiye chitendero cheroma atevere vatambudzwi veRuvandudzo.

Achikurudzirwa neshamwari dzake kuti ave muparidzi akaita nguva achiramba kutora basa iri asi mushure mekurwisana nepfungwa dzake akazozvimisira kuva muparidzi. Aive muparidzi aimira panezvaakatenda uye aiita zvose nesimba rake rose achiri mupenyu. Aisatya chiso chemunhu, paaitsvakwa kuti aurawe ndipo paaitonyanya kuparidza nekuparadza zvitombi zvainamatwa muScotland.

Knox paakamiswa pamberi pedare ramambokadzi wemuScotland, apo pakange papararira vatungamiri veshanduko vazhinji, akava chapupu chechokwadi chisingatyi. Mambokadzi akamupa mhosva yekuparidza manyepo nekukurudzira vanhu kunamata chitendero chakarambidzwa nenyika. Knox akamupindura asingatyi,"chinamato chechokwadi hachitori simba uye hachina kuvambwa namachinda epanyika pano asi Mwari anogara nekusingaperi ndiye muvambi, vanhu havaminikidzirwi kuti vanamate sezvingadiwa nevatungamiri venyika.Vatungamiri ava havaziva nezvaMwari uye kuti anonamatwa sei… Dei vanhu vese mumazuva avaapostora vakatevera chinamato cheroma, nyika ino ingadei inechinamato chakaita sei nhai mhai? Nekudaro vanhu havafaniri kusungirwa kuudzwa zvechinamato nevatungamiri venyika asi vanofanira kuvaterera asi kwete panezvinechekuita nekunamata. Ipapo Mary akati: "Unotsanangura Bhaibheri neimwe nzira, Kerereke YeKatorike inotsanangurawo nenzira yayo; zvino ini ndotenda munezvipi, ndiani angava mutongi panyaya iyi?''

"Munofanira kutenda munaMwari nezvaanotaura mushoko rake'' Knox akapindura.''Tendai zvoga zvinobva muShoko rake. Shoko raMwari rakajeka pachezvaro uye haripikisani, kana paita pasina kunatsojeka Mweya Mutsvene unonatso tsanangura kubudisa nyaya yacho nemamwe mavhesi mubhaibheri imomo. Anosarudza kusindimara ndiye asingaoni zvokwadi iyi." -David Laing, The Collected Works of John Knox, vol. 2, pp. 281, 284.

Ndochokwadi chaitaurwa nemuvandudzi akanga asingatyi njodzi inogona kumuwira pamberi peumambo. Nesimba rimwechete neushingi akaramba achiparidza, kunamata nekurwa hondo dzaMwari kusvika Scotland yasunungurwa kubva kunana papa.

Munyika yeEngland Shanduko yakadzikisa kushungurudzwa nekutambudzwa kwevanhu asi hazvina kupera zvachose. Dzidziso dzeRoma dzimwe dzakarambwa asi shoma dzakasara. Hutongi hwapapa hwakarambwa pakaiswa madzimambo kuti atungamire sangano. Mumarusando esangano zvakawanda zvaifanira kushandurwa kuti sangano rinyatsomira pazvokwadi. Kuti munhu asarudze chitendero chaanoda pasina kumanikidzwa zvanga zvisati zvagamuchirika. Kumanikidzwa kwaivepo kwekuti zvauri kuudzwa nesangano tevedzera izvozvo. Vaipikisa vakatambudzwa kwemakore.

Musenjuri yegumi nenomwe zviuru zvevafundisi zvakarasikirwa nebasa. Vanhu vaisatenderwa kuungana vachinamata kana vasina kupiwa mvumo nekereke. Vaisaterera mutemo uyu vaisungwa nekubhadhariswa mari zhinji,vamwe vaidzingwa munyika. Vatendi vaida kuungana vachinamata Mwari vaisangana pakavanda mumapako nemumatondo usiku vachirumbidza Mwari nekunamata.

Kunyange vatendi vaiedza kuzvichengetedza, vazhinji vakatambudzirwa kutenda kwavo. Matirongo akazara navasungwa vekutenda, misha ikaparara nekurambana, vazhinji vakadzingirwa nekutizira kunyika dzekunze. Mwari vaive nevanhu vake, kutambudzwa

hakuna kupedza kutenda kwavo. Vazhinji vakayambuka nyanza vakaenda kuAmerika uko vakanoteya nheyo dzekuti vanhu vagone kurarama nekunamata pasina kumanikidzwa. Ndizvo zvirikutendwa munyika iyi nhasi.

Zvakare sepamakore eva apostora kutambudzwa kwavo kwakaita kuti vhangeri riende mberi. Mujere raisemesa nenda John Bunyan aifema mweya wekudenga akanyora nhoroondo yekufamba kwevana vaMwari vachibva munyika yekuparadzwa vakananga kudenga kuzere kubwinya. Kwemakore inzwi rake rakashandura vanhu, apo raitaura richibva mutirongo rainzi Bedford. Zvinyorwa zvake pamusoro pevafambi nenyasha dzakaitirwa mutadzi mukuru zvakatungamirira vazhinji kuti vatarise kuna Jesu. Baxter, Flavel, Alleine, nevamwe vaive nezvipo, fundo nekutenda kwakadzika munaMwari vakamirira zvokwadi kuti isawisirwe pasi. Basa rakabatwa nevarume ava richagara kweupenyu. Flavel naBaxter vakanyora zvinyorwa zvakasimbisa vatsvene kusvika nhasi.

Mushure memakore ane zana rima guru panyaya dzekutenda rakafukidza nyika muEngland. Chinamato chevanhu chakange chafanana nemahedheni. Vatungamiri nevafundisi vakange vavekudzidza zvakanyanya pamusoro pezvisikwa kudarika musiki. Sangano rakange risina simba rekudzora maopoka evanhu kuzvokwadi yaive yakuputsika.

Dzidziso huru yekururamiswa nekutenda sekuparidzwa kwayaiitwa naLuther yakange isingachatendwi maiiri; uye kutenda kweRoma kwekuponeswa nemabasa ndokwakange kwatora nzvimbo. Whitefield nemhuri yekwaWesleys, vakavamwenje munguva yerima iyi nekuti vakange vakaziva zvokwadi yekurarama zvakanaka mukuterera zvinodiwa naMwari. Neimwe nguva Charles Wesley akarwara zvekusvika pakufa, akabvunzwa neshamwari yake kuti tariro yekuwana upenyu husingaperi anayo here. Mhinduro yake ikati: “ndakaedza mukuperera kwangu kushandira Mwari,’’ shamwari yake ichiratidza kusagutsikana nemhunduro,Wesley akati, “kushingaira kwangu kubatira Mwari hausi umbowo hwakakwana here wekuva netariro? Ndingatorerwa nechisimba here mabasa andakabata? Handina zvimwe zvandinovimba nazvo” -John Whitehead, Life of the Rev. Charles Wesley, peji 102. Ndiyo mhando yedima guru rakange rafukidza kereke, kutorera Jesu simba rekuponesa, vanhu vakange vafuratidzwa kutariro yeruponeso runouya nedzikinuro yeropa raJesu rakadeuka pamunjikwa. Mukutsvaka kuvavatsvene Wesley neshamwari dzake vakaita zvose zvavaifunga kuti zvingavaita kuti vave vatsvene uye vadike pamberi paMwari, asi zvose hazvina kugona kuvasunungura pakuzvidza kwechivi kana kurwirwa pasimba rekutadza.Vakamboshaisa miviri yavo nekuzviramba,vakaita mabasa emutsa, kuzvininipisa asi zvose hazvina kugona kuvawanisa nyasha dzaMwari. Martin Luther akambosanganao nechimiro ichi arimutirongo paErfurt. Ndomubvunzo mumwechete waimudya moyo; “Munhu angava akarurama pamberi paMwari seiko?” Jobo 9:2.

Moto wezvokwadi wakange woita sewodzima paaritari yeRuvandudzo, waizomutsidzirwa zvakare nemaKristu enyika yeBohemia. Mushure meRuvandudzo, chitendero cheshanduko muBohemia chakatsikirirwa pasi nemaRoma.Vose vairamba kusiya chitendero ichi vakamanikidzirwa kutiza nyika iyi.Vamwe vakawana kwekupotera munyika yeSaxony uko vakarambira pakutenda. Kubva pamaKristu aya mwenje wedzidziso wakasvika kuna Wesley neshamwari dzake.

John naCharles Wesley, mushure mekuzodzwa kuita basa raMwari vakatumwa kunova mamishinari kuAmerika.Varimuchikepe vakange varipamwe nevenyika yeMoravia. Dutu guru rakamuka varimunyanza, chikepe chakashumba kuparara. John Wesley atarisana nerufu, akanzwa maari asina vimbiso yerunyararo naMwari. MaJerimani vaaiva navo vairatidza kudzikama, runyararo nevimbo izvo aisanzwisisa.Wesley anoti,''kwenguva ndaicherechedza vanhu ava (maJerimani) kuzvininipisa kwavo kwairamba kuripo, muchikepe vaiita mabasa atairamba isu uye vachimaita nemufaro pasina muripo. Kuvabvunza kuti sei musingadi muripo uye muchiita mabasa emutsa vaiti Muponesi wedu vakaita zvikuru kudarika isu zvatingaita.

Kana vakarohwa kana kusundidzirwa,vaisimuka voenda pasina shoko rekugunun'una rakabuda mumuromo mavo. Mukana zvino wakange wavepo wekuona kuperera nekusatya kwavo kuburikidza nemafungu akange amuka munyanza.Varipakuimbira chikepepe chakarohwa nemvura chikatanga kuparara, zvaiita sekunge nyanza yose yakupinda muchikepe. Mheremhere yakavepo kuma Ingirandi asi maJerimani akaramba achiimba nemufaro.Wesley akabvunza mumwe wavo mushure medutu, "Ko manga musingatyi here" akapindura, "Ndinotenda Mwari, handina kutya." Wesley akabvunzazve, "Ko vana venyu nevakadzi venyu vanga vasingatyiwo here?" Akapindurwa muunyoro, "Kwete havana kutya,vakadzi nevana vedu havatye kufa." -Whitehead, Life of the Rev. John Wesley, peji 10

Vachisvika munzvimbo yeSavannah, Wesley akambogara nezvizvarwa zveMoravia akafadzwa zvikuru nekaitiro kavo semaKritsu. Paienzanisa muitire wavo nekushaya upenyu hwekanamatiro kavo kuEngland anonyora achiti: "kaitiro kema Moravia kakaita kuti ndione sendirikurarama mumakore ekare panguva dzaana Pauro, musuki wematende, Peter mubati wehove vaibata basa raMwari neMweya pamwe nesimba."—Ibid., mapeji 11, 12.

Achidzokera kuEngland Wesley achibatsirwa nemuparidzi wemuMoravia, akasvika pakunzwisisa zvakajeka kutenda kwemuBhaibheri. Akanzwa achisundwa kuti asiye kutsamira pakuvimba nemabasa kuti aponeswe asi kuti azvipire zvizere pakuvimba neGwayana raMwari rinobvisa chivi chenyika. Pamusangano wakaitwa wevatendi veMoravia muLondon chinyorwa chaLuther chakaverengwa, chichitsanangura shanduko inoitwa neMweya waMwari mumoyo wemutendi.Wesley paaiterera kutenda kwakabatira

mumoyo make. “Ndakanzwa moyo wangu uchidziirwa zvisina kujairika.” anodaro, “ndakanzwa ndichivimba munaKristu, Kristu woga panyaya dzeruponeso: vimbiso yakapiwa kwandiri, akabvisa zvivi zvangu akandirwira pamutemo wechivi nerufu. Kwemakore ekuneteswa nekusagadzikana, kuzvidzwa nekuzviramaba. Wesley aive nechinangwa chekutsvaka Mwari. Zvino akange amuwana, akaona kuti nyasha dzaaitsvaga nemunamato, nekutsanya, nekuita mabasa akanaka, pamwe nekuzviramba; chaiva chipo chinowanikwa pasina mari kana mutengo,

Adzika midzi mukutenda muna Kristu, akava neshungu dzekuparidzira kwesekwese vhangeri rinobwinya renyasha dzaMwari dzinowanikwa pachena. Akaramaba achirarama upenyu hwekuzviramba kwete senzira yekuponeswa asi semuchero wekutenda; kwete semudzi asi muchero wehutsvene. Nyasha dzaMwari ndihwo hwaro hwetariro yemuKristu, nyasha idzi dzinoratidzwa mukuterera. Upenyu hwaWesley kubva panguva iyi hwaiva hwekuparidza chokwadi chaakange agashira —kururamiswa kuburikidza nekutenda, mukuchenura kuri muropa raKristu pamwe nekuitwa mutsva mumoyo neMweya Mutsvene, izvi zvichitipa muchero wekuti tirarame upunyu hunemucherechedzo waKristu.

Whitefield pamwe nemaWesleys vakange vagadzirirwa kuita basa nenzira yakareba yekurasika kwavo kuti vagone kutsungirira semauto aKristu.Vakasangana nekusekwa, kuzvidzwa nekutambudzwa kusanganisira paChikoro chikuru pavakange vazvipira kuita basa raMwari. Ivo pamwe nevaivatsigira vakapiwa zita remadunhurirwa rekuti Methodists. Zita iri nhasi rinevateveri vanonamata muEngland neAmerika.

Senhengo dzekereke yeEngland vainge vakabatirira panzira dzekunamata asi Mwari vakange vaisa pamberi pavo Shoko ravo kuti vaende naro pamusoro. Mweya Mutsvene wakavasunda kuti vaparidze Kristu nemuchinjiko. Simba rewekuMusoro raiva navo pabasa iri, vazhinji vakadenhwa moyo vakatendeuka mukurevesa. Zvaive zvakakosha kuchengetedza vatendi vatsva ava, nekudaro Wesley akaumba boka rainzi Methodist Connection, akange asina pfungwa dzekuvamba Kereke. Vaparidzi ava vakasangana nematambudziko ekurwiswa nemakereke akange agara ariko, asi munjere dzaMwari vakange vatendera kuti zvidaro kuti rumutsiriro rwutange pavatendi.Vamwe vatungamiri vakange vakurarama upenyu hwezvivi vakamuka vakatanga kuparidza, masangano akaknge atonhora akatanga kupisa pakutenda.

Munguva yaana Wesley sezvazinoita munhoroondo yekereke, varume vezvipo zvakasiyana-siyana vaiita basa mukuperera.Vakange vasingawirirani panezvimwe zvavaitenda asi vose vaisundwa neMweya waMwari mukuunza nekunongedza vanhu kunaKristu. Kupesana pakati paWhitefield nanaWesleys kwakamboda kuunza kushorana asi sevadzidzi kubva pachikoro chaKristu kuregererana nekugamuchirana kwakaita kuti vayanane. Havana kuzopa mukana wekupesana nekuti huipii hwaivekwesekwese vazhinji vachifa muzvivi.

Varanda vaMwari vakafamba nenzira yakaoma.Varume vaikudzwa nevakadzidza vairwisana navo nedzidziso dzavo.Vakuru vekererke vakatanga kuvenga nekuva negodo nevaparidzi ava.Vatungamiri vekereke vakatanga kutsoropodza dzidziso dzavo papurupiti, izvi zvakaita kuti dima, huipi nekusaziva zvipinde zvakare mukereke. Nguva zhinji John Wesley airwirwa parufu nenyasha dzaMwari. Rimwe zuva amukirwa nevanhu vazhinji vachida kumuuraya ngirozi muchimiro chemunhu yakamira kurutivi rwake vanhu vakadududza nekuwira pasi, muranda waMwari akaenda kure nenjodzi.

Achitaura maererano nekurwirwa kwaakaitwa naMwari, Wesley anoti, “Pamwe pacho vanhu vaida kundisundidzira kumawere asi Mwari akandirwira, vamwe vachida kundirova musoro nematanda. Makore maviri adarika chidhinha chakarova mafudzi angu, mushure megore dombo rakatema pakati pemaziso angu. Mwedzi wadarika ndakarohwa kamwechete, manheru ndarohwa ruviri asi zvose zvaiita sekuti hapana chaitika kwandiri. Kunyange mumwe akandirova nesimba rake rose paditi mumwe akandirova pamuromo nesimba rake ropa rikadzatuka handina kunzwa marwadzo ezvibhakera izvi zvaiita sekunge ndagumhiwa neuswa.”—John Wesley, Works, vol. 3, pp. 297, 298.

John Wesley achicherechedza mhaka dzaaipomerwa iye nevamwe vake anoti, “Vamwe varikuti dzidziso dzedu ndedzenhema, dzine zvadzinopesana neshoko raMwari; itsva hadzina kumbonzwikwa; ndedze kuzhangandira; ndedzana papa. Zvose izvi manyepo nokuti dzidziso dzedu dzakaiswa pachena nemagwaro matsvene sekudzidziswa kwadzinoitwa nekereke. Naizvozvo hadzingavi nemanyepo kana kuva dzakakanganiswa nekuti magwaro ndeazvokwadi sekutenda kwatinoita maari.” “Vamwe vanoti, ‘dzidziso dzavo dzakaoma kutevedzera dzinoita kuti nzira yekudenga ive yakamanikana.’ Asi dzidziso idzi dzinobva panezvakadzidziswa nekutendwa navaapostora. Shoko raMwari rinoti; ‘Ida Mwari wako nemoyo wako wese, nepfungwa dzako dzose, nemweya wako uye nesimba rako rese.’ ‘Nekuti shoko rimwe narimwe risina maturo rawakataura uchazvirevera pazuva rerutongo.’ ‘naizvozvo kana muchidya,kana muchinwa itai zvose kuti Mwari akudzwe.’

“Kana dzidziso dzavo dzakaoma kudarika apa,vane mhosva asi imi munozviziva mumene kuti dzidziso dzavo dziri mushoko. Ndiani angabvisa yota imwe pashoko raMwari akasariodza, kune angava mutariri wezvakavanzika zvaMwari here achishandura zvakanyorwa mumagwaro? Hakuna, haana chaangashandura, kupfavisa anosungirwa kuzivisa vanhu vose kuti: Handingadzikisi magwaro matsvene kuti aite sekuda kwenyu, munofanira imi kuita sezvinreva bhaibheri kana kuti moparara nekusingaperi” -Ibid., vol. 3, pp. 152, 153.

Kudzokera shure pakutenda muEngland, Wesley asati atanga kuparidza kwaikonzereswa nedzidziso dzaizivisa vanhu kuti mutemo waMwari hauna basa kuuchengeta. Vazhinji vaitenda kuti Kristu akabvisa murairo, nekudaro vatendi

havachafaniri kuuchengeta uye vakasunungurwa “pahubatwa hwekuita mabasa akanaka.’’ ‘Vamwe kunyange vaitenda kuti mutemo unogara nekusingaperi,vaikurudzira vafundisi kuti vasakurudzira vanhu kuuchengeta mutemo nekuti Mwari vakatosarudza vachaponeswa uye kune vachaponeswa vanopiwa simba kuburikidza nenyasha rekuti vanoita zvakanaka uyezve kune avo vekuraswa havana simba rekuterera mutemo waMwari.’

Vamwe vaitenda kuti, “vasanangurwa havabvi panyasha kana kurasikirwa neutsvene,” kumagumo kwazvo vakazoti “zvakaipa zvavanoita hachisi chitema uye hazvitorwi sekuputsa mutemo waMwari, hapana chikonzero chekurerura kana kusiya chivi nenzira yekutendeuka.”-McClintock and Strong, Cyclopedia, art.

Dzidziso dzekuti mutemo hauchina basa dzakangofanana nedzakazoparidzwa nevadzidzisi navafundisi venguva dzakatevera. Dzidziso idzi dzinoti hakuna mutemo unonzi haushanduki sechikero chezvakanaka, asi chikero chehunhu chinoumbwa nenharaunda, uye nharaunda inoramba ichishanduka. Nekudaro mutemo unoshanduka zvichenderana nemararamiro enharaunda. Dzidziso dzose idzi dzinounzwa naSatani akaunza pfungwa imwechete arikudenga achida kuputsa mutemo waMwari wakarurarama.

Wesley akaramba achipikisana nedzidziso yevapikisi vemutemo achizivisa vadzidzisi vechitendero ichi kuti kuvamupikisi wemutemo hazvina tsigiro mubhaibheri. “Nokuti nyasha dzaMwari dzinowokekwa dzinovigira vanhu vose kuponeswa.” “Ndizvo zvakanaka zvinofadza pamberi paMwari. Muponesi wedu; uyo unoda kuti vanhu vose vaponeswe, vasvike pakuziva zvokwadi. Nokuti kunongova naMwari mumwechete, nomurevereri mumwechetevo, pakati paMwari navanhu, ndiye munhu Kristu Jesu, wakazvipa iye kuti ave rudzikinuro rwavose, chive chapupu panguva dzakafanira.” Tito 2:11; 1 Timotio 2:3-6. Mweya waMwari wakapiwa pachena kuti ugonese munhu kuti abatirire pakuponeswa. Naizvozvo Kristu, “chiedza chazvokwadi, chinovhenekera munhu mumwe nemumwe pakusvika kwacho panyika.” Johane 1:9. Munhu anotadza kuwana ruponeso nekuda kwekuramba kwake chipo cheupenyu.

Mukupindura zvaitendwa nevamwe kuti kufa kwaKristu kwakabvisa mutemo inegumi pamwe nemutemo wezvipiriso, Wesley anoti: “Mutemo waMwari unova mutemo unegumi, wakakurudzirwa navaporofita. Jesu haana kuubvisa. Kuuya kwake kwaisava kwekubvisa chero chipandi chiduku pamutemo. Mutemo unegumi uyu hauputswi ‘unomira urichapupu mudenga.’. . . Mutemo waivepo nyika ichivambwa wakanyorwa kwete pamabwe asi mumoyo yevanhu vose pavakasikwa naMwari. Kunyange zvakadaro mutemo uyu wakanyorwa naMwari wakaputswa nemhaka yechitema, ungabviswa wose here isu tine pfungwa yekuziva zvakanaka nezvakaipa. Mutemo uyu unofanira kuchengetwa navanhu kweupenyu hwese, zvisinei nenguva, nzvimbo, mutemo uyu haushanduki.

“‘Handina kuuya kuzoparadza, asi kuzadzisa.’ . . . Pasina mubvunzo zvirikurehwa apa zvinoenderana nezviri kumashure nemberi pachaputa iyoyi. Jesu arikuti; ndakauya kuzosimbisa nekuzadzisa, zvisinei nekunyengera kwavanhu: ndakauya kuzadzisa nekujekesa izvo zvange zvakavharirika: ndakauya kuzozivisa chokwadi chiri pamutemo uyu wese; kuratidza udzamu nekupamhamha kwemutemo umwe neumwe uripa mitemo gumi. Mutemo uyu mutsvene uye wakachena wose.” -Wesley, sermon 25.

Wesley aitaura zvinesimba hochekoche iri pakati pemutemo nevhangeri achiti,’’Pane sungawirirano iripakati pemutemo nevhangeri. Rumwe rutivi, mutemo unozarura nzira nekuti nongedzera kuvhangeri; rumwe rutivi vhangeri rinotita kutitizadzise mutemo nekuita nemazvo. Mutemo unotsvaka kwatiri kuti tide Mwari, tide vavakidzani vedu, tive vanyoro uye vatsvene. Kuti tizvigone tinobatirira pavhangeri, zvichiitwa kuburikidza nekutenda uye kururama kwemutemo kunozadzikiswa matiri nekutenda kurimuna Jesu Kristu.

Wesley anoti: “Pamusoro pevavengi vevhangeri yaKristu pane vanotonga mutemo nekutaura zvakaipa pamusoro pawo, uye vanodzidzisa vanhu kuputsa kwete mutemo mumwe chete asi yose….Chinoshanisa pakunyengerwa uku ndechekuti vanotenda kuti mutemo haina basa vanotenda kuti varikupa mbiri kunaJesu mukurwisana nemutemo wake, vanoita sevanosimudzira Jesu asi vachiparadza dzidziso dzake.” -Ibid.Wesley akaramba achidzidzisa kuti mutemo wakatikoshera nekuti unotizivisa zvivi, taziva kuti tirivatadzi, tavakuda ropa raJesu kuti ritichenure.-Ibid., sermon 35.

Wesley paaipfuurira mberi mukuparidza vhangeri renyasha dzaMwari, saJesu aitsvaga kusimudzira mutemo nekuita kuti ukosheswe. Mukuperera nekutendeka akapedza basa raakange apiwa naMwari akatenderwa kuona kubwinya kwemichero yebasa raakaita. Mushure mekushandira Mwari kwemakore anodarika makumi mashanu vateveri vaJesu, kuburikidza naye, vaipfuura hafu yemiriyoni. Ruzhinji rwevanhu vakabviswa mumatope nevhangeri rake, nevakasimukira pakuziva Mwari havazikanwi uwandu hwavo kusvikira taponeswa. Kurarama kwaWesley kwakatipa chidzidzo chekuzvipira kunofanira kuitwa nemuteveri waKristu. Dai kutenda, kuzvinipisa, kutsungirira, nekuzvipira kwemuranda waKristu uyu kukaratidzwa mumakereke anhasi.

Chitsauko 15 Bhaibheri nechimurenga chemuFrance

Mumakore emuSenjuri yegumi nenhanhatu, basa rekuvandudza chitendero rakaisa Bhaibheri mumaoko evanhu, uye kupinda kwaro munyika dzemuEurope. Dzimwe nyika dzakarigashira nemufaro, semutumwa akabva kudenga. Mune dzimwewo nyika hutongi hwaPapa hwakabudirira kwazvo kuritadzisa kupinda, zvikaita kuti Bhaibheri nechiedza charo, zvisagamuchirwa. Mune imwe yenyika idzi, chiedza ichi chakakwanisa kupinda, asi hachina kugashirwa nedima raivamo. Kwemazana emakore, zvokwadi nemanyepo zvakarwisana kuda kutonga. Pakupedzisira, dima rakakunda, zvokwadi yedenga ikakandirwa kunze. “Kutongwa ndokuku, kuti chiedza chakasvika panyika, asi vanhu vakada rima kupfuvura chiedza” Johane 3:19. Nyika iyi yakasiiwa ichikohwa muchero yenzira yayakanga yasarudza. Simba rekudzora raMweya Mutsvene rakabviswa pakati pevanhu vakanga vazvidza chipo chenyasha dzake. Zvakaipa zvakatenderwa kuti zvizadze chiyero. Pasi rese rikaona matuso ekuramba pachena chiedza chaMwari.

Hondo yekurwisa Bhaibheri, iyo yakarwiwa kwemakore mazhinji munyika yeFrance, ndiyo yakatungamirira kuzviitiko zvechimurenga chekupandukirwa kwehurumende nevanhu vayo. Chiitiko ichi chakaipa chakauya nekuda kwekutsikirirwa kwakaitwa magwaro neRome. Chakaratidza zviri pachena kunyika dzose kashandiro kemitemo yehutongi hwaPope, chiratidzo chekudzidzisa kwakaitwa neSangano reRoma kwemakore anopfuura chiuru. Kudzvanyirirwa kweBhaibheri nehutongi hwaPapa kwakanga kwataurwa kare nevaporofita, uye munyori weZvakazarurwa anonongedza matuso akashata aizobuda sezvakaita munyika yeFrance, zvichibva pahutongi hwe “murume wezvivi”.

Ngirozi yaMwari yakataura ichiti: “asi vachatsika guta dzvene netsoka dzavo mwedzi inamakumi mana nemiviri. Ndichapa zvapupu zvangu zviviri simba kuti zviporofite, zvakapfeka masaga, mazuva ane chiuru chinamazana maviri namakuni matanhatu. Ava ndiyo miorivhi miviri, nezvigadziko zvemwenje zviviri zvimire pamberi paShe wenyika. Kana kunomunhu unoda kuvakuvadza, moto uchabuda mumiromo yavo uchiparadza vavengi vavo; kana kunomunhu unoda kuvakuvadza, unofanira kuvurawa saizvozvo. Vane simba rokuzarira denga, kuti mvura irege kunaya namazuva okuporofita kwavo; vane simba pamusoro pemvura kuti ishandure rive ropa, nokurova nyika namadambudziko ose nenguva dzose dzavanoda.

Kana vapedza kupupura kwavo, chikara chinokwira chichibva mugomba rakadzika-dzika chicharwa navo, chichavakunda nokuvavuraya. Mitumbi yavo icharashwa munzira dzomuguta guru, rinonzi, nezita rokufananidzira, Sodhoma neEjipiti, pakaroverwavo Ishe wavo pamuchinjikwa. Vanobva kuvanhu namarudzi nendimi, nendudzi, vachavona mitumbi yavo mazuva matatu nehafu vasingatenderi kuti ivigwe mubwiro. Navanogara panyika vachafara nokupembera pamusoro pavo, vachitumirana zvipo, nokuti vaporofita

ava vaviri, vakatambudza avo vanogara panyika. Zvino mazvuva matatu nehafu akati apfuvura, mweya wovupenyu, wakabva kuna Mwari, ukapinda mukati mavo, vakamira netsoka dzavo, kutya kukuru kukawira vose vakavavona" Zvakazarurwa 11:2-11.

Nguva dzinotaurwa apa kuti "mwedzi inamakumi mana nemiviri," nedzinonzi "makore ane chiuru nemazana maviri ana makumi matanhatu"— nguva idzi dzakafanana, uye dzinotaura nguva iyo Sangano raKristu richatambudzika pasi pehubatwa hweRome. Makore ane chiuru nemazana maviri ana makumi matanhatu ekutonga zvisingapikiswi kwehumambo hwaPapa akatanga mugore ra A.D 538, achinopera mugore ra 1798. Panguva iyi, masoja eFrance akapinda muRome vakasunga Papa ndokuenda naye kuhubatwa kwaakanofira. Kunyangwe pakazosarudzwa umwe Papa panzvimbo yake, hofisi yaPapa hainazve kuzombova nesimba seyaraiva naro kumashure.

Kutambudzwa kweKereke hakuna kuzoenderera mberi mumakore ane chiuru nemazana maviri ana makumi matanhatu. Mwari netsitsi dzake kuvanhu vake, akapfupikisa nguva iyi yekuyedzwa kwavo. Achitaura pamusoro penguva yekutambudzika yaizowira Sangano rake, Muponesi akati: "dai mazuva iwayo asaitapudzwa, hakuna nyama yairarama: asi nokuda kwevakasanangurwa mazuva iwayo achatapudzwa"—Mateo 24:22. Nokuda kwebasa rekuvandudza chitendero, kushungurudzwa kwevatendi kwakapera gore ra 1798 risati rasvika.

Pamusoro pezvapupu zviviri, muporofita anotaura kuti: "Ava ndiyo miorivhi miviri, nezvigadziko zvemwenje zviviri zvimire pamberi paShe wenyika." Munyori wePisarema anoti: "Shoko renyu ndiwo mwenje patsoka dzangu, nechiedza panzira yangu" Zvakazarurwa 11:4; Mapisarema 119:105. Zvapupu zviviri zvinomirira Testamente Yekare neTesatamente Itsva muBhaibheri. Dzose dziri mbiri dzinokosha pakupupura mavambire nemafambiro munguva emutemo waMwari. Dzose dziri mbiri dzinopupura zano reruponeso. Mifananidzo, zvibairo, nezviporofita zve Testamende yekare zvinonongedzera kuuya kweMudzikinuri. Mabhuku mana eEvangeri pamwechete netsamba dzose dzemuTestamente Itsva dzinotaura pamusoro pekusvika kwazoita Muponesi nenzira chaiyo yakanga yaporofitwa neminongedzo.

"Vachaporofita mazuva anechiuru nemazana maviri ana makumi matanhatu vakafuka masaga." Muchikamu chikuru chenguva iyi, zvapupu zvaMwari zvakanga zvakavanzika. Simba raPapa rakaedza kuviga zvokwadi kubva kuvanhu, pakaiswa zvapupu zvenhema kuti zvipikise huchapupu hweBhaibheri. Apo Bhaibheri rakarambidzwa nevanesimba muSangano nemunyika; apo huchapupu hwaro hwakarasiswa, uye pakaitwa simba rose kuti vanhu nemweya yetsvina vagadzirire pfungwa dzavo kuriramba, apo avo vaida kuriteerera nekurigashira vaivhimiwa nekutengeswa, kushungurudzwa, nekuvharirwa mumajeri, vachiurairwa kutenda kwavo, kana kumanikidzwa kutizira kumakomo, nekumapako enyika—zvinoreva kuti zvapupu zvakatendeka zvaiporofita zvakafuka

masaga. Asi zvapupu zvakaramba zvichipupura kwenguva yose yemakore anechiuru nemazana maviri ana makumi matanhatu. Mukati merima guru, kune varume vakatendeka vaida Shoko raMwari, uye vaine godo rekuda kukudzwa Kwake. Njere dzakapiwa kuvaranda vakatendeka ava, uye simba rekuparidza zvokwadi yake munguva iyi yose.

“Asi kana pakaita munhu anovakuvadza, moto uchabuda mumuromo wavo, ugoparadza vavengi vavao: uye kana pane munhu uchavakuvadza, uchaurawa nenzira imwecheteyo” Zvakazarurwa 11:5. Vanhu havagoni kutsika shoko raMwari pasi petsoka dzavo vakasarohwa neshamhu. Kutukwa uku kunotsanangurwa muchitsauko chekupedzisira chebhuku raZvakazarurwa zvichinzi: “Ndinopupurira mumwe nomumwe unonzwa mashoko okuporofita kwebhuku iyi, ndichiti, kana munhu akawedzera pazvinhu izvi, Mwari uchawedzera kwaari madambudziko akanyorwa mubhuku iyi. Kana munhu akabvisa mashoko ebhuku yokuporofita uku, Mwari uchabvisa mugove wake pabhuku yovupenyu, nomuguta dzvene, napazvinhu zvakanyorwa mubhuku iyi” Zvakazarurwa 22:18, 19.

Idzi ndidzo yambiro idzo Mwari akapa kuvanhu maringe nekushandura kwavangaita izvo zvaakataura nekuratidza mushoko rake. Zvose izvi zvinotaurwa naMwari kunaani nani uyo angashandise simba rake rehwezvero achitungamirira vanhu kukusakoshesa mutemo waMwari. Izvi zvinofanira kutyisa nekuvhundutsa vanhu vaya vanotaura vasina hanya vachidukupisa nekusakoshesa shoko raMwari uye vachiti kune zvimwe mariri zvisina kunyanya kukosha kuitwa kana kuteererwa. Vose avo vanokoshesa maonero avo kupfuura zvakataurwa nedenga, navose vanoshandura zvarinoreva vachidudzira nepfungwa dzavo, kana vanozviita kuti zvingonziwo vari kuverenga Bhaibheri asi ivo vachida kufanana nenyika, vese ava vari kuzvitorera chituko ichi. Zvinyorwa zvaMwari, nemutemo wake, ndizvo zvichaera chipimo chechimiro chemunhu wese, uye richatonga nekupa mhosva kuna vese avo vachawanikwa vasina kufanira.

“Kana zvapupu izvi zvapedza; [kana zvichipedzisa] kupupura kwazvo.” Nguva iyo zvapupu zviviri zvaizoshanda nekuporofita zvakafuka masaga yakapera muna 1798. Apo zvakanga zvavakusvika pakupera kwebasa razvo, zvaizofanira kurwiswa nehondo yesimba reuyo atsanangurwa kuti “chikara chakakwira chichibva mugomba rakadzikadzika”. Munyika zhinji dzemuEurope, masimba aitonga Sangano nenyika kwemazana emakore kanga achitungamirirwa naSatani pachake kuburikidza nekushanda kwehofisi yaPapa. Asi zvino apa tava kuratidzwa mashandiro matsva esimba raSatani.

Yaiva tsika yeRome, mukunyepedzera kwayo kuteerera Mwari, kusiya Bhaibheri rakavharirwa mururimi rwusingazikanwi nevanhu uye rakavanzwa kure navanhu. Pasi pehutongi hweRoma, zvapupu zviviri zvakaporofita “zvakafuka masaga.” Asi zvino rimwe simba, chikara chakakwira kubva mugomba rakadzika-dzika, raifanira kusimuka kuti riite hondo iri pachena neshoko raMwari.

“Guta guru” iro munzira dzaro makaurairwa zvapupu izvi, umo mitumbu yavo yakaonekwa yakarara inonzi Ijipita yepamweya. Panyika dzose dzinotaurwa munhoroondo yemuBhaibheri, Ijipita inonyanyozivikanwa nekuramba zviri pachena kubvuma kuti kuna Mwari mupenyu, nekuramba zvaaitaura. Hakuna humwe hushe hwakabuda pachena nekupanduka zviri pachena kuramba simba reDenga nezvinotaurwa naMwari sezvakaita mambo weIjipita. Apo shoko raisvika kwaari muZita raShe kuburikidza naMozisi, Pharao aipindura nekuzvikudza achiti: “Jehovha ndiye aniko, kuti nditeerere izwi rake, kuti nditendere vaIsraeri kuenda? Handimuzivi iye Jehovha, neni handingatenderi vaIsraeri kuenda” Ekisodo 5:2. Uku ndiko kuti Mwari haako, saka nyika inomiririrwa neIjipita yaizotaura nezwi rinofanana mukuramba zvinotaurwa naMwari mupenyu, uye mweya umwechetewo wekusatenda nekusateerera. “Guta iri guru,” rinofananidzirwawo “pamweya ne “Sodoma.” Kuwora kweSodoma pakutyora murairo waMwari kwakanyatsoonekwa muchimiro chekusazvibata kwevanhu. Saka chimiro ichi chaifanira kuonekwa munyika yaizozadzikisa mashoko eBhaibheri aya.

Mumashoko emuporofita makore mashoma gore ra1798 risati rasvika, kwaizomuka imwe nyika ichimutswa nesimba raSatani, iine chimiro chekumukira nekurwa neshoko raMwari. Munyika iyi, kupupura kwezvapupu zviviri kwaifanira kunyaradzwa, kuti zvingoratidza chimiro chaPharao chekuramba Mwari, nekusazvibata kwemu Sodoma. Chiporofita ichi chinonyatsobudisa kuzadziswa kwacho kuburikidza nezvakaitika munhoroondo yenyika yeFrance. Munguva yeChimurenga mugore ra1793, “Pasi rese rakanzwa kekutanga dare revanhu, vakanga vazvarwa nekudzidza nezvebudiriro yevanhu, uye vanhu vakanga vachitsvaga kodzero yekutonga imwe yenyika dzaikosha muEurope, vakasimudzira mazwi avo vakabatana kuramba zvokwadi inokosha iyo munhu anofanira kugashira, vakaramba zviri pachena kunamatwa kwaMwari.” – Sir Walter Scott, Life of Napoleon, vol. 1, ch. 17.

“France ndiyo nyika bedzi pasi rese iyo zvinyorwa zvenhoroondo yavo zvichiri kuwanikwa, zvinotaura kuti nyika iyi yakasimudza ruoko rwayo kuramba zviri pachena Musiki weDenga nenyika. Kwakanga kuine vanomhura vazhinji, vahedheni vazhinji, uye vacharamba variko muEngland, Germany, Spain, nemudzimwewo nyika; asi France inomira payo yega munhoroondo yepasi rino senyika imwechete iyo, kuburikidza nemutemo wakaitwa nedare rayo reparamende, yakataura kuti hakuna Mwari, izvo zvakaita kuti vanhu vese muguta rayo guru, nevazhinji kune mamwe maguta, varume nevakadzi, vapemberere nemufaro vachigamuchira chidaidziro ichi.”—Blackwood’s Magazine, November, 1870.

France inomiririrawo chimiro icho chaiwanikwa muSodoma. Panguva yeChimurenga, pakaonekwa munyika chimiro chekusazvibata nekuwora kwetsika zvakangofanana neizvo zvakakonzeresa kuparadzwa kweSodoma neGomorah. Munyori wenhoroondo anoburitsa pamwechete, kuramba Mwari nekusazvibata kwemuFrance,

sezvinotaurwa muchiporofita: “Zvakanga zvakabatana nemitemo inorambidza kunamata, zvikadzikisira kukosha kwemuchato- unova mubatanidzwa wakayereswa uyo vanhu vangaita, uchitungamirira mukugadzirwa kwenharaunda yevanhu yakasimba, yakanaka- uchidzikisirwa kusara wangove mubatanidzwa wekuwirirana zviri pamutemo asi zvichipfuura hazvo, apo vanhu vaviri vanogona kupinda nhasi , vozongosiya kana vachida … kana vavengi vakambogara pasi vachitsvaga nzira yekuparadza zvose zvitsvene zvingakudzwa, zvizere nenyasha, kana zvisingafaniri kuparadzwa muhupenyu hwevanhu, kana vavengi vakambogona kudzidzisa zvakaipa kuti zvigosiiranwa senhaka muhupenyu hwevanhu, hapana chimwezve chavanogona kuita kunze kwekugadzira tsika iyi yekuuraya muchato … Sophie Arnoult, muiti wemitambo ane mukurumbira pazvinhu zvine njere zvaakataura akatsanangura nezveBhaibheri neChimurenga chemuFrance akati muchato wakanga wave “hupombwe hwakayereswa”—Scott, vol. 1, ch. 17.

Shoko rekuti “Apo ishe wedu akaroverwawo pamuchinjikwa.” Iri shoko rechiporofita rakazadziswa muFrance. Hakunazve imwe nyika iyo ruvengo naKristu rwakaratidzwa zviri pachena. Hakunazve imwe nyika apo chokwadi chakasangana nokupikiswa zvinorwadza semuFrance. Mukutambudza vatendi uko France yakaita, yakarovera Kristu pamuchinjikwa kuburikidza nezvakaitirwa vateveri vake.

Mumazana emakore, ropa revatsvene raingodeurwa. Ma Waldenses vakadeura ropa ravo mumakomo ePaedmont “nokuda kweshoko raMwari, nokupupura kwaJesu Kristu,’ uyewo kupupura kumwecheteko kwezvokwadi kwakaitirwa hama dzavo, vanhu verudzi rwema Albigenses muFrance. Mumakore eRuvandudzo, vateveri vechitendero ichi vakaurawa nekushungurudzwa kunotyisa. Madzimambo nevanoremekedzwa, madzimai anokudzwa nemhandara, vanozvikudza nevanofarira kuita jee vemunyika, vakanga vazvigutsa meso avo pakuona kurwadziwa kwevanhu vaifira Jesu. Vanhu vakanga vakashinga verudzi rwema Huguenots, pavairwirwa kodzero dzeizvo zvinofanira kuyereswa mumoyo yevanhu, vakadurura ropa ravo mumapani apo vairwa hondo iyi. Vanhu vaipinda masangano akanga abuda muRoma vakanzi vaiva vatyori vemurairo wenyika, saka mutongo wakaiswa pamusoro pavo, vakavhimiwa semhuka dzesango.

“Sangano raiva murenje,” vanova vanhu vechiKristu vakanga vasara muFrance muSenjuri yegumi nemasere, vakanga vakahwanda mumakomo arizasi kwenyika yeFrance, vakanga vachikoshesa kutenda kwemadzibaba avo. Pavaibuda kuti vanosangana mupapani emakomo vachinamata, vaidzingirirwa senyoka, vobatwa vachinoiswa muhuranda hweupenyu hwese mumajere. Vanhu vemuFrance vakanga vakarurama, vakachena, nevaiva nenjere, vakasungwa, vakaiswa mukushungurudzwa kunotyisa, pakati pembavha nevaurayi (ona Wylie, b.22, ch.6.). Vamwewo, vainge vatoitirwa tsitsi, vaipfurwa vofira panzvimbo, asina chekuzvidzivirira nacho, vowira pasi nemabvi avo vachifira mumunamato. Mazana evatana, madzimai akanga asingagoni kuzvidzivirira, nevana vadiki vasina mhosva, vaisiiwa vakafa mumapani enzvimbo dzavaisangana.

Mukufamba kwavo nzendo dzemumakomo nemasango, vanhu ava vaitanga vasangana, saka zvakanga zvisisashamisi kuwana “panzvimbo ina dzega-dzega, zvitunha zvakapararira, kana mitumbi yakarembera mumiti’. Nyika yavo yakanga yashandurwa nekuparadzwa nemunondo, nedemo, nezvikokohono, ikaitwa renje guru raipisa tsitsi.” “Hutsinye uhwu hwakaitwa … kwete munguva rerima, asi munguva yekugona kutonga kwamambo Louis wegumi nechina (XlV). Zvidzidzo zveScience ndizvo zvakasimudzirwa, nyaya dzedzidzo ndikakurumbira mumatare emadzimambo nekukudzwa kwevanhu vehunyanzvi, zvikabva zvatadzisa basa renyasha nehunyoro hwerudo.”—Ibid., b. 22, ch. 7.

Asi pakati pezvakaitwa zvikuru zvinopfuura nekushata pakati pezvakaipa zvakamboitwa nevavengi munhoroondo, kupondwa kwakaitwa vanhu pachiitiko chinodaidzwa kuti “St Batholomew Massacre.” Nyika ichiri kurangarira nekutya chiitiko ichi chekuparadza zvinotyisa. Mambo weFrance, achikurudzirwa nevaprisita veRoma, akatendera kuitwa kwebasa rakaipa iri. Bhera rairidzwa pakati pehusiku ndiro raidaidzira kuitwa kwechivi ichi chehutsinye. Vatendi vaipinda maSangano akanga abuda muRoma nekuratidzira, vakanyangirwa vakarara mudzimba dzavo husiku, vachivimba kuti mambo wavo wavakanga vapa chichemo aizovachengetedza, asi vakakwekweredzwa pasina shoko reyambiro, vakanopondwa.

Sezvakaita Kristu ari mutungamiri asingaonekwi nameso achitungamirira vana veIsraeri kubuda muIjipita, ndizvowo zvakaita Satani achitungamirira mhondi idzi padzaita basa rekuwedzera huwandu hwevanhu vaiurairwa Jesu. Kwemazuva manomwe, kuurawa zvisina tsitsi uku kwakaenderera mberi muguta reParis, asi mazuva matatu ekutanga akaitwa nehasha dzinokunda mashoko kutsanangura. Hazvina kuzogumira muguta guru bedzi, asiwo kuburikidza nechirevo chaMambo, zvakatekeshera kunamamwe matunhu nemaguta kwese kwaiwanikwa vatendi vemaSangano aya. Kwakanga kusingasarudzi zera remunhu kana chimiro chake kuti murume here kana mukadzi. Paisatariswa kuti mwana mucheche asina mhosva here kana kuti mutana akwegura. Vanokudzwa nevarombo, vakuru nevaduku, madzimai nevana, vakawisirwa pasi vese pamwechete. Kuparadza upenyu uku kwakaenderera mberi muFrance kwemwedzi miviri. Vanhu vanosvika zviuru makumi manomwe vaive maruva enyika iyi vakaparadzwa.

“Nhau dzekuparadza uku padzakasvika munzeve dzevafundisi vesangano kuRoma, pakaita mufaro mukuru usina magumo. Muprisita weSangano munzvimbo ye Lorraine akapa nhume yakauya neshoko iri zvipo zvine zana rezviuru; ukuwo mumatunhu akaita se St Agelo kwakanzwika kutinhira kwemazwi erufaro ekuremekedza, mabhera erufaro akaridzwa; zvoto zvemitambo zvikabakidzwa husiku hwukaita kunge masikati; ukuwo Papa Gregory wegumi nechitatu (XIII) achibatsirwa nevatevedzeri vake nevakuru vesangano, akafamba rwendo rurefu kuenda kuKereke yaiva panzvimbo ye St Louis, apo muPrisita weSangano pa Lorraine achiimba mashoko ekuti “Te Deum-(tinokutendai

Mwari)”… akapiwa menduru semucherechedzo wekutenda basa rehumhondi hukuru, ukuwo muguta reVatican kunogona kuonekwa zvinyorwa zvemifanidzo zveVasari, zvinoratidza nekutsanangura maitirwo akaitwa basa iri, uye mambo achironga ari mumusangano wekuronga kunyangira vatendi vakarivara, nebasa racho maitirwo arakazoitwa. Pope Gregory akatumira Charles chipo cheruva rwendarama; uye mushure memwedzi mina kuparadza uku kwaitwa, … akateerera achisvotwa mharidzo yakazoitwa nemuPrisita wekuFrance, … uyo aiparidza achitaura kuti “zuva iro kwakava nemufaro mukuru nekupemberera, apo baba mutsvene akagamuchira shoko, akapinda muguta dzvene kunotenda Mwari na St Louis” – Henry White, The Massacre of St. Bartholomew, ch. 14, par. 34.

Mweya umwechetewo wakakurudzira vavengi pachiitiko che St Bartholomew Massacre ndiwo wakatungamirira zviitiko zveChimurenga. Jesu akanzi aiva wemanyepo, kusheedzera kwevahedheni vemuFrance kukati: “Paradzai chose munhu uyu asina basa,” apa kuchirehwa Kristu. Kumhura Mwari nekudheerera denga uye huipi hunonyangadza zvaifambirana, uye pfungwa dzevanhu, nemasimba ehutsinye nehuipi, ndizvo zvainyanya kusimudzirwa. Pazvose izvi, rukudzo runoyera rwaipiwa kuna Satani; uye mukudaro, Kristu, nechimiro chake chezvokwadi, kuchena, nerudo rwake rwusina chindini, zvairoverwa pamuchinjiko.

“Asi chikara chinokwira chichibva mugomba rakadzika-dzika chicharwa navo, chikavakunda, nokuvavuraya.” Simba rairamba kuti kunaMwari rakatonga muFrance munguva yeChimurenga uye kutonga kwehutsinye, rakarwa hondo yakadaro richirwisa Mwari neshoko rake Dzvene zvisati zvamboonekwa munyika. Kunamatwa kwaMwari kwakarambidzwa nedare reParamende. MaBhaibheri akatorwa muvanhu akaunganidzwa achipiswa pamberi peruzhinji rwevanhu, uyewo pachitaurwa mashoko ekuzvidza. Mutemo waMwari zvino wakanga watsikwa pasi petsoka dzavanhu. Masangano anoita zvekuburitswa nekudzidzwa kweBhaibheri akamiswa kushanda. Zororo repavhiki rakabviswa, panzvimbo yaro pakaiswa mutemo wekucherechedza zuva regumi apo vanhu vaipemberera vachiita mafaro nekumhura Mwari. Rubhabhatidzo nechirairo chaTenzi zvakarambidzwa nekudzimwa. Ukuwo kumakuva kwakatanga kunyorwa zvisheedzero pamakuva evanhu zvakajeka zvaitaura kuti rufu rwaive kurara nekusingaperi.

Kutya Jehovah kwakadzidziswa zvichinzi kwaisava kuvamba kwehuchenjeri asi kuti kwaitova kuvamba kwehupenzi. Zvese zvine chekuita neungano dzekunamata Mwari zvakarambidzwa zvikadzimwa, kunze kweungano chete dzekupemberera kusunnunguka kwenyika. Bishopi wemuParis akanga agadzwa zviri pamutemo akasheedzwa nedare reParamemnde kuti azomira zviri pamurairo pamberi achiitiswa zvinotyisa kutsanangura sekunge pari kutambwa mutambo pamberi pemakurukota edare … Akaunzwa achitungamirirwa pakupinda netsika dzose dzaizivikanwa pamurairo, asi kuti azotaura pamberi pewungano kuti chitendero chaakanga adzidzisa kwemakore mazvhinji, chaiva

pasina asi zvakarongwa nehuchenjeri hwevaPrisita, uye chaiva chisina hwaro munhoroondo yehupenyu hwevanhu panyika kana muzvokwadi inoyera. Akaiitiswa kuti arambe, achishandisa mazwi makuru anorema asi ari pachena, kuti hakuna chinonzi Mwari anofanira kunamatwa waakanga iye atsaurirwa kwaari, akanzivo ataure kuti kubvira panguva ino akanga iye ave kupira ruremekedzo rwake nehupenyu kurusununguko, kuyenzana kwevanhu, huchenjeri, pamwe nehunhu. Akabva atura patafura yaiva pamberi pake zvishongo zvake zvese zvehuPrisita hweSangano, achibva agashirwa nekumbundirwa muhushamwari hutsva nemutungamiri wedare. VaPrisita vazhinji vakanga varasika vakatevedzerawo zvakanga zvaitwa neumwe wavo”— Scott, vol. 1, ch. 17.

“Navanogara panyika vachafara nokupembera pamusoro pavo, vachitumirana zvipo, nokuti vaporofita ava vaviri vakatambudza avo vanogara panyika.” Vahedheni muFrance vakanga vanyaradza izwi rinotsiura rezvapupu zvaMwari zviviri. Shoko rezvokwadi rakarara rafa munzira dzemaguta ayo, zvekuti avo vese vanovenga kurairwa nezvimiso zveshoko zvemutemo waMwari vakafara kwazvo. Vanhu vakaramba pachena Mambo weKudenga. Sevatadzi vekare, vakadaidzira vachiti: “Mwari angaziva Seiko? Wokumusorosoro angava nokuziva here?” Mapisarema 73:11.

Nohushingi hwekumhura hunotyisa, hwakaoma kutenda, umwe muPrisita wenzira itsva akati: “Mwari, kana uriko, tsivira zita rako rakuvadzwa. Ndinokuvimbisa kuramba kukuteerera, usatomboyedza zvako kutanga mheni dzekutinhira kwako. Ndiyani mushure meizvi angatenda kuti uriko?”—Lacretelle, History 11:309; in Sir Archibald Alison, History of Europe, vol. 1, ch. 10. Izvi ndiwo maungira chaiwo ezvakataurwa naPharao paakabvunza kuti “Jehovha ndiye aniko kuti nditeerere izwi rake” “handimuzivi iye Jehovha.”

Asi “Benzi rakati mumoyo maro Mwari haako” Mapisarema 14:1. Mwari vanotaura nekutonga pamusoro pevadzivisi vezvokwadi vachiti: “Vupenzi bwavo bwuchavonekwa navose” – 2 Timotio 3:9. Mushure mekunge France yaramba kunamatwa kwaMwari mupenyu, “Akakwirira ari kumusoro anogara mukusingaperi,” zvakangotora nguva shoma nyika isati yawira muzvifananidzo zvinonyadzisa, nekuda kwekunamata chimwari chehuchenjeri hwemunhu, chaiva muchimiro chemukadzi anopambadza pfuma nekusazvidzora. Izvi zvakaitwa nedare guru rehurumende raimiririra vanhu venyika yose, zvakaitwawo nedare repamusoro rehutongi hwenyika! Umwe munyori wenhoroondo anoti: “Umwe wemitambo yenguva yehupenzi iyi inomira isingaenzaniswi nekuda kwekushaya pfungwa nekushaya rukudzo. Musiwo wedare guru wakazarurwa kukapinda boka revaimbi, vachitangirwa nani, nhengo dzedare rekutongwa kwedunhu dzakapinda zvakarongeka dzichiimba rwiyo rwekurumbidza rusununguko, vachiperekedza, mukadzi akanga akavhara uso aimiririra chimwarikadzi chaizonamatwa mune ramangwana chavaitumidza zita rekuti “Chimwarikadzi Chekushandisa pfungwa.” Mukadzi uyu

akapinzwa mudare, akandomiswa parutivi rwerudyi rwemutungamiri wedare … akazooonekwa semusikana aiita zvekutamba achitandadza vanhu … kumunhu uyu, aikodzera kumiririra chimwari chezivo chavainamata, Dare Guru rehurumende yeFrance rakapa vanhu kuti vanamate izvi.

“Chiito ichi chehupenzi chisina rukudzo kunaMwari chaiva nzira yemafaro, uye kugadzwa kwechimwarikadzi chekunamata njere chakavandudzwa chikatevedzerwa munyika yese, munzvimbo dzakadaro dzine vagari vaida kuzviratidza kuti vane kodzero mukushanduka kwenyika. (Scott, vol. 1, ch. 17).

Mutauri weparuzhinji akavamba nyaya yekunamatwa kwezivo yevanhu akataura achiti: “Makurukota edare, kaitiro kekunge kugarwa aka kakavhura nzira yekufunga. Maziso acho aiona madzerere zvekuti haana kukwanisa kutarisana nechiedza. Nhasi gungano guru raungana pasi pemumvuri mukuru, apo kekutanga paita maungira ezvokwadi. Ipapo vanhu vemuFrance vapemberera chinamato choga chechokwadi, -cherusununguko, chekushandisa Pfungwa. Ipapo ndipo patakagadzira zvidiso zvekubudirira kwemapazi ehurumende inozvitonga. Ipapo ndipo patakarasha zvimwari zvisingabatiki nePfungwa, tichigamuchira icho chinoonekwa, chakagadzirwa nehunyanzvi hwezvinoonekwa”— (M. A. Thiers, History of the French Revolution, vol. 2, pp. 370, 371).

Apo chimwarikadzi chakaunzwa mudare guru, muapridzi uyu akachibata neruoko ndokutendeukira kuungano achiti: “Vanhu, mirai kuramba muchibvunda pamberi pekutinhira kusina simba kwaMwari akagadzirwa nekutya kwenyu. Kubva zvino, musatenda umwe mutsvene kunze kwePfungwa. Nhasi ndirikukupai chifananidzo chake chakaisvonaka nekuchena; kanamuchazova nezvimwari, bairai bedzi kunechakaita seichi…Hwararai pamberi pedare guru rinonzi Rusununguko rwekushandisa pfungwa.”

“Chimwarikadzi chiya musure mekuganuchirwa nemutungamiri wedare, chaksungirirwa pamotokari yakanaka, chikafambiswa, pakati pechaunga chikuru chevanhu, kuenda kuimba yekunamata yakanga yakavakwa pa Notre Dame, kti chinotora nzvimbo yaMwari. Ipapo chakanokwidzwa pamusoro peAritari huru, chikanaamatwa nevose vakanga varipo.”— (Alison, vol. 1, ch. 10).

Mushure meizvi, chiitiko chakatevera ndechekupiswa kwebhaibheri pamberi peruzhinji rwevanhu. Panechimwe chiitiko, boka revanhu vainzi “The Popular Society of the Museum” vakapinda muimba inoungana ruzhinji muguta vachidanidzira kuti: “kufunga ngakurarame nekusingaperi” (Vive la Raison!)” uye vakanga vakatakura pamusoro pedanda zvipenga zvakanga zvasara pakupiswa kwemabhuku esangano, anosanganisira Bhaibheri, iro rakanzi nemukuru hwedare “rakanga raripa muripo mumoto mukuru, wehupenzi hwarakanga raitisa rudzi rwevanhu.” – (Journal of Paris, 1793, No. 318. Quoted in Buchez-Roux, Collection of Parliamentary History, vol. 30, pp. 200, 201).

Hutongi hwanaPapa ndihwo hwakanga hwavamba basa iri rakanga rave kupedziswa nevanhu vanoti hakuna Mwari. Mitemo yeRome ndiyo yakanga yagadzira hwaro hwechimiro ichi pakugarisana, zvematongerwo enyika, uye zvechitendero, zvakanga zvavekuyeredza France kusiya ave matongo. Vanyori panotaura pamusoro penguva iyi yeshanduko vanoti kupfuudzira mwero uku kwakazovapo kuchabvunzwa pamusoro pechigaro cheSangano. Nerutongo rwakatendeka, zvivi izvi zvichabvunzwa kuSangano. Tsika yanaPapa yakanga yaisa muchetura mupfungwa dzevatongi venyika kuti varwise vaparidzi veshoko raMwari, zvichinzi vamukiri vemadzimambo, chinova chinhu chakazokonzeresa kuraya rugare nerunyararo munyika. Hunyanzvi hweRome ndihwo hwakanga hwafemera mweya hwehutsinye nehudzvinyirir hwakanga hwakuchionekwa zvino pahutongi hwemadzimambo.

Mweya wekusunguka wakanga waenda neBhaibheri. Pese paigashirwa vhangeri, pfungw dzevanhu dzaimutswa. Vaitanga kurasa makashu akanga avasunga muhuranda hwekusaziva, muzvivi, nekutenda mashura. Vaitanga kufunga nekuita sevanhu. Madzimabo aizviona nekudedera vachitya kubviswa pazvigaro zvavo.

Rome haina kunonoka kuwedzera kutya negodo remadzimabo. Mugore ra1525 umwe Papa akati kumutongi wemuFrance: “hupenzi uhu, (kuratidzira kwemakristu kuRoma), hauzi kuzongovhiringidza nekuparadza chitendero bedzi, asi masimba ese, nevanokudzwa, nemitemo, nezvinotongwa, nezvigaro zvese.”— (G. de Felice, History of the Protestants of France, b. 1, ch. 2, par. 8). Makore mashoma akatevera, mumiriri waPope akayambira Mambo achiti: “Changamire, musanyengerwa, varatidziri ava vachapidigura hutungamiri hwese kusananganisira hweKereke nehurumende … chigaro chamambo chiri panjodzi sezvakangoitawo Aritari…Kuuya kuchaita chinamato chitsva kuchaunzawo hurumemnde itsva.”- (D’Aubigne, History of the Reformation in Europe in the Time of Calvin, b. 2, ch. 36).

Vadzidzi vaBhaibheri vakabva vatanga kutendekera pakuita kwevanhu vakadzidzisa kuti dzidziso dzevanhu vakabuda muSangano reRoma dzakanga “dzichikwezvera vanhu kuzvinhu zvitsva zvehupenzi; zvaizobvisa kuteererwa kwemadzimambo nevanhu vavo, zvozokanganisa zvikuru zvose Sangano nehurumende yenyika.” Nenzira iyi Sangano reRome rakagona kurwisanisa nyika yeFrance nebasa reKuvandudza chitendero. “Zvaiitirwa kusimudzira chigaro chamambo, kuchengetedza vanokudzwa, nekuchengetedza mitemo, saka munondo wekutambudza vatendi wakabudiswa mumuhara wawo ukasimudzwa muFrance.” -(Wylie, b. 13, ch. 4).

Vatongi venyika Havana kuziva nepadiki zvapo michero yaizobuda pamitemo yavo yavakaisa. Kudzidziswa kweBhaibheri kungadai kwakabetsera kudyara mumoyo nepfungwa dzevanhu zvimiso izvo zvekururama, kuzvidzora, chokwadi, kuyenzana nekupa, izvo zvinova hwaro hwekubudirira kwenyika. “Kururama kunokurisa rudzi”

naizvozvo “nokuti chigaro choushe chinosimbiswa nokururama” (Zvirevo 14:34; 16:12.) “Basa rokururama richava rugare”, “zvibereko zvokururama zvichava kunyarara nokutendeka nokusingaperi” (Isaya 32:17). Uyo unoteerera murairo mutsvene kazhinji kacho anoremekedza nekuteerera mirairo yenyika. Uyo anotya Mwari achakudzawo Mambo mukuita kwake zvose zvakanaka pakutonga. Asi nyika yeFrance mukusafara kwayo yakarambidza Bhaibheri nevateveri varo. Mukupera kwemazana emakore achitevedzana, varume vakatendeka, vaiva nepfungwa dzakajeka nehunhu hwakasimba, avo vaiva nehushingi hwekumiririra kutenda kwavo vakzvigadzirira kutambudzikira zvokwadi- kwemazana emakore varime ava vakatambura vari mumajere, vakaurawa vachipondwa. Zviuru zvavo vakpona nekutiza; izvi zvikaitika kwemakore anosvika mazana maviri namakumi mashanu kubva pakatanga basa rekuparidza kudzorera vanhu kubhaibheri

Vashoma vanhu vakazvarwa vakakura muFrance vasina kumboona kutambudzwa kwevatendi vevhangeri panguva yavo, avo vaizotiza vachienda nenjere dzavo, nekugona kwavo Mabasa, nekurongeka kwavo, uye setsika yehupenyu, vaizonobudirira nekupfumisa nyika dzavaitizira kwadziri. Pavaipfimisawo nyika idzi zvairevawo kuti ivo vaisara vasina chavainacho. Dai zvose zvakadzingwa zvakashanda kupfumisa nyika yefrance, dai mumakore mazana matatu, hunyazve hwezvekuita Mabasa hwakachengetedzwa muFrance, vanhu ava vakarima ivhu remunyika iyi, dai hunyanzwi hwavo hwezvekugadzira zvinhi hwakaramba huri munyika, uye dai mumakore mazana matatu aya njere dzakapinza idzi dzakaramba dziri munyika dzichiburitsa zvinyorwa, dzichiita hunyanzvi yeSainzi nemichina, dzichitungamirira munezvekutongwa kwematunhu, vakashinga vaya vachirwa muhondo dzekudzivirira nyika, njere idzo dzaigadzira mitemo yekutongwa kwenyika, uye chitendero cheBhaibheri chichisimbisa njere nekutongwa kufunga kwevanhu, pangadai pakaita mbiri yakadini yaitenderedza nyika yefrance! Yaizova nyika huru, yakabudirira, inemufaro- iri muyenzaniso kumarudzi- izvi zvaigoneka!

“Asi mweya wehubofu nekusagona kuona zvinokosha wakadzinga mudzidzisi wehunhu kubva munyika, nyanzvi yekurongeka, avo vese vaimiririra chigaro chamambo vakatendeka, vakataura kuvarume vakanga vachaita kuti nyike ive chadzera chekubudirira vachiti, “imi vembiri panyika’, sarudzai zvamungada, kuuraiwa kana kuenda kunyika dzeutiziro. Pakupedzisira zvakaita kuti kuparara kwenyika iyi kuzadzikiswe; kwakasara kusina pfungwa dzingadziviswa; kusina chitendero chingaiswa kurufu, kusina vanipikisa hurumemnde vangaiswa kumajere”—(Wylie, b. 13, ch. 20). Kushanduka kwehutongi muFrance, nematambudziko acho ese ndiwo akava matuso acho. “Nekutiza kwakaita vanhu vainzi maHuguenots, kwakaunza munyika kudzikira kwehupenyu. Maguta kanga achikura munezvekugadzirwa kwezvinhi akatanga kudonha; matunhu kaknga achimboibva muenzvekurima kadzokera kuva renje rekare; kusafunga zvakapinza nekuora

kwehunhu zvakatevera nguva yekubudirira yakanga yadzoserwa sure. Guta reParis rakava musha wevarombo, varwere nevatana, uye zvinofungidzirwa kuti pakazotanga chimurenga, kwaknga kunevarombo vaipemha muparis vaisvika zviuru mazana maviri vaionekwa vachinopemha zvekudya paruoko rwamambo. Masoja aPapa chete ndivo vaibudirira munyika yakanga ichiwora, uye vaitonga nehumbimbindoga pamusoro pezvikoro nemaKereke, majere nenzvimbo dzekupondera vanhu."

Vangeri ringadai rakaunza muFrance minduro pamatambudziko ese anechekuita nezvematongerwo enyika, zvekugarisana kwevanhu, izvi zvakashaisa remuromo kuvafundisi, madzimambo, makurukota eparamende, zvikazopedzisira zvawisira nyika yose mukupandukirana nekuparara. Asi pasi pehutongi hweRome, vanhu vakanga varasa zvidzidzo zvakaropafadzwa zvinoti: kuzvipira nerudo rusina chindini zvakapiwa naMuponesi. Vakanga vatungamirirwa kubva patsika yakanaka yekuzviramba nokuda kwerudo kunevamwe. Vapfumimhavana kuwana kutsiurwa kuti varege kudzvinyirira varombo avo vakasara vasina rubatsiro mukubatata kwavo nokudzikisirwa. Chindini chevapfumi nevanemasimba chakaramba chichikura nekuremera vamwe. Kwemazana emakore, makaro nekushaya hanya kwevanokudzwa zvakaita kuti varwadzise nekutorera vanoshaya zvishoma zvavakanga vainazvo. Vapfumi vaikanganisira varombo, ukuwo varombo vachivenga vapfumi.

Mumatunhu mazhinji, dzimba nemimda zvaiva mumaoko evanokudzwa, zvikaita kuti vashandi vese vave maroja; uye vese vakava pasi pehutongi wevaridzi vedzimba dzavairoja, avao vaivamanikidza kuti vaite zvavaida nekuvatorera pfuma shoma yavaiva navyo nedzire dzisina kutsarukana. Mutoro wekutsigira sangano pamwechete nenyika wakaiswa pamusoro pevanhu vepasi, avo vaitorerwa mitero yakakurisa nevakuru vehurumende pamwechete nevafundisi veSangano. "kuita zvinofadza vanokudzwa waiva mutemo unofanira kutevedzwa; zvaiva nani kuti varimi nevanoshaiwa vafe havo nenzara vachigutsa vatongi vavo.

Vanhu vaimanikidzwa panguva yega-yega kuti vagare vachibvunza nekuita zvinodiwa nevatongi vavo. Hupenyu hwevaishanda muminda hwaiva wekufondotswa nebasa zvinosiririsa; kugunun'una kwavo, kana vaingakuiita, kwaigashirwa nehasha dzakaomarara. Matare edzomhosva ainyanya kuteerrea vanokudzwa kana vakakwidzwa kudare nemurombo; kugashidzwa fufuro ndihwo hwaiva hupenyu wevatongi vematare edzimhosva; uye kungochinja pfungwa kana maonero kwaitwa nevanokudza kwaitova nesimba remutemo, izvi zvikaita kuti huwori kuwire kusvika hwapararira neyika yese. Pamitero yaitorwa kuburikidza nevashandiri vehurmende nevafundisi vesangano, mishoma yacho ndiyo yaisvika kuhomwe yamambo kana yeSangano; mizhinji yaigumira muhomwe dzavo kuti vagutse makaro avo. Varume ivava vaitorera vavhu mitero kusiya vave varombo, ivo vakanga vakasunungurwa pakuripa mitero, uye mutemo waivapa kodzero ivo chete wekuwana Mabasa muhurumende. Boka revanhu vaive nerombo

rakanaka rekuwana Mabasa nepfuma ava raisvika huwandu hunoita zviuru zana anezviuru makumi mashanu, asi kuti vagutswe pamakaro avo vaida mamirioni emari yaifanira kubva kuvarombo vaitambudzika vasina Tariro muhupenyu.

Dare ramabo rakasara rave remafaro nekushaya hanya. Pakanga pasina hukama hwekuvimbana pakati pevanhu nevatongi. Kufungirana kwaivapo panezvose zvaingada kuitwa nehurumemde nekuti zvaitungamirirwa nechindini. Kwemakore anopfuura makumi mashanu chimurenga chisati chasimuka, chigaro choushe chaitingwa namabo Louis wegumi nechishanu (XV), uyo, kunyangwe munguva dzakaipa idzodzo, aizivikanwa samambo wehusimbe, kushaya mano, uye aida mafaro. Nekuda kwehutongi hwakakombama, uye vashandi varombo vepasi vasina ruzivo, nyika yakawira pasi munyaya dzezveupfumi, vanhu vakagumbuka zvikuru, zvekuti hazvaida ziso remuporofita kuona kumukirana kwaizotevera pamberi. Payambiro dzose dzaipiwa nanachipangamazano vake, mabo aiwaopindura achiti: “Edzai kuita kuti zvinhu sezvazviri zvirambe zvichienda mberi kunyangwe ini ndichiri pachigaro uye ndiri mupenyu; kana ndazofa zvingazovawo hazvo zvazvichava.” Kuedza kukurudzira kuti paitwe matanho eshanduko zvakashaya basa. Mambo aiona zvakaipa izvi, asi akanga asina zano kana hushing rekuzvigadzirisa. Nhamo yakanga irikuzowira nyika yeFrance yakanyatsoburitswa pachena zvedi mumashoko ake echindiniasina njere paakapindura kuti: “kana ini ndabva, kuchauya dutu!”

Pakushanda kwayo kuti imutse ruvengo rwemadzimambo, negodo revatongi, Rome yakafurira madzimambo nevatongi kuti vagare vakaisa vanhu muhubatwa, vachiziva zvavo kuti zvichapedza simba rehurumende, izvi vachizviitira kuti pakupedzisira uchava mukana wavo wekuzotonga zvese madzimambo nevanhu vavo. Nemuono urimberi, Rome yakaisa mitemo yaizoisa vanhu pasi pehutongi hwayo zvachose, zvekuti makashu avo aizosunga mweya yevanhu; saka kuti vazogona kuramba vari pasi pehutongi hwavo, vanbu nhasi vaifanira kupiwa rusununguko runovasungirira mangwana. Chimwe chakaitwa neRome chakaipisisa kupfuura kurwadziwa panyama, kuwora kwehunhu hwevanhu.

Nekushaiswa Bhaibheri, nekusadzidziswa kwetsika dzakanaka dzekubvisa chindini, vanhu vakasara vakatenderredzwa nekushaya zivo pamwe nekutenda mashura, uye vakanyura muhuipi hwese hwaivatadzisa kuti vagone kuzvitonga kana kuumba hurumende yakanaka. Asi mashandiro ezvinhu izvi akazopfuura paifungidzirwa neRome. Panzvimbo yekuisa vanhu pasi pehutongi hwedzidziso dzayo, basa rayo rakagadzira vanhu kuvaita vahedheni nevapanduki. Vanhu vakavenga maitiro eRome vakazvidza basa revaprisita. Vakaona vafundisi sebazi rezve kudzwinyirirwa kwavo. Mwari wavaiziva ndimwari weRome; dzidziso dzayo ndidzo dzaiva chitendero chavo bedzi. Vakaona sekuti makaro eSangano nehutsinye ndiyo michero inbva mudzidziso dzeBhaibheri, saka vakavenga zvese.

Rome yakanga yetadza kumiririra chimiro chaMwari ikakanganisa zvimiso Zvake, saka zvino vanhu vakatanga kuramba Bhaibheri pamechete nemupi waro. Rome yakanga yatungamirira vanhu kuita kutenda kusina maziso mudzidziso dzayo, idzo dzayaiti ndiro bhaibheri. Semhinduro kuzvinyorwa izvi, vanyori vakafanana naVoltaire nevamwe vake vakasarudza kurasa Shoko raMwari zvachose vakaparidzira kwese kwese muchetura wechihedheni. Rome yakanga yatswa vanhu muduri rayo redare; zvino veruzhinji, vakanga vakuvadzwa nekudzikisirwa, saka mukuedza kupukunyuka pahubatwa hwayo, vakabvisa kuzvidzora kwese. Vanhu vakanga vatsamwisa nehumbimbindoga nehutsotsi hwavakaona kwemakore mazhinji, saka vakaramba zvokwadi nenhema zvese pamwechete; zvekuti avo vakazotanga dzidziso yakaipa iya yekukudza pfungwa dzavo, vakaita mhosho yekutenda pfungwa dzavo vachifunga kuti ndirwo rusununguko.

Pakutanga kwakaita chimurenga, mambo akatendera kuti vanhu vaunze vamirириri vavo vakanga vakapfuura muhuwandu dare revatongi pamwechete nevafundisi vakasaniswa. Iye mambo aifunga kuti izvi zvaizomupa simba iye mumaoko ake, asi vanhu Havana kuzozvigamichira kuti vamutendere kutungamira hurukuro mudare semaonero ake. Vanhu vainechidiso chekuti vagadzirise zvakaipa zvaivatambudza mukugara kwavo, vasunda nesimba kuti vaida kuona shanduko ichiitwa mukuvakwa patsva kwemararmiro evanhu munyika. Chaunga ichi chevanhu vakanga vaine hasha dzekutambudzika nenhamo kwenguva refu, chakasarudza kutanga chimurenga cheshanduko yaizobvisa nekutsiva avo vaivaomesera muhupenyu kubva pazvigaro zvekutonga. Vanhu vaimbodzvinyirirwa ava vakanga vadzidza kubva kuvadzvinyiriri vavo saka zvinhu zvakapidiguka, zvikaita kuti vaimbotonga vabatwe nesimba neavo vavaimbodzvinyirira.

France yakasara isina mufaro nekuti yakanga yave kukohwa neropa goho rayakadyara. Matuso ekuzvipa kwayo pasi peRome akanga akaoma. Panzvimbo iyo France yakanga yaisa chibayiro chekuuraya vatsvene ichitungamirirwa nerome, ndipowo panzvimbo iyo Chimurenga chakaisa matandana ekutanga ekubata muchina waishandiswa kugura misoro yevadzvinyiriri. Panzvimbo imwecheteyo apo pakaurairwa vatendi waJesu vekutanga vachifira kuparidza shanduko muchitendero mumakore eSenjuri yekumi nenhanhatu, ndipowo panzvimbo imwecheteyo pakadimburwa misoro yevadzvinyriri vekutanga musenjuri yegumi nesere. Mukuramba bhaibheri, iro ringadai rakanza kurapwa pakati pevanhu, France yakanga yazarura masuo kukapinda kusazvidzora nekuparadza. Kudzora kweShoko raMwari pakwakashaikwa munyika, zvakazoonekwa kuti mitemo yevanhu haigoni kumisa hasha dzevanhu dzinesimba kana dzasimuka.; saka nyika yakapinda mumhirizhonga yakumukkirana zvinotyisa. Hondo yekurwisa Bhaibheri yakagadza chikamu chenguva apo pasi rese rakaona kaitiro kehasha dzevanhu. Runyararo nerufaro zvakanga zvisisimo mumisha nemumoyo yevahu. Hakuna munhu akanga akagadzikana panguva iyi. Uyo aikunda nhasi, mangana aifuma achirongerwa,

nekutongwa nekuparadzwa. Mhirozhonga neruchiva ndizvo zvakava kudya kwemazuva ese, pasina anogona kuzvimisa.

Mambo, vafundisi, nevanokudzwa vese vakamanikidzwa kuzvipa kuvanhu avo vakanga varikupenga nehasha dzinehutsinye. Nyota yavo yekutsiva yaizongogutswa bedzi kana vakauraya mambo; asi avo vakatongera mambo rufu navowo vakamutevera kumatandanda kunouraiwa. Pakarongwa kuti kuurawe vanhu vose vaifungidzirwa kuti ndivo vakanga varonga Chimurenga ichi. Majere akazara akapfachukira nevasungwa, paneimwe nguva kwakanga kunavasungwa vaisvika zviuru mazana maviri panguva imwechete. Mumaguta enyika ese makaitwa zvinotyisa zvinokunda mazwi kutsanangura.

Mapato echimurenga akamuka akawanda zvekuti akazotanga kurwisanawo pachawo, nyika yeFrance ikashanduka kuva bani rehondo yevanhu vazhinji, vaisundwa nehasha dzezvidiso zvavo. “Muguta reParis, kumukirana kwaiva mutemo wezuva rega-rega, uye vagary vemo vakanga vaparadzana muzvipoka-zvipoka zvekuvengana, izvi zvaisagutsikana kana chimwe chipoka chisina kuparadzwa. Kuwedzera panhamo iyi, nyika yefrance yakabva yapindawo mukurwa nedzimwe nyika huru dzemuEurope. “Nyika yakasara isisna mari, masoja achiratidzirawo vachida muhoro wavo, vanhu nuguta reParis vakatanga kufa nenzara, kumatunhu enyika kukaparadzwa nemapoka anopfuurikidza mwero, budiriro ikashaikwa munyika kukangosra mhirizhonga nehutsinye”.

Vanhu vakanga vadzidziswa hutsinye hwese uhu pamutongero weRome. Zuva rekutsiva rakanga rasvika. Yakazosvikawo nguva yekuti vateveri vaJesu vabatwe nekuurawa nekuiswa mumajere. Kare vanhu ava vakanga vambotambura vachidzingirirwa kuenda kunyika dzeupoteri. Rome yakatanga kuona masimba akaipa ayakanga yagadzira aingogutsikana nekudeura ropa. “Muenzaniso wekutambudza vanhu uyo vafundisi vemuFrance vakaratidza kwemakore mazhinji, wakanga wavekuvadzokera ivo nesimba rinopfuura nekuipa. Matanda ekudimbura misoro akatvuka neropa revaprisita. Majeri nemakomba makanga mabozadzwa kare nemaHuguenots, makanga zvino Mazara nevaya vakavatambudza. VaPrisita weRome vakatambudzika vakasungwa nemaketani nekumanikidzwa, vafundisi vesangano reKaturike vakasangana nenhamo dzose idzo kereke yavo yakanga yambonesa vanhu kare.

“Kwakazosvikawo mazuva ayo apo kwakagadzirwa mutemo wakaisvoipa; uchigadzirwa nedare risinapfungwa, apo munhu ainzi haafaniri kukwazisa muvakidzani wake kana kunamata … nokuti izvi kwainge kuri kupara mhosva ingatongerwa rufu; ndokubva kwaiswa vasori vaigara vakahwandira mumakona, kuti vanenge vapara mhaka iyi vaiswe kumatanda ekupondwa uko kwaiurawa vanhu manganani ega-ega; ukuwo majere akazara nevasungwa, sezvaiita zvikepe zvaichengeterwa varanda, izvo zvaigara zvichiyerera ropa richipinda munyanza … munzira dzemuguta reParis, ngoro dzaigara dzakazara dzichitakura vapari vemhosva iyi, vamirириri, avo vakanga vatumwa nedare

rinokudzwa kumapazi, vaiunza miviko yekawamzwa manyepo anehutsinye, zvisina kumboonekwa muguta. Banga remuchina wekugura misoro raisimuka richidzika nekunonoka mumaziso evaurayi. Midungwe yakareba yevasungwa yaifambiswa ichisundwa nemasaga akazara mabhora esimbi. Zvikepe zvakazara vasungwa zvaiboorwa maburi anopinza mvura kuti zvinyure munyanza. Guta reLyons ralashandurwa kuva renje. MuArras, makarambidzwa rufu rwunorwadza rwaingapiwa vasungwa. Rwizi Loire, rurefu rwemuFrance, kubvira kumusoro kwaro kuSaumur kusvika kunyanza, mazazo eshiri dzedenga aionekwa achiita mabiko ekudya zvitunha zvevanhu, zvimwe zvzkanga zvakasonanidzwa pamwechete kana kumbundirana. Hakuna tsitsi dzairatidzwa kumurume kana mukadzi kana zera remunhu. Huwangu hwevakomana nevasikana vechidiki vanemakore angaita gumi nemanomwe vakauraiwa nehurumende yehutsinye iyi, hunosvika kumazana nemazanan. Vana vacheche vaibvutwa pazamu ramai vachiroverwa pamiseve yematanda yakanga yakagadzirwa. Munguva pfupi yemakore gumi, vanhu vazhinji-zhinji vakanga vaparadzwa.

Izvi zvese zvaiitika nenzira iyo Satani akanga akaronga. Ndizvo zvaaishandira kwemakore mazhinji kuti zvibudirire. Basa rake ndeerekunyengera kubva kwekutanga kusvika kumagumo, uye chinangwa chake ndechekuunza nhamo nematambudziko pamusoro perudzi rwevana vevanhu, kuti akanganise nekusvibisa basa remaoko aMwari, kuti asvibise zvinangwa zvinoyera zverudo rwaMwari, kuti aunze kuchema meDenga. Nenzira dzake dzakarongwa nehunyanzvi anonyengera ndangariro dzevanhu, oita kuti vanhu vashoore nekupomera Mwari, sezvinonzi matambudziko ese aya arikubva pakuronga kwaMwari. Nenzira imwecheteyo, kana avo vanga vambotambudzwa nekuwisirwa pasi nehutsinye hwake vakazowana rusununguko, anovakurudzira kuti vatsive nohutsinye nekupfuurikidza mwero. Zvese izvi zvinoonekwa nevanotonga nechisimba nehudzvanyiriri semunongedzo werusununguko.

Kana chakaipa chikaonekwa nenguwo yacho, satani anoshandura ochipfekedza imwe nguwo yekurasisa, vazhinji vochigashirazve nemufaro sezvavamboita chekutanga. Vanhu pavakaona kuti hurumende yetsika dzeRome yaiva nehunyengeri, ndokubva satani atadza kuramba achifambisa basa rake kuburikidza nevamirriri vake rekutyora mutemo waMwari, akaita kuti vanhu vafunge kuti nyaya dzese dzekunamata manyepo nehunyengeri, uye kuti Bhaibheri manyepo nengano dzemano; uye, vachirasira pasi zvitsvene zvaMwari, vakazvipa musimba risingatuvidzvi rekurasika.

Mhosho inourayisa yakaitwa ikaunza nhamo kuvagari venyika yeFrance, yaiva yekutsinzinyira chokwadi ichi chikuru chekuti: rusunguko rwechokwadi rwunowanikwa munezvakanyorwa pamutemo waMwari. “Haiwa, dai wakateerera hako mirairo yangu! Rugare rwako rungadai rwakaita sorwizi, nokururama kwako samafungu egungwa.” “Zvanzi naJehovha, vakaipa havana rugare.” “Asi ani nani anonditeerera achagara zvakasimba, Achagadzikana, asingatyi zvakaipa”- (Isaya 48:18, 22; Zvirevo 1:33).

Vanoramba Mwari, vahedheni, nevakapandukira Mwari nekuramba mutemo wake; asi matuso avo anoratidza pachena kuti zvakanakira munhu kuterera Mashoko Matsvene aMwari. Avo vangatadza havo kuverenga chidzidzo ichi kubva mubhuku raMwari, vangaverenga havo kubva munhoroondo yemarudzi evanhu.

Satani paakashanda kuburikidza neSangano reRome achibvisa vanhu kubva pakuteerera, Mabasa ake akanga akavanzika, uye basa rake rakanga rakavigwa zvakadaro zvekuti kudzikira kwehunhu nenhamo dzakapinda muvanhu hazvina kuonekwa sematuso ekusateerera. Asiwo simba rake rakatodziviswa nekushanda kwaMweya Mutsvene zvekuti zvinangwa zvake Satani hazvina kuzosvika pazvaifanira kusvika chaipo. Vanhu Havana kuita hanya yekunyatso tsvakurudza nekuona kuti nhamo dzavo dzaibva papi chaipo. Asi panguva yeChimurenga ichi, Bhaibheri rakanyatso sendekwa parutivi zviripachena nedare rehurumende yenyika. Zvekuti mukuzobata kwakaita masimba erima pakati pevanhu, zvaiva pachena kunavose kuti chii chakonzeresa.

Niyka yeFrance payakaramba zvirpachena nekusendeka parutivi Bhaibheri, vanhu vakaisvoipa nemweya yerima vakabudirira kugadzira chinhu icho chaidikanwa naSatani—rudzi nehumambo husingateveri kana kudzorwa nemutemo waMwari. Nekuda kwekuti rutongo pamusoro pechivi ichi haruna kukasika kusvika, “moyo yevanakomana vevanhu inotsungirira kuita zvakaipa” (Muparidzi 8:11). Asi kuputswa kwemutemo wakarurama mutsvene kunofanira kutungamirira mukuparadzwa. Kunyangwe zvavo kuparadzwa kusina kuuya panguva iyoyo, huipi hwevanhu ndihwo hwakasanobata hushe mukuparadza. Mazana emakore ekurasika nekuparwa kwemhosva zvakanga zvichiunganidzira hasha dzezuva guru rekutsiva; uye apo mukombe wezvakaipa pawakazara, vanozvidza mwari vakazodzidza kuti chinhu chakaipa kuzvidza zvitsvene nemoyo murefu waMwari. Simba remweya mutvene waMwari wekudzora nekubata mhepo, iro rinoshanda kumisa simba rakaipa rehutsinye hwasatani, rakabviswa nesimba guru, zvekuti uyo anongofarira hake kuona kutambudzika kwevanhu akatenderwa kushanda madiro ake.

Avo vose vakanga vasarudza kubata hushe pamwechete nemupanduki vakasiiwa vachikohwa goho ravo kusvikira nyika yazara nemhosva dzakakura kudarika mashoko anganyorwa kutsanangura. Kubva mumatunhu akanga ari munhamo kusvika kumaguta kwakanzwika kuungudza, kuchema kwekurwadziwa kukuru. France yakazununguswa sekunge paine kudengenyeka kwenyika. Chitendero, mitemo, kugarisana kwevanhu, mhuri, nyika, neSangano—zvese izvi zvakawisirwa pasi neruoko rusina tsitsi rwakanga rwasimudzwa kuputsa mutemo waMwari. Ichokwadi chakataurwa nemuchenjeri: “Wakaipa uchawiswa nezvakaipa zvake.” “Kunyangwe mutadzi akaita zvakaipa rune zana, akava namazuva mazhinji, kunyangwe zvakadaro, ndinoziva zvirokwazvo kuti vanotya Mwari, vanotya pamberi pake: asi wakaipa haangagari zvakanaka” Zvirevo 11:5; Muparidzi 8:12, 13. “Zvavakavenga zivo, vakasazvitsaurira kutya Jehovha;” “Naizvozvo vachadya zvibereko zvenzira yavo; vachagutswa namano avo” Zvirevo 1:29, 31.

Zvapupu zvakatendeka zvaMwari, zvakanga zvaurawa nesimba rinomhura iro, “rakakwira richibva mugomba rakadzika-dzika”, zvaisazonyardzwa kwenguva yakareba. “Zvino mazvuva matatu nehafu akati apfuvura, mweya wovupenyu, wakabva kunaMwari, ukapinda mukati mavo, vakamira netsoka dzavo, kutya kukuru kukawira vose vakavavona” (Zvakazarurwa 11:11). Maiva mugore ra1793 apo mitemmo nechirevo chekumisa chitendero nekurambidza Bhaibheri zvakaitwa nedare ReParemende yeFrance. Makore matatu nehafu akatevera, pakazoitwa chisungo chekubvisa mitemo iyi, kukatenderwa kuverengwa kwebhaibheri, izvi zvichiitwa nedare rimwechetero. Nyika yakamira ichishamisika nekukura kwenjodzi yakanga yakonzerwa nekuramba Zvirevo Zvitsvene, vanhu vakadzidza kukosha kwekutenda munaMwari neShoko rake sehwaro hwehuchenjeri nehunhu. Zvanzi naJehovha: “Ndiyaniko wawakatuka nokuzvidza? Wakazvikudza kunaniko nezwi rako, meso ako akatarira kunaniko kudenga? NdiMutsvene waIsraeri!” (Isaya 37:23). “Naizvozvo, tarirai, ndichavazivisa, ndichavazivisa panguva ino chete ruoko rwangu nesimba rangu; vachaziva kuti zita rangu ndiJehovha” (Jeremiya 16:21)

Pamusoro pezvapupu zviviri, muporofita anowedzera kutaura achiti: “Ipapo vakanzwa izwi guru, rinobva kudenga, richiti kwavari: kwirai pano. Vakakwira kudenga negore, vavengi vavo vakavavona” Zvakazarurwa 11:12. Sezvo France yakanga yaita hondo nezvapupu zviviri zvaMwari, zvakazoukudzwa zvakanga zvisina kumboonekwa. Mugore ra1804, kwakaparurwa Sangano rezvekunyorw nekushambadzwa kweBhaibheri rinonzi “The British and Foreign Bible Society.” Iri rakateverwa nekurongwa kwemamwe masangano akadaro, akanga aine mapazi mazhinji mudunhu reEurope. Mugore ra1816, kwakatangawo ku America sangano rakadaro rinonzi: “The American Bible Society.” Pakavambwa kweSangano reBhaibheri reku Britain, Bahibheri rakadhindwa rikatendererdzwa mundini dzinosvika makumi mashanu. Kusvikira nhasi Bhaibheri raiswa mundimi dzinopfuura mazana mazhinji.

Makore anosvika makumi mashanu gore ra 1792 risati rasvika, kwakanga kwaitwa basa shoma rekuparidzwa kweVhangeri kunyika dzirimhiri kwenyanza. Hakuna mibatanidzwa yebasa iri yakanga yatangwa, uye kwaiva nemaKereke mashoma akanga achiita basa rekuparidzira vhangeri kunyika dzevahedheni. Asi pakunopera kweSenjuri yegumi nesere pakaitika shanduko huru. Vanhu vakatanga kusagutsikana nezvaibuda padzidziso dzekushandisa pfungwa sechimwari, vakatanga kuona kukosha kwezvakaburitswa pachena neMweya waMwari mushoko rake nezvechitendero. Kubva panguva iyi, muono wekuparidza vhangeri kune dzimwe nyika wakamutswa ukafambiswa nekukura zvakanyanya.

Budiriro irikuitika munezvekudhindwa kwezvinyorwa yakawedzera kufamba kwebasa rekuendeswa kweBhaibheri kuvanhu. Kuwedzera kwezvekushandisa panyaya dzekufambiswa kwemashoko pakati pemarudzi evanhu, kuputswa kwemidhuri

yaiparadzanisa vanhu/ marudzi kare, nekudonha kwakaita hutongi waPapa mune zvematongerwo enyika kwakazarura nzira yekufambiswa nekupinda kweShoko raMwari. Kwemakore mazhinji, Bhaibheri ratengeswa zvisina zvimhingamupinyi mumaguta eRome, uye raendeswa kunyika dzose dzinogara vanhu pasi rino.

Murume wekusatenda anonzi Voltaire, akambotaura achizvikudza achiti: “Ndaneta pandinonzwa vanhu vachidzokorora mashoko ekuti varume gumi nevaviri ndivo vakatanga chitendero cheChikristu. Ndicharatidza kuti murume umwechete anoringana kuchiwisira pasi.” Asi zvino kwapfuura marudzi nemarudzi evanhu iye afa. Mamirioni evanhu vakabata nekushanda muhondo yekurwisa bhaibheri. Asi harisati raparadzwa, zvekuti paiva nevanhu zana mumazuva aVoltaire, iyezvini pave nevanhu zviuru gumi, uye ichokwadi kuti pavewo nemaBhaibheri zviuru zana. Mumazwi eumwe muparidzi wevhangeri wemazuva ekutanga eruvandudzo, achitaura pamusoro peKereke yeChikristu anoti: “Bhaibheri chipfuriro chapedza sando zhinji.” Zvanzi naJehovha: “Hakuna nhumbi yokurwa inopfurwa ingauya kuzorwa newe ingabudirira; rurimi rumwe norumwe runokukwirira kpakutongwa ruchapiwa mhosva” Isaya 54:17.

“Asi shoko raMwari wedu richgara nokusingaperi.” “Mirairo yake yose yakasimba. Yakasimba nokusingaperi-peri, yakaitwa nezvokwadi nokururama” Isaya 40:8; Mapisarema 111:7, 8. Chese chinovakwa pamusoro pesimba remunhu chichawisirwa pasi; asi chose chichavakwa pamusoro pehwaro hweShoko raMwari risinadzimi chichamira nekusingaperi.

Chitsauko 16 Madzibaba evafambi

Vavandudzi vezvechitendero vekuEngland, pavairamba dzidziso dzeRoma, vakachengetedza minongedzo yacho mizhinji. Kunyangwe Roma yakange iine simba nezvinyorwa, hakuna tsika nemitambo yakawanikwa mukereke yeEngland. Zvakawanikwa kuti zvinhu izvi hazvinei nekufunga kwemunhu; kunyange zvakanga zvisingawanikwe mushoko, uye zvisina maturo, zvisingarambidzwe zvakare, mazviri makanga musina kuipa. Kuchengetedzwa kwetsika idzi nemitambo iyi, zvakadukupisa mukaha wemakereke akashanduka akabuda muRoma, uye zvichitsanangurwa kuti makereke anopesana neRoma padzidziso anogamuchirwa neveRoma. Pfungwa idzi dzairatidza sokunge kusina mamwe maonero.

Asi kwakange kuine rimwe boka raive nemamwe maonero. Pfungwa yokuti tsika idzi “dzaiita sokuti dzaibatanidza mupata uri pakati peRoma nevavandudzi” (Martyn, volume 5, peji 22), mukufunga kwavo vaiti vapedzeredza nevaichengetedza chokwadi. Vaivatarisa sekunge vasunungurwa kubva munyembe dzehunhapwa, uye kuti vakange vasisina mukana wokudzokerazve. Vakange vakasimbira pakuti Mwari akaisa mushoko rake mitemo inotungamirira manamatirwo ake, uye kuti vanhu havana mvumo yokuwedzera kana kutapudza kubva pazviri. Kutanga kwokuputsika chaiko kwaiva pakuwedzera simba raMwari kubva kukereke. Roma yakatanga nokudzidzisa zvinhu zvakanga zvisina kutaurwa naMwari, ndokupedzisira nokurambidza izvo Mwari akanga abvumidza.

Vazhinji vaidisa zvikuru kudzokera kukururama, uye kuperera kwaiva mukereke yokutanga. Vaitora kusimudzirwa kwetsika nekereke yeEngland sezvimiso zvokunamata zvifananidzo, uye havana kugona kupikisana nepfungwa dzavo zvokubatana nekereke kunamata nenzira iyi. Asi kereke, ichitsigirwa nemasimba evatongi, haina kutendera vanopikisana nayo kana vanemamwe maonero pamusoro pezvayaiita. Mutemo waitomanikidza kupinda mukereke, uye kuungana kwokunamata kusina kubvumidzwa kwairambidzwa nemutongo wejere, hunhapwa kana rufu.

Mukutanga kwemakore eSenjuri yegumi nemanomwe, mambo uyo akanga achangogadzwa kutonga hushe muEngland akaburitsa pachena shungu dzake dzekuda kuti vanhu vainzi maPuritans “vashanduke nekufanana nevamwe….kana kuti vodzingwa munyika …kana kuti vaizotirwa zvinopfuura nekuipa”—(George Bancroft, History of the United States of America, pt. 1, ch. 12, par. 6). Vakavhimiwa, vakatambudzwa, vakaiswa mumajeri, vakaona ramangwana ravo kuti ranga risina vimbiso yezvirinani, asi vazhinji vavo vakabvuma vakazvipira kuti vaizoshumira Mwari zvinoenderana nezvavaiziva mupfungwa dzavo “Nyika yeEngland yakanga irikuratidza zvachose kuti yainge isisagarike”—(J. G. Palfrey, History of New England, ch. 3, par. 43). Vamwe vakazogumisira vazvipira kunotsvaga kupotera munyika yeHolland. Kuomerwa nehupenyu, kurasikirwa nepfuma, uye kusungwa nekuiswa mumajeri ndizvo

zvavakasangana nazvo. Zinangwa zvavo zvaikoneswa, uye vaitengeswa vachiiswa mumaoko evavengi vavo. Asi kutsungirira kwakazokurira pekupedzisira, vakazowana pekugara muzvimbo dziri mumahombekombe enyika yevanhu verudzi rwemaDutch.

Pakutiza kwavo vakasiya misha, pfuma yavo, uye nzira dzavo dzese dzendaramo. Vakava vaeni munyika yehutorwa, pakati pevanhu verurimi netsika dzakasiyana nedzavo. Izvi zvakava manikidzira kutsvaga nzira itsva dzekurarama nadzo kuti vawane zvekudya. Varume vezera repakati, vakanga vajaira kurima ivhu, vakanga zvino vave kufanira kudzidzira Mabasa ekushandisa michina. Asi vakagamuchira havo hupenyu hutsva uhu nemufaro zvekuti havana kupambadza nguva vachishaya zvekuita kana kugunun'una nekudemba. Kunyangwe dzimwe nguva vairwadziwa nehurombo, vakatenda Mwari nechikomborero chavakanga vapiwa vakawana rufaro rwavo muruwadzano rwepamweya. "Vaiziva kuti vakanga vari vafambi, saka Havana zvizhinji zvavaitarisira, asi vakasimudzira meso avo kudenga, inova nyika yavaidisisa, vakanyardzwa mweya yavo".— (Bancroft, pt. 1, ch. 12, par. 15).

Mukati mehutiziro nekuomerwa nehupenyu, rudo rwavo nekutenda kwavo zvakawedzera kukura. Vaitenda kuvimbiso dzaJehovha, iye haana kuvasiya panguva dzavaimudisa. Ngirozi dzake dzaiva parutivi pavo kuvakurudzira nekuvatsigira. Zvekuti apo ruoko rwaMwari parwakaratidza kuti rwaivanongedzera kunyika yaiva mhiri kwenyanza, uko kwavaigona kuzviwanira nyika yavo, kwavaizogona kusiira vana vavo nhaka yekunamata vakasununguka, vakaenda mberi vasingatyi, varimunzira yezvikomborero. Mwari akanga atendera miyedzo kuti iwire vanhu vake senzira yekuvagadzirira chinangwa chake navo. Kereke yaMwari yakanga yambodzikisirwa pasi, kuitira kuti igozosimudzirwa. Mwari vakanga voda zvino kuratidza simba ravo kuburikidza neKereke, kuti vape kunyika humbowo hwekuti havazosiyi avo vanovimba naMwari.

Mwari vakanga vakonesa zviitiko zvesimba raSatani, nekuronga kwevanhu vakaipa kuti varatidze mbiri yavo uye kuti vasvitse vanhu vavo kunyika yavaizowana kuchengetedzeka. Kutambudzwa nekuzonogara muhutorwa zvaivhura nzira yekusununguru. Pakutanga pavakasundwa kuti vaparadzane neSangano remuEngland, maPuritans vakanga vabatanidzwa nemhiko inokosha, sevanhu vakasununguka vaMwari, "kufamba pamwechete munzira dake dzose idzo dzakanga dzichizikanwa uye dzaizoziviswa kwavari mune ramangwana"—(J. Brown, The Pilgrim Fathers, peji 74). Uyu ndiwo mweya wezvokwadi wekusanduka, chimiso chinokosha chekuva vateveri vaMwari. Nekuda kwechinangwa vafambi ava vakasimuka kubva muHolland kunotsvaga musha munyika itsva. Mufundisi wavo anonzi John Robertson, uyo akakoneswa kuenda navo, mumashoko ake ekuwonekana navo akati: "hama dzangu, tasvika zvino panguva yekuparadzana, uye Jehovha ega ndiye anoziva kana ndichararama kuzoonazve huso hwenyu zvakare. Asi kunyangwe Ishe vakazvitendera kana kwete, ndinokurairai nhasi

pamberi paMwari nevatumwa vake vakaropafadzwa kuti musanditevera kupfuura pandakasvika kutevera Kristu. Kana Mwari vakazokuratidzai chimwe chimnhu nenzira dzake, gadzirirai kuchigamuchira sezvamaingaita muchigamuchira zvokwadi yandaikudzidzisai, nekuti ndinotenda kuti Mwari vachine imwe zvokwadi nechiedza chavachaburitsa kubva mushoko ravo dzvene." -(Martyn 5:70).

"Kana ndirini, handigoni kugutsikana nechimiro chemasangano akabuda muRoma, avo vasvika panguva ino muchitendero, asi vasingagoni kusvika parizvino, kupfuurira mberi vachitsvaga zvinopfuura zvavakadzidza panguva reRuvandudzo. Vatendi veLutheran havasi kugona kudhonzwa kuti vapfuure zvakaonekwa naLuther;… uye vatendi vechiCalvinist, munoona kuti vanobata vakasimba vari pavakasiirwa nemunhu uya waMwari, asi asina kugona kuona zvinhu zvose. Ichi chinhu chinosiririsa kwazvo nekuchemedza; nokuti kunyangwe vaiva mwenje inpfuta pamazuva avo, asi havana kugona kupinda zvakadzika munezvose zvakarairwa naMwari, zvekuti dai vari vapenyu nhasi, vangadai vakazvigadzirira kugamuchira chimwe chiedza chinopfuura nekunaka pane chavagamuchira pekutanga —(D. Neal, History of the Puritans 1:269.)

"Rangarirai mhiko yeSangano yamakaita, iyo makabvuma kuti muchafamba munzira dzose dzaMwari dzaakazivisa kana dzaachazivisa kwamuri. Ranagrirai vimbiro yenyu uye mhiko yamakita pakati penyu kuti muchagamuchira zvokwadi nechiedza chose chamuchaziviswa kubva muShoko rake, asi zvakadaro, Mwari; chenjerai, ndino kukumbirai kuti icho muchagamuchira sechokwadi, munofanira kuchienzanisa nekuchiyera nemagwaro ezvokwadi musati machigashira, nokuti hazvigoneki kuti nyika yemaKristu iyo irikubuda kubva mukati merima guru ra antiKristu, kuti zvibve zvangojeka nekuzwisisika kamwe-kamwe!" –(Martyn, vol. 5, pp. 70, 71).

Nekuda kwechidiso chekusununguka mupfungwa, vafambi ava vakatsunga mukurema kwerwendo rwakareba rwekuyambuka nyanza, vakatsungirira kurema uye njodzi dzemurenje, asi nechikomborero chaMwari vaksvika mumahombekombe enyika yeAmerica, hukava hwaro hwenyika inesimba. Kunyangwe zvazvo vafambi ava vakanga vakatendeka vachitya Mwari, havana kugona kunzwisisa chimiso chikuru chekusununguka kwemunhu pane zvekunamata. Rusunguko rwavakashingairira kurwuwana ivo, havana kuzogona kurwupa kune vamwe. "Vanhu vashoma kunyangwe vaiva nepfungwa dzakanaka muSenjuri yegumi nemanomwe, vakatadza kunzwisisa kukosha kwechimiso ichi, icho chinoburitswa pachena muTestamendei Itsva, kuti Mwari chete ndiye mutongi panyaya dzechitendero chemunhu." –(Martyn, vol. 5:297) Dzidziso yekuti mwari akapa simba kuKereke rekutungamirira nekudzora pfungwa dzevanhu, uye kutendeka mhosho nekurova neshamhu, inemidzi yayo yakadzika mudzidziso dzakatsauka dzakaiswa naPapa. Kunyangwe zvazvo varume vakashanda kuvandudza kereke vakaramba zvinyorwa zvemitemo yeRome, havanawo kuzonyatso sununguka kubva pamweya wekusabvumira. Rima guru redzidziso dzenhema rakanga raputira chiKristu kwenguva refu, rakanga risati

ranyatsopera panguva iyi. Umwe mufundisi wemunzvimbo yeMassachusetts akataura achiti: “inyaya yekubvumira yakaita kuti nyika yose isa gamuchira chiKristu; uye Kereke haina kuva nehanya nekushungurudzwa kwevadzidzisi venhema.”- Vol 5, p.335). Kwakaiswa mutemo nevatongi wekuti nhengo dzesangano bedzi ndidzo dzaitenderwa kuva nezwi munezvekutonga kwehurumende. Izvi zvinoreva kuti pakagadzirwa hurumende yaitongwa neKereke, vanhu vese vakasungirwa kuti vabvise mari yekutsigira basa revafundisi, uyewo vatongi mumatare edzimhosva vakapiwa simba rekutsikirira vanhu vanodzidzisa manyepo. Nokudaro, simba rezvematongerwo enyika rakava mumaoko eSangano. Hazvina kutora nguva zvisati zvatungamirira mukutambudzwa kwevatendi.

Makore gumi nerimwe kubva pakavambwa nyika yekutanga, murume anonzi Roger Williams akasvika munyika Itsva iyi. Sezvakanga zvaita madzibaba evafambi vekutanga, Williams akanga auya kuzokomborerwa nerusununguko rwekunamata, asi hazvina kudaro, nokuti akaona izvo vashoma venguva yake vakaona, kuti rusununguko rwakanga rwusiri rwevanhu vese, sezvingaita mitemo yavo. Williams aivawo mutsvagi wezvokwadi airevesa, nekuti aitenda saRobinson kuti chiedza chaMwari chakanga chichigere kuzarurwa chese. Williams “akava munhu wekutanga munguva iyi yeChikristu kuumba hurumende yezvekutongwa kwevanhu iine dingindira rinoti Madzibaba evafambi, rusununguko rwepfungwa, kuenzana kwemikana yemiono pane zvemutemo.”— [294] Bancroft, pt. 1, ch. 15, par. 16).

Akatonga kuti basa reVatongi vematare edzimhosva raiva rekumisa kuparwa kwemhosva, kwete kuudza vanhu mafungiro. Akataurawo achiti: “Vanhu, kana mutongi wedare anogona kutonga zvakafanira kuitirwa munhu kubva kuneumwe munhu; asi kana vavakuedza kuudza munhu zvebasa rake kuna Mwari, anenge ava kurasika, uye hapazovi nerugare; nokuti zviri pachena kuti kana mutongi akapiwa simba, anogona kutonga nenzira yemaonero ake nhasi asi mangwana otonga neimwe nzira yakasiyana; sezvakaitwa nemadzimambo nanaVahosi vazhinji muEngland, uye nanaPapa vakasiyana-siyana nematare eSangano reRoma, zvekuti chitendero chakaguma chave nemurwi wedzidziso dzine nyongano”. –(Martyn, vol. 5, p. 340).

Kuti munhu akakundikana kusvika paungano yesangano aifanira kuripa muripo kana kuendeswa mujere. “Williams akaramba murairo wakanga wakanyanya kuipa pabumbiro remitemo muEngland, waiti munhu aitofanira kupinda Sangano remudunhu rake. Waimanikidza vanhu kupinda chero Sangano rinemitemo yakasiyana nerake, nokuti akati izvi kutyora kodzero dzemhunhu kuri pachena; kuzvuzvurudza munhu kuenda kunonamata kwaasingadi, zvaireva kuti atova munyengeri..” saka hakuna munhu anofanira kumanikidzwa kunamata, kana kuramba achinamata nenzira yaasingawirirani nayo”. Asi vaimupikisa vakashamisika vachiti “Ko nzombe haina kodzero yekudya paburiro here?,

iye akapindura kuti, “Hongu, ndokunge iine kodzero kubva kune varikuishandisa”—(Bancroft, pt. 1, ch. 15, par. 2).

Roger Williams airemekedzwa nekudiwa semushandiri akatendeka, murume aiva nezvipo zvine mutsauko, murume aimira pakutendeka nyangwe zvorema, asi zvakadaro kuramba kwaakaita simba raipiwa vatongi vematatre pamusoro peKereke, nekudanidzira kwake kuti vanhu vapiwe rusununguko pakunamata hazvina kutenderwa. Gakava ravo padzidziso yake raiti: “Kuzoshandiswa kwemitemo yake iyi, kwaizobvisa zvimiso zvehurumende nemitemo yenyika”. –(Ibid., pt. 1, ch. 15, par. 10). Nokudaro Williams akatongerwa kuti asatenderwazve kuonekwa mumatunhu enyika, pakupedzisira, achityira kusungwa, akamanikidzwa kutiza mukati memhepo yechando yaitonhora, achienda musango. Akazotaura achiti: “Kwemavhiki gumi nemana, ndaipepereswa ndirindega muchando, ndisingazivi kuti mubhedha kana chingwa zvinorevei.” Asi makunguwo akandipa zvekudya murenje, uye mhango yemuti yakandipawo pekugara.”—(Martyn, vol. 5, pp. 349, 350).

Akaramba achitsungirirra murwendo rwake rwekutiza nemukati mechando nemumasango musina nzira, kusvikira azowana pekuhwanda mukati mevamwe vanhu verudzi rwekuIndia avo vakanga vachivimba naye paakaedza kuvadzidzisa zvokwadi yeVhangeri. Pakupedzisira, mushure memwedzi mizhinji yekudzungaira, akazosvika mumahombekombe enzvimbo yeNarragansett, ndokubva anovamba dunhu renyika raizozivikanwa mumazuva anhasi nekukurudzira kwaro kodzero dzemunhu parusunguko rwekunamata. Hwaro hwedzidziso dzedunhu raRoger Williams dzaiti “munhu wese anofanira kuva nerusununguko rwekunamata Mwari zvichiendera nechiedza chaainacho mupfungwa dzake”—Ibid., vol. 5, p. 354.

Kanyika kake kadiki aka kanonzi, Rhode Island, kakazova guta rehutiziro kune vaidzvinyirirwa, kakazokura nekubudirira kusvikira pave nehwaro hunoti – rusunguko rwevanhu pakugara nepakunamata, - rikazova dombo repakona yenyika yeAmerica. Muchinyorwa chikuru chekare icho madzibaba edu akagadza kodzero dzevanhu- Kudanidzirwa kweRusununguko- vakataura vachiti: “tinosimudza zvokwadi iyi kuti izvipupurire, kuti vanhu vose vakasikwa vakaenzana; uye kuti vakapiwa nemusiki wavo dzimwe kodzero dzisina kwadzakarerekera, uye pakati padzo panoti, hupenyu, kusunuguka, uye kutsvaga Rufaro.”

Uye bumbiro remutemo rinopa nenzira yakajeka, “kusafanira kukanganiswa kepfungwa dzemumhu”: “hakuna bvunzo yezvechitendero inofanira kupiwa munhu kuti agone kuwana basa rehofisi ipi zvayo munyika yemubatanidzwa weAmerica.” “dare reparamende harifaniri kuzoisa mitemo inopa kodzero kuti chimwe chitendero chitange, kana unorambidza chimwe chitendero kusunguka.” “Vagadziri vebumbiro iri vakacherechedza chimiso chinoti hukama hwemunhu naMwari huri pamusoro pemitemo

inogadzwa navanhu, uye kodzero dzepfungwa dzake hadzifaniri kubviswa. Kufunga kwemunhu hakwaigona kugadzira zvokwadi iyi, asi tinoiziva kubva mumunhu wemukati. Ikoku kuziva kwatinako, kunoramba mitemo yevahu, kwakatisimbisa kunyangwe murufu rwekushungurudzwa nekupiswa nemoto. Vakaona kuti basa ravo kunaMwari raikosha kupfuura mitemo yevanhu, uye kuti munhu haafaniri kutonga pfungwa dzavo nesimba. Ichi chinhu chiri mutembo wekuzvarwa nawo, usina chingaudzima." —Congressional documents (U.S.A.), serial No. 200, document No. 271).

Apo nhau dzakanaka idzi dzakasvika munyika yeEurope, nhau dzenyika iyo munhu wese aikwanisa kudya akafara zvibereko zvesimba rake, achiteerera nekuita zvinobva mupfungwa dzake, zviuru zvevanhu zvakamhanyira kunosvika kumahombekombe eNyika Itsva iyi. Matunhu enyika akatanga kuwanda. Dunhu reMassachusetts, nemutemo wakatsanagurika, rakagashira vaiuya nekuvapa rubatsiro pachena, pachishandiswa mari dzemitero, kuma Kristu vaibva chero kunyika ipi vaikwanisa kubururuka nepamusoro penyanza yeAtlantic "vachitiza hondo kana nzara, kana hudzvinyiriri hwevatambudzi vavo." Izvi zvakaita kuti vainge vasina misha, nevaitsikirirwa pasi, nemitemo, vakaita madzibaba vafambi, vaeni vemubatanidzwa."Martyn, vol. 5, p. 417. Mumakore makumi maviri kubvira pakusvika kwekutanga panzvimbo yePlymouth, vafambi vanezviuru vakanogara munzvimbo yeNew England. Kuti vawane icho chavaitsvaga, "vakagutsikana kurarama upenyu hwekushanda nesimba nekupa. Havana zvakawanda zvavakakumbira kubva muvhu, kunze kweizvo zvairinganaira simba ravo.

Hakuna hope dzeramangwana rakapfuma dzakaisa mumvuri munzira yavo. Vakagutsikana nekubudirira zvishoma nezvishoma, asi vakagarisana zvakanaka. Vakagutsikana kuwana zvishoma zvemurenje, vachidiridzira muti werusununguko rwavo nemisodzi yavo, neziya rechiso chavo, kusvikira watuma midzi yawo pakadzika penyika." Bhaibheri rakabatwa sehwaro hwekutenda, semanyuko ehuchenjeri, uye mureza werusununguko. Zvimiso zvaro zvakadzidziswa nehungwaru mumisha, muzvikoro, nemuKereke, zvibereko zvaro zvikaonekwa mukugona kuchengetedza, muhuchenjeri, mukuchena kwehupenyu, nemukuzvidzora. Munhu anogona kugara kwemakore munharaunda yevakachena, "akasaona chidhakwa, kana kunzwa kupika, kana kusangana nemupemhi" –(Bancroft, pt. 1, ch. 19, par. 25).

Zvakarakidzwa pachena kuti zvimiso zveBhaibheri ndizvo zvinonyatsogona kuchengetedza nyika kuti ikure. Zvimatunhu zvidiki zvakanga zvisna simba ndizvo zvakazokura kuita mubatanidzwa wematunhu anesimba, pasi rese rikashamiswa nekubudirira murunyararo "kwekereke isina Papa, nenyika isina Mambo." Asiwo vanhu vazhinji vakaramba vachikwezvewa kuenda kumhenderekedzo dzeAmerica, vachisundwa nezvinangwa zvakasiyana nezve Vafambi vekutanga. Kunyangwe zvazvo kutenda kwekare pamwechete nekuchena kwehupenyu zvirizvo zvakaumba simba renyika, asi

simba razvo rakaenda richiderera apo huwandu hwevanhu hwaiwedzera, avo vanongotsvaga bedzi mikana yehupenyu hwepanyika.

Mitemo yakanga yagashirwa nevagari vekutanga, yekutendera bedzi nhengo dzesangano kuvhota kana kupiwa chigaro muhurumende, yakaburitsa michero inorwadza zvikuru. Mitemo iyi yakanga yaiswa kutsvaga kuchengetedza kuchena kwenyika, asi yakazotungamirira mukuwora kweSangano. Mufanidzo wekutenda ndiwo wakanga wave chitupa chekuwana hofisi, zvikaita kuti vazhinji, vachisundwa nezvidiso zvenyika, vave nhengo dzesangano asi vasina kutendeuka pamoyo. Izvi zvakaita kuti masangano mazhinji, azare nevanhu vasina kutendeuka; kunyangwe muchifundisi makapindawo vanhu vaisadzidzisa manyepo chete, asiwo vakanga vasina kuvandudzwa nesimba raMweya Mutsvene. Nokudaro pakabva paratidza michero yakashata, yakanga yamboonekwa munhoroondo yeKereke kubva mumazuva aConstantine kusvikra zvino, ekuedza kushandisa nyika kuvaka Kereke, ekukumbira masimba ezvematongerwo enyika kutsigira vhangeri reuyo akataura kuti “Humambo hwangu hahusi wenyika ino.” (Johane 18:36) kubatana kweKereke nenyika, nyangwe nechiyero chiduku, zvingaite sekuti inzira yekuunza nyika pedyo neKereke, asi chokwadi ndechekuti zvinounza Kereke pedyo nenyika.

Chimiso chikuru chakamiririrwa naRobinson pamwe naRoger Williams, chokwadi ichi chinoramba chichikura, chekuti maKristu vanofanira kumira vakagadzirira kugashira zvokwadi nechiedza chese chinogona kupenya chichibva mushoko dzvene raMwari, asi chimiso ichi chakaraswa nerudzi rwakazovatevera. Masangano emuAmerica akabuda musanagno reKaturike, pamwechete neayo ekuEurope, akanga aitirwa Nyasha dzekuwana chiedza cheRuvandudzo, akatadza kuramba akatsunga kuenda mberi munzira iyo. Kunyangwe zvazvo paimuka varume vashoma, panguva yega-yega, vaiparidza zvokwadi nekuyanika pachena manyepo aidiwa nevazhinji, sevakangoitawo vaJudha munazuva aKristu nanaPapa mumazuva aLuther, vanhu vakatenda sekutenda kwemadzibaba avo, nekurarama sekurarama kwavakaita. Nokudaro chitendero chakawira pasi chikava mufananidzo bedzi; mosho nekutenda mashura izvo zvingadai zvakarasirwa parutivi dai Kereke yakaramba ichifamba muchiedza cheshoko raMwari, uye chingadai chakachengetedzwa. Mweya wakanga wafemerwa nebasa reKuvandudza chitendero wakaenda uchidzima, kusvikra pachiero chekuti pakanga pavakutoda basa rimwechetero reRuvandudzo muma Sangano akabuda muRoma, sezvaitwa muSangano iri kare mumazuva aLuther. Pakaonekwa muSangano mweya umwechetewo wekuda nyika nekufa pamweya, pakavawo nechimiro chiya chekuremekedza pfungwa dzevanhu nekuisa dzidziso dzevanhu panzvimbo yedzeShoko raMwari.

Kutendera zvakapamhamha kwakaita Bhaibheri mumakore ekutanga eSenjuri yegumi nepfumbamwe, nechiedza chikuru chakapenya pamusoro penyika, hazvina kuteverwa nesimba rinofanana nezvakaitwa nezvokwadi yakazoratidzwa, kana nechitendero

chekuedza. Satani haana kugona kurambidza shoko raMwari kusvika kuvanhu sepamazuva ekare, asi rakanga raiswa mumaoko evanhu, asi uti abudirire zvaakdaro pachinagwa chake, akatungamirira vanhu kusarikoshesa. Vanhu vakaregera kutsvagurudza paMagwaro, zvikaita kuti vatende dudziro dzemanyepo, nekufarira dzidziso dzaknga dzisina hwaro muBhaibheri. Achiona kuti akambo kundikana kuparadza zvokwadi nekutambudza vatendi, Satani akasarudza kushandisa nzira yekurerutsa shoko raMwari inova ndiyo yakatungamirira mukurasika kukuru nekuvambwa kweSangano reRoma.

Akafurira kuti maKristu azvibatanidze, kwete nevahedheni, asi neavo vanemoyo izere kuda zvenyika, vakanga vazviratidza kuti vaiva vanamati vezvifananidzo zvakavezwa. Matuso emubatanidzwa uyu anemarwadzo nhasi sezvaakangoita mumakore ekare; apo kuzvikudza, kuda zvenyika nemafaro, zvakadzidziswa zvakapfekedzwa nguwo yechitendero, zvikakonzera kuti masangano azare huwori. Satani akaenderera mberi achitsausa dzidziso dzeBhaibheri, netsika dzemadzibaba dzaizokanganisa mazana ezviuru zvevanhu akadzika midzi. Sangano rakanga rava kutosimudzira nekutsigira tsika dzemadzibaba, panzvimbo yekuti rirwire “kutenda kwakadeya kupiwa kuvatsvene.” Naizvozvo rakashaisa chiremerera zvimiso izvo vaparidzi veRuvandudzo vakanga vaita nekutambira zvikuru.

Chitsauko 17 Pedyo Nemagumo—Vaparidzi Vekutanga

Idi ripi ringapfuvura rakadzokororwa nekudzokororwazve muBhaibheri? Asi idi rekuti Jesu avapedyo nekudzokazve kunyika ino idi iro vakawanda vasingambozivi – Huya titarise kuti Magwaro anoti kudini nezvezuva iri rinoshamisa kwazvo riri pamberi pedu-Apo Jesu achadzoka panyika ino kuzotara vake

Chimwe chezvokwadi zviri muBhaibheri zvakatsanangurika, chichifadza zvikuru ndechekuuya kwaKristu kwechipiri kuzopedzisa basa guru reru-poneso. Kuvanhu vaMwari vari vafambi panyika, vakasiyiwa kwenguva refu vachifamba"munzvimbo ine mumvuru werufu," tariro inokosha ichipa mufaro inopiwa pachitsidzo chekuvonekwa kwake iye ari, "kumuka nehupenyu" kuti "adzose kumusha vakadzingwa vake." Nyasha yekuuya kwaJesu kwechipiri ndiyo dingindira remagwaro matsvene. Kubvira pazuva iro vaviri vekutanga vakafuratira Edeni vaine kusuwa kukuru, vana vekutenda vakarindiria kuuya kweAkavimbiswa kuti azoputsa simba remuparadzi, avadzosere zvakare kuParadiso yatakarasikirwa nayo. Varume vatsvene vekare vaitarisira kuuya kwaMessia, mukubwinya sekuzadziswa kwetariro yavo.

Enoki, wechinomwe kubva kune avo vaigara kuEdeni, uyo akafamba naMwari wake kwemakore mazana matatu, akabvumirwa kuona ari kure kuuya kwaizoita Mudzikinuri. Akadaidzira achiti, "Tarira, Ishe achavuya nevatsvene vake vane zviuru zvemazana, kuti atonge vose...." Judasi 14,15. Mutana wekutenda Jobo ari pakati peshungu dzekutambudzika kwake akadanidzira nerudawiro rusinga zununguki akati , "Asi ndinoziva kuti Mudzikunuri wangu mupenyu, uye kuti pakupedzisira uchasimuka panyika,…Kunyange ganda rangu richinge raparadzwa saizvozvo, kunyange zvakadaro ndichavona Mwari ndine nyama yangu. Ndichamuona ari kurutivi rwangu; meso angu achavona, asati ari emutorwa; itsvo dzangu dzapera mukati mangu" Jobo 19:25-27.

Kuuya kwaKristu achiunza kururama kwakasutsa vanyori vezvitsvene kuti vamutswe pamweya, vachitaura mashoko makuru. Vadetembi nevaporofita vemuBhaibheri vakataura nyaya iyi nemazwi ane kubwinya kwekudenga. Munyori wePisarema akaimba pamusoro pesimba neumhare zvaMambo we Israel. "Mwari akapenya ari paZioni, iro rakanaka-naka kwazvo. Mwari wedu anovuya, haangarambi anyerere. . . . Moto unoparadza pamberi pake, dutu guru rinomukomberedza. Anodana denga kumusoro, nepasi, kuti atongere vanhu vake." Pisarema 50: 2-4. "Kudenga-denga ngakufare, kwazvo; gungwa ngaritinhire, nezvose zviri mukati maro. Sango ngarive nemufaro, nezvose zviri mukati maro. Ipapo miti yose yedondo ichaimba nemufaro. Pamberi paJehova, nekuti anovuya; nekuti anovuya kuzotonga pasi; uchatonga nyika zvakarurama, nendudzi nekutendeka kwake" Pisarema 96:11, 13.

Muprofita Isaya akati, “Vakafa venyu vachararama, zvitunha zvavo zvichamuka. Mukai, muimbe, imi mugere muguruva; nekuti dova renyu rakaita sedova rechiedza; nyika ichabudisa vakafa” Isaya 26:19; 25: 8, 9. “Uchamedza rufu.” “Akaparadza rufu nekusingaperi, Ishe Jehova achapisika misodzi pazviso zvose; achabvisa kuzvidzwa kwevanhu vake panyika yose; nekuti Jehova akataura izvozvo. Nezuva iro vachati, “Tarirai, uyu ndiye Mwari wedu; takanga takamumirira, iye achatiponesa; uye ndiye Jehova, takanga takamumirira, tichafara, nekufarira ruponeso rwake.”

Ukuwo Habakuki, achifara ari mumuono mutsvene, akaona kuonekwa kwake. “Mwari anouya achibva Temani, naiye Mutsvene achibva pagomo reParani. Kubwinya kwake kunofukidza denga rose, nyika izere nekurumbidzwa kwake. Kupenya kwake kwakafanana nechiedza; mazimbe emoto anobuda patsoka dzake. “Anomira achiyera nyika; anotarira, ndokuparadzira marudzi evanhu; makomo asingaperi anopararira; zvikomo zvisingaperi zvinokotama; nzira dzake ndedzekare-kare”.

“Zvamunotasva mabhiza enyu, muchifamba nengoro dzenyu dzeruponeso”? “Makomo akakuonai akatya . . . Pakadzika pakabudisa izwi rapo, pakasimudzira mavoko apo kumusoro. Zuva nemwedzi zvakamira pavugaro hwazvo, zvichivona chiedza chemiseve yenyu ichipfuura, zvichiona kupenya kwepfumo renyu rinobwinya. Makatsika nyika makatsamwa, makapura ndudzi mune hasha. Makabuda kuzoponesa vanhu venyu, kuzoponesa muzodziwa wenyu” Habakuki 3: 3, 4, 6, 8, 10, 11, 13.

Apo Muponesi paakanga ave pedyo nekuparadzana nevadzidzi vake, akavanyaradza mukusuwa kwavo nekuvavimbisa kuti aizodzoka zvakare. “Mwoyo yenyu irege kumanikidzwa; tendai kuna Mwari, mutendevo kwandiri. Mumba maBaba vangu mune nzvimbo zhinji dzekugara; dai kusaiva kudaro, ndingadai ndaikuvudzai; nekuti ndinoenda kunokugadzirirai pekugara. Kana ndaenda kunokugadzirirai pekugara, ndinozovuyazve, ndikugamuchirei kwandiri; kuti apo pandiri, nemi mugovapovo” Johane 14:1-3. “Zvino kana Mwanakomana wemunhu achivuya nekubwinya kwake, nevatumwa vatsvene vanaye, uchagara pachigaro chake chevushe chinobwinya. Nemarudzi ose achavunganidzwa pamberi pake” Mateo 25:31, 32.

Vatumwa vakasara pagomo reMuorivi mushure mekukwira kwaKristu achienda kudenga vakadzokorora chitsidzo chekuuya kwake: “Uyu Jesu, wakabva kwamuri, akakwidzwa kudenga, uchavuya saizvozvo, sezvamamuvona achienda kudenga” Mabasa 1:11. Ukuwo Mupostori Pauro, achitaura kuburikidza neMweya Mutsvene akapupura achiti, “Nekuti Ishe amene uchaburuka kudenga nekudanidzira, nenzwi remutumwa mukuru, nehwamanda yaMwari” 1 VaTesaronika 4:16. Muprofita wepaPatimosi akati. “Tarirai, unovuya nemakore, meso ose achamuvona” Zvakazarurwa 1:7.

Pakuuya kwake ndipo pakaunganidzwa mbiri yekugadzirwa kwezvinhu zvose, yakarebwa naMwari nemuromo wevaprofita vake vatsvene kubva pakutanga kwenyika”

Mabasa 3:21. Ipapo hutongi hwakareba hwehuipi huchaputswa; “Vushe hwenyika hwave hwaIshe wedu, naKristu wake; achahubata nekusingaperi-peri” Zvakazarurwa 11:15. “Kubwinya kwaJehova kucharatidzwa, vanhu vose vachazviona pamwechete.” “Ishe Jehova uchameresa kururama nekurumbidzwa pamberi pemarudzi ose.” Achava “korona inobwinya nevukomba hwakaisvonaka kune vakasara vevanhu vake” Isaya 40: 5; 61:11; 28:5.

Apa ndipo pachagadzwa humambo hwaMessia hwerunyararo, hwamirirwa kwenguva refu kuti hutonge pasi rose. “Nekuti Jehova achanyaradza Zioni; achanyaradza matongo aro ose, achashandura renje raro rive seEdeni, negwenga raro rive semunda waJehova.” “Richapiwa kunaka kukuru kweRebanoni, nevukomba hweKarmeri neSharoni.” “Hauchazonzi, “Musiyiwa;” nenyika yako haichazonzi dongo; asi iwe uchatumidzwa zita rinonzi “Anondifadza,” nenyika yako Beula; uye chikomba sezvachinofarira mweya wacho, saizvozvo Mwari wako achakufarira” Isaya 51:3; 35:2; Isaya 62:4, 5.

Kuuya kwaShe ndiyo yanga iri tariro yavatendi vechokwadi, mumazera ose. Mazwi echitsidzo akaitwa neMuponesi paGomo reMiorivi, ekuti aizodzokazve, akavhenekera remangwana revadzidzi, akazadza mwoyo yavo nemufaro netariro zvakatadza kudzimwa nekusuwa, kana nematambudziko. Vachitambudzwa nekushungurudzirwa kutenda kwavo, “Kuonekwa kwaMwari mukuru neMuponesi wedu Jesu Kristu” kwakava “Tariro yakaropafadzwa”.

Apo MaKristu ekuTeseronika vakazadzwa neshungu vachiviga vadikani vavo, vakanga vane tariro yekuti naivowo vaizorarama kusvika pakuuya kwaKristu, Pauro, mudzidzisi wavo, akavanongedzera kurumuko rwaizoitika pakuuya kwaKristu. Akati “Nekuti vakafa muna Kristu vachatanga kumuka; zvino isu vapenyu, vakasara, tichatorwa pamwe chete navo mumakore, kuti tichingamidze Ishe mudenga; naizvozvo tichava naShe nguva dzose. Naizvozvo nyaradzanai nemashoko awa” 1 VaTesaronika 4:16-18.

PaPatmosi urwu ruware mudzidzi anodikanwa akanzwa chitsidzo chekuti, zvirokwazvo ndinokurumidza kuuya iyewo mhinduro yake yakamiririra minamato yesangano pakudzungaira kwaro anoti, “Uyai mambo Jesu” Zvakazarurwa 22:20.

Kubva mumajeri, nepaipisirwa vatendi nepavairembedzwa kusvika vafa apo vatsvene nevanamati vaifira chokwadi, panobuda mashoko avo ekutenda netariro anonzwika kwemazana emakore. Sezvo vaiva “vachisimbiswa nekumuka kwake Iye mbune zvichiita kuti naivo vave nechokwadi kuti vaizomutswa pakuuya kwake, anotaura mumwe wemaKristu aya, “vakazvidza rufu, vakawanika vari pamusoro parwo.” Vakabvuma kuburukira kuguva, kuti “vagozomuka vasununguka” vaitarisira kuti “Ishe adzike kudenga mumakore nembiri yaBaba vake, “achiunza nguva dzehumambo kune vakarurama”. MaWaldense vaiva nekutenda kwakadarowo”. Wycliffee aitarisira kuvonekwa kwaMuponesi setariro yesangano.”

Luther akataura akashinga kuti: “Ndinogutsikana chaizvo kuti zuva rerutongo hakungavi makore mazana matatu risati rasvika. Mwari haangarambi, achibvumira huipi hwakadai munyika ino.” “Zuva guru riri kuswedera apo hutongi hwezvinonyangadza huchabviswa pachigaro.”

Melanchton akati, “Nyika ino yachembera haisisiri kure kuguma kwayo.” Calvin akaudza maKristu kuti “vasakahadzike, asi vadisise kuona zuva rekuuya kwaKristu kupfuura zviitiko zvese zvingakosheswa, “ ndokubva ataurawo kuti, “Mhuri yese yevatendi vechokwadi inogara yakatarisira zuva iri.” Akatizve, “Tinofanira kuva nenzara yaKristu, tinofanira kutsvaka, tichifungisisa, kusvika zuva guru iri richisvika, Apo Ishe wedu achabudisa humambo Hwake zvakazara”

Muparidzi weShanduko wekuScotland anonzi Knox akati, “Ko Ishe haana kutakura nyama [miviri] yedu kudenga here? Ko haachadzoki here? Tinoziva kuti achadzoka, uye achakurumidza.” Ridley naLatimer, avo vakafira chokwadi vaitarisira nekutenda zuva rekuuya kwaShe. Ridley akanyora kuti,”Nyika ino, pasina kukahadzika-ndiko kutenda kwangu, saka ndinozvitaura-yava kundoguma. Isu pamwe chete naJohani muranda WaMwari, ngaticheme kuna muponesi wedu tichiti, “Uyai, Ishe Jesu, Uyai”.

Baxter akati, “Pfungwa yekuuya kwaShe inondifadza ichitapira kwandiri. Ibasa rekutenda nechimiro chevatsvene kuti vade kuonekwa kwake uye vatarisire tariro yakaropafadzwa. Kana rufu ari iye muvengi wekupedzisira uchaparadzwa parumuko, tinodzidza kuti vatendi vanofanira sei kushuwira nekunamatira kuuya kwechipiri kwaKristu, apo kukurira kwakazara kwekupedzisira uku kuchavapo. Bhuku rimwechete iri.”

“Iri ndiro zuva iro vatendi vose vanofanira kushuwira, kutarisira nekumirira, sekupedziswa kwebasa rose reruponeso rwavo, kusanganisira zvishuwo nekushingaira kwavo kwose.” “O, Ishe, kurumidzisai zuva iri!” Ndizvo zvakanga zvakaita tariro yesangano panguva yevaApostora, “NeSangano remurenje”, nemunguva yevaparidzi veshanduko,” neyeRefoma.

Chiporofita hachingotauri pamusoro pemuuiro nechinangwa chekuuya kwaKristu, asi chinotipawo zvimiso zvinoratidza vanhu kana nguva yava padyo. Jesu akati, “Zviratidzo zvichavapo pazuva nepamwedzi, nepanyeredzi” Ruka 21:25. “Zuva richasviba, nemwedzi hauchazobwinyi, nenyeredzi dzichawa kudenga, nemasimba ari kudenga achazununguswa. Ipapo vachavona Mwanakomana wemunhu achivuya mumakore nesimba guru nekubwinya” Marko 13:24-26. Munyori waZvakazarurwa anotsanangura zviratidzo zvekutanga, Kristu asati avuya, achiti: “Tarira kwakanga kuno kudengenyeka kwenyika kukuru, zuva rikasviba segudza remvere, mwedzi wose ukaita seropa” Zvakazarurwa 6:12.

Zviratidzo izvi zvakaonekwa munguva ino. Mukuzadzisa chiporofita ichi, mugore ra1755 kwakaitika kudengenyeka kwenyika kwakaipisisa kukunda kose kwakanga kwamboonekwa. Kunyangwe kuchinyanya kuzivikanwa nekuti kudengenyika kwekuLisbon, kwakatambanukira kunzvimbo zhinji dzekuEurope, Africa nekuAmerica kukanzwikwavo kuGreenland kunaana West Indies nechitsuwa chekuMadeira, kuNorway, Sweden, kuBritain nekuIreland. Kwakapararira panzvimbo ingasvika mamirioni mana ema "square metre" kuAfrica kuzungunutsa kwacho kwakanga kwakafanana nekuEurope. Nzvimbo zhinji dzemu Algiers [Algeria] dzakaparadzwa; uye chinhambwe chiduku kubva kuMorocco, dunhu raiva nevanhu vangasvika zviuru zvisere kana gumi rakamedzwa pakashaya akararama. Nanda guru rakatsvaira kuSpain nekuAfrica, richimedza maguta nekukonzera kuparara kukuru.

Kwaiva kuSpain nekuPortugal uko kudengenyeka uku kwakazungunusa zvakanyanyisa. PaCadiz paiva nenanda raiuya kunyika, rakareba kusvika mamita anopfura gumi nemasere. Makomo, "pane mamwe makuru ekuPortugal, akazunguzwa zvikuru, zvichiita kunge kubva pamidzi yavo, mamwe acho akavhurika pamusoro pavo ndokupamuka nepakati zvinoshamisa, zvimedu zvawo zvikuru zvikawira mumapani aive mujinga mawo. Mirazvu yemoto inonzi yakabuda kubva mumakomo iwayo."

PaLisbon "mutinhimira wemabhanan'ana wakanzwika pasi penyika, nenguva isipi kudengenyeka kune simba kwakabva kwawisira pasi chikamu chikuru cheguta iri. Munguva ingasvika maminitsi matanhatu, vanhu zviuru makumi matanhatu vakaparara. Nyanza yakamboita seyasuduruka, iri kupwa pakasara paoma, ndokubva yadzokera panzvimbo yakwirira mafiti makumi mashanu kana kupfuura kubva payaimbogumira. "Pane zvisina kujairika zvinonzi zvakaitika kuLisbon panguva yenjodzi iyi kunyura kwakaita chivakwa chitsva chepamahombekombe chaisvikira ngarava, chakanga chavakwa nemabwe emarble nemutengo wakakura zvachose. Mhomho yevanhu vakange vahwandako vachifunga kuti vaizochengetekako pakuputsika kwezvimwe zvivakwa; asi zvangoitika kuti chivakwa ichi chinyure munyanza chiine vanhu vese vakanga vapoteramo, uye hapana kana mutumbi mumwe chete wevanhu ava wakazoonekwazve pamusoro pemvura".

"Kuzunguzika kwekudengenyeka uku" kwakateverwa nekuputsika kwezvivakwa zvemakare kare zvose, zvivakwa zvinenge zvose zvehurumende, nechikamu chimwe pane zvina chedzimba dzevanhu. Panguva ingaita maawa maviri mushure mekudengenyeka uku, moto wakatanga munzvimbo dzakasiyana, ndokupfuta zvinotyisa kwemazuva angaite matatu, zvekuti guta rakabva rava durunhuru. Kudengenyeka uku kwakaitika panguva yezororo, apo vanhu vazhinji vakanga vakaungana mumakereke, vashoma vavo ndivo vakapunyuka". Kuvhundutswa kwevanhu kwaisatsanangurika. Hapana akachema; zvaiva zvakadzama zvokusachemedza. Vakamhanya uko nekoko, vabatwa nebuka rekushamiswa nekuvhunduka, vachizvirova zvipfuva nekumeso, vachichema vachiti, 'Miscerocordia'!

Nyika yava kuguma! Vana mai vakakanganwa vana vavo vakamhanya vakatakura zvifananidzo zvine muchinjiko. Nerombo rakaipa, vazhinji vaitizira kumakereke, asi minamato yavo yakatarwa haina kuvabatsira; vakambundira maaritari, asi hazvina kubatsira; zvitombi, vaprista, zvese nevanhu vakafusirwa pamwe chete. “Zvinofungidzirwa kuti zviuru makumi mapfumbamwe evanhu vakafa pamusi uyu.

Mushure memakore 25, kwakaonekwa chimwe chiratidzo chakataurwa muchechiporofita, kusviba kwezuva nemwedzi. Zvakanyanya kushamisa ndezvekuti nguva yakaitika izvi yakanga yanyatsotaurwa nemazvo. Achitaura nevadzidzi vake vari paGomo reMuorivi, apedza kutaura nezvenguva refu yekushungurudzwa kwevatendi makore 1260, ayo aakanga ati aizopfupikiswa. Muponesi akabva ataura zvinhu zvaizoitika zvichizoteverwa nekuuya kwake, shure maizvozvo ndokubva anyatsotara nguva yazvaizoitika, “Asi nemazuva iwayo, shure kwekutambudzika ikoko, zuva richasviba, nemwedzi hauchazobwinyi” Marko 13:24. Mazuva kana kuti makore 1260 akapera mugore ra1798. Makore 25 akanga apfuvura, kushungurudzwa kwevatendi kwakanga kwaita sekuti perei. Mushure mekushungurudzwa uku pakati panguva dzakatarwa, zvichienderana nezvakataurwa naKristu, zuva raizosviba. Musi wa19 May 1780, chiprofita ichi chakazadziswa.

“Zuva remusi wa19 May 1780 ringatopotsa kuva ndiro roga, kana kuri kuti ndiro rega,. . . pazviitiko zvisinganzwisisiki kana kutsanangurika, apo denga rose nemuchadenga kuNew England.” Rima iri harina kukonzerwa nekusangana kwezuva nemwedzi sezvinongoitika mushure memakore mazhinji nguva dzakawanda. Harina kukonzerwa nemakuti, kana kuwandisa kwevutsi muchadenga, nekuti kumwewo kwakasvika rima iri muchadenga maiva makazvichenera hamo zvekuti nyeredzi dzaitovonekwa. Panyaya yekundikana kupa tsananguro inogutsa kubva kusainzi yechiitiko ichi, Herschel mazvikokota wedzidzo yenyeredzi anotaura zvakasimba achiti: “Zuva rerima guru kumawodzanyemba eAmerika ndechimwe chezvinhu zvinoshamisa kwazvo chisingakwanisi kutsanangurwa nedzidzo.”

Kusviba uku kwaiva chinhu chakashamisa kwazvo ”. Kwakavonekwa mumatunhu ekumabvazuva eNew England; kumavirira, nechemberi kuConnecticut nepaAlbany, N.Y.; nezasi kwakavonekwa kusvika kumahombo kombe egungwa, nekumusoro kusvikira kunzvimbo dzose dzinogarwa dzeAmerika nekumberi. Kwakapfuvura miganhu iyi, asi kwakakasvika hakuna kuzivikanwa. Nguva yakwakatora kwakasviba yakainda mberi kusvika kumisha iri pedyo neBoston kwemaawa anosvika 14 kana 15.”

Mangwanani akanga akachena kusina makore kwakanaka,asi nenguva dza8 kwakavonekwa chinhu chisina kujairika muzuva. Kusina makore, asi mhepo yaiva yakakora, isichiita seyaive nevutsi, chiedza chezuva chikava chipfumbu, nekutsvukuruka,

asi kwakaramba kuchiwedzera kusviba, kusvikira zuva risisisavonekwi.” Kwakava “pakati pehusiku masikati makuru.”

“Chiitiko ichi chakawunza kutya kukuru kwazvo nekuvhunduka nekushushikana kupfungwa dzeruzhinji, nekupererwa kuzvipfuwo nemhukawo, huku neshiri dzakainda muzvirugu nemumatendere nekuvhunduka, nemombo dzikadzokera mumatanga.” Matatya nematahwa zvikatanga kuimba. Machongwe akakukuridza sezvaanoita kwavakuedza. Varimi vakamanikidzwa kusiya mabasa avo mumunda. Mabasa ose akamiswa, makanduru akabatidzwa mudzimba. “Dare rehurumende reConnecticut raikurukura paHartford, nekutadza kuinda mberi nemusangano rakabva ramira. Zvose zvakaratidza chiratidzo chevusiku.”

Kusviba sviba kwezuva iri kwakateverwa, neawa kana mbiri kusati kwadoka, asi kuchena pakanzvimbo kaduku kwakavonekwa, zuva rikambobuda kanyange raiva rakaputirwa nemhute nhemha. Asi kanguva “kaduku duku aka kakateverwa nekudzoka kwerima raiva ranyanyisa kukora, rikaramba riripo kwehafu yevusiku uhu kupfuvura zvimwe zvose zvaiva zvambovonekwa nemamirioni evanhu vakazvivona. Kubva pakudoka kwezuva kusvika pakati pehusiku, hakuna kumbovonekwa kana karanzi kechiedza kubva kumwedzi kana nyeredzi kakapfuvura rima iri. Zvakaziviswa kuti ‘kusviba kukuru kwerima!’”. Akadaro mumwe akazvivona: “Ndakangofunga kuti kudai zviedza zvose zvinovhenekera pasi rose zvaingaputirwa nerima risina chingaridzinga, kana zvaingabviswa zvachose, rima raingadai risina kukwana.” Kana nepo vusiku uhu mwedzi waiva jena guru, “wakanga usina kana simba rekudzinga mimvuri yaiita seyerufu.” Rima rakazopera pakati pevusiku, mwedzi, pawakavonekwa kekutanga wakanga wakafanana neropa.

Munyori wenhetembo Whittier achitaura pamusoro pezuva iri anoti: “Raive rimwe zuva muna May mugore ra1780, apo maruva nepfumvudza zvaindudza nyika, nedenga remasikati makuru, zvakawirwa zvikakwidibirwa nerima rakaipisisa kwazvo. Varume vakanamata, madzimai akachema; nzeve dzose dzikateya kuti dzinzwe kurira kwehwamanda kuchitsemura denga dema dema iroro.”

May 19, 1780 rinozivikanwa munhoroondo se “Zuva Rerima” kubva nguva yaMoses, hapana imwe nguva yakambonyorwa nezvayo yakaita rima rakakura zvakadaro, rakaitika kunzvimbo zhinji saizvozvo, uye richitora nguva yakareba zvakadaro. Matsanangurirwo anoitwa chiitiko ichi nevanodetemba, nevanonyora nhoroondo anoita semaungira emazwi aShe, sekunyorwa kwawo nemuporofita Joel, makore 2500 zvisati zvaitika. “Zuva richashanduka rima, mwedzi uchashanduka ropa, zuva guru raJehova rinotyisa risati rasvika” Joere 2:31.

Kristu akanga audza vanhu vake kuti vatarise zvioneso zvekuuya kwake, kuti vafare apo vaiona minongedzo yekuuya kwaMambo wavo. Akati, “Asi kana izvozvi zvichitanga

kuitika, tarirai kumusoro, musimudze misoro yenyu, nekuti kusunungurwa kwenyu kwaswedera.” Ruka 21:28. Akavanongedzera kumiti panguwa yepfumvudza, akati, “kana yotunga, mukazvivona, munoziva mumene, kuti zvino zhezha rave pedyo. Saizvozvo, nemivo, kana movona izvozvi zvoitwa, zivai kuti vushe hwaMwari hwave pedyo”, Ruka 21: 30, 31.

Asiwo pamusana pekuti mweya wekuzvininipisa nekuzvipira musangano wakanga watorerwa nzvimbo nekuzvikudza nekuita zvinhu nechijairira, rudo kuna Kristu, nekutenda kuti achauya zvakanga zvatonhora. Nekuti vanhu vaMwari vakanga vanyura mune zvenyika nekuzvitsvakira zvinofadza, vakanga vapofomadzwa zvekusaona zviratidzo zvakanga zvarairwa naIshe nezvekuuya kwake. Dzidziso yekuuya kwakwe yakanga yashairwa hanya; uye magwaro aitaura nezvazvo akanga achiminamiswa, zvekuti vanhu vazhinji vakanga vakanganwa nekushaya hanya nayo. Izvi zvakanga zvakanyanya zvikuru mumasangano ekuAmerica. Rusununguko nerugare zvaiwanikwa nevanhu vese, havi yekutsvaga pfuma nekugara zvakanaka, zvichiita kuti vanhu vagare vachishingaira kutsvaka mari, neshungu dzekutsvaka mbiri nesimba zvaigona kuwanikwa neada, zvese izvi zvakaita kuti vanhu vasaise shungu dzavo netariro pazvinhu zveupenyu huno, vachiisa kure mberi, mberi zuva guru rekupetwa kwenyika nemabasa ayo.

Apo Muponesi aitaurira vadzidzi vake nezviratidzo zvekuuya kwake, akataurawo nezvekudzokera mumashure kwaizoitika iye asati auya. Iye akati vamwe vaizobatikana nekuita zvemabhizimusi nekutsvaka kunakidzwa sezvenguva yaNoah- kutenga-kutengesa, kusima, kuvaka, kuroora nekuroodza-paine kukanganwa Mwari nehupenyu hunouya. Kune avo vaizosvikirwa nenguva iyi chenjedzo yaKristu yaiwa yekuti, “Chenjerai kuti mwoyo yenyu irege kuremedzwa nekudyisa nekudhakwa, nekufunganya pamusoro pezvinhu zvehupenyu huno, kuti zuva iro ririge kukuwirai seriva”. “Asi rindai nenguva dzose, mukumbire, kuti mugone kupukunyuka pazvinhu izvo zvose zvinozoitwa, mugomira pamberi peMwanakomana wemunhu” Ruka 21:34, 36.

Mamiriro esangano panguva iyi anoburitswa pachena mumazwi aMuponesi muna Zvakazarurwa, “kuti unonzi uri mupenyu, asi wakafa” Zvakazarurwa 3:1. Kune avo vanoramba kumuka kubva pakufunga kwavo kuti vakakotsekana yambiro yakasimba yakapiwa yekuti, “naizvozvo kana usingapepuki, ndichavuya sembavha, haungazivi nguva yandichakuwira nayo” Zvakazarurwa 3: 3.

Zvaifanira kuti vanhu vapeputswe kunjodzi inovuya kwavari, kuti vamutswe kuti vagadzirire zviitiko zvinotyisa zvine chekuita nekuvharwa kwemutsa. Muporofita waMwari anodanidzira achiti, “nekuti zuva raJehova iguru, rinotyisa kwazvo, ndianiko angatsunga naro?” Joeri 2:11. “Ndiani achamira kana achivonekwa Iye ane meso akaisvonaka, asingadi kutarira zvakaipa, kana kuona zvisakarurama” Habakuki 1:13. Kune avo vanoti, “ Mwari wangu ndinokuzivai” (Hosiya 8:2; Pisarema 16: 4) asi ivo vachiramba

chirangano chake, vachimhanyira kune vamwe vamwari, vachiviga zvakaipa mumwoyo yavo, vachida nzira dzekusarurama … kune avo vese zuva "haringavi rima, rikarega kuva chiedza here" Amosi 5:20. "Zvino nenguva iyo ndichanzvera Jerusarema nemwenje; ndicharova varume vagere pamasese avo, vanoti mumwoyo yavo, `Jehova haangaiti zvakanaka, uye haangaiti zvakaipa" Zefania 1:12 "Ndicharova nyika nekuda kwekushata kwayo, nevakaipa nekuda kwezvakaipa zvavo; ndichagumisa manyawi avanozvikudza, nekuwisira pasi kudada kwavanotyisa" Isaya 13:11. "Siriva yavo kunyange ndarama yavo hazvingagoni kuvarwira nezuva rekutsamwa kwaJehova." "Fuma yavo ichaitwa zvakapambwa, nedzimba dzavo matongo" Zefania 1:13, 18.

Muprofita Jeremia, achitarisira kunguva inotyisa iyi akachema achiti, "Ndinorwadziwa mumwoyo mangu mumene; mwoyo wangu unodedera mukati mangu, handigoni kunyarara, nekuti wanzwa, iwe mweya wangu, wanzwa kurira kwehwamanda nemhere-mhere yekurwa." "Kunonzi, kuparadzwa kunotevera kuparadzwa" Jeremiya 4:19, 20.

"Zuva iro izuva rekutsamwa, zuva rekutambudzika nekumanikidzwa, zuva rekurashwa nekuparadzwa, zuva rerima nerekusviba, zuva remakore nerezarima guru, zuva rehwamanda neremhere" Zefania 1:15, 16. "Tarirai, zuva raJehova rinovuya, . . . kushandure nyika iite dongo, nekuparadza vatadzi vayo vabvemo" Isaya 13:9.

Nekuda kwezuva guru iri, shoko raMwari rinotaura nemazwi akasimba anotyisa, kuti vanhu vapepuke kubva mukuneta neta pane zvemweya, vatsvake chiso chake nekutendeuka nekuzvininipisa. "Ridzai hwamanda paZioni, dzemhere pagomo rangu dzvene; vose vagere panyika ngavadedere nekuti zuva raJehova rinovuya, nekuti rava pedyo." "Tsaurai zuva rekuzvinyima zvekudya, danai vanhu kuvungano yakatarwa; kokerai vanhu, natsai vungano, kokerai vakuru, unganidzai vana, nevanomwa pamazamu; chikomba ngachibude paimba yacho nemwenga paimba yake yekuvata. Vaprista, ivo vashumiri vaJehova, ngavacheme pakati pebiravira neatari, vati, `Aiwa, Jehova, regai vanhu venyu, musaisa nhaka yenyu pakushovorwa, kuti marudzi evanhu avaseke;' vangareveiko pakati pemarudzi evanhu, vachiti, `Mwari wavo aripiko?" "Tendevukirai kwandiri nemwoyo yenyu yose, muchizvinyima zvekudya, muchichema nekuungudza; bvarurai mwoyo yenyu, murege kubvarura nguvo dzenyu, mutendeukire kuna Jehova Mwari wenyu; nekuti ane ngoni nenyasha, anononoka kutsamwa, ane tsitsi zhinji."Joeri 2: 12, 13.

Kuti vanhu vagadzirirwe kumira pazuva raMwari basa guru rerumutsiriro raifanira kuitwa. Mwari akawona kuti vazhinji vaizviita vanhu vake vakanga vasingavakiri zvenyika inouya, saka netsitsi dzake akada kutumira mashoko echenjedzo kupeputsa vanhu kubva muhope dzavo, kuvatungamirira kuti vagadzirire kuuya kwaShe.

Yambiro iyi inobudiswa pachena muna Zvakazarurwa 14 patinowana mashoko matatu anofananidzirwa kuti anoparidzwa nevatumwa, zvichiteverwa nekukurumidza nekuuya kweMwanakomana wemunhu kuti azokohwa "kukohwa kwepasi". Yambiro yekutanga inotaura nezverutongo runovuya. Muprofita akavona mutumwa achibhururuka "nepakati pedenga, ane Evhangeri isingaperi, kuti aiparidzire vanogara panyika, nemarudzi ose, nendudzi dzose, nendimi dzose, nevanhu vose. Akati nenzwi guru: Ityai Mwari, mumurumbidzei; nekuti nguva yake yekutonga yasvika; namatai iye, wakasika denga, nenyika, negungwa, namatsime emvura" Zvakazarurwa 14: 7.

Shoko iri rinonzi chikamu "cheEvangeri isingaperi". Basa rekuparidza vhangeri harina kupiwa ngirozi, asi vanhu. Vatumwa vatsvene vakapiwa basa rekuona kuti basa iri rinofamba zvakanaka, ndivo vanotungamirira zvirongwa zvikuru zvekuti vanhu vapone; asi basa chairo rekuparidza vhangeri rinoitwa nevaranda vaKristu panyika.

Varume vakatendeka, vaiteerera kudenha kwemweya waMwari uye dzidziso dzeshoko rake, vaifanira kuzoparidza yambiro iyi kunyika. Vaive avo vakanga vaterera "shoko rakasimba revuprofita," "chiedza chinovhenekera mune rima kusvikira vutonga huchitsvuka, nenyamasase ichibudira mwoyo yenyu" 2 Petro 1:19. Ava vaitsvaka kuziva Mwari kupfuura kutsvaka kwavaingaita hupfumi hwakavanzwa, vachiti "kunopfuura kuwana siriva; nekufuma nako kunopfuvura kufuma nendarama" Zvirevo 3:14. Ishe akavazarurira zvinhu zvikuru zvehumambo. "Zvakavanzwa zvaJehova ndezvevanomutya; Achavaratidza sungano yake" Pisarema 25:14.

Vakanga vasiri vatungamiriri vekereke vakanzwisisa chokwadi ichi vakachiparidza. Dai vaive nharirire dzakatendeka, vachinzvera Magwaro nemunamato nemwoyo wakaperera, vangadai vakaziva kuti inguvai yevusiku; zviprofita zvingadai zvakavazarurira zvinhu zvakananga zvave kuzadziswa. Asi havana kugara pachinzvimbo ichi, Shoko rikaparidzirwa nerimwe boka. Jesu akati, "Fambai muchine chiedza, kuti murege kukundwa nerima" Johane 12:35. Vose vanofuratira chiedza chapiwa naMwari, kana kushaya hanya yekuchitsvaka icho chiri pedyo navo, vanosara vari murima. Asi Muponesi anoti, "unonditevera haangatongofambi murima, asi uchava nechiedza chehupenyu" Johane 8:12. Vose vanoita nechinangwa chekutsvaka kuita kuda kwaMwari, vachichenjerera kuita zvose pachiedza chavaanacho, vanowana chimwe chiedza chikuru, kune vakadaro vose, nyeredzi ine kupenya kwekudenga inotumwa kuti ivatungamirire kuchokwadi chose.

Pakuuya kwaJesu kwekutanga, vaprista nevanyori vakanga vakachengeteswa murairo waMwari, vaingadai vakavona zviratidzo zvenguva vakaparidza kuuya kweAkavimbiswa uyu. Chiprofita chaMika chaitura nzvimbo yekuzvarwa kwake (Mika 5:2). Danieri akataura nguva yekuuya kwake chaiyo, Danieri 9:25 inozvitsanangura nemazvo. Mwari akanga apa zviprofita izvi kuvatungamiriri vechiJudha, saka vakanga vasina chikonzero

chavaingapa chekusaziva nekusaparidzira vanhu kuti kuuya kwaMessia kwasvika. Kusaziva kwavo kwakakonzerwazve nekushaya hanya kwavo. MaJudha aivaka shongwe dzekurangaridza vaprofita vakaurawa, asi kuremekedza kwavo vakuru ava vepano pasi vaitopa rukudzo kuvaranda vaSatani. Vaipedza nguva yavo yose vachirwira zvinzvimbo nemasimba pakati pevanhu, zvekuti vakabva vatadza kuona rukudzo rwavakanga vapiwa naMambo wekudenga.

Vakuru vekwaIsraeri vaifanira kudzidza nekuzvininipisa nekuperera kose nezvenzvimbo, nenguva nezviitiko zvose zvaitaura pamusoro penyaya iyi yakakoshesesa munhoroondo yenyika ino yekuuya kweMwanakomana waMwari kuzodzikinura vanhu. Vanhu vose vaifanira kumirira vakagadzirira kuti vave vekutanga kuchingamidza Mudzikinuri wenyika yose. Asi tarira kuBeterehema, vafambi vaviri vaneta vachibva kumakomo eNazareta vakafamba nenzira dzose dzemumusha, dzakadziva kumabvazuva kweguta, vachitsvaka, asi vachishaya nzvimbo yekuzorora neyekurara husiku ihoho. Hapana akabvuma kuvazarurira mudzimba dzavo. Munzvimbo yakadzikira kwazvo yakagadzirirwa mombe, ndipo pavakazowana pekuzororera, ndipo pakazozvarirwa Muponesi wenyika ino.

Vatumwa vekudenga vakanga vachiziva mbiri yaive naJesu ari kudenga pamwechete naBaba, nyika isati yasikwa, saka vaitarisisa kuti kuuya kwake chaizove chiitiko chaigashirwa nemufaro wakakurisa nevanhu vose panyika. Kwakagadzwa vatumwa kuti vatakure mashoko erufaro achienda kuvanhu vakagadzirira kuagashira uye vaizoita basa rekuavudza vamwevo panyika nemufaro. Kristu akazvidzikisa akatora chimiro chemunhu, aizotakura mutoro mukuru wematambudziko paaizove chibairo chezvivi; asi kunyange zvakadaro vatumwa vaida kuti Mwanakomana weWekumosoro soro asvike pavanhu nechiremerera nekubwinya kunoenderana nechimiro chake. Nyika ivone kuzvininipisa kweMwanakomana waMwari aikudzwa zvakadaro. Ko vakuru vakuru venyika vaizovungana here pamuzinda mukuru waIsraeri kuti vamuchingamidze? Boka revatumwa raizomuratidza boka guru revanhu vakanga vakamumirira?

Mutumwa akabva kudenga kuzovona kuti ndevapi vakagadzirira kuchingamidza Jesu. Asi haana kuona kana kutarisa kwevanhu. Haana kunzwa izwi rekurumbidza kana rerukuriro nekuti nguva yekuuya kwaMessia yasvika. Mutumwa uyu akambobhururuka ari pamusoro peguta rakasarudzwa, nepatemberi paivonekwa kuvapo kwaMwari kwemakore mazhinji, asi kana ikoko hakuna akaratidza kuti kwaive nechinhu chikuru chaizoitika. Vaprista mukuzvikudza nekuda kuvonekwa nevanhu vari kupira zvibairo zvavo zvakasvibiswa mutemberi. VaFarise vari kutaura kuvanhu nemazwi ari pamusoro, kana kuti vari kuita muminamato yavo yekuzvikudza vari pamharadzano dzenzira. Mudzimba dzemadzimambo nemunzvimbo dzekudzidza kwepamusoro, muzvikoro zvemaRabbi, vose hapana ane hanya nechiitiko chaifadza nekurumbidzwa nevagari vekudenga-chekuuya kwaMuponesi panyika.

Hapana humboo hwairatidza kuti Kristu akamirirwa, hapana kana gadziriro yekusangana neMuchinda Wehupenyu. Nekushamiswa kukuru mutumwa wekudenga ave kuda kutodzokera kudenga ane mashoko anonyadzisa nekusuwisa zvakadaro, apo anovona vafudzi vaichengeta makwai vusiku, uye pavanotarisa nyeredzi kudenga, vachifungisisa pamusoro pezviprofita zvekuuya kwaMessia, vanoshuvira kuuya kwaMuponesi wavo. Ava ndivo chete vakanga, vakagadzirira kugashira shoko raibva kudenga. Pakarepo mutumwa waMwari akadaidzira mashoko emufaro mukuru. Mbiri yedenga ikazadza bani rose, boka guru guru revatumwa vasingaverengeki rikavonekwa. Kuita sekuti mufaro wakanga usingakwanisi kutakurwa nemutumwa mumwechete kubva kudenga, mazwi mazhinji akabva atanga kuimba rwiyo rukuru urwo ruchaimbwa nevachaponeswa nerimwe zuva: “Mbiri kuna Mwari kumusoro-soro, nerugare ruve panyika, nemwoyo muchena kuvanhu” Ruka 2:14.

Haiwa chidzidzo chikuru sei chenyaya yepaBeterehema! Inotsiura zvakadii, kuzvikudza, nekusatenda kwedu, nekuzvinzwa takatokwana!

Inotiyambira kuti tingwarire kuti nesuvo tisashaya hanya nezviratidzo zvekuuya kwaJesu tichitadza kuziva zuva rekushanyirwa kwedu.

Hakuzi kuzvikomo zveJudea chete, kwete kuvafudzi chete, vanhu vaitarisirwa pasi, kwakavonekwa nevatumwa vanhu vakanga vakagadzirira kuuya kwaMessia. Munyika yevaHedhenivo maive nevamwe vaimutarisira; vaive vachenjeri vekumabvazuva, vafumi veimba yehumambo vadzidzi vekumabvazuva. Sevadzidzi vezvisikwa nehukuru hwazvo, vachenjeri ava vakanga vavona Mwari mune zvaakasika. Kubva muMagwaro evaHeberu vakanga vadzidza kuti paizobuda nyeredzi kubva kuna Jakobo, saka nechishuvo chikuru vaitarisira kuuya kwake uyo aisazova “munyaradzi waIsraeri” chete, asi “chiedza chevaHedhenivo,” uye “achiponesa kusvika kumigumo yenyika yose” Ruka 2: 25,32; Mabasa 13:47. Vaive vatsvaki vechiedza, saka chiedza chaibva pachigaro chehushe chaMwari chakavhenekera nzira yavo. Panguva vaprista nemaRabbi veJerusarema vaive vachengetedzi nevadudziri vechokwadi ichi vakanga vakaputirwa nerima, nyeredzi yaibva kudenga yakatungamirira vaenzi ava kunzvimbo yakanga yazvarirwa Mambo.

Zvichaitika kuti Kristu “achavonekwa kechipiri, naivo vanomutarira, asingazotakuri zvivi asi kuti avaponese” VaHeberu 9: 28. Semashoko ekuzvarwa kwaMuponesi, mashoko ekuuya kwake kwechipiri haana kupiwa kuvatungamiriri vezvekunamata pakati pevanhu. Vakanga vakundikana kuchengetedza hukama hwavo naMwari, uye vakanga varamba chiedza chaibva kudenga; saka vaisava muboka rinotaurwa namupostora Pauro: “Asi imi, hama dzangu, hamuzi murima, kuti zuva iro rikubatei sembavha. Nekuti imi mose muri vana vechiedza, nevana vemasikati; hatizi vevusiku, kana verima” 1 VaTesaronika 5: 4, 5.

Varindi vepamasvingo eZioni ndivo vaifanira kutanga kugashira mashoko ekuuya kwaKristu, vachivazve vekutanga kusimudza mazwi avo kuti ave pedyo, vekutanga

kunyevera vanhu kuti vagadzirire kuuya kwake. Asi vakanga vakarivara, vachitorota zvavo nezverugare nekuchengetedzeka, asi vanhu vakarara muzvivi zvavo. Jesu akavona Kereke yake, yakaita semuvonde usingabereki asi ine mashizha ekuda kuvonekwa, asi michero pasina. Paive nekuzvikudza nekushamisira mune zvekunamata, asi mweya wekuzvininipisa kwechokwadi, kuzvidemba nekutenda-izvo zvoga zvinoita kuti kunamata kugashirike kuna Mwari-paiva pasina. Pane kuva nemuchero weMweya, paiva nekuzvikudza, mufananidzo chete wekunamata, kutsvaka mbiri, chindini, neudzvanyiriri. Kereke yakadzokera kumashure yakavhara maziso ayo kuzviratidzo zvenguva. Mwari haana kuvaramwa vakadaro, kana kuita kuti kutendeka kwake kukundikane; asi ivo vakamutiza, vakazvipatsanura kubva kurudo rwake. Pavairamba kuita zvakatarwa, zvitsidzo zvake hazvina kuzadziswa kwavari.

Izvi ndizvo zvinoitika kana pakashaikwa hanya nekusatambira chiedza nekusashandisa mikana inobva kuna Mwari. Kunze kwekuti sangano ramutevera pane zvaanotanga kupa, vachigamuchira chokwadi chose, nekuita basa rose rataurwa, kunamata kunoguma kwangove kwekuchengeta tutsika, mweya nesimba zvaMwari zvinotama. Chokwadi ichi chagara chichiratidzwa munhoroondo yesangano . Mwari anoda kuti vanhu vake vaite mabasa ekutenda nerudo zvichienderana nezvikomborero nemikana yaanovapa. Kuterera kunoda kuzvipira uye kunotsvaka muchinjikwa; ndicho chikonzero vazhinji vanoti vanonamata vachiramba chiedza chinenge chabva kudenga. Uye semaJudha ekare, havazive nguva yekushanyirwa kwavo, Ruka 19:44. Nekuda kwekuzvikudza nekusatenda kwavo, Mwari akavadarikira, akazarura chokwadi chake kuvanhu vakaita sevafudzi veBeterehema nevachenjeri vekumabvazuva avo vakanga vaterera chiedza chose chavakanga vagashira.

Chitsauko 18 Muparidzi weshanduko wekuAmerica

Mumwe murimi akanga ari murume akatendeka, aine moyo unorevesa, akanga ambodzidziswa kusatenda kusimba reBhaibheri, asi iye pachake aiva nechido chekuziva zvokwadi, ndiye murume akasarudzwa naMwari kuti atungamirire basa rekuparidza kudzoka kwaKristu kwechipiri. Sezvakaitawo vamwe Vaparidzi veRuvandudzo vazhinji, William Miller munhu akakura achirwisana nehurombo kubva pahudiki hwake, zvinova zvakamudzidzisa zvidzidzo zvikuru zvekushandisa simba nekuzviramba. Mhuri yekwaakazvarwa yaizivikanwa nekusununguka, nerudo rwekupa, nekugona kutsungirira, nerudo rwenyika yavo—zvinova tsika dzainyanyo onekwa muchimiro chake. Baba vake vakanga vari musoja akarwa muuto reChimurenga, zvekuti kuoma kwakanga kwakaita hupenyu hwaMiller mumakore ehudiki hwake kuonogona kuva kwakakonzerwa nekutambudzika nekuzvipira kwakaita baba vake mumguva yehondo yakakura iyi.

Miller akanga ari murume akasimba panyama, kunyangwe pahudiki hwake akaratidza kuti aiva nepfungwa dzakapinza. Paaikura, minongedzo iyi yakaramba ichikurawo pakuonekera. Pfungwa dzake dzaishanda dzichikura zvakanaka, uye aivawo nenyota yekuda kuwana zivo. Kunyangwe zvazvo asina kuwana mukana wekuwana dzidzo kuchikoro chepamusoro, rudo rwake rwekuverenga mabhuku netsika yake yekunyatsofungisisa nekunyatsocherechedza yakamuita kuti ave murume aiva nepfungwa yekupa mutongo wakarurama pamaonero nezvinhu. Akanga ari munhu ane chimiro chinehunhu husina zvipomerwa, achinyanyo zivikanwa nekutendeka, kugona kurarama nezvishoma, uye ruoko rwunopa. Nekuda kwesimba raaknga anaro, akakasika kuva munhu anokwikwidza muhupenyu, asi tsika yake yekuverenga haana kuisiya. Akashanda Mabasa akawanda munezvekutongwa kwematunhu nemuchiuto, zvekuti mikana yekuita pfuma nekukudzwa yakanga yakavhurika kwaari.

Amai vake vakanga vari mukadzi anoda zvekunamata, zvekuti pahudiki hwake Miller akanga adzidziswa zvinechekuita nechitendero. Mumakore ehujaya hwake, Miller akapindawo muboka revanhu vaitenda munezvamwari, izvo zvaionekwa pakuti vaiva vanhu vaigara zvakanaka munyika, varume vaiva nechimiro chinehunhu nerudo rwekupa. Nekuda kwemararamiro aya, mukati memapoka eChiKristu, zvimiro zvevanhu ava zvakakwezva nekuumbawo zvimiro zvevamwe munharaunda. Kugona kwavo nekurarama kwakavawanisa ruremekedzo, ivo vaifanira kupa mbiri kuBhaibheri; asi kwete nokuti zvipo zvakanaka izvi zvkavarasisa kuzvika pakufurira vanhu kusatenda Bhaibheri. Nekuda kwekushamwaridzana nevanhu ava, Miller akagamuchirawo pfungwa dzavo. Madudziriro avaiita Bhaibheri, akasiya Miller aiine mibvunzo inorema; asi kunyangwe kutenda kwake kutsva uku, kwaisiya Bhaibheri parutivi, kwakaita kuti ashaye chimwe chirinani chaangaisa panzvimbo yaro, saka haana kuwana kugutsikana. Akaramba hake aiine kutenda uku kwemakore angasvika gumi nemaviri. Asi paakasvika makore makumi matatu

nemana, Mweya Mutsvene akazadza moyo wake nepfungwa yekuzviona chimiro chake semutadzi. Akaona kuti muchitendero chake, akanga asina vimbiso yerufaro museri meguva. Ramangwana rake rakanga riine dima risina kujeka. Mumakore emberi paakazenge akutaura nezvehupenyu hwakwe hwazuro, Miller akataura kuti:

"Nyaya yekumedzwa nekunyangarika yaiva pfungwa inorwadza kugamuchira, uye pfunga yekuzozvidavirira yaiparadza vazhinji. Denha ndairiona seNdarira yaiva pamusoro pangu uye nyika seDare pasi petsoka dzangu. Kusingaperi— chaiva chii ichocho? Rufu— Sei rwaivapo? Pandairamba ndichifungisisa, ndairamba dzischiswedera kure nekunzwisisa. Pandaiwedzera kufunga, ndipo paiwedzerawo kepararira kwemhinduro dzangu. Ndakaedza kumira kufunga, asi pfunga dzangu handina kuona kudzimisa. Ndakatambudzika zvechokwadi, asi handina kunzwisisa chikonzero. Ndakagunun'una nekunyunyuta, asi handina kuziva kuti ndaizviitira kunani. Ndaiziva kuti panechinhu china kunaka, asi ndaisaziva kuti ndochiwana kupi uye ndochigadzirisa sei. Ndakachema asi ndisina Tariro."

Akararama muchimiro ichi kwemwedzi mizhinji. Anoti iye: "Nekukasika, chimiro chaMuponesi chakatanga kujeka mupfungwa dzangu. Zvakatanga kuuya mupfungwa kuti kunofanira kunge kuine munhu akanaka anetsitsi kuti iye atakure kudarika kwedu, kuti atiponese kubva mukutambudzika pasi pechitema netuso racho. Nekukasika ndakatanga kufunga kuti munhu akadaro iyeye anofanira kunge aine rudo, ndikafungakuti zvaizodii kana ndikazvikandira mumaoko ake, nekuvimba mutsitsi dzeakadaro. Asi mubvunzo wakauya ndewekuti, Zvingazikanwa sei kuti kune munhu akadaro anorarama? Kunze kweBhaibheri, handina humbowo hwekuti kune muponesi akadaro, kana muneramangwana….

"Ndakaona kuti Bhaibheri rinenge raidudisa muono wekuti Muponesi akadaro sewandaitsvaga ariko; asi chakandinetsa ndechekuti bhuku rakadaro risina kufemerwa raingabudisa sei zvimiso zvingawirirana nezvinodiwa kubatsira nyika yakawa. Izvi zvakandimanikidza kubvuma kuti Bhaibheri raiva zvakazarurwa zvaMwari. Magwaro akatanga kuva Rufaro rwangu; ndikabva ndawana shamwari munaJesu. Muponesi kwandiri akava mukurusa pakati pevanezviuru gumi; uye Bhaibheri, iro randaimboona mariri kupikisana nedima, iyezvino rakava kwandiri mwenje patsoka dzangu, nechiedza panzira yangu. Pgungwa dzangu dzakatanga kugutsikana. Ndakawanawo kuti Jehovha Mwari ndiye Dombo mukati megungwa rehupenyu. Bhaibheri ndiro rakava chidzidzo change chikuru, uye muchokwadi ndingataura ndichiti, ndkarinzvera nemufaro mukuru. Ndakaona kuti chikamu charo chikuru ndakanga ndisina kumboudzwa nezvacho. Ndakanetseka kuti sei ndakanga ndina kuona kunaka nekujeka uku nezuro, ndikashamisika kuti sei ndaimboriramba. Ndakaona zvidiso zvemoyo wangu zvese zvichibudiswa pachena, ndikaonawo mariri mushonga unorapa zvirwere zvemweya zvose. Ndakasara

ndisiisna havi yekuverenga zvimwe zvese, ndikazvipra moyo wangu kutsvaga uchenjeri kubva kunaMwari." (S. Bliss, Memoirs of Wm. Miller, mapeji 65-67).

Miller akaparidza pachena kutenda kwake muchitendero chaaimbozvidza. Asi shamwari dzake dzaisingatendi hadzina kunonoka kuunza nharo dzemiono iyo iye akanga amboshandisa pakuramba hutsvene hweMagwaro. Panguva iyi akanga asina kugadzirira kuvapindura; asi akafunga achiti, kana Bhaibheri raiva rabva kuna Mwari, raifanira kunge riine mhinduro dzaro mukati maro; uye sezvo rakanga rapiwa kuti ridzidzise munhu, rinofanira kunge richinzwisisika nepfungwa dzake. Akazvipira kudzidza Bhaibheri ega, kuti aone kuti zvese zvainzi zvinopikisana mariri zvingabatana sei.

Akazvipira kusiya parutivi zvese zvaaimboziva, nokusiya mabhuku ese anodudzira pamusoro pebhaibheri, kubva atanga kuenzanisa vhesi ne mavhesi, achibatsirwa nezvaknyorwa kumupendero kwaro nerimwe bhuku rinobatsira kuwana nekukasika imwe ndima inotaura zvimwechetezvo. Akaenderera mberi achidzidza Bhaibheri zvakarongeka kubvira mubhuku raGenesisi, achiverenga ndima nendima, asingamhanyi kusvika anzwa zvinoreva ndima dzimwe zhinji idzo dzaibhendenuka dzichimusiya asina kushushikana. Kana iwana pamwe pasina kujeka, yakanga iri tsika yake kuenzanisa veshi iyoyo nedzimwe ndima dzairatidza kuti dzinotaura nezvepfungwa imwecheteyo. Vara rimwe nerimwe aiiritendera kuti rireve zvarinoreva mundima yarakanyirwa, uye kana maonero ake iye akawirirana nezviri mundima, zvaibvisa kuoma. Zvaidaro kuti pese paaisangana nendima yakaoma kunzwisisa, ainowana tsanangudzo munedzimwe ndima dzemuBhaibheri. Paidzidza nekunamata achitsvaga kujekeserwa, izvo zvakanga zvambomuomera kunzwisisa pekutanga zvitanga kujekeswa. Akatanga kuona chokwadi chinotaurwa muPisarema rinoti: "Kuzarurwa kwemashoko enyu kunopa chiedza; kunopa njere kuna vasina mano" Mapisarema 119:130.

Nechido chikuru Miller akadzidza bhuku raDanieri pamwe neraZvakazarurwa, achingoshandisa nzira imwechetewo yekududzira sezvaaingoita mamwe matsamba., ndokubva awana, nemufaro mukuru kuti mifananidzo yechiporofita inogona kunzwisisika. Akaonawo kuti zviporofita izvo zvakanga zvatozadziswa, zvaknga zvazadzikiswa chaizvo semanyorerwo azvakaitwa; uye kuti minongedzo mizhinji, mazwi ekufananidzira, mifananidzo, masoko anofanana, nezvimwe zvakadaro, zvaitsanangurwa panedzimwe nzvimbo, mundima yacho iyoyo, kana munemamwewo mavhesi ari munemamwe mabhuku, uye kuti kana zvatsanangurwa, zvaizwisisika sezvazviri muupenyu. Miller anoti: "Ndakagutsikana, kuti Bhaibheri chirukwa chezvokwadi yakazarurwa, zvikapiwa pachena uye zvakareruka kumunhu mufambi, zvokuti kunyangwe benzi, haringafaniri kurashika munzira." — (Bliss, peji 70). Hoche koche yezvokwadi yakaita seketani yakabatsira basa rekudzidza bhaibheri kwaMiller, apo aitevedza nhanho nenhanho mumitsara mikuru yezviporofita. Ngirozi dzedenga dzaitungamirira pfungwa dzake nekuzarura kunzwisisa kwake Magwaro.

Musure mekusherechedza kazadzisirwo kakaita zviporofita kare semunongedzo wekuzadziswa kuchaitwa zviporofita zveramangwana, Miller akanzwisisa kuti pfungwa yaigamuchirwa nevazhinji yekutonga kwaKristu pamweya, uye kuzovapo kwekazororo kemakore chiuru kaizopera asi nyika isati yaguma, zvese izvi zvaisatsigirwa neShoko raMwari. Dzidziso iyo yainongedzera kuti makore chiuru aizovapo ekururama nerugare asi Kristu asati adzoka kechipiri, yaibvisa panzvimbo munongedzo wekutambudzika kuchavapo nezuva raJehovha. Asi kunyangwe zvichifadza kunzwa, zvaipikisana nedzidziso yaKristu pamwe nevadzidzi vake, ava vakataura kuti zviyo nemashawi zvichakurirana pamwechete kuzvikira pakukohwa, kunova kuguma kwenyika; uye kuti "vanhu vakaipa navanyengeri vachanyanyisa pakuipa;" kuti "namazuva okupedzisira nguva dzokutambudzika dzichasvika;" uye kuti umambo hwerima huchavapo kusvikira pakuonekwa kwaJesu uye huchazoparadza nemweya wemuromo Wake nekuputswa nekupenya kwekuuya kwake (Mateo 13:30, 38-41; 2 Timotio 3:13, 1; 2 Vatesaronika 2:8).

Dzidziso yekutendeuka kwenyika yose nekutonga kwaKristu pamweya haina kumbodzidziswa neKereke yevaApostora. Haina kumbobvira yagashirwa neMaKristu kusvikira mumakore ekuvamba kweSenjuri yegumi nemasere. Sedzimwe mhosho dzese, dzidziso iyi yaiva nematuso akaipa mairi. Inoda kudzidzisa vanhu kuti vatarisire kuuya kwaJesu munguva irimberi-mberi, asi ichivatadzisa kuona zviratidzo zvinodaidzira kusvika kwake. Dzidziso iyi inoisa muvanhu pfungwa yekugutsikana nekunzwa vasina chavanotya zvichivaita kuti varege kugadzirirra kusangana naTenzi.

Miller akaona muBhaibheri kuuya kwaJesu kwechokwadi kuri pachena. Pauro anoti: "Ishe amene achaburuka kudenga nekudanidzira, nezwi romutumwa mukuru, nehwamanda yaMwari" 1 VaTesaronika 4:16. Uyewo Muponesi akataura kuti: "Vachaona mwanakomana womunhu achivuya pamusoro pamakore okudenga nesimba nokubwinya kukuru," "nokuti semheni inobva kumabvazuva ichipenyera kumavirira ndizvo zvichaita kuvuya kwoMwanakomana womunhu" (Mateo 24:30, 27). Achange achiuuya nehondo dzokudenga. "Zvino kana Mwanakomana womunhu achvuya nokubwinya kwake, navatumwa vatsvene vanaye (Mateo 25:31). "Uchatuma vatumwa vake nehwamanda huru, vachavunganidza vasanangurwa vake" (Mateo 24:31).

Pakuuya kwake vatsvene vakafa vachamutswa, ukuwo vapenyu vakarurama vachashandurwa. Pauro anoti: "Hatingavati tose, asi tichashandurwa tose, pakarepo, nokubwaira kweziso, nehwamanda yokupedzisira; nokuti hwamanda icharira, ipapo vakafa vachamutswa nokusavora, nesu tichashandurwa. Nokuti ichi chinovora chinofanira kufuka kusavora, nechichi chinofa chinofanira kufuka kusafa' (1 VaKorinte 15:51-53). Uye mutsamba yake kuVatesaronika, musure mekutsanangura kuuya kwaTenzi, anoti: "Vakafa munaKristu vachatanga kumuka; isu vapenyu vakasara tichakumbana navo mumakore, kuti tichingamidze ishe mudenga: ipapo tichava naShe nguva dzose." (1 VaTesaronika 4:16, 17).

Vanhu vaKristu havazowani humambo kusvikira iye pachake avuya. Muponesi akati: “Zvino kana Mwanakomana womunhu achivuya nokubwinya kwake, navatumwa vatsvene vanaye, uchagara pachigaro chake chovushe chokubwinya. Namarudzi ose achavunganidzwa pamberi pake, ucharavura somufudzi unoravura makwai nembudzi: Uchaisa makwai kurudyi rwake, mbudzi kuruboshwe. Zvino ishe uchati kunavari kurudyi vuyai imi makaropafadzwa naBaba, mugare nhakayovushe hwakagadziriremwi kubva pakuvamba kwenyika” (Mateo 25:31-34).

Taona kubva mumagwaro apiwa pamusoro kuti kana Mwanakomana womunhu achuya, vakfa vachamutswa nokusavora, uye vapenyu vachashandurwa. Neshanduko iyi huru vachagadzirirwa kugamuchira humambo; nokuti Pauro anoti: “Nyama neropa hazvingagari nhaka youshe hwaMwari, nokuvora hakungagari nhaka yokusavora.” (1 VaKorinte 15:50). Munhu muchimiro chake zvino anofa, anovora; asi humambo hwaMwari hauna kuvora, hunogara nokusingaperi. Saka munhu muchimiro chake zvino haangapindi muhumambo hwaMwari. Asi kana Jesu ouya, achapa kusafa kuvanhu Vake; obva avashebedza kuti vagare nhaka yovushe uhwo parizvino vangoriri vadyi venhaka yahwo.

Izvi nemamwe Magwaro zvakaburitsa pachena kunaMiller kuti zviitiko zvaitarisirwa kazhinji kuti zviitike Jesu asati auya, zvakafanana nekuvapo kwerunyararo mupasi rese nekugadzwa kwehumambo hwaMwari panyika, zviafanira kuzouya mushure mekuuya kwaKristu kwechipiri. Pamusoro pazvo, zviratidzo zvose zvenguva nechimiro chenyika zvaiwirirana netsanangudzo dzemazuva ekupedzesera muchiporofita. Mushure nekudzidza Bhaibheri rega, Miller akamanikidzwa kutenda kuti nguva yakanga yatarirwa nyika ino muchimiro chairi yakanga yave kupera.

Anotaura achiti: “Chimwe chinhu chakabata pfungwa dzangu, humbowo wekurongeka zvakatevedzana kwBhaibheri … Ndakawana kuti zviitiko zvakaporofitwa zvikazadziswa munguva dzapfuura, zvakaitika munguva yakatarwa. Makore zana nemakumi maviri emurove (Genesi 6:3); mazuva manomwe mvura isati yanaya, nemazuva makumi mana ekunaya kwemvura (Genesi 7:4); Makore mazana mana ehutorwa hwevana vaAbrahama (Genesi 15:13); Mazuva matatu ekurota kwemubiki wechingwa nemusvini wewaini (Genesi 40:12-20); makore manomwe aFarao (Genesi 41:28-54); makore makumimana emurenje (Numeri 14:34); makore matatu nehafu enzara (1 Madzimambo 17:1) [ona Ruka 4:25;] ... makore makumi manomwe ehubatwa (Jeremiya 25:11); nguva nomwe dzaNebukadinezari (Daniere 4:13-16); uye mavhiki manomwe, makumi matanhatu nevhiki mbiri, nevhiuki imwe, zvichigadzira mavhiki makumi manomwe, dzkatemerwa vaJudha (Daniere 9:24-27),— nguva dzakatarwa muzviitiko izvi zvose zvaingoitika nekuda kwekuporofitwa kwazvo, zvikazadzikiswa sekutaurwa kwazvakanga zvaitwa”.— (Bliss, mapeji 74, 75).

Apo Miller, mukudzidza kwake Bhaibheri, akawana humbowo hwekutevedzana kwenguva dzemakore, sekunzwisisa kwaaiita, dzichitandavara kunosvika pakudzoka kwaKristu kechipiri, haana kukahadzika kufunga kuti nguva idzi "dzakanga dzakarongedzwa kare" dzikaratidza naMwari kuvaranda vake. Moses anotaura achiti: "Zvinhu zvakavanzika ndezvaJehovha Mwari wedu: asi zvinhu zvatakaratidzwa pachena ndezvedu, isu nevana vedu nokusingaperi," Uye Jehovha vanotaura kuburikidza nemuporofita Amos kuti: "Havangaiti chinhu, vasina kuzarurira zvakavanzika zvavo kuvaranda vavo vaporofita." (Deuteronomio 29:29; Amosi 3:7). Saka vadzidzi veShoko raMwari, vanogona kumira vakasimba vachitarisira chiitiko chikuru kuti chizoitika munhoroondo yevanhu zviri pachena sezvakataurwa muMagwaro echokwadi.

Miller anoti: "Apa ndainyatsogutsikana," kuti "Rugwaro rwose rwakapiwa nekufemera kwaMwari, rwunobatsira pakudzidzisa," (2 Timotio 3:16); kuti harwuna kutongovuya nokuda kwomunhu, asi vanhu vatsvene vaMwari vakataura vachimutswa noMweya Mutsvene (2 Petro 1:21), uye "zvakanyorwa kuti isu tidzidze tive netariro inobva pakutsungirira napakunyaradza kwaMagwaro" (Varoma 15:4), Uye ndaitorawo ndima dzinotevedzana zvakarongeka muBhaibheri sechikamu cheShoko raMwari, uye zvakakoshera kudzidza kwedu, sezvingangoita zvimwe zvikamu zvose zvemuMagwaro. Ndakanzwisisawo kuti mukuyedza kwangu kunzwisisa izvo Mwari kuburikidza nenyasha dzake akaona zvakakosha kuti buritsira pachena, ndakanga ndisina kodzero yekusiya paritivi dzimwe nguva dzemuzviporofita."—Bliss, peji 75.

Chiporofita chakanyatso buritsa pachena nguva yekudzoka keaJesu kechipiri chiri muna Danieri 8:14: "Kusvikira madekwana namanganani ane zviuru zviviri namazana matatu; ipapo nzvimbo tsvene ichanatswa." Achitevera mutemo wake wekuti Bhaibheri rinozvidudzira roga, Miller akadzidza kuti zuva rimwe mumunongedzo wechiporofita rinomirira gore rimwechete (Numeri 14:34; Ezekieri 4:6); akaona kuti nguva inomirirwa nemakore ane zviuru zviviri namazana matatu ehiporofita, kana mazuva chaiwo, kana makore chaiwo, achatandavara kusvika mberi apo mutsa uchavharwa munguva yeVaJudha.

Miller akagamuchirawo pfungwa yainyanya kugamuchirwa muchiKristu yekuti nyika ino ndiyo Sangichuari, saka kunatsva kwenzvimbo tsvene kwakataurwa muna Danieri 8:14 kwaimirira kunatswa kwenyika ino nemoto pakuuya kwaJesu kechipiri. Saka kana izvi zvaiva chokwadi, kurevawo kuti akawana panotangira chaipo nguva makore ane zviuru zviviri namazana matatu, saka nguva yekudzoka kwaKristu yaizozivikanwa. Saka nguva yekuzara kwezvinhu zvose yaizova pachena, nguva iyo chimiro chiripo iyezvino, chine "kuzvizvudza kwese nemasimba, kuzvikudza pasina, huipi nehudzvinyiriri, yaifanira kuguma;" apo chituko "chaizobviswa panyika, rufu rwuchiparadzwa, varanda vaMwari vachipiwa mubairo, vaparofita nevatsvene, neavo vanotya Zita Rake, uye avo vanoparadza nyika vachiparadzwa."—Bliss, peji 76.

Nechido chitsva uye chakadzika, Miller akaenderera mberi achinzvera nekuongororra zviporofita, achipedza imwenguva husiku hwose nemasikati mukudzidza izvo zvaakanga aona zvino kuti zvinokosha uye zvinodikanwa. Muchitsauko chesere chaDanieri, haana kuwana munongedzo wepangatangira nguva yemakore ane zviuru zviviri namazana matatu; nokuti ngirozi Gabrieri, kunyangwe yakarairwa kuti ipe Danieri kunzwisisa muono uyu, yakangomupa chidimbu chetsananguro yacho. Apo kutambudzwa kunotyisa kuchawira Sangano kwakarapanurwa mumuono wemuporofita, simba rake rakapera. Haana kukwanisa kuramba akamira, ngirozi ikabva yamusiya kwechinguvana. Dhanieri "akapera simba akarwara kwemazuva." Anoti "Ndakashamiswa nezvandakaratidzwa, asi kwakanga kusina munhu wainzwisisa."

Asizve Mwari vakanga varaira kumutumwa wavo kuti: Yet God had bidden His messenger: "Gabhrieri, dudzira munhu uyu zvaakaratidzwa" saka kuraira uku kwaifanira kuzadzikiswa. Mukuteerera kurara uku, Ngirozi, munguva yakazotevera, yakadzoka kunaDhanieri ikati: "Dhanieri, ndauya zvino kukuvigira njere nokunzwisisa;" Naizvozvo chinzwa unzwisise muono" (Dhanieri 8:27, 16; 9:22, 23, 25-27). Pakanga paine chikamu chimwe chemuono wemuchitsuko chesere chakanga chasiiwa chisina kutsanangurwa, icho chinechekuita nenguva yemakore ane zviuru zviviri namazana matatu; saka Ngirozi, pakuenderera mwayo mberi nekutsanangura, inonyanyo tarisa panyaya yenguva iyi ichiti:

"Vhiki dzinamakumi manomwe dzakatemerwa vanhu vako neguta rako dzvene … Naizvozvo chiziva unwisise, kuti kubva pakutemwa kwomurairo wokuvandudza nokuvaka Jerusarema kusvikira kunowakazodzwa, iye muchinda, zvichaita vhiki nomwe; uye vhiki dzinamakumi matanhatu nembiri: dzichavapo dzokuvakwa kwaro, riine misika nemigwagwa, asi zvichaitwa nenguva yokutambudzika. Zvino kana vhiki idzo dzinamakumi matanhatu nembiri dzapera, akazodzwa achabviswa, akasara asina chinhu…Zvino iye uchaita sungano yakasimba navazhinji vhiki imwe: pakati pevhiki achagumisa chibairo nechipo."

Ngirozi yakanga yatumwa kuna Danieri nechikonzero chimwe chekuti imutsanangurire chikamu icho akanga atadza kunzwisisa muchitsauko chesere, shoko rekuti— "Kusvikira madekwana namangwnani anezviuru zviviri namazana matatu, ipapo nzvimbo tsvene ichanatswa." Mushure mekuraira Dhanyeri achiti: "Chinzwa unzwisise muono," mashoko ekutanga emutumwa anoti: Vhiki dzinamakumi manomwe dzakatemerwa vanhu vako neguta rako dzvene… Vara rakashandurwa apa richinzi "Dzakatemerwa" rinoreva kuti "kudimburwa."

Vhiki dzinamakumi manomwe dzinomirira makore mazana mana namakumi manomwe dzinotaurwa nemutumwa kuti dzakadimburwa sechikamu chenguva yakapiwa kurudzi rweVaJudha. Asi mubvunzo woti, 'dzakadimburwa' kubva payi? Sezvo mazuva anezviuru zviviri namazana matatu ariiwo nguva bedzi irikutaurwa nezvayo muchitsauko

chesere, inofanira kunge iriyo nguva refu iyo vhiki dzinamakumi manomwe dzirikudimburwa kubva mairi; saka vhiki makumi mamnomwe idzi chikamu chemazuva anezviuru zviviri namazana matatu, uye nguva idzi dzose dzirimbiri dzinofanira kutanga panguva imwechete. Vhiki dzinamakumi manomwe dzinotaurwa nemutumwa kuti dzichatanga kubva panotemwa murairo wekuvandudza nekuvaka Jerusarema. Kana zuva rakatemwa murairo uyu rikawanikwa, zvinorevawo kuti panotangira nguva refu yemazuva zviuru zviviri zvinamazana matatu panobva pazikamwa.

Muchitsauko chechinomwe chebhuku raEzra ndimo munowanikwa chirevo ichi. Mumavhesi anobva paneyegumi nembiri kusvika pamakumimaviri nenhanhatu (12-26). Mukutemwa kwechirevoo ichi, chakaitwa naArtaxerxes, Mambo wevaPersia, muna457 B.C. Asi muna Ezra 6:14 imba yaJehovha inonzi yakavakwa “zvichitevedzwa chirevo wakatemwa namambo Cyrus naDarius, na Artaxerxes, mambo wePersia.” Madzimambo matatu aya ndivo vakati umwe “akatanga”, umwe “akasimbisa”, umwe ‘akazopedzisa’ chirevo ichi, kubva achikwanisa semurairo unopa zuva repanotangira nguva yemakore zviuru zviviri namazana matatu sezvirikubuda muchiporofita. Tikatora gore ra457 B.C., nguva iryo chirevo chakatemwa chakazadziswa namambo, rikava ndiro zuva rekutemwa komurairo, zvimwe zvese zvinotaurwa nechiporofita pamusoro pavhiki makumi manomwe zvinobva zvaratidza pazvakazadziswa.

“Kubva pakutemwa kwomurairo wokuvandudza nokuvaka Jerusarema kusvikira kunowakazodzwa, iye muchinda, zvichaita vhiki nomwe; uye vhiki dzinamakumi matanhatu nembiri”—kureva, vhiki dzinamakumi matanhatu nepfumbamwe, kanakuti zvichidudzirwa, makore mazana mana namakumi masere namatatu. Chirevo chamambo Artaxerxes chakatanga kubata mumasutso egore ra 457 B.C. Kubva pazuva iri, makore anamazana mana namakumi masere namatatu akatandavara kusvika mumasutso egore raA.D.27.

Munguva iyi chiporofita ichi chakazadziswa. Vara rekuti ‘Mesiya’ rinoreva “uyo Wakazodzwa.’ Mumasutso egore raA.D. 27, Kristu akabhabhatidzwa naJohane akagamuchira kuzodzwa kwaMweya Mutsvene. Muapostori Petro anopupura kuti “Mwari wakazodza Jesu weNazareta neMweya Mutsvene nesimba.” (Mabasa10:38). Uye iye Muponesi pachake akataura kuti: “Mweya WaShe uripamusoro pangu, nokuti wakandizodza kuti ndiparidze vhangeri kuvarombo.” (Ruka 4:18). Musure mekubhabhatidzwa kwake akaenda muGareria, “achiparidza vhangeri yehumambo hwaMwari, achiti, “Nguva yazadziswa.” (Marko 1:14, 15).

“Iye uchaita sungano navazhinji kwevhiki imwe.” “Vhiki imwe” irikuratidzwa apa ndiyo ‘vhiki’ yekupedzisira pamavhiki makumi manomwe; zvichireva ‘makore manomwe’ ekupedisira enguva yemakore mazana mana nemakumi mapfumbamwe akatemerwa vaJudha. Munguva iyi, inotandavara ichibva mugore raA.D. 27 kusvika gore reA.D. 34,

apo Kristu, pakutanga iye pachake semunhu, zvichizopedziswa nevadzidzi vake, vakaparidza vhangeri rerukoko kuvaJudha. Apo vaApostora vakafamba nenyaya dzakanaka idzi dzehumambo, rairo yaMuponesi kwavari yaiti: “Musapinda munzira dzvahedheni, kana muguta reVaSamariya: asi endai kumakwayi akarasika eimba yaIsraeri” (Mateo 10:5, 6).

“Pakati pevhiki achagumisa chibairo nechipo.” Mugore raA.D. 31, makore matatu nehafu musure mekubhabhatidzwa Kwake, Ishe wedu akaroverwa pamuchinjikwa. Nechibairo chikuru chakapirwa paKarivhari, tsika yezvibairo nezvipiriso yakagumiswa iyo yakanga yaitwa kwezviuru zvemakore ichinongedzera kukuuya kweGwayana raMwari. Mufananidzo wkangwa zvino wadudzirwa nechawaimirira, uye zvibairo zvose nezviga zvemirairo yetsika zvaifanira kumiswa.

Vhiki dzinamakumi manomwe, kana kuti makore mazana mana mamakumi mapfumbamwe, akanga atemerwa vaJudha akabva apera, sezvataona, mugore raA.D. 34. Panguva iyi, kuburikidza nemutongo wkaitwa nedare reSanihedhirini revaJudha, nyika yakazadzisa kuramba kwayo vhangeri nekutakwa nemabwe kwakaitwa Stepfano nekutanga kutambudzwa kwakaitwa vateveri vaKristu. Zvino shoko reruponeso, harina kuzoramba rakanangiswa kurudzi rwakasanangurwa chete, asi rakabva rapiwavo kunyika yose. Vadzidzi vaJesu, vakamanikidzwa kutiza kubva muJerusarema, “vakaenda kwese kwese vachiparidza shoko.” “Firipo akaenda kuguta reSamariya, akanoparidza Kristu kwavari.” Petro, achitungamirirwa neDenga, akazarura vhangeri kumukuru wezana weKesaria, murume aitya Mwari anonzi Konerio; ukuwo mushingi Pauro, akawana kutenda muna Kristu, akatumwa kutakura vhangeri rakanaka kuenda “kure kuVahedheni” (Mabasa 8:4, 5; 22:21).

Patinoona kunyatsozadziswa kwezvirevo zvechiporofita, uye kuvamba kwemavhiki makumi manomwe kunoratidza zvisina mubvuno kuva mugore ra457 B.C., uye kupera kwadzo mugore raA.D. 34. Kubva pahubowo uhu, hazvizhanetsi kutema panoperera mazuva anezviuru makumi maviri nemazana matatu. Vhiki dzina makumi manomwe-dzinova mazuva mazana mana namakumi manomwe- kana dzichidimburwa kubva mumazuva anezviuru zviviri namazana matatu, kunosara mazuva anechiuru chimwe namazana masere anegumi. Pakupera kwemazuva mazana mana namakuni mapfumbamwe, mazuva anechiuru chimwe namazana masere anegumi akasara asina kuzadzikiswa. Kubva mugore raA.D. 34, makore anechiuru namazana masere ane akatandavara kusvika mugore ra1844. Zvazvinoreva ndezvekuti mazuva anezviuru zviviri namazana matatu emuna Dhanieri 8:14 anopera mugore ra1844. Pakupera kwechiporofita chikuru ichi, mukutaura kwemutumwa waMwari, “nzvimbo tsvene ichanatswa.” Zvinoreva kuti nguva yekunatswa kweTemberi, izvo zvaitendwa nenyika yose kuti zvichareva kuuya kwaJesu kechipiri, zvakabuda pachena.

Miller neshamwari dzake pakutanga vaitenda kuti mazuva anezviuru zviviri namazana matatu aizopera munguva yekunaya kwemvura mugore ra1844, asi chiporofita ichi chaireva nguva yemasutso egore rimwechetero. Kusanzwisisa pfungwa iyoyi ndiko kwkaunza kukuhunika kukuru nekushushikana kuneavao vakanga vatara zuva rekumashure sairo apo Jesu aifanira kudzoka. Asi izvi hazvina kushaisa simba pfungwa inoratidza kuti makore anezviuru zviviri namazana matatu akapera mugore ra1844, asi kuti chiitiko chikuru chaitarisirwa kuitika gore iri, chaifungwa kuti ndicho chinomiriririrwa nekunatswa kwenzvimbo tsvene ndicho chisina kuitika.

Mukudzidza kwake Bhaibheri, sezvaasiita, kuti aburitse pachena kuti uyu waiva muono wakazarurwa naMwari, Miller haana kufungira kubva pakutanga kuti chidzidzo ichi chaizoumusvitsa apa paakazosvika. Iye pachake zvakamunetsa kutenda zvakazowana mukudzidza kwake uku. Asi humbowo hweMagwaro hwaiva pachena zvisingagoni kurambika.

Akanga apedza makore maviri ekudzidza Bhaibheri, apo mugore ra1818, akasvika pakutenda kuti mushure memakore angaita makumi maviri nemashanu, Kristu aifanira kuonekwa achizodzikinura vanhu vake. Miller anoti: “Handigoni kutaura, Rufaro rwkazara mumoyo mangu pandakona pfungwa iyi, kana kutaura nezvekutsunga kwakaita moyo wangu kugadzirira kuzogovana nevamwe murufaro rwevakaponeswa. Bhaibheri zvino kwandiri rakava bhuku idzva. Idi rakava semabiko akagutsa pfungwa dzangu; nokuti zvose zvakanga zvakavanzika, zvakanga zvisinagnzwisisiki, kanazvaiva murima mukudzidzisa kwaro, zvkanga zvabviswa kubva mundangariro dzangu kpakusvika kwechedza chakajeka chakabuda mumashizha anoyera endima dzaro; uye, oh, kubwinya kwakadai kwechiedza kwakaratidzwa! Zvose zvaiombita kunge zvisina sungawirirano nekupikisana muShoko, ndakaona zvino kuti zvakanga zvabviswa; uye kunyangwe kusvika zvino pakanga pachiine dzimwe ndima dzandaisanzwisisa, ndkanga ndagutsikana, asi chiyedza chakawanda chakanga chabuda mariri kupenyera pfungwa dzangu dzakambenge kare dziri mudima, zvekuti ndakanzwa mufaro wandakanga ndisina kunzwa kare nekusaziva kuti ungabuda mukudzidza Bhaibheri.” Bliss, mapeji 76, 77.

“Nekugutsikana kuti zviitiko zvenguva izvi zvakagara zvataurwa muMagwaro zvaknga zvichazadziswa nenguva pfupi, mubvunzo wakauya kwandiri nesimba guru ndewekuti ndaizofanira kuita sei sebasa rangu kunyika, kana ndakatarisa humbowo hwkanga hwabatawo nemweya wangu.”—Ibid., peji 81. Miller akanzwa kuti raitovawo basa rake kuti azivise vamwe chieyedza chaakanga agashira. Akkatarisirawo kusangana nekupikiswa nevanahu vasingadi Mwari, asi akava nehushingi hwekuti maKristu ese achafara kwazvo mutariro yekusangana naMuponesi wavaitaura kuti vanomuda. Chaangotyira ndechekuti mukufara kwavo kukuru mutariro yekudzikinurwa, uko kwakanga kwava pedyo kuzandikiswa zvakadaro, vazhinji vachagamuchira dzidziso iyi vasinakunyatsonzvera maGwaro kuti vaonewo zvokwadi yacho. Nokudaro, Miller akazeza

kuparidza nyaya iyi, achitya kuti anogona kunge asina chokwadi chakzara pairi, akazoguma arasisa vamwe. Izvi zvakmutuma kuti ambocherechedza zvakare humbowo uhu kuti hunotsigira here miono yaakanga ava nayo, uye kuti anyatsocherechedza zvikukutu zvaiva zvaiva mupfungwa dzake pamusoro penyaya iyi. Akaona kuti zvose zvaida kupikisa zvainayngarika kana zvtarisana nechiyedza cheShoko raMwari sezvinoita mhute kana yasangana nemaranzi ezuva. Mushure mekupedza makore mashanu mukunzvera, zvakamusiya anyatsogutsikana kuti izvi zvaiva chokwadi.

Saka zvino chidiso chebasa rekuudza vamwe zvaakanga achitenda kuti zvaidzidziswa pachena muMwagwaro, chakmusunda nesimba rakakura. Akataura kuti: “Pangaiita Mabasa enyu emazuva ese, zvairamba zvichiungira munzeve dzangu zvichiti, ‘enda unoyambira nyika nezvenjodzi iyi.’ Ndima iyi yemuBhaibheri yairamba ichiuya mupfungwa dzangu ichiti: “Kana ini ndikati kune wakaipa, iwe munhu wakaipa, uchafa zvirokwazvo, iwe ukasataura kuti unyevere wakaipa panzira yake, munhu uyo wakaipa achafa nokuda kwezvakaipa zvake, asi ropa rake ndicharubvunza paruoko rwako.’ Asi kana ukanyevera wakaipa pamusoro penzira yake, uchiti atendeuke pairi, akasataendeuka panzira yake, iye uchafa nokuda kwezvakaipa zvake, asi iwe warwira mweya wako” (Ezekieri 33:8, 9). Ndakaona kuti kana munhu wakaipa achogona kuyambirwa zvikabatsira, vazhinji-zhinji vavo vaigona kuzotendeuka; asi kana vasina kuyambirwa, ropa ravo ringabvunzwa paruoko rwangu.”—Bliss, peji 92.

Miller akatanga kudzidzisa miono yake asi pakavanda kana awana mukana, achinamatira kuti pangaite muparidzi angaona simba renyaya idzi akazvipira kudziparidzira. Asi haana kugona kudzima pfungwa yaiva maari yaiti iye amene aiva nemutoro wekuendesa nyevero iyi kuvanhu. Mashoko aya airamba achiungira mupfungwa dzake: “Enda unoyaurira nyika, ropa ravo ndicharibvunza paruoko rwako.” Akamira kwemakore mapfumbamwe asati aparidza, asi mutoro wakaramba uchirema pamweya wake, kusvikira mugore ra1831 ndipo paakazotanga kubuda pachena kuvanhu zvikonzero zvekutenda kwake.

Sezvakaita Erisha paakadanwa achibva pakutevera nzombe mumunga, kuti anogamuchira hanzu yekuzodzwa mubasa rehuporofita, ndizvo zvakitawo William Miller, akadanwa kuti asiye basa rake rekurima achienda kunozarurira vanhu zvkavanzika zvehumambo hwaMwari. Nekudedera, akapinda mubasa rake, achitungamirira vateereri vake danho nedanho, achitevedza nguva dzezviporofita kusvikira pakudzoka kwaKristu kechipiri. Simba raiwedzera apo aishanda, uye kusatya kwaiwedzerawo apo aiona chido chaimutswa muvanhu nemashoko ake.

Mushure mekukurudzirwa nehama dzake, Miller akanzwa izwi raMwari mavari richimudana, ndipo paakabvuma kuparidza nyaya dzake paruzhinji. Panguva iyi akanga ave nemakore makumi mashanu ekuzvarwa, asina kujaira kutaura paruzhinji, achinzwa

mutoro mukuru wekuzviona asina kufanira kuita basa rakanga riri pamberi pake. Asi kubvira pakutanga, basa rake rakawana chikomborero nekuponewa kwemweya muzhinji. Mharidzo yake yekutanga yakaropafdzwa zvikaonekwa nekutendeuka kwemhuri dzinosvika gumi nenhatu kunze kwevanhu vaviri vakasara. Nekukasika akakumbirwa kunoparidza kunedzimwe nzvimbo, uye munzvimbo dzese dzaakaenda kwakita rumutsiriro rwebasa raMwari. Vatadzi vakatendeuka, Vatendi vakamutsiridzwa vakawedzera kuzvipira, uyewo vanotenda kunaMwari nevasingatendii vese vakabvuma kuzvokwadi yemuBhaibheri nekuchitendero cheChiKristu. Vanhu vaaiparidzira vakapupura vachiti: “Mapoka evanhu anosvikirwa naye, asi zvisingaitwi nesimba revamwe vanhu.”— Ibid., peji 138. Kuparidza kwake kwakanga kwakagadzirwa nenzira yekuti kwaimutsa pfungwa dzevazhinji uye kwaidzivisa kukura kwekuda nyika nekusazvibata kwemazuva iwayo.

Mumaguta anenge ese kwaiwanikwa vanhu vanemakumi, munemamwe maguta mazana evanhu avo vaitendeuka nekuda kwekuparidza kwake. Munedzimwe nzvimbo maSangano echiProtestant emarudzi anenge ese aizarurwa kuti aparidze, uye marukoko ekuenda kunoparidza aibva kuVafundisi vemasangano mazvhinji. Yaknga iri tsika yake kuti haaendi kunoparidza munzvimbo yaasina kukokwa, asi akazogumisira asisakwanisi kuzadzikisa marukoko aiuya kwaari nekuwanda kwawo. Vazhinji vevanhu vaisatenda miono yake pakuswedera kwenguva chaiyo yokudzoka kwaJesu vakagutsikana kuti nekuswdera kwenguva yaKristu vakaonawo kukosha kwekugadzirira.

Munemamwe maguta makuru, basa rake rakaita mutsauko unoonekwa. Vatengesi vezvinodhaka vakasiya Mabasa avo, vakashandura zvitoro zvavo kuzviita nzvimbo dzekusangana; dzomba dzemakasi nenjuga dzikaputsika; vahedheni, vanotenda munezvenyika, kunyangwe nevanopambadza pfuma mumafaro vakashanduka, vamwe vavo vakanga vave nemakore vasina kumbopinda imba yekunamata kwemakore. Misangano yekunamata yakarongwa nemasangano akasiyana-siyana, muzvikamu zvaksiyana-siyana, pa awa rega-rega, vanamuzvina bisimisi vaikumbana masikati kuti varumbidze nekunamata. Hakuna kuita mafaro ekupambadza pfuma, asi zvakaita kuti pfungwa dzevanhu dzirongeke munyika yose. Basa rake, sezvaitawo basa reVavandudzi, rainyanyo Shanda pakugona kubatsira munhu kunzwisisa nekumutsa pfungwa kupfuura izvo zvinomutsa nekufadza nyama.

Mugore ra1833 Miller akawana chitambi chekuti ave muparidzi kubva kuSangano remaBaptist, umo maakanga ari nhengo. Vafundisi vazhinji veSangano rake vakatenderana nebasa rake, uye kuburikidza nerutsigiro rwavo akaenderera mberi nebasa. Akatanga kufamba achiparidza zvisina zororo, asi basa rake akanyanya kushandira mudunhu reNew England nereMiddle States. Kwemakore mazhinji, mari dzekushandisa dzaibva muhomwe make, uye mumashure haana kumbowana rutsigiro rwezvikwanisiro kuti agone kufamba achienda kunzvimbo dzaaikokwa. Saka kushanda kwake, uko kusina chakwaimuwanisa

muhupenyu huno, kwakabva kwaita mutoro unorema pahupfumi hwake, uhwo hwakatanga kupera zvishoma nezvishoma munguva yehupenyu hwake. Akanga ari baba vemhuri yakakura, asi nokuda kwekuti vaiva vanhu vanoshanda nesimba, minda yavo yakakwanisa kuvapa pundutso kuti vatsigirewo nebasa rake.

Mugore ra1833, makore maviri musure mekunge Miller atanga kuparidzira veruzhinji minongedzo yairatidza kuti Kristu akanga achiuya nekukasika, zviratidzo zvekupedzisira zvakaonekwa izvo zvakanga zvavimbiswa naMuponesi kuti zvichava minongedzo yekudzoka kwake kechipiri. Jesu akati: “Nyeredzi dzichadonha kubva kudenga” (Mateo 24:29). Uyewo Jojane kuna Zvakazarurwa akataura, apo aiona zviitiko mumuono izvo zvaizodanidzira kusvika kwezuva raJehovha: “Nyaredzi dzikadonha kubva kudenga, semuwonde unozunza maganga awo kana uchizununguswa neomututu mukuru” (Zvakazarurwa 6:13). Chiporofita ichi chakawana kuzadziswa kwacho zviripachena kuburikidza nechiitiko chikuru chakanyorwa munhoroondo chakonekwa muchadenga musi waMbudzi13, mugore ra1833. Iri ndiro zuva apo kupenya kukuru kwakonekwa munyeredzi muchadenga apo dzakaratidza kudonha; “Muchadenga, munyika yose ye United States, iyo yakanga iripo munguva iyi, kwmaawa mazhinji, makanyongaiswa kunge nemwenje! Hakuna chiitiko chakadaro chati chamboonekwa munyika ino kubvira pakutanga kugarwa kwayo, chakaonekwa nekushamisika kukuru nevanhu munyika kana nekutya kukuru nevamwe vanhu.”

“Kushamisa kwacho nekunaka kunokatyamadza kuchirionekw nazvino mundangariro dzevazhinji…Mvura haisati yambonaya nesimba zvakafanana sezvaita nyeredzi dzichinge dzinowira kunyika; kumabvazuva, kumadokero, kumaodzanyemba nekuchamhembe, zvakanga zvakafanana. Mushoko rimwe, tingati denga rose rakaita kunge ravekufamba…Kuraidzwa kwazvo, sekutsanangurwa kwazvinoitwa mubhuku raSilliman, kwakonekwa munyika yose ye Kumusoro kweAmerica… kubva panguva dzechipri mambakwedza, kusvikira zuva rabuda, kupenya kwenyeredzi kwaramba kuchionekwa muchadenga.”—R. M. Devens, American Progress; kana, The Great Events of the Greatest Century, ch. 28, pars. 1-5.

“Hakuna rurimi rungatsanangure kubwinya kwakadaro; … hakunawo asina kuzviona akapupura kupenya uku kwakavapo. Zvakaita sekuti denga rose renyeredzi rakanga raungana pamwechete panzvimbo yakakwirira, kubva ratanga kuputika neredzi dzikandirwa kwese nekumhanya kunenge kwemheni, dzichienda kumativi ese emigumo yedenga nenyika, asi dzaisaneta kana kupera simba—zviuru zvenyeredzi zvakamnhanya zvichitevra nzira yakamhanya nezvimwe zviuru, sekunge ndizvo zvadzakanga dzasikirwa kuita. (F. Reed, in the Christian Advocate and Journal, Dec. 13, 1833). “Mufanidzo unganyatso tsanangura chiitiko ichi ndewemuwonde kana uchizunza mawonde awo kana uchizununguswa nemututu mukuru, zvisati zvamboonekwa.”— “The Old Countryman,” in Portland Evening Advertiser, November 26, 1833. Mubepanhau rinonzi ‘New York

Journal of Commerce' remusi wa14 Mbudzi, 1833, makaonekwa chinyorwa chirefu chaitsanangura chiitiko ichi, muine mutsara unoti: "Hakuna muzvinanjere kana munhu akadzidza akatsanangura kana kunyora chimwe chiitiko, ndinodavira, chakafanana nechakaitika nezuro mangwanani. Makore anosvika chiuru nemazana masere apfuura, kune muporofita akachitaura sevzachakazove, kana tiine dambudziko rekunzwisisa kuti nyerdzi dzichiwa zvinoreva kuwa kwenyeredzi, …. mupfungwa chete yazvinogona kuva chokwadi chezvinoonekwa."

Ndiko kuratidzwa kwakaitwa chiratidzo chekupedzisira chezviratidzo zvekuuya Kwake, izvo zvakanga Jesu amboudza vadzidzi vake achiti: "Kana moona izvi zvoitika, zivai kuti kwvapedyo, kunyangwe pamusiwo." (Mateo 24:33). Musure mezviratidzo izvi, Johane akaona, chimwe chiratidzo chikuru chaizotevera, denga richibviswa sebhuku kana ichipetwa, apo nyika yaidengenyeka, makomo nezviwi zvichibviswa panzvimbo yazvo, ukuwo vakaipa vachivhundutswa nekutya vachitiza kubva pamberi peMwanakomana wemunhu (Zvakazarurwa 6:12-17).

Vazhinji vakona chiitiko chekudonha kwenyeredzi, vakachiona sekudaidzira kwekuuya kwerutongo, "chishamiso chinotyisa, chinotungamirira, chiratidzo chetsitsi, chezuva guru uye zuva rinotyisa."— ("The Old Countryman," in Portland Evening Advertiser, November 26, 1833). Izvi zvakadzosera Tariro yevanhu kukuzadziswa kwechiporofita, vazhinji vavo vakatungamirirwa kugamuchira yambiro yekudzoka kwechipiri.

Mugore ra1840, chimwe chiitko chekuzadziswa kwechiporofita chakazadza vanhu nechidiso. Makore maviri chisati chaitika, umwe muparidzi anonzi Josiah Litch, umwe wevaiparidza kudzoka kwaJesu, akaburitsa tsanangudzo yebhuku raZvakazarurwa 9, akanongedzera kuwa kweHumambo hweOttoman zvisati zvaitika. Kuburikidzwa nekuverenga kwake, humambo uhwu hwaifanira kuwisirwa pasi "mugore ra A.D. 1840, muzuva riri mumwedzi waNyamavhuvhu;" uye mazuva mashoma zvisati zvaitika akanyora achiti: "Kana tikatendera nguva yekutanga, makore zana nemakumi mashanu, akanyatso zadziswa mambo Deacozes asati agara pachigaro achitenderwa nemaTurks, uye mumakore mazanamatatu nemakumi mapfumbamwe nerimwechete (391 years), nemazuva gumi namashanu, akatanga pakupera kwechikamu chekutanga, achapera zvino nomusi wa 11 Nyamavhuvhu, 1840, apo humambo nesimba reOttoman riri muguta reConstantinople rinotarisirwa kuparadzwa. Uye izvi ndinotenda kuti zvichafamba sokudaro."— (Josiah Litch, in Signs of the Times, and Expositor of Prophecy, August 1, 1840).

Panguva iyoyo chaiyo yakanongedzwa, nyika yeTurkey, kuburikidza nevamiriri vayo, yakatendera kuchengetedzwa nevatsigiri vayo vaive nesimba muEurope, zvikaita kuti izviise pasi pesimba renyika dzechKristu. Chiitiko ichi chakazadzisa nemo-nemo zvakanga zvaporofitwa. Pazvakazikanwa, vanhu vazhinji-zhinji vakagutsikana kuti

kududzirwa kwezviporfita kwaiitwa naMiller neshamwari dzake kwaiva kwechokwadi, zvinova zvakamutsa basa guru nekutanga kweboka revanhu vaitenda munyaya yekudzoka kechipiri kwaJesu. Varume vakadzidza nevanokudzwa vakabatana naMiller, zvose mukuparidza nekushambadzira miono yake, basa iri rikakura nekukasika kubva 1840 kusvika 1844.

William Miller aiva munhu anepfungwa dzakasimba, anepfungwa dzakarovedzerwa nekuverega, akawedzerawo pamusoro pazvo njere dzedenga kuburikidza nekuzvibatanidza neManyuko eNjere. Akanga ari murume anoverengeka pakuziva nekuzvibata nechimiro china chaanopomerwa. Achibatanidza hunyoro hwechokwadi nemoyo wekuzvininipisa weChiKristu, uye simba rose nekuzvidzora, akava munhu anodiwa nevanhu nekuremekedzwa, nekuti akanga akagadzirira kuteerera vamwe vanhu nekuyerawo miono yavo nevzvanotaura. Asingaiti nekumanikidza kana nekufarisa, Miller aiti zvose zvavaimupa semiono nedzidziso dzavo aizviyedza pashoko raMwari, saka kunzwisisa kwake kwaitungamirirwa neruzivo rweMagwaro kwakamubatsira kuramba nhema, mhosho nemanyepo.

Asi haana kuita basa rake pasina kupikiswa kunorwadza. Sezvakangotawo vamwe vaParidzi vekare, zvokwadi yaaiparidza haina kugashirwa nevakuru vemaKereke nevadzidzisi. Ava vaitadza kumira pznvimbo dzavo vakabata rutsigiro rwemagwaro, saka vaiguma vakushandisa mukutaura kwavo izvo zvakadzidziswa netsika uye nevanhu, uyewo kutsika dzemadzibaba. Asi shoko raMwari chete ndihwo hucapupu hwaigashirwa nevaparidzi vechokwadi chekudzoka kwaJesu. Shoko ravo ravaimira naro nderekuti: “Bhaibheri, neBhaibheri roga.” Kushaikwa kwerutsigiro rwemagwaro kudidvi revapikisi vavo ndizvo zvaivatungamirira kuzotuka nekusvora. Nguva nezviwanikwa zvakapambadzwa kurwisa avo vaingova nemhosva imwechete, -yekutenda nekutarira nemufaro mukudzoka kwaTenzi wavo, uye nekushingairira kururama nehupenyu hwakachena nekuraira vamwe kuti vagadzirire kuonekwa Kwake.

Pakaitwa Mabasa akasimba ekuedza kubvisa pfungwa dzevanhu kubva munyaya yekudzoka kwaJesu. Zvakaitwa kuti zvionekwe sechitema, chino chinofanira kuti munhu anyare nacho, kana achidzidza zviporofita zvinechekuita nekuuya kwaKristu nekuguma kwenyika. Saka zvakaitawo kuti vafundisi vaigamuchirika ndevaidukupisa kutenda muShoko raMwari. Dzidziso dzavo dzakaita kuti vanhu vave vahedheni, vazhinji vakasarudza kufamba nenzira dzeruchiva rwenyama. Vagadziri vezvakaipa vakpomera mhosva iyi kuvanhu vaitenda mukudzoka kwaJesu.

Kunyangwe zvazvo Miller aiunganidza vanhu vazhinji dzimba dzichizara nevateereri vake, mapepanhau ezvechitendero aisataura zita rake kana kunyora nezvake, kunze kwekunge vainyora vachimunyomba nekumupomera mhosva. Vatungamiri vemaKereke nevadzidzisi vasina hanya uye vaisundwa neruvengo negodo vakasarudza kushandisa

mashoko asina hanya akashata, eruvengo, nekumhura mukuedza kwavo kukonesa basa rake. Mutana, akasiya musha wake achifambamitunhu nekushandisa pfuma yake, nekushanda zvakaomarara kuyedza kuzivisa nyika pamusoro perutongo rwakanga rwave pedyo, ndiye akavengwa nekutukwa achinzi mudzidzisi wenhema nemanyepo, achinzi airotomoka zvinhi zvisingaizoitiki.

Kutukwa, manyepo, nekushungurdzwa kwakaiswa pamusoro pake kwakaunzawo hasha nekushoar zvaiitwa izvi kunyangwe nemapepanhau enyika. Vakanyora vachiti: “kudukupisa nyaya yakakura zvakadaro inotyisa, kuitora nezinengetenge ichizvidzwa nemasimba enyika kuti, vanhu vatore sedambe nekushora vaparidzi, asi vachitamba nenyaya dzezuva rerutongo, vachiita musere naMwari pachake, nekudukupisa ruoko rwake rwekutonga.” Bliss, peji 183.

Muvambi wehuipi hwose akanga arikuedza kwete kungokonesa nyaya yekuparidzwa kwekudzoka kwaJesu bedzi, asi kuparadzawo mutumwa wacho. Miller aidudzira zvinobatika zvokwadi yeshoko raMwari kuvateereri vake, achivatsiura pazvivi zvavo, achikanganisa kugutsikana kwavo, saka mashoko ake aiva pachena akavacheka zvikamutsa ruvengo rwavo. Kupikisa kwakamukawo pakati penhengo dzesangano kwakaita kuti vavengi vasvike kure mukuedza kutora hupenyu hwake apo aibuda panzvimbo yekuparidza. Asi vatumwa vatsvene vainge varimowo mukati mechaunga, zvekuti umwe wavo, akatora chimiro chemunhu, akabata ruoko rwemuranda waMwari akamutungamirira kubva pakati peboka rakanga rakatsamwa. Basa rake rakanga risati rapera, ska Satani nevatumwa vake vakakuhunika.

Zvisinei nekupikiswa kwaivapo, chidiso chekutevera boka revaitenda mukudzoka kwaJesu chakaramba chichikura. Makumi evanhu akawedzera akava mazana, ungano dzikakura kusvika kuzviuru zvevanhu. Vanhu vazhinji vakabuda kubva kunasangano avo vachibatana neboka iri, asi nekufamba kwenguva, mapoka anopikisa akamuka mukati maro, ndokubva maSangano atanga kupa mirango kuneavo vaitevera dzidziso dzaMiller. Kuita uku kwakakonzera kuti miller anyore mhinduro, achinyorera kumaKristu emasangano ese, achikurudzira kuti kana dzidziso dzake aiva manyepo, aidawo kuratidzwa mhosho dzake nezvinyorwa zvemuBhaibheri.

“Akati: “Takatendeiko, kuti tirege kupiwa murairo wekutenda kushoko raMwari, iro imwi munotenda kuti mutemo, ndiro chete mutemo, wekutenda nekuita kwedu? Chii chatakatadza chingaita kuti tikandirwe mashoko akaipa kudaro kubva kuvaparidzi nemapepanhau, uye tipeiwo chikonzero chakatendeka chingaita tibviswe mumaKereke?” “kana takakanganisa, tinokumbira mutiratidze patakatadza. Tiratidzei kubva mushoko raMwari kuti tiri kurasika pokuti; tatukwa zvaringana; asi hazvisizvo zvingatiite kuti tibvume kuti takatadza; Shoko ramwari bedzi ndiro rinogona kushandura maonero edu.

Zvatinotenda zvakavakwa nemunamato, sezvo takaona humbowo muMagwaro.”—Ibid., mapeji 250, 252.

Kubva kare nakare, yambiro idzo mwari akatuma kunyika kuburikidza nevaranda vake dzakagashirwa nekusatenda nekusada. Apo zvitema zvevanhu venguva yemurove zvakaita kuti Mwari aunze mvura inoparadza pamusoro penyika, akatanga ataura chinangwa chake, kuti vapiwe mukana wekutendeuka kubva munzira dzakaipa. Kwemakore zana namakumi maviri, shoko reyambiro rakasvika munzeve dzevanhu kuti vatendeuke, kuti hasha dzaMwari dzinoparadza dzirege dzirege kuratidzwa. Asi shoko iri rakasvika kwavari vakaritora sengano, vakasaritenda. Vakaputirwa nehuipi hwavo vakatuka mutumwa waMwari, vakita musere neyambiro dzake, uyewo vakatomupomera mhosva yekutenda kuzvinhu zvisingaitiki. Sei munhu umwechete ariye aisumka achida kuzvimisa pamberi pevanhu vakuru venyika? Kana shoko raNoah raiva rechokwadi, sei nyika yese isina kuzviona nekuzvitenda? Kufunga kwemunhu umwechete mukati mezviuru zvenyika yose? Saka vakramba kutenda yambiro, kana kuona pekuhwanda mungarawa.

Vaseki vaitendekera kunezvemasikirwo enyika, -kune mafafmbiro emwaka yegore isingashanduki, kudenga jena risina kumbobvira ranaisa mvura, kuminda inemiriwo mitema yainyoroveswa nedova remadekwana, vachutaura kuti: “Ko haatauri ngano here?” Munashoko ekumhura vakadaidzira kuti muparidzi wekururama akanga ari benzi resango rinofarisa; vakaenderera mberi, vachidakwairira kuwana zvinofadza zvenyika, vachiwedzera huipi munzira dzavo kupfuura mazuva ekare. Asi kusatenda kwavo hakuna kukonesa chakaporofitwa. Mwari akaita moyo murefu nkuearurama kwavo; asi pakukwana kwenguva, rutongo rwake rwakasvika pamusoro pevanoramba tsitsi dzake.

Kristu anotaura kuti kuchavapo nekusatenda kwakadaro pamusoro pekudzoka kwake kechipiri. Sezvakaita vanhu venguva yaNoah “Vasina kuziva kusvikira murove uchisvika, ukavaparadza vose; saizvozvowo, ndizvo zvazvichaita pakuuuya kweMwanakomana wemunhu” (Mateo 24:39). Kana vanhu vanozviti ndevaMwari vachibatana nenyika, vachirarama sevenyika, vachiwadzana navo munemafaro anorambidzwa; kana kugadzikana kwenyika kwava kugadzikana kweSangano; kana mabhera emitambo yokuwana achirira, uye vanhu vose vachitarisira makore mazzhinji ekubudirira panyika, ipapo, nekukasika semheni inopenya ichibva kudenga, ndizvo zvichaita kuguma kwezviroto zvavo netariro yavo yakarasika.

Sezvakaitwa naMwari kutuma muranda wake kunoyambira nyika pamusoro pemurove waizosvika, ndizvo zvaakaita pakutuma varanda vake vakasarudzwa kuzivisa nyika nezverutongo rwekuguma rwaikasika kusvika. Uye sezvakangoitawo vanhu venguva yaNoah pakuzvidza kwavo zvakaporofitwa nemuparidzi wekururama, ndizvo zvakaitwa

nevazhinji mumazuva aMiller, kunyangwe neavo vaiti vanotenda kuna Mwari, vakazvidza mashoko eyambiro.

Asi Seiko dzidziso nekuparidzwa kwekudzoka kwaKristu kusina kugamuchirika mumasanagno? Apo kuuya kwashe kuchiunza nhamo nekuparadzwa kune vasakarurama, kunevakarurama kuchava chitima cherufaro netariro. Chokwadi ichi ndicho chinonyaradza vakatendeka vaMwari mumazera ese; asi sei chakaita sechigumbuso uye ibwe rinopomera mhosva kuvanhu Vake? Ishe wedu ndiye akavimbisa vadzidzi vake: “kana ndaenda kunokugadzirirai pokugara, ndinouyazve, kuti ndikugamuchirei kwandiri” (Johane 14:3).

Muponesi wenyasha, pakuziva kwake kusurikirwa nekuchema kwevateveri vake, akarira vatumwa vake kuti vanyaradze vanhu vake nekuvasimbisa neshoko rekudzoka kwake kusingakundikani, kunyangwe panguva iyo yaakakwira kudenga. Apo vadzidzi vakanga vakamira vakatarira kudenga kuti vaone kuenda kweuyo wavaidisa, nzeve dzavo dzakanzwa mashoko anoti: “Imi varume veGareria, makamirireiko makatarira kudenga? Uyu Jesu wakabviswa kwamuri akakwaidzwa kudenga, uchavuya saizvozvo sezvamamuvona achienda kudenga” (Mabasa 1:11). Tariro yakamutswazve nemashoko aya engirozi. Vadzidzi “vakadzokera Jerusarema nomufaro mukuru: vakarambira mutemberi, vachinamata nokurumbidza Mwari” (Ruka 24:52, 53). Vakanga vasingafariri kuti Jesu wakanga abviswa pakati pavo kuti vasiiwe vachitambudzika nemiyedzo nenhamo dzenyika, asi nokuti ngirozi yakavapa vimbiso yekuti Waizodzokazve.

Kuparidzwa kwekuuya kwaKristu nhasi kunofanira kuva mashoko anofadza sezvakaita kufadza kwemashoko engirozi kuvafudzi veBeterehema. Avo vanoda Muponesi nhasi, vanofanira kusimudzira nemufaro kudanidzira kweShoko raMwari kunoti uyo wava netariro yehupenyu husigaperi maari uchadzokazve, kwete sechituko, nekushoorwa, nekuranbwa, sezvakaitwa pakuuya kwake kekutanga, asi nesimba nembiri, kuti adzikinure vanhu vake. Ndeavo vasingadi Muponesi vanoshuvira kuti asadzoka, uye humbowo huripo mumasangano hunoratidza kuti vanhu vakabva pana Mwari, zvichionekwa nekusada nekuvenga shoko rinouya nevatumwa vake.

Avo vakagamuchira shoko rekudzoka kwaJesu vakamutsva kuti vaone kukosha kwe kutendeuka nekuzvininipisa pamberi paMwari. Vazhinji vakanga vakamira pakati paKristu nenyika, asi zvino vakaona kuti yakanga yava nguva yekutora danho. “Zvinhu zvekusingaperi zvakva kwavari zvemazvirokwazvo. Denga rakaswededzwa pedyo, ivo vakazvinzwa vaine mhosva pamberi paMwari.”—Bliss, peji 146. MaKristu vakamutswa vakava nehupenyu hutsva hwepamweya. Vaktanga kuona kuti nguva yakanga yapera, uye kuti izvo zvaifanira kuitirwa vamwe vanhu zvaifanira kuitwa nekukasika. Nyika yakatanga kubviswa, kusingaperi kukazaruka pameso avo, uye mweya yavo yakafunga pamusoro pekusafa. Mweya waMwari wakagara pamusoro pavo ukavapa simba rekupa rukoko kuhama dzavo, kusanganisira nekuvatadzi, kuti vagadzirire zuva raMwari. Huchapupu

hwekurarama kwavo mazuva ose yakavamharidzo inopomera mhosva kuvatendi avo vakanga vaine mufanidzo bedzi wekunamata. Hama idzi dzaisada kukanganiswa mumabasa adzo ekutsvaga mafaro, hupfumi hwepanyika, uye kukudzwa nenyika. Zvivi ndizvo zvakamutsa ruvengo rwavo kuneavo vakanga vakatarisira kudzoka kwaJesu nevaiparidza vhangeri iri.

Apo mashoko anesimba aibva muzviporofita airatidza kuti haangarambiki, vadzivisi vakazvisungira kukuhunisa avo vaida kudzidza nyaya iyi kuburikidza nekudzidzisa manyepo vachiti zviporofita zvakanga zvakavharwa. Iyi dzidziso yakva munongedzo wemaSangano akanga ave kutevera mumatsiko eSangano reRoma. Apo Sangano raPapa richiita tsika yekubvisa Bhaibheri kubva kuvanhu, Masangano akabuda mariri akatanga kutenda kuti chimwe chikamu, chinova, munguva yedu chikamu chinokosha cheShoko rinoyera, chakanga chisingagoni kunzwisisika.

Vafundisi pamwe nevanhu vakatenderana kuti zviporofita zvaDanieri naZvakazarurwa zvaiva zvakavanzika zvisinaggoni kunzwisisika. Asi Kristu akatendekera vadzidzi vake kumashoko emuporofita Danieri panyaya yezviitiko zvemazuva ekupedzisira zvaizoitika munguva yavo achiti: “Uyo unorava ngaacherechedze” Mateo 24:15. Uye pfungwa yekuti Zvakazarurwa zvakavanzika, hazvigoni kunzwisiswa, inopikisana nezita rebhuku racho: “Zvakazarurwa zvaJesu Kristu, zvaakapiwa naMwari, kuti aratidze varanda vake zvinhu zvodakuitwa nekukasika … Wakaropafadzwa uyo unorava, nounonzwa mashoko okuporofita kwebhuku iyi, nokuchengeta zvakanyorw a mairi: nokuti nguva yava pedyo” Zvakazarurwa 1:1-3.

Muporofita anoti: “Wakaropafadzwa uyo unorava”—kuneavo vasingaravi, chikomborero hachisi chavo. “Neavo vanonzwa”—kunevamwewo, vanoramba kunzwa chero chinechekuita nezviporofita izvi; navowo chikomborero hachizi chavo. “nekuchengeta zvose zvakanyorwamo”—vazhinji vanoramba kuteerera yambiro dziri munaZvakazarurwa; hakuna umwe vawo anogona kuwana chikomborero chakavimbiswa. Vose vanosvora zvidzidzo zvechiporfita ichi, nekushora minongedzo yakapiwamo, vose vanoramba kushanduka hupenyu hwavo kuti vagadzirire kuuya kweMwanakomana wemunhu, havazokomborerwi.

Kanapo kuine kwekupupura nekufemera kwaMweya Mutsvene, sei vanhu vachidzidzisa kuti Zvakazarurwa ndechakavanzika chisingagoni kunzwisiswa nomunhu? Ndechakvanzika chakabudiswa pachena, bhuku yakazarurwa. Kudzidza Zvakazarurwa kunotungamira pfungwa kuzviporofita zvaDanieri, uye zvose zviri zviviri zvinotipa rairo inokosha, inopiwa naMwari kuvanhu, maringe nezviitiko zvichatira nzvimbo pakupetwa kwenhoroondo yenyika ino.

Kuna Johane akazarurirwa zviitiko zvinomutsa pfungwa mukuziva rwendo rweSangano. Akaoneswa nzvimbo, njodzi, kupokana, uye kudzikinurwa pakupedzisira

kwevanhu vaMwari. Akanyora mashoko ekuvhara achaibvisa goho yenyika ino, richiita semisumbu ichapinzwa mudenga kana hundi ichakandirwa mumoto unoparadza. Zvidzidzo zvinokosha zvakaratidzwa kwaari, kunyanya zvinofanira Kereke yekupedzisira, kuti avo vachatendeuka kubva kumanyepo kuenda kuzvokwadi vadzidziswe pamusoro pematambudziko arimberi kwavo. Hapana chikonzero chekuva murima pamusoro pezvichawira nyika ino.

Seiko nhasi kuzere kushaiwa hanya pamusoro pechidzidzo chinokosha ichi. Sei kuine kushaya hanya yekutsakurudza dzidziso dzacho? Chikonzero ndechesimba remuchinda werima kuvharira vanhu kuti vasaone izvo zvingaburitsa pachena kunyengera kwake. Nechikonzero ichi, Kristu Muzaruri, achioona hondo irimberi yaizorwiwa nekudzidzwa kwaZvazarurwa, akaisa chikomborero pamusoro pavose vachaverenga, nekunzwa, nekuchengeta mashoko ekuporofita kwebhuku iyi.

Chitsauko 19 Chiedza mukati merima

Kubvira kare mumazera nemazera emarudzi evanhu, basa raMwari panyika rinoratidza kakufanana mumashandirwo aro pangava pabasa guru rezvekuvandudzwa kwechitendero kana mafambisirwo ezvekunamata. Zvimiso zvaMwari maringe nekushanda kwake nevanhu hazvishanduki. Masangano anokosha ezvekuparidza mazuva ano ane zvinofanana neekare pamashandiro awo, uye zvakasanganikwa nazvo kare nevakatitangira mubasa zvine chidzidzo chinokosha kwatiri nhasi.

Hakuna zvokwadi inopfuura nokunzwisisika muBhaibheri seyekuti Mwari kuburikidza naMweya Mutsvene, anotungamirira varanda vake panyika mubasa guru rekuponeswa kwevanhu. Vanhu pachavo, midziyo iri muruoko rwaMwari, yaanoshandisa kuzadzikisa zvinangwa zvenyasha netsitsi dzake. Munhu umwe neumwe ane rupandi rwake rwekuita, uye anopiwa chikamu chechiedza chinoringana nguva yake yaanorarama, uye chinoringana kuti aite basa iro Mwari anomupa. Asi zvakadaro, hakuna munhu, kunyangwe anoremekedzwa neDenga, akambosvika pakunyatsonzwisisa zvakazara zano guru reruponeso, kana kunyatsoona kujeka kwekuzara kwehutsvene huri pabasa rekupoesa iri munguva yake. Vanhu havanyatsonzwisisa zvakazara izvo Mwari anogona kuita kuburikidza nebasa raanovapa kuti vaite; uye havanyatsobata mupfungwa dzavo kukura kweshoko iro vanotaura muZita raMwari.

“Unganzwisisa zvakadzika zvaMwari here? Ungakwaisa kunzwisisa iye waMasimbaose here? Nokuti ndangariro dzangu hadzizi ndangariro dzenyu, nenzira dzenyu hadzizi nzira dzangu, ndizvo zvinotaura Jehova.” Nokuti denga sezvarakakwirira kupfuura nyika, saizvozvo nzira dzangu dzakakwirira kupfuura nzira dzenyu, nendangariro dzangu kupfuura ndangariro dzenyu.” Nokuti ndini Mwari, hakuna akafanana neni, iye anodanidzira kubva pakutanga zvichaitika pakupedzisira, nokubva panguva yekare-kare zvinhu zvichigere kuitwa.” Jobo 11:7; Isaya 55:8, 9; 46:9, 10.

Kunyangwe vaporofita chaivo avo vakaitirwa nyasha ndokupiwa kuzarurirwa kwezvinhu zvaMwari naMweya Mutsvene havana kusvika pakunyatsojekerwa zvakazara nekukosha kwezvairatidzwa. Dudziro dzazvo dzaizobudiswa padiki nepadiki mumazera aizotevera, apo vanhu vaMwari vaizoda rairo yaMwari yaiva mumashoko avo.

Petro, achinyora pamusoro peruponesa runojekeswa muVhangeri, anoti: pamusoro peruponeso urwu, “Navaporofita vakaporofita zvenyasha dzamaizoitirwa imi,v achinzvera kuti nguva ndeipi kana yakadini, yakataurwa noMweya waKristu, wakanga uri mukati mavo, nguva yaakapupura kare zvokutambudzika kwaKristu, nokubwinya kunozotevera izvozvo; Avo vakaratidzwa kuti vakanga vasingazvibatiri ivo, asi imi.” 1 Petro 1:10-12.

Asi kunyangwe vaporofita ava vasina havo kupiwa kunzwisisa kwakazara zvinhu zvavairatidzwa, vaishingaira kutsvaga chiedza chose icho Mwari anofara kupa vanhu vake.

“Vaibvunza nekutsvagisisa,” “vachinzvera izvo vaipiwa nekucherechedza nguva iyo Mweya waKristu waiva mavari waireva.” Ichi chidzidzo chakadini nhasi kuvanhu vaMwari muChiKristu nhasi, avo vakagadzirirwa shoko iroro rezviporofita kuti rivabatsire! “Avo vakaratidzwa kuti vakanga vasingazvibatiri ivo, asi imi.” Cherechedza varanda vaMwari avo vekare apo “vainzvera nekutsvagisisa” izvo zvaiva nechekuita nemazera aizovatevera mberi asi akanga asati avapo. Yenzanisa shungu dzehutsvene dzaiva navarume ava vekare, nekushaya hanya kwavakuonekwa nhasi muneavo vakapiwa nyasha dzeDenga idzi mumakore anhasi. Iri ishoko guru rekutsiura avo nhasi vanoda zvenyika nemafaro ayo, vachigutsikana kuti zviporofita izvi hazvinganzwisisiki nhasi!

Kunyangwe zvazvo pfungwa dzevanhu dzichipera nekuguma zvekusasvika pakunyatsonzwisisa zveUyo ane ndangariro dzakakwirira, kana kunyatsonzwisisa kubata kwezvinangwa Zvake, asi zvinorevawo kuti dzimwe mhosho nekusajekerwa uku zvinouya nekuda kwekushaya hanya nechido kwevanhu saka havazosviki pakafanira nyasha dzeDenga. Kazhinji kacho ndangariro dzevanhu, uyevo dzevaranda vaMwari, dzinodzivirirwa nekuda kwemiono yevanhu, tsika dzevanhu uye dzidziso dzemanyepo, saka vanhu vanozongoona madzerere eizvo zvakazarurwa naMwari muShoko rake. Ndizvovo zvakaitika kuvadzidzi vaJesu, kunyangwe Muponesi pachake akanga ari pakati pavo. Ndangariro dzavo dzakanga dzakadzikatirwa nedzidziso dzevanhu dzaitendwa mumazuva avo maringe nezvaMesiya ainzi aizouya semuchinda aipfuura, uyo aizosimudza Israeri oisiya yave pahushe hwekutonga nyika, saka havana kuzonzwisisa shoko rake paaitaura nezvekutambudzika kwake nerufu rwake.

Kristu pachake akavatuma neshoko raiti “Nguva yazadziswa, vushe bwaMwari bwaswedera pedo, tendevukai, mutende Evhangeri.” Marko 1:15. Shoko iri rakanga riine hwaro muchiporofita chaDhanere 9. Vhiki dzinamakumi matanhatu nepfumbamwe dzakanga dzatemwa nemutumwa kuti dzichaguma pakuonekwa “kwaMesiya Muchinda.” Nokudaro vadzidzi vakava netariro huru nerufaro rwekugadzwa kwaizoitwa chigaro chehushe hwaMesiya paJerusarema.

Vadzidzi vakaparidza Vhangeri iro Kristu akanga avapa kunyangwe zvazvo ivo pachavo vainge vasina kunyatsorinzwisisa zvaraireva. Kunyangwe zvazvo zvavaidanidzira zvaiva nehwaro kubva pana Danieri 9:25, havana kuzoona kuti pavhesi rinotevera muchitsauko chimwechetecho, Mesiya aizogumiswa. Kubva pakuzvarwa kwavo vakanga vatendeswa kuti kwaizouya hushe hwunopenya hwepanyika, zvinova zvakapofumadza ndangariro dzavo dzikatadza kuzonzwisisa zvaireva chiporofita ichi mumashoko aKristu.

Vakaita basa ravo rekuzivisa rudzi rweVaJudha rukoko rwenyasha, uye panguva iyo vaitarisira kuti Mesiya agadzwe pachigaro chaDhavidi, vakamuona achibatwa sembavha, achirohwa, achizvidzwa, nekutongwa kuti aroverwe pamuchinjikwa weKalvary.

Kurwadziwa kukuru nekukuhunika kwakabata moyo yevadzidzi ava mumazuva apo Tenzi wavo akanga akarara mubwiro!

Kristu akanga auya panguva chaiyo uye nenzira chaiyo yakanga yerehwa nechiporofia. Huchapupu hweshoko hwakanga hwazadziswa zvakakwana mukushanda kwake kose. Akanga aparidza vhangeri yeruponeso uye “shoko rake rakanga riine simba.” Moyo yevanhu vaimuteerera yakanga yatenda kuti zvaiva zveDenga. Shoko neMweya waMwari zvakanga zvapupura kutumwa kweMwanakomana waMwari.

Vadzidzi vakaramba vakabatirira nerudo rusingafi panaTenzi wavo. Asi ndangariro dzavo dzaiva dzakaputirwa nemhute yekusanzwisisa nekusatenda. Mukutambudzika kwavo uku havana kuzonzwisisa nekurangarira mashoko aKristu apo ainongedzera kutambudzikwa kwake nerufu zvaizouya. Kana Jesu weNazareta aiva iye Mesiya wezvokwadi, vaizopinda here mukutambudzika nekukuhunika kwakadaro.? Uyu ndiwo mubvunzo waishungurudza mweya yavo apo Muponesi akanga akarara muguva rake mumaawa asina tariro eSabata iroro raiva pakati pezuva rekufa kwake nerekumuka kwake.

Kunyangwe zvazvo dima rehusiku hwekutambudzika rakadzikatira vateveri vaJesu ava, asi havana kusiiwa vari voga. Muporofita anonyora achiti: “Kana ndigere murima, Jehovha achava chiedza changu. Uchandibudisira kuchiedza, ndichaona kururama kwake.” “Kunyangwe rima haringandivanzi kwamuri, asi husiku hunopenya samasikati, rima nechiedza zvafanana.” Mwari wakataura: “Akarurama anobudirwa nechiedza parima.” “Mapofu ndichaafambisa nenzira yaasingazivi, ndichaatungamirira, rima ndichariita chiedza pamberi pavo, nezvakakombama ndichazviruramirsa. Zvinhu izvi ndichazviita, handingavasiyi.” Mika 7:8, 9; Mapisarema 139:12; 112:4; Isaya 42:16.

Kudanidzira kwakaitwa nevadzidzi muZita raShe kwakanga kuri kwazvokwadi, uye zviitiko zvainongedzera zvaizotevera. ““Nguva yazadziswa, vushe bwaMwari bwaswedera pedo, ndiro rakanga riri shoko ravo. ‘Pakupera kwenguva iyi’- vhiki dzinamakumi matanhatu nepfumbamwe dza Dhanere 9, idzo dzaifanira kutandavara kusvika pana Mesiya, “Wakazodzwa Mutsvene”— Kristu akagamuchira kuzodzwa kwake namweya Mutsvene pakubhabhatidzwa kwake naJohane murwizi Jorodhani. Uye Ushe hwaMwari uhwo vakanga vaparidza kuti hwasvika, hwakazadzikiswa murufu rwaKristu. Humambo uhwu hwakanga husiri kwepanyika sekudzidziswa kwavakanga vaitwa. Hwakanga husiri uhwo hunozouya mberi hunonzi hauzofi uye huchatonga pasi rose huchipiwa kuvatsvene vaMwari, humambo husingaperi, apo marudzi ose achazomuteerera. Dhanere 7:27. Sekushandiswa kwazvinoitwa muBhaibheri, shoko rokuti “Humambo HwaMwari” rinoreva zvose zviviri zvinoti Humambo hweNyasha ne HuMambo hweKubwinya. Humambo hweNyasha hunoburitswa pachena naPauro muTsamba yake kuVaHebheru. Mushure mekutendeka Kristu sandiye mumiririri anonzwira uyo: “unogona kutinzwira tsitsi pavutera bwedu” muApostori anoti: “Naizvozvo ngatiswedere tisingatyi kuchigaro

chovushe chenyasha, kuti tinzwirwe ngoni, tiwane nyasha.” VaHebheru 4:15,16. Chigaro chenyasha chinomirira humambo hwenyasha; nokuti kuvapo kwechigaro zvinorevawo kuvapo kwehushe. Mukutaura kwaKristu kuzhinji mumifananidzo, aishandisa mashoko ekuti “Ushe hwekudenga” achireva kubata kwenyasha tsvene mumoyo yevanhu.

Saizvozvowo chigaro chokubwinya chinoreva humambo hwekubwinya; uye humambo uhwu hunotaurwa naKristu mumashoko ake anoti: “Zvino Mwanakomana womunhu uchauya nokubwinya kwake navatumwa vatsvene vanaye, uchagara pachigaro chake chovushe chinobwinya; namarudzi ose achavunganidzwa pamberi pake.” Mateo 25:31, 32. Humambo uhwu huchiri mberi. Hahuzogadzwi kusvikira kudzoka kwaJesu kechipiri.

Humambo hwenyasha hwakagadzwa pakarepo panguva iyo apo munhu akaputsika, apo zano rekuponesa rudzi rwakatadza rwakagadzwa. Hushe uhwu hwakararama muzvinangwa nevimbiso dzaMwari, uye kuburikidza nekutenda, vanhu vaizogona kuva vagari vahwo. Asi hahuna kunyatsogadzwa kusvikira Kristu afa. Kunyangwe mushure mekutanga kwake basa panyika, Muponesi akaremerwa nekusindimara nekusatenda kwevanhu, zvekuti angadai akadzokera shure achirega chibayiro chepaKarivari. Kunyange mubindu reGetsimani, mukombe wekunyadziswa wakanga uchidedera uri muruoko rwake. Angadai ipapo akapisika ziya reropa pachiso chake ndokusiya rudzi rwakatukwa kuti rwufire muzvivi zvarwo. Dai akaita izvi, kungadai kusina rudzikinuro kuvanhu vakaputsika. Asi apo Muponesi akapa upenyu hwake uye apo akadanidzira pakubuda kwemweya wake achiti: “Zvapera,” ipapo zano reruponeso rakazadziswa. Vimbiso yeruponeso yakapiwa kunaAdamu naEva yakazadziswa. Humambo hwenyasha, uhwo pashure hwakanga hwuri muvimbiso yaMwari, hwakabva hwazadziswawo.

Naizvozvo, rufu rwaKristu, chiitiko icho vadzidzi vakanga vachiona semagumo nekuparara kwetariro yavo, ndicho chakava kusimbiswa kwetariro yavo nekusingaperi. Kunyangwe chakavavigira kukuhunika kukuru kunorwadza, asiwo chakava ndicho chikwekwenhero chekusimbisa kuti kutenda kwavo ndekwazvokwadi. Chiitiko chakavaunzira kuchema nekushungurudzika, ndicho chakavigira rudzi rwose rwaAdhamu tariro, inova ndiyo hwaro hweupenyu nerufaro rusingaperi kunenavotenda munaMwari mumarudzi nemazera ose.

Zvinangwa zvetsisti dzisingaperi kumarudzi ose zvinosvika kuburikidza neicho chakakuhunitsa vadzidzi. Apo moyo yavo yakanga yatorwa nesimba rekudzidzisa kwake nenyasha dzake, apo iye “aitaura sezvisina kumboitwa nemunhu,” asiwo, mukati mekunzwisisa rudo rwaKristu sendarama yakaidzwa, makanga makavhenganiswa mavari nengura yekuzvikudza kwenyika netariro yechindini. Kunyangwe mumba yepamusoro musi wePaseka, panguva iyo Muponesi anga avakupinda mumumvuri weGetsimani, pakati pevadzidzi pakanga paine kurwisana: “Nharo dzakamuka pakati pavo kuti ndiyani kwavari

achanzi mukuru.” Ruka 22:24. Muono wavo wakanga wakazara nepfungwa yechigaro, korona uye mbiri, apo pamberi pavo muponesi akanga akatarisana nekunyadziswa nekurwadziwa muGetsimani, mudare rekutongwa, nemuchinjikwa weKarivari.

Kuzvikudza kwemoyo yavo, nenyota yekuda mbiri yepanyika, zvakavatungamirira kuti vabatirire zvakasimba padzidziso dzepanyika dzemanyepo dzenguva yavo, zvikaiita kuti mashoko aMuponesi asanzwikwa mavari ezvechimiro cheHumambo hwake, ayo ainongedzera kurufu nematambudziko zvaiva mberi kwake.

Mhosho iyi yakavatungamirira mukuyedzwa kwakaoma, asi kwakafanira, uko kwakatenderwa kuti vadzidziswezve. Kunyangwe vadzidzi vakarasika kuziva zvaireva shoko ravo, uye vakatadza kuona zvavaitarisira, asi vakaparidza yambiro iyo Mwari akavapa, saka Muponesi achavapa mubairo wekutenda kwavo uye acharemekedza kuteerera kwavo. Kwavari, vakapiwa basa rekudanidzira kumarudzi ose ivhangeri inobwinya yekumuka kwaMuponesi. Matambudziko akatenderwa kuti vasangane nawo achivagadzirira basa iri guru.

Mushure mekumuka kwake, Jesu akazviratidza kuvadzidzi vake munzira yekuenda kuEmausi, uye, “Akatanga kunaMozisi navaporofita vose, akavadudzira zvakanyorwa pamusoro pake mumagwaro ose.” Ruka 24:27. Moyo yevadzidzi yakamutswa, kutenda kwavo kukasimudzirwa.

Vakazvarwa patsva mutariro mhenyu, kunyangwe nguva apo Jesu akanga asati azvizivisa kwavari.

Chaiva chinangwa chake kuti azarure ndangariro dzavo mukunzwisisa nekusima kutenda kwavo pa-“shoko rouporofita rakasimba kwazvo.” Aishuvira kuti zvokwadi imere midzi mundangariro dzavo, kwete nekuti ainge avapa huchapupu hwekuti ndiye, asi nokuda kwehumbowo husina mubvunzo hwaipiwa nezvimiso zvemurairo nemirau yezvipiriso uyewo nezviporofita zvemu Testamende Yekare. Zvaikosha kuti vadzidzi nevateveri vaKristu vave nekutenda kwakangwara, kwete pachezvavo ivo, asi kuti vasvitse ruzivo rwaKristu kunyika namarudzi ose. Nokudaro, sedanho rekutanga, Kristu akanongedzera vadzidzi vake “kunaMozisi navaporofita vose.” Uhwu ndihwo huchapupu hwakapiwa naMuponesi pakumuka kwake zvichiratidza kukosha kwezvinyorwa zveTesatamende Yekare.

Pakava neshanduko yakakosha mumoyo yevadzidzi apo meso avo achiona kamwezve chiso chine rudo chaTenzi wavo. Nenzira yakazara, kupfuura pakutanga, vakanga vaona “akanga arehwa naMozisi, nemurairo, navaporofita.” Kusanzwisisa, nekushungurudzika kwakavabata pakutanga, kwakatorerwa nzvimbo nevimbo yakazara, iyo yajekesa kutenda kwavo. Zvinofadza sei kuti mushure mekukwira kwake kudenga “vakarambira mutemberi, vachirumbidza nokukudza Mwari.” Vanhu vazhinji vaiziva nezverufu runorwadza

rwaTenzi, vaitarisira kuona zviso zvevadzidzi vakasuruwara, zvine kusanzwisisa nekukundikana; asi vakaona zviso zvizere nemufaro werukuriro. Idi kuti vadzidzi ava vakanga vawana kugadzirirwa kwakakura kuti vaite basa rakanga riri pamberi pavo. Vakanga vapfuura nemumiyedzo yakadzama iyo yavakatenderwa kusangana nayo, zvikabuda pachena kuti, kana muono wemunhu warasika, shoko raMwari rinokurira. Mukuenderera mberi, chii chaizoputsa kutenda kwavo kana kutonhodza rudo rwavo? Mukuchema kwakadzama vakanga vawana "kunyaradzwa kune simba," netariro yakanga "ine simbiso yakabata" "tariro isingazununguswi, yakasimba." VaHebheru 6:18, 19.

Vakanga vari zvapupu zvenjere nesimba raMwari, uye vaka "ziva kwazvo kuti kunyangwe rufu, kana vupenyu, kana vatumwa, kana vanesimba, kana zvazvino, kana zvinouya, kana masimba, kana kwakakwirira kana kwakadzika, kana chinhu chimwe chakasikwa." Zvaisagona kuvaparadzanisa nerudo rwaMwari, ruri muna Krisu Jesu, Ishe wedu," vakatiwo, "pazvinhu izvi zvose, tiri vakundi nokupfuvurisa, naiye wakatida." Varoma 8:38, 39, 37. "Shoko raMwari rinogara nokusingaperi," saka "ndiyaniko uchavapa mhosva? Kristu ndiye wakafa, uri kurudyi rwaMwari, unotinyengeterera." 1 Petro 1:25. VaRoma 8:34.

Zvanzi naJehovha: "Vanhu vangu havanganyadziswi." Joero 2:26. "Kuchema kungavapo madekwana, asi mufaro uchauya mangwanani." Pisarema 30:5. Apo vadzidzi vakasangana naMuponesi nezuva rokumuka kwake, moyo yavo yakapiswa mukati mavo apo vaiteerera mashoko ake; apo vaitarisa musoro, maoko nemakumbo ake izvo zvakanga zvakuvadzwa nokuda kwavo; apo, asati akwidzwa kudenga Jesu akaenda navo kunzvimbo dzakaita seBethani, achisimudza maoko ake achivatuma achiti: "Endai mupasi rose muparidze Evhangeri, tarirai ndinemi nguva dzose" (Marko 16:15; Mateo 28:20); uye apo nezuva rePentecosti, Munyaradzi akavimbiswa akaburuka, simba rinobva kudenga rikasvika, mweya yavatendi ikafadzwa nekuvepo kwaTenzi wavo— saka naivowo, sezvaakaita iye, nzira yavo yakatungamirira mukufira shoko raMwari nekuzvipira. Havaigona kutsinhanisa hushumiri hwavo nezvimwe zvisiri nyasha dzake, uye korona yekururama, yavaizogashira pakuonewa kwake, hazvingaenzaniswi nechigaro chepanyika, icho chaimbova tariro yavo pamazuva ekare? Uyo "anogona kuita nokupfuurisa kukumbira nekunzwisisa kwedu," akanga avatendera, mukuwadzana naye mukutambudzika kwake, rufaro rwake, rufaro rwekuunza vanakomana vazhinji mukubwinya, rufaro rusingatsananguriki, mbiri ine hudzamu, iyo Pauro anotaura kuti: "kutambudzika kwedu, kwechinguvana, hakungagoni kuenzaniswi."

Zvaksanganikwa nazvo nevadzidzi avo vakaparidza "Evhangeri yeHumambo" pakuuya kwaJesu kwekutanga, zvine hushamwari nezvichasanganikwa nazvo neavo vachaparidza shoko rekudzoka kwake kechipiri. Apo vadzidzi vaibuda kunoparidza vachiti, "Nguva yaringana, Ushe hwaMwari hwasvika," ndizvo zvakaitawo Miller neshamwari dzake apo vakaparidza shoko renguva refu, rechiporofita chenguva yekuguma

chaibuditswa pachena neBhaibheri chakanga choda kuzadzikiswa, chaiti rutongo rwatosvika, uye humambo husingaperi hwakanga hwasvika. Kuparidza kwevadzidzi maringe nenguva kwakanga kwakasendama panguva yevhiki dzinamakumi manomwe dzaDanere 9. Shoko rakaparidzwa naMiller neshamwari dzake raidaidzira kupera kwemazuva ane zviuru zviviri namazana matatu sezviri muna Danere 8:14, apo guva yemavhiki makumi manomwe iri chidimbu chemazuva ayo emuna Danere 8:14. Kuparidza kwezvikwata zviviri izvi kwakanga kuine hwaro mukuzadziswa kwezvikamu zvakasiyana asi zviri zvenguva imwechete yechiporofita ichi cha 8:14.

Sezvakaitawo vadzidzi vekutanga, Miller neshamwari dzake pachavo vakanga vasinganyatsonzwisisa zvakazara shoko ravakanga vachiparidza. Mhosho dzakanga dzadzidziswa kwenguva refu mukereke dzakavatadzisa kusvika pakunyatsodudzira zvimiso zvinokosha zvechiporofita ichi. Nokudaro, kunyangwe zvazvo vaiparidza shoko iro Mwari akanga avapa kuendesa kunyika, vakatadza kunyatsorinzwisisa zvakazoita kuti vapinde munguva yekukuhunika kukuru.

Mukutsanangura Danere 8:14, “Kusvikira madekwana namangwanani ane zviuru zviviri namazana matatu; ipapo nzvimbo tsvene ichanatswa.” Miller, sezvambotaurwa, akagamuchira pfungwa yakanga yakajairika yaitendwa mumazuva ake yekuti kunatswa kwenzvimbo tsvene kwaireva kucheneswa kwenyika nemoto pakuuya kwaTenzi. Nokudaro paakaona kuti zvaiva pachena kuti kupera kwemazuva echiporofita aya kwakanga kwarehwa zviripachena, akaisa dudziro yekuti nguva yaitaurwa yaiva yekudzoka kwaJesu kechipiri. Mhosho yake yakabva pakutenda dzidziso yakanga yakajairika paitaurwa nezve Senjuari.

Mukushanda kweSenjuari yepanyika, iyo yaiva mumvuri wechibairo nehuprisita hwaKristu, kucheneswa kwenzvimbo tsvene ndiko kwaiva rusando rwekupedzisira rwaiitwa nemuprista Mukuru kamwe pagore. Ndiro raiva basa rekugumisa rusando rwekuchenura—apo kwaibviswa nekuraswa chivi chaIsraeri yose. Izvi zvaimirirawo basa rekupedzisira raizoitwa neMuprisita mukuru kuDenga, pakubviswa nekudzimwa kwezvivi zvavanhu vake, avo vakanyorwa mazita mumagwaro eDenga. Rusando urwu rwunosanganisira basa rekubvunzurudza, rinova basa rekutonga; uye basa iri ndiro richateverwa nekuuya kwaKristu nemakore eDenga aine simba nekubwinya kukuru; nokuti kana ouya, mhaka dzavanhu dzose dzinenge dzapera kuongororwa. Jesu anoti: “Mubairo wangu ndinawo, kuti ndipe mumwe nemumwe sezvaakabata.” Zvakazarurwa 22:12. Iri basa rerutongo richaitika kutanga tevere kuuya kwechipri kwaJesu, rinodaidzirwa nemutumwa wekutanga mushoko remuna Zvakazarurwa 14:7: “Ityai Mwari, mumupei mbiri; nokuti nguva yake yekutonga yasvika.”

Avo vakaparidza shoko iri vakaparidza shoko rakafanira panguva yakafanira. Asi sezvakaparidzwa nevadzidzi vekutanga vachiti “Nguva yazadziswa, Hushe hwaMwari

hwasika, zvichibva pachiporofita chaDanere 9, asi vaitadza kucherechedza kuti rufu rwaMesiya rwaiporofitwa mundima imwecheteyo, saka Miller neshamwari dzake vakaparidza shoko ravo vakamira pana Danieri 8:14 na Zvakazarurwa 14:7, rinovawo shoko raifanira kuzadziswa Kristu asati auya. Apo vadzidzi vakatadza kunzwisisa humambo hwaizogadzwa pakupera kwemavhiki makumi manomwe, saizvozvowo maAdventists vakaitawo mhosho pakudoma chiitiko chaizoitika pakupera kwechiporofita chemazuva anezviuru zviviri zvinamazana matatu. Munyaya dzose mbiri idzi, paiva nekugashira, kwete kutenda kudzidziso dzaiva dzakarasika dzaitendwa munguva idzodzo asi dzichirasisa ndangariro kubva kuzvokwadi. Mapoka maviri evaparidzi aya, akazadzisa kuda kwaMwari pakusvitsa shoko kuvanhu ezvaidiwa naMwari, uye vose mapoka maviri, nokuda kwemhosho, vakainda mukukuhunika kukuru.

Asi Mwari vakakwanisa kusvitsa shoko reyambiro nenzira yavo pakutendera kwavo kuti shoko risvike nenzira iyi. Zuva guru rakanga rasvika, uye nekutendera kwaMwari vanhu vakasvika pakuyedzwa panguva yakafanira, kuitira kuti zvibudise pachena chimiro chemoyo yavo. Shoko iri rakanga rakananga kuyedza nekunatsa Sangano raMwari. Rakanga riri kutungamirira pakuratidza vanhu kuti vaone kwakarerekera zvidiso zvavo kana zvingava kunyika kana kunaKristu neDenga. Vaitaura ivo kuti vanoda Muponesi; saka zvino vaifanira kuratidza rudo rwavo. Vakanga vakagadzirira here kusiya zvidiso zvenyika, vachigamuchira rufaro rwekudzoka kwaShe? Shoko iri rakanga rakagadzirwa nenzira yekuti rivabatsire kuongorora chimiro chavo chechokwadi chepamweya; uye rakanga ratumwa mutsitsi dzaMwari kuti rimutse chidiso chekutsvaga Tenzi nekutendeuka nekuzvininipisa.

Zvakadarowo nenguva yekukuhunika kukuru, kunyangwe yakauya nekuda kwemhosho yekusagona kunzwisisa shoko ravakapiwa, yaifanira kutariswa kurutivi rwayo rwakanaka. Nguva iyi yaiyedza moyo yeavo vakagashira yambiro. Mukutarisana nenguva inorwadza iyi, vakanga vachizorasa kutenda mushoko raMwari here? Kana kuti, vaizozvininipisa mukunyengetera vachitsvakisisa kuti ndepapi pavangadaro vakaita mhosho mukunzwisisa zvairehwa nechiporofita? Vangani vakabva mukutya, nemukufarira zvenyika? Vangani vakanga vasingarevesi nemoyo wese uye vasingatendi? Vazhinjizhinji vaizviti ivo vanoda kuona kudzoka kwaShe. Apo vaitarisirwa nedenga kuti vatambudzike nekusekwa nenyika, apo muyedzo wekunonoka kudzoka kwaShe nekukuhunika waivabata, vazosiya kutenda here? Nokuti Havana kunzwisisa nzira dzaMwari mukushanda kwake navo, vaizosiya here zvokwadi parutivi iyo yakanga ichitsigirwa zviripachena nehuchapupu hweshoko Rake?

Kuyedzwa uku kwaizoburitsa pachena kusimba kweavo vaiva nekutenda kwezvokwadi, avo vaiteerera zvokwadi yaidzidziswa muShoko uye nemweya waMwari. Kuyedzwa uku kwaivadzidzisazve chidzidzo chekuti zvine njodzi kutenda kudzidziso nedudziro dzevanhu, tichisiya kutendera kuti Bhaibheri rizvidudzire roga. Kuvana

vaMwari vekutenda, kutambudzika nekurwadziwa uku kwakanga kwaunzwa nemhosho yekusadudzira shoko nemazvo kwaiunza nzira yekugadzirisa zvakanga zvakanganisika. Zvaivatungamirira kuti vanyatsonzvera shoko rezviporofita zvakadzama. Vaizowana chidzidzo chekuva nehanya yakadzama nekungwarira hwaro hwekutenda kwavo, nekugona kuramba zvose zvinotendwa nevanhu muChiKristu zvisiri chokwadi kunyangwe zviine mukurumbira wakakura sei, asi zvisingabvi mushoko raMwari.

Kuvatendi ava, sezvakaitawo kuvadzidzi vekutanga, izvo zvakavawira panguva iyi zvikaita kunge rima guru pakunzwisisa kwavo, zvakanga zvichazojekeswa mumashure nekufamba kwenguva. Pavaizoona “kwekupedzisira kwaTenzi,” vaizonzwisisa kuti, zvisinei nekushungurudzika kwavakamboita panguva iyi nekuda kwemhosho dzavo, zvinangwa zvaMwari kwavari zvakanga zvichakamira sekuronga kwake. Vaizodzidza kubva padambudziko iri rakaropafadzwa kuti “Mwari ane tsitsi, nenyasha huru” uye kuti “Nzira dzake ndidzo tsitsi, nezvokwadi kune avo vanochengeta sungano yake nezvipupuriro zvake.”

Chitsauko 20 Kumutswa kukuru kwechitendero

Kumutswa kukuru muchinamato pakuparidzwa kweshoko rekukasika kudzoka kwaKristu kunoporofitwa mushoko rengirozi yekutanga rinowanikwa muna Zvakazarurwa 14. Mutumwa anoonekwa “achibhururuka nepakati pedenga, aine Ivhangeri isingaperi kuti aiparidzire vanogara panyika, namarudzi ose, nendudzi dzose, nendimi dzose, navanhu vose.” “Akati nenzwi guru” anoparidzira shoko, “ityai Mwari, mumurumbidzei; nokuti nguva yake yokutonga yasvika, namatai Iye wakasika denga nenyika, negungwa namatsime emvura.” Vhesi 6, 7.

Pfungwa yekuti Mutumwa ndiye akaparidza yambiro iyi inoita kuti nyaya iyi ikoshe kwazvo. Kuburikidza nekuchena, nesimba, nekubwinya kwemutumwa weDenga uyu, hutsvene nenjere dzeDenga, vakafadzwa kuti varatidze kukura kwebasa raifanira kuitwa neshoko iri uye simba nekubwinya zvaizofamba naro. Uyewo kubhururuka kwemutumwa uyu “napakati pedenga,” uye “neinzwi guru” iro akadanidzira naro yambiro iyi, uye kupiwa kwaro shoko “kune vanogara panyika, namarudzi ose, nendudzi dzose, nendimi dzose, navanhu vose.”—zvinopa humbowo hwekukasika kunofanira kuitwa zvichiendeswa pasi rose.

Shoko remutumwa pacharo rinotipa chiedza kuti inguva ipi apo Sangano iri rekuparidza rinofanira kutora nzvimbo. Shoko iri rinodanidzirwa richinzi “Ivhangeri isingaperi;” uye rinodanidzira kuvamba kweRutongo. Vhangeri yeruponeso yakagara ichiparidzwa kubva kare mumazera ose, asi shoko iri, rinova rupandi rweVhangeri iyi rinofanira kuparidzwa bedzi mumazuva ekupedzisira, nokuti ipapo bedzi ndipo pane chokwadi chekuti nguva yekutonga yasvika. Zviporofita zvinotipa muono wekutevedzana kuchaita zviitiko zvichatungamirira kuzarurwa kwenguva yerutongo. Izvi zvinonyanya kubuda huchokwadi hwacho mubhuku raDanieri. Asi chikamu chechiporofita chake chine chekuita nemazuva ekupedzisira, Danieri akarairwa kuti achivhare “kusvikira panguva yekupedzisira.” Koga kana tasvika panguva iyi ndipo paizoparidzwa nyaya yorutongo, kana tichitarisa kuzadziswa kwezviporofita izvi. Asi pakupera kwenguva, muprofita anoti: “nokuti vazhinji vachamhanya pose pose, nezivo ichawanda.” Danieri 12:4.

MuApostori Pauro mumazuva ake akayambira Kereke kuti irege kutarisira kuuya kwaKristu panguva iyi. Anoti “nokuti zuva iro harisviki, kana kurashika kusati kwatanga kuuya, nomunhu wezvivi, mwanakomana wokurashika asati awonekwa.” Hatigoni kutarisira kuuya kwaTenzi kusvikira kurashika kukuru, nenguva refu yekutonga kwe “munhu wezvivi.” Uyu “munhu wezvivi,” anonzi zvakare “chakavanzika chokurashika,” kana “mwanakomana wokurashika,” uye “uyo wakaipa,” anomirira hutungamiri hwanaPapa, uhwo hunoporofitwa muchiporofita kuti hwaizotonga husina kukanganiswa kwemakore ane chiuru, namazana maviri ane makore makumi matanhatu. Nguva iyi yakapera mugore ra 1798.

Kuuya kwaKristu kwaisagona kutora nzvimbo nguva iyi isati yapfuura. Yambiro yaPauro inoputira nguva yeKereke yeChiKristu kusvika gore ra1798. Mumashure megore iri, ndipo panotanga kuparidzwa shoko rokudzoka kwaKristu. Hakuna shoko rakadaro rakamboparidzwa mumakore ekumashure nguva iyi isati yasvika. Sekuona kwataita, naPauro wo, haana kumboparidza nyaya iyi, asi akanongedzera hama dzake kunguva yaiva mberi yekuuya kwaJesu. Vaparidzi venguva yeReformation havana kumboparidza nyaya iyi. Martin Luther akapfuudzira nguva yerutongo mberi kwenguva yake zvemakore anosvika mazana matatu. Asi kubva gore ra1798, Bhuku raDhanieri rinozarurwa, rinobviswa chisimbiso, uye ruzivo rwekuzarurwa kwacho rwunowanda, uye vazhinji vanoparidza shoko rekusvika kwenguva yerutongo.

Sezvaitika munguva yeruvandudzo rwekunamata mumakore esenjuri yegumi nenhanhatu, Sangano revaparidzi vekudzoka kwaJesu rakamuka munyika dzakasiyana siyana dzeChiKristu panguva imwechete. Munyika dzese mbiri dzinoti Europe, neAmerica, varume vekutenda nemunamato vakatungamirirwa kudzidza Bhaibheri, zviporofita, nekuronda zvinyorwa zvakafemerwa, kubva vaona humbowo husingapikiswi hwekuti nguva yekuguma kwezvinhu zvose yakanga yasvika. Munzvimbo dzakasiyanasiyana, kwakaonekwa mapoka eChiKristu avo, vakasvika pakutenda kuti kuuya kwamuponesi kwakanga kwasvika, kuburikidza nekunzvera magwaro.

Mugore ra1821, makore matatu mushure mekunge Miller asvika pakugutsikana kuti zvaakanga adzidza maringe nerutongo zvaiva zvechokwadi, murume anonzi Dr. Joseph Wolff, “Muparidzi wepasi rose” akatanga kuparidza shoko rekudzoka nekukasika kwaShe. Wolff akazvarirwa munyika yeGermany, kuvabereki vechiHebheru, uye baba vake vaiva mudzidzisi wechiJudha. Kubva paudiki hwake, akagutsikana nekutenda kuti chitendero cheChikristu chaiva nezvokwadi.semunhu aiva nepfungwa dzakangwara kubva pahudiki, akanga achifarira kuteerera izvo zvaidzidziswa mumba mavo nababa vake semaJudha akatendeka pavaiungana zuva roga-roga vachidzidza nezvetariro dzaiva nevaJudha, dzinosanganisira kuuya kwaMesiya, uye kusunungurwa kwaIsraeri.

Rimwe zuva akanzwa pachitaurwa nezvaJesu weNazareta, ndokubva abvunza kuti Jesu uyu aimbova ani? Mhinduro ikati, “Aiva MuJudha akanga aiine hunyanzvi,” “asi akazoita dambudziko rekuti aiizviti ndiMesiyasi, ndokubva dare rechiJudha repamusoro ramutongera rufu.” “Ngenyi?” Mubvunzi akaramba achienderera mberi, “ko Jesusarema rakaparadzwa here, uye sei tiri muhubatwa?” Baba vake vakapindura: “kwete, kwete!,” “nokuti vaJudha vakaponda vaporofita.” Ipapo pfungwa yakauya mumusoro memwana nekukasika ndokuti: “Zvimwe Jesu aivawo muporofita, vaJudha ndokumuuraya asina mhosva.”—Travels and Adventures of the Rev. Joseph Wolff, vol. 1, p. 6. Pfungwa iyi yakabva yamubata nesimba, zvekuti kunyangwe zvazvo airambidzwa kupinda muKereke yeChiKristu, dzimwe nguva aizoonekwa achingotenderera pedyo nayo achiteerera mharidzo ari kunze.

Rimwe zuva apo ainge aine makore manomwe ekuzvarwa, akataura neumwe muvakidzani mutana weChiKristu achizvikudza nokuda kwekuti Israeri yaiziva neramangwana rakajeka kana Mesiya azouya, ndokubva mutana apindura zvinyoro-nyoro kuti: “Mudikani mukomana, rega ndikuudze kuti Mesiya chaiye ndiyani: Ndiye Jesu weNazareta … uyo akaroverwa nemadzitateguru enyu, sezvavakaitawo vaporofita vekare. Enda kumba unoverenga chitsauko 53 chaIsaya, ipapo uchagutsikana kuti Jesu Kristu ndiye Mwanakomana waMwari.”—Ibid., vol. 1, p. 7.

Shoko iri rakamubata kubva ipapo. Akaenda kumba ndokunoverenga chitsauko chiya, kubva ashamisika kuti zvakanyorwamo zvaiwirirana chose nekuzadziswa muna Jesu weNazareta. Mashoko emuKristu uyu ndeechokwadi here? Mukomana akabvunza baba vake kuti vatsanangure chiporofita ichi, asi akapindurwa nerunyararo rwunotyisa zvekuti haanazve kuzosimudza nyaya iyi zvakare navo. Asi izvi zvakangowedzera chidiso chake chekuda kuziva zvakawanda nezveChitendero cheChiKristu.

Ruzivo rwaaitsvaga rwakavanzwa mumba yavo yeChiJudha nenzira yekusadzidza nezvazvo; asi, apo akanga ava namakore gumi nerimwe ekuzvarwa, akasiya baba vake akaenda munyika kuti anowana ruzivo rwake agozvisarudzira chitendero chaanoda nebasa raanoda muhupenyu. Akambowana pekugara muhama dzake dzeropa asi nenguva pfupi akadzingwa zvichinzi aiva murasiki padzidziso, nokudaro akanzunzutira ari ega kutsvaga kurarama pakati pevatorwa. Akachinja nzvimbo nezvimbo dzekugara ari mufambi, achizviraramisa nekudzidzisa rurimi rwechiHebheru. Kuburikidza nedzidziso dzeumwe mudzidzisi wechiKaturike, akatungamirirwa kugamuchira chitendero chechiRoma ndokubva aita pfungwa yekuda kuzova mumishinari kuvanhu vekwake. Nokuda kwechinangwa ichi, mumakore mashoma akatevera, akaenda kuchikoro chepamusoro chedzidzo kuRoma. Ikoko kukorichi ndiko kwaakazoita dambudziko rekunzi mudzidzisi wenhema nekuda kwepfungwa dzake dzainyanya kubvunzurudza dzisingadi kudzvanyirirwa. Chaaingoita kushoropodza kaitiro kesangano nekukurudzira kugadziriswa kwezvisingaitwi maringe neshoko. Kunyangwe pakutanga aiitirwa nyasha nevakuru veSangano, akazodzingwa kuRoma mushure mechinguva. Akafamba nzvimbo nenzvimbo asi ari pasi peziso reSangano, kusvikira zvava pachena kuti haaizofa akazviisa pasi pedzidziso dzehuranda dzeSangano reRoma. Sangano rakapa mutongo wekumupa zita rekunzi munhu akarashika zvisingagadziriki saka aifanira kusiiwa achienda kwaada semufambi. Nokudaro akabva aenda kuEngland, achizviti aiva wechitendero chechiProtestenti, ndokubva anobatana neSangano remuEngland. Mushure memakore maviri ekudzidza, akabva atanga basa rake rehumishinari muna 1821.

Apo Wolff akagamuchira zvokwadi huru yekuuya kwaKristu kekutanga se “munhu wekurwadziwa, akaziva urwere,” akaonawo kuti zviporofita zvinoburitsa pachena kudzoka kwake kwechipiri nesimba nekubwinya. Nokudaro apo aiparidza kuvanhu vekwake achitsvaga kuvatungamirira kuna Jesu weNazareta saiye Mesiya akavimbiswa, uye

kuvanongedzera kukuya kwake kwekutanga mukunyadziswa nekuroverwa kufira zvivi zvevanhu, akavaparidzirawo nezvekudzoka kwake kechipiri saMambo nemudzikinuri.

Akavadzidzisa achiti: “Jesu weNazareta, ndiye Mesiya wezvokwadi, ane maoko nemakumbo akabaiwa, akaunzwa segwayana kuchibairo, ndiye aiva munhu wekurwadziwa aiziva urwere, uyo, mushure mekunge tsvimbo yabviswa kwaJudha, uye simba rematare raiswa patsoka dzake, akauya kekutanga, achauyazve kechipiri nemakore edenga, nehwamanda yemutumwa mukuru.” (Joseph Wolff, Researches and Missionary Labors, peji 62) “Uye achamira pamusoro peGomo reMiorivhi; ipapo, simba riya raakambopiwa kuna Adhamu pamusoro pezvisikwa, akazorasikirwa naro, (Genesi 1:26; 3:17), richapiwa kuna Jesu. Achava Mambo panyika yose. Kugomera nekuchema kwezvisikwa zvose kuchapera, asi nziyo dzekurumbidza nekutenda dzichanzwikwa … apo Jesu achauya mukubwinya kwaBaba vake, nekwavatumwa vatsvene … vatendi vakafa vachatanga kumutswa. (1 VaTesaronika 4:16; 1 VaKorinte 15:32). Izvi ndizvo zvatinoti semaKristu kumuka kwekutanga. Chimiro chemhuka dzesango chichashanduka (Isaya 11:6-9), zvigoiswa pasi paJesu. Mapisarema 8. Ipapo pasi rose richava nerunyararo.”—Journal of the Rev. Joseph Wolff, mapeji 378, 379. “Ipapo Jehovha vachatarisa zve pasi panyika agoti, tarira zvose zvakanaka kwazvo.”—Ibid., peji 294.

Wolff aitenda kuti kuuya kwaShe kwakanga kwave pedyo, saka kudzidzisa kwake pakududzira chiporofita kwakaisa nguva yekudzoka kwaJesu mumakore mashoma aitevera ayo akanga achidzidziswa naMiller. Kune avo vaipikisa nezvinyorwa vachiti “kana riri zuva kana nguva, hakuna munhu ungaziva’” Wolff aivapindura achiti: “Ndizvo here kuti Tenzi wedu akati zuva nenhambo hazvizofi zvakazivikanwa? Haana here kutipa zviratidzo zvenguva zvine kutevedzana kwakajeka kuitira kuti isu tizive kuti akutosvika, sekuziva kunoita munhu kuti zhezha rakusvika kuburikidza nekutunga mashizha kwemuonde? Mateo 24:32.

Hatigoni here zvachose kuziva nguva iyo, asi iye akatiraira kuti tisangoverenga muporofita Danieri bedzi, asi kuti timunzwisise? Uye imomo munaDanieri tinoudzwa kuti mashoko akanga akavanzwa kwenguva (inova nguva yake) kusvika panguva yekuguma, apo “vazhinji vachamhanya posepose,” “nezivo ichawanda,” Danere 12:4. Kunze kwaizvozvo, Ishe wedu haasi kutaura nemashoko aya kuti kusvika kwenguva hakuzi kuzozivikanwa, asi kuti ‘zuva chairo nenguva hazvizivikanwi nomunhu.’ Anoti, zvakaringana ndizvo zvichazivikanwa kuburikidza nezviratidzo zvenguva, kuti zvitibatsire kugadzirira kuuya Kwake, sezvakaita Noah pakuvaka ngarava.”—Wolff, Researches and Missionary Labors, mapeji 404, 405.

Pamusoro penzira yekududzira kana kusadudzira zvakanaka magwaro, Wolff akanyora achiti: “Chikamu chikuru cheMaKristu vakabva panzira iri pachena yekunzwisisa maGwaro, vakatevera nzira yechiBhudha, iyo inotenda kuti mufaro

weramangwana revanhu uri mukufamba mumhepo, sekuti kana uchida kunzwisisa maJudha unofanira kunzwisisa vaHedheni, kana uchida kuverenga nezve Jerusarema unofanirawo kunzwisisa nezveKereke, saka kana zvichinzi Nyika, zvinoreva kuti muDenga kana mumhepo; uye pakuuya kwaTenzi vanofanira kunzwisisa kufamba kwebasa remaMishinari, uye kuenda kugomo reimba yaJehovha, zvinoreva boka revanokudzwa pamusangano weChihwisiri.—Journal of the Rev. Joseph Wolff, peji 96.

Mukati mekakore makumi maviri nemana kubva gore ra1821 kusvika 1845, Wolff akafamba zvakanyanya muAfrica, achishanyira Ejipita ne Abyssinia; muAsia, akafamba zvikuru muPalestina, Siriya, Persia, Bokhara, neIndia. Akashanyirawo Amerika, murwendo urwu akaparidza muchitsuwa cheSaint Helena. Akasvika mu New York muna Nyamavhuvhu, 1837; uye mushure mekuparidza muguta iri, akandoparidzawo muPhiladelphia neBaltimore, uye pakupedzisira akaenda kuWashington. Muguta iri ndimo maakataura achiti: “papfungwa yasundwa nevaimbova mutungamiri wenyika vaJohn Quincy Adams, mune imwe imba huru yedare reCongress, Dare rose rakatenderana kuti rindipe mukana wekushandisa imba huru inoungana vazhinji yemu dare reCongress kuti ndipe chidzidzo, icho chandakapa nemusi weSabata paine ruremekedzo rwekuvapo kwenhengo dzedare reCongress, uyewo nemufundisi mukuru, Bhishopi weVirginia, vanobva kuvafundisi nevagari vemu Washington. Ruremekedzo rumwecheterwo ndakarupiwa nenhengo dzemakurukota ehurumende ye New Jersey nePennsylvania, avo pamberi pavo ndakapa chidzidzo chinobva patsvakurudzo yandakaita kuAsia, uyewo pamusoro pekutonga kwaJesu Kristu pachake.”—Ibid., mapeji 398, 399.

Dr. Wolff akafamba munyika zhinji dzaizivikanwa nemhirizhonga nejodzi asi asina kana chengetedzo kubva kuhurumende dzemu Europe, akasangana nezvigozhero zvizhinji, akatenderedzwa nenjodzi zhinji. Dzimwe nguva aimborwadziswa nekurohwa pasi petsoka, aimbotengeswa kuitwa muranda, uye kanokwana katatu akambotongerwa rufu. Aimbovandirwa nemakororo, pane dzimwe nguvawo akapotsa afa nenyota. Kamwe chete akambotorerwa zvose zvaaiva nazvo akasiiwa achifamba netsoka kwemitunhu mirefu yemamaira mazhinji nemukati memakomo, achirohwa nechando mutsoka dzisina shangu achifamba pamazaya echando.

Panguva dzaaipiwa yambiro yekufamba asina zvombo zvekuzvidzivirira mukati memarudzi akaisvoipa, ipundura achiti: “zvombo ndinazvo,” zvinoti “munamato, simba rekushandira Kristu, uye hushingi hwekuziva kuti anondibatsira.” Akatizve, “ndakapiwawo zvakare rudo rwaMwari, uye muvakidzani wangu ndiwo moyo wangu, uye Bhaibheri riri muruoko rwangu.”—W.H.D. Adams, In Perils Oft, peji 192. Kwese kwaaienda aitakura Bhaibheri mururimi rweChirungu nerweChihebheru. Achitaura pamusoro perwumwe rwendo rwake mumazuva ekupedzisira anoti: “Ndakatakura Bhaibheri rakazaruka muruoko rwangu. Ndainzwa kuti samba rangu raiva mubBhuku iri, uye kuti simba raro rainditsigira.”—Ibid., peji 201.

Nokudaro akatsungirira mubasa rake kusvikira shoko reRutongo rasvika mumativi mazhinji enyika yaigara vanhu. Akasvitsa Bhaibheri pakati pemarudzi anosanganisira maJudha, maTurks, maParsees, maHindu, achivapa Bhaibheri shoko raMwari mundimi dzavo, uye achidanidzira hutongi hwaMesiya hwakanga hwavakusvika.

Munzendo dzake akasvikawo munyika yeBokhara umo akawana shoko redzidziso yekudzoka kwaJesu kechipiri ichizikanwa nekaboka kevanhu vaive kure nevazhinji. Vanhu verudzi rwechi Arab veku Yemen, anoti: “vakanga vaine bhuku rinonzi Seera, iro rinopa yambiro yekudzoka kwaKristu kwechipiri uye Kutonga Kwake neMbiri; uye vanotarisira kuitika kwezvinhu zvikuru mugore ra1840.”—Journal of the Rev. Joseph Wolff, peji 377. “Munyika yeYemen ... ndakagara mazuva matanhatu nevana vaRechab. Havanwi waini, havarimi minda yemizambiringa, vanogara mumatende, havasimi minda, uye vanorangarira zvakanaka mutana Jonadab, mwanakomana waRechabi; uye ndakawana vana vaIsraeri vachigara navo, verudzi rwaDani … avo vanotarisira, pamwechete nevana vaRechabi, kusvika nekukasika kwaMesiya mumakore eDenga.” Ibid., peji 389.

Kutenda kumwechete kwakare kwakawanikwawo neumwe mumishinari munyika ye Tatary. Muprisita wechi Tatar akabvunza mubvunzo kumuMishinari uyu kuti Kristu aizouya riini kechipiri. Apo Mumishinari akapindura kuti akanga asina ruzivo nezvazvo, muPrisita akashamiswa zvikuru kuti sei munhu uyu aizviti muparidzi nemudzidzisi weBhaibheri aisaziva nyaya iyi, ndokubva muPrisita ataura zvaaitenda kubva muzviporofita zveBhaibheri kuti Kristu aizouya muna 1844. Kutanga kare mumakore ana 1826, shoko rekudzoka kwaJesu rakatanga kuparidzwa muEngland.

Asi Sangano revaparidzi ikoko rakanga risina haro kunyatsorongeka sezvakanga zvakaita kuAmerica; zvekuti, nguva chaiyo yekudzoka kwaJesu haina kudomwa, asi zvokwadi huru yekudzoka kwaKristu nesimba nekubwinya yakaparidzwa nesimba. Izvi hazvina kuitwa kuchisiiwa vaya vanoramba nevanofarira nyika bedzi. Mourant Brock, munyori weChirungu, anotaura kuti vaparidzi vanosvika mazana manomwe muKereke yeEngland vaiparidza “Ivhangeri iyi yoUmambo.” Shoko racho, kunyangwe munyika yeGreat Britain rainongedzera gore ra1844 kuti ndiyo nguva yekudzoka kwaShe. Zvinyorwa zvaidzidzisa shoko rekuuuya kwaJesu zvaibva kuAmerika zvakatenderera munyika yese. Mabhuku nematsamba zvakadhindwawo zvikaparadzirwa muEngland. Mugore ra1842, Robert Winter, chizvarwa chemuEngland, uyo akanga agashira vhangeri iyi kuAmerika, akadzokera kunyika yekwake kunoparidza shoko iri rekudzoka kwaShe. Vazhinji vakabatana naye mubasa iri, zvikaita kuti shoko reRutongo riparidzwe munzvimbo zhinji dzemuEngland.

Kunyika ye South America, mukati mevanhu vanopfurikidza mwero, nevanoita zvemashavi, murume anonzi Lacunza, werudzi rwechi Spaniard uye aivawo muJesuit,

akawana mukana wekudzidza magwaro akagamuchira zvokwadi yekudzoka nekukasika kwaKristu.

Achimanikidzwa pamweya kuti aparidze shoko iri, asi achityawo kutadzira Sangano reRoma raizomurova neshamhu, akaburitsa shoko rake muchinyorwa chaiva nezita rekunyebera rainzi “Rabbi Ben-Ezra,” achizviti akanga ari muJudha akatendeuka.

Lacunza akararama munguva yeSenjuri yechigumi nemasere, asi bhuku rake rakazowana mukana wekusvika kuEngland mumakore ana1825 uko rakazonoiswa mururimi rweChirungu. Kushambadzwa kwebhuku iri kwakabatsira kusimbisa shoko rakanga ragara rasvika muEngland rekudzoka kwaJesu kwechipiri.

Munyika yeGermany dzidziso iyi yakanga yasvika kare nemurume anonzi Bengel, aiva mufindisi muSangano reLutheran uye aivawo mudzidzi weBhaibheri airemekedzwa. Pakupedza kwake zvidzidzo zvake, Bengel “akazvipira kuita zvidzidzo zveTheology, apo paakabatsira pfungwa dzake kuziva zvechitendero, zvikabatsira kuwedzera ruzivo rwake rwaakanga ambowana pakudzidza kwake nekurovedzerwa. Sezvinongoitawo vechidiki vazhinji, akanga akura achinetseka nekuda kunzwisisa zvinogozha kubata zvechitendero, zvekuti anotaura zvaainzwa mumoyo make achiti: “miseve mizhinji yaibaya moyo wake, zvikaita kuti anetseke memitoro yairema mukukura kwake.” Paakazova nhengo yeboka rezvekunamata raigara pa Wurttemberg, ainyanya zvikuru kukurudzira kuti vanhu vapiwe mukana wekunamata vakasunguka. “Kunyangwe zvazvo aitenda kuti zvimiso nemitemo yeSangano inokosha, aikurudzira nekumiririra avo vanonzwa vachisundwa nekuda kubatira Mwari kuti vapiwe rusununguko rwendangariro dzavo pakunamata, kana zvichireva kuti vatenderwe kusarudza kurega kugashira chirairo.”—Encyclopaedia Britannica, 9th ed., art. “Bengel.” Zvakanaka zvinobva papfungwa yake iyi zvichiri kuwanikwa mudunhu rake.

Chiedza chekudzoka kwaJesu chakapenya mupfungwa dzaBengel rimwe zuva apo aigadzira mharidzo yekunoparidza kuSvondo ichibva pana Zvakazarurwa 21. Zviporofita zvaZvakazarurwa zvakatanga kurudunuka mupfungwa dzake zvaakanga asati amboita. Nokuda kwekukurirwa nepfungwa yekutya kurasika, uye kukosha kwaita nyaya dzaitaurwa nemuporofita dzainyanya kubwinya, akambosiya nyaya idzi kwechinguvana.

Asi panguva yekuparidza akamira pamberi pevanhu, shoko riya rakatanga kudzoka zvakare mupfungwa dzake nesimba guru. Kubvira panguva iyoyo, akasarudza kuora nguva yake achidzidza zviporofita kunyanya zvemunaZvakazarurwa, nekukasika akasvika pakunzwisisa kuti zvainongedzera kudzoka kwaKristu kwakanga kwava pedyo. Zuva rekudzoka kwaJesu rakanga rakasiyana nemakore mashoma neiro rakazoiswa naMiller pashure.

Zvinyorwa zvaBengel zvakapararira munyika zhinji dzineChiKristu. Miono yake panyaya dzechiporofita dzakagashirwa kunyangwe munyika yake ye Wurttemberg, uyewo kuenda kune dzimwe nzvimbo mu Germany. Sangano rakaenderera mberi kunyangwe mushure mekufa kwake, zvekuti shoko rekudzoka kwaJesu rakanzwika muGermany nguva imwechete apo raiparidzwa kune dzimwe nzvimbo. Kune vamwe vatendi vakaenda kuRussia vakanogadzira tumapoka tudiki, kutenda mukudzoka kwaKristu kuchiri kugashirwa muKereke dzechiGermany munyika iyi.

Chiedza chakapenyawo munyika dzinoti France neSwitzerland. Muguta re Geneva apo Farel naCalvin vakanga vaparidza chokwadi munguva yeruvandudzo rwekutenda, Gaussen aiparidza shoko rekudzoka kwajesu kechipiri. Pamazuva aakanga ari kuchikoro, Gaussen akasangana nedzidziso yakanga yakakurumbira muEurope yekushandisa pfungwa kuongorora zvinhu mumakore emaSenjuri yegumi nesere negumi nepfumbamwe zvekuti paakatanga hushumiri, akanga aine dambudziko rekusaziva zvekutenda pamwechete nekurerekera kumweya wekusabvuma. Pahudiki hwake, akanga aita chidiso chekudzidza zviporofita. Mushure mekuverenga chinyorwa chenhoroondo chinonzi Rollin’s Ancient History, ndokubva meso ake afarira chitsauko chechipiri chaDanieri, zvikaita kuti abatwe zvakasimba nekuzadzikiswa nemo kwakanga kwaita chiporofita ichi, sezvakanga zvakanyorwa muchinyorwa chenhoroondo. Apa akabva akaona huchapupu hwekufemerwa kweBhaibheri, zvakabva zvamupa hwaro hwekumira mumatambudziko eramangwana. Haana kugutsikana nedzidziso yenyika yekuongorora zvinhu nepfungwa dzako, saka mukudzidza Bhaibheri nekutsvaga chiedza, mushure menguva akawana kutenda kwechokwadi.

Paakaramba achiita bvunzurudzo yake muzviporofita, akasvika pakuona kuti kuuya kwaShe kwakanga kwave pedyo. Nekubatikana nezvokwadi iyi nekukosha kwayo, akashuvira kuti aidzidzise vanhu; asi dzidziso yaivako muvanhu yekuti zviporofita zvaDanieri zvicharamba zviri zvakavanzika yakamuvhiringidza munzira yake.

Pakupedzisira, akasarudza, sezvakanga zvamboitwawo na Farel, kuti aende kunoparidza kuGeneva, achitanga nekudzidzisa vana vaduku, avo vaaivimba kuti vaizosvitsa kuvabereki vavo.

“Ndaishuvira kuti ndinzwisisiwe,” akazotaura achidaro pashure, achitaura nekukosha kweshoko rake: “haisi nyaya diki kwete, asi inyaya huru inokosha, saka ndaishuvira kuisvitsa sezvakaifanira, saka ndakazoipa kuvana. Ndaishuvira kuti dai ndainzwikwa, uye ndaitya kuti handinganzwikwi kana ndikaitaura ndiri ini pachangu kuvanhu vakuru.” “Nokudaro ndakasarudza kuenda nayo kuvana vadiki. Ndaiunganidza boka revana; kana boka rikakura, ndikaona kuti vaiteerera, vachifarira, nekuda, vachiratidza kunzwisisa nekugona kuzotsanangura chidzidzo, ndaiva nechokwadi kuti ndaizowana rimwe boka nekukasika, mushure macho, vanhu vakuru vaizoona kuti chidzidzo chaikosha kwavariwo

kuti vachidzidze. Kana izvi zvaizoitika, naizvozvo chinangwa chinenge chazadziswa.”—L. Gaussen, Daniel the Prophet, vol. 2, Preface.

Basa rake rakaita michero, nokuti paaidzidzisa vana, vanhu vakuru vaiuya vogarawo vachiteerera. Mipanda yeSangano rake yaizara nevateereri vachinzwa. Pakati pavo paivawo nevarume vaikudzwa nevakadzidza, nevaeni vaibva kune dzimwe nyika vaishanya muguta reGeneva, avo vaizotakura shoko vachienda naro kune dzimwe nzvimbo.

Achikurudzirwa nekubudirira kwebasa rake, Gaussen akanyora nekuburitsa zvidzidzo zvake, aine tariro yekukurudzira vanhu kudzidza zviporofita mumasangano evanhu vaitaura rurimi rwechiFrench. Gaussen anoti: “kunyora nekuburitsa zvidzidzo zvaipiwa kuvana, kutaura kuvanhu vakuru avo vanowanikwa kazvhinji vachirega kuverenga mabhuku aya vachiti akavanzika, kuti kwavari, akavanzika sei kana zvichigona kunzwisiswa nevana venyu?” anoenderera mberi achiti, “ndaiva nechidiso chikuru chekuti ndipe ruzivo rwezviporofita zvaiva zvakajairika mumapoka edu kana zvaibvira.’ “Kwandiri, hakuna chimwezve chidzidzo, chingaringana nguva ino, izvi ndizvo zvichatibatsira kugadzirira nguva yematambudziko yava pedyo, nekurindira nekumirira Jesu Kristu.”

Kunyangwe akanga ari mumwe wevaparidzi vaiva nemutsauko vaidikanwa mururimi rwechiFrench, Gaussen akazombomiswa basa rehushumiri mhosva yake iri yekudzidzisa Bhaibheri kune vechidiki, panzvimbo yezvidzidzo zvekatikazi zvainyorwa nesangano. Akazovawo mudzidzisi mune chimwe chikoro chaidzidzisa Bhaibheri, asi nemusi weSvondo aienderera mberi nekudzidzisa vana kubva muBhaibheri. Zvinyorwa zvake pazvidzidzo zvechiporofita zvakafarirwa nevazhinji. Akaenderera mberi nebasa rake kwemakore mazhinji semudzidzisi muchikoro chepamusoro, semunyori, uye semudzidzisi wevana, akatungamirira vazhinji kudzidza zvakadzama zviporofita zvairatidza kuti Jesu anodzoka nekukasika.

Shoko rekudzoka kwaJesu rakaparidzwawo munyika yeScandinavia, uye moto wekuda kudzidza wakabakidzwa. Vazhinji vakamutswa kubva pakushaya hanya kwavo nehupenyu, vakareurura nekusiya zvivi zvavo, vakatsvaga kuregererwa muzita raKristu. Asi vafundisi veKereke yehurumende vakadzivisa basa iri, uye kuburikidza nesimba ravo vamwe vaiparidza vhangeri iyi vakaiswa mumajeri. Munzvimbo zhinji uko vaparidzi veshoko rekudzoka kwaJesu vakarambidzwa kuparidza, Mwari vakaita minana nekutuma shoko nenzira inoshamisa, kuburikidza nevana vaduku. Nekuda kwekuti vaiva nemakore ari pasi pamutemo, hurumende hayaikwanisa kuvarambidza, saka vaitenderwa kutaura vakasununguka.

Vhangeri yainyanyowandira kune vepasi, uye mudzimba dzisinganyanyoonekera dzevashandi ndimo maiungana vanhu vachinzwa yambiro iyi. Vana vaiparidza ava

vazhinji vacho vaiva varombo vaigara mumatumba. Vamwe vavo vaiva vadiki zvemakore anosvika matanhatu kana masere ekuzvarwa, asi hupenyu hwavo hwaipupura kuti vanoda Muponesi, saka vaiidza kurarama mukuteerera zvinodiwa naMwari, uyewo vairatidza ruzivo nenjere zvinoringanawo nezera ravo. Asi vaiti kana vamire pamberi pevanhu pakutaura, zvairatidza kuti vaisundwa nerimwe simba rinopfuura kugona kwavo panyama. Katauriro kwavo nehunhu zvaishanduka, vachisvitsa shoko nesimba, vachipa yambiro yerutongo, kuburikidza nezvinyorwa zveshoko raMwari vachiti: “Ityai Mwari, mumupei mbiri, nokuti nguva yake yokutonga yasvika.” Vaitsiura zvivi zvevanhu, vachitsiura tsika dzehuori, kusazvibata, kusanganisira kuda zvenyika nekudzokera shure, uyewo vaiyambira vateereri vavo kuti vakasike kutiza hasha dzakanga dzichizouya.

Vanhu vainzwa nokuvhundutswa. Simba raMweya Mutsvene rekutendeutsa raibata moyo yavo. Vazhinji vaitungamirirwa kunonzvera magwaro nechidiso chitsva, uye vaya vekusazvidzora nevehutera vaitendeuka, vamwewo vakasiya nzira dzavo dzekusatendeka, zvekuti basa rakaitwa rakava nemucherechedzo kunyangwe kuvafundisi vekereke yehurumemnde vakabvuma kuti ruoko rwaMwari rwaiva pamusoro pesangano iri revaparidzi.

Kwaiva kuda kwaMwari kuti shoko rekudzoka kwaMuponesi riparidzwe munyika dzeScandinavia; uye apo mazwi evaranda vake pakanyaradzwa, apo Jesu akaswedera pedyo neJerusarema akagashirwa nemhomho yevanhu vachiimba nekurumbidza, nemazwi ekukurira vachisimudza mashizha emichindwe, vachidanidzira kuti akanga ari Mwanakomana waDavidi, godo revaFarise rakamutswa vakaraira kuti vanhu vanyaradzwe, asi Jesu akavapindura achiti uku kwaiva kuzadziswa kwechiporofita, saka kana ava vainganyarara, mabwe aizodanidzira. Vanhu nekuda kwekuvhundutsirwa nemashoko evaPrisita nevatongi, vakanyarara kudanidzira mashoko erufaro rwavo pakupinda kwavo masuwo eguta reJerusarema; asi vana vaiva mumabiravira eTemberi vakasimudzira mashoko ekudanidzira, vachisimudza maoko avo vachiti: “Hossana kumwanakomana waDavidi!” Mateo 21:8-16. Apo vaFarise vakarwadziwa namashoko aya, vakati kwaari, “unonzwa here kuti ava vanoti kudii?” Jesu akavapindura achiti: “Hongu, hamuna kurava here, kuti kubva mumiromo yevacheche, navanoyamwa, achawana kurumbidzwa?” Mwari sezvaakaita kuburikidza nevana vadiki pakuuya kwaJesu kwekutanga, ndizvo zvaakaitawo pakuvapa shoko rokudzoka kwake kechipiri. Shoko raMwari rinofanira kuzadziswa, kuti kuparidzwa kweshoko rekuuya kwaMuponesi kusvike kuvanhu vose, nendimi, namarudzi.

William Miller nevamwe vake vakapiwa kuti vaparidze yambiro iyi kuAmerica. Nyika iyi ndiyo yakava nhongonya yevhangeri iri guru. Ndimo makava nekuzadziswa kweshoko rengirozi yekutanga. Zvinyorwa zvaMiller nevamwe vake zvakatakurwa kuenda kune dzimwe nyika dziri kure. Kwese kwaienda maMishinari kunoparidza mupasi rose, vaitumwa neshoko rinofadza rekudzoka kwaKristu nekukasika. Kure nepedyo shoko

reIvhangeri isingaperi rakapararira: “Ityai Mwari, mumupei mbiri, nokuti nguva yake yokutonga yasvika.”

Huchapupu hwezviporofita hwairatidzwa sokuti kuuya kwaKristu kwaizoitika muchirimo chegore ra1844 hwakabata pfungwa dzavanhu zvakadzama. Apo shoko raifamba kubva kune imwe nyika kuenda kune imwe nyika, kumutswa kwemoyo kukuru nechido kwakaitika. Vazhinji vakagutsikana kuti humbowo hwairatidzwa nenguva dzezviporofita hwaiva hwechokwadi, nokudaro, havana kuzombotarisisa zvakanyanya nezvazvo, asi kugashira zvokwadi iyi nemufaro. Vafundisi vazhinji vakasiya miono yemasangano avo, vakasiya mabasa aivapa pundutso pamwe nemaSangano avo, vakabatana nevamwe mukuparidza kuuya kwaJesu.

Kwakanga kuinewo vafundisi vashoma panguva iyi vaizogona kuita basa rekuparidza shoko iri, nokudaro, basa guru rakapiwa kunhengo dzesangano dzaiva vaparidzi. Varimi vakasiya minda yavo, vagadziri vedzimota vakasiyawo zvipanera zvavo, vatengesi vezvinhu vakasiya misika yavo, vashandi vakadzidzira hunyanzvi hwemabasa vakasiya zvigaro zvavo; asi zvakadaro, huwandu hwevaparidzi hwakaramba huripasi kana zvichiyenzaniswa nebasa raida kuitwa nekupedzwa munguva pfupi. Chimiro chaiva nesangano uye nyika yakanga iri muchitema ndiwo waiva mutoro mukuru mumoyo yenhariririre dzezvokwadi, nokudaro vakazvipira kutambudzika, kushaiwa, kutakura mutoro, kuitira kuti vakokere vanhu kukutendeuka nekuruponeso. Kunyangwe zvazvo Satani aivarwisa, basa rakafambira mberi, uye zvokwadi yekudzoka kwaJesu yakagashirwa nezviuru zvavanhu.

Pese pese munyika zvapupu zvainzwikwa zvichiyambira vatadzi, vose vemunyika nevemuKereke, kuti vatize hasha dzakanga dzavakusvika. SaJohani Mubhabhatidzi, vaparidzi vakaisa demo pamudzi womuti, vakakurudzira vanhu vose kuti vabereke zvibereko zvakafanira kutendeuka. Yambiro dzevaparidzi ava dzakanga dzichimutsa moyo nesimba kupfuura zvakanga zvakajairika kunzwika pamharidzo dzemumakereke akajairika dzerugare nekugarika; saka pose paipiwa shoko iri, raisunda vanhu. Shoko rakananga raibva muhuchapupu hwemagwaro, richitungamirirwa nesimba raMweya Mutsvene, raisvika nesimba zvekuti vashoma vaigona kuripikisa. Vana mazvikokota munyaya dzezvitendero raivazunungusa pamidzi yavo vachibva pakusendama pane zvavaivimba nazvo. Vaibva vaona kudzokera kwavo shure, hunyika hwakanga huri mavari nekusatenda, vachionawo zvakare kuzvikudza nechindini zvaiva mavari. Vazhinji vavo vakatsvaga Jehovha nenyadzi dzokutendeuka. Zvidiso izvo vakanga vainazvo kuzvinhu zvenyika zvakashandurwa kukava kutarisa kudenga. Mweya waMwari wakagara pamusoro pavo, uye nemoyo yakapfaviswa nekunyoroveswa, vakabatana nevamwe mukudanidzira kwaiti: “Ityai Mwari, mumupei mbiri, nokuti nguva yake yokutonga yasvika.”

Vatadzi vaitendeuka nemisodzi vachibvunza kuti: “Ndingaita sei kuti ndiponeswe?” Avo vakambenge vachirarama hupenyu husina kutendeka vakanga zvino votsvaga kudzorera zvavakanga vambobira vamwe. Vose vaiwana rugare munaKristu vaidokwairira kuonawo vamwe vachiwana chikomborero ichi. Moyo yevabereki yakadzorerwa kuvana vavo, nemoyo yevana kuvabereki vavo. Mikaha yaiparadzanisa vanhu yekuzvikudza nerusarura yakabviswa. Kureurura kwakanzwika kuchibva pamoyo, uye nhenyo dzemhuri imwe dzakashanda kuti vadikanwi vavo nehama dzepedyo dziponeswe. Kazhinji kwainzwikwa minamato yekunamatira vamwe. Pesepese painzwika kugomera kwemweya ichikumbira kuna Mwari. Vazhinji vaipedza husiku mumunamato vachitsvaga vimbiso yekuti zvivi zvavo zvakanga zvaregererwa, kana kunamatira kutendeuka kwehama dzavo nevavakidzani.

Mapoka ese evanhu mukusiyana kwavo aimhanyira kumisangano yekuparidzwa kwevhangeri. Vapfumi nevarombo, vakakwirira nevepasi, vose ava, nezvikonzero zvakasiyana, vaiva nenyota kuti vazvinzwire shoko rekudzoka kwaJesu. Jehovha vakambomisa mweya wekupikisa apo varanda vavo vaitsanangura zvikonzero zvekutenda kwavo. Dzimwe nguva muparidzi wacho ainge ari munhu anoshoreka, asi Mweya waMwari waipa simba kuzvokwadi yake. Kuvepo kwengirozi muungano dzevanhu kwainzwikwa, nokudaro vaiponeswa vaiwedzerwa kuvatendi. Apo humbowo hwekudzoka kwaKristu hwaiiswa pachena nekudzokororwa, vanhu vazhinji kwazvo vaiwanikwa vachiteerera nehana dzichirova. Zvakaita sekuti Denga neNyika zvakanga zvakumbana. Simba raMwari raionekwa muvakuru, vaduku pamwe nevari pakati. Vanhu vaidzokera kudzimba dzavo nemiromo ichirumbidza zvakadaro zvekuti husiku hwaizadzwa nenziyo dzedenga. Hakuna akasvika pamisangano iyi akakanganwa zviitiko izvi zvaibata mweya.

Kuparidzwa kwezuva chairo rekuuya kwaJesu kwakamutsa hondo yekupikiswa nemamwe mapoka avanhu vaisanganisira vafundisi kusvika kuvatadzi vaisada kunzwa nyaya dzekudenga. Mashoko echiporofita akazadziswa anoti: “Kuti pamazuva okupedzisira vaseki vachauya vachiseka, vachifamba nokuchiva kwavo, Vachiti: Chipikirwa chokuvuya kwake chiripiko zvino? Nokuti kubva pakuparara kwamadzibaba, zvinhu zvose zvinongoramba zvakaita sapakutanga kubva pakusikwa.” 2 Petro 3:3, 4.

Vazhinji avo vaiti vanotenda munaKristu vakataura vachiti vakanga vasingapikisi nyaya yekudzoka kechipiri kwaShe, asi kuti vairamba nyaya yekudoma zuva chairo rekudzoka kwake. Asi ziso raMwari rekunzvera raiverenga moyo yavo. Chaivanetsa ndechekuti vaisada kunzwa nyaya yekudzoka kwaKristu kuzotonga nyika nokururama. Vakanga vari varanda vasina kutendeka, mabasa avo aisagona kumira pakuyedzwa kwemoyo naMwari, saka vaitya kusangana naTenzi wavo. Sezvakaita vaJudha pakuuya kwaKristu pekutanga, vakanga vasina kugadzirira kumugamuchira Jesu. Havana kungoramba bedzi kugashira shoko raiva pachena kubva mumagwaro, asi vakaseka nokutuka avo vakanga vakatarisira Ishe. Satani nengirozi dzake vakasimudzirwa,

vakasimudza mireza yavo pachiso chaKristu nengirozi dzake vachiti, vanhu venyu vamunoda vanerudo rudiki kwamuri zvekuti havana chido chekuonekwa kwenyu.

Shoko rinoti “Zuva kana nguva hazvingazikanwi nomunhu” ndiro raishandiswa kupikisa nevairamba kutenda shoko rekudzoka kwaShe. Shoko rakanyorwa rinoti: “Asi kana riri zuva iro nenguva iyo, hakuna unozviziva, kunyangwe vatumwa vokudenga, kunyangwe Mwanakomana, asi baba voga.” Mateo 24:36.

Tsanangudzo yakajeka inowirirana neshoko yaipiwa neavo vakanga vakatarisira kudzoka kwaShe, uye kusadudzira tsamba iri zvakanaka kwaiitwa nevapikisi kwaiiswawo pachena. Mashoko aya akataurwa naKristu pahurukuro yake nevadzidzi vari pagomo reMiorivhi mushure mekunge abuda muTemberi kekugumisira. Vadzidzi vakanga vaine mubvunzo wekuti: “tivudzei kuti izvozvo zvichagova riiniko? nechiratidzo chekuuya kwenyu nechekuguma kwenyika chichava chipiko?” “Saizvozvo nemivo kana movona izvozvo zvose, zivai kuti wavapedo pamukova.” Vhesi 3,33.

Kutaura kumwe kwaMuponesi wedu hakufaniri kushandiswa kuputsa chimwe chezvirevo zvake. Kunyangwe kusina munhu ungaziva zuva kana nguva yekuuya kwake, tinofanira kuziva kana kuuya uku kwavapedyo. Tinodzidziswazve kuti kusagamuchira yambiro yake, nekuramba kana kurega kuziva kana kuuya kwake kwavapedyo, zvose izvi injodzi kwatiri, sezvakaitika kuvanhu venguva yaNoah, kuti vakashaya hanya yekuziva kuti murove wakanga wava pedyo. Zvakare, mufanidzo unowanikwa muchitsauko chimwechetecho wemuranda akatendeka neasina kutendeka, uchidaidzira rushambwa kune uyo akati mumoyo make: “Ishe wangu unononoka kuuya,” unoratidza kuti Jesu akataura izvi achida kuratidza mutsauko uchawanikwa pakati peavo vachawanikwa vakagadzirira kuuya kwake, vachiparidza kuuya kwake, neavo vacharamba. Anoti: “naizvozvo rindai,” “Akaropafadzwa muranda uyo Ishe achamuwana achiita saizvozvo.” Vhesi 42, 46. “Naizvozvo kana usingapepuki, ndichauya sembavha, haungazivi nguva yandichakuwira nayo.” Zvakazarurwa 3:3.

Pauro anotaura nezveboka revanhu avo kuuya kwaShe kuchavawira vakarivara. “Kuvuya kwaShe kuchaita sembavha vusiku, Kana vachiti rugare, nokugarika, ipapo kuparadzwa kuchakurumidza kuchavawira … havangatongopukunyuki.” Anowedzera achiti: kune vakagamuchira yambiro yaTenzi “Asi imi hama dzangu hamuzi murima, kuti zuva iro rikubatei sembavha. Nokuti imi murivana vechiedza, navana vamasikati, hatizi vousiku, kana verima.” 1 Vatesaronika 5:2-5.

Apa tinooona kuti Bhaibheri haripi munhu kodzero yekuramba asina ruzivo rwunechekuita nekuvapedyo kwekuuya kwaKristu. Avo vanoda havo kuva nechikonzero chekusaziva nekuramba chokwadi, nekudzivira nzeve dzavo vachiti “hakuna munhu ungaziva zuva kana nguva,” vakafanana nezvaingoitwa nevarambi veshoko kare neavowo vaizviti vateveri vaKristu. Apo vanhu vaidenhwa neshoko, vachitanga kutsvaga nzira

yeruponeso, vadzidzisi vezvitendero vainomira pakati pavo nezvokwadi, vachitsvaga kudzivira nzeve dzavo nekunyaradza kutya kwavo kuburikidza nekududzira shoko raMwari zvisizvo. Vatariri vasina kutendeka vaibatira pamwe mubasa remunyengeri mukuru vachidanidzira, rugare, rugare, apo Mwari asina kutaura rugare. Sezvakaitwa neVaFarise mumazuva aKristu, vazhinji vakaramba voga kupinda muhumambo hwedenga, avo vaida kupinda vaivadzivisa. Ropa remweya iyoyo richatsvagwa pamavoko avo.

Vanozvininipisa nevakatendeka mumasangano kazhinji ndivo vaitanga kugamuchira shoko. Avo vaizvidzidzira Bhaibheri vega, Havana kukwanisa kuona chimiro chisingakoshesi Bhaibheri chaiva mumiono yezvakajairika zvaidudzirwa nazvo zviporofita; saka pose apo vanhu vaigona kuverenga voga vasingatungamirirwi nevafundisi vemasangano, apo vaizvitsvagira zvokwadi voga, shoko rekudzoka kwaJesu raigona kungobuda kana paenzaniswa Bhaibheri neBhaibheri kuti simba redenga rionekwe.

Vazhinji vaitambudzwa nehama dzavo dzisingatendi. Vamwe vakasarudza kunyarara nyaya yetariro iyi vachitsvaga kuchengetedza zvigaro zvavo mumasangano; asi vamwe vakanzwisisa kuti kuteerera Mwari kwaivarambidza kuviga zvokwadi yaakanga avapa hutariri pamusoro payo. Havazi vashoma vanhu vakabviswa mumaSangano nokuda kwekutenda kwavo mushoko rekudzoka kwaJesu. Ishe anotaura mashoko akanaka kuneavo vakayedzwa pakutenda kwavo mumashoko emuporofita: “Hama dzenyu dzinokuvengai, dzakakudzingai nokuda kwezita rangu, dzakati, Jehovha ngaaratidze humambo hwake, kuti tione mufaro wenyu, asi ndidzo dzichanyadziswa.” Isaya 66:5.

Ngirozi dzaMwari dzakanga dzakatarisa nehanya huru michero yeyambiro iyi. Apo pakava nekurambwa kweshoko iri nemasangano, ngirozi dzakadududza nekusuwa kukuru. Asivo kune vazhinji vasina kumboyedzwa pazvokwadi iyi. Vazhinji vakarasiswa nevarume vavo, nemadzimai avo, kana vana vavo, vakaudzwa kuti chaiva chivi kutongoteerera hako shoko raidzidziswa nemaAdventists aya. Ngirozi dzakapiwa basa rekuchengetedza mukutendeka mweya yevanhu ava, nokuti chimwe chiedza chaiuya kuzovapenyera chichibva pachigaro chaMwari.

Nechidiso chisingakahadziki, avo vakanga vagamuchira zvokwadi vakarindira kuuya kwaMuponesi. Nguva yavaitarisira kusangana naye yakanga yasvika. Vakatarisana nenguva iyi vaine kudzikama kukuru. Vakazorora mukuyanana naMwari, nerunyararo urwo rwaizova rwavo nekusingaperi. Hakuna pakati peavo vakasangana nenguva iyi yetariro angakanganwa maawa aya ekumirira. Kwemavhiki mazhinji, zuva iri risati rasvika, mabasa enyika ndicho chinhu chakambosiiwa parutivi. Vatendi vakanga vachibatikana mukuzvinzvera nekuongorora zvimiro zvemoyo yavo, nendangariro kunyangwe kunevaiva pamibhedha yerufu vaishuvira kupfiga meso avo kubva panyika nezvayo zvose. Pakanga pasina nguva yokugadzira kana nguwo dzokukwira nadzo

kudenga, asi vose vaitsvaga kunatsa munhu womukati kuti agadzirire kusangana naShe, nokuti nguwo chena dzavo kwaiva kuchena kwemweya yavo, nezvimiro zvakagezwa neropa raKristu kubva muzvivi. Oh, dai zvaigona kuti mweya uyu uve pakati pevanhu vaMwari, mweya umwechete wekuzvinzvera pamoyo, mweya wekutenda kwakazara. Dai vanhu vaMwari vaigona kusvika pakuzvininipisa pamberi paMwari nekushingaira pamberi pechigaro chetsitsi vachiisa mikumbiro yavo vaigona kuwana kutenda kwakayedzwa kupfuura kwavanako nhasi. Parizvino pane kunamata kushoma, kuzvinzvera kushoma, nekushaikwa kwekutenda kupenyu izvo zvasiya vazhinji vari varombo panyasha idzo dzakapiwa mukupfuma kwadzo naMuponesi.

Mwari vakagadzirira kuyera vanhu vavo. Ruoko rwaMwari ndirwo rwakavhara mhosho yanga iripo pakududzira chiporofita chenguva. MaAdventists havana kugona kuona mhosho iyi, uye hainavo kugona kuonekwa nyangwe nevakadzidza zvikuru avo vaivapikisa. Vaipikisa ava vaiti: “Kunzwisisa kwenyu nguva dzechiporofita ndekwazvokwadi, chiriko chinhu chikuru choda kuitika; asi hachizi icho hama yedu ari kunongedzera; asi ndechekutendeuka kwenyika, kwete kuuya kwechipiri kwaKristu.” (Ona Kumapeto Ebhuku).

Nguva yaitarisirwa yakapfuura, asi Kristu haana kuuya kuzodzikinura vanhu Vake. Avo vakanga vakamirira muponesi wavo nekutenda kwazvokwadi, vakapinda mukukuhunika kukuru kunorwadza. Asi zvakadaro, zvinangwa zvaMwari zvakanga zviri kuzadziswa; nokuti akanga ari kuyedza moyo yeavo vaiti vakanga vakamumirira. Nokuti pakati pavo paiva neavo vakanga vatenda nokuda kwekutya. Kutenda kwavaiita mufananidzo wako kwakanga kusina kushandura moyo yavo nehupenyu hwavo. Apo chaitarisirwa kuti chiitike pachakakundikana kusvika, vanhu ava vakadaidzira kuti havana kukuhunika nazvo; nokuti havana kumbenge vatenda kuti Kristu aiuya. Ndivo vakava vekutanga kuseka kusuruwara kwakanga kwakaita vatendi vechokwadi.

Asi Jesu, nehondo dzose dzekudenga vakanga vakatarisa netsitsi nerudo pamusoro pevakatendeka ava panguva yekuyedzwa kwavo. Dai chidzitiro chinoparadzanisa nyika inoonekwa nedenga chakabviswa, ngirozi dzingadai dzakaonekwa dzichiswedera pedyo pedyo nemweya iyi yakanga yakazvipira, kuti dzivadzivirire kubva kuzevezeve raSatani.

Chitsauko 21 Yambiro inorambwa

Mukuparidza vhangeri yekudzoka kwaJesu, Miller nehama dzake vakanga varikutsvaga chinangwa chimwechete chekumutsa vanhu kuti vagadzirire rutongo rwaisvika. Vaitsvaka kumutsa vatendi kuti vagamuchire tariro yechokwadi yeSangano, uye kuti vaone chido chayo chekuva nekutenda kwakadzika munaKristu, uyezve vaiedza kumutsa moyo yevasingatendi kuti vaone kuti ibasa ravo kutsvaga ruponeso nekutendeukira kunaMwari. “Chakanga chisiri chinangwa chavo kutendeutsira vanhu kukachikwata kakapanduka, kana kune rimwe boka rechitendero. Nokudaro vakashanda pakati pevanhu vose, nezvikwata zvose, asi vasingapindiri muhurongwa hwemasangano.”

Miller anoti: “Mukushanda kwangu kose, handina kumboita pfungwa yekutanga boka rangu rekunamata kunze kweMasangano aivapo, kana kuti rimwe Sangano riwane nhengo kubva kune rimwe. Ndaifunga kuti Masangano ese achabatsirika. Dai maKristu ese aifarira kuuya kwaJesu, uye dai avo vaisafarira nyaya iyi vaine muono wakasiyana newangu, vaisaona kuipa pane vaigamuchira, handina kumbofunga kuti pangazoita kuparadzana kwemapoka evanhu. Chinangwa changu chikuru chaiva chekutendeutsira vanhu kunaMwari, nekuzivisa nyika pamusoro perutongo rwaiuya, nekubatsira vanhu kuti vagadzirire moyo yavo kuti vazogona kusangana naMwari murugare. Vazhinji vevanhu vakatenduka pabasa rangu vakaenda kunova nhengo mumaSangano akanga aripo nguva yacho.” —Bliss, peji 328.

Sezvo basa rake pakutanga raibatsira kuwedzera nhengo mumasangono, rakatanga richionekwa senyasha. Asi apo vafundisi nevatungamiri veZvitendero vakatanga kuzorwisa nyaya yevhangeri rekudzoka kwaJesu, nekuyedza kutsikirira vanhu kuti vasariteerera, havana kuzorirwisa pakuparidza bedzi, asiwo vakatanga kurambidza nhengo dzavo nekudzishaisa mukana wekuenda pamisangano yekuparidzwa kwevhangeri iri, kana kutaura nezvazvo chero vari kudzimba dzavo kana mumaruwadzano eKereke. Izvi zvakaita kuti vatendi vapinde pakamanikana. Vatendi vaida maSangano avo uye vaisada kusiyana nawo; asi pavakatanga kuona kuti Shoko raMwari rakanga rava kutsikirirwa pasi, uye kodzero dzavo dzekunzvera matsamba nezviporofita dzavakumbunyikidzwa, zvakavasvitsa pakusarudza kuteerera Mwari. Avo vaitsvaga kudzivirira nekuramba zvipupuriro vakabva vatanga kuvaona sevasiri nhengo dzeKereke yaKristu iyo “mbiru nehwaro hwechokwadi.” Izvi zvakavapa simba rekubvuma kuti zvaivanani kuparadzana nemaSangano avo. Izvi zvakaita kuti, muzhezha ra1844, vanhu vanosvika zviuru makumi mashanu vaparadzane nemaSangano avo.

Munguva iyi, pane shanduko yaifanira kutoitika mumaSangano muAmerica yose. Pakange pave nekakufanana nenyika kakaramba kachikura nekufamba kwemakore mukati memaSangano, apo tsika dzenyika nekaitiro kenyika zvakanga zvave kuonekwa mukudzikira kwaiita chiKristu muupenyu hwevanhu; asi mugore iri, pakaonekwa

kudzikira kukuru potse mumasangano ose munyika. Kunyangwe pakashaikwa akataura nezvazvo, asi chinhu chaitoonekwa chichitaurwa kunyangwe nevemapepanhau nevaparidzi.

Pane umwe musangano wevatungamiri vekereke muPhiladelphia, Murume ainzi Barnes, aivawo munyori uye mufundisi mune imwe kereke huru muguta “akataura kuti akanga ave nemakore makumi maviri mubasa rechifundisi, asi haana kumbenge aita rusando rwechirairo, kusvikira parusando rwaakanga abva kuita, asina kumboona kudzikira kana kupera kwevanhu muKereke, asi zvino, pakanga pasisina kutirimuka, kana kutendeuka, kunyangwe kukura munyasha kuvatendi, uye hakuna aiuya kuzodzidza pamusoro pekuponeswa. Nekuwanda kwaiita mabhizimisi, nekujeka kwaiita mikana munezvekugadzirwa nekutengeswa kwezvinhu, panewo kukura kwekupinda munezvenyika. Izvi zvirikuitika mumaSangano ose. — Congregational Journal, May 23, 1844.

Mumwedzi waKukadzi gore iroro, Muzvinafundo Finney weKorichi yeOberlin akati: “Chokwadi tinacho pameso edu, kuti masangano ose akazvarwa panguva yekuratidzira (Protestenti), emunyika yedu, aizivikanwa nekushoropodza, kana kuramba zvingade kuitwa mumakore ose apfuura. Asi hapachina tariro, zvangova pakati nepakati. Tinewozve chimwe chokwadi: kushaikwa kwerumutsiriro mumakereke ose. Nzara yepamweya iri kuonekwa, uye yakadzika; saka zvitendero zvose munyika zviri kupupura … nenzira yakakura chose, nhengo dzesangano munyika dzavakufarira zvekuchena nembatya, — dzichibatana nevasingatyi Mwari mumitambo yavo yekuzvifadza, mukutamba, nemumabiko, nezvimwe zvakadaro. Asi tinofanira kutambanudza chidzidzo chinorwadza ichi. Zvatinazvo ndezvekuti, humbowo huripo uye huri pamapfudzi edu, kuti tibvume kuti pane kudzikira kwakakura zvinosuwisa mumasangano. Vanhu vaenda kure-kure naMwari, uye Mwari azvibvisa pakati pavo.”

Umwe munyori wechinyorwa chainzi Religious Telescope akapupura kuti: “Hatisati tamboona kudzikira kwekutenda kwakadai sezvaitika zvino. Chokwadi, Sangano rinofanira kumuka, ritsvage chikonzero chaita zvidai; nokuti vose vanoda Zion vanofanira kuungudza vachiona izvi. Nokuti patinoona kupera kwaita kutendeuka kwazvokwadi, uye kusindimara kwaita vatadzi, hatingagoni kusachema tichiti, ‘Mwari wakanganwa here kuva nenyasha, musiwo wemutsa wavharwa here?”

Chimiro chakadai hachigoni kuitika muSangano pasina chikonzero. Rima repamweya rinowira pamusoro penyika, pamusoro pekereke navanhu, asi risingakonzerwi nokuti Mwari vabvisa nyasha netsitsi pakati pavanhu, asi nokuda kokuti vanhu varamba chiedza chitsvene. Muenzaniso mukuru wakajeka ndewezvakaitika kwaJudha mumazuva ekuuya kwaKristu. Nekuda kwavo kubatana nenyika uye nekukanganwa shoko raMwari, ndangariro dzavo dzakabatwa nerima, moyo yavo yaida nyika ikasvibiswa. Izvi zvakaita

kuti vasaziva kuuya kwaMesiya, saka mukuzvikudza nekusatenda vakaramba Mudzikinuri wavo. Mwari haana kumbobvisa rudzi rwaJudha kana kuvadzima kuti vasagoverwa nyasha dzekuponeswa. Asi ivo vakaramba zvokwadi vakarasikirwawo nechidiso chekuwana chipo cheDenga. Nokuti vakaisa "rima panzvimbo yechiedza, nechiedza panzvimbo yerima," kusvikira chiedza chaiva mavari chashanduka rima; uye tarira, kukura kwedima iro!

Zvinonakira Satani kana vanhu vakava nemufananidzo wekutenda asi mweya yavo ichishaiwa simba rehumwari. Mushure mekuramba kwavo vhangeri, vaJudha vakaenderera mberi vachishingaira kuchengeta zviga zvekare zvekunamata, vakashanda nesimba kuchengetedza chimiro chekusiyana kwavo nemamwe marudzi, asi ivo pachavo vachiramba kubvuma kuti huvepo hwaMwari hwakanga husisipo pakati pavo. Chiporofita chaDanieri chainongedzera zvakajeka nguva yekuuya kwaMesiya, uye chaitaura zvakajeka pamusoro perufu rwake, zvakabva zvaita kuti vasakurudzira kudzidzwa kwacho, pakupedzisira, vadzidzisi vavo vakaisa chituko pamusoro peavo vaiedza kuverenga nguva. Mumazera nemazera mukufamba kwenguva, rudzi rwaIsraeri rwakapofumadzwa, ndokumira mukusaziva nyasha dzavakapiwa dzeruponeso, vasina hanyawo nechikomborero cheVhangeri, iro raivapa yambiro yekuramba chiedza chinobva kudenga.

Pese panowanikwa zvinokonzera, matuso mamwechetewo anowanika. Uyo unotsinzinira maune achiziva zvaanofanira kuita nokuti zvinokanganisa zvaanoda, pakupedzisira acharasikirwa nesimba rekugona kutsaura pakati pechokwadi nenhema. Kunzwisisa kunosvibiswa, ndangariro dzinorasika, moyo unowomeswa, uye mweya unoparadzana naMwari. Pese apo shoko raMwari rezvokwadi rinorambwa, sangano rinokomberedzwa nerima; kutenda nerudo zvinotonhora, pakupedzisira kupanduka kunopinda. Nhengo dzeSangano dzinomisa zvidiso zvavo nesimba ravo mukutsvaga zvenyika, nokudaro vatadzi vanoomeswa moyo muzvivi zvavo.

Shoko rengirozi yekutanga muna Zvakazarurwa 14, rinodaidzira kusvika kwenguva yaMwari yekutonga, richidanidzira vanhu kuti vatye nekunamata Mwari, rakagadzirirwa kuti ripatsanure vanhu vaMwari kubva munezvinowodza vanhu munyika, uye kuvamutsa kuti vaone chimiro chenyika chekudzokera shure. Mushoko iri, Mwari vakatuma yambiro kuSangano, iyo, dai yakagashirwa, yaigona kugadzirisa zvakaipa zvaivavharidzira kuona Mwari. Dai vakagashira shoko rakabva kudenga, vachizvininipisa pamberi paMwari, nekutsvagisisa kugadzirirwa kumira pamberi pake, Mweya waMwari nesimba zvingadai zvakaratidzwa pakati pavo. Sangano ringadai rakasvika pachimiro chekubatana, kutenda, nerudo icho chaivapo mukereke yeVaapostora, apo vatendi, "vaiva nomoyo mumwe, nemweya mumwe, uye vachiparidza shoko raMwari nesimba, ndokubva Jehovha vawedzera pakati pavo avo vaiponeswa." Mabasa 4:32, 31; 2:47

Dai vanhu vaMwari vachigashira chiedza apo chinouya pamusoro pavo kubva muShoko rake, vaigona kusvika pakubatana uko Kristu akanyengeterera, uko

kunotsanangurwa nemuApostora achiti: “vumwe hwomweya muchisungo chorugare.” Nokuti “Kune kutenda kumwe, nomweya mumwe, sezvamakadanwa kutariro imwe youkudanwa kwenyu; Ishe mumwe, kutenda kumwe, noubhabhatidzo rumwe.” Vaefeso 4:3-5.

Ichi ndicho chikomborero chakawanikwa neavo vakagamuchira shoko rokudzoka kwaJesu. Vaibva kumaSangano akasiyana, asi kusiyana kwemaSangano avo kwakakandirwa pasi; dzidziso dzaipikisana dzikaraswa; tariro yainzi yenguva pfupi mumakore chiuru yaizopera yakaraswawo, miono yemanyepo pamusoro pekudzoka kwaJesu yakagadziriswa, kuzvikudza nekuda nyika kukabviswa kure, zvakakombama zvikatasanurwa; moyo ikabatana mukuwadzana kunotapira, uye rudo nemufaro zvikatonga. Kana vhangeri iri rakagona kubatsira vashoma vakarigamuchira, ringadai rakanakirawo vazhinji dai vakarigashira.

Asi masangano haana hawo kugashira yambiro iyi. Vaparidzi vavo, avo vainge nharirire, “kuimba yaIsraeri,” vangadai varivo vekutanga kunzvera zvimiso zvekudzoka kwaJesu, asi vakatadza kudzidza zvokwadi iyi kubva muhuchapupu hwezviporofita, pamwechete nemuzviratidzo zvenguva. Apo tariro dzepanyika nezvidiso zvenyika zvakazadza moyo yavo, rudo rwaMwari nekutenda mushoko rake zvakatonhora; vhangeri yekudzoka kwake payakaparidzwa, yakangomutsa mavari kusatenda nekunyunyuta. Pfungwa yekuti, vhangeri iyi yainyanya kuparidzwa nenhengo dzesangano, yakashandiswa sechombo chekuiramba. Sepamazuva akare, shoko raMwari riri pachena rakaiswa pasi pebvunzurudzo dzaiti:

“Kune here umwe wevatongi vaFarise atenda shoko iri?” Apo vaizoona kuti zvakanga zvakaoma kuramba pfungwa dzaibuda muzviporofita izvi, vazhinji vakatanga kusakurudzira kudzidzwa kwazvo, vachidzidzisa kuti matsamba echiporofita aya akanga akavharwa nezvisimbiso saka haaigona kunzwisisika. Vazhinjizhinji avo vaivimba nekudzidzisa kwevafundisi vavo, vakaramba kuteerera yambiro iyi, uye vamwe, kunyangwe vakagutsikana kuti chaiva chokwadi, vakaramba kuchigamuchira, nokuti vaitya “kuzoburitswa mumaSinagoge.” Shoko rakatumwa naMwari rakashanda kuyedza nekunatsa Sangano rikabva raburitsa pachena kuwanda kwevanhu vakanga vakanangisa zvidiso zvavo munyika kwete panaKristu. Zvisungo zvaivabatanidza nenyika zvakanga zvakasimba kudarika zvaivakwezvera kudenga. Vakasarudza kuteerera kuinzwi renjere dzenyika moyo yavo ikafuratira zvokwadi.

Pakuramba yambiro yengirozi yekutanga, vakaramba mukana wekuyanana naMwari uyo Denga ranga ragadzira. Vakaramba kuteerera mutumwa uyo akanga auya kuzogadzirisa nyaya yezvakaipa izvo zvaivaparadzanisa naMwari, vachibva vaita chidikwa-dikwa chekuyanana nenyika. Ichi ndicho chikonzero chakaita vanhu vapinde

muchimiro chinotyisa chekuyanana nenyika, kudzokera shure, nekufa pamweya sezvakaonekwa muna 1844.

Muna Zvakazarurwa 14, Ngirozi yekutanga inoteverwa nekudanidzira kwechipiri kunoti: “Rawa, rawa, Bhabhironi, iro guta guru, nokuti rakanwisa marudzi ose waini youpombwe hwaro.” Zvakazarurwa 14:8. Vara rokuti “Bhabhironi” rinobva pane rinoti “Bhabheri,” uye rinoreva ‘nyongano.’ Rinoshandiswa muBhaibheri richireva zvimiro zvizhinji nemapoka enhema ekunamata. Muna Zvakazarurwa 17, Bhabhironi rinomiririrwa nemukadzi— unova mufananidzo unoshandiswa muBhaibheri kana zvichirehwa Sangano, — mukadzi akangwara achimirira Sangano rakachena, mukadzi chifeve achimirira Sangano rakarasika.

MuBhaibheri, hukama hunoyera nechimiro chekutsungirira chehukama hwaKristu neSangano Rake hunomiririrwa nekubatanidzwa mumuchato wewanano. Mwari akazvibatanidza nevanhu vake nesungano inoyera, akavimbisa kuva Mwari wavo, ivo vakazvipira kuva vake, uye vake oga. Mwari anoti: “Ndichakunyenga kuti uve wangu nokusingaperi; zvirokwazvo ndichakunyenga kuti uve wangu nokururama, nokururamisira, nenyasha.” Hosia 2:19. Zvakare anoti: “Nokuti ndiri murume wenyu.” Jeremiya 3:14. Na Pauro vo unoshandisa mufananidzo umwechetewo muTestamende Itsva paanotaura kuti: “Nokuti ndakakuwanisai nomurume mumwe, kuti ndikuisei kuna Kristu semhandara yakachena.” 2 VaKorinte 11:2.

Kusatendeka kweSangano raKristu pakubvuma kuti vimbo yaro ibve kwaari, nekutendera rudo rwenyika kuzadza moyo, kunofananidzwa nokusvibiswa kwemhiko yemuchato. Chivi chaIsraeri payakabva pana Mwari chinotsanangurwa nemufananidzo iwoyu; uye rudo rwunoshamisa rwaMwari rwavakazvidza runotaurwa ruchinzi “Ndakakupikira, ndikaita sungano newe, iwe ukava wangu, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.” “Ukapfuurira mberi kusvikira kuhushe. Mbiri yako yokunaka kwako yakapararira pakati pamarudzi, nokuti yakanga yakakwana kwazvo nokuda kwohumambo hwangu hwandakanga ndaisa pamusoro pako … Asi iwe wakavimba nokunaka kwako, ukapata nokuda kwembiri yako.” Aiwa, Mukadzi akawanikwa anofeva! Anogamuchira vatorwa panzvimbo yomurume wake! “Zvirokwazvo, mukadzi sezvaanosiya murume wake achinyengera, saizvozvo imwi makandinyengera.” Ezekieri 16:8, 13-15, 32; Jeremiya 3:20.

MuTestamende Itsva, rurimi rumwe rwunoshandiswa kutaura kuvatendi veChiKristu avo vanotsvaka hushamwari nenyika panzvimbo yaMwari. MuApostori Jakobo anoti: “Imwi voupombwe, hamuzivi here kuti hushamwari neNyika hunovengana naMwari? Aninani unoda nyika unovengana naMwari.”

Mukadzi: Bhabhironi, wemunaZvakazarurwa 17 anotsanangurwa kuti: “Wakanga akapfeka nguwo tsvuku neshava, akashonga ndarama namabwe anokosha, namaparera,

nomuruvoko rwake makanga munomudziyo wendarama uzere nezvinonyangadza netsvina yovupombwe bwake: pahuma yake pakanga pakanyorwa zita rakavanzika iri: BHABHIRONI, GUTA GURU, MAI VEMHOMBWE.” Muporofita anoti: “Ipapo ndakavona mukadzi akabatwa neropa revatsvene, vuye ropa rezvapupu zvaJesu.” Bhabhironi rinotsanagurwazve zvichinzi: “iro guta guru, rinobata vushe bwamadzimambo enyika.” Zvakazarurwa 17:4-6, 18.

Kwemazana emakore, sangano reRoma isimba rakabata hushe pakati pemadzimambo enyika. Ruvara rutsvuku norushava, ndarama namabwe anokosha, zvinonyatsoburitsa hutongi hunozvikudza nepfuma yehutungamiri hweRoma. Hakunazve humwe hutongi hune simba panyika hunganzi “hwakabatwa neropa ravatsvene” hungaita seSangano iri rakatambudza vateveri vaKristu. Bhabhironi rinopiwa zvakare mhosva yechivi chokubatana “namadzimambo enyika.” Nokudza kwokubva pana Mwari, nokuita zvisungo nevahedheni, Sangano revaJudha rakava chifeve, nokudaro Roma, yakazvisvibisa nenzira imwecheteyo payakatsvaga rutsigiro rwemadzimambo enyika ane simba, ndokubva yatongwa.

Bhabhironi rinonzi “Mai vemhombwe,” saka vakunda varo vanofanira kuva masangano anobatirira padzidziso netsika dzaro, achitevera muyenzaniso waro wekuchekeresa zvokwadi vachitsvaga kuyanana nenyika. Shoko raZvakazarurwa 14 rinodanidzira kuwa kweBhabhironi rinorevavo nechimiro chemaSangano ezvekunamata akambenge akachena asi zvino awora. Sezvo shoko iri richitevera shure kweyambiro yerutongo, rinofanira kupiwa mumazuva ekupedzisira, saka haringarevi sangano reRoma bedzi, nokuti Sangano iri ragara muchimiro chekuwa kwemazana emakore. Pamusoro pezvo, muchitsauko chegumi nesere chaZvakazarurwa, vanhu vaMwari vanoshevedzerwa kuti vabude muBhabhironi.

MuBhaibheri, zvinoratidza kuti vazhinji vevanhu vaMwari vanofanira kunge vachiri muBhabhironi. Saka mubvunzo ndewekuti, ndeapi Masangano ezvekunamata ayo ane vanhu vazhinji vanonamata Kristu? Ichokwadi kuti vanhu ava vanowanikwa mumasangano echiProtestenti. Pakutanga kwawo, masangano aya aimira muzvokwadi yaMwari, saka chikomborero chake chaiva pamusoro pavo. Kunyangwe nenyika yakatenda nekuziva kuti paiva nechikomborero pakutevedza zvimiso zveshoko raMwari. Mumashoko emuporofita, Israeri: “Mbiri yako yokunaka kwako yakapararira pakati pamarudzi, nokuti yakanga yakakwana kwazvo nokuda kohumambo hwangu hwandakanga ndaisa pamusoro pako, ndizvo zvinotaura Ishe Jehovha.” Asi vakawa nechikonzero chakawisa nekuparadza Israeri,—chidiso chekufanana nenyika nekushamwaridzana nevasingatendi. “Asi iwe wakavimba nokunaka kwako, ukapata nokuda kwembiri yako.” Ezekieri 16:14, 15.

Makereke mazhinji echiProtestant arikutevera muyenzaniso weRoma wekubatana nemadzimambo enyika muzvakaipa zvavo— masangano ehurumende, nokuda kwehukama hwawo nehurumende dzenyika; uye mamwewo masangano, nokuda kwekutsvaga rugare nenyika. Saka vara rekuti Bhabhironi—nyongano, rinofanira kana rikapiwa masangano aya ose, anozviti anotora dzidziso dzavo muBhaibheri, asi vanoparadzana kuita zvipoka zvipoka zvisingaverengeki, vaine zvidzidzo zvinopikisana. Pamusoro pechivi chekuwadzana nenyika, masangano akabuda muRoma anoratidzazve imwe minongedzo inofanana neRoma. Chimwe chinyorwa cheSangano reRoman Catholic chinoti: “Kana Sangano reRome riine mhosva yekunamata zvifananidzo zvine chekuita nevaSande, mwanasikana waro, Sangano reEngland, rinemhosva imwecheteyo, nokuti rine maKereke gumi akazodzwa kuna Maria, kozoita Kereke imwechete yakazodzwa kunaKristu.”—Richard Challoner, The Catholic Christian Instructed, Nhanganyaya, peji 21, 22.

Chiremba wezvefundo Dr. Hopkins, muchinyorwa “A Treatise on the Millennium,” anoti: “Hapana chikonzero chingaita kuti mweya wechiAntiKristu nemabasa acho ungonzi unowanikwa musangano nhasi ravakunzi reRoma. MaSangano echiProtestant navowo ave nemweya waAnti-Kristu mavari, uye vari kure nehutsvene kana kuchitariswa huipi nehuwori.”— Samuel Hopkins, Works, vol. 2, p. 328.

Vachitaura nezvekubuda kwakaita sangano rePresbyterian kubva munereRoma, munyori Dr. Guthrie anonyora kuti: “Makore mazana matatu apfuura, sangano redu raifamba riine Bhaibheri rakazaruka pamureza waro, paine runyoro rwaiti “Tsvakai mumatsamba” ndokubva rafora richibuda mumasuwo eRoma.” Anobva abvunza mubvunzo unokosha unoti: “vakanyatsobuda here zvemazvirokwazvo muBhabhironi.”—Thomas Guthrie, The Gospel in Ezekieri, peji 237.

“Sangano remuEngland,” mukutaura kwa Spurgeon, “rinoratidza kuti rakanyura mukudzidzisa zvitsvene, asi kusasiyana nenyika kunenge kunonetsa. Avo vatafunga kuti varinani vavekubuda mugwara rehwaro hwekutenda mumwe nemumwe. Sangano rose reEngland razara nekusarurama uko kunopinda muKereke kunonamata kuchizvidaidza kuti muKristu.”

Kurashika kwakatangira papi? Sangano rakabva sei pakuzvininipisa kweVhangeri? Izvi zvakauya nekuda kwekuyanana netsika dzechihedheni, zvichiitirwa kuti vahedheni vagone kugamuchira chiKristu. Nanhasi MuApostori Pauro anotaura kuti: “Chakavanzika chokurasika chotobata basa.” 2 VaTesaronika 2:7. Munguva yevaApostori, Sangano rakaramba riine hutsvene. Asi, “mumakore ekupedzisira eSenjuri yechipiri, maSangano mazhinji akatanga kushanduka chimiro chawo, zvichitanga nekupera kwekuzvininipisa, tevere kushaya hanya, zvekuti vadzidzi pavaizorora murufu, vana vavo, pamwechete nevatendi vatsva, … kwakazouya chinamato chakavandudzwa.” —Robert Robinson,

Ecclesiastical Researches, ch. 6, par. 17, p. 51. Senzira yekutsvaka nhengo itsva, zvimiso zvinokosha zvechiKristu zvakarerutswa, nokudaro “dzidziso dzechihedheni dzakapinda musangano segukurahundi redzidziso, mitambo netsika uye zvifananidzowo.” —Gavazzi, Lectures, peji 278. Apo chitendero chechiKristu chakatanga kuwana rutsigiro rwemadzimambo enyika, chakatanga kugashirwa nezinengetenge nevatendi vatsva; avo vaiita kunge maKristu mukuonekwa kwavo, asi pakuita vakaramba vari vahedheni, vainamata zvifananidza muchihwande.”—Ibid., peji 278.

Tsika idzi hadzina here kuramba dzichidzokororwa mukereke dzechi Protastant dzinenge dzose? Apo vakatanga masangano awa, avo vakanga vaine mweya wezvokwadi vakanga vari kupfuura nenguva, vakauya kumashure kwavo vakasimuka vakatanga kudzidzisa “nzira itsva yekunamata.” Apo vairamba vakabatirira mudzidziso dzemadzibaba avo, vachiramba zvokwadi yose yaiuya kwavari ingade kushandura zvavaiziva, vana ava vakatanga kubva pamuenzaniso wekuzvininipisa kwevakavatangira, kuzviramba nekusiya zvenyika. Nokudaro, “kana kuzvininipisa kwepakutanga kukatama, mututu wemvura ine mhepo yedzidziso dzenyika unokukurira tsika dzawo nezvifananidzo musangano.”

Zvinotyisa kuona kukura kwesimba rehukama nenyika apo zvinoparadza sangano zvinova ndizvo “zvinovengana naMwari” ndizvo zvinodiwa nevatendi. Zvinorwadza kuti maSangano mazhinji echiKristu ane mukurumbira akabva pashoko raMwari nezvimiso zvaro zvinoti, kuzvininipisa, kuzviramba, nehumwari. John Wesley achitaura pamusoro pekushandisa mari zvakanaka anoti: “Usatambisa chero chidimbu zvacho chetarenda iri rinokosha, uchiita zvinofadza meso, kutenga zvipfeko zvinodhura, kana kutsvaga zvishongo zvisina maturo. Usaitambisa mari mukushongedza dzimba; kutenga midziyo inodhura, nemifananidzo inogadzirwa. Rega kuita izvo zvinofadza kuchiva kwenyama, kuti uzviwanire kukudzwa navanhu. Kana ukaita zvakanaka muupenyu hwako, vanhu vanozviona nekutaura nezvazvo, kana ukapfeka maparera anokosha mazuva ose, vanhu vachataura nezvako nerudo rwako. Asi dai ukagutsikana nerukudzo runobva kunaMwari.”—Wesley, Works, Sermon 50, “The Use of Money.” Asi nhasi mumasangano edu mazhinji dzidziso yakadai hadzigamuchiriki.

‘Mufananidzo bedzi’ wekunamata ndiwo wakurumbira munyika nhasi. Vatongi, vana chiremba, vezvematongerwo enyika, nevemabhizimusi nhasi uno vave kupinda mukereke vachitsvaga kugamuchirika nerukudzo rwevanhu, asi vachitungamidza zvidiso zvenyika mukuita kwavo. Nokudaro vanotsvaga kuvanza kusarurama kwavo munguwo yechiKristu. Masangano akasiyana-siyana echitendero, anowana rutsigiro rwepfuma yevanhu venyika ava, vachizvitsvagira mukurumbira. Zvivakwa zvemaSangano zvinopfuura nekunaka zvinovakwa munzira dzemumaguta dzakakurumbira. Vanamati vanozvishongedza nguwo dzamaparera dzinodhura. Muparidzi weshoko anopihwa muhoro wakakura kuti afadze, kukwezva nekunakidza vanamati ava. Mharidzo dzake dzinofanira kugamuchirika

munzeve dzavo asi hadzifaniri kutaura pamusoro pezvivi zvavo. Nokudaro, vatadzi vanonyorwa mumabhuku esangano, vachiita havo zvivi zvavakajaira asi zvichivanzwa pasi penguwo yehumwari.

Rimwe pepanhau rine mukurumbira, apo richinyora pamusoro pekaitiro kevatendi vechiKristu ava rinoti: “Kereke yashanduka nhasi, yagamuchira nekufanana nemweya wenyika yanhasi mukunamata kwayo.” “Zvose izvo zvinoita kuti chinamato chikwezve vanhu, ndizvo zvayava kushandisa sezvombo zvayo.” Umwe munyori wepepanhau rinonzi ‘The New York Independent” anotaura nezve Kereke yeMethodism achiti: “Mutsara unopatsanura vanonamata nevasinganamati uri kudzima, uye vatenderi vacho vose varikushanda nesimba kuti vadzime mutsauko wekaitiro kemapoka maviri aya.” “Mukurumbira wezvekunamata urikukura asi uchiedza kusvikira vanhu vasingazoremerwi nemutoro wacho.”

Howard Crosby anoti: “zvinorwadza sei kuti tavakuona kuti Kereke yaKristu haichazadzisi zvinangwa zvake. Sezvakaitawo vaJudha vekare avo vakatendera tsika dzezvifananidzo dzemarudzi kuti dzibe moyo yevanhu vaMwari, ndizvo zvave Kereke yaJesu nhasi, nokuda kweruwadzano rwayo nenyika yevasingatendi, ichikanda pasi tsika dzehutsvene hwechokwadi, ichigamuchira tsika dzakatukwa, asi dzinokudzwa nevanhu vasina Kristu, ichishandisa gakava rinosvitsa pazvisungo zvinopesana neshoko raMwari, zvichirwisana kwazvo nekukura munyasha.”—The Healthy Christian: An Appeal to the Church, mapeji 141, 142.

Mukati medutu guru iri rekutsvaga kuzvifadza munyika, kuzvipira munaKristu nekuzviramba zvinopotsa zvakukurwa zvachose. “Vamwe vevanhurume nevakadzi vari mumasangano nhasi vakadzidziswa pahudiki hwavo, kuti vazvipire kupa kana kushandira Kristu.” Asi, “nhasi kana podiwa mari … hapana anofanira kumanikidzwa kupa, Oh kwete! asi zvanzi, munofanira kuronga mitambo, kana mabiko ezvekudya, izvo zvingaiite kuti vanhu vafare.”

Gavhena Washburn weWisconsin mushoko rake repagore, musi waNdira 9, 1873, akadaidzira kuti: “Panofanira kugadzirwa mutemo ungagona kupaza zvikoro zvirikudzidzisa njuga. Zvikoro izvi zvave posepose. Kusanganisira neKererke, zvisina kufungidzira, iri kuwanikwa dzimwe nguva ichiita basa raDhiabhorosi. Mitambo yezvipo, kushambadza zvipo nemakwikwi, zvinoitirwa kuti mari yevhangeri iwanikwe nekuzobatsira vanoshaya! Zvimwe zvacho zvinopiwa semibairo, njuga dzinotambwa, mibairo inohwinhwa, zvose izvi zvichiitirwa kuwana mari isina pundutso. Hapana chinhu chakaipisisa nekuuraya kukuru chinopfuura kuti vechidiki vadzidziswe kuwana pfuma yavasina kushandira. Vanhu vanoremekedzwa vanoiitawo izvi, vanotamba mitambo yemhanza mambure, vachiuuraya pfungwa dzavo kusvika pakufunga kuti mari iyoyo

ichaenda kunoita basa rakanaka, saka hazvishamisi kuti nevechidiki munyika nhasi vawirawo mutsika iyi yemitambo yakaipisisa kwazvo.”

Mweya wekufanana nenyika nemafaro wapinda muchiKristu. Robert Atkins, mumharidzo yake ari muguta reLondon, anotaura padima nekudzikira kwechiKristu kwakanga kwava munyika ye England achiti: “vakarurama vechokwadi vopera panyika, asi hakuna munhu arikuzviisa pamoyo. Vanhu vanozviti vanamati vaMwari nhasi, mukereke dzose, vanoda nyika, varikufanana nenyika, vanodawo mafaro enyika, uye varikushingairira kukudzwa nenyika. Vakadanirwa kuti vatambudzike pamwechete naKristu, asi vanotya kuita izvozvo. Kupanduka! kupanduka! kupanduka! ndiro shoko rakanyorwa namatare pamikova yemakererke ose; asi dai vaizviziva havo, dai vaizviona havo, dai vaizvinzwa havo, kungadai kuine tariro; asi kwete, vanodanidzira vachiti: “takapfuma, takapfumiswa, uye hatishaiwi chinhu.”— Second Advent Library, Tract No. 39.

Chivi chikuru cheBhabhironi ndechekuti: “rakanwisa marudzi ose waini yokutsamwa koupombwe hwaro.” Mukombe unobata uyo rinopa kunyika unomirira dzidziso dzenhema idzo rakagamuchira nokuda kwekubatana nemadzishe makuru nyika. Hushamwari nenyika hwakawodza kutenda kwaro, saka nokudaro iro nhasi rava kudzidzisa nyika dzidziso dzinopikisana zviri pachena neShoko Dzvene.

Roma yakavanzira vanhu Bhaibheri, panzvimbo yacho ikatsvaga kuti vanhu vagamuchire dzidziso dzayo. Basa reReformation raingotsvaga kudzorera vanhu kushoko raMwari; asi hachizi chokwadi here kuti mumasangano enguva yedu, vanhu vari kudzidziswa kuchengeta zvinyorwa zvesangano ravo kupfuura maGwaro? Charles Beecher, achitaura nezvemasangano echiProtestant anoti: “vanotya kutaura shoko rimwe zvaro ringapikisa dzidziso dzesangano nekutya kwakadaro sekwaivawo nemadzibaba edu pavaitya kutaura shoko rimwe zvaro ringazvidza dzidziso yesangano yekuyereswa kwevatsvene … Masangano aya echiProtestant akabatana maoko zvakasimba pakati pavo, zvekuti, hakuna munhu angaparidza pakati pavo vose, kana asina kugamuchira dzidziso dzavo dzisiri muBhaibheri … hapachina kufungidzira, asi chokwadi, dzidziso dzesanagano nhasi, dzave nesimba rekurambidza Bhaibheri, sezvakangoitwawo neRoma, asi nenzira yakavanzika.”—Sermon on “The Bible a Sufficient Creed,” delivered at Fort Wayne, Indiana, Feb. 22, 1846.

Kana mudzidzisi weBhaibheri akatendeka akasimuka kuti adzidzise shoko raMwari, kunosimukawo vafundisi nevarume vakadzidza vanoti vanonzwisisa zvirinani magwaro, voramba shoko razvokwadi vachiti manyepo, nokudaro vanodzivisa avo vanoda kutsvaga zvokwadi. Dai kusiri kuti nyika yakadhakwa newaini yeBhabhironi, vazhinji-zhinji nhasi vangadai varikutendeuka nekutenda kushoko raMwari iro rinopinza somunondo. Asi nhasi

chitendero chakadhakiswa zvokuti vanhu havachaziva kuti chokwadi chekutevera ndechipi. Chivi chenyika chekusatendeuka nhasi chivete pamukova weKereke.

Shoko rengirozi yechipiri yaZvakazarurwa 14 rakatanga kuparidzwa muzhizha regore ra1844, uye ipapo rakanga richinyanya kubata masangano emuUnited States of America, umo shoko rerutongo rakanyanya kuparidzwa asi rikanyanyawo kurambwa, uye ndimowo munyika umo masangano echiKristu akanga onyanya kudzokera shure. Asi shoko rengirozi yechipiri iri harina kuwana kuzadziswa kwaro kwakazara mugore ra1844. Masangano mumazuva aya akanga ari pakudzokera shure nokuda kwekuramba kwawo chiedza cheshoko rekudzoka kechipiri kwaJesu; asi kuwa uku hakuna kuperevedza. Asi pavakaenderera mberi nekuramba chiedza ichi, kuwa kwavo kwakaramba kuchidzika. Hazvaigona munguva iyi kuti zvinzi “Rawa Bhabhironi … nokuti rakanwisa marudzi ose waini youpombwe hwaro,” nokuti rakanga risati ranwisa marudzi ose panguva iyi. Mweya wekuda nyika nokufanana nayo nekusateerera shoko raMwari uri kurarama munguva yedu uye uri kufamba nekukasika mumasangano echiProtestant munyika dzose dzine chitendero chechiKristu; uye masangano aya ose anosanganisirwa muyambiro iyi inotyisa kubva kungirozi yechipiri. Asi basa rokupanduka harisati razadza mukombe waro.

Bhaibheri rinodzidzisa kuti, kutanga Ishe asati adzoka, Satani achashanda “nesimba rose, nezviratidzo nezvinoshamisa zvenhema, nokunyengera kwose kwokusarurama kuna vanoparara;” nokuti havana kugamuchira rudo rwezvokwadi, kuti vaponeswe,” saka vachasiiwa kuti “vatende simba rokukanganisa kuti vatende nhema.” 2 Vatesaronika 2:9-11. Kuwa kweBhabhironi hakungazadziswi kana izvi zvisati zvazadziswa munyika yose yeChiKristu, uye kana pasati pave nekubatana kwehurumende neSangano. Shanduko iyi inouya paduku-paduku, uye kuzadzikiswa kwaZvakazarurwa 14:8 kuchaitika.

Zvisinei hazvo nedima guru uye kupandukira Mwari kunowanikwa mumasangano anoumba Bhabhironi, vanhu vaMwari vechokwadi vanomutevera vanowanikwa pakati pavo. Kune vazhinji vavo vasati vaona chokwadi chinokosha ichi chenguva ino. Vazhinji varimo havo asi vanenyota yekuona chiedza chakajeka. Vanotarisa havo vachiona zvifananidzo zvakaiswa musangano ravo asi havagutsikani. Apo masangano aya acharamba achienda kure nechokwadi, achiwedzera pakufanana nenyika, mutsauko mumapoka evatendi vari maari uchaonekwa zvakajeka uye, uchakura zvichazotungamirira mukuparadzana. Nguva ichasvika, apo avo vanotya Mwari zvakazara vasingazokwanisi kuramba vachiwadzana neavo “vanoda zvinofadza zvenyika kupfuura Mwari, vane mufananidzo bedzi wekunamata asi vakarasha simba racho.”

Zvakazarurwa 18 inonongedzera nguva iyo apo, nokuda kwekuramba shoko rengirozi nhatu raZvakazarurwa 14:6-12, sangano richasvika zvakazara pachimiro chinotaurwa nengirozi yechipiri, zvokuti vanhu vaMwari vanege vachiri muBhabhironi vacha shevedzerwa kuti vazviparadzanise naro. Shoko iri ndiro rekupedzisira richapiwa nyika;

uye richazadzisa basa sezvarakapiwa. Apo avo “vasina kutenda zvokwadi, asi vakafarira kusarurama” (2 VaTesaronika 2:12), vachasiiwa mukunyengera kuti vatende nhema, ipapo chiedza chezvokwadi chichapenya mumoyo yeavo vose vachachigamuchira, uye vana vaMwari vose vachange vari muBhabhironi vachanzwa rukoko urwu: “Budai mariri vanhu vanhu.” (Zvakazarurwa 18:4).

Chitsauko 22 Kuzadziswa kwezviporofita

Pakadarika nguva apo Ishe Jesu vaitarisirwa kuuya,—mumatsutso egore ra1844, —vose vakange vakamumirira nekutenda vakakuhunika vakaita sevorasa tariro kwechinguvana. Apo nyika yaivatarisa sevakundwa chaizvo uye sevakanga vafarira kunyengedzwa, vakawana kunyaradzwa nekusimbiswa kubva mushoko raMwari. Vazhinji vakapfuurira mberi vachitsvaka chokwadi mumagwaro, vachidzumburudza patsva humbowo hwekutenda kwavo nekunyatsonzvera zviporofita kuti vawone chiedza chizere.

Huchapupu hweBhaibheri huchitsigira pfungwa yekutenda kwavo zvaiva pachena. Zviwoneso zvaiva pachena zvainongedza kuti Jesu watova pedyo nekuuya. Kutendeuka kwaiita vatadzi kwairatidza chikomborero chaJehovah nemutsiridzo yehupenyu hwemweya mumaKristu, chaingova chapupu kuti shoko raiva rekudenga. Kunyangwe hazvo vatendi vaisagona kutsanangura kurwadziwa kwavo, asi vaiva nechokwadi chekuti Mwari aiva avatungamirira muzvavaiva vasangana nazvo kubva kumashure

Mukurukana kwezviporofita zvavaitarisa nezvinhu zvinoyenderana zvemazuva ekudzoka kwechipiri kwaJesu, ndizvo zvakakonzeresa kuti kunyangwe vaiva nekunyunyuta uye kapfungwa kekusanyatsogutsikana, varambe vakamirira mutariro kunyangwe yaive yazara dima asi munguva yakafanira zvese zvaizobuditswa pachena. Pazviporofita izvi paiva naHabhakuki 2:1-4: “Ndichandomira panzvimbo yangu yekurindira, ndichazviisa panharire yangu, ndichatarira ndione zvaachataura neni, uye zvandingapindura pamusoro pokuchema kwangu. “Jehovah akati, ‘Nyora zvawaratidzwa zvionekwe kwazvo pamahwendefa, kuti zvigone kurahwa noanomhanya. Nokuti zvakaratidzwa ndezve nguva yakatarwa, zvovavarira kuguma, hazvingarevi nhema; kunyangwe zvikanonoka, uzvimirire, nokuti zvichauya zvirokwazvo, hazvingaiti nguva huru. Tarira mweya wavo unamanyawi hauna kururama mukati mavo asi akarurama achararama nekutenda kwake.”

Kubva mugore ra1842 munongedzo wakapihwa muchiporofita ichi “Nyora zvawaratidzwa zvionekwe kwazvo pamahwendefa, kuti zvigone kurahwa noanomhanya.” Wakapa pfungwa kuna Charles Fitch kuti pagadzirwe chati yechiporofita chaDanieri naZvakazarurwa. Kugadzirwa kwechati iri kwaizozadzisa chiporofita chaHabhakhuki. Hapana akazviona kuti pfungwa yekakunonoka mukuzadziswa kwezvakaratidzwa—nguva yekumirira— inoratidzwa muchiporofita chimwe chete. Mushure mekukuhunika nekusadzoka kwaJesu wavaiva vamirira pamazuva avanga vawona, chiporofita cheshoko iri raHabhakhuki chakava chakakosha zvikuru. “Nokuti zvakaratidzwa ndezve nguva yakatarwa, zvovavarira kuguma, hazvingarevi nhema; kunyangwe zvikanonoka, uzvimirire, nokuti zvichauya zvirokwazvo, hazvingaiti nguva huru ... vakarurama vangu vachararama nekutenda.

Kachikamu kechipofofita chaEzekieri kakapa simba nenyaradzo kuvatendi “Shoko raJehovah rakasvika kwandiri richiti “Mwanakomana wemunhu tsumo ndeyeiko yamuinayo munyika yeIsrael inoti; ‘Mazuva anoramba achiwedzera asi zvakawoneswa hazviitiki? Naizvozvo vaudzei kuti zvanzi naIshe Jehovah … mazuva ava pedyo okuitika kwezvese zvakaoneswa … ndichataura, neshoko randichataura richaitika hatingazononotswi” “Veimba ya Israeri vanoti ‘Zvaakaoneswa ndezvamazuva ari kure anozouya, anoporofita zvenguva dziri kure. Naizvozvo uti kwavari zvanzi naIshe Jehovah, hakuna shoko rimwe ramashoko angu richazononoka asi shoko randichataura richaitika.” Vakanga vakamirira vakafara vachitenda kuti Iye anoziva kumagumo kubva kumavambo akanga atarisa pasi akawona kare kubva munguva dzekare akatotarira mberi akawona kukuhunika kwavo, akafanoona zvapamashoko esimbiso netariro. Dai pakanga pasina zvikamu zvakadai zvemagwaro mushoko raMwari, kuvakurudzira kumirira nemoyo murefu nekubatisisa kusimbiswa kwavo mushoko, kutenda kwavo kungadai kwakafa panguva yekuedzwa.

Mufananidzo wevasikana vane gumi kuna Mateo 25 unoratidza zvakare zvakasanganikwa nazvo nevanhu vakanga vakamirira kudzoka kwaJesu panguva iyi. Pana Mateo 24, kupindura mubvunzo wevadzidzi vake maringe nezviratidzo zvekuuya kwake nekuguma kwenyika, Kristu akanga anongedza zviitiko zvakakosha munhoroondo yenyika nesangano kubva pakuuya kwake kekutanga nekwechipiri; zvinoti kuparadzwa kweJerusarema, kutambudzika kukuru kwesangano rake musimba rePagani neRoma yaPapa, kusviba kwezuva nekuwora kwemwedzi uyezve nekudonha kwenyeredzi. Shure kwaizvozvo akazotaura zvekuuuya kwe Humambo hwake, zvainofanana nemufananidzo wemapoka maviri evaranda vaive vakatarisira zvekuuya kwake. Chitsauko 25 chinotanga nemashoko anoti “Zvino ushe hwedenga hungafananidzwa navasikana vanegumi.” Apa ndipo panoratidzwa sangano rinorarama mumazuva ekupedzisira, zvimwezvo zvinobuditswa mukupedzisira kwechitsauko 24 chaMateo. Mumufanidzo uyu zvavakasangana nazvo zvinoratidzwa nezviitiko zvaiitwa pamutambo wekuwana wevanhu vekumabvazuva.

Zvino ushe hwekudenga hunofananidzwa navasikana vanegumi, vakatora mwenje yavo, vakabuda kunochingamidza muwani. Vashanu vavo vakanga vasina hanya vashanu vavo vakanga vakachenjera. Nokuti vakanga vasina hanya vakatora mwenje yavo vakasatora mafuta. Asi vakachenjera vakatora mafuta mumidziyo yavo nemwenje yavo. Zvino muwani akati achinonoka vakakotsira vose vakavata, pakati pehusiku, vakanzwa mheremhere ‘Muwani auya! Budai mumuchingamidze!” Shoko rengirozi yekutanga kuna Zvakazururwa (14:6,7) rakanzwisiswa sekuuya kweChikomba (muwani). Mukukurumbira nekuzara zvekuparidzwa kweshoko rekudzoka kwaJesu panguva iyi kwakaunza kupinduka kwevanhu zvichipindirana nekuenda kunochingamidza chikomba kwevasikana vanegumi. Mumufanidzo uyu sepana Mateo 24, panomirira mapoka maviri. Vese vakatora mwenje

yavo vakayenda kunochingamidza chikomba. Mwenje uyu unova iwo Bhaibheri shoko raMwari. Pamapoka maviri evasikana ava, vashanu vakachenjera vakatora mwenje yavo nemafuta vamwe vashanu vasina kuchenjera ndokutora mwenje vakasiya mafuta. Vakachenjera vakawanirwa nyasha pakutakura mafuta unova iwo Mweya Mutsvene unopa mwenje kushoko nechiyedza munzira. Mukutya Mwari vakanzvera magwaro, vachidzidza zvokwadi vachitsvaka kucheneswa nemoyo neupenyu. Vakanga vaine hukama huzere nekutenda munaIshe neshoko rake havana kukuhunitswa chero kuvhundutswa nekunonoka kwechikomba. Vashanu vaya vakatora mwenje vakasiya mafuta, ndiro boka rakaita gundamusaira. Vakafadzwa nedzidziso dzinoyera vakaisa kutenda kwavo muvanhu, havana kunzwisisa zvizere zvokwadi uye vakashaya kutendeuka kuzere kwemwoyo. Saka vakada kumirira Ishe vaine tarisiro yekuwana mubairo asi vasina kugadzirira kunonoka pakuuya kwake uye kukuhunika kukuru. Kune vakadaro, panouya miyedzo nedambudziko kutenda kwavo kunokona uye mwenje yavo inodzima.

“Zvino Chikomba chakati chichinonoka vakakotsira vose vakavata” Kunonoka kweChikomba kunomirira kusauya kwaJesu panguva yaakanga akatarisirwa, kukuhunika nekunyatsononoka. Munguva dzekusanzwisisika nekushungurudzika dzakadaro pfungwa dzevaya vasina kutenda kuzere, vane moyo isina kuperera ivavo tariro yavo inopera chero zvidiso zvavo pazvinhu zvaMwari zvinopwa asi vane kutenda kuzere mukuziva Bhaibheri zvakadaro havazungunutswe kunyangwe nemhepo dzekuhunitso yakadini.” Vose vakakotsira vakavata” rimwe boka rakashaya hanya rikarasa kutenda kwaro asi rimwe boka rakaita moyo murefu richimirira kuda kuziva kusvika chiedza chazvokwadi chabuda pachena. Pahusiku hwedambudziko rakadaro vamwe vanokundikana pachidiso chekushandira Mwari nekunamata, pakadaro vese vane kutenda kunokamhina havazogone kuramba vakazendamisa kutenda kwavo muvanhu asi munhu umwe neumwe anofanira kumira oga kana kuwa.

Panguva idzodzo vaishora nekuseka vakavapo, vamwe vakanga vamboratidza kutenda kukuru mushoko vakaramba shoko raMwari, vakatanga kuzviti vanotungamirirwa nemweya, vakaita kuti zvavainzwa munyama yavo nezvavaifunga mundangariro zvivadzimaidze pazvimiso zveshoko raMwari. Hakuna akada kuvanzwira nepfungwa dzavo dzekurasika asi boka revakanga vakamirira kudzoka kwaIshe rakaramba rakamira pakutenda vasingatsauswe kana kuzungunutswa neavo vaida kuunza kunyadzisa pazvokwadi.

Satan akanga achitsvaga nekuda kwaizvozvo kupikisa nekuparadza basa raMwari. Nemhaka yekuti munguva iyi vazhinji vakanga vatendeuka nekuda kweboka reAdvent Movement, uye varume vakatendeka vakanga vozvipa mubasa raIshe vachiparidza chokwadi kunyangwe munguva yekumirira. Apa wakaipa akanga orasikirwa nevabati vake; saka kuzama kuda kupikisa basa raMwari, akatsvaka kunyengera vamwe vaizviti vatendi kuti vave vanhu vanopfuuridza mwero mukubata kwavo pakutenda. Vamiriri

vaSatan vakavapo vaimirira kutora kamukana kese, kepese parasikwa, pakundikanwa, chese chaitwa chisingatendeseki, vachizviratidza kuvanhu nenzira yakashata kuti vanhu vati ma Adventisti vane kutendeka kwakatsveruka.

Satan ndiye ‘mupomeri wehama,’ mweya wake unokonzeresa kuti vamwe vanhu vade kutsvaga pese pakanganisika nezvakaipa muvanhu vaMwari vozvishambadzira kuti zviwonekwe asi zvakanaka zvavanenge vagona hazvitaurwe. Wakaipa haazorore zvikuru sei apo Mwari anenge ari mubasa rekuponesa mweya. Apo vanakomana vaMwari pavanouya kuzozviratidza pamberi paJehovah, Satani anouyawo ipapo. Parumutsiridzo rwese akamirira kuunza vasina kururama pamoyo uye vasina kutenda kuzere mundangariro dzavo. Kana achinge abudirira paneizvi anoita kuti vakadaro vakonzerese nyongano nekutsauka pakati pevatendi. Hakuna munhu anganzi muKristu wazvokwadi nekuti awonekwa ari pakati peboka revana vaMwari, chero ikava imba yekunyengetera, kunyangwe patafura yaJehovah. Satan anowanikwa nguva dzese paungano tsvene muchimiro cheavo vaangashandisa sevamiriri vake.

Muchinda wezvivi anorwisa nzira dzese dzevana vaMwari apo vari munzira yekuenda kudenga. Munhorowondo yesangano hakuna rumutsiridzo nekushanduka kwakaitika pasina kusangana nezvipingaidzo zvakanyanya zvichikonzerwa naSatan. Kunyangwe mumazuva aPauro pese paimiswa sangano kune vamwe vainyuka vachiti vatendi asi vaizodzidzisa manyepo, akagamuchirika aiuraya rudo rwezvokwadi yaMwari. Luther mumazuva ake akatambudzika nekunetseka nekuda kwevabati veshoko renhema vachizviti Mwari ataura navo asi vachiisa miwono yavo nepfungwa dzavo pamusoro pehuchapupu hwemagwaro. Vazhinji vaida chokwadi vakavhiringwa nevadzidzisi vaiva nhume dzaSatan vachitsvaka kuparadza chokwadi chaMwari icho Luther aiva avaka. Kunyangwe nana Wesley’vo nevamwe vakaropafadza pasi rese nesimba rekubata kwavo mukutenda vakasanganavo munzira dzavo nemiteyo yaSatan kuda kubvisa vese vasina kusimbira nekuvaita vabati venhema muchiyero chakasiyana.

William Miller akanga asina kunzwira vese vaitsvaka kutsausa vanhu. Pamwe chete na Luther vakati idzai mweya yese neshoko raMwari, Miller akati “Diabhorosi ane simba pamusoro pemifungo yevamwe kunyangwe muzuva ranhasi” saka tingaziva sei kuti mweyai uri mavari? Bhaibheri rinoti ‘muchavaziva nezvibereko zvavo … kune mweya mizhinji yaburukira munyika, tinosungirwa kuti tiyedze mweya, Mweya usingaite kuti tirarame zvine mwero, zvine kururama uye zvine huMwari munguva dzino iwoyo hausi mweya waKristu. Bliss peji 236 237.

Mweya wekurasika unotibvisa muzvokwadi asi Mweya waMwari unotitungamirira muchokwadi. Asi imi munoti munhu anogona kunge ari mukurashika, achifunga kuti ane chokwadi. Saka tinoti kudii? Mhinduro, mweya ne hoko zvinobvumira. Kana munhu akazvitonga neshoko raMwari akawona zvese zvakanaka kuburikidza neshoko anofanira

kutenda kuti anechokwadi asi akawona kuti mweya uri kumutungamira unopesana nemutemo waMwari zvino ngaachenjere anogona kubatwa nemuteyo waSatan. The Advent Herald and Signs of the Times Reporter vol. 8, No. 23 (Jn. 15, 1845). Kazhinji ndakawana humbowo hwekunaka kwemunhu wemukati kubva kune vaiva nemisodzi pamatama nevakamanikana kudarika ruzha rweveimba yezve ChiKritsu." Bliss peji 282.

Mumazuva eRurumutsiridzo wakaipa akaita mano ese ezvakaipa kushanda kuda kudzivisa kubudirira kwaro. Zvimwechetezve nevakanga vachipikisa nekurwisa Advent movement. Vakatsvaga mano ese kuda kuunza manyepo nenzira dzose dzekuda kudzimaidza nekutsausa avo vakanga vachitevera chokwadi. Vadzivisi ava vakanga vakazadzwa negodo neruvengo, vaishaya rugare neshoko rekuti Kritsu ava pamusiwo, vaitya kuti zvimwe ichokwadi, kunyangwe vaizvisimbisa aiva manyepo, ndiyo yakava hondo yavo kurwisa vatendi vakanga vakamirira kudzoka kwaJesu. Pfungwa yekuti muhutangamiri hwesangano makaitawo vakanga vaine mweya wehupanduki nekurasisa vamwe pazvokwadi haaigona kutorwa sekuti sangano rakanga risiri raMwari nekuti kunyangwe mumazuva anaPauro nana Martin Luther vaivapowo vakanga vakadaro vaidzivisa basa raMwari. Inguva yekuti vanhu vaMwari vamuke kubva pahope dzavo votanga kutendeuka nekushandurwa vachitsvaka chokwadi chaMwari mumagwaro nemuna Jesu. Ngavazvipe zvizere kuna Mwari kushaike humbowo pakati pavo kuti wakaipa anobata basa mavari. Nekuti satani haazorore, anokokera ngirozi dzose dzakapanduka kumubatsira kuunza kunyengedza nesimba renhema.

Kushambadzirwa kwezvekudzoka kwaJesu kwechipiri handiko kwakaunza kurasika nekupatsana pavatendi. Izvi zvakazouya munguva yechirimo ya1844 apo ma Adventist vaiva muchimiro chenyunyuto nekushungurudzika. Kuparidzwa kweshoko remutumwa wekutanga nekwekudanidzira kwepakati peusiku kwaiitwa kuti kupedze bope revaitsauka nevaikonzeresa kusagadzikana muvatendi. Pane vakanga vari mukufambiswa kweshoko raMwari rinoyera vaiva nekubatana nehumwe, moyo yavo yaive yakazadzwa nerudo kune mumwe namumwe uye muna Jesu uyo wavaitarisirwa kudzoka kwake nekukasika. Kutenda kumwe, tariro imwe yakaropafadzwa, ndizvo zvaivapa simba kuva pamusoro pekubata kwesimba remunhu zvikava chidziviriro chavo kumiseve yewakaipa.

"Chikomba chakati chichinonoka vakakotsira vose vakavata," pakati pousiku kwakanzwikwa mheremhere chikomba chouya, budai mumuchingamidze! Zvino mhandara dzose dzakamuka dzichitungidza mwenje" Mateo 25:5-7. Muchirimo cha 1844 pakati nepakati penguva yavaiva vafunga kuti mazuva 2300 ndipo paanoperera mumatsutso egore rimwe chete iroro shoko rekuti Tarirai Chikomba chouya ndipo parakaparidzwa sezvinoreva magwaro matsvene. Izvo zvakatungamirira boka iri rwaiva ruzivo rwekuti murau wa Artaxerxes wekuvaka Jerusarema, ndiwo waitsaura kutanga kwekuverengwa kwemazuva 2300, uyo wakaitwa mugore ra 457 BC kwete pakutanga kwegore zvaimbova zvatendwa. Kutangira zhizha ra 457 BC, makore 2300 aizopera mu

zhizha ra1844. Miwono yehurukuro inobuda muTestamente yakare inobvumirana kuti muzhizha renguva imwecheteyo yaiitwa mutambo we “kucheneswa kwetemberi” ndipo paizoitika kudzoka kwaJesu kwechipiri. Izvi zvakasimbiswa nekuda kwezviratidzo zvenguva zvakawoneswa zvikaitika apo Jesu aiuya pekutanga.

Kuuraiwa kwegwayana repamutambo wepaseka waiva mumvuri waimirira Kritsu. Sezvinotaurwa naPauro “Kristu ndiye paseka yedu akaitwa chipiriso nekuda kwedu” 1 Vakorinte 15:7. Mapazi emiti emichero yekutanga akanga achishandiswa pakurumbidza pamberi paIshe akanga achinongedza rumuko rwaKritsu. Pauro anoti apo anenge achitauro pamusro perumuko rwaJesu nevanhu vake vese. “Kritsu chibereko chekutanga tevere vose vari vaKritsu pakudzoka kwake” 1 Vakorinte 15:23. Kritsu ndiye chibereko chekutanga chegoho reavo vanorarama nekusingaperi vaachamutsa pazuva rerumuko apo achavaunganidza muimba yegoho raMwari. Izvi zvinozadziswa kwete sechiitiko asi maringe nenguva.

Nezuva regumi nemana remwedzi wekutanga mukuverengwa kwamazuva muchi Judha, nezuva iroro nemwedzi iwoyo gwayana yepaseka yaiurawa kubva kare. Mushure mekunge Kritsu adya paseka nevadzidzi vake akava muvambi wemutambo waizounza ndangaridzo yerufu rwake “gwayana raMwari rinobvisa chivi chenyika” husiku humwe chetewo akatorwa nevanoita zvakaipa achinoroverwa nekuurawa, sezvinorehwa neshoko. Ishe vedu vakamutswa nezuva retatu zvichingoratidza nekunongedza kuti kuchava nezuva rerumuko apo miviri yedu ichashandurwa ichipfekedzwa muviri unobwinya. VaFiripi 3:21.

Mukuwona kumwe ikoko yese mimvuri zvinongedzo zvainongedza zvekudzoka kwaJesu anofanira kuzadziswa. Mumazuva aMosisi muhurongwa hwekunamata, kucheneswa kwetemberi kana kuti zuva guru rekudzokedzana raiitwa musi wegumi wemwedzi wechinomwe mukuverenga kwemazuva pachiJudha, Revitiko 16:29; 34, apo mupirisita mukuru aiti kana apedza basa rokumirira Isiraeri pazuva iri, zvivi zvose zvabviswa mutemberi aizodzoka achiropafadza vanhu. Saka munguva iyi zvakatendwa kuti Kristu mupirisita wedu mukuru aizouya ochenesa nyika nekuparadza zvivi nevakaipa, uyezve oropafadza vanhu vake vaive vakamumirira achivapa kusafa. Musiwa wegumi wemwedzi wechinomwe pachiJudha ndiro zuva raiva rekucheneswa kweTemberi, zuva iri mugore ra1844 rakasvika musiwa 22 Gumiguru, ndiwo musi wainzi Jesu achauya. Izvi zvaitsigirwa nehumbowo hwavaiva vaverenga mushoko maringe nemazuva 2300 ayo ainzi anopera mumatsutso, zvese zvairatidza kusarambika.

Mumufanidzo wepana Mateo 25 nguva yekumirira nekurara yakateverwa nekuuya kweChikomba. Zvese izvi zvaiva nemaringe ezvavaiva vadzidza mumagwaro, vakava nemagakava pamiwone asi vakasvika pakutenderana kuti mumanzwisisiro avo eshoko nezviwoneso zvainobuda kuti ishe vaidzoka pazuva ravaiva vatara. Semhepo huru, boka

iri rakatekeshera pasi, kumisha nemisha kunyangwe kwainzi kumachonyonyo chaiko shoko iri rakasvikira vanhu vaMwari vamirira kuuya kwake. Panguva iyi mhingaidzo dzese dzakanyangarika uye muvatendi makanga musina kutya kana kushungurudzika, tariro nemufaro zvaive zvakazadza moyo yavo.

Nguva iyi yakatifananei nenguva dzaIsiraeri wekare paaichema achitendeuka kuna Jehovah, vazhinji vakatarisa zvimiro nehunhu hwavo kuti zvinokodzera here, vamwe vachizvitarisa zvakadzama mukati memoyo yavo, vachireurura zvivi nekusiya zvenyika. Gadziriro yekusangana naTenzi waiva musengwa wekuchema pamweya kuburikidza neminamato kuzvipa zvizere kunaMwari. Miller anoti “hakuna kuratidzwa kukuru kwerufaro, unoita sekuti batwei asi wakamirira chiitiko chamangwana, apo denga rese nenyika zvichapembera pamwechete nemufaro usingatsanangurike nekubwinya kuzere. Hakuna kudaidzira kunokunda uko kwakagadzirirwa nedenga. Apo vaimbi vakanyarara: vachimirira kuimba pamwechete nengirozi dzese, muchaunga chemumhanzi wedenga … apo kusina kupokana asi vose vane moyo mumwe nemufungo mumwe.” Bliss peji 270, 271.

Mumwewo akanga ari muboka iri anopupura achiti “izvi zvakaunza kuzvinzvera mumoyo kwakadzama nekuzvityora pamweya pasi pechigaro chaMwari wekudenga kumusoro zvikakonzeresa kurumuka kubva kumhangwa dzerudo rwezvinhu zvenyika, zvikarapa kurwisana nekuvengana, zvikapa kureurura zvakaipa, nekuchema kuna Jehovah nemikumbiro yekunzwirwa urombo nekugamuchirwa naMwari. Zvakaunza kuzvidurura kwemweya usina kumbovapo kubva kare. Apo Mwari akaraira kuburikidza naJoeri, kana zuva guru raJehovah rasvika, richaunza kubvaruka kwemwoyo kwete kwenguwo, vanhu vachidzoka kuna Mwari nekutsanya, kuchema nekuwungudza. Sezvinotaurwa naMwari muna Zakariya, mweya wenyasha nemikumbiro wakadirwa pavana Vake; vakatarisa kuna Iye wavakanga vabaya, kukava nekuwungudza kukuru munyika …. Asi avo vakanga vakamirira Mwari vakachema pamweya yavo pamberi Pake. –Bliss in Advent Shield and Review, vol 1, p. 271 (Ndira 1845)

Kubva pamapoka ese ezvekunamata kutangira kuvaApostora hakuna boka rakava rakanyanyisa kusununguka mukusasvibiswa kwevanhu nemiteyo yese yewakaipa sezvazvakava paMatsutso a1844, kunyangwe nazvino apo makore mazhinji adarika, vese vakava nechokuita muboka iri uye vakaramba vakasimbira pazvokwadi iyi vakaramba vachingonzwa huvepo hwekubata kwaMwari pabasa rakaropafadzwa ravakabata. Pakudaidzirwa, “Chikomba chouya, budai mumuchingamidze” vakanga vakamirira “vakamuka vakabatidza mwenje yavo” vakadzidza shoko raMwari zvakadzama nekuda kunzwisisa izvo vaisaziva. Ngirozi dzakatumirwa kubva kudenga kuti dzimutse mwoyo yeavo vakanga vakakuhunika dzichigadzirira mwoyo yavo kuti vagamuchire shoko. Basa harina kuzendama panjere kana kuziva kwevakadzidza asi pasimba raMwari. Vaisava vane zvipo asi vakazvininipisa nekuperera panaMwari vakatanga kunzwa nekuterera rukoko.

Varume vakasiya zvirimwa zvavo zvimire muminda, vaigadzira dzimotokari vakasiya zvipanera pasi, nemisodzi nekupembera vakaenda vakanopa yambiro kunyika. Vakanga vambori vatungamiri veboka pakutanga ndivo vakazopedzisira kutevera. Masangano akawanda akavhara masuwo awo kushoko iri asi vazhinji vakagamuchira shoko iri vakatevera. Nenyasha dzaMwari kuparidza uku kwakabatana neshoko rengirozi yechipiri zvakapa simba kubasa.

Shoko rekuti "Tarira, Chikomba chouya" handiro rakanga rine nyaya yese, kunyangwe huchapupu hwemagwaro hwakanga huri pachena. Pakaita simba raishanda nemukati richifambisa mweya. Pakanga pasina mubvunzo, kana kunyunyuto. Pachiitiko chekupinda kwaJesu muJerusarema vazhinji vakanga vabva kunzvimbo dzakasiyana dzenyika kuuya kumutambo vakamhanyira kugomo remuOrivi, apo pavakabatana nevamwe vaitevera Jesu, vakapinda mumweya wenguva iyoyo vakabatsira kudanidzira "wakaropafadzwa uyo unouya muzita raIshe" Mateo 21:9. Izvi zvinofanana nevatendi vakanga vakazara kumisangano yeboka remaAdventist—vamwe nekuda kunzwisisa, vamwe vachida kungoshora—kunzwa simba reshanduko raiva riri mushoko: " Tarira chikomba chouya."

Kubva panguva iyo kwakava nekutenda kwaiwunza mhinduro kuminamato,—kutenda kwairemekedza kukosha kwemubairo. Semvura inonaya panyika mweya wenyasha dzaMwari wakanogara kunevese vaitsvaka shoko nekuperera. Avo vakanga vachitarisira kuwonana namuponesi wavo meso nemeso vakava nemufaro usingagone kutsanangurika. Mweya Mutsvene akanga achishanda kunyevenutsa mwoyo nekupa zvipiwa zvemaropafadzo kuna avo vaive vakatendeka.

Vose vakagamuchira shoko vakasvika panguva yekuti vakanga vave netariro yekusangana naTenzi wavo. Nguva imwe neimwe vakanga vorarama vachitanga vawona kuti ibasa ravo kugadzirisa hukama hwavo naMwari. Moyo yavo yakanga yabatana, uye vainyengetererana umwe namumwe wavo. Vakanga vachisangana panzvimbo dzakavanda vachitaura naMwari, mazwi ekunyengetera akanga achibva muminda nemumapako achikwira kunaMwari. Simbiso yekugamuchirwa kwemunamato naMuponesi yaiva yakakosha kudarika zvekudya kwavo mazuva ose. Chero mukati mendangariro dzavo mukapinda chakaipa havaizorora pamunamato kusvika pfungwa idzodzo dzapera. Apo vainzwa humbowo hwetsitsi dzizere nenyasha, moyo yavo yaishuwira kwazvo kuwona muponesi wavo uyo ayidiwa nemweya yavo zvikuru.

Asi kunyangwe zvakadaro, vaiva vakanangana nekumwe kukuhunika kukuru. Nguva yavaitarisira yakadarika, muponesi wavo haana kuuya. Netarisiro isingazungunutswi, vakanga vamirira kuuya Kwake, asi zvino vakaita sezvakaita Maria, apo akasvika kuguva kwaJesu akawona risina munhu, mukuchema anoti: "vatora ishe wangu handizivi kwavamuisa" Johani 20:13.

Vanga vasingatendi vaiva nemifungo yakawanda pashoko rakanga richiparidzwa, kakutya kuti zvimwe ichokwadi, kwakavabata kusvika zuva iri radarika. Vakamboda kuseka nekushora vakanga vatenda shoko iri asi kwechinguvana vakambonyarara vachifunga kuti pane zvingaitika vakasvikirwa neshamhu yaMwari, asi nguva yakazoti yatifambei vakasimudzira kuseka nekushora. Vazhinji vakanga vagamuchira shoko iri vakakuhunika zvikuru vakasiya zvechinamato vakarasa kutenda kwavo, vamwe vakaita ronda guru kwazvo vakashuwira rufu kudarika kurarama sezvakaita Jonah vakatsutsumwa kuna Mwari kuti zvaiva nani vafe panekurarama. Vakanga vaisa kutenda kwavo pane vamwe vanhu vakanga vagadzirira zvino kushandura mawonero avo. Vakanga vachiseka nekushora vakakunda moyo yevakanga vasina kusimba muna Mwari. Nguva yafamba, Jesu haana kuuya, nyika ingangoramba yakadaro kwemakore makumi emazana.

Vatendi vakanga vakaperera vakanga vasiya zvese nekuda kwaKristu, vakaparidza nyaya yekudzoka zvavakanga vasati vamboita. Vakapa yambiro yekupedzisira kunyika vachitarisira kuti nenguva isipi vange vave muhugaro pamwe chete naIshe nengirozi, vanga vazvibvisa muhugari hweungano yevakanga vasina kutambira shoko ravaiparidza. Nechidiso chikuru vainamata “huya Ishe Jesu nekukasika.” Asi haana kuuya. Dambudziko rakavapo rekuchinogara nevaya, vachitanga kuchitakura mitoro yeraramo yepasi rino nekushinga kunyombwa nekusekwa nenyika, yakava hondo huru yekuidzwa kwekutenda nekusimbira kwavo.

Kunyangwe hazvo kukuhunika uku kwakanga kusingayenzane nekuya kwakaita vadzidzi pakauya Jesu kekutanga. Jesu paakakwira mbongoro achipinda muJerusarema zvine kukunda, vadzidzi vake vaitenda kuti akanga ava kunotora humambo achigara pahumambo hwaDhavidhi achidzikinura vaIsraeri kubva muhutapwa. Netarisiro huru vakamuwona achipinda vachimupa rukudzo iye mambo wavo. Vazhinji vaiwaridza machira avo avaisungira kunze kuti awane pekupinda napo pakanaka vachirumbidza nemichindwe kuti “hosanna kumwanakomana waDhavhidhi.” Apo vaFarise vakavhiringidzwa nekudanidzira kwevanhu vakamuudza kuti araire vadzidzi kuti vanyarare, iye akati “ava vakanyarara, matombo anotanga kudanidzira ikozvino” Ruka 19:40. Chiporofita chinofanira kuzadziswa ikozvino. Vadzidzi vakanga vachizadzisa zano raMwari; asi vakanga vakanangana nekukuhunika kwavaiva kwazvo. Mazuva mashoma akapfuura vakawoma ishe wavo achitambudzwa kuiswa mukufa, akavigwa muguva. Hapana kana chavaitarisira chimwe kuti chingaitika chakazadziswa, tariro yavo yakapwa pakafa Jesu. Zvese havana kunge vazvirangarira kuti zvakanga zvakataurwa muchiporofita kuti “ Kristu waifanira kutambudzwa wozomuka zvekare kubva murufu” Mabasa 17:3.

Makore mazana mashanu akapfuura Jehovah vakanga vataura kuburikidza n Zakariya: “Fara iwe mukunda weZioni! Udanidzire, iwe mukunda weJerusarema! Tarira, mambo wako ari kuuya kwauri, akakwana uye ane ruponeso, wakazvidzikisira, akatasva mwana

wembongoro” Zakariya 9:9. Dai vadzidzi vakaziva kuti Jesu arikuenda kurutongo nerufu vangadai vasina kuzadzisa chiporofita.

Mumuwono mumwechete iwoyo Miller nevamwe vake vakazadzisa chiporofita uye vakapa nyika shoko iro kufemerera kwaMwari kwakanga kwati risvitswe kunyika, asi dai vakaziva kuti zvaizounza kukuhunika kukuru vandangadai vasina kuriparidza shoko iri kunyika. Shoko rengirozi yekutanga nechipiri rakapihwa panguva yakafanira rikazadzisa basa iro Mwari akanga aronga kuti riite. Pasi rese ranga rakatarisa kuti nguva yakatarwa kuti Kristu aizouya akasauya, kutenda kwese kwechiAdventist kuchapera. Apo vamwe mushure memiyedzo mikuru kutenda kwakapera asi vamwe vakaramba vakamira vasinga zungunutswi. Michero yeboka reAdvent, yaive yemweya wekuzvininipisa, nekuzvitsvaka mukati memwoyo, kuzvitsaura nenyika nekushanduka kwehupenyu, zvese zvaiitwa mubasa iri zvaipupura kuti kwaive kubata kwaMwari. Havana kuramba kuti kubata kwaMweya Mutsvene ndiko kwakava chapupu chekuparidzwa kwekudzoka kwechipiri kwaJesu uye havana kana kurasika kwavakaita panhoroondo yechiporofita.

Nyanzwi pane vaigona kuvapikisa vakakundikana kudzivisa kamuitiro kekuverenga nekunzwisisa chiporofita. Hapana chavaigona kupikisa vasina humbowo hweBhaibheri kuti varambe zvimiso zvaiva zvawanikwa kuburikidza nekunzvera magwaro, nekunamata kwakaperera, zvakasvikwa pazviri nepfungwa dzaive dzavhenekerwa naMwari Mweya Mutsvene. Zvimiso zvekududzira chiporofita ichi, zvange zvasvikwa pazviri mushure nekupiswa kukuru nenharo nevadzidzisi vakanga vaine mbiri mune zvekunamata, varume vehunyanzvi nenjere dzenyika ino vakaramba vakabata vakasimba vachipikisa, nekushora nekutuka.

Chokwadi, pakanga parasikwa pachiitiko chavaitarisira, asi izvi hazvina kuzungunutsa kutenda kwavo mushoko raMwari. Apo Jonah akaparidza kuNinevha achiti Mwari achaiparadza mumazuva makumi mana, apo vagari vekuNinevha vakanzwa shoko vakatendeuka Mwari akawedzera nguva yemutsa kwavari akasavaparadza ipapo: asi shoko raJonah raiva rabva kunaMwari, Ninevha ikaidzwa zvaiva mukuziva kwaMwari. Ma Adventist mukuwona kumwe chete iwoyo naivo vakatenda kuti saJona yambiro yavo kunyika pamusoro perutongo yakanga yabva kuna Mwari. Shoko ravaparidza raiidza moyo kune vairinzwa romutsa rudo rwekuda kusangana nekuuya kwaTenzi. “Ishoko raitara mutsara kuti munhu azvinzvere mukati memoyo kuti aziva kuti panouya Tenzi anenge ari divi ripi, revanoponeswa here, kuti vagotaura vachiti tarira, uyu ndiye Mwari wedu watanga takamirira Iye uchatiponesa; kana kuti vachange vachidaidzira kumabwe nemakomo tiwirei tihwande chiso chauyo akagara pachigaro nekutsamwa kukuru kweGwayana. Saka Mwari mukuziva kwake, sezvatakatenda, wakaidza vanhu vake, akatonzvera kutenda kwavo, akavaona kuti vangadupuka here panguva yekuyedzwa, kubva pahwaro hwaanowona hwakafanira, achiwona kuti vangaramba zvenyika ino here

vachirambira parusimbiro reshoko raMwari”—The Advent Herald and Signs of the Times Reporter vol. 8,14 (Nov. 13, 1844)

Zvaiva mumwoyo yevakanga vachitenda kuti Jehovah ndiye akanga avatungamirira pane zvavakanga vasangana nazvo kumashure, zvinonyatsoburitswa zvizere mumashoko a William Miller: “Dai ndairarama zvekare hupenyu hwandaiva ndararama, nehumbowo hwandaiva nahwo kare, kutaura idi pamberi paMwari nevanhu ndairaramazve sezvandakaita.” “Ndovimba kuti ndakasuka nguvo dzangu kubva muropa remweya.

Ndinonzwa mukati mangu kuti dai zvaiva musimba rangu, ndazvisunungura kubva mukunzwa kurwadziwa mundangariro nekuda kwekutongwa kwavo.” “Kunyangwe ndakakuhunika kaviri,” anonyora izvi munhu waMwari, “handisati ndarasa kutenda kana kuzungunutswa ... Kutenda kwangu mukudzoka kwaJesu kwakasimba kudarika kare, chiiko icho ndakaita, mushure memakore kufunga zvakadzama ndinonzwa riri basa rangu rekuita, kuti kana ndakakanganisa. Ndakazviita nemwoyo werudo, rudo kuvanhu vose, nechitsidzo chekuita basa raMwari.” “Chinhu chimwe chandinoziva ndechekuti ndakaparidza basi zvinhu zvandakatenda, uyezve Mwari vakanga vaneni, simba rake rakawonekwa mubasa, zvakanaka zvizhinji zvakazadziswa.” “Makumi emazana avanhu, nekuziva kwavanhu, vakanga vachidzidza magwaro pakuparidzwa kwenguva iyoyo nemhaka yekuda kwaizvozvo kuburikidza nekutenda mukusaswa kweropa, takadzoserwa pahumwechete naMwari.”—Bliss peji 256, 255, 277, 280, 281.

“Handisati ndawona nyemwerero yevanozvikudza, chero kutya apo nyika inounyanisa huso. Handingazotende nhasi kundifarira kwavo kana kuzvipa basa nekuidza ruvengo rwavo, handingatsvake hupenyu hwangu mumawoko avo, chero kunetseka mupfungwa, ndinotarisira, kusachirasa, asi Mwari mukunaka kwenyasha dzake akazviraira.”—J. White, Life of Wm. Miller, peji 315.

Mwari haana kurasa vanhu vake; mweya wake waramba uri pakati peavo vasina kukasika kuramba chiedza chavakanga vagamuchira, vasina kuzvibvisa kuboka re Advent. Mutsamba kuvaHebheru mune mashoko ekurudziro neyambiro kune avo vanenge vaiswa pakuidzwa vari pakumirira panguva yedambudziko: “Naizvozvo regai kurasha kusatya kenyu kune mubairo mukuru. Nokuti munofanira kuva nekutsungirira kuti maita basa raMwari mugopihwa chipikirwa. Nokuti kanguva kaduku-duku kachiko iye unouya achauya asinganonoki; asi wakarurama wangu achaponeswa nekutenda, zvino kana akadzokera shure mwoyo wangu haungafare naye. Zvino isu hatisi vekudzokera shure, kuti tiparadzwe asi tiri vekutenda kuti tiponese mweya.” Hebheru 10:35-39

Kuti shoko iri ringataurwe kusangano panguva ino munongedzo wekuti Ishe wedu ava pedyo nekuuya “Nokuti kanguva kaduku duku kachiko iye unouya achauya asinganonoki.” Zvirikutobuditswa pachena kuti pachaita sekakunonoka zvoita kuti Tenzi vaite sevatimirei. Munongedzo unopihwa apa wakanangana neboka rema Adventisti kunyanya munguva ino

nekuda kwezvavakasangana nazvo. Vanhu vaitaurirwa apa vakanga varipanyatwa yekuti kutenda kwavo kwakanga kwakuda kunyura.

Vakanga vaita kuda kwaMwari mukutevera kutungamira kwaMwari Mweya Mutsvene, apo havana kunge vaziva chinangwa chake pane zvakanga zvasanganikwa nazvo munguva yakapfuura, kungangwe nzira yaiva pamberi pavo havana kuiwona uyezve vakanga vosvika pakunyunyuta kuti Jehovah akanga achivatungamirira here? Munguva iyi mashoko aya akanga akureva chinhu “wakarurama wangu uchararama nekutenda” sechiyedza che “mheremhere pakati peusiku” chakanga chopenya munzira dzavo sevanhu vakanga vawona zviporofita zvobuditswa pachena nezviratidzo zvenguva zvakanga zvichizadziswa kutaura kuti kudzoka kwaJesu kwava pedyo. Vakanga vafamba sekunge vaifamba nekuwona kwameso. Asi zvino, vakanga vagwadamiswa patariro yavo nekukuhunika, vakanga vochingomira basi nokutenda muna Mwari neShoko rake.

Vemunyika vaiseka vachiti “makanyengerwa siyai kutenda kwenyu muboka re Advent nderaSatan.” Asi shoko raMwari rinoti, “zvino kana akadzokera shure mwoyo wangu haunga fare naye. Kuramba kutenda kwavo nekuzvidza simba raMweya Mutsvene uyo akanga atungamira shoko, kwaiva kudzokera shure kukuparadzwa. Vaikurudzirwa kuva vakatiwira nemashoko aPauro “Naizvozvo regai kurasha kusatya kenyu,” “nokuti munofanira kuva nekutsungirira.” “Nokuti kanguva kaduku-duku kachiko iye unouya achauya asinganonoki. Nzira imwechete yavaifanira kutevera ndicho chiedza chavakanga vagamuchira kuna Mwari. Batisisai zvivimbiso zvake, moramba muchinzvera magwaro nemwoyo murefu momira kutarisa nekugamuchira chimwezve chiedza.

Chitsauko 23 Chii chinonzi nzvimbo tsvene (tebhanekeri)?

Shoko rakanga riri hwaro nesimba rekutenda kweboka reAdvent rakanga rataurwa rinoti: “Kusvikira madekwana namangwanani ane zviuru zviviri namazana matatu ipapo nzvimbo tsvene ichanatswa.’ Danere 8:14. Mashoko aya akanga anemukurumbira kwazvo maringe nezvekuuya kwaIshe. Nekutaura kwemiromo yezviuru chiporofita ichi chaive chadzokororwazve sechiratidzo chekutenda kwavo. Vese vaive netarisiro yekuti muzviitiko zvenguva yaiva yakatarwa iyi ndimo makanga mune zvidiso zvinofadza uye zvikuru zvetariro yavo. Mazuva echiporofita ichi aiva anzwisiswa kuti iyizopera mumwaka wekukohwa muna1844. Mukuwonerana pamwe chete nema Kristu pasi rese, vatendi vechiAdventisti akava vemuwono wekuti pasi rino kana kuti chikamu chepasi rino ndiyo yaiva nzvimbo tsvene. Vakava nekunzwisisa kuti kucheneswa kwenzvimbo tsvene kwaiva kupiswa nemoto kwepasi rino pazuva guru rekupedzisira vachiti izvi zvaizoitika pakudzoka kwechipir kwaJesu. Zvikavasvitsa pamhedzisiro yekuti kristu waizodzoka panyika gore ra1844.

Asi zvino nguva yakatarwa yakadarika Jesu haana kuuya. Vatendi vaizviziva kuti Shoko raMwari haringakundikani asi zvichida kududzirwa kwe chiporofita ichi ndiko kwakanga kwarasika, asi papi chaipo pakanga pakanganiswa? Vazhinji vaka kasika kuti pakuhwerengedzwa kwemazuva 2300 achinzi anopera 1844 ndipo pakanga pakanganiswa. Hapana tsanangudzo yaipihwa kunze kwekungoti kristu haana kudzoka panguva yavaiva vakamutarisira. Vakatanga kuwonesana kuti kana chiporofita chemazuva ichi chaipera 1844, kristu angadai akawuya kuzochenesa nzvimbo tsvene nemoto, saka zvaasina kudzoka zvoreva kuti mazuva epachiporofita ichi akanga asati apera.

Asi kubvuma muwono uyu kwaiva kurasa zvese zvaiva zvambotendwa maringe nechiporofita chamazuva. Mazuva zviuru zviviri namazana matatu (2300) aya akanga awonekwa kuti aitanga nekutema chirevo kwa Artaxerxes pakumutsurudza nekuvaka Jerusarema mu Zhizha regore ra457 BC. Pachitorwa muwono uyu sepaitangira kuverengwa kwenguva iyi yamazuva aya, zvese zvakanga zvichinyatsoenderana nekupindirana zvakanaka netsanangudzo dzezviitiko zvepana Danieri 9:25-27. Mavhiki makumi matanhatu nemapfumbamwe (69), ndiwo aiva makore mazana mana nemakumi masere nematatu (483) ekutanga kubva mumakore zviuru zviviri nemazana matatu, pachizosvikwa pana Mesiasi, Akazodzwa; parubhabhatidzo rwaKristu nekuzodzwa naMweya Mutsvene, A.D 27, izvi zvainyatsozadzisa zvakanga zvakatarwa. Pakati pevhiki rechi makumi manomwe (70) Mesiasi waifanira kuurayiwa. Makore matatu nemwedzi mitanhatu mushure merubhabhatidzo Rwake, Kristu wakaroverwa pamuchinjiko, muMatsutso egore ra A.D 31.

Mavhiki makumi manomwe kana kuti makore mazana mana nemakumi mapfumbamwe aya akanga atsaurirwa VaJudha chete. Pakupera kwamazuva aya maJudha

akazadzisa kuramba kwavo Kristu nekutambudza vadzidzi vake ndipo apo vaApostora vakatanga kuparidza kuvatorwa mugore raA.D 34. Izvi zvaireva kuti makore mazana mana nemakumi mapfumbamwe akanga apfuura tichimabvisa pamakore zviuru zviviri nemazana matatu, kwakazosara makore chiuru nemazana masere anegumi (1810). Kubva pana raA.D 34, makore chiuru nemazana masere anegumi ainosvika kuti gedye pana 1844. Mutumwa akati "ipapo Nzvimbo tsvene ichacheneswa." Zvese muchiporofita kubva pekutanga zvaizadziswa nemo nemo zvichiitika panguva yakatarwa.

Nemuwono uyu, zvimwe zvese zvaiva pachena zvichipindarana zvakanaka kunze kwekuti hakuna kuwonekwa mhinduro yaizadzisa chiitiko cheku cheneswa kwe nzvimbo tsvene mugore ra1844. Kuzviramba kuti mazuva aipera panguva iyi zvaimutsa mubvunzo nekukahadzika, uye nekurswa kwemuwono wechiporofita ichi wakanga wamiswa nekuzadziswa kwezvimwe zvese zvaiva muguva yakatarwa. Asi Mwari vakanga vatungamirira vanhu vavo muboka guru reAdvent; Simba nembiri yake zvakanga zvatungamirira basa iri, uye haaizozvirega zvichiperera murima nekukuhunika, kuti zvitorwe semanyepo nemanyawi. Mwari haizosiya basa rake richiperera munyunyuto nekusajeka.

Kunyangwe vazhinji vakaramba nguva yechipofita ichi zvakazvidza huchokwadi hwacho, asi vamve havana kuda kusiya zvimiso zvekutenda kwavo izvo zvaitsigirwa nemagwaro zvine huchapupu hweMweya waMwari. Vakatenda kuti vakanga vashandisa zvimiso chaizvo zvekududzira shoko mukunzvera kwavo zviprofita, uye rakanga riribasa ravo kubatisisa chokwadi chavaiva vawana nekuramba vachifamba nezira imweyo yekunzvera Bhaibheri. Nekurevesa paminamato vakatsvakurudza pamuwono wavo vachirava magwaro vachitsvaka kuziva kana paine apo vangadai vakakanganisa mukududzira. Apo vakashaya pakakanganiswa maringe nekuverengwa kwechiporofita chenguva, vakatungamirirwa kunonyatso tsvakurudza zvakadzama maringe nezvekunzwisisa Nzvimbo tsvene.

Mutsvakurudzo dzavo vakawona kuti muMagwaro makange musina humbowo hwaitsigira muwono waivapo wekuti nyika yaiva nzvimbo tsvene. Asi vakawana zvizere tsanangudzo nedzidziso pamusoro penzvimbo tsvene; chimoro, payaiwanikwa, nezvaiitwa mairi; huchapupu zvemanyoro matsvene huchibuditsa pachena pamusoro payo zvisina mubvunzo. Mu Apostora Pauro mutsamba yava Hebheru anoti "Zvino neyiyi sungano yekutanga yakanga ine mirairo yekushumirwa Mwari nayo, neimba tsvene yenyika. Nokuti tabhenekeri yaiva yokutanga yakagadzirwa, makanga muine chigadziko chemwenje netafura, nezvingwa zvekuratidza ndipo panonzi patsvene. Zvino mberi kwechidzitiro chechipiri pakange paine tabhenakeri yainzi Patsvenetsvene, pakanga paine ndiro yendarama yezvino nhuwira, neareka yesungano, yakanga yakanamwa nhivi dzise nendarama, yanga ine manna, netsvimbo yaAaroni yakadeya kutungira, namahwendefa

esungano; pamusoro payo pakanga panamakerubhi okubwinya, akadzikatidza chifunhiro chengoni." vaHebheru 9:1-5.

Nzvimbo tsvene yaitaurwa naPauro apa ndiyo tabhenekeri yakavakwa naMoses pakuraira kwaMwari se nzvimbo yehugaro hwaMwari wekudenga. "Ngavandiitire nzvimbo tsvene kuti ndigogara pakati pavo" Ekisodo 25:8. Ndiro shoko raakapihwa Mozisi apo akanga ari mugomo naMwari. Vana vaIsraeri vakanga vachifamba murenje saka vaifanira kuigadzira nenzira yekuti yaizotakurika apo vaisimudzira nerwendo, asi yaiva chivakwa chakanaka zvikuru. Chidziro cheTabhenekeri chakanga chine nhivi dzakagadzirwa nendarama yairema chakaiswa zvindori zvesirivheri, pamusoro payo paiva nemachira akanaka, nhivi dzekunze dzaiva nematehwe, mukati maive nemucheka mwemhando yepamusoro yakanga yakagadzirwa mifananidzo yemakerubhi. Paiva neruvazhe rwekunze umo maiva ne Aritari yezvipiriso, tabhenekeri yaiva nemakamuri maviri imwe yainzi itsvene, neimwe yainzi tsvene –tsvene, makamuri aya akange akavharwa nejira rakanaka uye rinokosha, ndiro zvekare jira raivhara pamusuwo wekamuri yekutanga.

Munzvimbo yainzi tsvene maiva nezvigadziko zvemwenje, kuchamhembe, nemwenje yawo minomwe yaipa chiyedza siku nesikati mutabhanekeri; kumaodzanyemba kwaiva netafura yechingwa chekuratidza; shure kwejira raipatsanura nzvimbo tsvene, ne nzvimbo tsvene-tsvene paiva ne aritari yendarama yerusenzi apo gore rezvinonhuwira zveminamato yaIsrairi raikwira zuva rimwe nerimwe pamberi paMwari.

Mukati menzvimbo tsvene-tsvene maiva neAreka yesungano, yaiva nematanda emuakasia yakafukidzirwa nendarama yakaisvonaka, umo maiva nemabwe maviri ayo Jehovah vakanyora mutemo unegumi nemunwe wavo. Pamusoro peAreka paive nechigaro chengoni, chakanga chaitwa nendarama yakaisvom naka, pamusoro pacho paiva nemakerubhi maviri akanga akaitwa nehunyanzvi, akanga ari nhivi mbiri ayo akanga akagadzirwa nendarama achifukidzira areka akatarisa pakati. Pakati pemaKerubhi ndipo paiva negore raibwinya kwazvo rairatidza huvapo hwaMwari.

Mushure mekunge vaHebhuru vasvika ku Kenani, Tabhanekeri yakatsiviwa ne Temberi ya Soromoni, yakanga yakavakwa nenzira yepamusoro inehupanhi hukuru asi yakange ine zvimwechete zvaiwanikwa mutabhanekeri. Muchimiro ichi nzvimbo tsvene yaivepo, kunze kwenguva payakava dongo mumazuva aDanieri- kusvikira pakuparadzwa kwayo neVaroma muna A.D 70.

Iyi ndiyo yega Nzvimbo tsvene yakavapo panyika, yatinopihwa ruzivo pamusoro payo neBhaibheri. Ndiyo yakanzi naPauro ndiyo Nzvimbo tsvene yesungano yekutanga. Ko sungano itsva ine nzvimbo tsvene here?

Tichitarisa zvekare mubhuku ravaHebheru avo vakanga vachitsvaka zvokwadi, vakawona kuti huvepo hwesungano yechipiri kana kuti itsva inowonekwa mumashoko aPauro anoti “Zvino neyiyi sungano yekutanga yakanga ine mirairo yekushumira Mwari nayo, neimba tsvene yenyika.” Mashoko aPauro apa achiti “yakanga” anoratidza kuti akanga ambotaura pamusoro penzvimbo tsvene iyi. Tichitarisa kutanga kwe chitsauko chava Hebhuru 8:1,2 “Zvino shoko guru panaizvozvo zvatataura, ndiro kuti: tine muPirisita mukuru akadai kugara kurudyi rwechigaro choushe choUmambo hweKudenga. Iye mushumiri pazvinhu zvitsvene, newe tabhanekeri chaiyo yakamiswa naIshe, isina kumiswa nemunhu.”

Apa ndipo panoburitswa tabhanekeri yesungano itsva. Tabhanekeri ye sungano yekutanga yakaitwa nemawoko emunhu, yakavakwa naMozisi; iyi itsva yakaitwa naMwari kwete nemawoko emunhu. Mutabhanekeri yepanyika mapirisita akanga achiita marusando; asi pane itsva Kristu mupirisita wedu mukuru anoshumaira imomo arikurudyi rwaMwari. Kwaiva neTabhanakeri imwe chete panyika, imwe yacho irikudenga.

Yaiva panyika yakavakwa naMozisi achitevedza mucherechedzo waakanga aratidzwa naMwari.: ‘sezvandichakuratidza zvose, iwo mufananidzo weTabhanekeri, nomufananidzo wenhumbi dzayo dzosemunofanira kuita saizvozvo, Uchenjere kuti uzviite nomufananidzo wazvo wawakaratidzwa pagomo.’ Ekisodho25:9, 40. Pauro anoti tabhanekeri yekutanga “wakanga uri mufananidzo wenguva ino vanobayira nayo zvipo nezvibayiro zvisingagoni kukwanisa pahana yake inoshumira, “naizvozvo mifananidzo yezviri kudenga” kuti mupirisita aise zvipo nenzira yaidiwa nemurairo “ivo vaishumira nezvemufananidzo nomumvuri wezvokudenga” uyezve kuti “Kristu haana kupinda munzvimbo tsvene yakaitwa namaoko, inofananidza iyo iri chaiyo, asi kapinda kudenga kumene kuti zvino azviise pamberi paMwari nekuda kwedu.” Hebhuru 9:9,23: 8:5;9:24

Tabhanekeri iri kudenga, iyo Kristu anoshumira achitimiririra ndiyo yazvokwadi, nekuti iyo yakaitwa naMozisi waiva mufananidzo. Mwari akaisa mweya wake mune avo vakavaka tabhanekeri yepano pasi. Basa rakabatwa rehumhizha raipupura pamusoro pekubata kwehuchenjeri hwaMwari. Nhivi dzamadziro etabhanekeri dzaive dzakaitwa nendarama yaihwinya mativi ose nekuda kwemwenje yezvigadzidzo zvinomwe. Tafura yezvingwa zvekuratidza ne aritari yerusenzi yaibwinya sendarama yakatsetseka. Machira akanga achigadzira hata yeimba, akanga aine mifananidzo yengirozi akanga achewedzera kunaka nekusiyana kwekunaka kwerudzi rwejira. Seri kwejira kwaiva neShekaina tsvene yaivaima ichiratidza hustvene hwehuvapo hwaMwari, umo makanga musingapindwi nani hake kunze kwemupirisita mukuru.

Kunaka kwetabhanekeri yepasi hakugona kufananidzwa neyekudenga uko Kristu arikutimirira pamberi pechigaro chaMwari. Pahugaro hwaMambo we Madzimambo, uko zviuru nezviuru zvemazana zvinomushumira ne makumi ezviuru zvezviuru zvine ngumi

ramazana zvimire pamberi pake (Danieri 7:10) apo temberi, yakazara nekubwinya nerumbidzo isingaperi, apo maseraphimu, nekupenya kwavo anozvivhara meso nerukudzo, asi ye tabhanakeri yekudenga nezveruponeso rwavanhu vese zvakaratidwa nekudzidziswa mutabhanekeri yepanyika nemarusando ayo.

Nzvimbo tsvene yetabhanakeri yekudenga inoratidzwa nemakamuri maviri etabhanekeri yepanyika. Apo muApostora Johani akapiwa muwono wetemberi yaMwari yekudenga akawona"mwenje minomwe yaipfuta pamberi pechigaro chamwari" zvakazarurwa 4:5. Akawona mumwe mutumwa "akamira paAritari nomudziyo wendarama wezvinomhuwira zvizhinji kuti azviise pamwechete neminyengetero yavatsvene vose pamusoro pearitari yendarama yakanga iri pachigaro cheUshe. Zvakazarurwa 8:3. Apa muApostora wakatenderwa kuwona kamuri yekutanga yetabhanekeri iri kudenga, akawona imomo "mwenje minomwe yaipfuta" ne " aritari yendarama" zvaimirirwa nechigadziko chemwenje ne aritari yerusenzi mutabhanakeri yepanyika. Zvakare " Temberi yaMwari yakazaruka" Zvakazarurwa 11:19, akatarisa mukati menzvimbo tsvene tsvene. Apa akawona" Areka yesungano" yakanga ichimirirwa neiya yakagadzirwa naMozisi akaisa mitemo inegumi mukati mayo.

Avo vakanga vachidzidza nekutsvakurudza nyaya iyi vakawana humbowo huzere kuti imwe tabhanakeri yaiva yezvokwadi yakanga iri kudenga. Moses akavaka tabhanakeri yepanyika achishandisa mufananidzo yeakanga aratidwa yekudenga. Pauro anodzidzisa kuti yekudenga ndiyo yazvokwadi inopupurwa naJohani kuti akaiwona kudenga.

Kutemberi irikudenga ndipo panehugaro hwaMwari, pachigaro chake chakasimbiswa nekururama nerutongo. Mukati menzvimbo tsvene tsvene ndimo munemutemo, mutemo mukuru wazvokwadi apo vanhu vose vanoyedzwa nawo. Areka inofukidzira murairo yakavharwa nechigaro chemutsa, apo Kristu anotireverera neropa pachinzvimbo chevatadzi. Zvichimirira kubatana kwemurairo netsitsi muzano rekudzikinura vanhu. Kubatana uku, njere nehumwari chete ndizvo zvinogona kuzviita nekuzvizadzisa; kubatanidza kunozadza denga rese nekushamiso nerumbidzo. MaKerubhi akanga ari paAreka akagadzirwa akatarisisa pachigaro chetsitsi, zvichimirira chido chikuru pazvisikwa zvaMwari zvekudenga kuda kunyatsonzvisisa nyaya yebasa rezano reruponeso. Ichi ndicho chakavanzika chengoni, kuti ngirosi dzinoda kuhwisisa, kuti Mwari anoramba akarurama apo anoruramisa mutadzi atendeuka, nekudzoredzera kuzivana kwake ne vanhu vakatadza; apo Kristu wakadzika kumakomba erima akanonyurura vatadzi vazhinji kwakuvapfekedza hutsvene hwake nekuvati vave vamwe nengirozi idzo dzisina kumbotadza ovagarisa pamwe muhuvepo hwaMwari nekusingapere.

Basa raKristu rekuva mumiriri rinoburitswa zvakana muchiporofita chaZakaria pamusoro pake "zita rake ndiye Davi" zvinotaurwa namuporofita: " ndiye achavaka

temberi yaJehovah; iye achava nouhumambo, uye achagara pachigaro chake achibata Ushe, achava muprisita pachigaro chake choushe, rangano yorugare ichiva yavo ivo vaviri.” Zakariya 6:12,13 “Achavaka temberi yaIshe” Zvaari iye chipiriso nemuyananisi. Kristu ndiye hwaro nemuvaki weTemberi yaMwari. MuApostora Pauro anoti “ndiyo nheyo yapakona” maari temberi yese yakamira, umo nemiwo murikuvakwa kuti muve nehugaro hweMweya Mwari.

“Achatakura mbiri yekubwinya” munaKristu ndimo munembiri yerudzikinuro yevese vakatadza. Kumakore anogara nekusingapere rwiyo ruchava rwunoti: “ kunaiye anotida akatisunungura pazvivi zvedu neropa rake… kwaari ngakuve nekubwinya nesimba nokusingaperi peri Amen. Zvakazarurwa 1:5,6

Iye “ achatonga agere pachigaro chake cheUshe; achava muprisita pachigaro Chake.” Kwete ikozvino “ pachigaro chake chekubwinya” humambo hwake hwembiri haasati ahugashidzwa, kusvikira basa rake rehuyananisi rapera, ipapo Mwari “ achamupa chigaro chake choushe chababa vake Dhavidhi” humambo hwake nehushe hwake hauna magumo. Ruka 1:32,33. Semu Prisita Kristu agere pamwe naBaba pachigaro chavo choushe. Zvakazarurwa 3:21. Agere pachigaro naUyo unogara nekusingaperi, nauyo anozvipa hupenyu, ndiye “ akatakura kurwadziwa nekuchema kwedu” iye “ akayedzwa pazvinhu zvese sezvatinongoitwa asi iye haana kutadza,” kuti “ agone kubatsira avo vanoidzwa.” “ kana munhu achitadza tinemurevereri kunaBaba.” Isaya 53:3; Hebhuru 4:15;2:18; 1 Johani 2:1. Humiririri Hwake ndehwe muviri wakabaiwa nekupwanyika, nehupenyu husina gwapa. Zvanza zvine mavanga, rutivi rwakabaiwa, tsoka dzakakuvara, zvese izvi zvinokumbirira munhu akatadza, anerudzikinuro rwakatengwa nekutengo rinokosha.

“ Musangano werugare uchava pakati Pavo Vaviri” Rudo rwaBaba harwusi rushoma pane rweMwanakomana, ndiro tsime reruponeso kune rudzi rwakarasika. Jesu unoti kuvadzidzi vake asati aenda “ Handikuudzii kuti ndichakunyengetererai kuna baba; nokuti Baba vamene vanokudai.” Johani 16:26,27. “ Mwari akanga achiyananisa nyika naye munaKristu.” 2 Vakorinte 5:19. Uyezve mubasa rake kuTemberi iri kumusoro kudenga, “ ungano yekurudziro yerugare ichava pakati pevaviri vavo” “Nokuti Mwari akada nyika nokudaro kuti akapa Mwanakoma wake mumwe woga kuti ani nani anotenda maari arega kufa asi ave nehupenyu husingaperi.” Johani 3:16

Mubvunzo wekuti, Chii chinonzi nzvimbo tsvene? Unopindurwa zvakajeka mumagwaro. Mazvi ekuti “ Nzvimbo tsvene,” “Temberi” kana kuti “tabhanekeri” ano shandiswa muBhaibheri achireva Tabhanekeri yakavakwa naMozisi achigadzira seyaakanga awona yezvinhu zvekudenga. Kechipiri inoratidzwa ne “ tebhanekeri yechokwadi” yeKudenga, iyo yakanga ichinongedzwa neyepanyika. Pakufa kwaJesu marusando emunongedzo aiitwa mutabanekeri yepanyika akabva aguma. Nekuti “tabhanekeri yechokwadi” yekudenga ndiyo yesungano itsva. Mukuzadziswa

kwechiporofita chaDanieri 8:14 munguva iyi, tabhanekeri yachinotaura ndiyo yesungano itsva. Pakupera kwamazuva 2300 muna1844 pakanga pasina tabhanekeri kana kuti nzvimbo tsvene panyika kwemakore mazvizhinji. Zvichireva kuti chiporofita chekuti pakupera kwemazuva 2300 ipapo nzvimbo tsvene ichacheneswa chinonongedza zvisina mubvunzo kutemberi kana kuti nzvimbo tsvene irikudenga.

Asi mubvunzo unokosha hausati wapindurwa unoti: chii chinonzi kucheneswa kwenzvimbo tsvene? Mukudzidzwa kwetetsamente yekare, kwaiva nemutambo wekucheneswa kwenzvimbo tsvene wakanga uchiitwa paTabhanekeri yepano pasi. Asi kudenga kungava nechingada kucheneswa here? Kucheneneswa kwenzvimbo tsvene yepanyika neyekudenga kunodzidziswa zvizere pana vaHebhuru 9. Zvirokwazvo tingati pamurairo zvinhu zvinenge zvese zvinonatswa neropa, uye kana kusine ropa rinoteurwa hakuna ruregerero, naizvozvo mifananidzo yezviri kudenga yaifanira kuti inatswe nezvibayiro izvi; asi zvinhu zvokudenga zvimene zvinatswe nezvibayiro zvinopfuura izvi nekunaka. Hebhuru 9:22, 23, asi ropa raJesu Kristu bedzi.

Kucheneswa uku kuri paviri, waiva munongedzo nerusando rwazvokwadi zvese zvinozadziswa neropa: mutabhanekeri yakare yepanyika yaicheneswa neropa remhuka, asi mutabhanekeri chaiyo yekudenga inochenswa neropa raJesu Kristu. Pauro anotauro chikonzero sei pakucheneswa uku pachidiwa ropa, nekuti pasina kudeuka kweropa hapana kuregererwa kwezvivi. Kuregererwa kana kubviswa zvezvivi ndiro basa rinofanira kuzadziswa neropa. Ko chivi chingapinda sei mutabhanakeri yepamyika chero irikudenga? Izvi tingazvinzwisisa zvizere nezvaiitwa nemuprisita patabhanekeri yepanyika, iyo yakanga iri mufananidzo nemvuri yezvinhu zvekudenga. VaHebhuru 8:5

Hushumiri wetabhanekeri yepanyika hwaiva nemapoka maviri emarusando: yekutanga ndiyo yaiitwa nemapirisita mazuva ese mukamuri yainzi tsvene; yechipiri yaiitwa kamwechete pagore pazuva ravaiti rekuyananisa yaiitwa mukamuri yainzi tsvene-tsvene, ndiko kwaiva kucheneswa kwenzvimbo tsvene. Zuva nezuva mutadzi atendeuka aienda nechipiriso chake pasuwo retabhanekeri aibva aisa mawoko ake pamusoro wemhuka yechipiriso achireurura zvivi zvake, izvozvo mukutenda waiva munongedzo wekuti zvivi zvabva paari zvaenda pane chipiriso chisine mhosva. Mhuka iyi yaibva yauraiwa “Pasina kudeuka kweropa” zvinotaura naMupostora hapana kuregererwa kwezvivi. “Hupenyu hwenyama yose uri muropa.” Revitiko 17;11. Kutyorwa kwemutemo waMwari kunotoda rufu rwemutadzi. Ropa, rakanga richimirira hupenyu hwemutadzi areurura, apo chivi chake chainge chaienda pamhuka yechipiriso, raitakurwa nemupirisita munzvimbo yekamuri tsvene umo ropa iri raisaswa pamberi pejira kwaiva kuseri kweAreka yaJehovah, yaiva ine mutemo uyo munhu ainge adarika. Nekuda kwechiitiko ichi chivi chainge chiri muropa, choiswa munzvimbo tsvene mumunongedzo. Munedzimwe nhambo ropa rakanaga risingaiswa munzvimbo tsvene asi nyama yacho yaidyiwa nevapirisita, Mozisi akanga araira vana vaAroni achiti: “Mwari akakupai icho

kuti mubvise kutadza kweUngano" Revitiko 10:17. Mitambo yese miviri yaimirira kubviswa kwezvivi kumutadzi zvichiiswa muTabhanekeri. Ndiro basa raiitwa mazuva ese pagore rese muTabhanekeri. Nemhaka iyi zvivi zvaIsiraeri zvainge zvazara mutemberi pajira raisaswa ropa, zvino kwaizosara basa rekuchenesa nzvimbo tsvene zvivi zvaIsiraeri zvichizobviswa. Saka Mwari akaraira kuti kucheneswa kwetemberi kuitwe mukamuri dzinoyera, "anofanira kuyananisirawo nzvimbo tsvene nokuda kwokusanaka kwavana vaIsiraeri, uye nokuda kwokudarika kwavo nezvivi zvavo zvose; saizvovo anofanira kuitirawo tende rokusangana rinogara navo pakatipokusanaka kwavo." Kuyananisira kwaifanira kuitwa kweAritari zvekare, kuti "ainatse nokuiita tsvene pakusanaka kwavana va Isiraeri." Rhevhitiko 16:16,19

Kamwe chete pagore nezuva guru rekucheneswa kwetemberi, mupirisita mukuru aipinda muimba tsvene –tsvene kuchenesa Nzvimbo tsvene. Basa rakanga richibatwa ipapo raizadzisa hushumairi hwaiitwa gore rese. Pazuva iri rekucheneswa kwetemberi kwaitorwa mbudzana mbiri dzoiswa pamusuwo weTabhanekeri paikandwa mijenya pamusoro padzo, imwe yaiva yaJehovah imwe yaiva yaAzazeri (satani). Ipapo mbudzana yaJehovah yaiurawa sechipiriso chezvivi zvavanhu. Mupirisita mukuru waipinda neropa mukati meimba tsvene-tsvene osasa ropa pamberi pechigaro chetsitsi, ropa iri raisaswa paaritari yerusenzi yaiva pamberi pejira. "Aroni agoisa mawoko ake ose pamusoro wembudzi mhenyu, ndokureurura pamusoro payo zvakaipa zvose zvavana vaIsiraeri kudarika kwavo kwose, izvo zvivi zvavo zvose, ngaazviise pamusoro wembudzi, ndokuiregedza itumwe kurenje nomunhu wakanga arairwa. Mbudzi iyo inofanira kutakurira zvakaipa zvavo zvose kunyika isina vanhu."Mbudzi yekurasirirwa yakanga isingarasirwe pedyo neungano yaIsiraeri, murume ayinoirasa aifanira kuti wodzoka wogeza nekusuka nguwo dzake asati adzoka kuvungano yaIsiraeri

Mutambo wese waive uchiitirwa kuti vaIsiraeri vafarire hutsvene hwaMwari, nekuvenga Kwake chivi, uyezve nekuratidza kuti hakuna anoita chivi choregedza kumusvibisa. Munhu wese aifanira kuchemera mweya wake apo basa rekucheneswa kwetemberi raiitwa. Musi uyu kwaisaitwa chero basa zvaro, Isiraeri yese yainoungana pamunamato kutsanya nekunzvera moyo yavo zvizere. Zvokwadi maringe nekucheneswa kwetemberi kunodzidziswa zvizere nemunongedzo werusando urwu. Mhuka yaitenderwa kutsiva nzvimbo yemutadzi, asi chivi chakanga chisinga bviswe neropa rechipiriso. Zvino nzira yakagadzirwa kuti chivi chigone kuendeswa mutabanekeri. Nechipiriso cheropa mutadzi waibvuma simba remutemo, nekureurura zvivi pakutadza, nekuratidza chidiso chekuregererwa kuburikidza nemudzikinuri uyo aizouya, asi asinga gone kuregedzwa pakupomerwa kwemurairo. Pazuva iri rekucheneswa kwenzvimbo tsvene, muprisita mukuru waitora chipiriso cheropa, opinda nacho munzvimbo tsvene-tsvene kwakusasa ropa pachigaro chemutsa kunyangwe nepaareka paiva nemutemo, kuti zvaidiwa nemutemo zvizadziswe. Zvino muchimiro chake muprisita semuyananisi aitora zvivi zveungano yese

paari kubva muTabhanakeri. Aizobuda oenda kunoisa mawoko ake pamusoro wembudzi yaAzareri kwakureurura zvivi zvese pamusoro payo. Ipapo mbudzana iyi yaAzazeri yaiva yatakura zvivi zvese zveungano yondorasirwa kure ipapo zvivi zvaIsiraeri zvaive zvaregererwa nekukanganwiwa zvachose kubva kuvanhu.

Urwu ndirwo rusando rwaiitwa, “zvaiva mufananidzo wemumvuri wezvinhu zvekudenga” zvaitwa semufananidzo patabhanekeri yepano pasi ndizvo zvinoitwa zvazvokwadi mukushumaira kwetabhanakeri iri kudenga. Mushure nekukwira kwake kubva panyika achidzokera kudenga, Kristu wakatanga basa remuprisita mukuru. Pauro anoti “ Nokuti Kristu haana kupinda munzvimbo tsvene yakaitwa namawoko, inofananidza iyo iri chaiyo, asi akapinda kudenga kumene, kuti zvino azviise pamberi paMwari nokuda kwedu. VaHebheru 9:24.

Kushumira kwaiitwa nevaPirisita zuva nezuva mugore rese paTabhanakeri yepanyika mukati menzvimbo yainzi tsvene vachindo sasa ropa pajira vachibva mukamuri yepanze, zvaimirira basa rakanoitwa naJesu achibva munzvimbo tsvene yekudenga mushure mekukwira kwake kudenga kubva panyika. Raiva basa remuPirisita mazuva ose pamberi paMwari kutakura chipiriso cheropa, uyezve nerusenzi rwaikwira kudenga neminamato yaIsiraeri. Ndizvo zvimwe chete izvo Kristu anoita pamberi pababa achikumbira neropa rake akamirira vatadzi, achizviratidza pamberi pababa nekunhuwirira kwekururama Kwake, neminamato yaivo vanotenda. Ndiro raiva basa rake kudenga mukamuri yekutanga mutabanakeri yekudenga. Ndipo apo kutenda kwevadzidzi vakamutevera apo akakwira vakasazomuwona. Ndipo pane chisimbiro chetariro yavo, “ yatinayo sechibatiso chemweya, tariro, isingazungunutswi yakasimba, inopinda kune zviri mukati mechidzitiro chetemberi; pakapinda mutungamiriri nokuda kwedu, iye Jesu akaitwa mupirisita mukuru nokusingaperi.” Anoreva Pauro. “Haana kupinda neropa rembudzi kana remhuru, asi neropa rake chairo, kamwechete, zvikapera panzvimbo tsvene, akatiwanira rudzikinuro rusingaperi. VaHebheru 6:19,20; 9:12

Kwemasenjuri gumi nemasere Kristu akaita basa rekushumira muimba yekutanga yekutemberi yekudenga. Ropa rake Jesu richikumbirira vatadzi kuti varegererwe, nekugamuchirwa nababa, kunyangwe hazvo zvivi zvavo zvirimo mumabhuku erangariro. Pakupera kwegore marusando emunongedzo webasa rekuyananisira, basa raKristu rerudzikinuro rwevanhu risati rapera, kunebasa rekuyananisira nekubviswa kwezvivi munzvimbo tsvene. Ndirwo rusando rwakatanga pakaperera mazuva chiuru nemazana matatu (2300). Panguva iyo sezvinotaurwa namuporofita Danieri kuti muprisita mukuru akapinda munzvimbo tsvene tsvene, kuti aite basa rake rekupedzisira rekucheneswa kweNzvimbo tsvene.

Sezvaiitwa kare zvivi zvavanhu zvaibviswa pavari nekutenda zvoiswa pachipiriso chezvivi kuburikidza neropa uri munongedzo patabhanekeri yepanyika, zvino musungano

itsva, zvivi zvemunhu atendeuka nekutenda zvinobviswa paari zvoenda panaJesu zvichipinda munzvimbo tsvene yekudenga. Sezvakanga zvichiiitwa panyika semufananidzo kuti nzvimbo tsvene yaicheneswa pazvivi zvinenge zvaisvibisa, saizvozvo nzvimbo tsvene yekudenga inofanira kucheneswa kuburikidza nekubviswa nekudzimwa kwezvivi izvo zvakanyorwa. Asi izvi zvisati zvaitika panofanira kuita tsvakurudzo pane zvakanyorwa mumabhuku, kuti zvizivikannwe kuti ndiani kuburikidza nekutenndeuka nekutenda munaKristu anofanira kuwana mubairo wekanganwiro. Saka zvinoreva kuti basa rekucheneswa kwetemberi yekudenga rinosanganisira basa retsvakurudzo yererutongo. Basa iri rinofanira kubatwa pachinguva icho Kristu asati auya kuzodzikinura vanhu vake; nekuti kana Iye auya anoti: “mubairo wangu ndinawo kuti ndipe mumwe nemumwe sezvaakabata.” Zvakazarurwa 22:12.

Saka izvi zvinoreva kuri vose vakatevera chiedza cheshoko rechiporofita vakawona kuti, zvavaifunga kuti Kristu anouya panyika pakupera kwamazuva chiuru namazana matatu negore ra1844, nyamba akanga asingauye panyika asi aipinda munzvimbo tsvene-tsvene yekudenga kuti aite basa rake rekanganwiro achigadzirira kudzoka kwake. Zvakaonekwawo zvakare kuti, apo chipiriso chechivi chaimirira Kritsu sechibayiro, mupirisita mukuru waimirira Kristu semuyananisi, naizvozvowo mbudzi yaAzazeri yaimirira Satani, uyo akatanga nechivi, uyo zvivi zvose zvevakacheneswa zvichazoiswa paari pekupedzisira.

Apo mupirisita mukuru aibuda neropa rechipiriso, wobvisa zvivi kubva muNzvimbo tsvene, waizozviisa pambudzi yekurasirwa. Apo Kristu achapedza basa rekuchenesa temberi yekudenga nekuda kweropa, achabvisa zvivi zvese zvevanhu vake mutemberi yekudenga pakupera kwebasa rake, ozviisa zvese panaSatani, uyo parutongo rwake anofanira kutakura matuso ezvivi zvake zvese. Mbudzi yekurasirwa yaiendeswa kure kwakanga kusingagarwe nevanhu, kuti isadzokezve paungano yaIsiraeri. Saizvozvowo, Satani anofanira kuparadzwa nekusingapere, kubva pamberi paMwari napavanhu vake, anofanira kuparadzwa pakupedzisira pamwechete nechivi nevatadzi.

Chitsauko 24 Munzvimbo tsvene tsvene

Chidzidzo chetemberi yaMwari ndicho chakazarura izvo zvakanga zvakavanzika pakukuhunika kukuru kwegore ra1844. Zvakaburitsa pachena chokwadi chinotaridza kuti ruoko rwaMwari ndirwo rwakatungamira kufamba kwesangano remusaririrwa kuchiratidza pachena chimiro nebasa revanhu vaMwari. Sekufara kwakaita vadzidzi vaJesu pavakamuona mushure mekunge vaita husiku hwekutambudzika kukuru, ndiwo mufaro wakange une avo vakange vaine kutenda mukuuya kwake kwechipiri. Vaitarisira kumuona achidzika nekubwinya kuti azopa mubairo kuvanhu vake. Sekuputsika kwakaita tariro yavo, Jesu akabviswa pakuvonekwa navo, uye pamwe naMaria pabwiro vakachema. “Vabvisa Ishe mubwiro, hatizivi pavamuisa.”

Zvino munzvimbo tsvene-tsvene vakamuona zvekare, muPirisita Mukuru wavo ane hanya, uyo waizozviratidza samambo uye mudzikinuri wavo. Chaedza chetemberi chakavhenekera zvekare, zviripo nezvichazovepo. Vaiziva kuti Mwari akange avatungamira. Asi sevadzidzi vekutanga, vakange vatadza kunzwisisa shoko ravaiva naro, iro raiva rechokwadi. Mukuriparidzira, vaizadzisa chidiso chaMwari, uye kushanda kwavo kwaisava pasina munaShe.

Chiporofita chinowanikwa pana Danere 8:14, “kusvikira madekwana namangwanani ane zviuru zviviri namazana matatu; ipapo nzvimbo tsvene ichanatswa,” neshoko remutumwa wekutanga, “Ityai Mwari mumurumbidze, nokuti nguva yake yokutonga yasvika,” zvainongedza mukubata kwaKristu munzvimbo tsvene tsvene, kwete mukuuya kwake kuzodzikinura vanhu vake nekuparadza vakaipa. Kukanganisa kwakanga kusiri pakududzira mazuva ekureva kwemuporofita asi pakududzira chiitiko chaizoitika mushure memazuva 2300. Kuburikidza nekupotseka uku vatendi vazhinji vakava nekushungurudzika, asi izvi zvose zvakanga zvakaburitswa pachena nechiporofita, uye zvakanga zvakanyorwa mumagwaro matsvene zvakazadzikiswa. Panguva iyo vakanga vachichema kurasika kwetariro yavo, chiitiko chakataurwa mushoko chakanga chatoitika icho chinofanirwa kuzozadziswa Kristu asati azviratidza kuzopa vanhu vake mibairo yavo.

Kristu akauya, kwete panyika sezvavaitarisira, asi sezvakange zvataurwa kare kuti waizopinda munzvimbo tsvene-tsvene yetemberi yaMwari kudenga. Kristu uyo aimirirwa nemuporofita Dhaniere achinzi achauya panguva iyo kune Akwegura Pamazuva Ake: “Ndikaona pane zvandakaratidzwa usiku, ndikaona umwe akafanana noMwanakomana womumnhu achiuya nemakore ekudenga, akasvika kune akakwegura pamazuva ake, vakamuswededza pamberi pake.” Dhanieri 7: 13.

Kuuya uku kwakanga kwataurwa kare zvekare nemuporofita Maraki: “Ipapo Ishe wamunotsvaga, achasvika pakarepo, patemberi yake, iye Mutumwa wesungano wamunoshuva, tarira, anouya, ndizvo zvinotaura Jehovha wehondo.” Maraki 3:1. Kuuya

kwaKristu muTemberi yake kwakanga kusingatarisirwe nevanhu vake. Vaitarisira kuti waizouya panyika, “mumoto unopfuta, achitsiva avo vasingazivi Mwari, navasingateereri Evhangeri yaShe wedu Jesu Kristu.” 2 Vatesaronika 1: 8.

Asi vanhu vazhinji vakanga vasina kugadzirira kusanga naKristu. Pakange pachine basa guru rokuvagadzirira. Chaedza chaifanirwa kupihwa, chichinongedza pfungwa dzevazhinji kutemberi yaMwari kudenga; sezvavanofanira kuita nekutenda vachitevera muPirisita Mukuru wavo pakubata kwake, mabasa matsva anozarurwa. Rimwe shoko reyambiro nerairo raifanirwa kupihwa kukereke.

Marachi 3:2, 3, “Asi ndiani ungatsunga nezuva rekuuya kwake? Ndiani angamira kana achionekwa? nokuti akafanana nomoto womunatsi, nesipo yomusuki. Iye achagara pasi akafanana nomunatsi nomuchenesi wesirivha; achachenesa vanakomana vaRevhi, nokuvanatsa sendarama nesirivha; ipapo vachavigira Jehovha zvipiriso nokururama.” Avo vachange vachirarama panyika pachapera nguva yaKristu yokutimiririra munzvimbo tsvene, vachamira pamberi paMwari mutsvene vasina mumiriririri. Nguwo dzavo dzinofanirwa kunge dzakachena, vanofanirwa kunge vakanatswa kubva kuzvivi neropa raKristu. Nekuda kwenyasha dzaMwari nekuedza kwavo vanofanira kuva vakundi muhondo newakaipa. Apo rutongo rwetsvakurudzo ruri kuenderera mberi muchadenga, apo zvivi zvevanorevesa pakutenda zviri kucheniswa munzvimbo tsvene, pane basa rakakosha rekuzvinatsa, nekusiya zvakaipa muvanhu vaMwari panyika. Basa iri rinoiswa pachena muna Zvakazarurwa 14.

Kana basa iri richinge rapera, vateveri vaKristu vachange vagadzirira kuonekwa kwake. “Ipapo chipiriso chaJudha neJerusarema zvichafadza Jehovha, sepamazuva ekare, sepamakore epakutangatanga.” Maraki 3:4.

Sangano, iro richagamuchira Kristu pakuuya kwake, “pamberi pekereke yake, inobwinya, isinegwapa, kana kuwonyana, kana chinhu chakadai.” Vaefeso 5:27. Ichange ichiratidzika, “samambakwedza, akanaka somwedzi, akachena sezuva, anotyisa sehondo inemizera.” Rwiyo Rukuru RwaSoromoni 6: 10.

Maraki haangotaure nezvekupinda kwaKristu mutemberi chete, asi anotaura nezvekuuya kwake kwechipiri, apo Anouya kuzotonga, paanoti, “Ndichaswedera kwamuri kuti nditonge; ndichava chapupu chinokurumidza pamusoro pavaroyi, napamusoro pemhombwe, napamusoro pavanopika nhema, napamusoro pavanomanikidza mushandiri pamubayiro wake, nechirikadzi, nenherera, napamusoro pavanodzinga vatorwa, vasingandityi ndizvo zvinotaura Jehovha wehondo.” Maraki 3: 5. Judha unotsigira zvekare paanoti, “tarirai Ishe wakauya nevatsvene vake vanezviuru zvamazana, kuti atonge vose, nokurova vose vasingadi Mwari, pamabasa avo ose okusada Mwari.” Judha 14, 15. Kuuya uku, nokuuya kwaKristu kutemberi yake, zviitiko zviviri zvakasiyana.

Kuuya kwaKristu semupirisita mukuru wedu munzvimbo tsvenetsvene, kuti anatsurudze temberi, kwakaburitswa pachena, Dhanieri 8: 14; kuuya kweMwanakomana womunhu kune akakwegura pamazuva ake, sezvakataurwa pana Dhanieri 7: 13; kuuya kwaKristu kutemberi yake sezvakataurwa naMaraki, itsanangudzo dzechiitiko chimwechete; izvi zvinotaridzwa zvekare pakuuya kwechikomba kumuchato, kwakatsanangurwa naKristu pachiratidzo chevasikana vanegumi, Mateo 25.

Muchirimo cha1844 kwakava nechidaidziro, “tarirayi chikomba chouya.” Kwakava nemapoka maviri ayo aimiririrwa nevasikana vakangwara nevakapusa, rimwe boka raitarisira nomufaro kuuya kweMuponesi, vaigadzirira kwazvo kuzosangana naye; rimwe boka, rakanga ratungamirirwa nekutya, vakanga vafarira chokwadi ichi asi vakanga vasina nyasha dzaMwari. Mumufananidzo uyu, pakauya chikomba, “avo vakanga vakagadzirira vakapinda naye mumutambo wekuwana.” Pamufananidzo uyu, chikomba chakauya mutambo wekuwana usati watanga. Mutambo wokuwana unomiririra kugamuchira kwaKristu humambo hwake. Guta dzvene, Jerusarema idzva rinova guta guru muhumambo rinodanwa kunzi, “mwenga, mudzimai weGwayana.” Ngirozi inoti kuna Johane: “Vuyai ndikuratidzei mwenga, mudzimai weGwayana.” Akanditakura mumweya,” muporofita anotaura, “akandiratidza guta guru, Jerusarema dzvene, richidzika kubva muchadenga kuna Mwari.” Zvakazarurwa 21:9, 10.

Zviri pachena kuti mwenga waimiririra Guta Dzvene, uye mhandara dzakanogamuchira chikomba dzaimiririra kereke. Mubhuku raZvakazarurwa, vanhu vaMwari ndivo mweni pamutambo uyu wokuwana. Zvakazarurwa 19:19. Zvino kana vari vaeni pamutambo uyu, havangazokwanisa kuva mwenga. Kristu, sezvakarehwa nemuporofita Dhanieri, uchagamuchira kutonga, kubwinya nehumambo, kubva kune akakwegura pamazuva ake. Achagamuchira Jerusarema Idzva iro guta guru muhumambo hwake, “rakashongedzwa semwenga kagadzirirwa murume wake”. Dhanieri 7:14, Zvakazarurwa 21:2. Kana agamuchira humambo hwake, Achauya mukubwinya kwake, saMambo wemadzimambo naIshe wemadzishe, kuzodzikinura vanhu vake, avo vachagara naAbhurahama, Isaka naJakobo,” patafura yake muhumambo hwake, (Mateo 8: 11; Ruka 22:30), kuti vagova pamwe mumutambo wokuwana.

Chidaidziro, “Tarirai, Chikomba chouya,” muchirimo chegore ra1844, kwakaita kuti vazhinji-zhinji vatarisire kukasira kuuya kwaShe kwechipiri. Panguva yakatarwa, chikomba chakauya, asi kwete panyika sezvaitarisirwa, asi kune Akakwegura pamazuva ake kudenga, kumutambo wokuwana, kugamuchira humambo hwake. “Avo vakange vakagadzirira vakapinda naye mumutambo wokuwana; mukova ukavharwa.” Vaisadikanwa pamutambo uyu nokuti waizoitikira kudenga, ivo vari pasi panyika. Vateveri vaKristu vanofanirwa “kumirira iShe wavo, paachadzoka kumutambo wekuwana.” Ruka 12: 36. Asi vanofanirwa kunzwisisa basa Rake, vomutevera nekutenda apo anoenda kuna Mwari.

Pamufananidzo, avo vaiva nemafuta mumwenje yavo ndivo voga vakapinda mumutambo. Avo vaiva neruzivo rwechokwadi kubva muMagwaro, vaiva neMweya nenyasha dzaMwari, avo, muhusiku hwokuedzwa, vakamira vakatsungirira vachitsvaga chiedza muBhaibheri ndivo vakaona chokwadi chetemberi yekudenga vuye kuchinja kwokubata kweMudzikinuri mutemberi, nekutenda vakamutevera mukubata kwake mutemberi kudenga. Vose vachagamuchira chokwadi ichi kuburikidza nokupupura kweMagwaro, vachitevera Kristu nekutenda apo anoenda pamberi paMwari kubata basa rake rekupedzisira rokumiririra, uye pakupedzisira achizogamuchira humambo hwake vose ava vachataridzwa sevarikupinda mumutambo wekuwana.

Pamufananidzo wepana Mateo 22, chiratidzo chomutambo wokuwana chinoburitswa, uye rutongo rwetsvakurudzo runoburitswa pachena kuti runoitwa mutambo wokuwana usati waitwa. Mutambo usati waitwa, mambo anouya kuzoona vaeni, kuti vose vakange vakapfeka nguvo dzomutambo here, nguvo dzisina kana ruvara rwetsvina, idzo dzakasambwa dzikachena muropa reGwayana. Mateo 22:11; Zvakazarurwa 7:14. Uyo achawanikwa asina zvakaringana achakandirwa kunze, asi vose mushure metsvakurudzo, vachawanikwa vaine nguwo dzemutambo, vachagamuchirwa naMwari uye vachange vakakodzera kubata pamwe naye muhumambo hwake uye kuzogara naye pachigaro chake chehushe. Basa iri rokucherechedza hunhu, kutsvaga avo vakagadzirira humambo hwaMwari, ndiro basa rerutongo rwetsvakurudzo, kunova kupedzisira kwebasa retembiri yekudenga.

Pachapera basa retsvakurudzo, apo mabasa evose vaiti vateveri vaKristu achange awongororwa, ipapo mutsa uchavharwa, mukova wemutsa uchapfigwa. Naizvozvo mumutsara mumwe chete, “avo vakange vakagadzirira vakapinda Naye mumutambo; musuwo ukapfigwa,” anofamba nesu mukubata kwaMuponesi kwekupedzisira, kusvikira panguva iyo apo basa guru rekuponesa vanhu richapera.

Mukubata kweTemberi yepasi pano, sezvataona, chiratidzo chebasa ririkuitwa kudenga, apo mupirisita mukuru anopinda munzvimbo tsvenetsvene paZuva reYananisiro kubata kwake munzvimbo tsvene kwaibva kwapera. Mwari akaraira, “ngakurege kuva nomunhu mutende rokusongana, kana iye achipindamo kuyananisira panzvimbo tsvene kusvikira abuda.” Revitiko 16: 17. Naizvozvo, Kristu paakapinda munzvimbo tsvene-tsvene kubata basa rake rokugumisira rokuyananisira, basa rake muzvimbo tsvene rakaguma. Asi pakapera basa rake munzvimbo tsvene, basa rake munzvimbo tsvene-tsvene rakabva ratanga. Sekubatwa kwaiitwa, mupirisita mukuru paaibuda munzvimbo tsvene pazuva rekuyananisira, aienda pamberi paMwari neropa rezvivi achiripisa pakamiririra Israeri yose, avo voga vaitendevuka pachokwadi kubva muzvivi zvavo. Saizvozvo, Kristu akange apedza chikamu chimwe chete chebasa rake semumiriri wedu, kuti apinde mune chimwe chikamu, Iye achikumbirira neropa rake pamberi pababa achimirira vatadzi vose.

Chidzidzo ichi hachina kunzwisiswa nevaimirira kudzoka kwaKristu mugore ra1844. Mushure mekufamba kwenguva apo Muponesi aitarisirwa kuuya, vazhinji vaitenda kuiti kuuya kwake kwaswedera; vakabatirira pakuti nguva yaKristu semumiriri wevanhu yakange yapera. Pakudzidza kwavo muBhaibheri, zvaitaridzwa sekunge nguva yemutsa ichavharwa kuuya kwaKristu nemakore kana kwave pedyo. Zvaitaridzika kunge zvechokwadi kuburikidza nemagwaro ayo ainongedza panguva iyo vanhu vachatsvaga, vachagogodza, uye vachachema pasuwo rengoni, asi harizozarurwi. Mubvunzo wavaiva nawo waiva pakuti zuva ravakanga vakatarisira kuuya kwaKristu raigona kusataura mavambo enguva yaizovapo kuuya kwake kusati kwasvika asi kwaswedera. Mushure mekupa chiziviso cherutongo rwaswedera, vakanzwa sekunge basa repanyika rapera uyezve vakarasa kutambudzika mumoyo izvi vachizviitira ruponeso.

Chiedza chiri nane chakabuda apo vakadzidza pamusoro pe sanjuari. Vakaona kuti vainge vasina kurasika mukutenda kuti kupera kwemadekwana namangwanani ane zviuru zviviri namazana matatu, mugore ra1844 kwaitara chiitiko chikuru, asi kunyangwe chaiva chokwadi kuti suwo renyasha netsitsi iro rakaita makore 1800 vanhu vachiwana mukana kuna Mwari, rakavharwa, kukavhurwa rimwe rekuregererwa kwezvivi mukana uyo Mwari arikupa vanhu kuburikidza nebasa raKristu muimba tsvene-tsvene. Chimwe chikamu chekubata kwake chakanga chapera, kuzarura mukana wekumwe kubata. Suwo retemberi yekudenga rakange richakazarurwa, umo Kristu aibata basa rokumirira vatadzi.

Apa ndipo paionekwa kushanda kwemazwi akataurwa naKristu munaZvakazarurwa, anotaurwa kukereke panguva ino: “Zvanzi naiye mutsvene, iye wazvokwadi, iye une kiyi yaDhavhidhi, iye unoti kana achizarura, hakuna unopfiga, kana apfiga, hakuna anozarura: ndinoziva mabasa ako, (tarira ndakaisa pamberi pako mukova wakazarurka, hakuna ungaona kuupfiga).” Zvakazarurwa 3:7, 8.

Avo chete vanotevera Kristu nokutenda pabasa rake guru rokuyananisira, ndivo chete vachagamuchira mubairo wokumiririrwa naye, asi avo vanoramba chiedza chinoburitsa pachena kubata kwake havana chavanowana. MaJudha akaramba chaedza chakapihwa pakuuya kwaKristu kwekutanga, uye vakaramba kutenda kuti ndiye Muponesi wenyika yese, havana kugamuchira kununurwa maari. Jesu, pakuenda kwake kudenga, wakanopinda neropa rake mutemberi yekudenga, kuti ape vadzidzi vake zvikomborero zvekuvamiririra, maJudha vakasiiwa vari mudima kuti vaenderere mberi nezvipiriso nemibairo yavo yakange isisina basa. Kubata basa kwetemberi yepasi rino kwakanga kwapera. Suwo iro vanhu vaiwana mukana wokusongana naMwari rakanga ravharwa. VaJudha vakange varamba kumutsvaga nenzira iyo aizowanika, mukubata kwake mutemberi kudenga. Naizvozvo vakashaya nzira yokutaura naMwari. Kwavari, suwo rakanga rapfigwa. Vakange vasina ruzivo rwaKristu sechipiriso nemumiriririri mumwechete pamberi paMwari; naizvozvo havana kukwanisa kuwana mubairo wekumiririrwa naye.

Chimiro chemaJudha aisatenda chinoratidza chimiro chokushaiwa hanya uye kusatenda kwevanhu vanozviti maKristu, vanoshaiwa hanya nebasa remuPirisita Mukuru wedu remutsa. Mukubata kwepasi rino apo mupirisita mukuru aipinda munzvimbo tsvene-tsvene, Israeri yose yaitarisirwa kuungana patemberi uyewo vachizvininipisa nekurevesa pamberi paMwari kuti varegererwe pazvivi zvavo. Zvanyanya kukosha sei patemberi yechokwadi yekudenga pazuva reyananisiro kutiwo tinzwisise basa remuPirisita Mukuru nezvatinotarisirwa kuti tinge tichiita.

Hazvigone kuti vanhu vaite maune vachiramba chenjedzo yavakapihwa naMwari mutsitsi dzake zvigopera zvakadaro. Munguva yaNoa, nyika yose yakarairwa kubva kudenga, uye ruponeso rwavo rwaizendamira pakutambira kwavaizoita rairo iyi. Nekuti vakaramba chenjedzo iyi, mweya waMwari wakabviswa mavari, vose vakaparadzwa nemvura zhinji. Munguva yaAbhurahama, tsitsi dzakauya pavanhu vaigara muSodhomu, vose vakaparadzwa nesarufa nomoto zvichibva kudenga kunze kwaRoti pamwe nomudzimai wake nevanasikana vake vaviri. Saizvozvo pamazuva aKristu, Mwanakomana waMwari akaraira kumaJudha vaisatenda, “Tarirai, masiirwa imba yenyu rava dongo.” Mateo 23: 38. Takatarisa mazuva ekupedzisira, Simba Risingaperi rinoraira, “nokuti havana kugamuchira rudo rwezvokwadi, kuti vaponeswe,” “Saka Mwari unovatumira simba rokukanganisa, kuti vatende nhema, kuti vose vasina kutenda zvokwadi, asi vakafarira zvisakarurama vatongwe.” 2 Vatesaronika 2:10-12. Sekuramba kwavakaita dzidziso dzeshoko Rake, Mwari unobvisa Mweya Wake ovasiya mukunyengerwa kwavakada.

Asi Kristu achiri mumirirriri wevanhu, uye chaedza kune avo vanochitsvaga. Kunyangwe izvi zvisina kunzwisiswa nemaAdventisti, asi zvakazova pachena shure kwaizvozo kuburikidza nemagwaro anodudzira chimiro chavo pakutenda.

Kufamba kwenguva mugore ra1844 kwakateverwa nenguva yekuedzwa kukuru kune avo vakange vakabatirira mukutenda kwekudzoka kwaJesu vakawana rugare muchaedza chainongedzera pfungwa dzavo kutemberi yekudenga. Rimwe boka rakabatirira pakuti Ishe akange avatungamira pakutanga; uye pavairindira vachinyengetera kuti vazive kuda kwaMwari, vakaona kuti muPirisita Mukuru wavo akange apinda mune kumwe kubata kwake, uye, vakamutevera nekutenda, vakasvika pakunzwisisa basa rekupedzisira rekereke. Vakava nekunzwisisa kwakanyanya kwemwadhi yekutanga neyechipiri yemutumwa, uye vakange vagadzirira kugamuchira nekupa pasi rose ruchenjedzo rwemutumwa wechitatu pana Zvakazarurwa 14.

Chitsauko 25 Mutemo waMwari unogara nekusingaperi

“Iikavonekwa mutembere yake” Zvakazarurwa 11:19. Areka yaMpapo temberi yaMwari iri kudenga yakazarurwa areka yesungano wari yesungano iri munzvimbo tsvene tsvene, kamuri rechipiri reSenjuari. Mukushumira kweTebhenekari yaive pano pasi, iyo yaishanda “semufananidzo nemunongedzo wezviri kudenga, mupanda iwoyu waizarurwa bedzi pazuva guru rekuyananisira iyo yaive nzira yekuchenesa Senjuari. Naizvo, kudanidzira kwekuti Temberi yaMwari yazarurwa kudenga uye areka yesungano yakaonekwa zvainongedzera kukuzararurwa kwenzvimbo tsvene tsvene yeSenjuari yekudenga mugore ra1844 apo Kristu akapindamo kunoita basa rekupedzisira rekuyananisira. Avo vanekutenda uye vachitevera muPurisita mukuru apo anopinda munzvimbo tsvene tsvene kunoita basa rake vakaona areka yesungano. Apo vaidzidza zvineudzamu chidzidzo cheSenjuari vakasvika pakunzwisisa kushanduka kwebasa rakristu rekushumira zvakare vakaona kuti akange ave kushumira ari pamberi peAreka yaMwari, achireverera vatadzi kuburikida neropa rake.

Areka yemuTebhenekari yepano pasi yaive nemaHwendefa maviri emabwe, apo pakanga pakanyorwa mutemo waMwari. Areka waive mudziyo bedzi wekutakurira mabwe emitemo uye uvepo hwemitemo iyi ndihwo hwaipa kukosha nehutsvene pairi. Apo temberi yaMwari payakazarurwa kudenga, areka yesungano yakaonekwa. Mukati menzvimbo tsvene tsvene kudenga ndimo makachengetedzwa mitemo iwo uya wakataurwa naJehovha pachake ari pakati pekutinhira kukuru muGomo reSinai uye akanyora mutemo nemunwe wake pamabwe maviri.

Mutemo waMwari uri muSenjuari yekudenga ndiwo wekutanga chaiwo, naizvo mutemo wakanyorwa pamahwendefa emabwe iya yakachengetedzwa naMoses muPentateuch mutemo usina chaunopomerwa. Avo vakasvika pakunzwisisa pfungwa iyi vakatungamirirwa kusvika pakuona hutsvene, kukosha uye kusashanduka kuripamitemo yaMwari. Vakaona, sezvakanga zvisina kumbodaro kare simba nehudzamu mumashoko aMuponesi: ”kusvikira denga nepasi zvichipfuura, yota imwe kana tsanga imwe yemurairo hazvingatongopfuuri.” Mutemo waMwari unowa ndiwo unoratidza zvinodiwa naMwari, chiratidzo chechimro chaJehovha, uye chiratidzo chekuti iye akadii unofanira kugara nekusingaperi “sechapupu mudenga.” Zvakare hapana kana mutemo mumwechete wakabviswa. Mapisarema anoti “shoko renyu rakasimba kudenga nekusingaperi,Jehovha. Mirairo yake yakasimba,yakasimbiswa nokusingaperi peri”Mapisarema 119:89;119:7,8.

Pakati pemitemo inegumi ndipo pane mutemo wechina sekupihwa kwawakaitwa naMwari pekutanga.”Rangarira zuva resabata ,kuti urichengete rive dzvene. Ubate mazuva matanhatu, uite Mabasa ako ose; asi zuva rechinomwe isabata raJehovha Mwari wako, usatongobatamabasa naro iwe, kana mwanakomana wako, kana mwanasikana wako,kana muranda wako, kana murandakadzi wako,kana zvipfuyo zvako,kana mweni wako

urimukati mamasuwo ako,nokuti namazuva matanhatu Jehovha wakaita denga napasi, negungwa,nezvose zviri mukati mazvo, akazorora nezuva rechinomwe; naizvozvo Jehovha wakaropafadza zuva resabata akariita dzvene." Eksodo 20:8-11

Mweya waMwari wakataura nemwoyo yevadzidzi weshoko rawo. Mweya waMwari akataura nekutsimbidzira kusvika vanzwisisa kuti ivo mukusaziva kwavo vakanga vachitotyora murairo nekusacherechedza zuva remusiki. Vakatanga kuita tsvagurudzo yechikonzero chekuchenetedzwa kwezuva rekutanga kwevhiki panzvimbo yezuva rakaitwa dzvene naJehovha. Vakashaya tsigiro mushoko raMwari yekuti murairo wechina wakabviswa, kana kuti sabata rakashandurwa,chikomborero chakatanga kuisa sabata padivi hachina kubviswa.Vaitsvaga nekuperera kuziva zvinodiwa naMwari,apo vakaona kuti ivo vaputsi vemirairo yaMwari,urombo nekusuwa zvakazadza mwoyo yavo,vakatanga kuratidza kuzvipira kwavo kuna Jehovha kuburikidza nekuchengeta sabata riri dzvene.

Kune zvizhinji zvakaitwa nemuvengi kuedza kuputsa Rutendo rwavo. Hapana akanga asingazvioni kuti kana senjuari yepano pasi urimufananidzo weyekudenga, mutemo waive muareka pano pasi waive mumwechete neuri muareka irikudenga; uye kugashira chokwadi chesenjuari yekudenga zvinosanganisira kugashira zvose zvinorairwa nemutemo waMwari kusanganisira nemutemo wechina. Ndipo panechahwanzika cheshungu nekupikiswa kwekubatana pamwechete kwechokwadi chinoburitsa basa rakristu Jesu muTebhenekari yekudenga. Vanhu vakatsvaga kupfiga musuwo uyo Mwari vakanga vazarura, nekuda kuzarura musuwo wakanga wapfingwa kare naMwari. Asi "iye unoti kana achizarura, hakuna unopfiga, kana achipfiga hakuna unozarura; Iye unoti "tarira ndakaisa pamberi pako mukova wakazarurwa hakuna ungaupfiga" Zvakazarurwa 3:7,8. Kristu akanga azarura mukova kana kuti basa rekushumira munzvimbo tsvene tsvene, chiedza chaivheneka zvichibva nepamukova wakazarurwa muSenjuari yekudenga, zvakare mutemo wechina wakaratidzwa uripo pamwechete nemitemo yose yakachengetedzwa imomo, izvo zvakaiswa nekusimbiswa naMwari hakuna munhu unogona kuzviputsa.

Avo vakanga vagashira chiedza chebasa rekumiririra kwaKristu uye kuti mutemo waMwari unogara nekusingaperi vakaona kuti ndiyo zvokwadi inobuditswa pana Zvakazarurwa 14. Mashoko anokosha echitsauko ichi anenyevero nhatu dzinokosha zvikuru pakugadzirira vagari vepanyika apo vakatarisana nekuuya kwaKristu muponesi. Kudanidzira kwekuti "nguva yake yekutonga yasvika' kunonongedzera kupenderwa kwebasa raKristu rekushumira kuti vanhu vaponeswe. Inopardzira chokwadi chinofanira kuparidzwa kusvikira basa remuponesi semumiriri rapera, apo anodzoka kubva kudenga kuzonotora vanhu vake. Basa rerutongo rakatanga mugore ra1844 rinofanira kuenderera mberi kusvikira nyaya dzevanhu dzese dzevakafa nevapenyu dzapera kuongororwa, kusvika apo mutsa wevanhu uchavharwa. Kuitira kuti vanhu vagadzirire kumira parutongo, vhangeri rinoraira vanhu kuti "vatye Mwari nekupa mbirir kwaari" "nekunamata iye akasika denga nenyika negungwa, namatsime emvura." Matuso akanaka ekugashira

mashoko iwaya akapihwa mushoko rinoti “ Ava ndivo vanochengeta mitemo yaMwari, nekutenda kwavo munaKristu.” Kuti vanhu vagone kugadzirira rutongo rwuri kuuya, zvinokosha kuti vanhu vachengetedze mitemo yaMwari. Mutemo iwoyo ndiwo uchashandiswa kuongoro chimiro chemunhu pamusi werutongo. Muapositora Pauro anoti “vose vakatadza vanomurairo, vachatongwa nomurairo” pazuva iro Jehovha, Mwari raanozotonga naro zvakavanzika zvavanhu, naJesu Kristu.” Anoti zvakare “vaiti vemurairo vacharuramiswa” VaRoma 2:12-16. Kutenda kunokosha zvikuru takatarisana nenyaya yekuchengetwa kwemutemo waMwari nekuti “pasina kutenda hazvibviri kumufadza” uye kuti “zvose zvisingabvi pakutenda, zvivi” VaHeberu 11:6; VaRoma 14:23.

Nengirozi yekutanga vanhu varikukokwa kuti “vatye Mwari, nekupa mbiri kwaari”uye nekumunamata semusiki wedenga nenyika. Mukuita izvi vanofanirwa kuchengeta mutemo waMwari. Mambo Solomon anoti “Itya Mwari, uchengete mirairo yake; nokuti ndizvo zvakafanira vanhu vose” Muparidzi 12:13. Pasina kuteerera mirairo yaMwari hapana kunamata kunofadza pamberi paMwari. “Nokuti rudo rwaMwari ndirwo kuti tichengete mirairo yake;” “Unoramba kunzwa murairo nenzeve yake, kunyange nemunyengetero wake unonyangadza.” Zvirevo 28:9.

Basa rekunamata Mwari rakatsamira papfungwa yekuti iye ndiye musiki uye kuti maari zvinhu zvose zvinorarama. Zvakare pega pega muBhaibheri panotaurwa kunamatwa nekuremekedzwa kwake pamusoro pevamwari wevahedheni, panobuda umboo hwakakwana hwesimba rake rekusika. “Nokuti vamwari vose vendudzi zvifananidzo hazvo; Asi Jehovha wakaita kudenga denga.” “Ko zvino mungandifananidza nani, kuti ndiinzane naye? Ndizvo zvinotaura mutsvene. Tarirai kumusoro nemeso enyu, muvone kuti ndiyani wakasika izvozvi.”

“Nokuti zvanzi naJehovha wakasika nyika nokuiita; ndini Jehovha hakunomumwe” Isaya 40:25,26; 45:18. Pisarema rinoti: “Zivai kuti Jehovha ndiye Mwari, ndiye wakatiita, tirivanhu vake.” “Uyai tinamate tikotamire pasi, ngatipfugame pmberi paJehovha muiti wedu” Pisarema 100:3;95:6. Uye ngirozi kudenga dzinonamata Mwari dzinoisa chikonzero chekunamata Mwari nemhaka yekuti “imi Ishe, Mwari wedu, makafanira kuti muvigirwe kubginya nekukudzwa, nesimba, nokuti ndimi makasika zvinhu zvose.” Zvakazarurwa 4:11.

Muna Zvakazarurwa 14, vanhu vanodaidzwa kuti vanamate musiki; zvakare chiporofita chebhaibheri chinoisa pachena boka, iro nekuda kweshoko rekunyevera rengirozi nhatu varikuchengeta mirairo yaMwari. Umwe yemirairo iyoyi unonongedzera kuna Mwari semusiki. Mutemo wechina unoti “asi zuva rechinomwe isabata raJehovha: . . . nokuti namazuva matanhatu, Jehovha wakaita denga nepasi,negungwa,nezvose zviri mukati mazvo, akazorora nezuva rechinomwe, naizvozvo Jehovha wakaropafadza zuva resabata akariita dzvene” Eksodo 20:10,11. Pamusoro pesabata Jehovha vanoti “chiratidzo

. . . kuti muzive kuti ndini Jehovha Mwari wenyu" Ezekieri 20:20. Zvakare chikonzero chinopihwa: "Nekuti mumazuva matanhatu Jehovha wakaita denga nepasi, asi nezuva rechinomwe akazorora, akasimbiswa" Eksodo 31:17.

"Kukosha kwezuva resabata sechirangaridzo chekusika kuri pakuti rinoisa pachena chikonzero kuti nemhaka yei Mwari musiki vachifanira kunamatwa ivo voga, nemhaka yekuti ndivo musiki, uye isu tiri zvisikwa." Nekudaro sabata rinoumba hwaro hwekunamatwa kwaMwari, sabata rinodzidzisa nenzira yakajeka zvekuti hapana zve imwe yakajeka kupfuura iyoyi. Hwaro hwechokwadi pakunamata Mwari hauzi pakungoti zuva rechinomwe bedzi, asi pakunamata kwose kunobuda pachena pakuti Mwari musiki zvimwe zvese zvisikwa. Pfungwa iyoyi haifaniri kukanganikwa kana kuraswa." -J. N. Adrews,History of the Sabbath Chitsauko 27.

Nemhaka yekuda kuchengetedza chokwadi ichi mupfungwa dzevanhu, Mwari wakaisa sabata mubindu reEden, nekudaro chikonzero chekuti Mwari ndiye musiki chinoita kuti arambe aine kodzero yekunamatwa zvakare sabata richiita basa rekurangaridza munhu kwaakabva. Dai sabata raichengetwa mupasi rese, pfungwa dzemunhu, nezvidiso zvake zvaizotungamirirwa kumusiki saiye ega akakodzerwa nekukudzwa uye nekunamatwa, uyezve kwaisazombowanikwa vanhu vanonamata zvifananidzo, vanoramba kuti hakuna Mwari, kana vapanduki. Kuchengeta sabata chiratidzo chekuteerera Mwari weChokwadi, " Iye akasika denga, nenyika,negungwa, namatsime emvura." Zvinoteera pakuti shoko rekuraira kuti vanhu vanamate Mwari uye nekuchengeta mirairo yake ririkuvakokera kuti vachengete mutemo wechina wesabata.

Mukuenzanisa avo vanochengetedza mitemo yaMwari nekutenda kuna Kristu Jesu, ngirozi yechitatu inonongedzera kune rimwe boka, iro rinopiwa nyevero inotyisa nekuvhundutsa: "Kana munhu akanamata chikara nemufananidzo wacho, nokugamuchira chiratidzo pahuma yake kana paruoko rwake, naiye uchanwa vo waini yokutsamwa kwaMwari" Zvakazarurwa 14:9,10. Nzira chaiyo yezvokwadi yekududzira mifananidzo yakashandiswa inokosha zvikuru kwazvo kuti tinzwisise mashoko anokosha aya. Chikara, mufananidzo, nechiratidzo zvinomirira chii? Mifananidzo iyi nezviporofita zvacho zvinotanga kuwanikwa muna Zvakazarurwa 12, apo shato yakatsvaga kuparadza Kristu pakubarwa kwake. Shato iyi anonzi ndiSatan (Zvakazarurwa12:9); ndiye akagara panaHerudhe kuti auraye muponesi. Asi mudziyo mukuru wakashandiswa naSatani kuita hondo naKristu nevanhu vake kubva munguva yekutanga kwesangano remakristu uMambo hweRoma, umo tinoona kunamatwa kwezvifananidzo kwakakurumbira. Shato mukumwekutaura ndiye Satan, asi achishandisa umambo hwepakutanga hweRoma.

Muchitsauko 13 (Mavhesi 1-10) panotsanangurwa zve zvechimwe chikara, "chakaita sembada"icho chakapihwa simba neshato, nechigaro, nemasimba." Chiratidzo ichi, sekududzirwa kwachinoitwa nemaProtestants (kureva masangano akabuda kubva

musangano reRoma) vanotenda kuti zvinomirira chitendero chana Papa icho chakatora chigaro nemasimba zvakanga zvakambobatwa neumambo hweRoma hwaiveko kare. Pamusoro peChikara chakaita sembada zvinonzi “akapihwa mashoko okumhura nawo Mwari nekutaura zvikuru. . . . Akashamisa muromo wake kumhura Mwari nezita rake, neTebhanekari, neavo vanogara kudenga. Akapuhwa masimba ekuita hondo nevatsvene vaMwari, nekuvakunda, nesimba, zvakare chakapihwa simba pamusoro pendudzi dzose nendimi dzose.” Chiporofita ichi chinetsanangudzo dzekarunyanga kadiki kekuna Danieri7, chinonongedzerazve zvisina mubvunzo kumasimba echiRoma (Papacy).

“Chakapiwa simba kuti chizviite mwedzi inamakumi manna nemaviri.” Muporofita anoti, ”mumwe musoro wacho wakakanga wakaita sowakakuvadzwa kusvikira parufu.” Zvakare,” kana munhu achitapa, uchatapwa; kana munhu achiuraya nemunondo unofanira kuvurawa nemunondo.” Mwedzi inamakumi maviri inguva imwechete neiya “nguva imwe nedzimwe nguva nehafu yenguva.” Makore matatu nehafu, kana kuti makore anechuuru nemazana maviri nemakumi matanhatu {1260} ekuna Danieri 7; nguva iyo masimba eRoma akanga achizodzvinyirira vanhu vaMwari. Nguva iyi sekutsanangurwa kwainoitwa muzvitsauko zvinotevera, inotanga nekutonga kwana Papa mugore raA.D 538, kwakazonoguma mugore ra1798. Panguva iyoyo Papa aiveko akatapwa nehondo yechiFrench, ipapo masimba eRoma akagashira ronda zvakanga zvakaporofitwa zvakabva zvazadziswa panguva iyoyo, “kana munhu achitapa, uchatapwa.”

Panguva iyi tinoona zvakare mumwe mufananidzo uchiuya. Muporofita anoti: ”Zvino ndakaona chimwe chikara, chichikwira, chichibva panyika, chakanga chinenyanga mbiri sedzegwayana.” Kuuya kwechikara ichi nemasimukiro achakaita anoratidza kuti nyika yachirikumirira yakasiyana nedzimwe dzepakutanga. Nyika dzaive nemukurumbira dzakatonga pasi rese dzinotsanangurwa namuporofita Daniel achishandisa mhuka dzemusango, dzakasimuka, “apo mhepo ina dzokudenga dzakamutsa gungwa guru.” Danieri 7:2. Muna Zvakazarurwa 17:15, ngirozi inotsanangura kuti mvura inomirira kana kureva “vanhu, navazhinji, namarudzi, nendimi.” Zvakazarurwa 17:15. Mhepo inomirira kana kuti mufananidzo wehondo. Mhepo ina dzekudenga dzakarova pagungwa guru dzinomiririra hondo huru dzinotyisa dzekukurira uye neshanduko idzo dzakaita kuti humambo hwakasiyana siyana huwane masimba ekutonga.

Asi chikara chakanga chine nyanga sedzegwayana chakaonekwa” chichibuda kubva panyika.” Panzvimbo yekukurira humwe humambo nemasimba kuti huvepo, umambo uhu hwakasimuka huchibva panyika kana kuti nzvimbo yakanga isingagari vanhu, saka hwakasimuka zvishoma nezvishoma zvinerunyararo. Umambo uhu kana kuti nyika iyi isina kubva kana kutangira munzvimbo “inevanhu, nevazhinji, nenyika, nendimi” inowanikwa bedzi kunyika dzekumavirira zuva.

Kunenyika yakasimuka kuva nemasimba mugore ra1798 ikavimbisa kuva nemasimba nekukura, nyika zhinji dzikatarira kwairi zvakanyanya. Mufananidzo uyu unobudisa pachena nekunongedzera kuti inyika yeUnited States of America. Kakawanda pfungwa iyi inobuditswa nevanyori venhorondo nevadetembi vachitsanangura kusimuka kwenyika yeAmerica. Chikara chakaonekwa “chichibva panyika”vanotsanangura nekuongorora mazwi nekuadudzira vanoti mashoko ekuti “coming up” kusimuka kana kuti kubva anomiririra chinhu “chinokura zvishoma nezvishoma sezvinoi ta miti kana kuti zvirimwa. Zvakare sezvataona United State of America yakatangira muzvimbo yakanga isina vanhu vaigara imomo.Umwe munyori anemukurumbira anotsanangura kusimuka kwakaita nyika yeUnited States of America achiti “sembeu inokura chinyararire Takakura kusvika pakuva umambo hukuru. -G.A.Townsend, The New world Compared with the Old, peji 462. Chimwe chinyorwa cheku Europe mugore ra1850 chinotsanangura nyika yeUnited States of America senyika inekushamisa kukuru yakanyuka chinyararire asi “zvinesimba nemukurumbira.” The Dublin Nation.

“Chikara chakanga chinenyanga mbiri segwayana.” Nyanga mbiri dzegwayana dzinoratidza udiki, kushaya chipomerwa, neunyoro, zvinonyatsowirirana nehunhu hwe United States of America sekutsanangurwa kwazvinoitwa nemuorofita kuti yakanyuka muna 1798. Pakati pemakristu akatanga kutizira kuAmerica vachitsvaga kwekupotera vachitiza kudzvinyirirwa munyaya dzekunamata vakatsvaga kuva nehurumende yakasununguka panyaya dzekunamata. Zvakare Bumbiro remitemo yavo raikurudzira kodzero dzekuzvitonga kuzere, raive nevamiriri vaisarudzwa nevanhu ndivo vaizoita kuti mitemo ishande sezvinodiwa nevanhu. Kusununguka pachitendero kwakapihwazve mubumbiro remutemo rakagadzirwa nenzira yekuti munhu wese aizonamata Mwari akasununguka. ChiProtestant neChiRepublican zvakave hwaro hwekugadzirwa kwenyika yeAmerica. Mamillion mazhnji evanhu vakatizira kuUnited States of America zvakaita kuti nyika iyi iwe yedzimwe nyika dzinesimba.

Asi chikara ichi chinenyanga mbiri sedzegwayana,”chakataura seshato. Chinobata nemasimba ose echikara chekutanga pamberi pacho. Chinomanikidza nyika nevagere mukati mayo kuti vanamate chikara chokutanga chiya chakapora vanga rokuuraya racho. . . chichiti kune vanogara panyika kuti vaitire chikara mufananidzo, chiya chakanga chinenevanga romunondo chikararama.” Zvakazarurwa 13:11-14.

Kuva nenyanga mbiri sedzegwayana nekutaura seshato mumufananidzo uyu zvinhu zviviri zvakatosiyana kana takatarisa zvinopupurwa nekuraramwa nenyika irikumiriririrwa.Kunonzi kutaura kwenyika zvinoreva Mabasa nekushandiswa kunoitwa mutemo mumatare enyika iyoyo. Nekuda kwemararamiro iwayo inopikisana nemitemo yerugare nekusununguka iyo inowa hwaro hwebumbiro ravo. Chiporofita chekuti chichataura, ”seshato” nemasimba achakapihwa nechikara chekutanga ”zvese izvi zvinonongedza kukuuya zvishoma nezvishoma kwemweya wekudzvinyirira

nekutambudza vatsvene kwakaitwa nehumambo hwekare hunomiririrwa neshato uye nechikara chakaita sembada. Zvakare mutsara wekuti “chikara chinenyanga mbiri,” chakaita kuti vanogara panyika “vanamate chikara chekutanga” zvinoratidza kuti masimba enyika kana kuti hushe uhwu huchange huine nzira yekumanikidza vanhu kunamata kwenhema kwana Papa.

Maitiro aya anopikisana zvikuru nezvimiso zvehurumende yenyika iyi. Vakatanga nenyika iyi vakatsvaga zvikuru kuti masimba enyika asapindire munezvekereke, nekuda kwezvinozoitika sekusagashirana nekutambudzwa. Bumbiro remutemo wenyika iyi rinoti “masimba makuru enyika ekugadzira mitemo haazogadziri mutemo unokanganisana nechitendero, uye kutadzisa vanoda kunamata zvakasununguka,” zvakare kuti “chitendero hachizoshandiswi pakutsvagwa kwebasa muhurumende yeAmerica.” Asi kusateedzerwa kwebumbiro iri ndiko kurikutaurwa nemufananidzo, kuti chikara chiya chinenyanga mbiri sedzegwayana, mune zvinotarisirwa, chinoita sekuti hachikuvadzi, chineunyoro, uye chakachena- asi chichitaura seshato. “chichiti kune avo vanogara panyika,kuti vanofanira kuitira mufananidzo wechikara” Apa zvinoisa pachena urongwa hwehurumende iyo masimba ayo arimuvanhu, zvinobva zvabuda pachena kuti nyika irikurehwa nechiporofita ndeye United states of America.

Asi chii chinombonzi” mufananidzo wechikara?” uye kuti uchagadzirwa sei? Mufananidzo unoitwa ne chikara chinenyanga mbiri sedzegwayana, asi uri mufananidzo wechikara. Unodaidzwa zvakare uchinzi mufananidzo wechikara. Kuti tidzidze kuti mufananidzo wakaitasei uye kuti uchagadzirwa sei tofanira kudzidza nekuongororora hunhu hwechikara chacho.

Apo sangano rekutanga rakatanga kusvibiswa nekubva pavhangeri rechokwadi vachigashira mitambo, netsika dzechihedheni, rakabva rarasikirwa nomweya uye nesimba raMwari, saka kuti vagone kuramba vakabata pfungwa dzevanhu vaitungamira kereke nguva iyoyo vakatanga kutsvaga rutsigiro kumasimba ekunyika. Ndipo pakabva pazotanga masimba ehuPapa, kereke inemasimba anobata nekunyika zvikuru pakuranga avo vanenge vachinzi vane dzidziso dzakatsauka. Kuti United States of America igone kuita mufananidzo wechikara, masimba echitendero anofanira kutorera hurumende masimba kuitira kuti kereke ishandise hurumende nenzira yainoda.

Pega pega apo kereke inotora masimba kunyika, yaishandisa masimba iwayo kunyararidza avo waisimudza musoro zvikuru vachitsiura nyaya dzedzidziso dzinopesana neshoko raMwari. Makereke ese echiProtestant akatevedzera mumatsiko ekereke yeRoma kuita sungano nemasimba enyika akaratidza zve tsika imwecheteyo yekurambidza vanhu kunamata nepfungwa dzakasununguka. Tine muenzaniso wakanaka kubva pakereke yeEngland yakatambudzawo vanhu vazhinji zvakare kwenguva yakareba avo vaive nekunzwisisa nekufunga kwakasiyana navo. Munguva ye16 ne17th Century zviuru

zvevafundisi vakaramba dzidziso dzakarasika dzemakereke avo vakamanikidzwa kutiza nekubuda mumakereke avo, vamwe vanhu vakabhadhariswa mari, vamwe vakaiswa mumatirongo, kushungurudzwa, vamwe vakauraiwa.

Kwaive kutsauka kwakatungamirira kereke yenguva yekutanga kuti itsvage rubatsiro kubva kuhurumende dzenyika, izvi ndizvo zvakatungamirira kukuvamba kwehutongi hwaPapa (Papacy) kana kuti chikara. Pauro anoti: “ Pachave” nekutsauka, . . . nomunhu wezvivi.” 2 VaTesaronika 2:3. Nokudaro kutsauka kwekereke kunogadzirira nzira kugashirwa kwemufananidzo wechikara.

Bhaibheri rinoisa pachena kuti Ishe vasati vauya kuchavapo kuneta nekutsauka kukuru kwakangofanana nekwakaitika munguva yakararama kereke yekutanga. ”Zvino uzive chinhu ichi, kuti namazuva okupedzisira nguva dzokutambudzika dzichasvika. Nokuti vanhu vachava vanozvida, vanoda mari, vanozvirumbidza, vanotuka, vasingateereri vabereki, vasingavongi, vasati vari vatsvene, vasinorudo chairwo, vasingadi kuyanana, vanochera vamwe, vasingazvidzori, vane hasha, vasingadi zvinhu zvakanaka, vanonyengera, vasingarangariri, vanoita manyawi, vanoda zvinofadza zvenyika kupfuura Mwari; vane mufananidzo bedzi wekunamata Mwari, asi vakarasa simba rako.” 2 Timotio 3:1-3.

”Zvino mweya unoreva pachena,kuti panguva dzinouya vamwe vachatsauka pakutenda, vachiteerera mweya inonyengera nedzidziso dzemweya yakaipa” 1 Timotio 4:1. Satan achashanda “nezviratidzo, nezvinoshamisa zvenhema, nekunyengetera kwese kwekusarurama.” Avo vose “vasingagashiri rudo rwechokwadi kuti vaponeswe”vachasiiwa kuti vagashire kunyengera kunesimba kuti vatende nhema.” 2 Vatesaronika 2:9-11. Kana uipi hwasvika pachimiro chakadai, zviya zvakaitika munguva yekutanga zvichadzokororeka zvakare.

Musiyano wakakura pakutenda urimo mumakereke echiProtestant unoonekwa nevazhinji sehumboo hwekuti hapana masimba kana kumanikidza kurikuitwa kuti pave nehumwe pakutenda kungave kuri kuitwa. Asi kwemakore mazhinji pfungwa yekuda kubatana iyi zvikuru vakanangana nedzidziso dzavanowirana irikuonekwa ichikura chaizvo. Kuti pasvikwe pachidanho chekubata hurukuro dzinechekuita nezvidzidzo zvavasingawirarane vanoti ivo zvinofanira kuregwa kana kuiswa padivi.

Kana makereke anemukurumbira muAmerica abatana pane zvawanowirirana pakutenda, vachakonzeresa kuti hurumende imanikidzire mitemo nedzidziso dzavo. Kana zvadaro Protestent America inenge yatoita mufananidzo weRoma nekumanikidzira kuti pave mutemo wekuti asingatevedzeri zvidiso zvavo anopihwa murango mukuru.

Chikara chinenyanga mbiri sedzegwayana “chakaraira kuti vose vakuru nevaduku, vakapfumi nevarombo, vakasununguka nevakasungwa, kuti vagashire chiratidzo muruoko

rwerudyi, kana pahuma dzavo: kuti parege kuva neanogona kutenga kana kutengesa, kunze kweavo vanechiratidzo, kana zita rechikara, kana chiverengo chezita racho." Zvakazarurwa 13:16,17. Nyevero yengirozi yechitatu inoti: "Kana munhu akanamata chikara nemufananidzo wacho, nekugashira chiratidzo pahuma yake kana paruoko, uchanwa waini yekutsamwa kwehasha dzaMwari." Chikara chirikutaurwa ichi icho chichamanikidzirwa kuti chinamatwe, ndicho chikara chekutanga chiya chakaita sembada chekuna Zvakazarurwa 13.

Mushure menyevero,yakasimba pamusoro pekunamatwa kwechikara nemufananidzo wacho, chiporofita chinoti: "Ndipo panekutsungirira kwevatsvene, vanochengeta mirairo yaMwari nekutenda kwaJesu. Nekuda kwekuti avo vanochengeta mitemo yaMwari varikuenzaniswa neavo vanonamata chikara nemufananidzo wacho nekugashira munembo, zvinoreva kuti kuchengetwa kwemutemo waMwari nerimwe divi uye kuputwsa kwawo nerimwe divi ndizvo zvichapa musiyano pakati pevanonamata Mwari neavo vanonamata chikara.

Chimiro chiripachena chechikara nemufananidzo wacho uripakutyora mutemoto waMwari. Daniel anoti,pamusoro pekarunyanga kadiki: "Achafunga mano ekushandura nguva nemirairo." Danere 7:25, Pauro anotsanangura zve masimba mamwechete iwaya anoti; "murume wezvivi" akazvisimudzira pamusoro paMwari. Kubudikidza nekushandura mutemo waMwari chikara {Papacy} chinenge chazvisimudzira pamusoro paMwari; uyo anoenderera mberi nekuchengeta mitemo yaMwari sekudzidzisa kunoitwa nechikara iyeye arikurumbidza masimba anorwa naJehovha.

Chikara chakaedza kushandura mutemo waMwari. Mutemo wechipiri unorambidza kunamatwa kwezvifananidzo wakabviswa paneimwe, zvakare mutemo wechina wakashandurwa kuti kuchengetwe zuva rekutanga kwevhiki panzvimbo yesabata raJehovha remusi wechinomwe. Asi vana Papa vanokurudzira sechikonzero chekusiya mutemo wechipiri vachiti hazvina mhaka kana ukasaiswa panemimwe, vanoenderera mberi vachiti tirikungopa mutemo semapihwirwo azvakaitwa naMwari. Shanduko iyi haingava iyo yakarehwa nemuporofita. Muprofita anobuda pachena zvakanayanya apo anoti; "Uchatsvaka kushandura nguva nemurairo. . . ." Kushandurwa kwemutemo wechina kunozadzisa chaizvo chaizvo zvakaprpfitwa. Nekudaro chikara chakazvisimudzira kuenda pamusoro paJehovha.

Apo vana vaMwari vanonamata vachaonekwa zvikuru nekuchengeta nekusimudzira mutemo yese kusanganisira newechina, nekuti mutemo wechina ndicho chiratidzo chemasimba ekusika aMwari uye chiri chapupu chinopupura kuti ndiye akakodzerwa nekukudzwa nembiri. Kunerimwe divi vanamati vechikara vachaonekwawo nekusakoshesa chiratidzo chaMwari chekutindiye musiki, kuti vagosimudzira mutemo wevanhu. Kupanduka kukuru kwana Papa kunobuda ipapa. Pavakatora masimba enyika

vakabva vamanikidzira kuchengetwa kwezuva reSvondo sezuva raJehovha. Asi Bhaibheri rinonongedzera kuzuva rechinomwe, kwete kunerekutanga sezuva raJehovha. Jesu Kristu anoti, ”Mwanakomana wemunhu ndiye Ishe wesabata.” Mutemo wechina unoti: ”Zuva rechinomwe isabata raJehovha,” zvakare kuburikidza namuporofita Isaya Jehovha akaisa zuva iri parutivi akariti: zuva rangu dzvene.” Marko 2:28; Isaya 58:13.

Pfungwa inoparidzwa nevamwe yekuti Kristu akashandura sabata inorambwa pachena nemashoko aJesu pachake. Pamharidzo yake yepagomo Jesu anoti; ”Musafunga kuti ndakauya kuzoparadza murairo, kana vaprofita: handina kuuya kuzoparadza, asi kuzadzisa. Zvirokwazvo ndinotikwamuri kusvikira denga nenyika zvichipfuura yota imwe kana tsanga imwe yemurairo hazvingatongopfuuri zvese zvisati zvazadziswa. Naizvozvo uyo unodarika nekutyora mimwe yemurairo muduku uyu, achidzidzisa vamwe kudaro, uchanzi muduku muhumambo hwedenga: Asi uyo unoita nekuidzidzisa, uchanzi mukuru muhumambo hwekudenga.” Mateo 5:17-19.

Ipfungwa inozikanwa nekutendwa nemaProtestants kuti hapana muBhaibheri pakapihwa masimba ekushandurwa kwesabata. Zvakare kereke yeRoma inogashira kuti shanduko yesabata yakaitwa naivo uye ivo vanoti makereke ese emaprotestant kuburikidza nekuchengeta zuva resvondo varikuremekedza masimba echikaturike.

Sechiratidzo chesimba rayo kereke yeRoma inoti ”iko kutoshandura sabata kubva kuSabata kuendesa kuSvondo,I zvo zvakagashirwa nemaprotestant- nekuti kuburikidza nekuchengeta Svondo vanogashira masimba ekereke ekuisa mitambo, nekuregerera zvivi.” Henry Tuberville, An Abridgment of the Christian Doctrine, peji 58.

Kune makristu ekare vakachengeta svondo, vachifunga kuti mukudaro vakanga varikutochengeta sabata remubhaibheri mukusaziva. Mwari vanogashira kurevesa kwavo nehumhare hwavo pamberi pavo. Asi kana Svondo yavekumanikidzwa, nyika ichapihwa chiedza chesabata, naizvozvo uyo unoputsa murairo waJehovha nekuda kuteerera munhu anenge avekunamata munhu panzvimbo yaMwari. Anenge akunamata chikara nemufananidzo wacho. Kusvikira nyaya yave kuzikanwa nekuperera pamberi pevanhu, uye vachadeedzerwa kuti vasarudze pakati pemutemo waMwari nemutemo wemunhu, kuti avo vanoramba vachiputsa mirairo yaMwari vachiziva vachagashira munembo wechikara.

Kana kune nyevero inotyisa yakambopihwa kuvanhu panyika ndiyoyi yeShoko rengirozi yechitatu. Chitema chikuru chaizvo chingaitwe nemunhu chichaita kuti hasha dzaMwari dzigoburuka dzisina kuvhenganiswa nenyasha dzake. Vanhu havafanirwi kusiiwa vari murima panyaya iyi inokosha zvakadai; nyevero pamusoro pechitema ichi inofanira kupihwa kunyika marutongo aJehovha asati asvika, kuti vanhu vese vazive nekuita sarudzo dzekunzvengeswa. Chiporofita chebhaibheri chinoti ngirozi yekutanga ichaparidzira “kundudzi dzose, namarudzi ose, nendimi dzose, navahu vose. ”Naizvozvo nyevero kana kuti chenjedzo yengirozi yechitatu inova iyo yakangobatana nedzimwe

ngirozi mbiri dzekutanga inofanirawo kuparariira pasi rese. Muchiporofita chebhaibheri zvinotaurwa zvichinzi shoko iri rakadaidzirwa nenzwi guru, nengirozi yaibhururuka pakati pedenga; zvichireva kuti nyika yese yakafanira uye inofanira kuziva.

Mukurwiwa kwehondo iyi vanonamata vose vachapinda muzvipoka zvikuru zviviri; kune avo vanochengeta mutemo waMwari nekupupura kwaJesu, neavo vacchanamata chikara nemufananidzo wacho, nekugashira munembo wechikara. Kunyangwe zvazvo kereke nehurumende zvichabatanidza masimba azvo kuti “vose vakaruru nevediki, vakapfuma nevarombo, vakasungwa nevakasununguka,” Zvakazarurwa 13:16, vagashire “munembo wechikara,“ asi vanhu vaMwari havazogashiri munembo. Muporofita mukuru wepaPatimose anoona avo vakakurira chikara nemufananidzo wacho, nechiratidzo chacho, nechiverengo chezita rake vamire pamusoro pegungwa rinovhenekera, vanorudimbwa rwaMwari, vakanga vachiimba rwiyo rwaMosesi neGwayana.”

Chitsauko 26 Basa rerumutsiriro

Kupedziswa kwebasa rerumutsiriro panyaya yeSabata kwakataurwa kare nemuProfita Isaya:" Zvanzi naJehovha : chengetai kururamisa muite zvakarurama; nokuti ruponeso rwangu rwodokusvika, kururama kwangu kworatidzwa. Wakaropafadzwa munhu unoita izvozvi, nomwanakomana womunhu unozvibatisisa, unochengeta sabata kuti arege kurimhura, nokudzora ruoko rwake kuti arege uita chinhu chakaipa." "Navatorwa vo vanonamatira Jehovha, kuti vamushumire, nokuda kwezita raJehovha, nokuva varanda vake, mumwe nomwe unochengeta sabata kuti arege kurimhura, nokubatisisa sungano yangu; ivavo ndichavauisa kugomo rangu dzvene, nokuvafadza muimba yangu yokunyengetera." Isaya 56:1,2,6,7.

Chimiro chiripamashoko aya chinoratidza kuti anobata nguva yenhorondo yechikristu yatirikurarama mairi, {Christian age}. "Ishe Jehovha, unovunganidza vakadzingwa vaIsrael, unoti: Ndichaunganidza zve vamwe kwavari, pamwechete navake vakavunganidzwa." Vhesi 8. Apa tinoona mumvuri wakanaka wekuzounganidzwa kwaizoitwa avo vasiri vaIsrael panyama nekuda kwekuparidzwa kweevhangeri. Kuna avo vanokudza nyaya yesabata nekuiisa panzvimbo yayo Mwari anoraira chikomborero chikuru kwazvo. Naizvo kucherechedzwa nokukosha kwesabata kunopfuurira mberi kwekuroverwa kwaKristu pamuchinjikwa, kumuka kwake, nekukwira kwake kudenga, kusvika panguva iyo varanda vake vachizoparidzira kumarudzi ose mashoko akanaka.

Mwari unoraira kuburikidza naprofita Isaya zvakare: "Sunga chipupuriro, namatidza murairo nechisimbiso pakati pavadzidzi vangu." Chisimbiso chemurairo waMwari chinowanikwa pamurairo wechina. Pakati pemirairo yese irigumi murairo wechina bedzi ndiwo unoratidza zita nebasa remupi wemirairo. Unoisa pachena kuti Jehovha ndiye musiki wedenga nenyika, nekudaro anokodzerwa nekupihwa mbiri nekukudzwa pamwe nekunamatwa kupfuura zvimwe zvinhu zvose. Kunze kwemurairo wechina iwoyu hapana pamwe panoisa pachena kuti mutemo wakaiswa naani. Apo sabata rakashandurwa nemasimba echikaturike, chisimbiso chakabva chabviswa pamurairo. Nekudaro vadzidzi vaJesu vanokokerwa kuti vadzorere nekusimudzira sabata repamutemo wechina kuti uende panzvimbo yawo chaiyo sechirangaridzo chekusika uye chiratidzo chesimba rake.

"Kumurairo nekuzvipupuriro" kunyangwe zvazvo dzidziso dzakatsauka nedzinopikisa mutemo waMwari dzakawanda, mutemo waMwari ndiwo bedzi usina chaunopomerwa uye unoshanda pakuongorora pfungwa, dzidziso, nezvose zvingataurwe nevanhu. Muporofita Isaya anoti: "kana vasingatauri sezvinoreva shoko iri, havangavi nechiedza chamangwanani." Isaya8:20.

Zvakare kwakarairwa kuchinzi "Danidzira kwazvo, usarega, danidzira nenzwi rako sehwamanda, uparidzire vanhu vangu kudarika kwavo, neimba yaJakobo zvivi zvavo."

Havasi vanhu vakaipa varimunyika varikufanirwa nesoko rekutsiura iri asi avo vanonzi naJehovha “vanhu vangu”Jehovha vanoenderera mberi vachiti: “kunyange zvakadaro vanonditsvaka zuva rimwe nerimwe, vachifarira kuziva nzira dzangu; vanokumbira kwandiri mirairo yakarurama sorudzi runoita zvakarurama, rusingasii zvakarairwa naMwari.” Isaya 58:1,2. Hevanoi vanhu vanofunga kuti ivo vakarurama pachavo, zvakare vachiratidza kufarira basa raJehovha chaizvo; asi kutsiura kunesimba kunobva kunaiye anocherechedza moyo kurikuratidza kuti vanhu ava varikuputsa murairo waJehovha. Muprofita anonongedzera pazvirevo izvo zvakanga zvasiiwa; “Vachaberekwa newe vachavaka zve matongo ekare; uchamutsa nheyo dzamarudzi mazhinji, uye uchatumidzwa: Mugadziri wepakakoromoka, muvandudzi wenzira, kuti vanhu vagone kugarapo.

Kana uchidzora gumbo rako pazuva resabata, kuti urege kuita zvaunoda pazuva rangu dzvene, uchiti, sabata izuva rinofadza, nezuva dzvene raJehovha rinofanira kukudzwa, uchirikudza usingaiti zvaunoda, kana kutsvaka zvinofadza, kana kutaura mashoko ako; ipapo uchafarira Jehovha kwazvo.” Isaya 58:13-14. Chiprofita chebhaibheri ichinobata zvakare munguva yedu yatiri. Kukoromoka kwepamurairo waMwari kwakaitika apo sabata rakashandurwa nemasimba echikaturike. Asi ikozvino yasvika nguva yekuti zvokwadi yemurairo waMwari idzoserwe panzvimbo payo. Pakakoromoka panofanirwa kuvakwa zve zvakare hwaro hwemarudzi anotevera hunoda kusimudzirwa zve.

Sabata rakakudzwa nemusiki rikakomborerwa, Adam akarichengetawo arimo muEden. Kunyangwe abuda mubindu nekuda kwechitema akaenderera mberi nekurichengeta. Sabata rakachengetwa zvakare nevakateera mumashure maAdam kubva pana Abel kusvika kuna Noah wekururama, Abraham nekusvika kuna Jakobo. Apo vasanangurwa vaMwari pavakanga vari muhutapwa hwe Egypita, vazhinji wavo nekugara painamatwa zvifananidzo, vakarasikirwa neruzivo rwemutemo waMwari. Asi Jehovha paakavaburitsa vaIsrael muEgypt akavaparidzira mutemo wake nenzira inesimba kuti vatye nekuziva zvinodiwa naJehovha kuti vagomuteerera nekusingaperi.

Kubva pazuva iroro kusvika ikozvino ruzivo rwemutemo waMwari rwakachengetedzwa panyika, uye sabata repamutemo wechina rakachengetwa. Kunyangwe “munhu wezvivi” akabudirira kuputsa mutemo wesabata pasi petsoka dzake, kunyangwe munguva yakadaro iyoyo yekuti aishandisa masimba ake ese, vakasara vachichengeta nekuteerera mutemo waMwari waiwanikwa munzvimbo dzakawanzika dzakasiyana siyana. Kubva munguva yerumutsiriro, kwakanga kuchingowanikwa vanosimudzira murairo iwoyu nekuucherechedza. Kunyangwe zvazvo vakararama pakati pekushungurudzwa nekutambudzwa, ivo vakaramba vakamira vachipupura kukosha kwemitemo yaJehovha kusanganisira nemutemo wesabata.

Chokwadi ichi sekuparidzirwa kwachinoitwa muna Zvakazarurwa 14 chichibatanidzwa “neEvhangeri risingagumi”zvichapa musiyano wakakura kukereke

yaKristu kusvika panguva iyo achauya. Kubva pakuparidzwa kwesoko rengirozi nhatu: “ava ndivo vanochengeta murairo waMwari,nekutenda kwaJesu.” Vhangeri iri ndiro rekupedzisira kuparidzwa kuuya kwaJesu kusati kwasvika. Munguva shoma yekuperakwaro kuparidzwa mwanakoma wemunhu anoonekwa nomuprofita, achaiuya nembiri kuzokohwa panyika.

Avo vakagashira chiedza che senjuari nechemutemo waMwari unogara nekusingaperi vakazadzwa nomufaro uye nekushamisika apo vaiona kunaka nekubatana kwezvokwadi iyo yakazarura kunzwisisa kwavo.Vakashuvira kuti icho chiedza chakakosha zvikuru kwavari chisvikewo kumaKristu mazhinji, asi kunge vambozvifunga kuti chokwadi chakadai chingarambe kugashirika. Asi chokwadi chaivaisa panzvimbo yekuti vanopikisana nenyika hachina zvakare kufarirwa nevazhinj vaizviti vateveri vakristu. Kuteerera mutemo wechina kwaida uye kunoda kuzvipira nekuzviramba uko kusingadiwi zvakare kusingafarirwi nevazhinji.

Apo chokwadi chesabata pachaiparidzwa, vazhinji vaishandisa pfungwa dzavo dzemunyika pakuramba chokwadi ichi.Vaiti: “Tagara tichingochengeta svondo iyoyi, madziteteguru edu ndiyo yavaichengeta, uye vazhinji vatsvene vatakaona vakafa vaine mufaro vachichengeta svondo iyoyi. Kana ivo vakanga vakadaro nesuwotichadaro. Kuchengeta sabata idzva iri kunoita kuti titadze kuwirirana nenyika uye hatizokwanise kushandidzana nenyika. Iro boka diki irori ririkuchengeta sabata rechinomwe iri ringamire here kana zvichienzaniswa nepasi rese ririkuchengeta svondo sesabata? Ndiyo zve pfungwa yakaita kuti vaJudha vatadze kugashira Jesu paakauya kekutanga. Pfungwa yavo yaiti madzibaba avo akagashirwa naMwari,vachipirisa zvipo, ko isu sevana vacho tingakonewa nei kuwana ruponeso nenzira imwechete yo? Zvakare munguva yana Luther, vana Papa vaidarozve zvakare kuti makristu ekare ezvokwadi vakafira imomu muchitendero chechikaturike, naizvozvo chitendero chavo vaiti chakakwana kuti vaponeswe. Pfungwa iyoyi yakamira sechidziviriro kuruponeso rwevazhinji vanoti vanonamata.

Vazhinji vanoti kuchengetwa kwesvondo sesabata idzidziso yakagara iriko kubva kare setsika yekereke kwemazana emakore. Asi nerimwe divi kwakazoonekwa kuti Sabata remusi wechinomwe rakagara ririko kubva kare pakuwamba kwenyika chaiko, izvi zvinotsigirwa kutanga nengirozi uye naMwari pachavo. Apo hwaro hwenyika hwakaiswa pasi, nyeredzi dzemangwanani dzichiimba pamwechete, vanakomana vaMwari vese vachidanidzira nemufaro ipapo ndipo pakaiswa hwaro hwesabata remusi wechinomwe. Jobo 38:7; Genesi 2:1-3. Sabata rinotsvaga kuremekedzwa kwaro nesu; nekuti harina kuiswa nemunhu,kana netsika dzevanhu; asi rakaiswapo naJehovha rikasimbiswa neshoko ravo rinogara nekusingaperi.

Apo rumutsiriro rwesabata rwakaunzwa kuvanhu vazhinji, vafundisi vazhinji vemukurumbira vakatsauka pashoko raJehovha nekuunza dudziro dzekunyaradza pfungwa dzeavo vaitsvaga kuziva chokwadi. Avo vakanga vasina mukana wekuzviverengera shoko raMwari vakagutsika nekugashira dudziro nedzidziso dzaifambirana nezvidiso zvavo. Kuburikidza nekupikisa, kunyengera, tsika dzemadzibaba, nemasimba ekereke, vazhinji vakaramba zvokwadi vakaiputsira pasi.Vamiriri vechokwadi vakasundirwa kushoko raMwari kubhaibheri kuti vamirire kukosha kwemurairo wechina. Varume vakazvininipisa, vaine shoko raMwari bedzi mumaoko avo, vakagona kumira vachirwisana nevakadzidza, avo mukushamisika, nemuhasha dzavo, vakaona kuti, hunyanzvi hwavo hwakanga husina simba pamberi pevaranda vaMwari vakanga vakazadzwa neshoko raMwari vasina pfungwa dzakakanganiswa nekunyengera kwekudzidziswa nevanhu.

Pasina uchapupu hwebhaibheri vazhinji vasingakurumidzi kuneta nekuita nharo asi vachikanganwa kuti pfungwa imwechete iyoyi yekupikisa yakamboshandisirwa kuna Kristu neVaapositori.” Nemhaka yei vakuru vedu vasirikunzwisisa nyaya yesabata iyi? Asi vashoma vanotenda sezvaunoita. Hazvirevi kuti iwe uripachokwadi uye kuti varume vese ava vakadzidza varimunyika varikudivi risiri iro”

Kuti vagone kumisidzana nenhema idzi zvaitsvaga kuti vadzokere kumagwaro kuti anoti kudii, uye nhoroondo yekuti Ishe Jehovha akamboshanda nenzira ipi kuvanhu munguva dzakasiyana. Mwari anoshanda neavo vanoteerera inzwi ravo, avo vanoti kana zvichibvira, vanotaura chokwadi chisingafadzi, avo vasingatyi kutsiura zvitema zvinoitwa neruzhinji. Chikonzero nei nguva zhinji Mwari asinganyanyosarudzi vanhu vakadzidza uye vari muzvidanho zvepamusoro kana akatarisana nenyaya yeshanduko nerumutsiriro, imhaka yekuti vazhinji vakadaro vanovimba nezvakanyorwa nemakereke, dzidziso dzevanhu, uye nezvavanodzidziswa muzvikoro zvavo zvechifundisi, sakanekudaro vanoona pasina chikonzero chekudzidziswa naMwari.

Avo bedzi vakazemberana nemanyuko euchenjeri ndivo bedzi vanokwanisa kunzwisisa nekutsanangura magwaro.Varume vasina kuwana mukana wekudzidza kushoma kwezvikoro imwe nguva vanosheedzwa naMwari kuti vapupure zvokwadi, kwete nekuti havana kudzidza, asi nekuti kazhinji havazvivimbi kana pari panyaya yekudzidziswa naMwari.Vanodzidza kuchikoro chaKristu Jesu, kuzvininipisa kwavo nekuteerera kwavo kunoita kuti wave vakakudziridzwa. Kuburikidza nekuvapa ruzivo rwechokwadi, Mwari akaisa kukudzwa pamusoro pavo, kana zvichienzaniswa nekukudzwa kunopihwa vanhu nenyika kunoparara uye kusingagari nekusingaperi.

Vazhinji vaimirira kudzoka kwechipiri kwakristu vakaramba zvokwadi yeSenjuari nemutemo waMwari, zvakare vazhinji vakasiya chitendero vakagashira dzidziso dzaipikisana dzezviprofita zvaibata basa iroro.Vamwe vakaenderera mberi vachidzokorora

kuisa madheti ekuuya kwaKristu. Chiedza chaipenya pachidzidzo ichochi cheSenjuari chaifanira kuvaratidza kuti hakuna nhororoondo yechiprofita yaizopfuurira kusvika pakudzoka kwechipiri; uye kuti zuva chairo rekuuya kwaKristu harina kunge rataurwa. Asi mukufuratira kwavo chiedza vakaenderera mberi vachiisa madheti akasiyana siyana ekuuya kwakristu nekudaro vakangoramba vachisangana nekukuhunika.

Apo kereke yeTesaronika yakagashira dzidziso dzekutsauka dzinechekuita nekuuya kwaKristu, muApositori Pauro akavaraira kuti vaifanirwa kuedza tariro yavo zvakanaka vachishandisa shoko raMwari. Akavanongedzera kuchiporofita chairatidza zviitiko zvaifanira kuzoitika Kristu asati auya, akavaratidza zve kuti ivo vaisafanira kutarisira Kristu munguva yavo. “Ngaparege kuva nemunhu unokunyengerai nemutoo upi noupi zvawo” ndiwo manzwi aPauro enyevero. Kana vakaramba vachiteedzera tariro dzisina tsigiro yeshoko raMwari, vaizotungamirirwa munzira dzekutsauka; uye dzakazara kukuhunika uko kunounza kusatenda zvokwadi inoponesa nezvokwadi yeruponeso. Kurudziro nenyevero yamupostori Pauro kuva Tesaronika inezvidzidzo zvakawanda kune avo vari kurarama mumazuva ekupedzisira.Vazhinji vaimirira kudzoka kwaJesu kwechipiri vainzwa kana pasina zuva rakatarwa rekuuya kwaKristu, vakanga vasingakwanisi kushanda zvinesimba pabasa rekugadzirira iri. Apo tariro yavo yaipihwa manyuku nyuku nguva nenguva asi pakupedzisira vaizokuhunika zvikuru nekusauya kwaKristu panguva dzavainge vakatara kusvikira mwoyo isisakwanise kutenda kuzvokwadi yechiprofita chemubhaibheri.

Kuparidzwa kwenguva chaiyo yakatarwa yerutongo, mukuparidzwa kweshoko rengirozi yekutanga, kwakanga kwakarairwa naJehovha Mwari pachavo. Zvakare kuverengwa kwenguva yezviporofita iyo vhangeri rakanga rakatsamira pairi, zvakanangana nekupera kwemazuva ane madekwana namangwanani anezviuru zviviri namazana matatu; (2300) mugore ra1844 inomira pasina anopikisa. Nyaya yekudzokorora kutara nguva yepekutangira nekuperera kwenguva yezviporofita, nenharo dzisina tsigiro yeshoko raMwari, zvaisangotungamirira bedzi kuti pfungwa dziende kure nechokwadi asi kuti zvaidziviri kunzwiswa nekutsanangurwa kwezviporofita zvemubhaibheri. Apo tsika yekutara nguva yekudzoka kwechipiri, nekudzidziswa kwayo, zvakakurudzira zvinangwa zvaSatan kuti zvibudirire. Kana nguva iya ikapfuura Satan aimutsira kushoorwa nekutukwa kune avo waive pamberi nekutara nguva, zvakapedzisira zvashoresa zvakare basa rakanga rabatwa mumakore a1843 na1844. Avo vanorambira pakutsauka kwakadai pakupedzisira vachatara nguva irikumberi zvakanyanyisa kwekuuya kwaMuponesi. Izvi zvichaita kuti vatsamire pakuchengeteka nekugutsikana kwenhema,vazhinji vachasangana nekunyengerwa kukuru.

Nhorondo yeIsraeri yekare muenzaniso unobatika chaizvo unobatawo zvakasangana neboka revamiriri vekudzokwa kwakristu kwechipiri. Mwari vakatungamirira boka irori zvakangofanana nekutungamirira kwaakaita vana veIsrael kubva muEgypita. Kukuhunika

kukuru kwavakasangana nako apo Jesu asina kuuya panguva yavaitarisira kutenda kwavo kwakazununguswa zvakafanana nezvakaitika kuvaIsrael pagungwa dzvuku. Dai vakaramba vakavimba neruoko rwaivatungamira mumashure, vangadai vakaona ruponeso rwaJehovha. Dai vose vakanga vashanda vakabatana pabasa mugore ra1844, vakagashira shoko rengirozi yechitatu nekuriparidza nesimba remweya mutsvene, Mwari vangadai vakazviratidza zvikuru kwazvo mumabasa avo. Chiedza chikuru kwazvo chingadai chakapararira nekukurumidza mupasi rese. Kaare kwazvo vagari vepanyika vangadai vakapihwa yambiro, uye basa iri rekuparidza ringadai rakapera, uye Kristu angadai akatouya kuzodzikinura vanhu vake.

Kwakanga kusiri kuda kwaMwari kuti vaIsrael vapoterere mugwenga kwemakore makumi mana; Mwari waidisa kwazvo kuvatungamirira pasina kumira kunyika yeCanaan, kuti vagaremo nemufaro. Asi “vakanga vasingagoni kupinda nokusatenda kwavo.” VaHeberu 3:19. Nekuda kwekudzokera kwavo kumashure, nekutsauka vakapararira mugwenga,vamwe vakamutswa kuti vapinde munyika yechipikirwa. Zvimwechetezvo, rakanga risiri zano raMwari kuti kudzoka kwakristu kunonokeuye kuti vanhu vake vararame zve makore mazhinji panyika ino yechitema nekusuwa. Asi kusatenda kwakavaparadzanisa naMwari. Apo vairamba kuita basa raakanga akavatarira, vamwe vakamutswa kuti vaparidze ivhangeri iri. Nenyasha dzake kunyika Kristu unononotsa kuuya kwake, kuitira kuti vanyangadzi wawane maari pekuhwanda hasha dzaMwari dzisati dzadururwa.

Sezvazvaiva munguva yakapfuura, kuparidzwa kweidi rinotsiura chitema nekutsauka kwenguva kunomutsa kupikiswa nekurwiswa kukuru. “Nokuti mumwe nomumwe unoita zvakaipa, unovenga chiedza, haauyi pachiedza, kuti mabasa ake arege kubudiswa pachena.” Apo vanhu vanoona kuti pavamire panyaya dzekutenda hapana tsigiro yemagwaro, vazhinji wavo vanozvimisira kurambira pavari zvisinei kuti pakaipa zvakadii, nekuda kwemweya wakaipa uyu vanomira vachishungurudza nekushoora chimiro nehunhu hweavo vanomirira zvokwadi isina kujairika. Maitiro aya agara ariko kubva kare kwazvo. Elijah akanzi mutambudzi waIsrael, Jeremaiah akanzi mutengesi, Pauro akanzi musvibisi weTemberi. Kubva kare kusvika ikozvino, avo vanorambira pachokwadi vanomhurwa vachinzi vanorwisana nevatungamiri vedzihurumende, vachinzizve vanedzidziso dzakatsauka, kana kuti vapanduki.Vazhinji vane kusatenda kukuru kusingakwanisi kugashira shoko rouporofita vachagashira nekukurumidza zvisina mubvunzo kupomerwa kweavo vanoshinga kutsiura chitema nezita racho. Mweya uyu ucharamba uchiwedzera nekungowedzera. Zvakare Bhaibheri rinodzidzisa nekunyevera kuti nguva inouya apo mitemo yenyika icharwisana nemitemo yaMwari, zvakadaro zvekuti wese munhu anoteerera mitemo yaMwari yese yakakwana anofanira kutarisira kushoorwa nekupihwa zvirango achinzi muiti wezvakaipa.

Takatarisana nenyaya iyi, basa remutumwa weChokwadi nderei? Anofanirwa here kuti chokwadi hachifaniri kutaurwa, nekuti pese pachinotaurwa chinomutsa mweya wekuti vanhu vanzenge kana kuramba chokwadi ichi? Kwete; haana chimwe chezvikonzero chekusataura shoko raMwari, nekuti rinomutsa kupesana, sezvakasangana nevekutanga. Kupupura kwekutenda kwakaitwa nevatsvene vekare kwakanyorerwa kuti kubatsire avo vaizotevera mumashure mavo. Iyo mienzaniso inobatatika yehutsvene, nehumhare pakumirira chokwadi zvakaunzwa kuti zvimutse mweya wekushinga kune avo varikudanwa ikozvino kuti vamire vari zvapupu zvaMwari. Vakagashira nyasha, nezvokwadi, kuti zvive zvavo bedzi, asi kuti kuburikidza navo, chiedza chaMwari chigovhenekera nyika. Mwari vakapawo here chiedza kuvaranda vake munguva yatiri ino? Naizvozvo, vanofanirwa kuita kuti chiedza ichi chivhenekere munyika yese.

Kare Jehovha wakapupura kune uyo unotaura muzita rake: “Asi imba yaIsrael icharamba kukunzwa, nokuti havadi kundinzwa ini, nokuti imba yose yaIsrael vanehuma dzakawoma, nemwoyo mikukutu.” “Asi iwe unofanira kuvaudza mashoko angu, kana vachida kunzwa, kana vasingadi; nokuti vanondimukira simba kwazvo” Ezekeri 3:7;2:7.

Kumuranda waMwari wenguva ino, Jehovha anoti; “Danidzira nenzwi guru sere hwamanda, uratidze vanhu vangu kutsauka kwavo, neimba yaJakobo zvivi zvavo”

Apo mikana yozaruka kudai, munhu wese akagashira chiedza ichi chezvokwadi, anemusengwa wakakura kwazvo uye unotyisa sezvakanga zvakaita vaProfita vekwaIsrael, avo shoko rakasvika kwavari richiti, “Saizvozvo mwanakomana wemunhu, ndakakuita nharirire paimba yaIsrael, naizvozvo chinzwa shoko rinobuda mumuromo mangu, uvanyevere panzvimbo yangu. Kana ini ndikati kunowakaipa: iwe munhu wakaipa, uchafa zvirokwazvo; kana ukasanyevera wakaipa panzira dzake, wakaipa uyo uchafa zvirokwazvo, iwe ukasataura kuti unyevere munhu wakaipa panzira yake munhu uyo wakaipa uchafa nekuda kwezvakaipa zvake, asi ropa rake ndicharibvunza paruoko rwako.Asi kana ukanyevera wakaipa pamusoro penzira yake, iye uchafa nokuda kwezvakaipa zvake asi iwe warwira hako mweya wako” Muporofita Ezekeri 33:7-9.

Chidziviriro chikuru pakugashirwa uye nepakuparidzwa kwechodi ndechekuti zvinosanganisira kushoorwa, kurwiswa, nekukuhunika kwakawanda. Ndiro rimwe remaidi risingakwanise kurambwa nevamiriri vezvokwadi vazhinji. Asi izvi hazvidziviriri vateveri vechokwadi vaKristu. Ivo havamirire kuti chokwadi chitange chakurumbira. Pavanongoziva basa ravo bedzi, nekukurumidza vanotakura muchinjiko, pamwechete naPauro vanoti, “nokuti kutambudzika kwedu kwakareruka, uko kuripo chinguva chiduku, kunotiitira kubwinya kukuru kwakaisvonaka nokusingaperi.” Umwe wekare “akati kuzvidzwa kwaKristu ifuma huru kukufuma kwose kweEgipita.” 2 Vakorinte 4:17; vaHebheru 11:26.

Tinofanira kusarudza zvakanaka nekuti zvakanaka, tosiya mumaoko aMwari pane zvinozobuda ipapo. Nekuda kwevarume nevakadzi, vezvimiso, kutenda, nehushingi, nyika inechikwereti zvikuru panyaya yerumutsiriro. Nevarume ivava basa rerumutsiriro neshanduko rinotarisirwa kuenderera kumberi.

Ndizvo zvinotaura Jehovha: “Nditererei, imi munoziva kururama; imi vanhu vanomurairo wangu pamwoyo yenyu; musatya kuzvidza kwavanhu musavhundutswa nokutuka kwavo. Nokuti zvipfunho zvichavadya senguvo, zvivundudzi zvichavadya semvere; asi kururama kwangu kuchavapo nokusingaperi, noruponeso rwangu kusvikira kumarudzi ose.”Isaya 51:7,8.

Chitsauko 27 Mamutsiriro emazuva ano

Kose kose shoko raMwari kwarakaparidzwa nekuvimbika, michero yakatevera iyo yaipupura kuti rakabva kudenga. Mweya waMwari akapereked- za shoko ravaranda vake, shoko iri rakanga riine simba. Vatadzi vakanzwa hana dzavo dzichidenhwa. “Chiedza chinopa kujeka kumunhu wose anovuya munyika” chakavhenekera mipanda yakavanzika yemweya yavo, zvinhu zvakavanzika zverima zvikaiswa pachena. Kudzamirwa kwakadzika kwakabata pfungwa nemwoyo yavo. Vakanzwisisa pamusoro pechivi uye kururama, pamwechete nerutongo rwunouya. Vakanzwisisa kururama kwaJehova, vakanzwa kutya kumira pamberi peMuongorori wemwoyo vaine mhosva, uye vasina kuchena.

Mukurwadziwa zvikuru vakachema kwazvo: “Ndiyani achandidzikinura kubva mumuviri uyu werufu?” Apo muchinjikwa weKarivhari, nechibairo chawo chezvivi zvevanhu chisina chiyero, wakaiswa pachena, vakaona kuti pakanga pasina chimwe kunze kwekugona kwaKristu, chaikwana kuve chibayiro chezvivi zvavo; ndiwo chete waigona kuyananisa munhu naMwari. Nokutenda nokuzvininipiisa vakagamuchira Gwaiana raMwari, rinobvisa chivi chenyika. Kuburikidza neropa raJesu vakave “nekuregererwa kwezvivi zvakapfuura.”

Mweya iyi yakauya nemichero yekutendeuka. Vakatenda vakabhapatidzwa, vakasimuka vakafamba muhupenyu,-zvisikwa zvitsva muna Kristu Jesu. Kwete kuti vararame zvido zvenyama zvekare, asi nekutenda kweMwanakomana waMwari vatevere mutsoka Dzake, kuti varatidze chimiro Chake, uye kuti vazvichenure sezvo iye akachena. Zvinhu zvavaimbovenga, ndizvo zvavakanga voda, uye zvinhu zvavaimboda vakazvivenga. Vaidada nekuzvikudza vakazvininipisa nekuzvidzikisira pamwoyo. Vaizvikudza nekuzviona vakakosha kudarika vamwe vese vakarega zvekubata zinyekenyeke nekushamisira. Vasingakudzi Mwari vakatanga kumuremekedza, vaisidhakwa vakapengenuka, uye vaisirarama zvakafumuka vakave vakachena. Zvipfeko zvakareruka zvenyika zvakaiswa parutivi. MaKristu havana kutsvaka “Kushonga kwenyu ngakurege kuva kwekunze, kwekuruka vhudzi, nekushonga ndarama, kana kupfeka nguvo” 1 Petro 3: 3, 4.

Marumutsiriro akaunza kuzviongorora mumwoyo zvakadzika, nekuzvininipisa. Akanga aine kunyengerera mutadzi kwakasimba, kwakaperera, nenyasha dzine shungu dzekutengwa neropa raKristu. Varume nevakadzi vakanamata nekuita mutsimba naMwari kuti mweya iponeswe. Michero yemarumutsiriro akadai akaonekwa mumweya izere nekuzviramba nekuzvipira, vakafarira kuti vaverengwa pakati pevakanyadziswa nekushungurudzwa nekuda kwaKristu. Vanhu vakaona kushandurwa kwehupenyu hwevanhu vaisidana zita raJesu. Nharaunda yakabatsirika nekubata kwavo. Vakaunganidza naKristu, uye vakadyara kuMweya kuti vagokohwa upenyu husingaperi.

Zvaigona kunzi pamusoro pavo “Kurwadziwa mwoyo kwenyu kwakatungamirira mukutendeuka.” “Zvino, handifari kuti makachemedzwa, asi nekuti makachemedzwa mukatendevuka nekuti makachemedzwa sezvinoda Mwari, kuti murege kurashikirwa nechinhu nekuda kwedu. Nekuti kuchema sezvinoda Mwari kunovuyisa kutendevuka, kunoisa kukuponeswa kusingazvidyi mwoyo; asi kuchema kwenyika kunovuyisa rufu. Nekuti tarirai kuti chinhu icho chekuti makachemedzwa sezvinoda Mwari, chakavuyisa mukati menyu kushingaira kukuru sei, nekuzvidavirira, nekutsamwa, nekutya, nechishuvo, nekurwadza mwoyo, nekutsiva. Pazvinhu zvose makazviratidza kuti makachena pachinhu ichi” 2 VaKorinde 7: 10, 11.

Ndiwo matuso ekushanda kwemweya waMwari. Hapana humboo hwekutendeuka kunze kwekunge zvaunza chimiro chitsva. Kana akazadzisa mhiko, akadzosera zvaakanga abvuta, akareurura zvivi zvake, akada Mwari pamwe nekuda vamwe vake, mutadzi angave nechokwadi kuti awana rugare naMwari. Iyi ndiyo michero, mumakore ekare, yaiwonekwa mushure menguva dzekumutsirirwa mukunamata. Vachivonekwa nemichero yavo, vaizikanwa sevakaropafadzwa naMwari mukuponeswa kwevanhu nekusimudzirwa kwevanhu vese.

Asi marumutsiriro mazhinji anhasi aratidza musiyano mukuru kubva pakuratidzwa kwenyasha dzedenga uko kwakatevera mabasa evaranda vaMwari mumazuva akapfuura. Ichokwadi kuti kwakamutswa chidiso munzvimbo yakakura, vazhinji vanoti tapinduka, uye kune mhomho dziri kuuya kumasangano; zvakadaro michero haisiri kuvonekwa ingatsigira kuti kwakaitika kukura kwehupenyu hwemweya. Chiedza chinombobvira kwekanguva chinokurumidza kufa, chichisiya rima ratonyanya kupfuvura zvaranga riri pakutanga.

Marumutsiriro ane mbiri anowanzosimudzwa nemarukoko ekuti pfungwa dzione zvisipo nekumutsamutsa nyama, nekugutsa zvishuvo zvinongoda zvitsva nezvinotekenyedza kana zvinoshamisa. Vanotendevuka nenzira idzi vanenge vasina shungu dzakanyanya dzekuteerera chokwadi chemuBhaibheri, vaine chidiso chiduku mukupupura kwevaporofita nevaapositori. Kunze kwekunge nguva yekunamata ine zvinotekenyedza nekunyautsanyautsa, haina zvinovakwezva. Shoko rinotsvaka zvekuti vanhu vafunge Mwari vakwezverwe kwaari. Yambiro dziri pachena dzeshoko raMwari, dzinonyatsonangana nezveupenyu husingaperi, hadzitererwi.

Kune mweya wese wakatendeuka zvechokwadi, hukama naMwari nezvinechekuita nekusingaperi ndizvo musoro wenyaya mukuru wehupenyu. Asi ndekupi mumasangano anembiri anhasi, kunemweya wekuzvipira zvakaperera kuna Mwari? Vatendi vatsva havasiyi kudada kwavo nerudo rwenyika. Havana chidiso chekuzviramba kupfuvura zvavaive vasati vatendevuka, kuti vatakure muchinjiko, nekuteera Jesu akazvininipisa nekuzvidzikisira. Zvekunamata wave mutambo wevasineyi naMwari nevasingadi kutenda

chokwadi, nokuti vazhinji vanezita rekunzi vanamati havazive zvimiso nezvisungo zvekunamata. Simba rehuMwari rakapotsa ratotama kubva kumazhinji emasangano iwayo. Mafaro nekudya, zvezvimitambo inonakidza musangano, zvedzimba dzakanaka, zvekuzviratidzira, zvakatodzinga pfungwa dzezvaMwari. Minda, nezvinhu, nemabasa epane rino pasi ndizvo zvazadza pfungwa asi zvinechekuita neupenyu husingaperi hazvitombotariswi kana nepaduku zvapo.

Zvisineyi nekuwanda kwekuderera kwekutenda nekuzvipira kuna Mwari, kune vateveri vechokwadi vakristu mumasangano iwaya. Kutonga kwaMwari kwekupedzisira kusati kwasvika panyika, kuchavepo pakati pevanhu vaMwari rumutsiriro, rwehuMwari hwekare sezvisati zvakamboonekwa kubvira panguva yevapostori. Mweya nesimba raMwari zvichadururirwa pavana vake. Panguva iyoyo vazhinji vachazviburitsa mumasangano iwayo umo rudo rwenyika rwatora nzvimbo yerudo rwaMwari neshoko rake. Vazhinji, vafudzi pamwechete nenhengo, vachagamuchira chokwadi chikuru Mwari chaanoda kuti chiparidzwe munguva ino kugadzirira vanhu kuuya kwaTenzi kwechipiri. Muvengi wemweya anodisisa kudzivisa basa iri, uye nguva yemafambiro ezvinhu akadai isati yasvika, achashingaira kuti izvi zvisaitika nekuisa chakafanana nechinofanira kuitika, asi chisiri icho zvachose. Mumasangano ayo aanogona kuisa pasi pesimba rake achazviita kuti zviite sekuti chikomborero chaMwari chinoshamisa chadururwa; kuchaonekwa chichafungidzirwa sekuti kufarira kunamata kukuru. Vazhinji vachati Mwari ari kuvashandira zvinoshamisa, iro riri basa remumwe mweya. Zvichiita sekuti ndezvekunamata, Satani achatsvaka kufukidza chiKristu chose nesimba rake.

Mumarumutsiriro mazhinji akaitika mumakore makumi mashanu akapfuura, masimba iwaya akanga ari pabasa, mukuwanda kana kushomeka, izvi zvicharatidzwa nenzira yakakura zvikuru kudarika kare mumaitiro enguva inotevera. Pane kutekenyedzwa munyama kuchaveko, kusanganiswa kwechokwadi nenhema, uko kuchange kwakanyatsogadzirirwa kurasisa. Zvakadaro hapana anofanira kunyengerwa. Muchiedza cheshoko raMwari, hazvina kuoma kuti chimiro chemaitiro aya chionekwe. Kwese kwese uko vanhu vanoshaya hanya nekupupura kweBhaibheri, vachitendeuka kubva kuchokwadi ichi chinonzvera mweya, icho chinotsvaka kuzviramba uye kusiya nyika, ipapo tinogona kuva nechokwadi chekuti chikomborero chaMwari hachina kupiwa. Uye nemutemo uyo Kristu pachake akapa, “Muchavaziva nemichero yavo” (Mateo 7:16) zviri pachena kuti zviri kuitwa izvi harisi basa reMweya waMwari.

Muchokwadi cheizwi Rake, Mwari akazvizarurira Iye Pachake kuvanhu; uye kuna vose vanozvigamuchira inhovo yekudzivirira kunyengera kwaSatani. Kushaya hanya nechokwadi ichi ndiko kwakazarurira musuo kuti zvakaipa izvi zvipararire pakati pevanonamata. Chimiro nekukosha kwemurairo waMwari zvasudurutswa kure zvikuru. Manzwisisiro asiri iwo echimiro chemurairo wedenga, nekuvepo kwawo narini, nezvaunosimbisa, zvatungamirira mukukanganisa maererano nekutendevuka nekunatswa,

uye zvakonzeresa kudzikisirwa kwechiero chemanamatiro nekuzvipira musangano. Apa ndipo pane chakavanzika chekushaikwa kweMweya nesimba raMwari mumarumutsiriro enguva yedu.

Mumasangano akasiyana-siyana mune varume vanozivikanwa nezvekunamata kwavo, vanoziva izvi nekuzvitsoropodza. Professor Edwards A. Park, achiisa pachena kurasika mune zvekunamata kuriko zvino, anobva ati: “Pamwe panove ndipo pari kubva njodzi kusashandiswa kwenzvimbo yekuparidzirwa nekutsimbidzira mutemo wedenga. Mumazuva akapfuvura nzvimbo iyi yaive maungira eizwi rehana . . . Vaparidzi vedu vaive nembiri kupfuvura vamwe vose vaipfumisa mharidzo dzavo kuburikidza nekuterera muenzaniso waTenzi, nekusimudzira murairo nezvimiso zvavo, nekuvhundutsira kwawo. Vaidzokorora zvikuru-kuru zvawo zviviri kuti murairo ndiwo mufananidzo wekukwana kwehuMwari uye kuti munhu asingadi murairo haadivo vhangeri nekuti murairo pamwechete nevhangeri, ndicho chivoni-voni chinoratidza chimiro chaMwari chechokwadi. Dambudziko iri rinotungamirira kune rimwe rekudzikisira kuipa kwechivi, kukura kwacho, nehuipi hwacho. Kukura kwekuperera kwemutemo kunoenderanavo nekukura kwemhosva inobva mukusauterera.

Pamwechete nenjodzi dzatotaurwa kare, kunevo njodzi yekutarisira pasi kururamisira kwaMwari. Tsika yevaparidzi vazvino ndeyekumanikidzira kubvisa kururamisira kwedenga kubva kukunaka kukuru kwedenga.

Kudzikisira kunaka uku kuti kuve sekakungofunga kana kanzwiro kasina kunyanyokosha, pane kuti kusimudzirwe kuchiva chimiso. Dzidziso itsva iyi pamusoro paMwari iri kuparadzanisa zvakabatanidzwa naMwari. Murairo wedenga wakanaka here kana kuti chinhu chakaipa. Wakanaka. Saka kururamisa kwakanaka; nekuti ndiwo mafungiro, kana maitiro anoisa murairo panzvimbo yawo chaiyo. Kubva mutsika yekudzikisira murairo wedenda nekururamisa, kukura kwekuipa kwekusaterera kwevanhu, vanhu vanowira zvirinyore mutsika yekutarisira nyasha dzake dzakatiunzira chibairo chechivi pasi.” Nekudaro vhangeri rinorasikirwa nekukosha kwaro mupfungwa dzevanhu, zvekuti vagadzirire kurasira kure neBhaibheri racho chairo.

Vadzidzisi vazhinji vezvekunamata vanoti Kristu nekufa kwake akaparadza murairo, uye vanhu kubva ipapo vakasunungurwa kubva kuzvidiso zvemurairo. Vamwevo vanoti murairo ijoko rinorwadzisa, uye vanodzidzisa nezvekudzvanyirirwa kwemutemo vachiuenzanisa nerusununguko runofadza rwekuve pasi pevhangeri.

Asi vaprofita nevapostora vakanga vasingavoni saizvozvo murairo waMwari. Davidi akati: “Ndichafamba ndakasununguka, nekuti ndinotsvaka mirairo yenyu” Pisarema 119:45. Muapostora Jakobo, akanyora mushure mekufa kwaJesu, anoti mirairo inegumi “mirairo yehumambo” uye murairo werusununguko wakaperera” Jakobo 2:8; 1:25. Nemunyori waZvakazarurwa makore makumi mashanu shure kweMuchinjikwa

anodaidzira kuropafadzwa kune “vanoita mirairo Yake kuti vatenderwe kunodya pamuti wehupenyu nekutivo vapinde nepamasuo eguta, Zvakazarurwa 22:14.

Kutaura kuti Kristu nekufa kwake akapedza murairo waBaba vake hakuna rutsigiro runobva muBhaibheri. Dai zvaigoneka kuti murairo ushandurwe kana kuiswa parutivi, saka zvingadai zvisina kutsvaka kuti Kristu afe kuti aponese munhu kubva kutuso rechivi. Rufu rwaKristu, zviri kure zvakadaro nekuparadza murairo, runotosimbisa kuti murairo haushanduke. Mwanakomana waMwari akavuya “kuzosimudzira murairo nekuita kuti uremekedzwe” Isaya 42:21. Akati “musafunga kuti ndakavuya kuzoparadza murairo, kusvika denga nenyika zvapfuvura, hapana kana kadimbu zvako kemurairo kachabviswa” Mateo 5:17, 18. Uye pamusoro pezvake Iye anotaura zvakasimba achiti: “Ndinofarira kuita kuda kwenyu, O Mwari wangu, uye murairo wenyu uri mumwoyo mangu” Pisarema 40:8.

Murairo waMwari, kubva pachimiro chawo haushanduke. Ndiwo unoisa pachena kuda nechimiso cheMunyori kana kuti Muvambi wawo. Mwari rudo, uye murairo wake rudo. Zvimiso zvawo zviviri rudo kuna Mwari nerudo kumunhu. “Rudo kuzadziswa kwemurairo”VaRoma 13:10. Chimiro chaMwari kururama nechokwadi; ichi ndicho chimiro chemurairo wake. Muimbi anoti: “murairo wenyu ichokwadi; mitemo yenyu yose yakarurama” Pisarema 119:142, 172. Uye muApostora Pauro anoti: “murairo mutsvene uye mutemo mutsvene, wakarurama, wakanaka” VaRoma 7:12. Murairo wakadaro uri mazwi ekutsanangura pfungwa nechidiso chaMwari unofanira kurarama sekurarama kweMuvambi wawo.

Ibasa rekutendeuka nekunatsa rinoyananisa vanhu kuna Mwari, kuburikidza nekuvaunza mukuwirirana nezvimiso zvemurairo wake. Pakutanga munhu akasikwa mumufananidzo waMwari. Akanga ari mukuwirirana kwakaperera nechimiro nemurairo zvaMwari, zvimiso zvekururama zvakanga zvakanyorwa pamwoyo wake. Asi chivi chakamuparadzanisa neMusiki wake. Haana kuzoramba achiratidza mufananidzo wedenga. Mwoyo wake wakange wave nehondo nezvimiso zvemurairo waMwari. “Pfungwa yenyama inovengana nemurairo waMwari, nekuti haizviisi pasi pemurairo waMwari, hazvigoni kuti ive saizvozvo” VaRoma 8:7. Asi, “Mwari akada nyika zvakadaro, zvekuti akapa Mwanakomana wake mumwe oga,” kuti munhu agone kuyananiswa naMwari. Kuburikidza nekugona kwaKristu, anogona kudzoserwawo mukufambidzana kwakanaka neMusiki. Mwoyo wake unofanira kushandurwa nenyasha dzedenga; unofanira kuva nehupenyu hutsva hunobva kumusoro. Kushanduka uku ndiko kuberekwa patsva, pasina izvi Jesu akati “haangagoni kuona humambo hwaMwari.”

Danho rekutanga mukuyananiswa naMwari, kubvuma zvakaipa. “Chivi kudarika murairo.” “kuburikidza nemurairo chivi chakazivikanwa” 1 Johane 3:4; VaRoma 3:20. Kuti avone mhosva yake, munhu anofanira kuyera chimiro chake nechiyero chikuru

chekururama chaMwari. Ndicho chivonivoni chinoratidza kuperera kwechimiro chakarurama uye unogonesa mutadzi kuona kukombama kwechimiro chake iye.

Murairo unoisira mutadzi pachena chivi chake, asi haupi nzira yekugadzirisa. Kunyange uchivimbisa hupenyu kune anoteerera, unotaura nesimba kuti rufu ndiwo mubairo wemutadzi. Vhangeri raKristu chete ndiro rinogona kumudzikinura kubva kumhosva kana kusvibiswa kwechivi. Anofanira kutendeukira kuna Mwari, ane murairo wakadarikwa; nekutenda kuna Kristu, chibairo chake chekuyananisa. Izvi zvinoita kuti awane, “kuregererwa kwezvivi zvakapfuura” anobva ave nemugove wechimiro chedenga. Ave mwana waMwari agashira mweya wekuitwa mwana, zvinozoita kuti acheme achiti: “Abba, Baba!”

Asununguka zvino here kuti atyore murairo waMwari? Pauro anoti: “Zvino tochimhura murairo kuburikidza nekutenda here? Kwete! Tinotosimbisa murairo kwazvo.” “Ko isu takafa kuzvivi tingararama sei mazviri?” Johane anosimbisa achiti: “Uku ndiko kuda Mwari, kuti tinochengeta mitemo yake. Uye mitemo yake haisi mutoro” VaRoma 3:31; 6:2; 1 Johane 5:3. Mukuberekwa patsva mwoyo unovuyiswa mukuwirirana naMwari, paunenge uchiiswa mukufambidzana nemurairo wake. Kana shanduko iyi inesimba yaitika mumutadzi, abva murufu achiuya muhupenyu, kubva kuchivi kuuya kuhutsvene, kubva kukudarika nekupanduka kuuya kukuterera nekukutendeka. Hupenyu hwekare hwekuva kure naMwari hwapera; hupenyu hutsva hwekuyananiswa, nehwekutenda nerudo hwatanga. Ipapo “zvakarurama zvinodiwa nemurairo” “zvave kuzadziswa matiri vasingafambi sekuda kwenyama asi vanofamba neMweya.” VaRoma 8:4. Nemutauro wemweya unobva wati: “Haiwa! Ndinofarira sei murairo wenyu! Ndinoufungisisa zuva rose” Pisarema 119:97.

“Murairo waJehova wakaperera, unopindura mweya” Pisarema 19:7. Pasina murairo, vanhu havagoni kunzwisisa kuchena nehutsvene hwaMwari kana mhosva yavo nekusviba kwavo pachavo. Havanyatsonzwisisa chitema kana kunzwavo shungu dzekutendeka. Nekusavona chimiro chavo chekurasika sevanorwisana nemurairo waMwari, havavoni kufanira kwavo kucheneswa neropa raKristu. Tariro yeruponeso inogamuchirwa pasina kushanduka kwemwoyo kana kupinduka kwehupenyu. Saka kupinduka kusina kukwana kwakawanda, naizvozvo vanhu vazhinji vasina kana kumbofambidzana naKristu vanozadza makereke.

Pfungwa dzemanyepo dzekunatswa, dzinobvavo pakushaya hanya kana pakuramba murairo wedenga dzinowanikwa zvakanyanya mumasangano ezvekunamata emazuva ano. Mafungiro aya akarasika uye anenjodzi padzidziso dzawo, mukurarama; nechikonzero chekuti arikufarirwa nevanhu vakawanda, zvinokosha kakapetwa kuti vanhu vose vave nekunzwisisa kwekuti Magwaro anodzidzisa kuti kudii nenyaya iyoyi.

Kunatswa kwechokwadi idzidziso yeBhaibheri. Muapostora Pauro, mutsimba yake kusangano reVaTesaronika, anotaura zvakasimba achiti: “Nekuti kuda kwaMwari ndihwo vutsvene hwenyu, murege vupombwe” 1 VaTesaronika 4:3; 5:23 uye anokumbirisa achiti: “Mwari werugare amene ngaakuitei vatsvene kwazvo.” Bhaibheri rinodzidzisa zviri pachena kuti kunatswa kuita sei uye kuti kunowanikwa sei. Muponesi akanamatira vadzidzi achiti: “Muvaite vatsvene muzvokwadi; shoko renyu izvokwadi” Johane 17:17. Uye Pauro anodzidzisa kuti vatendi vanofanira “kuitwa vatsvene neMweya Mutsvene” VaRoma 15:16.

Basa reMweya Mutsvene nderei? Jesu akavudza vadzidzi vake kuti: “Asi kana asvika, iye Mweya wazvokwadi, uchakutungamirirai muzvokwadi yose” Johane 16:13. Zvakare muimbi anoti: “Murairo wenyu ndewazvokwadi.” Neshoko neMweya waMwari zvimiso zvikuru zvekururama zviri mumurairo wake zvinoziviswa kuvanhu. Uye sezvo murairo waMwari uri “mutsvene, uye wakarurama, wakanaka,” chiratidzo chakanyorwa chehuMwari, zvinoreva kuti chimiro chinobuda pakuchengeta murairo uyu chinovavo chitsvene. Kristu muenzaniso wedu wakaperera wechimiro chakadaro. Anoti: “Seni ndaichengeta mirairo yaBaba vangu, ndichigara murudo rwavo” Johane 15:10; 8:29 “Nekuti ini ndinoita nguva dzose zvinomufadza.” Vateveri vaKristu vanofanira kufanana naiye,-nenyasha dzaMwari, vave nezvimiro zvinowirirana nezvinotarisirwa nemurairo wake mutsvene. Ndiko kunatswa kweBhaibheri.

Basa iri rinokwanisika chete kuburikidza nekutenda muna Kristu, nesimba reMweya waMwari anogara mumunhu. Pauro anoraira vatendi achiti: “Pedzisai kuponeswa kwenyu nekutya nekudedera; nekuti ndiMwari unobata mukati menyu, kuti mude vuye muite kuda kwake kwakanaka” VaFiripi 2:12, 13. Makristu achanzwa kumutsa kwechivi, asi anomira ari pahondo nacho. Apa ndipo panotsvakwa kubatsira kwaKristu. Kusasimba kwemunhu kunobatanidzwa nesimba redenga, uye kutenda kunoti: “Zvino Mwari ngaavongwe, unotipa kukunda muna Kristu Jesu ” 1 VaKorinde 15:57.

Magwaro anoratidza zviri pachena kuti basa rekucheneswa rinokura zuva rimwe nerimwe. Kana mukutendevuka mutadzi anowana rugare naMwari kuburikidza neropa rekudzikinurwa, hupenyu hweChikristu hwatotanga. Zvino anofanira “kuenderera mberi kusvika mukukwana;” kukura kuenda “kuchiero chechimiro chekuzara kwaKristu.” Muapostora Pauro anotaura achiti: “Asi ndinoita chinhu chimwe: ndinokanganwa zviri shure, ndichinanavira kune zviri mberi. Ndinoshingairira kunharidzano, kuti ndipiwe mubairo wekudana kwaMwari kunobva kudenga, muna Kristu Jesu” VaFiripi 3:13, 14. Petro anoisa pamberi pedu matanho atinogona kuwana nawo kunatswa kwemuBhaibheri: “Zvino nemhaka iyi muchishingaira kwazvo wedzerai kunaka pakutenda kwenyu, nepakunaka wedzerai kuziva; nepakuziva, kuzvidzora; nepakuzvidzora, kutsungirira; nepakutsungirira, kunamata Mwari; nepakunamata Mwari, kuda vatendi, nepakuda vatendi, rudo . . . . Nekuti kana zvinhu izvi zviri mamuri, zvichiramba zvichiwanzwa,

zvichakuitai vanhu vasinovusimbe nevasingashaiwi zvibereko pakuziva Ishe wedu, Jesu Kristu. Saka, hama dzangu, shingairai kwazvo kuti musimbise kudanwa nekusanangurwa kwenyu; nekuti kana muchiita izvozvi hamungatongogumburwi" 2 Petro 1:5-10.

Avo vanosangana nekunatswa kwemuBhaibheri vacharatidza mweya wekuzvininipisa. SaMosisi, vanenge vawoneswa hutsvene hwehumambo hunotyisa, uye vovona kusakodzera kwavo ivo zvichienzaniswa nekuchena nekuperera kwakakwirira kwaIye Asinamagumo.

Muprofita Danieri akanga ari muenzaniso wekunatswa kwechokwadi. Hupenyu hwake hwakareba hwakazara nekushandira Tenzi wake. Akanga ari murume " aidiwa zvikuru", (Danieri 10:11) nedenga. Zvakadaro pane kuti ati ndakachena uye ndiri mutsvene, muprofita anoremekedzwa uyu anozviisa pamwechete nevatadzi chaivo vaIsraeri paainyengetera ari pamberi paMwari achimiririra vanhu vake: "Nekuti hatisvitsi mikumbiro yedu pamberi penyu nekuda kwezvakarurama zvedu, asi nekuda kwenyasha dzenyu huru." "Takatadza, takaita zvakashata." Anotaura zvakasimba, "Zvino ndakati ndichitaura nekunyengetera nekuzvirevurura zvivi zvangu nezvivi zvevanhu vangu vaIsraeri" Danieri 9:18, 15, 20; 10:18.Uye panguva duku yepamashure akataura achiti: "Ndikapererwa nesimba; nekuti kunaka kwechiso changu kwakashanduka kuipa mukati mangu, ndikasazova nesimba."

Jobo paakanzwa izwi raJehova richibva muchampupuri, akataura nekushamiswa: "Saka ndinozvisema, nekuzvidemba muguruva nemadota" Jobo 42:6. Yakanga iri nguva iya Isaya yaakavona mbiri yaJehova, nekunzwa vatumwa vachidaidzira vachiti: "Mutsvene, mutsvene, mutsvene, iye Jehova wehondo; nyika yose izere nekubwinya kwake" Isaya 6:3, 5 Ndipo paakadaidzira achiti: "Ndine nhamo! Nekuti ndoparara." Pauro paakanga asimudzwa akaiswa mudenga rechitatu mumweya, akanzwa zvinhu zvisingakwanisi kutaurwa nemunhu, anotaura nezvake semunhu "Ndinoziva munhu uri muna Kristu, ave makore anegumi nemana apfuvura, (kana zvakaitwa mumuviri, kana kunze kwemuviri, handizivi; Mwari unoziva), munhu wakadai wakakwidzwa kudenga rechitatu. Vuye ndinoziva munhu wakadai (kana zvakaitwa mumuviri kana kunze kwemuviri, handizivi; Mwari unoziva) kuti wakakwidzwa muparadiso, akanzwa mashoko asingagoni kutaurwa, asina kutenderwa munhu kuti areve" 2 VaKorinde 12:2-4; "Ini, muduku kwazvo kuvatsvene vose" VaEfeso 3:8. Akanga ari Johane uya aidiwa kwazvo naJesu, akatsamira pachifuva chaJesu nekuona mbiri yake, akawira pasi petsoka dzemutumwa seakafa Zvakazarurwa 22:8.

Hapagoni kuti pave nekuzvisimudzira kana kutaura kwekuzvikudza kunobva pakusununguka kubva muzvivi, kune avo vanofamba mumumvuri wemuchinjikwa weKarvari. Vanonzwa kuti chitema chavo chakakonzeresa kurwadziwa kwakapwanya mwoyo weMwanakomana waMwari, pfungwa iyoyi inovatungamirira mukuzvidzikisira.

Avo vanogara pedyo-pedyo naJesu vanovona zvakanyatsojeka kusasimba nekuve vatadzi kwevanhu, tariro yavo yoga iri mukugona kweMuponesi akaroverwa akamuka.

Kuitwa vatsvene kuri kuita mukurumbira pakati pevanamati mazuva ano kuzere nemweya wekuzvisimudzira uye kushaya hanya nemurairo waMwari zvinova ndizvo zvinoratidza kuti hakuna hukama nekunamata kunotaurwa neBhaibheri. Vanokurudzira pfungwa iyi vanodzidzisa kuti kuitwa mutsvene ibasa rinokwanisa kuitika pakarepo, nenguva duku, vanoti izvi zvinoda kutenda chete, vanobva vawana hutsvene hwakaperera. “Ingotenda chete,” vanodaro, “Chikomborero chinobva chave chako.” Hakunazve zvimwe zvinofanira kuzoitwa neagamuchira. Panguva imwe chete iyi vanoramba simba remurairo waMwari, vachimanikidzira pfungwa yekuti vakasunungurwa kubva pakuchengeta murairo. Asi zvinokwanisika here kuti munhu ave mutsvene, achiwirirana nekuda nechimiro chaMwari, pasina kupindirana nezvimiso zvinoratidza chimiro chake nekuda kwake, zvinoratidza izvo zvinomufadza?

Chidiso chekunamata kwakareruka, kusingatsvaki kushingaira, kana kuzviramba, kana kusiyana nehupenzi hwenyika, kwakonzera dzidziso yekutenda, kutenda chete, ive dzidziso ine mukurumbira chaizvo; asi ko Shoko raMwari rinoti kudii? Anodaro muapostora Jakobo: “Zvinobatsirei hama dzangu, kana munhu achiti: Ndine kutenda, asi asina mabasa? Ko kutenda uko kungamuponesa here? . . . “Zvino iwe munhu wevupenzi, unoda kuziva here kuti kutenda kusina mabasa kwakafa? Ko Abrahama, baba vedu, haana kururamiswa nemabasa here, nguva yaakabaira mwanakomana wake Isaka paaritari? Unovona kuti kutenda kwake kwakabata pamwe chete nemabasa ake, vuye kuti kutenda kwake kwakakwaniswa nemabasa? . . . Munovona kuti munhu unoruramiswa nemabasa, haaruramiswi nekutenda bedzi” Jakobo 2: 14-24.

Kupupura kweshoko raMwari kunopikisana nedzidziso inonyengera iyi yekutenda kusina mabasa. Hakusi kutenda kunobata mwoyo waMwari kuti atide isu tingachengeta zvaakatema kuti nyasha dzigopiwa. Kungotenda mune zvinonzi chokwadi asi icho chisiri chokwadi; nekuti kutenda kwechokwadi kune hwaro muzvitsidzo zvinowanikwa muMagwaro.

Ngakurege kuva nemunhu anozvinyengedzera achiti anogona kuva mutsvene asi achipesana nechimwe chezvidiso zvaMwari achiziva zvake. Kuita chivi uchiziva kunonyaradza izwi raMwari Mweya Mutsvene nekusudurudzira munhu kure naMwari. “Chivi ndiko kudarika murairo, mumwe nemumwe unogara maari, haaiti zvivi; mumwe nemumwe unoita zvivi, haana kumuvona kana kumuziva” 1 Johane 3:6. Kunyange Johane mutsimba dzake anorambira parudo rwaMwari zvakazara, asi haatyi kuisa pachena chimiro chechokwadi cheboka rinoti rakanatswa iro richirarama mukutyora murairo waMwari. “Uyo, unoti, ndinomuziva, asingachengeti mirairo yake, murevi wenhema, zvokwadi haizi maari; asi uyo, anochengeta shoko rake, rudo rwaMwari rwakakwaniswa maari

zvirokwazvo” 1 Johane 2:4, 5. Apa ndipo pane kutenda kwemunhu wose. Hatigone kuti munhu mutsvene tisina kumupima nechiero chehutsvene chimwe chete chaMwari mudenga nepasi. Kana vanhu vasinganzwi kukosha kwemurairo, kana vachizvidza nekurerutsa mirairo yaMwari, kana vachityora mumwe wemitemo miduku iyi, nekudzidzisa vanhu kuita saizvozvo, havagoni kuremekedzwa pamberi pedenga, uye tinogona kuziva kuti zvavanotaura hazvina hwaro.

Uye kutaura kuti handina chivi, pachako kusimbisa kuti iye ari kutaura kudaro ari kure nehutsvene. Izvi zvinoreva kuti haana kunzwisisa kwechokwadi kwekukura kusina chiero kwekunaka nehutsvene hwaMwari, kana zvaanofanira kuve uyo achave mukuwirirana nechimiro chake. Nekuti haanzwisisi zvakakwana kuchena nekunakisisa kwaJesu kwakakwirira, nenjodzi nehuipi hwechivi kuti munhu iyeye azozvivona semutsvene. Kuve kure kwake kubva kuna Kristu, nekukura kwekusaziva kwake chimiro chekudenga nezvinotarisirwa, ndiko kukura kwehutsvene hwake semaonero aanozviita iye.

Kuitwa mutsvene kunotsanangurwa muMagwaro kunoputira munhu wose,-mweya nemwoyo nemuviri. Pauro akanamatira vanhu vekuTesaronika achiti: “Mweya wenyu, nemwoyo, nemuviri, zvichengetwe kwazvo, zvisina zvazvingapomerwa kusvikira pakuuya kwaShe wedu Jesu Kristu” 1 VaTesaronika 5:23. Zvakare anonyorera vatendi achiti: “Naizvozvo ndinokumbira zvikuru kwamuri, hama dzangu, netsitsi dzaMwari, kuti muise miviri yenyu, chive chibairo chipenyu, chitsvene, chinofadza Mwari” VaRoma 12:1. Munguva dzaIsraeri wekare chibairo chimwe-nechimwe chapiwa sechipiriso kuna Mwari chaitarisiswa. Kana chinhu chakaipa chaivonekwa mumhuka yaida kubairwa, yaisagamuchirwa nekuti Mwari akanga araira kuti chibairo chaifanira kuva, “chisina chachinopomerwa.” Saka Makristu anokurudzirwa kuti aise miiri yavo, “sechibairo chipenyu chitsvene, chinogashirika pamberi paMwari.” Kuti izvi zviitwe, masimba avo ose anofanira kuchengetedzwa arimuchimiro chakanaka. Tsika ipi neipi inokanganisa muviri kana pfungwa inokonzera kuti munhu asafanira kushandira Musiki wake. Mwari angafadzwe here nechinhu chiri pasi pechiero chezvaakatara pane zvatinogona kupa? Kristu akati: “Unofanira kuda Jehova Mwari wako nemwoyo wako wose nepfungwa dzako dzose. “Avo vanoda Mwari nemwoyo wese vanozvimisira kuMupa kushumira kwakanakisisa kweupenyu hwavo, uye vanozoramba vachitsvaka kuti vaise hupenyu hose mukuwirirana nemirairo inozovagonesa kuita zvaanoda. Havazokanganisi hutano, kana kusvibisa chibairo chavanofanira kumisa kuna Baba vekudenga kuburukidza nekutunhidza havi kana zvidiso zvenyama.

Petro anoti: “Muzvidzore pakuchiva kwenyama kunorwa nemweya” 1 Petro 2:11. Chipi nechipi chinoitwa kungotsvaka kugutsa nezvidiso zvenyama zvakashata chinoisa chiveve mupfungwa nekuvuraya maonero. Izvi zvinokonzera kuti inzwi reMweya waMwari rinzwikwe zvishoma shoma mumwoyo. Pauro anonyora kuvanhu vekuKorinde: “Ngatizvinatse pamatsvina ose enyama neemweya, tikwanise vutsvene pakutya Mwari” 2

VaKorinde 7:1. Uye zvibereko zveMweya zvinoti–“rudo, nemufaro, nerugare, nemwoyo murefu, nemwoyo munyoro, nekunaka, nekutendeka, nevunyoro,”- anozviisa muchikwata chimwechete “nekuzvidzora” VaGaratia 5:22, 23.

Kunyange paine kutaura kunesimba kwakafemerwa kwakadii, vangani maKristu vari kuparadza hutano hwavo nekushingairira pfuma kana kunamata mapfekero; vangani vari kudzikisira chimiro chavo chehuMwari nemakaro, nekunwa waini, nekunakidzwa nezvinorambidzwa. Uye sangano, pane kuti ritsiure, kazhinji rinorukudzira zvakaipa nekukoshesa havi, dzekuda shungu hupfumi, kana kuda kunakidzwa, kuti kereke iwane mari isingagoni kuwanikwa kubva mukuda Kristu. Dai Jesu aipinda mumakereke nhasi nekuona mabiko nezviri kufambiswamo muzita rekunamata, haaitinhira vasvibisi avo kunze here, sezvaakatandanisa vairavanisa mari mutemberi?

MuApostora Jakobo anotaura zvakasimba kuti huchenjeri hunobva kumusoro “kunotanga nekuchena.” Dai akanga ambosangana neavo vanotaura zita rakakosha raJesu, nemiromo yakasvibiswa nefodya, avo vane kufema kana miviri yavo zvakakanganiswa nekunhuwa kwayo, uye vanosvibisa mhepo yedenga nekumanikidzira vose vakavapoteredza kuti vafeme mweya uneuturu uhu,–dai akanga ambosangana nemararamiro anopikisana zvakadaro nekuchena kwevhangeri, angadai asina here kuzvishora “sezvinhu zvepasi pano zvinofadza nyama, zvadiaborosi?” Varanda vefodya vachiti chikomborero chekunatsva chose ndechavo, vanotaura netariro yavo yekuve kudenga; asi Shoko raMwari rinotaura pachena kuti “Mukati maro hamungatongopindi chinhu chinosvibisa” Zvakazarurwa 21:27.

“Hamuzivi here kuti muviri wenyu itembere yeMweya Mutsvene, uri mukati menyu, wamakapiwa naMwari? Hamuzi venyu; nekuti makatengwa nemutengo; naizvozvo kudzai Mwari mumuviri wenyu vuye mumweya yenyu iri yaMwari” 1 VaKorinde 6:19, 20. Uyo ane muviri uri temberi yeMweya Mutsvene haangaitwe muranda netsika inenjodzi kuhupenyu hwemunhu. Masimba ake ndeaKristu akamutenga nemutengo weropa. Pfungwa yake ndeyaIshe. Inoshaya mhosva sei mukuparadza hupfumi uhu hwaakachengeteswa kuitira kuti basa rigoenderera mberi? Vanozviti makristu vanoshandisa mari yakawanda gore negore pazvinhu zvisina basa vachiita zvinhu zvine njodzi kuhutano hwavo panguva imwecheteyo mweya ichifa nekushaya shoko rehupenyu. Mwari anobirwa muzvegumi nezvipo, vanhu vachidya paaritari yekuchiva kunoparadza kudarika kupa kwavanoita kuti varombo varerutsirwe na- pakakufambiswa kwevhangeri. Dai vose vanoti vateeri vaKristu vakaruramiswa nekunatswa pachokwadi hupfumi hwavo pane kuti hushandiswe pane zvisina maturo nemune zvinokuvadza, hwaidzoserwa kudura rehupfumi hwaJehova, uye maKristu aizove mienzaniso wekuzvidzora, kuzviramba, uye nekuzvipira. Ipapo vaizova chiyedza chenyika.

Nyika yaputsikira kune zvinofadza nyama chete. “Kuchiva kwenyama, kuchiva kwemeso, nekuzvida ndizvo zviri kusunda vanhu vazhinji. Asi vateveri vaKristu vane kudaidzwa kutsvene. Budai pakati pavo muzvitsavure, ndizvo zvinotaura Jehova, musabata chinhu chinetsvina.” Mukurarama sezvinodiwa neShoko raMwari, zvinokodzera kutaura takasimba kuti kunatswa hakuna kukwana kana tisingaunzi kuramba nekusiya tsika dzakashata dzekutsvaka kuzvigutsa nezvinhu zvenyika.

Kune avo vanoteerera zvimiso zvinodikanwa, “budai kubva mukati mavo muende parutivi musabate chinhu chine tsvina.” Chitsidzo chaMwari chinoti: “Ini ndichakugamuchirai, ndichava Baba venyu, nemi muchava vanakomana nevanasikana vangu. Ndizvo zvinotaura Ishe unesimba rose” 2 VaKorinde 6:17, 18. Zvinotsvaka kuti muKristu mumwe nemumwe apfume mumararamiro nemuzvinhu zvaMwari. “Ndiri chiedza chenyika,” akataura Jesu, “Unonditevera haangatongofambi murima, asi uchava nechiedza chehupenyu” Johane 8:12.

“Asi gwara revakarurama rakaita sechiedza chamambakwedza, chinoramba chichiwedzera kubwinya kusvikira pamasikati makuru” Zvirevo 4:18. Danho rimwe nerimwe rekutenda nekuteerera rinouyisa mweya pedyo nechiedza chenyika. Uyo maari, “musina kana rima.” Maranzi anobwinya ezuva rekururama anopenyera varanda vaMwari ivo vanofanira kuratidza kupenya kwemaranzi ake. Senyeredzi dzinotiudza kuti kune chiyedza chikuru mudenga chine mbiri inodziita kuti dzipenye, saka Makristu anofanira kuti zvive pachena kuti kuna Mwari ari pachigaro chekutonga kudenga nepasi ane chimiro chakakodzera kurumbidzwa nekuteererwa. Nyasha dzeMweya wake, kuchena nehutsvene hwechimiro chake, zvichavonekwa muvaranda vake.

Pauro mutsamba yake kuVaKorosi anoisa pachena zvikomborero zvakapfuma zvavakapiwa kuvana vaMwari. Anoti: “Nesuvo, hatiregi kukunyengetererai, nekukumbira kuti muzadzwe nekuziva kwazvo kuda kwake, pakuchenjera nekunzwisisa kose kwemweya; kuti mufambe sezvinofanira Ishe, muchimufadza pazvose, muchibereka zvibereko pamabasa ose akanaka, muchikura pakuziva Mwari kwazvo; muchisimbiswa nesimba rose, nesimba rekubwinya kwake, nemwoyo murefu, nekutiwira nemufaro” VaKorosi 1: 9-11.

Anonyorazve nechidiso chake chekuti hama dzepaEfeso dzisvike pakunzwisisa kureba kwemukana wemuKristu. Anozarurira pamberi pavo, mururimi runonyatsonzwisisika, simba rinoshamisa neruzivo rwavaigona kuve narwo sevanakomana nevanasikana vewekumusorosoro. Zvaive zvavo “kuti vasimbiswe neMweya wake mumunhu wemukati; kuti vave nemidzi nenheyo murudo; vave nesimba rekunzwisisa pamwe chete nevatsvene vose, kuti kufara, nekureba, nekukwirira, nekudzika kwakadiniko, nekuziva rudo rwaKristu, runopfuvura kuziva, Asi munyengetero

wemuapostora anosvika pachiruvi chaipo paanoti, “Kuti muzadziswe nekuzara kose kwaMwari” VaEfeso 3:16-19.

Apa ndipo parikuiswa pachena kukwirira kwezvingagonekwe zvatingasvikire kuburikidza nekutenda muzvivimbiso zvaBaba vedu vekudenga, patinenge tazadzisa zvaanoda. Kuburikidza nekugona kwaKristu tine mvumo yekusvika pachigaro chesimba risina chiero. “Iye usina kuramba kunyange neMwanakomana wake, asi wakamupa chose nekuda kwedu tose, ungarega seiko kutipavo zvose pamwe chete naye” VaRoma 8:32. Baba vakapa Mweya wavo zvisina chiero kuMwanakoma wavo, nesuwo tinogona kuwana mugove mukuzara uku. Jesu anoti, “Naizvozvo kana imi makaipa muchiziva kupa vana venyu zvipo zvakanaka: Baba venyu vari kudenga vachapa zvikuru sei Mweya Mutsvene kune vanokumbira kwaari” Ruka 11:13. “Kana muchikumbira chinhu kwandiri muzita rangu, ndichachiita.” “kumbirai muchapiwa kuti mufaro wenyu uzadzisike” Johane 14:14; 16:24.

Apo upenyu wemuKristu hunenge hwakazara nechimiro chekuzvininipisa, haufaniri kuratidzwa nekusuruwara nekuzvitarisira pasi. Mukana wemumwe nemumwe kuti ararame zvinoita kuti Mwari ati zvakanaka agomukomborera. Hakusi kuda kwaBaba vedu vekudenga kuti tive pasi pekushorwa nerima. Hapana chinotsigira kuzvinipisa kwechokwadi mukufamba musoro uri padivi nemwoyo wakazadzwa nekuzvifunga iwe pachako. Tinogona kuenda kuna Jesu tichinocheneswa tozomira pamberi pemurairo wake tisina nyadzi kana kuzvishora. “Naizvozvo hakuchina kupiwa mhosva kunevari muna Kristu Jesu vasingafambi nenyama asi nemweya” VaRoma 8:1.

Kuburikidza naJesu vanakomana waAdamu vakaputsika vanogona kuva “vanakomama vaMwari.” “Nekuti uyo, unovaita vatsvene, naivo vanoitwa vatsvene, vose vakabva kune mumwe; nemhaka iyi haanenyadzi kuvaidza hama dzake” VaHeberu 2:11. Hupenyu hwemuKristu hunofanira kuva hwekutenda, hwekukunda, uye hwakazara nemufaro muna Mwari. “Nekuti chinhu chipi nechipi, chinoberekwa naMwari chinokunda nyika; uku ndiko kukunda kunokunda nyika, ndiko kutenda kwedu” 1 Johane 5:4. Muranda waMwari Nehemia akataura chokwadi: “Nekuti mufaro waJehova isimba renyu” Nehemiya 8:10. Uye Paurovo anoti, “Farai munashe nguva dzose; ndinopamhidzazve farai. Rambai muchingofara. Namatai musingamiri. Tendai muzvose nekuti uku ndiko kuda kwaMwari muna Kristu Jesu nekuda kwenyu” VaFiripi 4:4; 1 VaTesaronika 5:16-18.

Izvi ndizvo zvakaita michero yekutendevuka nekuitwa vatsvene sezvinotaurwa neBhaibheri; nekuda kwekuti zvimiso zvikuru zvekururama zviri mumurairo waMwari hazvisi kukosheswa nemaKristu ndicho chikonzero nei michero iyi isiri kunyanya kuvonekwa. Ndicho chikonzero nei kuvonekwa kwebasa rakadzika dzika reMweya waMwari, rakaunza rumutsiriro mumakore akapfuvura rakadaro.

Tikaramba takatarisa tinoshandurwa tofanana nezvatakatarisa. Kana zvimiso izvi zvitsvene umo Mwari akazarura kuvanhu kuperera nehutsvene hwechimiro chake zvikashairwa hanya uye pfungwa dzevanhu dzichikwezverwa kudzidziso dzevanhu nemafungiro evanhu, hazvishamisi kuona kudzikira kwekuzvipira muhupenyu hwekunamata musangano. Jehova anotaura: "...Vakandisiya, ini tsime remvura mhenyu, vakazvivezera zvirongo, zvirongo zvakaputsika, zvisingagoni kuchengeta mvura" Jeremiya 2:13 .

"Akakomborerwa munhu asingafambi panorangana vakaipa . . . . Asi anofarira murairo waJehova; anofungisisa murairo wake masikati nevusiku. Achafanana nemuti wakasimwa pahova dzemvura, unobereka michero yawo nenguva yawo, mashizha awo haasvavi; chinhu chipi nechipi chaanoita chichabudirira" Pisarema 1:1-3.

Kana murairo waMwari ukadzorerwa panzvimbo yavo zvakazara ndipo chete panogona kuuya rumutsiriro rwekutenda kwekare nehuMwari hwakaperera pakati pevanhu vake. "Mirai panzira, muwone; bvunzai nzira dzekare, kuti nzira yakanaka ndeipi; mufambe mairi, mugowanira mweya yenyu zororo" Jeremiya 6:16.

Chitsauko 28 Kutarisana Nenhorondo Yakanyorwa Yeupenyu

“Nzvagadzwapo, mumwe wakakwegura pamazuva ake akagarapo; ngudakatarira” anodaro muporofita Danieri, “kusvikira zvigaro zveushe vo yake yakanga yakachena sechando, uye vhudzi romusoro wake rakanga rakaita samakushe akanatswa; chigaro chake choushe yakanga iri mirazvo yomoto, makumbo acho uri moto unopfuto. Rwizi rwomoto rwakanga ruchibuda ruchibva pamberi pake; zvuru nezvuru zvakanga zvichimubatira, uye pamberi pake pakanga pamire zvuru zvinegumi zvezvuru, zvezvuru zvinegumi; kutonga kukatanga, bhuku dzikazarurwa” Danieri 7:9,10.

Ndizvo zvakaratidzwa pamberi pemuporofita mumuono apo zuva guru richasvika rekuti zvimiro, upenyu, nehunhu hwevanhu vese vepanyika zvichaongororwa pamberi pemutongi zvichienderana nemabasa akabatwa nemunhu mumwe nemumwe. Akakwegura pamuzuva ake ndiMwari baba. Mapisarema anoti; “Makomo asati azvarwa, musati matongosika nyika nevhu, kubva pakusingaperi kusvikira pakusingaperi imi muri Mwari” Mapisarema 90:2. Ndiye manyuko evanhu vose, chitubu chemirairo yose, uchagara pachigaro chokutonga. Zvakare vatumwa vatsvene vari vashumiri nezvapupu, mukuverengwa kwavo, “zvuru zvinegumi zvezvuru zvinegumi” vakaungana padare guru.

“Ndikavona, mumwe wakafanana nomwanakomana womunhu achivuya namakore okudenga, akasvika kunowakakwegura pamazuva ake, akaswededza pamberi pake, kapiwa simba, nokubwinya, novushe, kuti vanhu vose namarudzi ose namarimi ose vamushumire; simba rake rovushe isimba risingaperi, risingazopfuvuri, uye vushe bwake havungazoparadzwi” Muporofita Danieri 7:13,14. Kuuya kwaKristu kuri kurehwa apa hakuzi kuuya kwake pano panyika. Unouya kunowakakwegura pamazuva ake mudenga kuti agashire masimba nembiri, neumambo, uhwo hwaachazopihwa pakupera kwebasa rake semurevereri. Ndiko kuuya uku kusiri kudzoka kwake kwechipiri panyika, kwakaprofitwa kare kuti kuchaitika pakupera kwemadekwana namagnwanani anezvuru zviviri namazana matatu (2300) mugore ra1844. Akapoteredzwa nevatumwa vekudenga, mupirisita wedu mukuru wakapinda munzvimbo tsvene tsvene pamberi paMwari kuti aite Mabasa ekushumira kekupedzisira ekumiririra vanhu, kuti aite basa rerutongo rwetsvagurudzo nekuyananisira vose vachaonekwa vakakodzera.

Kare munguva yeva Israel avo bedzi waiuya pamberi paMwari nekureurura, kutendeuka, avo zvitema zvavo, kubudikidza neropa rechipiriso chezvivi, zvaiendeswa muSenjuari, ndivo bedzi waive nerupande murusando rwepazuva rekuyananisira. Naizvozvo, pazuva guru rekuyananiswa kekupedzisira, nerutongo rwekutsvagurudza nyaya dzichapinda bedzi ndedze avo vanopupurirwa kuti vana vaMwari. Rutongo rwevakaipa rwakatosiyana uye ibasa rakazvimirira ririrega, uye richazoitika paneimwe nguva irikumberi. “Nokuti nguva yasvika yokuti kutonga kutange paimba yaMwari; zvino

kukatanga kwatiri, kuguma kwevasingatereri Evhangeri yaMwari kuchagovei" 1 Petro 4:17.

Mabhuku ekudenga umo makanyorwa mazita nezvakaitwa nevanhu,ndiwo achashandiswa parutongo. Ndizvo zvakarehwa noMuporofita Daniel achiti: "Ipapo ndakavona vakafa, vaduku nevakuru, vamire pamberi pechigaro chovushe; bhuku dzikazarurwa, vakafa vakatongwa nezvakanga zvakanyorwa mubuku, sezvavakabata" Zvakazarurwa 20:12.

Mubhuku reupenyu ndimo makanyorwa mazita evese vakapinda mubasa rekushumira Mwari. Jesu anoti kuvadzidzi vake: "asi mufare kuti mazita enyu akanyorwa kudenga" Ruka 10:20. Pauro anotaura pamusoro peshamwari dzake mubasa raMwari dzakavimbika, "mazita avo ari mubhuku reupenyu" VaFiripi 4:3. Muporofita Daneri anotaura "nezvenguva yenjodzi ichavapo isina kumbovapo" Anoti vanhu vaMwari vacharwirwa "vese vanemazita akanyorwa mubhuku." Zvakazarurwa anoti avo bedzi vachapinda muguta raMwari "ndivo bedzi vakanyorwa mubhuku youpenyu yeGwayana" Danieri 12:1; Zvakazarurwa 21:27.

"Bhuku rerangaridzo "rinonyorwa pamberi paMwari, umo munonyorwa zvakanaka zvinotwa "neavo vanotya Jehovha, vachifunga pamusoro pezita rake." Marakai 3:16. Manzwi avo okutenda, Mabasa avo orudo, anonyorwa kudenga. Nehemiya anotaura nezvaivava apo anoti: "Chindirangarirai henyu, Mwari wangu . . . regai henyu kupisika Mabasa angu akanaka andakaitira imba yaMwari wangu" Nehemiya 13:14. Mubhuku rerangaridzo raMwari basa rega rega rekururama rinonyorwa. Miedzo yose yakakundwa, zvakaipa zvose zvakakurirwa, mashoko ose ohunyoro akataurwa, zvakanyorwa nokuvimbika kukuru. Zvakare nemabasa ose ekuzvipira, nekutambudzika nokuda kwakristu, anonyorwa. Kwanzi nePisarema: "Imi munoverenga madzungairire angu; isai misodzi yangu mumudziyo wenyu;"

Kune zve zvakare bhuku rinonyorwa zvivi zvavanhu."Nokuti Mwari uchatonga basa rimwe nerimwe, pamwe chete nezvose zvakavanzika, kunyange zvaknaka, kunyange zvakaipa." "Shoko rimwe nerimwe risinamaturo, rakarebga navanhu, vachazvidavirira, pamusoro paro nezuva rokutonga. "Muponesi anoti: "Nokuti namashoko ako uchagurwa" Muparidzi 12:14; Mateo 12:36, 37. Zvinangwa zvose zvakavanzika zvinonyorwa nokusakanganisa kukuru, nokuti Mwari, "uchabuditsa pachena zvinhu zvakawanzika zverima, nokuratidza mifungo yomoyo" 1 Vakorinte 4:5. "Tarirai zvakanyorwa pamberi pangu, zvakaipa zvenyu, nezvakaipa zvemadzibaba enyu pamwechete, ndizvo zvinotaura Jehovha." Isaya 65:6,7.

Basa romunhu mumwe nomumwe rinopfuura richiongororwa pamberi paMwari, kuti rionekwe kana rakaitwa nokuvimbika kana kusavimbika. Pakanangana nezita reumwe neumwe mumabhuku ekudenga, pakanyorwa zvisina kukanganisa, mashoko ose akaipa,

basa rose rinechindini mukati, basa rega rega risina kupedziswa, zvakare, nezvivi zvose zvakavanzika, zvakavigiridzwa nekunyengera kukuru. Mashoko akatumwa kubva kudenga okuyambira neekutsiura, akashairwa hanya, nguva yakapambadzwa, mikana isina kushandiswa, hwezvero yakanaka kana yakaipa yakaitwa kusvika kwakagumira matuso ayo, zvese izvi zvakanyorwa pasi nengirosi.

Mutemo waMwari ndicho chiyero, icho chichashandiswa pakutonga zvimiro, hunhu neupenyu hwevanhu vose. Mambo Soromoni anoti: “Itya Mwari, uchengete mirairo yake; nokuti ndizvo zvakafanira vanhu vose. Nokuti Mwari uchatonga basa rimwe nerimwe” Muparidzi 12:13,14. Muapositora Jakobo anoti: “Taurai uye itai savanhu vanozotongwa nomurairo wokusunungurwa.” Jakobo 2:12.

Avo bedzi vachanzi vakakodzera vachava nerupande parumuko rwevakarurama. Jesu anoti: “Avo vachanzi naMwari, vakafanira kuwana nyika iyo, nokumuka kwovakafa . . . vachaenzana navatumwa; vavanakomana vaMwari zvavari vanakomana vokumuka” Ruka 20:35, 36. Zvakare anoraira kuti: “avo vakaita zvakanaka” vachamukira kuupenyu husingaperi” Johane 5:29. Vakafa vakarurama havangamutswi kusvikira rutongo runoraira kuti vakakodzerwa nekumukira kuupenyu husingaperi rwaitwa. Zvakadaro havachazomiri nomuviri wavo pamberi perutono urwu apo nyaya dzavo dzichazenge dzichiongororwa imwe neimwe.

Jesu uchaonekwa arimumiriri wavo, kuti avareverere pamberi paMwari. “Kana munhu achitadza, tine murevereri kunababa, iye Jesu Kristu wakarurama” 1 Johane 2:1. “Nokuti kristu haana kupinda, panzvimbo tsvene tsvene yakaitwa namavoko, inofananidza iyo iri chaiyo, asi wakapinda kudenga kumene, kuti azviise pamberi paMwari nokuda kwedu.” “Naizvo unesimba rokuponesa kwazvo kwazvo, avo vanoswedera kunaMwari naye, zvaanorarama nokusingaperi kuti avareverere” VaHeberu 9:24; 7:25.

Apo mabhuku anozarurwa parutongo, upenyu hweavo vose vakatenda kuna Jesu Kristu hunoongororwa pamberi paMwari, kutanga neavo vakatanga kurarama panyika, murevereri anoreverera nyaya dzevanhu vemumazera nemunguva imwe neimwe zvichitevedzana, achizopedzisira nevapenyu. Zita rimwe nerimwe rinotaurwa, nyaya imwe neimwe ichinyatsoongororwa. Mazita anogashirwa, kana kuti anorambwa. Kana paine anezvivi zvisina kudzimwa mumabhuku, zvisina kutendeukwa, kana kuregererwa, mazita avo anodzimwa mubhuku reupenyu, uye mabasa ose akanaka avakaita, anodzimwa kubva mubhuku rerangaridzo raMwari. Jehovha vanoti kuna Mosesi: “Uyo wakanditadzira ndiye wandichadzima pabhuku yangu.” Ekisodo 32:33. Muporofita Ezekeri anoti: “ Asi kana wakarurama akatsauka pakururama kwake, akaita zvakaipa akaita zvinonyangadza,mabasa ake akarurama aakaita, haangatongorangarirwi” Ezekieri 18:24.

Vose vakatendeuka pachitema nokurevesa, nekutenda vakakumbira kucheneswa naKristu sechipiriso chekuyananisa, vakaregererwa mazita avo akanyorwa mumabhuku

ekudenga; nekuti vanotora kururama kwakristu, chimiro nehunhu hwavo zvakaonekwa zvichidyidzana nemutemo waMwari, zvivi zvavo zvichadzimwa, ivo pachavo vachanzi vakafanirwa neupenyu husingaperi. Jehovha wakaraira noMuporofita Isaya: “Ini iyeni, ndini ndinodzima kudarika kwako nokuda kwangu, handicharangariri zvivi zvako” Isaya 43:25. Jesu anoti: “Unokunda, uchapfekedzwa saizvozvo nguvo chena; handingatongodzimi zita rake pabhuku yovupenyu, ndichapupura zita rake pamberi pababa vangu, napamberi pavatumwa” “Mumwe nomumwe uchandipupura pamberi pavanhu, neni ndichamupupura, vo pamberi pababa vangu vari kudenga. Asi mumwe nomumwe unondiramba pamberi pavanhu, neni ndichamuramba vo pamberi pababa vangu vari kudenga.” Zvakazarurwa 3:5; Mateo 10:32, 33.

Chidiso chakadzama chinoratidzwa pakati pavanhu mukuita sarudzo mutare epano pasi, zvishoma anoratidza zvinoitika kudenga apo mazita anonyorwa mubhuku reupenyu, anoongororwa pamberi pemutongi wepasi rese. Jesu semurevereri anoreverera avo vose vakakunda kubudikidza nekutenda kwavo muropa rakristu varegererwe kudarika kwavo,kuti vadzorerwe mumusha weEden zvakare, vopfekedzwa korona sevadyi venhaka pamwechete naye “muvushe bwokutanga.” Maraki 4:8. Mumasimba ake okuedza, nokunyengera rudzi rwevanhu, akufunga kudzivirira nokurwisa zano raMwari rekusika munhu, asi Kristu wakakumbira kuti basa iri rigoitwa sekuti munhu haana kuputsika. Haana kungokumbirira bedzi kuti vanhu varegererwe,nekururamiswa, kuzara nokuperera, asi rupande mukubginya kwake nechigaro pachigaro chake chokutonga.

Apo Jesu arikureverera, vagashiri venyasha dzake, satan anovapa mhosva pamberi paMwari sevaputsi vemirairo. Munyengeri mukuru akatsvaga mano ekutungamira vanhu mukusatenda, kuti vashaiwe vimbo muna Mwari, kuti vazvisudurutse kurudo rwaMwari, nekuputsa mirairo yake. Anovanongedzera kunhorondo yeupenyu hwavo, nekuipa kwehunhu hwavo, kusafanana kwavo naKristu, kwakabvisa kukudzwa kwomudzikinuri wavo, nekuzvitema zvese zvaakavanyengera kuti vaite, nekuda kwaizvo iye anorambira pakuti vanhu vake.

Jesu haarambi kutadza kwavo, asi unoratidza kurevururra, nekutenda kwakazara kudemba unovakumbirira ruregerero pachinzvimbo chavo, anosimudza maoko ake anemavanga pamberi baba nengirozi tsvene achiti: Ndovaziva nemazita. Ndakavanyora muchanza choruoko rwangu. “Zvibairo zvaMwari mweya wakaputsika, Mwoyo wakaputsika nowakapwanyika, imi Mwari hamungaushoori” Mapisarema 51:17.

Kumupomeri wevanhu vake anoti: “Jehovha ngaakutuke, iwe satani; zviro kwazvo, Jehovha, wakazvisanangurira Jerusarema, ngaakutuke; ko ichi hachizi chitsiga chakabvutwa pamoto here?” Zekariya 3:2. Kristu uchapfekedza vakavimbika kururama kwake, kuti aende navo pamberi paBaba vake “kereke, inobwinya, isina gwapa, kana kuon*yana, kana chinhu chakadai.” VaEfeso5:27. Mazita avo anomira akanyorwa

mubhuku reupenyu, zvakare pamusoro pavo pakanyorwa kunzi: “vachafamba neni vane nguwo chena, nokuti vakafanirwa nazvo” Zvakazarurwa 3:4.

Apa ndipo pachazadziswa nokuperera chipikirwa chesungano itsva: “nokuti ndichavakanganwira kuipa kwavo, nezvivi zvavo handingazozvirangariri” “Namazuva iwayo, ndizvo zvinotaura Jehovha; zvakaipa zvaIsrael zvichatsvakwa, asi hazvingavipo, nezvivi zvaJuda, asi, hazvingawanikwi; nokuti ndichakanganwira vandakasiya.” Jeremiya 31:34; 50:20. “Nezuva iro bukira raJehovha, richanaka nokubginya, uye zvibereko zvenyika zvichava zvakaiso naka nezvinorumbidzwa kunavakapukunyuka vaIsrael. Vakasiyiwa paZion, navakasara paJerusalem, ivo vachanzi vatsvene, ananinani wakanyorwa pakati pavapenyu, muJerusalem” Isaya 4:2,3.

Basa rerutongo rwetsvagurudzo, nekudzimwa kwezvivi rinofanira kupedzwa kudzoka kwechipiri kwaShe kusati kwasvika. Nekuda kwekuti vakafa vachatongwa nekuda kwezvakanyorwa mumabhuku, hazvigoni kuti zvivi zvevanhu zvidzimwe kusvikira apo nyaya dzese dzaongororwa parutongo rwetsvagurudzo. Asi muAopositori Peturo anonyatsotsanangura zvakajeka zvivi zvevatendi vose zvichadzimwa apo “nguva dzokusimbiswa dzinobva kunaShe, dzisvike. Atume Kristu, iye Jesu” Mabasa 3:19, 20. Kana rutongo rwetsvagurudzo rwavharwa, kristu achauya, uye mubairo wake anawo kuti ape mumwe nemwe sezvaakabata.

Kare kuvaIsraeri mupirisita mukuru apedza kuyananisira vaIsraeri, aiuya oropafadza vungano. Naizvozvo, Kristu pakupedzisa basa rake semumiriri, uchaonekwa, “asingatakuri zvivi” kuti akomborere vanhu vake vakamumirira neupenyu usingaperi. Sezvaiitwa nomupirisita pakubvisa zvivi muSenjuari, ozvirevurura pamusoro wembudzi yainzi yaAzazeri, naizvozvo Kristu uchaisa zvivi zvose panaSatani, muvambi nemuridzi wezvivi. Mbudzi yaAzazeri yaitakura zvivi zveIsraeri, yaiendeswa kure “kunyika isina vanhu” (Revitiko 16:22): Naizvo, satani achatakura mhosva dzezvivi zvose zvaakakonzeresa kuti vanhu vaMwari vaite, uchagara kwechuru chemakore, pano panyika ari oga, pasina munhu anogarapo, naizvozvo pakupedzisira uchatambudzika zvakaperera nokuda kwezvivi zvake mumoto uchaparadza vakaipa vose. Nokudaro zano reruponeso richasvika pachikwekwenhero chebasa rekuparadza chivi, nekudzikinura avo vose vakazvimisira kusiya zvakaipa.

Panguva yerutongo yakatarwa, pakunopera kwemazuva ane zvuru zviviri, nemazana matatu (2300) mugore ra1844, ndipo pakatanga basa rerutongo rwetsvagurudzo nekudzimwa kwezvivi. Avo vose vakambotora nekugashira zita rakristu vanofanira kupinda pakuongororwa kukuru. Vose vapenyu nevakafa vachatongwa “kuburikidza nezvakanyorwa mumabhuku, zvinoenderana nekubata kwavo.”

Zvitema zvisina kutendeukwa nekusiiwa, hazvizoregererwi nekudzimwa mumabhuku enhorondo, asi zvichapupurira munyangadzi zvivi zvake pazuva raMwari. Anogona kunge

akaita zvivi zvake muchiedza chezuva kana kuti murima usiku; asi zvakanga zviripachena nekuratidzwa pamberi pake iye. Ngirozi dzaMwari dzakavazvapupu nekuona chivi chimwe nachimwe, nekunyora nenzira isingakanganisi. Chitema chinogona kuvanzwa kana kurambwa, kana kuvharidzirwa kuna baba kana kunamai, kumudzimai, kuvana, nekwakasiyana siyana, muridzi wechitema anogona kusafungira kana kuona udzamu hwekukanganisa kwake; asi zvose zviri pachena pamberi pevachenjeri (ngirozi) vekudenga. Dima rakadzama reusiku, kuvingiridza kwose neunyanzvi hwako, hakuna kukwana kuti kuvharidzire kufunga kumwe kubva paruzivo runogara nekusingaperi. Mwari akanyora pasi kwose kusabata kwakanaka kwemunhu uye kusavimbika mukurarama kwose. Haanyengerwi nezvinooneka zvekunze. Haakanganisi mumaonero ake ehunhu.Vanhu vanogona kunyengerwa neavo vanehuori pamwoyo, asi Mwari unoona neudzamu kunyengera nekuvigiridza, achiverenga upenyu hwemukati.

Ipfungwa inokosha zvikuru, kuziva kuti zuva rega rega rinonongedza zvinechekuita neupenyu hwekusingaperi, uye rakatakurana nemitoro yakanyorwa mumagwaro ekudenga. Masoko akataurwa, zvakaitwa, hazvingarangaririki zvose. Ngirozi, dzakanyora mumabhuku zvose zvakanaka nezvakaipa. Mhare nevakundi vose vepanyika havagoni kurangarira zvakaitika kumashure zvezuva rimwe. Mabasa edu, masoko edu, kunyangwe zvinangwa zvedu zvakahwanzika, zvese zvinobata neudzamu kuti remangwana remumwe nemumwe rakamira zvakanaka here kana kuti rakazara kuchema. Zvinogona zvakakanganikwa nesu, asi zvichapa uchapupu kutiruramisa kana kana kupuwa mhosva.

Sezvinoita vanoveza zvifananidzo neunyanzvi kuveza zviso zvevanhu vachibuditsa sezvazviri zvisina kupotsa, saizvozvowo hunhu hwako nehwangu nekuvimbika kukuru zvanyorwa mumagwaro ekudenga. Asi kangani vazhinji vedu katinombofunga zvineudzamu kuti zvose zvandirikuita zvinotariswa nengirozi dzekudenga. Dai kurikunzi jira rinopatsanura zvinoonekwa nezvisingaonekwi namaziso edu raibviswa, vana wevanhu vachiona ngirozi ichinyora shoko, nebasa rimwe nerimwe, iro ravachazosangana zve naro pamusi werutongo, mashoko mangani anotaurwa aisazotaurwa, uye Mabasa akawanda zvakadii aizoregwa kuitwa?

Murutongo urwu, kushandiswa kwematarenda kuchaongororwa. Kuti takashandisa sei zvatakagoverwa nedenga? Ishe pavanouya vanotiwana tiripanzvimbo pedu chaipo here? Takawedzera here masimba akupuwa kwatiri, muruoko, mumwoyo, mukupfungwa, mukurumbidza Mwari nekuva zvikomborero kunyika? Takashandisa sei nguvayedu, zvinoreso, izwi redu, mari yedu, nehwezvo hwedu? Takaitirei Kristu, muchimiro chevarombo, vanotambudzika, nherera, kana chirikadzi? Mwari akatiia watakuri weshoko rake dzvene, zvii zvatakaita nechiedza nezvokwadi yakapihwa kwatiri kuti tipe vanhu uchenjeri hunoponesa? Kungowa mutendi bedzi hakuna kukwana pamberi paKristu; asi bedzi rudo runoratidzwa nemabasa akanaka anekuperera. Rudo rwazvokwadi bedzi pamberi pedenga ndirwo rwunoita Mabasa anzi akakosha. Zvese zvinoitwa norudo,

kunyangwe zviri zviduku pakuona kwevanhu, zvinogashirwa nokupuwa mubairo naMwari.

Chindini chakahwanzika chevanhu, chinomira chakaratidzwa mumabhuku ekudenga. Kune rugwaro rwemabasa asina kuzadziswa kunevahu, nekukanganwa izvo muponesi anotarisira kwatiri. Ipapo vanhu vachaona kuti pane nguva, nekufungwa zvakare nesimba zvakadii izvo zvakapihwa kunasatani asi zvaifanira kunge zviri zva kristu. Rinosuwisa zvakadii gwaro rinoenda nevanda nengirozi kudenga. Vanhu vakachenjera, avo vanopupura kuti vakristu, vanobatikana zvikuru mukuunganidza upfumi hwenyika ino nekufadza kwenyika. Mari, nguva, nesimba zvinopambadzirwa pakuda kusviratidza kuvanhu,asi inguva shoma inopambadzirwa pamunamato, kuverenga shoko raMwari, kuzvininipisa pamweya, nekurevururwa kwezvivi.

Satani anogadzira nzira dzisingaverengeki kuti abate pfungwa dzedu, kuti dzisagare pabasa chairo ratinofanira kunge tichiita nekuziva uye neunyanzvi. Munyengeri mukuru anovenga zvokwadi huru iyo inoisa pachena chipiriso chekuyananisira, nomurevereri wedu anesimba. Anoziva kuti kwaari kubudirira kwake kwakatsamira pakubvisa pfungwa dzevanhu kubva kuna kristu nezvokwadi.

Avo vanogoverana basa rekurevera ramuponesi havafaniri kutendera chimwe chinhu chinokanganisa basa ravo rokugadzirisa hutsvene mukutya Jehovha. Nguva yakakosha panzvimbo, panzvimbo yekuipambadzira kumafaro, kukuonererwa, kana kuzvitsvagira, inofanirwa kupambadzirwa pakudzidza nepakutsvagurudza nomunato zvokwadi iri mushoko raMwari. Zvidzidzo zveSenjuari, nerutongo rwetsvagurudzo zvinofanira kunzwisiswa zvakanyanya nevanhu vaMwari. Vose vanofanira kuwana ruzivo pachavo rwechimiro nebasa romupirisita wavo mukuru. Nokuti zvinozovaomera kuti varame nokutenda kwakakosha kunodikanwa panguva ino, kana kugona kutora nzvimbo iyo Mwari akavagadzirira kuzadzisa. Munhu mumwe nomumwe unemweya wekuponesa kana kurasikirwa. Umwe neumwe anenyaya iripo pamberi paJehovha. Umwe neumwe unofanira kutarisana nomutongi uso nokuuso. Nokudaro zvakakosha zvakadii kuti pfungwa dzigare dzichifunga nekubatikana nemuono uyo apo chigaro chokutonga chichagara, mabhuku achizarurwa, pamwechete naMuporofita Danieri paanoti, mumwe nomumwe uchamira oga, pazuva rokupedzisira.

Vose vakagashira chokwadi chiedza chezvidzidzo izvozvi vanofanirwa kupupura zvokwadi yakakura kudai iyo Mwari akavagashidza. Senjuari yokudenga ndiwo mudzi webasa raKristu pachinzvimbo chemunhu. Zvinobata munhu wese akararama panyika. Zvinoisa pachena zano rekudzikinura, kusvikira pakupera kwenguva, nokuisa pachena kukurira pahondo yekururama nechitema. Zvakanyanya kukosha zvikuru, kutivanhu vose vatsvagurudze nekuongorora zvakadzama zvidzidzo izvi kuti vakwanise kuzvimirira nekugona kupa mhinduro kunavose vanobvunza pamusoro petariro irimo mazviri.

Kureverera kwaKristu pachinzvimbo chemunhu musenjuari yekudenga kwakakosha zvakangoenzana norufu rwaKristu pamuchinjikwa. Kubudikidza norufu rwake akatanga basa iro mushure merumuko rwake akakwira kudenga kunopedzisa. Tinofanira kupinda nokutenda munzvimbo tsvene tsvene, "pakapinda mutungamiriri nokuda kwedu" VaHeberu 6:20. Ipapo chiedza chemuchinjiko wekarivhari chinoratidzwa. Ipapo tinowana muono wakazara wechakawanzika cherudzikinuro. Ruponeso rwemunhu runopedziswa nemutengo usingaperi wekudenga; chipiro chakaitwa chakaenzana nezvinodiwa nokutarisirwa nomutemo waMwari wakaputswa. Jesu wakazarura yekuchigaro chababa, zvakare kuburikidza nekureverera kwake, chidiso chake ndechekuti avo vese vanouya kwaari nokutenda vagounzwa pamberi paMwari.

"Unofukidza kudarika kwake, haangavi nomufaro; Asi unozvirevurura, achizvirasha, uchawana nyasha" Zvirevo 28:13. Dai avo vanoviga nekuramba kukundikana kwavo vaiona kuti Satani anokudzwa sei pavari, uye kuti anoshoora Kristu nengirozi tsvene zvakadii nemararamiro avo, vairevurura zvivi zvavo nekukurumidza uye nokuzvisiya zvachose. Kuburikidza nemhosho dzepahunhu, Satani anoshanda kuti abate pfungwa dzose dzomunhu, uye anoziva kuti mhosho idzi dzikasakurirwa anobudirira. Naizvozvo anotsvaga nemano ese kunyengera vateveri vaKristu, nenzira dzake dzokuparadza dzakaoma zvikuru kuti munhu akunde. Asi Jesu unovamiririra pachinzvimbo chavo nemavanga mumaoko nemuviri wake, zvakare anoti kuna vose vanomutevera: "nyasha dzangu dzinokuringana" 2 Vakorinte 12:9. "Muise joko rangu pamusoro penyu, mudzidze kwandiri, nokuti ndiri munyoro, ndinomwoyo unozvininipisa, kuti muwane zororo pamweya yenyu. Nokuti joko rangu rakanaka, nomutoro wangu unorerukira" Mateo 11:29, 30. Naizvozvo ngaparege kuva nomunhu unofunga kuti zvivi zvake hazvirapiki. Mwari unopa kutenda nenyasha dzekukurira.

Tave kurarama muzuva guru rekuyananisa. Munguva dzekare, apo mupirisita mukuru aiita basa rekuyananisira Israel, vanhu vese vaitarisirwa kuzvidemba pamweya nekutendeuka kubva kuzvivi nekuzvininipisa pamberi paJehovha, kuitira kuti vasabviswe pakati pevanhu. Zvimwechetezvo, vose vane mazita acharambira mubhuku reupenyu, ikozvino mumazuva mashoma asara varikufanira kuzvidemba pamberi paMwari nekunzwa urombo pamusoro pezvivi zvavo nekutendeuka kwakaperera. Panofanirwa kuva nekuzvitaridza kwakadzama kwemoyo. Mweya wekushaya hanya uyo unowanikwa muvahu vazhinji vechikristu unofanirwa kuraswa kure. Pane kurwa kwekuperera pamberi peavo vose vachakunda tsika dzechitema idzo dzinobata mumunhu nguva dzese. Basa rekugadzirira nderemunhu umwe neumwe. Hatiponeswa seboka. Kuchena nekuperera kweumwe hakuzomiri panzvimbo yekukundika kweumwe. Kunyangwe zvazvo ndudzi dzose dzichifanirwa kusangana norutongo rwaMwari, asi uchaongorora nyaya imwe neimwe sezvairi nekutsvagurudza kwakadzama zvekunge panyika hapana vamwe vanhu

kunze kwako iwe. Mumwe nemumwe achaedzwa zvekuti hapafanirwi kuonekwa ruvara kana kuonyana.

Kukosha kukuru kwazvo kwatinoona munyaya idzi dzakatsamirana nebasa guru rekuyananisira. Parizvino rutongo rwakatanga muSenjuari kumusoro. Kwemakore mazhinji basa iri ririkufambira mberi. Nekukurumidza, hapana anoziva nguva rutongo ruchasvika kuvapenyu. Upenyu hwedu hunopfuura pamberi paMwari. Panguva ino kupfuura dzimwe nguva dzose zvakutsvaga kuti munhu mumwe nomumwe anzwe mashoko amuponesi: “Chenjerai murinde nokunyengetera; nokuti hamuzivi kuti nguva ichasvika rinhi” Marko 13:33. “Naizvozvo kana usingapepuki, ndichauya sembavha,haungazivi nguva yandichakuwira nayo” Zvakazarurwa 3:3.

Kana basa rerutongo rwetsvagurudzo ravharwa,mugumo emunhu wese anenge akuzikanwa kuti uyu arikuenda kuupenyu herekana kuti kurufu. Mutsa unopfigwa nguva shoma shoma Ishe asati auya nemakore okudenga. Kristu munazvakazarurwa, achitarisa nguva iyi anoti: “Usina kuruurama, ngaarambe achiita zvisakarurama; unetsvina ngaarambe achisvibiswa; wakarurama ngaarambe achiita zvakarurama; mutsvene ngaarambe achiitwa mutsvene. Tarirai ndinokurumidza kuuya; mubairo wangu ndinawo, kuti ndipe mumwe nomumwe sezvaakabata” Zvakazarurwa 22:11, 12.

Vakarurama nowakaipa vanenge vachirikugara pano panyika mumuviri wavo unoora, vanhu vanhu vachange vachidyara, nokuvaka, vachidya nokunwa, vese pasina anoziva kuti sarudzo isingadzoreki patsva yatoitwa muSenjuari kumusoro. Murowe usati wauya, mushure mekunge Noah apinda muareka, Mwari wakamupfigira mukati, vakaipa vose vakapfigirwa kunze; asi kwamazuva manomwe, vanhu vasingazivi kuti kuparara kwavo kwasvika vakaenderera mberi nekurarama upenyu husina hanya, hwemafaro, vakashoora nyevero yerutongo rwaiuya.” Sezvakataurwa naMuponesi kuti, “Ndizvo zvichaita kuuya kwemwanakomana womunhu” Mateo 24:39. Chinyararire, zvisingaoneke, sezvinoita mbavha, nguva ichasvika apo mugumo wemunhu anenge atarwa, kudzorwa kwenyesha kekupedzesera kuvanhu vakashata kwobva kwaitwa.

“Naizvozvo rindai . . . kuti arege, kuvuya kamwe kamwe, akakuwanai muvete.” Marko 13:35, 36. Injodzi huru kwazvo kune avo, vanopera simba rekurinda, mwoyo yavo ichikweverwa kune zvinofadza zvenyika. Apa vemaBhizimusi vakabatikana mukutsvaka kwavo kupfuma, vemafaro vachitsvaka kuzvifadza, vanasikana vemicheno vachimhanyidzana nekuzvishongedza, panguva iyoyo, mutongi wenyika yese achapa rutongo:

“Wayerwa pachiyero ukawanikwa wakareruka.” Danieri 5:27.

Chitsauko 29 Manyuko Echitema

Kuvanhu vazhinji, kutanga kwechitema nekutizve nemhaka yei kune chitema inyaya inonetsa kunzwisisa chaizvo. Vanovona mabasa ewakaipa, nematuso azvo nekuparadza kwechitema, vanoshama kuti ko izvi zvingararama sei pamberi paIye anoziva zvose, ane simba rose nerudovo. Apa pane chakavanzika chavasingawaniri tsananguro. Saka mukushaya mhinduro kwavo nekukahadzika, vanopofumadzwa kuchokwadi chakaiswa pachena mushoko raMwari, uye chinokoshera ruponeso. Kune avo mukutsvaka kunzwisisa kwavo panyaya yekuvepo kwechitema, vanoshingaira kutsvaka zvinhu izvo Mwari asina kuzarura kuvanhu; saka havawani mhinduro kune zvinovanetsa izvi; ivava ndivo vanosvika pakushaya chivimbo neshoko, nekuzviwanira zvikonzero zvekuramba Magwaro Matsvene. Asi, vamwevo vanoshaya mhinduro inogutsa yekutanga kwechitema, zvichikonzerwa netsika, nedzimwe dzakamonyoroka dzekududzira Bhaibheri pamusoro pechimiro chaMwari, mhando yehurumende yake, nemirairo yaanoshandisa mukugadzirisa nyaya yechitema.

Hazvikwanisiki kutsanangura mavambo echitema zvinopa chikonzero chekuvapo kwacho. Asi zvose zvinogona kunzwisisika pamusoro pekutanga kwacho nezvachinova pakupedzisira, kuitira kuti kururama nekurongeka kwaMwari kuvonekwe mumashandire aanoita nechitema. Hakuna chimwe chinobuda pachena zvakasimba muMagwaro sedzidziso yekuti Mwari haasi iye akakonzera chitema munyika; kwakanga kusiri kubviswa kwenyasha pasina kufunga, kana kupererwa muhurumende yekudenga, zvakakonzera kuti kupanduka kumuke. Chitema chakangopinda choga chichikanganisa, zvekuti hapana chikonzero chingapiwa chekupinda kwacho. Chakavanzika nekushamisa, hapana anogona kuchitsanangura; saka kuchiwanira zvikonzero zvekutanga kwacho, kutochitsigira. Chikonzero chekuvapo kwacho chikawanikwa, kana zvakachiita kuti chivepo zvikanzwisisika nekugashirika, hachizovi chitema. Tsananguro yoga yatinayo yechitema ndiyo iri muShoko raMwari; inoti “kudarika murairo;” kushanda kunovonekwa kwemasimba anorwisana nemurairo mukuru werudo uyo uri nheyo yehurumende tsvene.

Chitema chisati chapinda, kwakanga kune rugare nerufaro, mupasi rose nedenga rose. Zvose zvaiwirirana chaizvo nezvaidiwa neMusiki. Rudo kuna Mwari ndirwo rwaiva chinhu chikuru, kudanana kwevanhu kwakanga kusina rusarura. Kristu Shoko, Mumwe Oga waBaba, akanga ari mumwe chete naBaba vekusingaperi,-vari mumwe chete muchimiro, mumaitire nemuchinangwa,-ndiye oga aikwanisa kupinda mumisangano yekurangana nemuzvinangwa zvaMwari. Kuburikidza naKristu, Baba vakasika zvinhu zvose, zviri kudenga. “Maari zvinhu zvose zvakasikwa, zviri kudenga, . . . kana zviri zvigaro zvevushe kana vushe, kana vabati, kana masimba;” (VaKorosi 1:16,) uye kuna Kristu, akaenzana naBaba, denga rose raipa rukudzo kuna Kristu pamwe chete naBaba.

Murairo werudo uriiwo waiva nheyo yehurumende yaMwari, rufaro rwezvisikwa zvose rwakanga rwakatsamira pakuwirirana kwazvo nemirairo mikuru yekururama. Mwari anotarisira kubva kuzvisikwa zvake zvose kushumirwa kunobva murudo,- kuremekedzwa kunobva mupfungwa dzekufarira chimiro chake. Haafariri kukudzwa kwekumanikidzirwa, uye kuna vose anopa kusununguka kusarudza, kuti vamushumire nekuda kwavo.

Asi pane mumwe akatsvaka kukanganisa rusununguko urwu. Chivi chakavamba naiye aitevera Kristu pakukudzwa, uye akange ane simba guru nembiri pakati pevagari vekudenga. Asati atadza, Rusifa akanga ari wekutanga pamakerubi aifukidzira, ari mutsvene asina kusvibiswa. “Zvanzi nalshe Jehova, `Iwe wekuisa chisimbiso chako pachiyero, uzere nehuchenjeri hwakakwana pakunaka.’ Wakanga uri paEdeni, mumunda waMwari; wakanga wakafukidzwa namabwe anokosha emarudzi ose.” “Iwe wakanga uri kerubi rakazodzwa, raifukidzira areka, ndikakugadza ukava pamusoro pegomo dzvene raMwari; waifamba-famba pakati pamabwe omoto. Wakanga wakakwana panzira dzako kubva pazuva rokusikwa kwako, kusvikira kusarurama kwakawanikwa mukati mako” Ezekieri 28:12-15.

Rusifa angadai akaramba achidikanwa naMwari, achidikanwa nekuremekedzwa nehondo yese yavatumwa vekudenga, achishandisa masimba ake kuropafadza vamwe nekurumbidza Musiki wake. Asi muprofita anoti “Mwoyo wako wakazvikudza nokuda kwokunaka kwako; wakaodza huchenjeri hwako nokuda kwokubwinya kwako; ndakakuwisira pasi, ndakakuisa pamberi pamadzimambo kuti vakuone” Ezekieri 28: 17. Rusifa akatanga zvishoma nezvishoma kusakurira kuzvida nekuda kuzvisimudzira. “Iwe wakati mumwoyo mako: . . . ‘Ndichakwira kudenga, ndichakwiridza chigaro changu choushe kumusoro kwenyeredzi dzaMwari; ndichagara pamusoro pegomo reungano, pamigumo yamativi okumusoro; ndichakwira kumusoro kwamakore, ndichazvienzanisa noWokumusorosoro” Ezekieri 28: 6; Isaya 14:13, 14.

Pane kutsvaka kuti Mwari ave mukuru pakudiwa nekuremekedzwa nezvisikwa zvake, chakava chidiso chaRusifa chekuzvitsvakira iye kukudzwa nekushandirwa navo. Nekuchiva rukudzo rwakanga rwapiwa Mwanakomana naBaba vanogara nekusingaperi, muchinda mukuru pavatumwa akachiva masimba akanga ari aKristu chete. Denga rose rakanga rafarira kuratidza nekurumbidza mbiri yeMusiki. Apo Mwari aikudzwa saizvozvo, zvese zvaiva nerugare nekufara. Asi pakauya kukanganisa kumwe chete kwakaisa nyongano murugare rwose rwedenga. Kuzvishumira nekuzvisimudzira, kunopikisana nezano remusiki, kwakamutsa pfungwa dzakaipa muvatumwa avo vaisikudza Mwari chete. Dare rekudenga rakaedza kunyengerera Rusifa. Mwanakomana waMwari akaisa pamberi pake vukuru, nerunako, nekururamisa kweMusiki, nekuera nekusashanduka kwemurairo wake. Mwari pachake ndiye akanga agadza hurongwa hwedenga, mukubva pahurongwa uhwu, Rusifa aishora Musiki wake, nekuzvitsvakira kuparara. Asi yambiro,

yakapiwa murudo netsitsi zvisingagoni kupimwa, zvakangomutsa mweya wenharo. Rusifa akabvumira godo kuna Kristu kuti rimukurire, akazvishingisa kwazvo mumazano ake.

Kuzvikudza mumbiri yake kwakakuchidzira chidiso chake chekuva pamusoro soro. Rukudzo rukuru rwakanga rwaiswa pamusoro paRusifa haruna kugashirwa sechipo chaMwari, uye hazvina kumuita kuti atende Musiki. Akafara mumbiri yake nekuzvikudza, nekutsvaka kuenzana naMwari. Akanga achidikanwa zvikuru nekuremekedzwa nehondo yose yekudenga. Vatumwa vaifarira kuita zvaaitaura, uye akange akapfekedzwa uchenjeri nembiri kupfuvura vose. Asi Mwanakomana waMwari ndiye aizivikanwa semukuru wedenga, pamwechete musimba nehutongi naBaba. Mumatare ose aMwari, Kristu akanga aripo, asi Rusifa asingabvumurwi imomo mumatare ehuMwari. “Nemhaka yei?” akabvunza mutumwa mukuru uyu, “Kristu achifanira kuva nerukudzo rwepamusoro soro? Nemhaka yei iye achifanira kukudzwa kupfuura Rusifa?”

Achisiya chigaro chake pedyo naMwari, Rusifa akaenda akanomutsa mweya wekusagutsikana pakati pevatumwa. Achishanda nekuvanzika kunotyisa kwazvo, uye kwenguva yakareba asingaburitsi pachena chinangwa chake chaicho achiita sekuti aipa ruremekedzo kuna Mwari, akatsvaka kumutsa kusagutsikana pamusoro pemirairo yaitonga vaigara kudenga, achiti mirairo iyi yaivamanikidza zvisina kufanira. Sezvo zvimiro zvavo zvakanga zviri zvitsvene, akakurudzira kuti vatumwa vatevedzere zvavanoda ivo. Akatsvaka kuwana vanomureverera, nekutaura kuti Mwari akanga amubata zvisina kururama mukupa rukudzo rukuru kuna Kristu. Akataura achiti mukuda kuwana simba repamusoro nerukudzo akanga asingatsvaki kuzvikudza, asi aitsvaka rusununguko rwevagari vose vekudenga, kuti nenzira iyi vaigona kuwana chimiro chiri nani mukurarama kwavo.

Mwari, mutsitsi dzake huru akava nemwoyo murefu naRusifa. Haana kukurumidza kubviswa pachigaro chake chepamusoro paakatanga kuratidza mweya wekusagutsikana, kunyange paakatanga kupa dzidziso yake yenhema pamberi pavatumwa vakatendeka. Akaramba akachengetwa mudenga kwenguva yakareba akavimbiswa kuregererwa kana aitendevuka nekuzvininipisa. Kushingaira kose uku zvaiitwa nerudo nenjere zvisingagoni kuerwa zvichivavarira kuti zvimwe angaona kukanganisa kwake. Mweya wekusagutsikana wakanga usina kumbozivikanwa mudenga rose kare. Rusifa pachake pekutanga haana kuona kwaakanga achienda zvishoma nezvishoma; akanga asinganzwisisi zvaainzwa mupfungwa dzake.

Asi kusagutsikana kwake pakwairatidzwa kuti kwaiva kukanganisa uye kwakanga kusina chikonzero, Rusifa akagutsikana kuti akanga akanganisa, kuti zvaidiwa nemirairo mitsvene zvakanga zvakarurama, uye kuti iye aifanira kuti abvume izvozvo pamberi pedenga rose. Kudai akaita izvozvo, angadai akazviponesa iye navatumwa vazhinjivo. Panguva iyoyo akanga asati arasa ruremekedzo rwake rwese kuna Mwari. Kana nepo

akanga asiya chigaro chake chepamusoro sekerubi yekufukidzira, asi dai akazvipira kudzokera kuna Mwari achibvuma muhuchenjeri hweMusiki, nekugutsikana kuzogamuchira chinzvimbo chaaipiwa muzano guru raMwari, angadai akadzorerwa pachigaro chake chekutanga. Asi kuzvikudza kwakamurambidza kuzviisa pasi. Akaramba achiinda mberi pakutsigira pfungwa dzake, achiti akanga asina chikonzero chekutendeuka, akazvipira zvachose kuhondo huru yekurwisana neMusiki.

Masimba ose enjere dzake akaiswa pabasa rekunyengera, kuti awane rutsigiro kubva kuvatumwa vakanga vari pasi pake. Kunyange pfungwa yekuti Kristu akanga ambomuyambira nekuyedza kutaura naye, yakaminamiswa kuti ipindirane nezano rake rakaipisisa. Kune avo vakanga vakatendeka kwaari zvikuru, Satani akavaudza kuti akanga atongwa zvisina kunaka, nekuti chigaro chake chainge chisina kupiwa ruremekedzo rwachaikodzera, uye kuti rusununguko rwake rwakanga rwadimburwa. Kubva mukutaura mashoko aKristu achimonyorodzwa, akaenda mberi mukuronga kutaura nhema chaidzo, achipa mhosva kuMwanakomana waMwari yekuronga kumuninipisa pamberi pevagari vose vekudenga. Akatsvakavo kumutsa nyaya yekunyepa pakati pake iye nevatumwa vaiterera.

Vose vaakanga asingakwanisi kunyengera nekuunza kurutivi rwake akavapomera mhosva yekushaya hanya nezvidiso zvevagari vekudenga. Basa raaiita iye pachake, akaripomera avo vakasara vakatendeka kuna Mwari. Uye kusimbisa kupomera kwake kusarurama kwaMwari kwaari, akatsvaka kuisa nhema pamashoko nemabasa eMusiki. Yakanga iri tsika yake yekukanganisa vatumwa nenharo dzakavanda pamusoro pezvinangwa zvaMwari. Chose chaiva pachena kunzwisisika, akachifukidza nekuvanzika kukuru, uye nekunyengera kune humhizha akakanda kusatenda pamashoko aJehova aive pachena. Chigaro chake chepamusoro, chaive pedyo kwazvo nehutungamiriri hwedenga hutsvene chakapa simba rakakurisa kune zvaaitaura, vazhinji vakazvigashira kuti vabatane naye mukupandukira hutongi hweDenga.

Mwari muhuchenjeri hwake akabvumira Satani kuenda mberi nebasa rake, kusvikira mweya wekusagutsikana waibva atanga chimurenga. Zvakanga zvakafanira kuti mazano ake abudirire zvakazara, kuti chimiro chawo chaicho nekwaakarerekera zvionekwe navose. Rusifa, sekerubi yakazodzwa, akanga akasimudzirwa chaizvo. Aidikanwa chaizvo nevagari vekudenga, uye simba rake pamusoro pavo rakange riri guru kwazvo. Hurumende yaMwari yakanga isiri yavagari vekudenga chete, asi yenyika dzose dzaakanga asika; Satani akafunga kuti kana aigona kutora vatumwa vekudenga muchimurenga chake, aizogonawo kutora nyika dzimwe dzose. Akanga ashandisa umhizha mukutaura divi rake renyaya iyi, achiisa uchenjeri hwepamusoro nekubiridzira kuti abudirire. Simba rake rekunyengera rakanga rakakura kwazvo, uye nekuzvifukidza achizviita mumwe munhu munguvo yekunyengera akanga akwanisa chaizvo. Kunyange vatumwa vakasara

vakatendeka vakatadza kunyatsovona chimiro chake chaicho, kana kuona kuti mabasa ake aienda kupi.

Satani akanga aremekedzwa zvikuru uye mabasa ake ose akanga akafukidzwa nezvishamiso zvekuti zvakanga zvakaoma kuratidza vatumwa mamiriro eunhu hwake chaihwo. Kusvika chatumbuka, chitema chakanga chisingaratidzi kuipa sezvachiri. Kusvika panguva iyi chitema chakanga chisati chambovonekwa mudenga raMwari, saka vatumwa vatsvene vakanga vasingagoni kunzwisisa chimiro nekuipa kwacho. Vakanga vasingagoni kuona matuso akaipisisa aibva mukusendeka murairo waMwari parutivi. Satani pakutanga, akavanza basa rake pasi pekuita semunhu aiterera Mwari zvikuru. Aiti anotsvaka kuti akurudzire kukudzwa kwaMwari, nekugadzikana kwehurumende yake, nekutsvakira vagari vose vekudenga rugare. Achiisa kusagutsikana mupfungwa dzevatumwa vakanga vari pasi pake, akanga ashandisa njere kuti zviite sekuti aida kubvisa kusagutsikana mukati mavo. Paaikurudzira kuti pave neshanduko muhurongwa nemirairo yehurumende yaMwari, zvaiitwa nekunyepera achiti ndizvo zvaizochengetedza rugare mudenga.

Mukugadzirisa kwake chitema, Mwari aigona kushandisa kururama nechokwadi chete. Satani aigona kushandisa zvakanga zvisingakwanisi kushandiswa naMwari-manyepo nekunyengedzera. Akatsvaka kuita shoko raMwari rive semanyepo, nekushonyorora zano rehurumende yake pamberi pavatumwa, achiti iye Mwari akanga asina kuita zvakanaka pakupa mirairo nemitemo kuvagari vekudenga; achiti mukutsvaka kutererwa nekuzviisa pasi kubva kuzvisikwa zvake, akanga achitsvaka kuzvisimudzira chete kwake iye Mwari. Saka zvinofanira kuratidzwa pamberi pevagari vekudenga, nenyika dzose kuti hurumende yaMwari yakarurama, nemutemo wake wakakwana. Satani akanga aita kuti zviite sekuti iye ndiye aikurudzira kugadzikana nekunaka kwekudenga nepasi. Chimiro chechokwadi chemunyengeri uyu, nechinangwa chake chaicho zvinofanira kunzwisisika nevanhu vose. Anofanira kuwana nguva yekuzviratidza zvaari chaizvo kuburikidza nemabasa ake akaipa.

Nyongano yaakakonzera mudenga, Satani akaipomera pamurairo waMwari nehurumende yake. Kuipa kwese akataura zvakasimba achiti zvaibva muhutungamiri hutsvene. Akataurazve kuti chakanga chiri chinangwa chake chekugadzirisa mirairo yaJehova kuti ive yakanaka. Saka zvakanga zvakafanira kuti iye aratidze chimiro chezvaaireva nekuratidza zvaizobuda pakushandura kwake murairo mutsvene. Mabasa ake anofanira kumupa mhosva. Satani akange ataura kubva pakutanga kuti akanga asiri kupanduka. Denga nenyika zvinofanira kuona munyengeri uyu afumurwa.

Kunyange pazvakabvumiranwa kuti iye akanga asingagoni kuramba achigara kudenga, Huchenjeri husingaperi hahuna kuparadza Satani. Sezvo kushumira kwerudo kuri iko chete kunogashirika pamberi paMwari, ruremekedzo rwezvisikwa zvake runofanira

kubva pakunzwisisa kururama nekunaka kwake. Vagari vekudenga nedzimwe nyika dzose vakanga vasingagoni kunzwisisa chimiro kana matuso echitema, panguva iyoyo vaisazogona kuona kururama netsitsi dzaMwari kudai akaparadza Satani. Kudai akaparadzwa nekukasika, vaizobatira Mwari nekuda kwekutya, zvisingabvi murudo. Simba remunyengeri uyu raisaparadzwa zvachose, kana mweya wekupanduka ungadai usina kubviswa zvachose. Chakaipa chinofanira kuregerwa kuti chitumbuke. Kuitira kuti zvinakire denga rose nenyika yose kwemazera ose, Satani anofanira kubudisa pachena zvinangwa zvake, nemashoko ekupomera hurumende yaMwari anofanira kuvonekwa sezvaari chaizvo nezvisikwa zvose, uye kuti kururamisa netsitsi dzaMwari nekusashanduka kwemutemo wake zvisvike pachiyero pekusamutsa muvhunzo nekusingaperi.

Kupanduka kwaSatani kwaifanira kuva chidzidzo kudenga nenyika mumazera ose aizotevera, huchapupu husingaperi kuchimiro nematuso anorwadza echitema. Kutonga kwaSatani, zvakwaizoita pavanhu navatumwa kwaizoratidza chibereko chekuisa hutongi hutsvene parutivi. Zvaizopupura kuti kuvepo kwehurumende yaMwari nemutemo wake ndizvo zvaiita kuti zvisikwa zvose zvaakanga aita zvigare zvakanaka. Saka nhoroondo yekupanduka uku yaizove chidziviriro chisingaperi kuzvisikwa zvose zvine njere, kuti zvisanyengerwa nechitema, kuzvidzivirira kubva mukuita chitema vakazosangana nechirango chinorwadza chechitema.

Kusvikira pakunopera kwehondo mudenga, mupanduki uyu akaramba achienda mberi mukuzviruramisa. Pazvakadaidzirwa kuti iye nevese vaiwirirana naye vanofanira kudzingwa kubva kunzvimbo inofadza yekumusoro, mutungamiri wevapanduki uyu akaita mhiko pachena yekushora mutemo weMusiki. Akaenda mberi achitaura kuti vatumwa vakanga vasineyi nemurairo, vaifanira kusununguka, vachisiyiwa vachiita kuda kwavo, kwaivatungamirira kuita zvakanaka nguva dzose. Akatuka nekushora mirairo mitsvene kuti inodzivisa rusununguko rwavo, akataura zvine simba kuti chakanga chiri chinangwa chake chekuti mutemo ubviswe; achiti vawana rusununguko urwu, hondo yose yekudenga yaizosvika pachimiro chakakwirira nekubwinya kukuru mukurarama kwavo.

Nekubatana, Satani nehondo yake vakakanda kushora kose pana Kristu, vachiti kudai vasina kutsiurwa, vangadai vasina kupanduka. Saka nekusindimara nekushora mukusaterera kwavo, vachitsvaka kumukira hurumende yaMwari, asi mukushora kwavo vachiti ivo ndivo vakanga vasina mhosva asi vaito- dzvinyirirwa. Mupanduki mukuru uyu nevaimutevere vakazodzingwa kubva kudenga zvachose.

Mweya mumwe chete uyu wakakonzera chimurenga mudenga, uchiri kufemera kumukira panyika. Satani anoramba achienda mberi pavanhu tsika yaakatanga nevatumwa. Mweya wake ikozvino unotonga muvana vekusaterera. Saiye vanotsvaka kupwanya zvisungo zvemurairo waMwari vachivimbisa vanhu rusununguko kuburikidza nekutyora

zvirevo zvemurairo. Kudzorwa kubva muchitema kuchiri kumutsa mweya weruvengo nenharo. Kana mashoko aMwari ekuyambira anzwikwa kuhana, Satani anotungamirira vanhu kuti vazviruramise vachiramba kudzorwa uye nekutsvaka kutsigirwa nevamwe munzira yavo yechitema. Pane kuti vagadzirise zvavanokanganisa, vanomutsira hasha kune arikuvadzora, zvichiita sekuti iye avadzora ndiye aita kuti vanhu vawomerwe. Kubva mumazuva aAbero wakarurama kusvikira munguva yedu, uyu ndiwo mweya unoratidzwa kune avo vanozvimisira kudzivisa chitema.

Nekutaura zvisiri izvo pamusoro pechimiro chaMwari kwakangofanana nekwaakaita kudenga, achimuita kuti avonekwe semudzvinyiriri akaipisisa, Satani akafurira vanhu kuti vatadze. Abudirira mukuita izvi, akataura zvakasimba kuti zvisungo zwaMwari zvisina kururama ndizvo zvakakonzera kuti vanhu vatadze, sezvazvakakonzeravo kupanduka kwake iye Satani.

Asi Uyo unogara nekusingaperi anotaura pachena nezvechimiro chake achiti: “Jehova, Jehova, Mwari azere nenyasha nengoni, anononoka kutsamwa, ane tsitsi huru nezvokwadi, anochengetera vane zviuru zvemazana nyasha dzake, anovakanganwira zvakaipa zvavo nekudarika kwavo nezvivi zvavo, asi asingapembedzi munhu ane mhosva” Eksodo 34:6, 7.

Mukudzingwa kwaSatani kubva kudenga, Mwari akaratidza kururamisira kwake, nekuchengetedza kukudzwa kwechigaro chake. Asi munhu paakatadza nekunyengerwa nemweya wakaputsika uyu, Mwari akaratidza rudo rwake nekupa Mwanakomana wake akanga ari mumwe oga kuti afire rudzi rwevanhu vakanga vatadza. Mukudzikinurwa kwevanhu chimiro chaMwari chinoratidzwa. Chirevo chemuchinjikwa chinoratidza denga nenyika kuti gwara rechitema rakatorwa naRusifa harigoni zvachose kupomera kuti rakakonzereswa nehurumende yaMwari.

Mukupikisana pakati paKristu naSatani, mumazuva akararama Muponesi panyika ino, chimiro chemunyengeri mukuru uyu chakafukurwa pachena. Hakuna chakadzipura rudo kuna Satani kubva mumwoyo yevatumwa vekudenga nezvimwe zvisikwa zvose zvisina kutadza, sezvakaitwa nehutsinye hwake pana Muponesi wepasi rose. Kumhura kwakakura zvakadaro kwekutaurira Kristu kuti amunamate, kushinga kuzere nekumudzikisira kwekumutakura nekumuisa pamusoro pegomo nepamusoro petemberi, huipi hwekumutaurira kuti azvikandire pasi kubva panzvimbo yakareba zvakadaro, godo rekushaya kurara achimuvhima kubva panzvimbo nenzvimbo, kufemera vaprista nevanhu kuti varambe rudo rwake, uye nepakupedzisira kudaidzira kuti, “Ngaaroverwe! Ngaaroverwe!”-izvi zvose zvakamutsa kushamiswa nehasha dzedenga nenyika.

NdiSatani akafurira nyika kuti irambe Kristu. Muchinda wezvakaipa akashandisa simba rake rose nekunyengera kose kuti aparadze Jesu; nekuti akanga avona kuti rudo netsitsi zvaMuponesi, hunyoro nemwoyo murefu wake zvairatidza chimiro chaMwari

kunyika. Satani aipikisana nezvose zvaitaurwa neMwanakomana waMwari, akashandisa vanhu kuzadza hupenyu hwaMuponesi nekurwadziwa nekusuwa. Manyepo anehuchenjeri aaida kushandisa kukanganisa basa raJesu, ruvengo rwakaratidzwa kuburikidza nevana vekusaterera, kupomera kwake kwakazara nehutsinye kuna Iye aive nehupenyu hwaive nemuenzaniso usina mumwe wakadaro mukunaka, zvose zvaibva mushungu dzekuda kutsiva. Shungu dzegodo rakanga rakazara mumwoyo, ruvengo nekuda kudzorera, zvakaputikira paKarvari pamusoro peMwanakomana waMwari, denga rose rakatarisa nerunyararo rwekushamiswa nekunetseka nezvaiitika.

Pakazadziswa chipiriso, Kristu akakwidzwa kumusoro, achiramba kuremekedzwa nevatumwa kusvikira apiwa zvaaikumbira, “Ndinoda kuti avo vamakandipa, vavevo neni apo pandiri” Johane 17: 24. Zvino nerudo nesimba zvisingatsananguriki mhinduro yakavuya ichibva pachigaro chaBaba ichiti:, “Vatumwa vose vaMwari ngavamunamate” VaHeberu 1:6. Hapana kana kagwapa kakaenda pana Jesu. Kuzvininipisa kwake kwapera, kuzvipira kwake kwakwaniswa, akapiwa zita rinopfuvura mamwe ose.

Zvino kutadza kwaSatani kwakamira kusina kana chekutaura kuzviruramisa. Akanga aratidza chimiro chake chaicho semurevi wenhema nemhondi. Zvakavonekwa pachena kuti mweya mumwechete waaitonga nawo vana vevanhu, avo vakanga vari pasi pesimba rake, angadai akaushandisa kudai akabvumirwa kutonga vagari vose vekudenga. Akanga ataura kuti kudarika murairo waMwari kwaipa rusununguko nekusimudzirwa; asi zvakavonekwa kuti zvaiunza huranda nekudzikira.

Manyepo aSatani ekupomera chimiro chedenga nehurumende yacho zvakabuda sezvazviri chaizvo. Akanga apomera Mwari kuti aida kusimudzirwa iye chete mukutsvaka kuzviisa pasi nekuterera kwezvisikwa zvake, uye aitaura kuti Musiki aiti zvisikwa zvose zvinofanira kuzviramba, asi Iye pachake akanga asingazvirambi. Zvino zvakanga zvavonekwa kuti ruponeso ruve pavanhu vakatadza, Mutongi wedenga nenyika akanga azvipira zvikurusa zvaingaitwa nerudo chete; nekuti “ndiko kuti Mwari wakanga achiyananisa nyika naye muna Kristu” 2 VaKorinde 5:19. Zvakavonekwavo kuti apo Rusifa mukutsvaka kwake kukudzwa nehukuru, Kristu kuti aparadze chitema, akazvininipisa, nekuterera kusvika murufu.

Mwari akanga aratidza kuvenga kwake nzira yekupanduka. Denga rose rikavona kururamisira kwake kuchiratidzwa, mukupiwa mhosva kwaSatani nemukudzikinurwa kwemunhu. Rusifa akanga apika kuti kana mutemo waMwari usingashandurwi, nekurangwa kweakautyora kusingagoni kuregwa, mutadzi wose haangagashirwi pamberi peMusiki nekusingaperi. Akanga atura kuti munhu wezvivi akanga ave pasingakwanisiki kuti aponeswe saka vakanga vave vake kuti avaparadze. Asi kufa kwaKristu dzakave nharo dzekumirira vanhu dzakanga dzisingakwanisi kukundwa. Chirango chemurairo chakaiswa pamusoro pake Uyo akanga akaenzana naMwari, uye munhu akanga akasununguka

kugashira kururama kwaKristu, uye nehupenyu hwekukumbira kuregererwa nekuzvininipisa aigona kukukurira, seMwanakomana waMwari akanga akurira simba raSatani. Naizvozvo Mwari akarurama, Ari Iye anoruramisa vose vanodaira muna Jesu.

Asi kwakanga kusiri kuzadzisa rudzikinuro rwevanhu chete uko kwakavingwa naKristu panyika pano kuti azotambudzwa nekufa. Akavuya “kuzoratidza mutemo pachena nekuuita kuti uremekedzwe.” Kwakanga kusiri kubatsira vagari vepano pasi chete kuti vakwanise kukoshesa mutemo sezvaunofanira kukosheswa; asi kwakanga kuri kuzoratidza kunyika dzose dzekudenga nepasi kuti mutemo waMwari haushanduki. Kana zvawaitaura zvaisiiwa parutivi, Mwanakomana waMwari akanga asingafaniri kupa hupenyu hwake kuchenesa kudarikwa kwawo. Rufu rwaKristu runoratidza kuti haushanduki. Uye kuzvipira kwerudo rukuru rwakasunda Baba neMwanakomana, kuti mutadzi adzikinurwe, kunoratidza kunyika dzose pasi nekudenga-zvisingakwanisiki kuitwa neimwe nzira kunze kwezano rekuchenurwa-kuti kururamisira netsitsi ndidzo nheyo dzemutemo nehurumende yaMwari.

Murutongo rwekupedzisira zvicharatidza kuti hapana chikonzero chekuti chitema chivepo. Mutongi wepasi rose paachada kuziva kubva kuna Satani kuti, “Nemhaka yei wakandimukira iwe, nekupamba vanhu vehushe hwangu?” Munhu akatanga nezvakaipa uyu haangapi chikonzero. Muromo wose uchanyaradzwa, nehondo huru yose yevapanduki ichashaya zvekutaura.

Muchinjikwa weKarvari, paunenge uchitaura kuti mutemo haushandurwi, unenge uchitaurawo kunyika dzose pasi nekudenga kuti mubairo wezvivi rufu. Mumashoko ekuchema kwekupedzisira kwaMuponesi, “Zvapera,” bhera rerufu rwaSatani rakaridzwa. Hondo huru yakanga iripo kwenguva dzakareba kudai yakatongwa, nekubviswa kwekupedzisira kwezvakaipa kwasimbiswa. Mwanakomana waMwari akapfuvura nepamasuo erufu, kuitira kuti, “nekufa kwake iye aparadze uyo unesimba rerufu, iye diaborosi” VaHeberu 2:14. Kuda kuzviisa pamusoro kwaRusifa, kwakamutungamirira kuti ati, “Ndichakwira kudenga, ndichakwiridza chigaro changu chevushe kumusoro kwenyeredzi dzaMwari; ..., ndichazvienzanisa neWekumusorosoro” Isaya 14: 13, 14; Ezekieri 28: 18, 19. Mwari anotaura nesimba achiti: “... Ndikakushandura ukava madota panyika pamberi pavose vanokuona... vuye haungazovi chinhu nekusingaperi.” Kana “zuva rinouya; rinopisa sechoto... ipapo vose vanozvikudza, navose vanoita zvakaipa, vachava semashanga; zuva rinovuya, richavapisa, rikasavasiyira mudzi kana davi ndizvo zvinotaura Jehova wehondo” Maraki 4:1.

Denga rose nepasi zvichapupura chimiro nematuso echitema. Nekubviswa kwacho zvachose, izvo zvingadai zvakaunza kutya pakutanga muvatumwa nekubvisa rukudzo kuna Mwari zvichasimbisa rudo nerukudzo rwake pamberi pehondo yose yevanhu vanoda kuita kuda kwake, vane mutemo wake mumwoyo yavo. Chakaipa hachichazovonekwizve.

Shoko raJehova rinoti, “nhamo haingamukizve rwechipiri” Nahumi 1:9. Mutemo waMwari, uyo wakazvidzwa naSatani sejoko revuranda, uchakudzwa semutemo wekusunungura. Zvisikwa zvakaedzwa zvikavonekwa zvakakwana hazvichafuratidzwi zvakare kubva kwaari uyo anechimiro chakaratidzwa zvakazara pamberi pavo serudo rusinganzwisisiki nehuchenjeri husingagumi.

Chitsauko 30 Ruvengo Rusingagumi

“Nnembeu yake; achapwanya musoro wako, iwe ugoruma chitsitsinho dichaisa ruvengo pakati pako nemukadzi,nepakati porudzi rwako chake.” Genesi 3:15. Mutongo wakapihwa Satani mushure mekuputsika kwemunhu chaiva chiporofita panguva imwechete, Chaibata mazera kusvikira kukupera kwenguva uye chiri chimumvuri mvuri chehondo huru inobatanidzira marudzi ose avanhu anorarama pamusoro panyika.

Mwari anoti,”ndichaisa ruvengo.” Ruvengo urwu haruna kugara rwuripo. Munhu paakadarika murairo mutsvene, chimiro chake chakabva chaipa, pakava nekuwadzana kwamandorokwati pakati pake naSatani, panzvimbo yeruvengo. Ruvengo zvarwo pakati pomutadzi nemuvambi wezvivi rwaisavapo. Vose vakasvibiswa nekupandukira Mwari. Wakaipa haana zororo kusvikira awana chita chinomira naye kuburikidza nekukwezva vamwe kuti vamutevere. Nechikonzero ichochi vatumwa vakawa nevanhu vezvivi vanobatana muhushamwari hwakadzama. Dai Mwari asina kutopindira, Satani nemunhu vaidai vakasunga chishwe chekubatana kurwisana nedenga; kunze kwekuti vanhu vavengane naSatani,vaitozobatana kuti vapikisane nemusiki.

Satani akayedza munhu kuti atadze, sezvaakangoita vatumwa kuti vapandukire Mwari nekumutsa chimurenga nedenga vaine humwe .Pakanga pasina kupokana pakati pake nevatumwa vakawa pakuvenga kwavo Kristu; kunyangwe paiva nekukwesherana pazvimwe zvose, paiva nesungawirirano pakupandukira simba nechigaro chemutongi wazvose. Satani paakangonzwa chirevo chekuti ruvengo ngaruvepo pakati pake nemudzimai napakati perudzi rwake nembeu yemudzimai, akazviziva kuti mano ake kuparadza chimiro chemunhu achavhiringidzwa; uye kuti neimwe nzira munhu aizobatsirwa kupikisa simba rake.

Moto weruvengo rwaSatani kuvanhu unokuchidzirwa nekuti Mwari anenyasha zhinji uye rudo nemunhu. Anodisa kwazvo kuparadza zano raMwari rekuponesa munhu, kuunza kuzvidzwa kwaMwari nenzira yekuvhiringa basa ramaoko ake; aidisa kukonzera marwadzo mudenga, ozadza nyika nenhamo nekuparara obva apomera zvakaipa izvi kukukonewa kwaMwari; kwaanopangidza pazano rekusika munhu.

Inyasha dzinoiswa naKristu mumunhu dzinosika kuvenga Satani mumunhu. Pasina nyasha idzi nesimba raKristu rekushandura, munhu aizoramba iri nhapwa yaSatani, achiita kuda kwake nemufaro. Asi pfungwa itsva mumwoyo yakasika hondo pakanga paine rugare. Simba rinodyarwa naKristu ndorinogonesa munhu kupikisa mharadzi nembava iyi. Aninani anovenga chivi, ochisiya nekukurira mhangwa dzacho dzinotapa munhu anoratidza pfungwa inobva kudenga inotonga mumunhu.

Makakatanwa aripakati pemweya waKristu nemweya waSatani akanyatsojeka pakatambirirwo kakaitwa Jesu nenyika. MaJudah havana kumuramba nekuti akauya asina

pfuma, kuratidzira nekuzvikudza kwamambo.Vakaona kuti aiva nerimwe simba ririnani kudarika rezvioneka zvekunze izvo. Kuchena nehutsvene hwaKristu kwakamukokera ruvengo navatadzi. Upenyu hwekuzviramba nekusema zvivi hwaishoora hunyerere, vanozvikudza nekurarama munyama. Ndozvakamutsa ruvengo neMwanakomana waMwari. Satani nevatumwa vakaipa vakabatana navanhu vakaipa.Masimba ose ezvivi akabatana kurwisa mhare yezvokwadi.

Ruvengo rwakaitirwa Kristu runoitirwawo vateveri vake.Wose anoona kushata kwezvivi, orwisa miyedzo nesimba rekumusoro, zvirokwazvo anozvikokera hasha dzaSatani nevateveri vake. Kuvengwa kwepfungwa dzakachena dzechokwadi, kunyadziswa nekutambudzwa kwevanomira nezvokwadi, zvichagara zviriko kana zvivi navatadzi zvichiri pakati pedu. Vateveri vaKristu nevaranda vaSatani havagoni kuwadzana. Mhosva yemuchinjikwa haisati yapera. “Vose vanodisa kurarama huMwari munaKristu Jesu vachatambudzwa. “2 Timotio 3:12.

Vabati vaSatani varikushanda vachirairwa pamwechete naye nguva dzose, kuti simba rake nehumambo hwake zvimiswe nekukurumbira kukunda hurumende yaMwari. Naizvozvo, vanotsvaka kunyengera vateveri vaKristu kuti vavabvise pakumira naTenzi wavo. Semutungamiri wavo, vanoshonyorora nekuminamisa magwaro kuti zano ravo ribudirire. Sezvakaita Satani, kutsvaka kuunza kushorwa kwaMwari, ndozvinoitawo vabati vake kushoora vanhu vaMwari. Mweya wakaurayisa Kristu unosunda vakaipa kuti vaparadze vateveri vake. Zvese izvi zvinoratidzwa muchiporofita chekutanga: “ndichaisa ruvengo pakati pako nemukadzi nepakati porudzi rwako nembeu yake.”Izvi zvicharamba zvichiitika kusvika pakupera kwenguva.

Satani anokokorodza mauto ake ose, oisa simba rake rose muhondo iyi. Seyi asiri kurwiswa zvakanyanya? Seyi mauto aKristu avete nekushaya hanya? Nekuti vanehukama hushoma naKristu; nekuti havana zvachose Mweya Wake. Havasemi nekuvenga chivi sezvaiita Ishe wavo. Havarwisani nekuzama kuchikunda nemwoyo wese sezvaiita Kristu. Havaoni kunyanya kuipa kwacho uye vakapofomadzwa zvekukona kuona chimiro nesimba remuchinda werima. Kuvengwa kwaSatani nebasa rake kushomanene, nekuda kwekusaziva simba rake neunyengeri hwake uye zvikamu zvaafamba mukurwisa Kristu nesangano rake hazvizivikanwi. Vazhinj vakanyengerwa ipapa. Havazivi kuti muvengi mukuru wehondo anehumhare akatapa pfungwa dzavatumwa vakawa uye kuti neuseza nekufamba kwakarongeka anorwisana naKristu kuti akonese kuponeswa kwemweya. Pakati pemaKristu, kunyangwe vashumiri vevhangeri, kashoma kunzikwa kutaurwa kwezita rekuti Satani, kunze kwekungopfuura nepariri vachiparidza. Havakoshesi humbowo hwekubata kwake nekubudirira, havana hanyana neyambiro yemano ake; vanoita sekuti vanoramba huvepo hwake chaihwo.

Vanhu havazivi mano ake, kunyangwe zvakadaro muvengi akasvunurira kuvaronda nguva dzose. Anopfekera pose pose mudzimba, munzira dzemumaguta, mumasangano, mumisangano yenyika, mumatare edzimhosva, achishungurudza, kunyengera, kukwezva, pose pose achiparadza mweya; miviri yavarume, vakadzi navana. Achiparadza mhuri, kudyara ruvengo, ruchiva, kunetsana kupanduka nekuuraya. MaKristu vanoita sevanoti zvinofanirwa kuva zvakatodai sekunge Mwari akati zvidaro.

Satani anoramba achitsvaka kukurira vanhu vaMwari nekuparadza mukaha unovapatsanura nenyika. Israeri yakakweverwa muzvivi payakapinda mumibatanidzwa yakarambidzwa nevasingatendi. Nenzira imwe Israeri yanhasi inotsauswa,"ndangariro dzavo dzakapofomadzwa naMwari wenyika ino,vasingatendi, kuti chiedza chevhangeri rekubwinya raKristu, iye mufananidzo waMwari, risavavhenekera." 2 Vakorinde 4:4. Vese vasina kuzvimisira kutevera Kristu, vateveri vaSatani. Mumwoyo usina kushandurwa muzere kuda zvivi, kurerekera kwazviri, kuchibhabhadzira nekuchivhikira. Mumwoyo wakashandurwa munekuvenga zvivi. MaKristu akatsvaka kuwadzana nevasingatyi Mwari, vanozviswededza pedyo nemiyedzo. Satani anozvivanza, zvishoma nezvishoma ozviswededza pedo navo vasingafungiri. Havazvioni kuti boka iri rauya kuzovavhiringa kuti hunhu nemaitiro zvifanane nenyika pahunhu, mashoko, zviito, vachipofomadzwa zvishoma nezvishoma.

Kuwadzana nenyika kunokwevera sangano munyika, kwete nyika kuna Kristu. Kujairana nechivi kunoita kuti chiite sechisingaurayi. Uyo anowadzana nevaranda vaSatani anoguma asisatyi tenzi wavo. Tikayedzwa tirimukati mebasa sezvakaitwa anaDaniel muvazhe dzamambo, tineidi rekuti Mwari anotirwira; asi tikazviisa pasi pemiyedzo tinoguma tawa chete.

Muyedzi anonyanya kushanda kuburikidza nevasingafungirwe kuti varanda vake.Vanezvipo nedzidzo vanoyemurwa nekukudzwa, sekunge zvinogona kutora nzvimbo yekushaiwa kutya Mwari. Matarenda netsika, zvipo zvinobva kunaMwari; asi zvikaiswa panzvimbo yehutsvene zvikasasvitsa munhu pedo naMwari, asi zvikamusundira kure; zvinova chituko panekuva chikomborero.Vanhu vazhinji vanofunga kuti zvose zvinoita sehunhu nekurongeka zvinopangidza huMwari. Iyi imhosho huru. Zvimiso izvi zvinofanirwa kuvapo pane vanotya Mwari zvichikwevera vazhinji kuchinamato chezvokwadi, asi zvinofanirwa kupirwa kunaMwari zvakazara kana kuti zvinova simba remuvengi. Kunavazhinji vakadzidza, vanehunhu hwakanaka vasingaregi tsika dzakaipa, ivavo zvombo zvakakwenenzverwa mumaoko aSatani. Ugevha nehunyengeri zvinehwezvero nemuyenzaniso wakashata, zvinoita kuti ave mhandu inotyisa kubasa raKristu panevasina kudzidza nekuvezwa .

Kuburikidza neminamato nekuvimba naMwari, Soromoni akawana njere zvakayemurwa nenyika yose. Asi paakafuratira chitubu chesimba akatanga kuzvivimba

akazvikanda mumusungo wemiyedzo. Naizvozvo masimba anoshamisa akagashidzwa kumungwaru mukuru wamadzimambo akangomuita mubati akarongeka wekurwisa vatsvene.

Satani anoramba achitsvaka kupofomadza pfungwa dzemaKristu kuti vakoshiwe kuti,"havarwe nenyama neropa asi nevabati, nemasimba, namadzishe erima enyika ino, nemauto ewakaipa arimuchadenga." VaEfeso 6:12. Yambiro tsvene inodanidzira kubva kare ."Svinurai murinde nekuti muvengi wenyu Dhiyabhorosi anofamba famba seshumba inowomba, ichitsvaka waingaparadza. "1 Petro 5:8. "Pfekai nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari, kuti mugone kumira muchirwa namano aSatani." VaEfeso 6:11.

Kubva mumazuva aAdama kusvika panguva yedu mhandu yedu huru yakaratidza masimba ayo ekudzvinyirira nekuparadza. Iko zvino avakugadzirira chimurenga chekupedzisira nekereke. Vose vanotsvaka kutevera Kristu vachapinda muhondo nemhandu huru iyi. MuKristu paanozama kuswedera pakuteera muyenzaniso wedenga, anonyanya kunangwa nemiseve yaSatani. Avo vanobatikana nebasa raMwari, kuti vayanike pachena kunyengera kwewakaipa nekuyanika Kristu kuvanhu, vanogona kupupura pamwe naPauro, apo anotaura zvekushumira Ishe nemurangariro wekuzvideredza, nemisodzi nekuyedzwa kuzhinji.

Satani akarwisa Kristu nemano, nemiyedzo inotyisa asi akakurirwa pahondo imwe neimwe. Hondo idzi dzakarwirwa isu; kukunda ikoko kunoita kuti isu tikundewo. Kristu anopa simba kune vose vanoritsvaka. Hapana munhu anokurirwa kana asina kubvuma kukurirwa. Muyedzi haagoni

Ruvengo pakati pemunhu naSatani kukuitisa zvausingadi kana kukumanikidza kutadza iwe usingade. Anogona kukushungurudza asi haagoni kukusvibisa. Anogona konzera kugomera, kwete kusviba kweupenyu. Pfungwa yekukurira kwaKristu inofanira kukuchidzira vateveri vake nekushinga kurwa semvumba hondo nechivi naSatani.

Chitsauko 31 Mabasa emweya yakaipa

Hukama pakati pezvinoonekwa nezvisingaonekwi, mabasa engirozi neemweya yakaipa; zvinoiswa pachena mushoko uye zvichinyatsoone-ka munhoroondo dzavanhu.Vanhu vasingatendi huvepo hwemweya yakaipa varikuwedzera, vamwewo vachiti “ngirozi tsvene dzinoshumira vadyi venhaka yeruponeso” (Vaheberu 1:14) mweya yevafi. Magwaro anongodzidzisa kuvapo kwengirozi tsvene nedzakaipa asi achiisa pachena kuti haisi mweya yevanhu vakafa.

Vanhu vasati vasikwa ngirozi dzaivako; pakateyiwa nheyo dzenyika,”nyeredzi dzamangwanani navanakomana vaMwari vakaimba nekudanidzira pamwe nomufaro.” Jobo 38:7. Munhu paakawa, ngirozi dzakatumwa kuzorinda muti wehupenyu, apa panga pasina munhu anga ambofa. Ngirozi dzakasikwa dzakakwirira kudarika vanhu, nokuti muimbi anoti munhu akaitwa “mudiki zvishoma kuvatumwa.” Pisarema 8:5.

Tinoudzwa mumagwaro zvehuwandu, simba uye kubwinya kwezvisikwa zvedenga, hukama hwadzo nehumambo hwaMwari nebasa rekuponeswa. “Ishe vakateya chigaro chavo mudenga, achitonga vanhu vose.” Muporofita anoti, “ndakanzwa izwi rengirozi zhinji pamberi pechigaro.” Pamberi pamambo wemadzimambo dzinorindira- “ngirozi dzinesimba guru”, “vashumiri vake, vanoita kuda kwake,” “vachiteerera izwi reshoko rake.” Mapisarema 103:19-21; Zvakazarurwa 5:11. “Zviuru zvinegumi, zvezviuru zvinegumi nezviuru zvezviuru,” ndivo vatumwa vakaonekwa nemuporofita Dhanyeri. Muapostora Pauro anovaidza ,”boka risingaverengeki.” Daniere 7:10; Vahebheru 12:22. Senhume dzaMwari vanofamba, “semheni inopenya,” (Ezekiyeri 1:14), kubwinya kwadzo kukuru uye dzinobhururuka zvinotyisa.

Ngirozi yakaonekwa pabwiro raMuponesi, chiso chake, “chakange chakaita semheni, nguwo dzake dzakachena sechando,” zvakaita kuti nekutya varindi vadedere, uye “vakaita sevanhu vakafa.” Mateo 28:3,4. Senaheribhi mambo weAsiriya anozvikudza paakashoora nekumhura Mwari pamwe nekuvhundutsira Israeri kuti aizoiparadza,”zvakaiitika kuti neusiku ihwohwo, mutumwa waShe akabuda, akanouraya mumisasa yeAsiriya zviuru zvine zana namakumi masere neshanu” Akaparadza “mhare dzose, vatungamiri nevakuru vehondo” pahondo dzaSenaheribi.” Akadzokera kunyika kwake chiso chichipunyaira. 2 19:35; 2 Makoronike 32:21.

Ngirozi dzinotumwa kumishando yemutsa kuvana vaMwari. Kuna Abrahama nezvivimbiso zvezvikomborero, kumasuwo eSodhoma kuzorwira Roti kubva kuvira remoto unoparadza; kuna Eriya, paakanga oda kuparara nekuneta nenzara murenje; kunaErisha, nengoro namabhiza emoto dzakakomberedza kaguta maakanga avharirwa nevavengi; kunaDhanyeri, achikumbira njere muvazhe dzamambo muhedheni uye paakanga apotserwa mugomba reshumba; kunaPetro atongerwa kufa mugomba raHerudhe;

kuvasungwa paFiripi; kunaPauro neshamwari dzake usiku hwemafungu pagungwa; kuzozarura pfungwa dzaKoneriyo kuti agashire vhangeri; kutuma Petro neshoko reruponeso kumutorwa asingatendi- ngirozi dzinoyera munguva dzose ,dzakabatsira vanhu vaMwari.

Mutumwa anochengetedza anoiswa pamuteveri umwe neumwe waKristu. Vatariri vedenga ava vanodzivirira vakarurama pasimba remuvengi. Satani pachake akazviona paakazoti: “Jobho anokutyayi pasina here? Hamuna kumuisira rumhanda kumativi ose here, nekukomberedza imba yake uye zvose zvaanazvo kumativi ose here?” Jobo 1:9,10. Zvaanoshandisa kuchengetedza vanhu vake zvinotaurwa nemuimbi: “Mutumwa waJehovah anokomberedza vanomutya nekuvarwira.” Mapisarema 34:7. Tenzi vakataura nevatendi achiti, “ngwarirayi kuti musazvidza umwe wavaduku ava, nekuti ndinoti kwamuri, kudenga vatumwa vavo vanoona chiso chababa vangu nguva dzose.” Mateo 18:10. Ngirozi dzakaiswa kuchengetedza vana vaMwari dzinemukana wekuenda pamberi paMwari nguva dzose.

Vanhu vaMwari vanogara pedo nesimba rehunyengeri nehuturu hwenhema dzemuchinda werima uye varimuhondo namasimba ose erima vanechokwadi chekurindwa nguva dzose navarindi vedenga. Vimbiso iyi haipihwe pasina chikonzero. Kana Mwari akapa vana vake chivimbiso chechengetedzo nenyasha, imhaka yekuti kunevatumwa verima vanesimba guru vanotirwisa- varwi vazhinji, vakatsunga, vasinganeti, vanesimba nehutsinye.

Mweya yerima, pakutanga, yakasikwa yakafanana chimiro, simba nekubwinya navatumwa vatsvene vanoshumira Mwari nhasi. Pavakawa nekuda kwezvivi, vakaita mubatanidzwa wekuzvidza Mwari nekuparadza vanhu.Vakabatana naSatani pakupanduka naye, vakadzingwa mudenga, vavanemakore mazhinji vakabatana naye muhondo yekurwisa simba redenga . Magwaro anotiudza nezvekubatana nehurumende yavo, zvikwata zvavo, nehungwaru namano avo, mazano echitsotsi vachirwisana nerugare nemufaro wavanhu.

Nhoroondo yeTestamende yekare inoratidza pavanotaurwa nezvavo nekubata apa neapo; asi pakauya Kristu panyika ,ndopayakaratidza simba rewakaipa nenzira dzisina kujairika.Kristu akanga auya kuzoita hurongwa hwakagadzirirwa kuponesa uyewo Satani achishingaira kuratidzira kuti ndiye mutongi wenyika. Akanga abudirira kunamatisa ndudzi dzose pasi pedenga zvifananidzo kusarwa kweParestina yoga.Kunyika yoga yakanga isina kuzvipa zvakazara kusimba remuyedzi,Kristu ndokwaakauya kuzovhenekera chiyedza chedenga.Masimba maviri anorwisana airwira kuratidzira utongi. Kristu aitambanudza rudo rwake,achikoka vose vanoda kuti vawane ruregerero nerugare maari.

Vanhu varimunjodzi huru nemweya yetsvina ,ndeavo vanoti vanyatsojekerwa nehuchapupu hwemagwaro,voramba huvepo nemabasa aSatani nengirozi dzake.Kana tisingazive mano ake anova panzvimbo irinani kuti atinyengere; vazhinji vanoterera kuzevezera kwake vachifunga kuti varikutevera hungwaru nenjere dzavo.Nechikonzero ichochi,patinenge takusvika pakupera kwenguva,apo Satani achashanda nesimba guru guru,kunyengera nekuparadza,anomwaya kwese kwese , pfungwa yekuti hakuna chinhu chinonzi Satani.Maitiro ake ,kuzvivanza iye nemabatiro ake.

Chinhu chaanotya zvikuru ndechekuti vanhu vazive mano ake zvakanyanya.Anoda kuviga hunhu nezvinangwa zvake chaizvo,anokonzeresa kuti aburitswe sechinhu chisingavhiringe nekushatirisa vanhu kunze kwekungomuseka nekumutsvinyira.Anofara kwazvo kuratidzwa sechinhu chinongofungwawo asi chisipo chinosvota,chiri rumwe rutivi mhuka,rumwe munhu.Anofara kwazvo kunzwa zita rake richishandiswa mumitambo ,achitukwa nevanozviidza vangwaru nanamuzivazvose.

Imhaka yekuti akazvivanza neumhizha hwakadzama,ndokusaka vanhu vachirikubvunza ,”amboriko here Satani.”Chiratidzo chekubudirira kwake idzidziso dzinopesana zviripachena nemagwaro dzinotendwa navanamati pasi pose.Imhaka yekuti Satani anokwanisa zvikuru kutapa pfungwa dzavanhu vasingazive simba rake, ndokusaka Shoko raMwari richitipa miyenzaniso mizhinji yebasa rake rekukuwadza ,roisa pachena hondo dzake dzakavanzika,zvotiita kuti tigone kuzvidzivirira kuzvibhakera zvake.

Simba nemano aSatani zvaigona kutivhundutsa zvakanyanya,dai kusiri kuti tinowana chidziwiriro nekurwirwa musimba guru remudzikinuri wedu. Tinosunga mikova yedu netsvumbunuro namabhaudhi kuchengetedza midziyo yedu nehupenyu kubva kuvanhu vakaipa;asi kashoma kufunga ngirozi dzakawa,dzinotsvaka mikana yekupinda matiri uye namano adzo atisingagoni kuvhika nenzira nesimba redu.Dzikatenderwa dzinovhiringa pfungwa dzedu,dzokanganisa nekukuwadza miviri yedu nekuparadza hupenyu nezvatiinazvo.Mufaro wadzo urimukutambudzwa nekuparadzwa kwavanhu nezvinhu.Chimiro chavanhu vanoramba kudzidzisa kwedenga vachizviisa pasi pemiyedzo yaSatani kusvikira Mwari avapa mumaoko emweya yakaipa chinotyisa.Asi vanotevera Kristu vanogara vakakotsekana pasi pamapapiro ake. Ngirozi dzinesimba guru dzinotumwa kubva kudenga kuzovadzivirira.Wakaipa haagoni kukurira varindi vakaiswa naMwari kurinda vanhu vake.

Chitsauko 32 Misungo yasatani

Hondo huru pakati paKristu naSatani, iyo yarwiwa kwemakore angasvika 6000, yave pedyo nekupedzwa; wakaipa anowedzera ma-simba ake kuti awisire pasi basa raKristu kuvanhu, nekusungirira vanhu pamisungo yake. Kubata vanhu vari murima nekusatendevuka kusvikira basa raMuponesi rekuvamiririra raguma, kusisina kumiririrwa kwezvivi, ndizvo zvaakananga.

Kana pasina zvaitwa nekuzvimisira kudzivisa simba rake, kana kushaya hanya kuri mukereke nemunyika, Satani haana chinomutambudza, nekuti haasi munjodzi yekurasikirwa nevaakabata muhuranda. Asi kana vanhu vakatanga kutarisa nezve kudenga, vanhu vachibvunza, “Ndingaitei kuti ndiponeswe?” anobva amira, achiedza kuratidza simba rake kupikisa raKristu, nekudzivisa simba reMweya Mutsvene.

Magwaro anoti paneimwe nguva, vatumwa vaMwari pavakavuya kuzomira pamberi paJehova, Satani akavuyavo pakati pavo, (Jobo 1:6) asingavuyi kuzopfugamira Mambo anogara nekusingaperi, asi kuzosimbisa manyepo ake ekurwisana newakarurama. Nechinangwa chimwechete chakadai, anovuya panovunganwa kuzonamata Mwari. Kana nepo asingavonekwi, anoshanda nekushingaira kune huchenjeri kuti abate pfungwa dzevanamati. Semukuru wehondo ane humhizha, anogara aronga mazano ake kare. Paanovona muranda waMwari achinzvera Magwaro, anotarisa nyaya iri kugadzirirwa kunoparidzirwa vanhu. Anobva aronga mazano ekunyengera nehuchenjeri kuti adzivise shoko iri kusvika kune avo vaari kunyengera panyaya iyoyo chaiyo iri kuda kutaurwa. Munhu anofanira kubatsirika neshoko iri anokurudzirwa kune rimwe basa rekuita rinoda kuti iye avepo, kana kuti nedzimwe nzira anokanganiswa kuti asanzwa mashoko anogona kumuunzira hupenyu husingaperi.

Satani anovonazve varanda vaMwari vachinetsekana nerima riri pamusoro pevanhu. Anonzwa minamato yavo yekukumbirisa nyasha dzedenga nesimba rekugona kumukurira, kubvisa kushaya hanya, nekuzviregeredza nehusimbe. Nesimba idzva anoshandisa mano ake. Anoedza vanhu kuti vasazvidzora panezvekudya kana kune chimwe chinotsvaka kuzvifadza, nenzira idzi anokwidibira ndangariro dzavo, kuti vatadze kunzwa zvinhu zvakanyanyisa kukosha kuti vadzidze.

Satani anoziva kuti vose vaanogona kutungamirira kuti vashaye hanya nekunamata nekuverenga Magwaro, achavakurira nemisungo yake. Saka anogadzira nzira dzose dzinogona kuputira pfungwa. Kune vanhu vanogara vachitaura nezvekunamata, asi panekuti vatsvake kuziva chokwadi, vanotsvakira vamwe mhosva pahunhu hwavo kana pakutenda kwavo mune avo vavasingawirirani navo. Vakadaro ndivo vabatsiri vakuru vaSatani. Vapomeri vehama havasi vashoma, vanogara varimubishi kana Mwari ari mubasa, nevaranda vake vachimupa rukudzo rwakafanira. Vanoisa mavara asiri iwo

pamashoko nemabasa eavo vanoda nekuteerera chokwadi. Vanotaura pamusoro pevakatendeka chaizvo, vanozvipira nekuita zvinhu zvose nemwoyo wose pakati pevaranda vaKristu vachivatora sevanyengeri sevakatenda. Ibasa ravo rekutaura zvisiri izvo pamusoro pebasa rose rechokwadi rakaperera, nekuparadzira pfungwa dzekunyepa, nekumutsa kusagutsikana mupfungwa dzevatendi vatsva. Vachaedza pavanokwanisa napo pose kuti vakonzere kuti izvo zvakanaka zvakaperera zvinzi manyepo nezvinonyengera.

Asi hapana anofanira kunyengedzwa naizvozvo. Zvinogona kuva nyore kuona kuti ndivana ani, kuti vanotevedzera muenzaniso waani, uye kuti ibasa raani ravanoita. “ Muchavaziva nezvibereko zvavo” Mateo 7:16. Mabasa avo anofanana neaSatani, munyengeri akarovedzerwa, “mupomeri wehama dzedu” Zvakazarurwa 12: 10.

Munyengeri mukuru uyu ane vashandiri vazhinji vanomubatsira kuisa nhema dzemarudzi akasiyana siyana kuti abate vanhu mumisungo yake dzidziso dzenhema dzakagadzirirwa kunyengedza vanhu vanezvidiso nezvimiro zvakasiyana siyana vaanoda kuparadza. Izano rake rekupinza mukereke vanhu vasingarevesi, vasina kutendevuka vanokurudzira kunyunyuta nekusatenda, nekudzivisa vose vangada kuona basa raMwari richienda mberi, nekuenda naro mberi. Vazhinji vasingatendi muna Mwari, kana mushoko rake, vanosvika pane zvimwe zvimiso zvechokwadi vototorwa semaKristu, zvinovaita kuti vakwanise kupinza manyepo avo sedzidziso yemumagwaro.

Kufunga kwekuti hazvina basa kuti munhu anodavira chii, ndiko kumwe kunyengera kukuru kunoshandiswa naSatani. Anoziva kuti chokwadi, chikagashirwa murudo rwacho, chinochenesa nekunatsa hupenyu hwemunhu. Ndicho chikonzero nei achigara achitsvaka kuisa dzidziso dzenhema, ngano nerimwevo vhangeri. Kubva pakutanga, varanda vaMwari vanorwisana nevadzidzisi venhema, vasingazviiti sevanhu vane hasha dzinotyisa, asi sevanhu vanofambisa manyepo anoparadza mweya. Eria, Jeremiah, naPauro, vakapikisa zvakasimba vasingatyi avo vaibvisa vanhu kushoko raMwari. Kusununguka uku kwekutora kunamata kwechokwadi kuti hakukoshi, kwakarwiswa nevarume ava vaive vadziviriri vechokwadi.

Kududzirwa kweMagwaro kusina kutwasuka, kwakamonyoroka, nefungidziro zhinji dzinorwisana munyaya dzezvekunamata, zvinowanikwa pakati pemaKristu, mabasa emuvengi wedu mukuru, kuitira kukanganisa pfungwa kuti vanhu vasavona chokwadi. Kupesana nekusagadzikana kunowanikwa mumakereke echiKristu zvinokonzerwa netsika dziriko dzekuminamisa maMagwaro kutsigira pfungwa inenge ichifarirwa. Pane kudzidza shoko raMwari zvine hudzamu nekuzvininipisa kwemwoyo kuti munhu awane ruzivo rwezvidiso zvaMwari, vazhinji vanotsvaka kuwana zvisina kujairika kana zvakasiyana nezvakagara zviripo.

Mukuedza kumisa dzidziso dzisiri idzo netsika dzisiri dzechiKristu, vamwe vanotora zvikamu zveMagwaro kubva pandima dzazvo, vachitora chidimbu chendima imwe kuti

vabudise zvavanoda, asi chidimbu chendima chavanenge vasiya chichiburitsa zvinopesana chaizvo nezvavanenge vataura. Nekunyengera kwenyoka, vanozvisungirira mumashoko avasingazogoni kutsanangura, kuti vazadzise kufunga kwavo kwenyama. Ndizvo zvavanoita vazhinji vachikanganisa shoko raMwari. Vamwevo, vanofunga zvakapinza, vanotora mifananidzo yemuMagwaro Matsvene, voidudzira kuti zvipindirane nekufungidzira kwavo, vasingaisi pfungwa dzavo pakupupura kweMagwaro kuti anozvidudzira oga, vachiisa zvitsva izvi zvavakafunga sedzidziso dzeBhaibheri.

Pose pose panodzidzwa Bhaibheri pasina kunamata nemweya wekuzvininipisa, mweya unoda kudzidza, ndima dzakareruka nedzakawoma kunzwisisa dzinogona kubviswa pane zvadzinoreva chaizvo. Vana vanosarudza ndima dzakadai kubva muMagwaro kuti dzitaure zvavanodavo, dzichidudzira sezvavanoda, vachipa izvi kuvanhu, vachinyima vanhu mukana wekuzviverengera Bhaibheri kuti vanzwisise chokwadi chirimo voga. Bhaibheri rose rinofanira kupiwa kuvanhu sezvariri. Zvaive nani kuti vasatombodzidziswa Bhaibheri zvachose, pane kupiwa dzidziso dzemuMagwaro dziri kududzirwa zvakaminamiswa zvakadaro.

Bhaibheri rakagadzirirwa kutungamirira vose vanoda kuziva kuda kwaMwari Musiki wavo. Mwari akapa kuvanhu shoko rechiprofita chezvokwadi; vatumwa kana naKristu pachake vakavuya kuzozivisa Danieri naJohane zvinofanira kukurumidza kuiitika. Zvinhu zvinokoshera ruponeso rwedu hazvina kusiiwa zvakavanzika. Hazvina kuziviswa nenzira inokanganisa nekurasisa vanotsvaka chokwadi nemwoyo wose. Vakadaro Jehova kuburikidza nemuprofita Habakuki, “Nyora zvawaratidzwa, zvivonekwe kwazvo, . . pamahwendefa, kuti zvigone kuverengwa neanomhanya” Habakuki 2:2. Shoko raMwari riri pachena kune avo vose vanoriverenga nemwoyo wakapera nekunamata. Munhu wose akaperera achawana chiedza chechokwadi. “Chiedza chinodzvarirwa wakarurama” Pisarema 97:11. Hakuna kereke ingakura muhutsvene kana nhengo dzayo dzisingatsvaki chokwadi nekushingaira sevanotsvaka pfuma yakavanzwa.

Nekudaidzira, kusununguka, vanhu vanopofumadzwa kumanyepo emuvengi, asi iye achishanda nguva dzose nekuzvimisira kuti azadzise chinangwa chake. Paanobudirira kutsinhanisa Bhaibheri nefungidziro dzevanhu, murairo waMwari unoiswa parutivi, makereke ove pasi pehuranda hwechitema, asi ivo vachiti vakasununguka.

Kuvazhinji, tsvakurudzo dzesainzi dzatove chituko. Mwari akatendera kuti zvinhu zvakawanda zvizivikanwe kuburikidza nesainzi nedzidzo, asi kunyange pfungwa dzakapinza chaizvo, kana dzisina kutungamirirwa neshoko raMwari mutsvakurudzo dzavo, vanogona kukanganiswa pavanoedza kutsvakurudza vukama huri pakati pesainzi nezvakazarurwa zvaMwari.

Ruzivo rwevanhu muzvinhu zvenyika ino nerwezvinhu zvemweya haruna kuperera uye haruna kukwana, saka vazhinji havagoni kunyatsoenzanisa kunzwisisa kwavo

kwesainzi nezviri muMagwaro. Vazhinji vanogamuchira fungidziro dzakawanda vachifunga kuti isainzi, vofunga kuti shoko raMwari rinofanira kupimwa nedzidziso dzinoumbwa kubva muna izvozvi, “zvinonzi isainzi”. Havagoni kunzwisisa Musiki nemabasa ake, saka nemhaka yekuti havakwanisi kutsanangura izvi nemanzwisisire avo ekusikwa kwezvinhu, zvinotaurwa neBhaibheri zvinonzi hazvina kukwana hazvingadairwi. Avo vanoramba kutenda muzvinyorwa zveTestamende Yekare neItsva, vanoenda mberi zvekare nekuramba kuvapo kwaMwari, vachipa simba rose rehuMwari kuzvinhu zvakasikwa. Kana varega kubata panheyo yakasimba iyi, vanodzungaira mumatombo nemumasango ekusatendeka.

Saka vazhinji vachirasika kubva kukutenda, vachinyengerwa nadiabhorosi. Vanhu vanoda kuchenjera kupfuvura Musiki wavo, huchenjeri hwevanhu hwaedza kutsvaka nekutsanangura zvakavanzika zvisingazozivikanwi kusvikira nekusingaperi. Asi kana vanhu vaingatsvaka nekunzwisisa izvo Mwari zvaakazivisa pamusoro pake, nezvinangwa zvake, vaingavona kubwinya, nesimba, nembiri yaJehova zvaivabatsira kunzwisisa, kudukupika kwavo, zvichivaita kuti vagutsikane nezvaakavazarurira nevana vavo.

Hunyanzvi hwaSatani hwekunyengera hunokonzera kuti vanhu varambe vachingotsvaka nekubvunzisisa izvo Mwari zvaasina kuzivisa, nezvaasina kumboda kuti tizive kana kunzwisisa. Ndizvo zvakakonzera kuti Rusifa arasikirwe nenzvimbo yake kudenga. Akatanga kusagutsikana nemhaka yekuti zvakavanzika zvaMwari zvose zvakanga zvisina kuzarurirwa kwaari. Akashaya hanya zvachose nezvaakaisirwa pachena zvaaifanira kuita nekuda kwechigaro chake chakanga chakakwirira. Mukuisa mweya wakadarovo muvatumwa vaive pasi pake, akakonzera kuputsika kwavo. Saka ikozvino anotsvaka kuzadza pfungwa dzevanhu nemweya wakadaro uyu, nekuvatungamirira kuti vasateerera Mwari.

Avo vanoramba kugashira chokwadi chiri pachena chinobaya cheBhaibheri, vanoramba vachitsvaka ngano dzinovafadza dzinonyaradza hana dzavo. Dzidziso dzavanoparidzirwa kana dzisina simba repamweya, dzisingadaidziri kuzviramba nekuzvininipisa, ndidzo dzavanofarira nekukurumidza kugamuchira. Vanhu ava vanodzikisira simba repfungwa kuti vagutse zvidiso zvavo zvenyama. Vanovona sekuti vakangwara zvikuru zvekuti havangatsvaki muMagwaro nemwoyo wakapwanyika nekunamata kwakaperera kuti Mwari avatungamirire, kuti vadziviririrwe kubva kunhema. Satani akagadzirira kupa zvinodiwa nemwoyo yevanhu, uye anogadzika nhema dzake pachinzvimbo chechokwadi. Ndizvo zvakaitwa naanapapa kuti vawane simba pamusoro pepfungwa dzevanhu, nekurambavo chokwadi nekuti chine muchinjikwa mukati, maProtestandi anoteveravo nzira imwechete. Avo vose vanoramba shoko raMwari kuti vadzidze zvavanowana mumirairo yevanhu, kuti vasasiyana nenyika, vachasiiwa kuti vagashire nhema dzinoparadza pachinzvimbo chechokwadi chezvekunamata. Nhema dzose dzingafungwa dzichagashirwa neavo vanoramba chokwadi nekuzvidira. Uyo

anotarisa nekushora kukuru imwe mhando yemanyepo zvinomuitira nyore. Zvikuru kugashira rumwevo rudzi rwemanyepo. Muapostora Pauro, achitaura nezvevanhu “vasina kugamuchira rudo rwezvokwadi, kuti vaponeswe.” Anoti saka Mwari unovatumira simba rekukanganisa, kuti vatende nhema, kuti vose vasina kutenda zvokwadi, asi vakafarira zvisakarurama, vatongwe” 2 VaTesaronika 2:11, 12. Neyambiro yakadai yatinopiwa, zvinoda kuti tigare takangwarira kuti tinogashira dzidziso dzakaita sei.

Mamwe manyepo makuru emunyengeri mukuru uyu idzidziso dzenhema nekunyengera kwakahwanda mumashura ezvemweya. Achinyepera semutumwa wechiedza, anoparadzira mambure ake paasingambofungidzirwi. Kudai vanhu vaingadzidza Bhuku raMwari nekunyengetera kwakaperera, kuti varinzwisise, havaizosiiwa vari mudima kuti vagashire dzidziso dzekunyepa. Asi pavanoramba chokwadi, vanowira munjodzi yekuzoparadzwa nemanyepo.

Dzimwe nhema dzine njodzi idzidziso inoramba huMwari hwaKristu, ichiti iye haana kumborarama asati auya munyika ino kekutanga. Dzidziso iyi inodairwa nevanhu vazhinji vonoti vanodaira Bhaibheri, asi inopikisana zviri pachena nemashoko anotaurwa naMuponesi wedu pamusoro pehukama hwake naBaba, chimiro chake chehuMwari, nekuvapo kwake kusikwa kusati kwaitika. Hazvigoni kudzidzwa nekugashirwa pasina kushonyororwa kweMagwaro. Hazvingodzikisiri chete maonere evanhu basa rerudzikinuro, asi kunodzikisa rudairo muBhaibheri seShoko rakabva kuna Mwari. Izvi zvinoita kuti zvive nenjodzi huru kwazvo, nekuitavo kuti dzidziso iyi iwome kupikisana nayo. Kana vanhu vakaramba kupupura kweMagwaro akafemerwa kwaanoita pamusoro pehuMwari hwaKristu, hazvibatsiri kuitisana nharo navo, nemhaka yekuti hazvinei kuti munhu ataura zviri pachena sei hakuna chavachabvuma. “Zvino munhu sezvaakaberekwa haagamuchiri zvinhu zveMweya waMwari; nekuti vupenzi kwaari; haazvinzwisisi, nekuti zvinonzwisiswa neMweya” 1 VaKorinde 2:14. Hakuna kune vanodaira manyepo aya vangakwanisa kunzwisisa chimiro chaicho nebasa raKristu, kana zano guru raMwari rekudzikinura munhu.

Mamwezve manyepo ari kupararira kwazvo ndeekudaira kuti hakuna munhu anonzi Satani, uye kuti shoko iri rinongoshandiswa chete muBhaibheri kuti riratidze pfungwa nezvidiso zvemunhu zvakaipa.

Dzidziso inotaurwa zvikuru nevaparidzi vane mukurumbira yekuti kudzoka kwaKristu kunoitika kumunhu mumwe nemumwe paanofa, zvinotirwa kuti vanhu vasagadzirira kudzoka kwake chaiko mumakore. Kwemakore mazhinji, Satani akanga achingoti, “Tarirai ari muimba yemukati,” (Mateo 24: 23-26). Vanhu vazhinji vakarasika nekudaira manyepo aya.

Dzidziso yenyika inotizve munamato hauna basa. Vanhu vesainzi vanoti hakuna mhinduro chaiyo yemunamato, vanoti uku kutyora mirairo yemasikirwe ezvinhu, chinova

chishamiso, uye hakuna zvishamiso zvacho. Denga nenyika, vanodaro, zvinotevera mirairo yakagadzwa kare, Mwari pachake haana chaangaita chinopikisana nemirairo iyi. Saka vanoti Mwari anosungwa nemirairo yake kuita sekuti kushanda kwemirairo yaMwari kunomusiya asisina simba pamusoro payo. Dzidziso iyi inopikisana nezvinorehwa muMagwaro. Kristu nevadzidzi vake havana here kuita zvishamiso? Muponesi mumwechete uyu ane tsitsi anorarama nhasi, achiri kungoda kuterera minyengetero yekutenda sezvaiita achafamba panyika ino pakati pevanhu. Zvakasikwa zvinobatirana nezvekudenga. Rutivi rwezano raMwari kutipa, mukupindura minyengetero yekutenda, zvaaisapa kudai tisina kukumbira.

Manyepo asingaverengeki nedzidziso dzinofadza vanhu zviri kupinda mumakereke echiKristu. Hazvikwanisiki kuyera kuipa kungabuda mukubvisa chimwe chezvimiso zvakarairwa neshoko raMwari. Vashoma vanoita izvi vanomira nekuramba chokwadi chimwechete. Vazhinji vanoenda mberi vachibvisa dzidziso dzechokwadi zvishoma nezvishoma kusvikira vave vahedheni chaivo.

Manyepo anobuda mudzidziso dzenhema dzeChikristu achibvisa vanhu vazhinji pakusatenda vaingadai vakatenda Magwaro. Hazvigoni kuti munhu adaire mudzidziso dzinopikisana nekunzwisisa kwake kwekururama, kwetsitsi, nekwekurongeka, uye sezvo izvi zvichimiswa sedzidziso dzeBhaibheri, anoramba kuzvigashira seshoko raMwari.

Ichi ndicho chinangwa chaSatani. Hakuna chimwe chinangwa chake chinopfuura chekuparadza kutenda kwevanhu muna Mwari nemushoko rake. Satani anomira semutungamiriri wehondo huru yevanoramba kutenda, achishanda nesimba rose kuti akwevere vanhu kwaari. Zvave kuita sekuti ndiwo mararamire emazuva ano kusatenda. Kune vanhu vazhinji kwazvo vanotarisa nekushora Shoko raMwari sezvavanoita Mumunyori waronemhaka yekuti rinotsiura chitema nekusachikurudzira. Avo vanoramba kuterera, zvarinotaura, vanoshingaira kuramba simba raro. Vanoverenga Bhaibheri, kana kuriterera richitaurwa kubva pamatafura matsvene, kuti varitsvakire mhosva chete kana kushora mharidzo. Vazhinji vanove vahedheni kuti varambe kuita zvavanofanira kuita vasina anovapa mhosva. Vamwe vanotora pfungwa dzekusatenda zvose nekuda kwekuzvikudza nekusaperera kwavo. Vanoda zvinhu zvisina kuoma kuti vasatarisirwa kuita chinhu chinokudzwa, chinoda kuitwa nemwoyo wose, nekuzviramba, vanoda kuti vanzi vanoziva zvepamusoro nekutsoropodza Bhaibheri. Pakawanda apo pfungwa dzemunhu dzinogumirwa, kana dzikasajekeserwa nenjere dzekudenga, saka vanozowana mukanavo wekutsoropodza. Kune vazhinji vanofunga kuti hushasha kumira kurutivi rwevasingatendi nevahedheni. Asi pasi pekunyepedzera kuva pachokwadi, zvinozovonekwa kuti vanhu ava vanosundwa nekuzvikudza nekudada. Vazhinji vanofarira kutsvaka kubva muMagwaro zvinonetsa pfungwa dzevamwe. Vamwe vanombotanga vachipikisa nekushoropodza, vanomira divi risiri iro, vachingoda kuita nharo chete. Vanenge vasingazivi kuti vari kuzvimoneredza mumusungo wemuteyi weshiri.

Pavanotaura kusatenda kwavo pachena, vanonzwa sekuti vanofanira kuramba vamire ipapo. Saka vanobatana pamwechete nevasingatendi, vachizvipfigira masuo eParadiso.

MuMagwaro, Mwari akataura zvakakwana nezvinoratidza huMwari hweshoko iri. Chokwadi chinokoshera ruponeso rwedu chiri pachena imomo. Nekubatsirwa neMweya Mutsvene, uyo akavimbiswa kuna vose vanomutsvaka nemwoyo wose, munhu wose anogona kunzwisisa chokwadi ari oga. Mwari akapa vanhu nheyo yakasimba yekuvakira kutenda kwavo.

Asi pfungwa dzevanhu hadzigoni kunyatsonzwisisa mazano nezvinangwa zvaMwari asingagumi. Hatigoni nekutsvaka kwedu kuwana Mwari. Hatifaniri kuedza kusimudza mucheka wakavhara kubwinya kwake neruvoko rune kuzvikudza. Muapostora anoshamiswa, “Haiwa kufuma kwekuchenjera nekuziva kwaMwari kwakadzika sei! Kutonga kwake hakunganzverwi, nenzira dzake hadzingarondwi!” VaRoma 11:33. Tinogona kungonzwisisa mabasa ake kwatiri, nezvinomusunda kuti atiitire zvaanoita, kuti tivone rudo rusingaperi netsitsi zvakabatana musimba risingaperi. Baba vedu vari kudenga vanoraira zvose nehuchenjeri nekururama, uye isu hatifaniri kushaya kugutsikana nekutenda, asi kuti tikotamire pasi murukudzo. Vachatiratidza zvavanoda zvakafanira kuti tizvizive, asi kupfuvura apa tinofanira kuvimba neRuvoko rwavo rune masimba ose, neMwoyo wakazara nerudo.

Mwari akatipa zvikonzero zvakakwana zvekuti titende, asi haazobvisi mikana yose inogona kumutsa mibvunzo nekusatenda. Vose vanotsvaka pekurembedza kukahadzika kwavo vachapawana. Uye avo vanoramba kugashira nekuterera shoko raMwari kusvikira zvipingaidzo zvose zvabviswa, nemibvunzo yavo yose yapindurwa zvekusara pasisina mukana wekukahadzika, havazombowani chiedza chekuti vatende.

Kushaya kuvimba naMwari ndivo muchero unotumbuka mumwoyo usina kutendevuka, uyo unovengana naMwari. Asi kutenda kunofemerwa neMweya Mutsvene, uye kunokura chete kana kuchishandirwa. Hakuna munhu angasimba mukutenda asina kushingaira kwaanoisa. Kusatenda kunosimba pakunokurudzirwa, uye kana vanhu, pane kuti varambire pane zvakaratidzwa naMwari kuti vachengetedze kutenda kwavo, vakatanga kubvunzisisa nekutsvakisisa tunhu tuduku duku, kusatenda kwavo kunosimbiswa.

Asi avo vanobvunzurudza zvitsidzo zvaMwari nekukahadzika nazvo, nekusavimba nekusagashira zvitsidzo zvenyasha dzake, vanenge vachitomushora, uye zvavanoita, pane kuti zvikwevere vamwe kuna Kristu, zvinotozovadzinga kubva kwaari. Miti isingabereki, inoparadzira mashizha ayo kure nepedyo, ichivharira zuva kune zvimwe zvakamera pasi payo nekuzvikonzera kuziya nekurukutika nekufa nekuda kwekutonhora kwemumvuri. Basa ravanoita richaramba riri chapupu chinovapikisa nekusingaperi. Vanodyara mbeu yekusatenda nekukahadzika iyo ichavapa goho risingakoni.

Kune nzira imwechete inofanira kutorwa neavo vanoda kutsvaka chokwadi vachitiza kusatenda. Pane kubvunzurudza nekunyunyuta neizvo zvavasinganzwisisi, ngavaterere chiedza icho chakavajekera kare, zvinoita kuti vazogashira chimwe chiedza chikuru. Ngavaite basa rose rakaiswa pachena kwavari, vachaitwa kuti vanzwisise nekupiwa simba rezvinhu zvari kukahadzika mazviri.

Satani anogona kuisa manyepo pedyo pedyo nechokwadi zvekuti avo vanoda kunyengedzwa vanonyengedzwa, avo vasingadi kuzviramba nekuzvipira kunodiwa nechokwadi, asi haagoni kubata nesimba rake munhu anoda nemwoyo wose, zvisinei nemutengo wekuti azive chokwadi. Kristu ndiye chokwadi, “neChiedza chinovhenekera munhu wose anovuya munyika” Johane 1:9. Mweya wezvokwadi wakatumwa kuti atungamirire vanhu muzvokwadi yose. Uye nepamusoro peMwanakomana waMwari zvakanzi, “Tsvakai munowana.” “Kana munhu achida kuita kuda kwake, achaziva nezvedzidziso yake” Mateo 7:7; Johane 7:17.

Vateveri vaJesu vanoziva zvishoma shoma zvezvavanorongerwa naSatani nevatumwa vake. Asi Iye anogara kumatenga uchakunda mazano avo ose aya, kuti zvidiso zvake zvakadzama zvizadziswe. Jehova anobvumira vanhu vake kuti vapinde mumiyedzo inotyisa, kwete nekuti anofarira kuona kushungurudzwa nekutambudzwa kwavo, asi nemhaka yekuti izvi zvakakoshera kukukurira kwavo pakupedzisira. Haangavadziviriri nembiri yake kubva kumiedzo nekuti basa rematambudziko aya kuvagadzirira kudzivisa simba rezvakaipa mavari.

Vanhu vakaipa kana madhimoni havangakwanisi kudzivisa basa raMwari, kana kubvisa chiso chake kuvanhu vake, kana vachida, nekuzvipira, nemwoyo yakapwanyika, vachirevurura zvivi zvavo nekuzvirasha, nemukutenda vachitsvaka zvitsidzo zvake. Muedzo mumwe nemumwe, simba rimwe nerimwe rinovarwisa, riri pachena kana kuti rakavanzika, zvinogona kudziviswa. “Zvisingaitwi nesimba kana nehondo, asi neMweya wangu, ndizvo zvinotaura Jehova wehondo” Zakariya 4:6.

“Nekuti meso aShe ari pamusoro pavakarurama, nenzeve dzake dzakazaruka pakukumbira kwavo . . . . Ndianiko uchakuitirai zvakaipa, kana muchishingairira zvakanaka?” 1 Petro 3:12, 13. Balami akati atorwa mwoyo nemubairo waifadza, akaita zvehun’anga pamberi paIsraeri nekupira zvipiriso pamberi paJehova akatsvaka kuisa chituko kuvanhu vake, Mweya waMwari wakarambidza zvakaipa zvaaida kutaura, Balami akamanikidzwa kuti ataure achiti: “ Ini ndingatuka seiko asina kutukwa naMwari; Ini ndingatsamwira seiko asina kutsamwirwa naJehova? Regai ndife rufu rwewakarurama, nemagumo angu ngaave seake.” Mushure mekupazve chipiriso, muprofiti akaipa uyu akati; “Wakatoropafadza; lye wakatopafadza, ini handigoni kuzvishandura.” Haana kuona zvakaipa kuna Jakobo; Haana kuona zvakashata kuna Israeri; Jehova Mwari wake anaye, Vanopupurira mambo pakati pavo.” “Zvirokwazvo hakuna un’anga kuna Jakobo, uye

hakuna kuuka kuna Israeri; Zvino zvicharehwa pamusoro paJakobo napamusoro paIsraeri, zvakaitwa naMwari!" Numeri 23:8, 10, 20, 21, 23. Asi kechitatuzve aritari yakavakwa, Barami akada kuisa chituko, asi muromo wemuprofita uyu wakamanikidzwa neMweya waMwari ukataura kubudirira kwevasanangurwa vake, nekutuka hupenzi negodo zvevavengi vavo: "Mumwe nemumwe anokuropafadza, ngaaropafadzwe, mumwe nemumwe anokutuka, ngaatukwe" Numeri 23:8, 10, 20, 21, 23; 24: 9.

Vana vaIsraeri vakanga vakavimbika kuna Mwari panguva iyi: kana vairamba vachiterera murairo wake, hapana simba panyika kana kugehena raingavakurira. Asi chituko icho Barami chaasina kutenderwa kutaura pamusoro pevanhu vaMwari, pakupedzisira akagona kuchiunza pamusoro pavo, akakwanisa kuvapinza muchitema nekunyengera. Pavakatyora murairo waMwari, vakazviparadzanisa naye, vakasiiwa kuti vanzwe simba remuparadzi.

Satani anoziva kuti munhu asina kusimba zvachose anogara muna Kristu ane simba rakawandisa kukunda hondo yose yerima, uye kuti kana akazviratidza pachena, anodziviswa. Saka naizvozvo anotsvaka kubvisa mauto emuchinjikwa kuchidziviriro chavo chakasimba, iye achivavandira nehondo yake, akagadzirira kuparadza vose vanofamba famba munzvimbo yake. Mukuzvininipisa koga kwekuzvipira muna Mwari nekuterera mirairo yake yose, tinogona kuchengetedzwa. Hapana munhu akachengetedzeka zuva rimwe chete kana nguva imwe chete asina kunyengetera. Zvikuru sei tinofanira kutsvaka Mwari kuti tinzwisise shoko rake. Mariri munoiswa pachena mano emuedzi uyu, nenzira dzaanogona kukundwa nadzo. Satani imhare mukutaura Magwaro, achiisa dudziro dzake pandima dzaanoda kushandisa kutiwisira pasi. Tinofanira kudzidza Bhaibheri nekuzvininipisa, tisingakanganwi kutsamira kwedu pahuchenjeri hwaMwari. Patinenge tichigara takangwarira mazano aSatani, tinofanira kunamata nekutenda nguva dzose, "Musatiisa pakuedzwa."

Chitsauko 33 Kunyengedzwa kukuru kwekutanga

Manyepo makuru kuru kwazvo anopfuvura mamwe ose akatangwa naSatani zviuru zvemakore akapfuvura. Zvinoshamisa kwazvo kuti vashoma nhasi vanozvivona sezvazviri. Asi nawo anobata mweya nekuvabatisisa-Zvino wavakudzidza pamwoyo wemanyepo aya-kuti Satani anoshandisa sei vakafa kubata vapenyu.

Kubvira kumavambo chaiko emunhu, Satani akatanga basa rake rekunyengera rudzi rwedu. Uyo akanga atanga chimurenga kudenga, aida kuti vagari vepanyika vabatane naye muhondo yake nehurumende yaMwari. Adamu naEva vakanga vachifara kwazvo pavaiterera murairo waMwari, izvi zvaiisa pachena nhema dzakanga dzataurwa naSatani kudenga, kuti murairo waMwari wakanga unehudzvinyiriri, nekupikisana nezvose zvakanakira zvisikwa zvake. Pamusoro paizvozvo godo raSatani rakasimuka paaitarisa musha wakanaka wakanga wagadzirirwa vaviri ava vakanga vasina chitema. Akazvimisira kukonzera kuputsika kwavo kuti kana akavaparadzanisa naMwari nekuvaisa pasi pesimba rake, angatora nyika yose kuti aitonge, agogadza hushe hwake pairi, achipikisana neWekumusoro soro.

Kudai Satani akavuya nechimiro chake chaicho, angadai akarambwa kamwe kamwe, nekuti Adamu naEva vakanga vayambirwa nezvemhandu yakaipisisa iyi; Asi akashanda murima, asingabudisi chinangwa chake, kuti akwanise kuita zvaaida chaizvo. Achishandisa nyoka sesvikiro rake, chisikwa chaiyedza kwazvo panguva iyi, akataura naEva, “Nhai, ndizvo here kuti Mwari akati, `Regai kudya miti yose yemunda?.” Genesi 3:1. Kudai Eva akanzvenga kuitisana nharo nemuedzi uyu, angadai asina chaimuwana, asi akada kuita hurukuro naye, akawira mumusungo wake. Ndizvo zvinokonzera kuwa kwevazhinji kana nanhasi. Vanonyunyuta nekukahadzika nekuda kwaMwari; uye panekuti vaterere mirairo yaMwari, vanogamuchira pfungwa dzevanhu, dzinenge dzakaviga mazano aSatani madziri.

“Mukadzi akati kunyoka; Tingadya hedu michero yemiti pamunda, asi kana iri michero yemuti uri pakati pemunda, Mwari akati, Regai kuudya, kana kuubata, kuti murege kufa. Nyoka ikati kumukadzi, hamungafi zvirokwazvo, nekuti Mwari anoziva kuti nemusi wamunoudya nawo, meso enyu achasvinudzwa, mukava saMwari, muchiziva zvakanaka nezvakaipa.” Genesi 3: 4,5. Akatsidza kuti vaizoita saMwari, vaizova neruzivo rwakapfuvura rwavaive narwo kare, uye vaizova nekurarama kwepamusoro. Eva akabvuma kunyengedzwa, akanokurudziravo Adamu, akaitavo chitema. Vakaterera mashoko enyoka, ekuti Mwari akanga asingarevi zvaakataura; vakashaya kutenda muMusiki wavo, vakafunga kuti aivapa miganhu yaikamura kusununguka kwavo, uye kuti vaiwana huchenjeri hukuru nekukwidziridzwa nekuda kwekudarika murairo wake.

Ko mushure mekutadza Adamu akaziva kuti mashoko aya airevei ekuti, “Nezuva rauchaudya naro uchafa zvirokwazvo?” Akavona achireva zvakanga zvataurwa naSatani here, kuti aizokwidziridzwa muchimiro chake? Dai zvakaita saizvozvo aizove nezvakanaka zvikuru zvaiwanikwa nekudarika murairo, naSatani achiratidzwa kuti aive mubatsiri wevanhu. Asi Adamu haana kuona kuti ndizvo zvaitaurwa naMwari. Mwari akati sechirango chechitema, munhu anofanira kudzokera kuguruva nekuti ndiko kwaakabva: “Uri guruva, uchadzokera kuguruva.” Genesi 3:19. Mashoko aSatani, “Meso enyu achazarurwa,” akaita seechokwadi kana takaatarisa nenzira iyi chete: Adamu naEva pavakanga vatadzira Mwari, meso avo akazarurwa vakavona kutadza kwavo; vakaziva chitema, vakaravira muchero waivava wekudarika murairo.

Pakati pemunda weEdeni pakanga pakamera muti wehupenyu, muchero wawo waive nesimba rekuti hupenyu hurambe huchienda mberi. Kudai Adamu akaramba achiteerera Mwari, aingadai akaramba anemvumo yekuenda kumuti uyu, angadai akararama nekusingaperi. Asi paakatadza, akarambidzwa kudya pamuti wehupenyu, zvikamuita kuti ave pasi perufu. Chirango chakabva kunaMwari, “Zvauri guruva, uchadzokera kuguruva,” chinoreva kuparara kwehupenyu zvachose.

Chitsidzo chekusafa chakavimbiswa munhu kana achiterera chete, chakabviswa nekuda kwekudarika murairo. Adamu akanga asingagoni kupa kuchizvarwa chake zvaakanga asina maari; uye pangadai pasina tariro kurudzi rwakaputsika, kudai Mwari asina kuvadzosera kusafa nekupira Mwanakomana wake. Kana nepo “rufu rwakapinda kuvanhu vose, nemhaka yekuti vose vakatadza,” Kristu “akaunza hupenyu husingaperi kuburikidza nechiedza chevhangeri.” VaRoma 5:12; 2 Timotio 1:10. Hupenyu husingaperi hunowanikwa kuburikidza naKristu chete. Jesu akati, “Unotenda kuMwanakomana, unehupenyu husingaperi; asi usingatendi Mwanakomana, haangavoni hupenyu...” Johane 3:36. Munhu wose anokwanisa kuwana chikomborero ichi chinokosha zvisingatauriki kana achiita zvinodiwa. Vose “Vanotsvaka kubwinya, nekukudzwa, nekusafa, vachitsungirira pakuita zvakanaka, uchavapa hupenyu husingaperi.” VaRoma 2:7.

Oga akavimbisa Adamu hupenyu mukusateerera ndiye munyengeri mukuru uyu. Nekutaura kwakasimba kwenyoka kuna Eva muEdeni,“Hamuzofi zvirokwazvo,”-ndiyo mharidzo yekutanga yakaparidzwa pamusoro pekusafa kwemweya. Asi kudaidzira uku, kwakatsamira chete pasimba raSatani, kuri kudzokororwa nevaparidzi vakawanda veChikristu, kuchigashirwa nevanhu vazhinji nekusununguka sezvakwakaitwa nevabereki vedu vekutanga. Chirevo chedenga chinoti, “Mweya anotadza, ndiwo uchafa,” Ezekieri 18: 20 chinonzi chireve kuti, mweya unotadza haungafi, asi uchararama nekusingaperi. Tinoshamiswa nekuona zvinogona kuitwa nevanhu mukudaira mashoko aSatani nekuramba mashoko aMwari zvakadaro.

Kudai munhu mushure mekutadza akabvumirwa kuenda kumuti wehupenyu, angadai akararama nekusingaperi, nechitema chingadai chakapiwa kusafavo. Asi kerubi inemunondo waipenya “yakachengetedza nzira yaienda kumuti wehupenyu” Genesi 3:24, hakuna kana mumwe wemhuri yaAdamu akabvumirwa kudarika muganhu iwoyo kuenda kumuti unopa hupenyu. Saka hakuna mutadzi anorarama nekusingaperi.

Asi mushure mekutadza uku, Satani akaraira vatumwa vake kuti vaunze kuvanhu dzidziso yekuti munhu haafi zvirokwazvo nekufurira vanhu kuti vabvume manyepo aya vaizo vatungamirira vanhu mukutenda kuti mutadzi aizorarama nekusingaperi achitambudzwa. Nhasi uno muchinda werima, achishanda nevatumwa vake, anoratidza sekuti Mwari mudzvinyiriri akaipa anehutsinye, vachidzidzisa kuti anokandira mugehena vose vasingamufadzi, achivarwadzisa nekusingaperi mukutsamwa kwake, zvakare kuti pavanenge vachiyuwira vari mumurazvo wemoto usingadzimi, Musiki wavo anenge akavatarisa ari kudenga nekugutsikana.

Munyengeri mukuru uyu ndizvo zvaanoita, kupfekedza hunhu hwake iye nechimiro chake kuMusiki neMupi wezvinhu zvose zvakanaka kuvanhu. Hutsinye chisatani. Mwari rudo; uye zvose zvaakasika zvakanga zvakaperera, zviri zvitsvene uye zvichikosha, kusvikira chitema chaunzwa nemupanduki mukuru wekutanga. Satani pachake ndiye muvengi anonyengera munhu kuti aite chitema, nekumuparadza kana akwanisa; uye kana abata munhu, amuparadza anozvirumbidza nekupembera nekuparadza kwaaunza. Kana akabvumirwa, anoda kutsvaira vanhu vose kuti vapinde mumambure ake.

Kudai kusiri kupindira kwesimba rekudenga, hakuna kana mwanakomana kana mwanasikana mumwe chete waAdamu aingapona.

Satani anotsvaka kukurira vanhu nhasi, sekukurira kwaakaita vabereki vedu vekutanga, nekuzunza kuvimba kwavo kubva paMusiki, achivatungamirira kuti varege kuvimba nehuchenjeri hwehurumende yake nekururamisira kwemirairo yake. Satani nevaranda vake vanoratidza chimiro chaMwari sechakaipa kupfuvura chavo ivo, vachida kuzvinatsa mukupanduka kwavo nekunyepa kwavo. Munyengeri mukuru uyu anoedza kubvisa hutsinye hwake hwakaipisisa achihuisa pana Baba vedu vekudenga, achida kuratidza sekuti iye ndiye akakanganisirwa zvikuru nekudzingwa kwake kudenga nemhaka yekuti akanga asingabvumi hutongi hwakaipa zvakadaro. Anoratidza nyika rusununguko rwavaigona kuve narwo kana iye achitungamirira, achizvienzanisa nehuranda hunounzwa nemirairo yakawoma yaJehova. Saka achibudirira mukunyengera vanhu kuti varege kuvimba naMwari.

Zvinopikisana sei nemwoyo werudo netsitsi, kana nemanzwisisire edu ekururamisa, kuti tigashire dzidziso yekuti vakafa vasakarurama vanopiswa nekusingaperi mumoto unopisa kwazvo mugehena risingadzimi; kuti nekuda kwezvitema zvenguva pfupi yehupenyu hwepanyika vanofanira kurwadziswa kwemazuva ose ekurarama kwaMwari.

Dzidziso iyi yakadzidziswa kwakawanda, uye yakagashirwa nevazhinji vari mumakereke echiKristu. Mumwe mudzidzi mukuru weBhaibheri akati: “Kurwadziwa kwevanhu mugehena kuchafadza vatsvene nekusingaperi. Kana vachivona vamwe vakaita saivo vakaberekerwa muzvimiro zvakaita sezvavo, vachikandwa mukutambudzika kwakadaro, ivo vachitsaurwa zvichaita kuti vanzwisise kuti vari kufara zvakadii.” Mumwe akashandisa mashoko aya : “panenge pachirangwa vasakarurama nekusingaperi iri midziyo yekutsamwa, hutsi hwekutambudzika kwavo huchakwira kumusoro nekusingaperi pamberi pevakarurama iri midziyo yetsitsi, avo, pane kuti vapindewo mumatambudziko aya, vachati Ameni, Alleluya! Mwari ngaakudzwe!”

Ndepapi mushoko raMwari panowanikwa dzidziso yakadai? Vakaponeswa vanenge vari kudenga vacharasikirwa nemwoyo yekunzwa tsitsi nekunzwira here, kana kushaya kunzwirawo vamwe vanhu here? Izvi zvichatsinhanhiswa nemwoyo wakaoma here kana nehutsinye hwevasina hanya? Kwete! Iyi haisi dzidziso yeBhuku raMwari. Avo vanodzidzisa manzwisisire atorwa pane zvakanyorwa izvi vanogona kutove vanhu vakadzidza nevarume vakatendeka chaiwo; asi vari kukanganiswa nemano aSatani. Ano vatungamirira mukuminamisa mashoko akasimba emuMagwaro, vachiisa mumashoko kutsamwa negodo zvaanazvo iye, asi zvisiri Mumusiki wedu. “Nehupenyu hwangu ndizvo zvinotaura Ishe Jehova handifariri rufu rwewakaipa, asi kuti wakaipa atendevuke panzira yake; tendevukai, tendevukai panzira dzenyu dzakaipa, nekuti muchafireiko, imi imba yaIsraeri?” Ezekieri 33:11.

Chii chingafadza Mwari pakuona vanhu vachitambudzwa nekusingaperi; kuti anofadzwa nekuwungudza, nekuchema, nekugomera nekurira kwekurwadziwa kwezvisikwa zvake zvaanenge akarembedza mumurazvo wemoto wegehena? Ko manzwi aya ekurwadziwa kukuru ekuchema, anganakidze senziyo here munzeve dza Iye anerudo Rusingaperi. Zvinotaurwa zvichinzi kurwadzisa kusingaperi uku kuchaitwa kune vasakarurama kucharatidza ruvengo rwaMwari rwechitema sechinhu chakaipa chinoparadza rugare nekurongeka kwedenga nenyika. Haiwa kumhura kunotyisa kwazvo! Zvinoita sekuti kuvenga kwaMwari chitema ndicho chikonzero chinoita kuti aite kuti chirambe chiripo. Nemhaka yekuti mumaonere evadzidzisi veBhaibheri ava, kuramba vanhu vachitambudzwa pasina tariro yetsitsi kunoshatirisa vanhu vari kutambudzwa zvekuti pavano popota mukutuka nekumhura, vanoramba vachiwedzerwa mhosva dzavo. Mbiri yaMwari haisimbiswi nekuramba achiwedzera nekukudza chitema nekusingaperi.

Pfungwa dzemunhu hadzigoni zvachose kufungidzira kukura kwechakaipa chakakonzerwa nemanyepo ekuti vanhu vacharangwa nekusingaperi. Dzidziso yeBhaibheri, yakazara nerudo nekunaka yakazara nekunzwira, inotadziswa kuwonekwa nefungidziro yezvakaipa, zvakazara nekutyisidzira. Kana tikatarisa kuti Satani anokanganisa sei mufananidzo wechimiro chaMwari, zvingashamisa here kuona kuti Musiki wedu akazara netsitsi anotyiwa, anozezwa nekuvengwa? Kuwonekwa kwaMwari

nenzira dzakamonyokoroka idzi kwapararira munyika yose zvichibva padzidziso dzinoitwa pamberi pevanhu vazhinji kwakakonzera kuti kuve nezviuru nemamirioni evasingatendi.

Fungidziro yekutambudzwa nekusingaperi ndeimwe yedzidziso dzemanyepo inosanganisirwa muwaini yehupombwe hweBabironi yaakanwisa marudzi ose Zvakazarurwa 14:8; 17:2. Kuti Vafundisi vaKristu vakagashira dzidziso yenhema iyi nekuiparidza pamberi pevanhu, chishamiso chikuru. Vakazvigashira kubva kuRoma, sekugashira kwavakaita Sabata renhema. Ichokwadi zvakadzidziswa nevarume vakuru vakanaka; asi chiedza panyaya iyi chakanga chisina kusvika kwavari sekuuya kwachakaita kwatiri. Vaifanira kuparidza zvaienderana nechiedza chakanga chavapenyera munguva yavo, Isuwo tine mungava wekuparidza zvinoenderana nezvatakazarurirwa munguva yedu. Kana tikabva pazvipupuriro zveshoko raMwari tikagashira dzidziso dzenhema nemhaka yekuti madzibaba edu akazvidzidzisa, tinoendavo pasi pechituko chinopiwa Bhabhironi; tirikumwawo waini yeupombwe hwaro.

Vazhinji vanonzwa dzidziso yekutsva nekusingaperi, inovakonzera kuenda kune mamwe manyepo akasiyana neaya.Vanovona kuti Magwaro anoratidza Mwari ari Mwari werudo nemutsa, saka zvinoramba kuti vabvume kuti angaisa zvisikwa zvake mumoto usingadzimi. Asi vakabatirira papfungwa yekuti mweya haufi sechimiro chawo chekusikwa nacho, havavone zvimwe zvavangadaira kunze kwekuti munhu wose achazongoponeswa pakupedzisira. Vazhinji vanoti yambiro dzemuBhaibheri ndedzekutyisidzira chete kuti vanhu vateerere, zviri zvinhu zvisingazozadziswi. Saka mutadzi anogona kurarama muchindini chemafaro ake, asina hanya nezvinodiwa naMwari, asi achitarisira kuzongogashirwa naMwari pakupedzisira. Dzidziso iyi, yekufungidzira tsitsi dzaMwari, asi vanhu vachiramba kururamisa kwake, zvinofadza pfungwa dzenyama nekusimbisa vasakarurama muzvivi zvavo.

Kuratidza kuti vanotenda kuti vanhu vose vachazoponeswa vanoshonyorora sei Magwaro kuti vachengetedze dzidziso dzavo dzinoparadza mweya, zvakafanira kutarisa panezvanotaura ivo. Pamariro emurume wechiduku akanga asinganamati, akanga afira panzvimbo paakaitira, Mufundisi anodaira mukuponeswa kwevanhu vose akasarudza kuparidza kubva panyaya yaDavidi, “wakanga anyaradzwa pamusoro paAmunoni, achiti wafa hake.” 2 Samueri 13:39.

“Ndinobvunzwa kakawanda,” akadaro muparidzi, “chii chichaitika kune vanhu vanobva munyika vari vatadzi, vanofa vari muchimiro chekupandukira Mwari, vanofa nguvo dzavo dzine mavara matsvuku emhosva pamberi paMwari dzisina kugezwa, vanofa sezvakaita murume wechiduku uyu, vasina kana kumbonyepera kurarama mukunamata. Tinogutsikana neMagwaro; mhinduro dzawo dzichatipedzera dambudziko iri. Amnoni akanga akaipa chaizvo, akanga asina kutendevuka, akanga adhakiswa, akadhakwa kudaro

kubva avuraiwa. Davidi akanga ari muprofita waMwari, anofanira kuva aiziva kuti zvaizonakira mwanakomana wake here akana kuti kwete munyika inovuya. Ndezvipi zvaive mumwoyo wake? ‘Mweya waMambo Davidi wakashuva kuenda kunaAbisoromi: nemhaka yekuti akanga nyaradzwa pamusoro paAmnoni avona kuti akanga afa hake.”

“Saka ndeipi pfungwa inobuda apa? Hazvirevi here kuti kurwadziwa nekusingaperi chakanga chisiri chimwe chezvaaidavira? Saka tinovona mashoko akasimba anotsigira zvinofadza, anotsigira pfungwa yakanaka yekuti pakupedzisira vanhu vose vachacheneswa kuti vagare nerugare. Akanyaradzwa avona kuti mwanakomana wake afa hake. Asi nemhaka yei zvakadaro? Nekuti neziso rechiprofita aigona kutarisa mberi kuneremangwana rekubwinya, achivona mwanakomana wake, abviswa mumiedzo yehupenyu huno, asunungurwa kubva muhuranda hwechitema nekucheneswa kubva munezvinosvibisa zvechitema, uye mushure mekuitwa mutsvene nekudzidziswa zvimwe, anosanganiswa neboka remweya yakakwidzwa kumusoro iri pakufara. Chaimunyaradza chete, ndechekuti mukubviswa munyika ino yechitema nekutambudzika mwanakomana wake waaidisa akaenda kwekuti kufemera kweMweya Mutsvene kwaimubatsira kubvisa mweya wakaipa nekuvhurwa kwepfungwa dzake achivona huchenjeri hwedenga nekunaka kwerudo rusingaperi, nekugadzirirwa chimiro chakacheneswa kuti agone kufara mukuzorora munharaunda yemusha wekudenga.

“Mupfungwa idzi, tinonzwisisa sekuti ruponeso rwedenga haruna kutsamira pazvinhu zvaunoita muhupenyu huno; kana pakushanduka kwemwoyo kweungaitike nhasi uno, kana panezvaunodavira, kana muchitendero chako.”

Nenzira iyi uyo anozviti mufundisi waKristu, anodzokorora manyepo akataurwa nenyoka muEdeni: “Hauzofi zvirokwazvo.” “Nemusi wamunozvidya nawo meso enyu achasvinudzwa, mukava sevana mwari.” Anoti mutadzi mukuru, mhondi, mbavha, nemhombwe,-kana vazofa vanogadzirirwa kuti vapinde muhupenyu hunofadza nekusingaperi.

Ko mushonyorori weMagwaro uyu anotorepi pfungwa dzake idzi? Kubva mumutsara mumwechete unotaura nezvekunyaradzwa kwaDavidi mukufamba kwenguva kubva pakufa kwemwanakomana wake. Mweya wake “wakashuva kuenda kumwanakomana wake Absaromi: Nekuti akanga anyaradzwa pamusoro paAmnoni, achiti wafa hake. Kurwadziwa kwekurasikirwa kwaderedzwa nenguva, pfungwa dzake dzakabva kuvakafa dzichienda kumwanakomana wake mupenyu, akanga atiza pamusha nekuda kwekutya mhosva yake. Izvi zvinoratidza kuti Amnoni akarara nehanzvadzi yake, ari chidhakwa, paakafa, akamhanyiswa kuenda kurugare rusingaperi, ikoko kuti anatswe nekukwaniswa kuti agare nevatumwa vasina kumbotadza! Ingano inofadza yakagadzirirwa kugutsa vane mwoyo usina kutendeuka! Iyi ivhangeri yaSatani chaiyo inonyatsoita basa rake nemazvo. Zvingatishamisa here kuti nedzidziso dzakadai kusarurama kwakawanda?

Zvakaitwa izvi nemudzidzisi wenhema uyu zvinoratidza maitiro evazhinji. Mashoko mashoma shoma anokwatanurwa kubva mundima yawo muMagwaro, kazhinji zvinokonzera kuti mashoko aya areve zvakasiyana kwazvo nezvaanoreva ari panzvimbo pawo chaipo. Mashoko aya amira pawo oga anominamiswa nekushandiswa kusimbisa dzidziso dzenhema dzisina tsigiro mushoko raMwari. Huchapupu hwakapiwa hwekuti Amnon aive chidhakwa ari kudenga, kufungidzira chete kunopesana chaizvo nezvino taurwa neshoko raMwari zviri pachena mumagwaro, zvekuti zvidhakwa hazviende kudenga. 1 VaKorinte 6:10. Izvi ndizvo zvinoshandiswa nevasina kutenda vanovaraidza kukahadzika mumwoyo yavo, vanoramba kutenda chokwadi kuchiita nhema. Vazhinji vanyengedzwa nemashoko avo anotaurwa nehuchenjeri aya vachisvusvudzirwa kusvika vakotsira muma nyepo anobva mupfungwa dzevanhu vasina kundevuka ava.

Kudai chaiva chokwadi kuti mweya yevanhu vose inonanga kudenga pavanongofa, vanhu vaingatoda rufu kupfuura hupenyu. Manzwisisire akadai akakonzerawo vazhinji kuti vazviuraye. Pavanenge vawirwa nematambudziko mazhinji enyika ino nenhamo nekukuhuniswa, zvinoita sezviri nyore kugumisa hupenyu hwavo, nekubhururuka vachienda mumafaro emunyika isina magumo iyi.

Mwari akazvitaura mushoko rake kuti achatonga nekuranga vanodarika murairo wake. Avo vano zvinyengera vachiti Mwari anetsitsi zvekuti haangambo paradzi vatadzi, vanofanira kungotarisa pamuchinjiko wepaKarivhari. Rufu rweMwanakomana waMwari akanga asina chaanopomerwa runopupura kuti “mubairo wezvivi ndirwo rufu,” kuti kudarika kwose kwemurairo waMwari kunofanira kurangwa zvakakodzera. Kristu akanga asina chitema akava chitema nekuda kwemunhu. Akatakura mhosva yekusaterera, nekuvanzirwa chiso chaBaba, kusvika mwoyo wake wapwanyika hupenyu hukapera ipapo. Kuzvipira kose uku kuchiitirwa kuti vatadzi vadzikinurwe. Hakuna imwe nzira yaigona kusunungura munhu kubva mutuso rechitema. Vose vanoramba kururamiswa kwakapiwa nemutengo unodhura zvakadaro vanofanira kuzvitakurira mhosva dzavo nechirango chekudarika kwavo.

Ngatimbotarisai kuti Bhaibheri rinoti kudii nevanhu vasingadi Mwari nevasina kutendeuka, avo vanoiswa nevaparidzi ava venhema, kudenga, kunzvimbo yevatsvene, nevatumwa vanofara. “...Ini ndichapa unenyota zvinobva patsime remvura yohupenyu asigatengi.” Zvakazarurwa 21:6. Chitsidzo ichi ndechevanhu vane nyota chete. Hakuna mumwe asi avo chete vanoziva kushaiwa kwavo mvura yehupenyu, nekuitsvaka vachizvipira kurasikirwa nezvimwe zvose, ndivo vachapiwa. “Unokunda uchagara nhaka yezvinhu izvi: ndichava Mwari wake, iye uchava mwanakomana wangu.” Zvakazarurwa 21:7. Nepanozve, zvinodiwa kuti munhu aite zvaiswa pachena. Kuti munhu agare nhaka yezvinhu zvose, tinofanira kudzivisa nekukurira chitema.

Jehova vanotaura kuburikidza naIsaya, “Iti pamusoro pewakarurama, kuti achava nemufaro;” “Wakaipa ane nhamo ! Iye haangavi nemufaro, nekuti uchapiwa mubayiro wemavoko ake.” Isaya 3: 11. “Kunyange mutadzi akaita zvakaipa rune zana,” anodaro muchenjeri “akava nemazuva mazhinji, kunyange zvakadaro ndinoziva zvirokwazvo kuti vanotya Mwari, vanotya pamberi pake, vachagara zvakanaka; asi akaipa haangagari zvakanaka.” Muparidzi 8:12, 13. Pauro anopupura achiti mutadzi anozviwunganidzira “kutsamwa nezuva rekutsamwa, nekuratidzwa kwekutonga kwakarurama kwaMwari; iye uchapa mumwe nemumwe paakaita napo;” “nekutambudzika nenhamo kumweya mumwe nemumwe wemunhu unoita zvakaipa.” VaRoma 2:5, 6, 9.

“Hakune mhombwe, kana munhu unetsvina, kana unochiva, (ndiye unonamata zvifananidzo) ungadya nhaka muvushe hwaKristu naMwari.” VaEfeso 5:5. “Tsvakai rugare nevanhu vose nevutsvene, nekuti kunze kwaho hakuna munhu uchavona Ishe.” VaHeberu 12:14.

“Vakaropafadzwa vanoita mirairo yake, kuti vave nesimba rekuuya kumuti wehupenyu, vapinde nepamasuvo eguta. Kunze ndiko kunembwa, navaroyi, nemhombwe, nevavurayi, nevanonamata zvifananidzo navose vanoda nhema vachidziita.” Zvakazarurwa 22:14, 15. Mwari akataurira vanhu nezvechimiro chake nezvaachaita nechitema. “Jehova, Jehova, Mwari azere nyasha nengoni, anononoka kutsamwa, ane tsitsi huru nezvokwadi, anochengetera vane zviuru zvemazana nyasha dzake, anovakanganwira zvakaipa zvavo nekudarika kwavo nezvivi zvavo, asi asingapembedzi munhu ane mhosva.” Eksodo 34:6, 7. “Vakaipa achavaparadza vose.” Pisarema 145:20. “Kana vari vadariki, vachaparadzwa pamwechete; pakuguma kwavo vakaipa vachaparadzwa.” Pisarema 37:38.

Simba rehurumende yedenga richashanda kurwisa kupanduka; asi zvese zvinozoitika mukuranga kune kururamisira uku zvinowirirana nechimiro chaMwari saMwari wetsitsi, ane mwoyo murefu uye akarongeka.

Mwari haamanikidzi kana kutongera munhu zvaanofanira kuda nekugashira. Haafariri kuteererwa kwehuranda. Anoda kuti zvisikwa zvemaoko ake zvimude nemhaka yekuti anokodzera kudiwa. Anoda kuti zvimude kubva mukufarira huchenjeri hwake, nekurongeka kwake nekururamisa kwake. Vose vanonyatsonzwisisa zvimiro izvi zvose vachamuda nemhaka yekukweverwa kwaari nekuda kwezvaari.

Hunyoro netsitsi nerudo zvakadzidziswa muhupenyu hwamuponesi wedu, ndizvo zvinobatsira kuratidza zvidiso nechimiro chaMwari. Kristu akaisa pachena kuti hapana chaaidzidzisa kunze kwezvaaipiwa naBaba vake. Mirairo yehurumende yedenga inowirirana zvakanakisa nemurairo wamuponesi, “idai vavengi venyu.” Mwari anotonga vasakarurama, kuti zvinakire nyika yose, kunyange kuna ivo vanowirwa nezvirango zvaMwari. Aigona kuva fadza kana achizviita zvichiwirirana nemirairo yehurumende yake

nekururamisira kwechimiro chake. Ano vakomberedza nezviratidzo zverudo rwake anovapa ruzivo rwemutemo wake, nekuvatevera nerukoko rwetsitsi dzake; asi vano zvidza rudo rwake vachimhura mutemo wake, nekuramba tsitsi dzake. Kunyange vachigara vachigashira zvipo zvake, vanozvidza Mupi wazvo; vanovenga Mwari nemhaka yekuti vanoziva kuti anovenga zvivi zvavo. Ishe vane mwoyo murefu nekusarurama kwavo; asi nguva ichasvika hayo pakupedzisira, apo vachatemerwa magumo avo. Angasunungura here vapanduki ava kurutivi rwake? Angavamanikidza here kuita kuda kwake?

Ava vakasarudza Satani semutungamiriri wavo, vaigara pasi pesimba rake, havagoni kumira pamberi paMwari. Kuzvidza kunyengera, kurarama zvisina kunaka, hutsinye zvakarukirirwa muzvimiro zvazvo. Vangagona kupinda mudenga here kunogara nekusingaperi nevaya vavaizvidza nekuvenga panyika? Chokwadi hachifechaka gashirika kumurevi wenhema, kuzvininipisa hakugoni kugutsa chindini, nekuzvida, kuchena kweupenyu hakugashiriki nemunhu anehuwori, rudo rune kuzviramba harugoni kuve rwakanaka kuchindini. Denga ringapei kumunhu anoda zvenyika neanozviitiira zvinhu zvake chete nechindini.

Kudai vanhu vanenge vakararama hupenyu hwavo vachimukira Mwari vangangotorwa vachienda kudenga ipapo, vonoona, hupenyu hwakaperera hutsvene hwakagara huriko – Mweya wose wakazadzwa nerudo, huso hose huchipenyeswa nerufaro, nziyo dzinobata mwoyo dzinoridzwa dzichirumbidza Mwari neGwaiana, nechiedza chisingaperi chichipenyera vakadzikinurwa kubva pachiso chaiye anogara pachigaro –Kuti avo vose vane mwoyo wakazadzwa neruvengo kuna Mwari, wechokwadi nehutsvene vaigona here kusangana neboka rekudenga nekuimbavo pamwechete navo rwiyo rwekurumbidza? Vangamira here pamberi pekubwinya kwaMwari nekweGwaiana? Kwete, kwete, vakapiwa makore emutsa kuti vagadzire zvimiro zvedenga, asi Havana kudzidzisa pfungwa dzavo kuti dzide zvakachena, nekuda kuzvirarama, Havana kumbodzidza mutauro wedenga, parizvino nguva yacho hapasisina. Hupenyu hweku pandukira Mwari hwakavaita kuti vasafanira denga. Hutsvene hwedenga, kuperera, nerugare rweko zvinozovanetsa kugara mazviri, kubwinya kwaMwari kunova moto unoparadza kwavari. Vangashuva kutiza kubva pamberi penzvimbo tsvene iyi. Vangada havo kuparara, kuti vavigwe kuchiso chaiye akafa kuvadzikinura. Magumo evasakarurama vakatozvitongera kare kuburikidza nesarudzo dzavo. Kusava kwavo kudenga ndekwekuzvisarudzira voga, kuchienderanavo zvakare nekururama netsitsi kudivi raMwari.

Semvura yemuMurove waNoa, moto wezuva iri uchaisa pachena kutonga KwaMwari kwekuti vatadzi havarapike zvachose. Havana mavari chingaita kuti vade kuterera Mwari. Zvidiso zvavo zvakasimbiswa mukurwisa Mwari, kana hupenyu hwapera, hazvichagoni kushandura pfungwa dzavo kuti dzitange kufunga zvakasiyana –hazvichagoni kubva kuzvakaipa vachienda kukuterera, kubva kuruvengo vachienda kurudo.

Mukurega Kaini mhondi ari mupenyu, Mwari akapa nyika muenzaniso wezvaizoitika kana mutadzi, aibvumirwa kurarama, kuti arambe achingotadza zvisina muganhu. Kuburikidza nedzidziso yaKaini nemuenzaniso wake, zviuru nezviuru zvevana vake vakatungamirirwa muchitema, kusvikira "kuipa kwevanhu kwakanga kwave kukuru panyika, nendangariro dzekufunga kwemwoyo yavo dzakanga dzakaipa bedzi nguva dzose." "Nyika yakanga yakavora pamberi paMwari, nyika yakanga izere nekumanikidzana." Genesi 6:5; 11

Munyasha dzake kunyika, Mwari akaparadza vakaipa vakanga varimo panguva yaNoa. Munyasha, dzake akaparadza vagari veSodoma vaive nehunhu hwakavora. Kuburikidza nesimba rekunyengera raSatani, vaiti vezvakaipa vanowana kunzwirwa nekuyemurwa, zvinovaita kuti vagone kuramba vachitungamirira vamwe kukupanduka. Ndizvo zvazvakanga zvakaita mumazuva aKaini neaNoa, nemumazuva aAbrahama naRoti; ndizvo zvazvakangoitavo mumazuva edu. Inyasha kudenga nenyika kuti Mwari aparadze vanoramba nyasha dzake pakupedzisira.

"Nekuti mubairo wezvivi ndirwo rufu; asi chipo chekungopiwa chaMwari ndiho hupenyu husingaperi munaKristu Jesu, Ishe wedu." VaRoma 6:23. Hupenyu zvahuri nhaka yevakarurama, rufu ndiyo nhakavo yevasakarurama. Mosisi akazviisa pachena kuvaIsraeri, ""Tarira ndaisa pamberi pako nhasi upenyu nezvakanaka, nerufu nezvakaipa." Deuteronomio 30:15. Rufu runotaurwa muvhesi iyi harusi irwo rwakataurwa kunaAdamu, nekuti vanhu vose vanopinda pasi pechirango chekutadza kwake ichi. Urwu "rufu rwechipiri" runoenzaniswa nehupenyu husingaperi.

Nekuda kwechitema chaAdamu, rufu rwakapinda kuvanhu vose. Vanhu vose vanopinda muguva zvakafanana. Asi kuburikidza nezano reruponeso, vose vanofanira kumutswa kubva kumakuva. "Kuchavapo kumuka kwevakafa kwevakarurama nevasakarurama." Mabasa 24:15. "...Nokuti vose sezvavanofa munaAdamu, saizvozvovo vose vachararamiswa munaKristu." 1 VaKorinde 15:22. Asi pane musiano unoiswa pakati pemapoka maviri aya achamutswa. "...Vose vari mumabwiro vachanzwa inzwi rake, vachabuda; avo vakaita zvakanaka, kukumuka kwehupenyu avo vakaita zvakaipa, kukumuka kwekutongwa." Johane 5: 28, 29. Avo vose "vakanzi vakakodzera" kuti vamukire hupenyu, "vakaropafadzwa vatsvene." "...Rufu rwechipiri harunesimba pamusoro paivava..." Zvakazarurwa 20:6. Asi vasina kuregererwa kuburikidza nekutendevuka nekutenda, vanofanira kugashira chirango chekudarika kwavo,- "mubairo wezvivi." Vanorangwa zvichisiyana nekureba kwenguva nekukura kwekurwadziwa, "zvichienderana nemabasa avo," asi zvichizoguma nerufu rwechipiri. Sezvo zvaiva zvisingagone kuti Mwari muchimiro chake chekururamisira nenyasha aponese mutadzi ari muzvivi zvake, anomubvisira mugove wekurarama, kwaakaratidza oga nemararamire ake kuti haana kukukodzera. Munyori akafemerwa anoti, "Kwasara chinguva chiduku, akaipa haachazovipo; Zvirokwazvo, iwe uchacherekedza zvakanaka paaigara, asi haachazovipo."

Mumwezve anoti, “Vachaita sevasina kumbovapo.” Pisarema 37:10; Obadia 16. Vakaputirwa nehuipi, vanonyura mukusabatsira, nekuraswa nekusingaperi.

Ndiko kuchave kupera kwechitema, nematambudziko ose nekuparadza kose kwakabva machiri. Muimbi anoti, “Makaparadza vakaipa, makadzima zita ravo nekusingaperi-peri. Vavengi vakapera, vakaparadzwa nekusingaperi.” Pisarema 9:5, 6. Johane munaZvakazarurwa, akatarisira chimiro chaizogara nekusingaperi, anonzwa kurumbidza kunobva kudenga nepasi, pasina kana kamwe kaizwi kanokanganisa kuimba uku. Zvisikwa zvose panyika nekudenga zvakanzwikwa zvichipa mbiri kunaMwari. Zvakazarurwa 5:13. Kunenge kusina vanhu vakaraswa vangatuka Mwari, pavanenge vachizvonyongoka mukurwadziwa kusingaperi; hakuna vakaipa vari mumoto vangasanganisa kuchema kwavo nerwiyo rwevakaponeswa.

Pamanyepo ekuti mweya wemunhu haufi, paanofa ndipo pane hwaro hwedzidziso yekuti vakafa vanoziva, dzidziso yakafanana neyekuti vatadzi vanotambudzika nekusingaperi, zvinopikisana nedzidziso dzeMagwaro, nezvingafungwa, nekunzwirana kwedu vanhu. Zvinodzidziswa nevazhinji ndezvekuti vakaponeswa varikudenga vanoziva zvose zvinoitika panyika, zvikuru sei pamusoro pehupenyu hwehama, dzavo dzavakasiya. Asi zvingafadza sei vakafa kuziva matambudziko evapenyu, kupupura zvitema zvinoitwa nevadikanwi vavo, nekuvavona vachitambudzika, nekukuhuniswa, nekugomera kose kwehupenyu? Chii chingafadza mudenga kuneavo vakatarisa zvirikuitika kuhama dzavo panyika? Uye ipfungwa yakaipa sei yekuti panongobuda mweya mumunhu, mweya wemutadzi unobva wanokandwa mumurazvo wemoto wegehena! Vangapinda mukusuwa kwakadii avo vanovona hama dzavo dzichipinda muguva dzisina kugadzirira, kupinda mukutambudzika kusingaperi nechitema! Vazhinji vakakanganisika pfungwa nekuedza kufunga zvakadai.

Ko Magwaro anoti kudii nezvinhu izvi? Davidi pachake anoti munhu haazivi zvinoitika kana afa. “Mweya wake unobuda, iye ndokudzokera pasi pake; nezuva iro mano ake anopera.” Pisarema 146:4. Soromoni anopupura zvimwe chete izvozvo achiti: Nekuti vapenyu vanoziva kuti vachazofa: asi vakafa havana chavanoziva; Rudo rwavo, nekuvenga kwavo, negodo ravo, zvose zvanguva zvapera hazvo; havachina mugove nekusingaperi pazvose zvinoitwa pasi pezuva.” Hakuna basa, kana zano, kana zivo, kana uchenjeri paSheori kwaunoenda.” Muparidzi 9:5, 6, 10.

Mukupindurwa kwemunyengetero wake, Hezekia akawedzerwa hupenyu nemakore gumi nemashanu, mambo akapa Mwari kutenda nekuda kwetsitsi dzake. Murwiyo urwu anotaura kuti anofarira chii: “Nekuti Sheori harigoni kukuvongai, rufu harugoni kukurumbidzai; vanoburukira kugomba havangagoni kutarira zvokwadi yenyu. Mupenyu, mupenyu, ndiye uchakuvongai, sezvandinoita nhasi...” Isaya 38:19. Dzidziso yakajairika inoti vakafa vakanaka vari kudenga, varikufara, varikurumbidza Mwari nerurimi rusingafi;

asi Hezekia haana kuona kufara kwakadaro murufu. Nemashoko ake anowirirana nemuimbi: “Nekuti parufu hapana achakurangarirai; ndiani achakuvongai paSheori?” “Vakafa havarumbidzi Jehova, kunyange ani naani anoburukira kwakanyarara.” Pisarema 6:5; 115:17.

Petro nezuva rePentakosti, akaisa pachena kuti tateguru wedu Davidi “vakafa, vakavigwa, guva ravo riri pakati pedu kusvikira nhasi.” “Nekuti Davidi haana kukwira kudenga.” Mabasa 2:29, 34. Chokwadi chekuti Davidi anoramba ari muguva kusvikira zuva rerumuko, chinoratidza kuti vakarurama havaendi kudenga kana vafa. Kuburikidza nerumuko chete, uyewo nemhaka yekuti Kristu akamuka kuvakafa, ndizvo zvichaita kuti Davidi azogara kurudyi rwaMwari.

Pauro akativo: “Kana vakafa vasingamuki, saka Kristu haana kumutswavo kuvakafa, kana Kristu asina kumutswa kutenda kwenyu hakubatsiri chinhu; muchiri muzvivi zvenyu. Naivo vakafa munaKristu vakafa zvachose.” 1 VaKorinde 15:16-18. Kana kwemakore angaita 4000 vakarurama vainanga kudenga pakufa, ko Pauro aizotaura sei kuti kana kusina rumuko rwevakafa, “avo vakafa munaKristu vakaparara zvachose?” Rumuko rwaisazove nebasa.

Munhu akazvipira kufira kutenda kwake, Tyndale, achitsigira kutenda kwedzidziso yekuti vakafa vavete, achipikisana nemunamati wechipapa anotaura nesimba achiti: “Nyaya yekuti Mwari akavaisa muDenga, kana mugehena kana munzvimbo yekunatsurudzwa, inoparadza pfungwa yaKristu na Pauro inoratidza rumuko.” “Kana vanhu vakafa varikudenga, chindivudzai kuti nemhaka yei vasina kunaka sevatumwa? Uyezve pachadiwa here rumuko?

Ichokwadi kuti tariro yekurarama murufaro mushure mekufa yakatungamirira vanhu vazhinji mupasi rose kushaya hanya nedzidziso yeBhaibheri yerumuko. Pfungwa iyi yakavonekwa naDr. Adam Clarke, akati: “Dzidziso yerumuko inenge yakafungwa nezvayo zvakanyanya neMakristu ekutangangisisa kupfuvura zvairi kuitwa mazuva ano! Izvi zvinoitika sei? VaApostora vaigara vachiikurudzira nyaya iyi, vachikurudzira vateveri vaMwari kuti vagare vakagadzirira, vachiterera nekufara nekuda kwerumuko. Asi vateveri vavo vemazuva ano vanotaura nyaya iyi nenguva dzirikure! Saka vaapostora vakaparidza, maKristu ekutanga vakaitenda; saka isu tinoparidza, nevanotiterera vachitenda. Hakuna dzidziso muvhangeri inokosheswa kudarika dzimwe dzidziso; uye hakuna dzidziso pakunamata kwanhasi inoshairwa hanya kudarika dzimwe!”

Izvi zvakaramba zvichiitika kusvikira chokwadi chinoshamisa cherumuko chave pedyo nekukanganikwa, nekutadza kuvonekwa zvachose nemaKristu. Saka munyori wezvekunamata anemukurumbira akanyora achitsanangura mashoko aPauro emuna 1 VaTesaronika 4:13-18, achiti: “Mune zvose zvingadiwa pakunyaradza, dzidziso yekusafa kwevakarurama inotipa kugutsikana mudzidziso yeKudzoka Kwechipiri kwaIshe wedu.

Pakufa kwedu Ishe anotidzokera. Izvi ndizvo zvatinofanira kumirira nekurindira. Vakafa vakatopinda mukubwinya kare. Havamiriri hwamanda kuti vatongwe nekupinda mukuropafadzwa."

Asi ave pedyo nekusiya vadzidzi vake, Jesu haana kuvataurira kuti vaizokasika kuuya kwaari. "Ndinoenda kunokugadzirirai pekugara," Akadaro. " Kana ndaenda kunokugadzirirai pokugara, ndichavuyazve, kuti ndikugamuchirei kwandiri." Johane 14:2, 3. NaPauro anotiudzazve kuti, "Ishe amene achaburuka kudenga nekudanidzira , nezwi reMutumwa Mukuru, nehwamanda yaMwari: vakafa muna Kristu vachatanga kumuka: zvino isu vapenyu vakasara kusvika pakuuya kwaIshe tichatorwa pamwechete navo mumakore, kuti tichingamidze Ishe mudenga: naizvozvo tichave naShe nguva dzose." Anoenda mberi achiti, "Nyaradzanai nemashoko aya." 1 VaTesaronika 4: 16-18. Mashoko ekunyaradza aya akasiyana zvakadai nezvinotaurwa nemufundisi anoparidza zvekuponeswa kwevanhu vose atambotaura nezvake kumusoro. Uyu ainyaradza shamwari dzaichema nechitsidzo chekuti hazvinei kuti hama yavo yakafa yakanga isina kururama sei, paakangofema mweya wake wekupedzisira aibva atogashirwa pakati pevatumwa. Pauro anotiratidza hama kukuuya kwaShe kurimberi, apo misungo yeguva paichadamburwa, "vakafa munaKristu" vachizomutsirwa hupenyu husingaperi.

Munhu mumwe nemumwe asati apinda mudzimba dzakaropafadzwa, nyaya dzavo dzinofanira kumboongororwa, nezvimiro zvavo nebasa avo zvinofanira kupfuvura nepamberi paMwari. Vose vanofanira kutongwa nezvakanyorwa mumabhuku, vachipiwa mubairo wavo zvinoenderana nemabasa avakabata. Rutongo uru haruitiki parufu. Tarisa mashoko aPauro: "Nekuti wakatara zuva, raachatonga nyika naro nekururama, kuburikidza nemurume waakagadza; akasimbisa shoko iro kunavose, pakumumutsa kuvakafa." Mabasa 17: 31. Apa muapostora anoisa pachena kuti kune nguva yakatarwa, ichavuya, apo kutongwa kwenyika kuchaitwa.

Judasi anotaura nezvenguva imwechete iyi achiti: "Nevatumwa vasina kuchengeta vukuru hwavo, asi vakasiya pavaifanira kugara, wakavachengetera munzvimbo inerima risingaperi kusvikira pakutongwa kwezuva guru." Anodzokororazve mumashoko anoti: "Tarira, Ishe wakavuya nevatsvene vake vanezviuru zvemazana, kuti atonge vose, nekurova vose vasingadi Mwari pamusoro pemabasa avo ose okusada Mwari, avakaita nekusada kwavo Mwari, nepamusoro pemashoko ose makukutu akataurwa nevatadzi vasingadi Mwari." Judasi 6, 14, 15. Johane anotaura kuti "akavona vakafa, vaduku nevakuru, vamire pamberi pechigaro chaMwari chekutonga; bhuku dzikazarurwa;...vakafa vakatongwa nezvakanga zvakanyorwa mumabhuku." Zvakazarurwa 20:12.

Asi kana vakafa varikutofara kudenga kana kuti vari kuzvonyongoka nekurwadziwa mumurazvo wemoto mugehena, rutongo runozodiwa rwei zvekare? Dzidziso dzeshoko raMwari panyaya idzi dzinokosha hadzina kuvanzika zvakare hadzipikisani; dzinogona

kunzwisiswa nevanhuvo zvavo. Asi ipfungwa dzipi dziripachena dziri pachokwadi dzingavona huchenjeri kana kururamisira mudzidziso dziripo ikozvino? Ko vakarurama, mushure mekufeya feya kwenyaya dzavo murutongo, vacharumbidzwa here vachinzi, “makaita zvakanaka imi varanda vakatendeka,...pindai mumufaro waShe wenyu,” Mateo 25:23. Kana ivo vanga vagara varimo kare, zvimwe kwemakore akawanda kwazvo? Vakaipa vachadaidzwa here kubva munzvimbo yavo yekutambudzwa nemoto kuti vapiwe chirango chavo neMutongi wepasi rose achiti, “Ibvai kwandiri imi makatukwa endai kumoto usingadzimi kusvikira wapedza basa rawo rose?” Mateo 25:41. Haiwa, hupenzi hwakadii uhu! Kumhura nekushora kwakadii kunoitwa huchenjeri nekururamisira kwaMwari!

Fungidziro yekurarama nekusingaperi kwemweya wemunhu ndeimwe yedzidziso dzekunyepa idzoRoma, yakawana kubva kuchihedheni, ikairukira mukunamata kweChikristu. Martin Luther akaiisa pamwechete “nengano dzinoumba murwi wendove wenhema dzeRoma.” Achitsanangura mazwi aSoromoni muna Muparidzi, ekuti vakafa Havana chavanoziva: “Imwe nzvimbo inoratidza kuti vakafa havana chavanonzwa....anoti, hakuna basa, kakuna sainzi, hakuna ruzivo, hakuna huchenjeri ikoko. Soromoni anoti vakafa vakarara, hapana kana chavanonzwa. Nekuti vakafa varere ipapo pavari, vasingaverengi mazuva kana makore, asi kana vamutswa, vanoita sevangorara kanguva kaduku duku.”

Hapana muMagwaro Matsvene panowanikwa mashoko anoti vatsvene vanoenda kumubairo wavo kana vasakarurama kukurangwa kwavo pakufa. Vaprofita nevakuru havana kusiya shoko rinosimbisa zvakadaro. Kristu nevadzidzi vake havana kusiya kana chimedu cheshoko rakadaro. Bhaibheri rinoisa pachena kuti vakafa havaendi kudenga ipapo. Vanoziviswa kwatiri sevanhu vakarara kusvikira parumuko. 1 VaTesaronika 4:14; Jobo 14:1012. Nezuva iro rwodzi rwesirivha parunodamburwa, mbiya yendarama ichiputswa, (Muparidzi 12:6,) pfungwa dzemunhu dzinoparara. Avo vanoenda kuguva vanonyarara. Hapana chavachaziva pane zvinoitwa pasi pezuva. Jobo 14:21.

Kuzorora kwakaroparopafadzwa kumutsvene akaneta! Nguva, ingareba kana kupfupika yakaita sechinguva chiduku kwavari. Vanovata; kuti vamutswirwe hupenyu husingaperi nehwamanda yaMwari. “Nekuti hwamanda icharira, ipapo vakafa vachamutswa mukusavora.... Zvino kana ichi chinovora chafuka kusavora; nechichi chinofa chafuka kusafa, ipapo shoko rakanyorwa richaitika, rinoti: Rufu rwakamedzwa nekukunda . . . ” 1 VaKorinde 15:52-55. Pavanodaidzwa kubva mukuvata kwavo kukuru, vanotanga kufunga pavakapedzisira. Chinhu chavakanzwa chekupedzisira kurwadza kwerufu, pfungwa yekupedzisira yavakave nayo yakanga iri yekupinda muguva. Pavanomuka kubva muguva, pfungwa yavo yekutanga inofadza ichanzwikwa mumaungira ekuimba kwe, kudaidzira, “Iwe rufu rumborera rwako ruripiko? Iwe guva kukunda kwako kuripiko?” 1 VaKorinde 15: 52-55.

Chitsauko 34 Ko vakafa vedu vanogona kutaura nesu here?

Basa revatumwa vatsvene, rinotaurwa nezvaro muMagwaro, ichokwadi chinonyaradza uye chakakosha kumuteveri wose waKristu . Asi kudzid-zisa kweBhaibheri munyaya iyi kwakadzitirwa nekukanganiswa nemanyepo edzidziso dzemanyepo dzine mukurumbira mune zvekunamata. Dzidziso yekurarama nekusingaperi kwevanhu, yakatorwa kubva kudzidziso dzechihedheni, yakasanganisirwa muchitendero cheMakristu munguva yerima guru rekusiya kunamata kwechokwadi, yakabvisa chokwadi, chinodzidziswa zviri pachena muMagwaro chinoti, “vakafa havana chavanoziva.” Vazhinji vave kudaira kuti mweya yevashakabvu ndiyo “mweya yakatumwa kuzoshumira nekuda kwaavo vachava vadyi venhaka yeruponeso.” Izvi zvinoitwa vasingatarisi zvinopupurwa neMagwaro zvekurarama kwevatumwa vekudenga, nebasa ravo munhoroondo yevanhu, vanhu vasati vatanga kufa.

Dzidziso yekuti munhu ane zvaanoziva murufu, zvikuru sei dzidziso yekuti mweya yevakafa inodzoka kuzoshandira vapenyu,yakagadzirira kune kutenda kuriko mazuva ano mune zvemashavi nemidzimu. Kana vakafa vachigashirwa pamberi paMwari nepamberi pevatumwa vatsvene, nekupiwa ruzivo runopfuvurisa zvavaiziva vachiri vapenyu nemhaka yei vasingadzoki panyika kuzodzidzisa nekuraira vapenyu? Kana zvaive sekudzidzisa kwevadzidzi veBhaibheri vane mukurumbira mukuru kwazvo, kuti mweya yevakafa inofamba famba pamusoro peshamwari dzavo panyika, nemhaka yei vasingabvumirwi kuti vataurirane navo, kuti vavayambire kuti vasapinda muzvakaipa, kana kuvanyaradza mumatambudziko? Ko avo vanodavira mukuti vanhu vakafa vanoziva zviri kuitika vangaramba sei izvo zvinovuya kwavari sechiedza chekudenga chinotaurwa nemweya yave mukubwinya? Iyi inzira inonzi inoyera, iyo Satani anoshandisa kufambisa zvinangwa zvake. Vatumwa vakapanduka vanoita zvaanoda vanovonekwa sevaranda vanobva kunyika yemweya. Vachiti vanogona kubatsira vapenyu kuti vataurirane nevakafa vavo, muchinda werima anoshandisa simba rake nekuroya pfungwa dzavo.

Ane simba rekuvuyisa pamberi pevanhu mifananidzo yehama dzavo dzakafa kare. Mifananidzo iyi inobuda zvazviri; zvaakanga akaita, mashoko aaishandisa, izwi racho zvinonyatsobuda saizvozvo. Vazhinji zvonyaradzwa nepfungwa yekuti hama dzavo dziri kufara kunyika yekufarisisa nguva dzose kudenga; vasina kana njodzi yavangafungira, vanoterera kumweya “inonyengera, nedzidziso dzemadhimoni.”

Kana vaitwa kuti vadaire kuti vakafa vavo vanodzoka kuzotaura navo, Satani anokonzera kuti vavonekwe vaya vakaenda kumakuva vasina kugadzirira. Vachiti vari kufara kudenga, nekutove nezvigaro zvikuru kudenga, izvi zvoita kuti manyepo anodzidziswa akure, ekuti hapana musiyano pakati pevakaipa nevakanaka. Dzimwe nguva avo vanonzi vakabva kunyika yemweya vanotoyambira zvinhu zvechokwadi. Zvino kana vanhu vozvitenda, vanochiisa dzidziso inopikisana nekutenda muMagwaro. Vachiita

sevane hanya chaizvo nehupenyu hwehama dzavo dziri panyika, vanounza nhema dzinoparadza. Nechikonzero chekuti vanotaura zvimwe zvinhu zvechokwadi, nedzimwe nguva kuti vanogona kutaura zvinhu zvaichaitika nemazvo, zvinoita kuti vanhu vafunge kuti ndezvechokwadi; nedzidziso dzavo dzenhema dzinobva dzagashirwa nevazhinji nekusakahadzika, zvichibva zvadairwa sezvinhu zvechokwadi, sedzidziso dzechokwadi dzeBhaibheri. Murairo waMwari unoiswa parutivi, neMweya wenyasha unozvidzwa, neropa resungano rotorwa sechinhu chisiri chitsvene. Mweya iyi inoramba humwari hwaKristu, nekuisa Musiki seakaenzana navo. Nekunyengera kumwezve mupanduki mukuru nehondo yake naMwari, yakatanga kudenga, ine makore angaita zviuru zvitanhatu (6 000) panyika.

Vazhinji vanoramba zvemweya izvi vachiti hakuna zvakadaro inhema chete dzinoitwa nesvikiro. Kunyange hazvo chiri chokwadi chekuti ndezvemanyepo, pane zvimwe zvinoratidza simba risiri remunhu. Mabatiro azere nezvishamiso ekutanga kwemashai nemudzimu zvemazuva ano zvinoratidza kuti kwakanga kusiri kunyengera kana kuchenjera kwemunhu, asi kuti raive basa revatumwa vakaipa, vakatanga nezvekusvikirwa iri imwe yetsika dzinoparadza mweya yevanhu zvachose. Vanhu vazhinji vachabatwa mumusungo wekuti zvemashai nemidzimu ndezvekunyepa hapana zviripo, asi kana vazosangana nemasimba ewakaipa aya vachashamiswa kuona simba risiri remunhu riri pabasa, zvovanyengera, vagosvika pakuzvigashira sesimba guru raMwari.

Vanhu ava vanotarisira pasi zvinotaurwa neMagwaro pamusoro pezvishamiso zvinoitwa naSatani nevanomushandira. N’anga dzaFarao dzakaita zvakaitwavo naMosisi dzichibatsirwa nemasimba aSatani. Pauro anopupura achiti, Kristu asati adzoka kechipiri, kuchavapo nekuratidza kwakadaro kwemasimba aSatani. Kudzoka kwaIshe kuchatangirwa “nebasa raSatani nesimba rose, nezviratidzo, nezvinoshamisa zvenhema, nekunyengera kose kwekusarurama” 2 VaTesaronika 2 :9, 10. Nemuapostora Johane achitsanangura mabasa esimba rezvishamiso achaitwa mumazuva ekupedzisira, anoti,: “Chinoita zviratidzo zvikuru, zvekuti chinoburusira moto unobva kudenga panyika pamberi pavanhu; chinonyengera vanogara panyika nezviratidzo zvachakapiwa kuti chizviite” Zvakazarurwa 13:13, 14. Havasi vanongonyepedzera vari kutaurwa apa. Vanhu vachanyengedzwa nezvishamiso zvichaitwa nevaranda vaSatani nesimba ravainaro, zvisiri zvinhu zvavanonyepedzera kuita.

Muchinda werima, anoisa masimba ake ose mukunyengedza, anoshanda nehumhizha zvekuti miedzo yake inosvikira vanhu vemarudzi nezvimiro zvose. Kune vanhu vakadzidza, nevepamusoro, anovaedza nehun’anga zvakadzidza zvine huchenjeri, izvi zvichimuita kuti akwanise kukwevera vazhinji mumiteyo yake. Huchenjeri hunopiwa nezvemweya izvi hunotsanangurwa naJakobo achiti, “kuchenjera uku hakuburuki kuchibva kumusoro, asi ndekwenyika, kwenyama, kwemweya wakaipa.” Jakobo 3:15. Izvi, munyengeri mukuru uyu anozvivanza, kana zvakanakira muyedzo wake kuti

zvivanzwe. Uyo akavuya ane kubwinya kwevatumwa vekudenga pamberi paKristu murenje achimuedza, anovuya kuvanhu nenzira inovakwevera kwaari zvine simba, semutumwa wechiedza. Anobata pfungwa nekuuya nenyaya dzinofadza; anotekenyedza pfungwa nekuratidza zvinonakidza, anokwezva mwoyo yevanhu achiratidza rudo netsitsi nenzira dzakapinza. Anotekenyedzera pfungwa kukwira mudenga kumusoro, achikonzera vanhu kuti vadade nehuchenjeri hwavo zvinovaita kuti mumwoyo yavo vazvidze Iye anogara nekusingaperi. Uyu ane simba akakwanisa kuenda neMudzikinuri wenyika pagomo rakakwirira, nekumuratidza hushe hose hwenyika nembiri yaho, achaisa miyedzo yake kuvanhu zvinokanganisa pfungwa dzeavo vose vasina kudzivirirwa nesimba dzvene.

Satani anonyengera vanhu nhasi uno sekunyengera kwaakaita Eva muBindu reEdeni, nekunyepera kwekupuruzira munhu, nekumutsa shungu maari dzekuda kuwana ruzivo runorambidzwa, nekumutsa chidiso chekuzviisa pamusoro. Kwakanga kuri kufarira zvakaipa izvi kwakakonzera kuwa kwake iye, kuburikidza nazvovo anotsvaka kuparadzavo vanhu. “Muchava saMwari kuziva zvakanaka nezvakaipa” Genesi 3:5 akadaro. Zvemweya izvi zvinosanganisa zvemashai nezvemidzimu zvinodzidzisa vanhu kuti, “munhu chisikwa chiri kukwirira; kuti kubva pakuberekwa munhu ari kukwira achiita zviri nani, kusvikira kana kuhupenyu husingaperi, achifanana naMwari.” Zvinodzidzisa zvekuti:, “Pfungwa imwe neimwe ichazvitonga, haitongwi nemumwe.” “Rutongo rwacho runenge rwakanaka, nemhaka yekuti nderwekuzvitarisa iwe pachako . . . . Chigaro chekutonga chiri mauri.” Mumwe mudzidzisi wezvemashai akati, “paakatanga zvemweya izvi” kwakamuka maari, “Vamwe vanhu vakaita seni vakanga vari vamwari vasina kutadza.” Mumwezve anoti, “Munhu wose akarurama akaperera ndiKristu.”

Saka pachinzvimbo chekururama nekuperera kwaMwari asingafi, ari Iye chete anofanira kuremekedzwa nekunamatwa; pachinzvimbo chemurairo wake wakarurama wakaperera, uri chiero chechokwadi chinofanira kusvikirwa nemunhu, Satani akatsinhanisa nechimiro chemunhu wenyama chakaputsika, sechinhu choga chinofanira kuremekedzwa nekunamatwa, saicho chiyero choga chichashandiswa pakutonga, kana kuti chimiro chinotarisirwa. Uku kuenda mberi, kusiri kwekukwirira, asi kwekutodzikira.

Murairo wechokwadi kune zvepfungwa nezvepamweya, wekuti ukaramba wakatarira chinhu, unofanana nacho. Pfungwa dzinojairira zvishoma nezvishoma kuzvinhu zvadzinenge dzagariswa pazviri kwenguva yakareba. Dzinobva dzanyura muzvinhu zvadzajaira kuda nekuremekedza. Munhu haagoni kukwirira kupfuvura chiyero chake chekuchena pahupenyu, kana pakunaka, kana chokwadi chake. Kana achizvivona iye ari chiyero chepamusoro soro, haazosviki kumwe kunopfuvura ipapo. Asi anotoramba achidzika nekudzikira pasi. Nyasha dzaMwari chete ndidzo dzinogona kusimudzira munhu. Kana munhu akasiiwa akadaro, nzira yake ndeyekudzika chete.

Kune munhu anozviregerera, anoda kufara chete, anoda zvakaipa zvenyama zvemweya izvi , zvemashai nemidzimu zvinovuya kwaari zvisina kunyanya kuvanda sezvazvinoita kumunhu akadzidza wepamusoro; kwekuti mukushatisa kwazvo zvinosvika zvichitowirirana nezvakajairika kwaari. Satani anodzidza zvose zvakashata nemunhu, anocherechedza zvivi zvose zvingaitwa nemunhu , achironga kuti mikana yekuita chitema ichi igare iripo pauri. Anoedza vanhu mune zvinhu zvakanaka zviri pamurairo, achivakonzera kuti vapfurikidze mwero kuburikidza nekusazvidzora, kuti vadzikire pasimba, remuviri remupfungwa nemukuzvidzora pakuita zvakashata. Akaparadza uye achirikuparadza zviuru kuburikidza nekusazvidzora pazvidiso nezvishuvo zvenyama, achikonzera munhu kuti ave semhuka. Uye kupedzisa basa rake, anoti, kuburikidza nemweya iri munyika, “ruzivo chairwo runoisa munhu pamusoro pemurairo wose;” achiti , “zvose zviripo, zvakanaka;” nekutizve, “Mwari haapi munhu mhosva;” achitivo, “zvivi zvose zvinoitwa hazvina mhosva.”

Kana vanhu vakakonzerwa kuti vabvume kuti chidiso chemwoyo kana nyama ndiwo murairo mukuru wekupedzisira, kuti kusununguka ndiyo mvumo, uye kuti munhu haana mumwe achamubvunza zvaanoita, asi iye pachake ndiye anogona kuzvibvunza, ndiani angashamiswa kuti huvori nekuipa zvatekeshera kumativi ose? Vazhinji zhinji vanodaira dzidziso dzinovasiya vakasununguka kuita zvavanoda vachiterera zvinodiwa nenyama. Masimba ekuzvidzora akasungirirwa paruchiva, masimba epfungwa neemweya anotsikirirwa pasi pesimba rehumhuka, Satani ofara achitsvairira vazhinji mumambure ake vanozviti vateveri vaKristu.

Asi hapana anofanira kunyengedzwa nemanyepo anotaurwa nemweya iyi nemashai nemidzimu. Mwari akapa nyika chiedza chakakwana chekuti igone kuona miteyo yaSatani. Sezvaratidzwa kare, pfungwa dziri nheyo dzezvemweya izvi, zvemashai nezvemidzimu dzinorwisana nemashoko ari pachena chena Mumagwaro. Bhaibheri rinoisa pachena kuti vakafa hapana chavanoziva, kuti njere dzavo dzapera hadzo; havachina mugove nekusingaperi pane zvose zvinoitwa pasi pezuva; havachina zvavachaziva pamifaro kana kusuwa kwevaya vavaida chaizvo panyika.

Pamusoro paizvozvo, Mwari akarambidza zviri pachena kutaurirana kose nemweya yevakaenda. Munguva yevaHeberu kune boka raiita, sezvinotaurwa nevemashai nemidzimu vanhasi kuti vanokwanisa kutaurirana nevakafa. Asi “vavuki ava” sekudaidzwa kwaiitwa vashanyi ava vainzi vanobva kune dzimwe nyika, vanonzi neBhaibheri “mweya yemadhimoni.” (Enzanisa Numeri 25:13; Pisarema 106: 28; 1 VaKorinde 10:20; Zvakazarurwa 16:14). Basa rekutaurirana nemidzimu nevavuki rinodaidzwa neBhaibheri sechinhu chinonyangadza Mwari, uye chairambidzwa zvekuti munhu anozviita aifanira kuvurawa (Revitiko 19:31; 20: 27). Zita rekuti mashai nemidzimu nehun’anga nhasi rinoshovorwa nezvazhinji. Nyaya yekuti munhu anokwanisa kutaurirana nemweya yakaipa zvinotorwa senyaya dzekare kare muNguva Yerima rekusaziva Mwari. Asi zvemweya izvi

zvemashai nemidzimu zvine vateveri zviuru zvemazana, hongu vangasvika mamirioni, izvo zvakapindavo nemusainzi, zvazaravo mumakereke, nekugashirwa mumabumbiro edzihurumende, kana mudzimba dzemadzishe-kunyengedzwa kukuru uku rumutsiriro chairwo, neidzimwe nzira dzakavanda, dzehuroyi nehun'anga hwakarambidzwa kare.

Kudai pasina chimwe chinoratidza chimiro chaicho chemweya iyi, chemashai nemidzimu, zvakangokwana kumuKristu kuti mweya iyi hairatidzi kusiyana pakati pekururama nechitema, pakati pemuapostora waKristu, akanaka akaperera, nevaranda vaSatani vakaipisisa. Nekuratidza munhu akaipisisa seari kudenga, achikudzwa zvikuru ikoko, Satani ari kuti kunyika: "Hazvinei kuti wakaipa sei; hazvinei kuti unotenda here kana kuti hautendi muna Mwari neBhaibheri,rarama sezvaunoda; denga musha wako." Vadzidzisi vezvemashai nemidzimu vanoti, "Munhu wose anoita zvakaipa wakanaka pamberi paMwari, uye Ishe vanovafarira; kana kuti, Mwari werutongo aripiko?" Maraki 2:17. Shoko raMwari rinoti, "Vane nhamo vanoti zvakaipa ndizvo zvakanaka, uye zvakanaka kuti ndizvo zvakaipa, vanoisa rima panzvimbo yechiedza, nechiedza panzvimbo yerima" Isaya 5:20.

Mweya inonyengera iyi inovuya iri muzvimiro zvevaapostora ichiita kuti vapikise zvakanyora vachivudzwa neMweya Mutsvene vachiri panyika. Vanoramba kuti Bhaibheri rakabva kuna Mwari, nekudaro vanobvarura nheyo dzetariro yeChikristu, nekudzima mwenje unoratidza nzira yekudenga. Satani anoita kuti nyika yose itende kuti Bhaibheri ingano zvadzo dzisina kuitika, kana kuti ibhuku rakanga rakanakira mavambo evanhu, asi ikozvino risangafaniri kuteererwa kana kuti rinotofanira kurasira kure sebhuku risingachashandi. Pachinzvimbo cheBhaibheri shoko raMwari anoisa mabasa ezvemweya. Iyi ndiyo nzira yaane simba kwazvo mairi; nenzira iyoyi, anoita kuti nyika itende zvaanoda. Bhuku rinofanira kumutonga iye nevateveri vake anoriisa murima pakavanda, umo chaimo maanoda kuti rive; Muponesi wenyika yose anomuita kuti ave munhuvo zvake. Semavuto eRoma akanga akarinda guva raJesu akaparadzira nhema dzakaiswa mumuromo mavo nevaprista nevakuru kuedza kuramba kumuka kwake, ndizvo zvinongoitwavo nevatendi vezvenhema vemashai nemidzimu pavanoedza kuratidza sekuti hapana chinoshamisa pahupenyu hwaMuponesi wedu. Vaedza kubvisa Jesu pamberi pevanhu, vanokokera vanhu kuzvishamiso zvavo ivo, vachiti izvi zvinopfuvura mabasa aKristu nekure.

Ichokwadi kuti zvemweya nemashai nemidzimu zvave kushandura chimiro chazvo, zvichiviga zvimiro zvinogona kurambwa zvikuru, zvave kupfeka bhachi reChikristu. Asi zvazvinotaura pamberi pevanhu nezvazvinonyoresa kwemakore angasvika makumi mana. Imomo chimiro chazvo chakabuda pachena. Dzidziso idzi hadzigoni kurambwa kana kuvigwa.

Kana muchimiro chazviri nhasi uno, mazvisingagashiriki kupfuvura kare,zvinotove nenjodzi yakatokura, nemhaka yekunyengera kwakavanda kwazvo. Kare zvaimboshora

Kristu neBhaibheri, asi nhasi zvinoita sezvinogashira zvose. Asi Bhaibheri ravakududzirwa nenzira inofadza mwoyo usina kushanduka, chokwadi charo chinokosha chichishaiswa basa. Rudo runotariswa nekubvumwa sechimiro chikuru chaMwari, asi runodzikiswa kusvika kwave kungonzwa chete kuri munyama, kunosiya mupatsano muduku duku pakati pezvakanaka nezvakaipa. Kururamisira kwaMwari, nekushora kwake chitema, zvinorairwa nemurairo wake mutsvene, zvose hazvitariswi. Vanhu vanodzidziswa kuti vavone mirairo ine gumi serugwaro rwakafa. Nyaya dzinonakidza, dzinoroya pfungwa ndidzo dzinotungamirira vanhu kuti varambe Bhaibheri senheyo yekutenda kwavo. Kristu anobva angorambwa sekare; asi Satani apofumadza vanhu zvakadaro zvekuti havavoni kunyengedzwa uku.

Vashoma kwazvo vanovona kunyengera uku kwemweya iyi nemashai nemidzimu nenjodzi yekuzviisa pasi pemasimba aya. Vazhinji vanopinda mazviri, kuti vangogutsa havi yavo yekuda kuziva zvinoitikamo. Havazvidaviri zvekuti vaingazadzwa nekutya nekunetsekana kana vaingafunga nezvekuisa hupenyu hwavo pasi pemasimba emweya iyi. Asi vanofamba nenzira dzakarambidzwa idzi, muparadzi mukuru uyu anobata nechisimba pamusoro pavo achivaitisa zvavasingadi. Vakangomubvumira chete kushandisa pfungwa dzavo, anobva avabata huranda. Hazvizogoneki musimba ravo voga, kubva mumusungo wake, nemusimba rake rinovakwezva nekuroya pfungwa. Hakuna chimwe kunze kwesimba raMwari chete, rinopiwa semhinduro kukumbira kwakaperera kwekutenda, chinogona kusunungura vanhu ava vakabatwa mumuteyo wake.

Vose vasingazvidzori patsika dzakaipa nehunhu hwechitema, kana kufarira havo chitema chavanoziva mumirangariro yavo, vanokoka miyedzo yaSatani. Vanozviparadzanisa naMwari nekuzvibvisa kukuchengetedzwa kwavo nevatumwa; apo wakaipa paanotumira kunyengera kwake, havana chidziviriro, saka vanokasika kuwisirwa pasi. Avo vanozviisa musimba rake, havazivi kuti nzira yavo iyi ichavasvitsepi. Avawisira pasi, muedzi mukuru uyu anovashandisa sevamirariri vake kuti vakwezvere vamwevo kukuparadzwa.

Anodaro muprofita Isaya: “Zvino kana vachiti kwamuri, bvunzai masvikiro nevavuki, vanorira nekuita zevezeve: Ko vanhu havafaniri kubvunza Mwari wavo here? Ko vanofanira kubvunza vakafa pamusoro pavapenyu here? Dzokerai kumurairo nekuzvipupuriro! Kana vasingatauri sezvinoreva shoko iri, havangavi nechiedza chemangwanani” Isaya 8:19, 20. Kudai vanhu vaida kugashira chokwadi chakaiswa pachena muMagwaro, chinotaura nechimiro chemunhu nechimiro chevakafa, vaizokwanisa kuona zvinotuarwa nemweya iyi yemashai nemidzimu sekushanda kwaSatani nesimba nezvishamiso zvekunyepera. Asi pane kurasa zvidiso zvenyama, nekuramba chitema chavanodisa zvakadaro, vazhinji vanotsinzina meso avo kuchokwadi kuti vasavona chiedza, vachiramba vachienda mberi nemabasa avo, vachishaya hanya neyambiro, Satani achirukira miteyo yake pavari, nekuzovaparadza. “Nekuti havana

kugamuchira rudo rwezvokwadi, kuti vaponeswe. Saka Mwari unovatumira simba rekukanganisa, kuti vatende nhema” 2 VaTesaronika 2:10, 11.

Avo vanopikisa dzidziso dzemweya wemashai nemidzimu havarwisani nevanhu chete, asi naSatani nevatumwa vake. Vapinda mumakwikwi nemasimba nevakuru nemweya yakaipa iri munzvimbo dzakakwirira. Satani hazopi kana kamukana kaduku duku, kunze kwekuti asaidzirwa kumashure nesimba revatumwa vekudenga. Vanhu vaMwari vanofanira kugona kusangana naye, sezvakaita Muponesi wedu, nemashoko anoti, “Zvakanyorwa zvichinzi.” Satani ikozvino anogona kutauravo zvinobva muMagwaro sezvaaiita mumazuva aKristu, achimonyorotsa dzidziso dzawo kuti asimbise nhema dzake. Avo vachamira munguva ino yematambudziko vanofanira kuzvinzwisisira zvipupuriro zveMagwaro voga.

Vazhinji vachasangana nemweya yakaipa iri muzvimiro zvehama dzavo kana shamwari dzavo, vachitaura nhema dzakaipisisa. Vashanyi ava vachakwezva mwoyo yedu zvakasimba, nekuita zvishamiso kusimbisa zvavanenge vachitaura. Tinofanira kugadzirira kuvadzivisa nechokwadi chemuBhaibheri chekuti vakafa havana zvavanoziva, uye kuti avo vanovonekwa saizvozvo mweya yakaipa.

Pamberi pedu chaipo pane, “nguva yekuedzwa, ichawira nyika yose, ichiedza vose vanogara panyika” Zvakazarurwa 3:10. Vose vane kutenda kusina kutsamira pashoko raMwari vachanyengedzwa nekukurirwa. Satani, “anoshanda nekunyengera kose kwekusarurama” kuti atonge vana vevanhu; nekunyengera kwake kucharamba kuchingokura. Asi anokwanisa kubudirira chete kana vanhu vachizvipa voga kumiyedzo yake. Avo vanotsvakisisa ruzivo rwechokwadi, nekushingaira kuchenesa mweya yavo kuburikidza nekuterera, vachiita zvavanokwanisa kugadzirira hondo iyi, vachawana kudzivirirwa kwakakwana muna Mwari wechokwadi. “Nemhaka yekuti wakachengeta shoko rekutsungirira kwangu, Ini ndichakuchengetavo,” (Zvakazarurwa 3:10) ndicho chitsidzo chaMuponesi. Anogona kutumira vatumwa vose vari kudenga nekukurumidza kunodzivirira vanhu vake, pane kusiya munhu mumwechete anovimba naye kuti akurirwe naSatani.

Muprofita Isaya anotaura nekunyengedzwa kunotyisa kuchawira pamusoro pevasakarurama, kuchivaita kuti vanzwe sekuti havana chavangaitwa nerutongo rwaMwari: “Takaita sungano nerufu, takatenderana neSheori, kana shamhu, inokukura, ichipfuura, haingasviki kwatiri, nekuti nhema takadziita utiziro hwedu, takanovanda pasi pekunyengera” Isaya 28:15. Vari kutsanangurwa pano vanosanganisira avo vane mitsipa yakawoma vachizvisimbisa kuti hakuna kuparadzwa kwevatadzi; kuti vanhu vose, hazvinei kuti vakashata sei, vachakwidzwa kudenga, kuti vaite sevatumwa vaMwari. Nenzira yakasimba kune avo vanoita sungano nerufu nekuwirirana nehadesi, vanoramba chokwadi chakapiwa nedenga sechidziviriro chevakarurama pazuva rematambudziko,

nekubvuma kuvanda panhema dzinopiwa naSatani panzvimbo yacho,-manyepo anotyisa ezvemweya yemashai nemidzimu.

Hupofu hwevanhu venguva iyi hunoshamisa zvisingatsananguriki. Zviuru zvinoramba shoko raMwari zvichiti harikodzeri kugashirwa, asi nemwoyo ine kuzvimisira vachigashira nhema dzinonyengera dzaSatani. Vasingatendi nevaseki vanoshora kutenda kwakasimba kweavo vanorwira nekutsigira chokwadi chevaprofita nevaapostora, vanozvitsausa nekusarudza kuseka zvakataurwa neMagwaro pamusoro paKristu nezano reruponeso, nekurangwa kuchaitwa vanoramba chokwadi. Vanomutsa tsitsi huru kwazvo muvanhu vasingavoni zviri pachena, vasina simba, nevanodaira mashura zvinovatadzisa kunzwisisa kuda kwaMwari nekuterera mirairo yake. Vane kugutsikana kwakakura zvakadaro zvekuti, vanoita sevakaita sungano nerufu nekuita chibvumirano nehadesi,-sekuti vakavaka mudhuri usingakwanisi kuyambuka pakati pavo nehasha dzaMwari. Hakuna chingamutsa kutya kwavo. Vakazvipira zvakadaro kumunyengeri, vakabatana naye zvakadaro, nekuzadzwa nemweya wake zvakadaro zvekuti ivo havasisina simba kana chidiso zvekuti vabve kumuteyo wake.

Kubva kare Satani akanga achigadzirira basa rake rekunyengera nyika yose kekupedzisira. Nheyo yebasa rake yakadzikwa kare paakavimbisa Eva muEdeni, “Hamuzofi zvirokwazvo., Nezuva ramuchadya pamuti, meso enyu achazarurwa, muchava sevamwari, muchiziva zvakanaka nezvakaipa” Genesi 3:4, 5. Zvishoma nezvishoma akagadzirira basa rake guru rekunyengera mukutangisa zvemweya yemashai nemidzimu. Haasati asvika panoperera zano rake; asi richasvikwa muchikamu chekupedzisira chenguva. Anodaro muprofita: “Ipapo ndakavona mweya yetsvina mitatu yakaita sematafi ichibva mumuromo weshato nemumuromo wechikara, nemumuromo wemuprofita wenhema; Nekuti ndiyo mweya yakaipa inoita zviratidzo inoenda kumadzimambo enyika yose, kuvakokera kukurwa pazuva iro guru raMwari wemasimba ose” Zvakazarurwa 16:13, 14. Kunze kwevanhu avo chete vanochengetwa nesimba raMwari, kuburikidza nekutenda mushoko rake, nyika yose ichakweverwa kukunyengera nekurasika uku. Vanhu nekukasika vari kuvaraidzwa nekukwezverwa mudanga rerufu, mavanozomutswa chete nekudirwa kwekutsamwa kwaMwari.

Jehova anoti: “Kururamisira ndichakuita rwonzi, nekururama ndichakuita chekururamisa nacho; chimvuramabwe chichakukura utiziro hwenhema, mvura ichafukidza nzvimbo yekuvanda. Sungano yenyu yamakaita nerufu ichadzimwa, nekutenderana kwenyu neSheori hakungamiri; kana shamhu, inokukura, ichipfuura, muchatsikwa pasi nayo” Isaya 28:17, 18.

Chitsauko 35 Rusununguko Rwehana Nechitendero

ChiKaturike chavekukosheswa zvakanyanya nemamwe masangano kupfuura makore ekare. Makore iwayo sangano reKaturike rakanga risingakuri. Izvi zvakaita kuti Papa nehutungamiri hwake varonge kuyanana kuti vakwanise kuva nesimba sepakutanga. Panekushaya hanya kwavepo pamusoro pedzidziso dzinoitwa nesangano reKaturike. Mamwe masangano arikutora dzidziso idzi sedzisina dambudziko rakakura kunyangwe dzichipesana neshoko raMwari , Bhaibheri. Panguva iyi masangano akabuda muKaturike aikoshesa kunamata kwakasununguka uko kwakauya mushure mekutambudzika kukuru. Vaimbodzidzisa vana vavo kuti varege kutenda kudzidziso dzeRoma nekuti dzairwisana naMwari. Asi ikozvino dzidziso dzasiyana nemakore ekare.

Vateveri veRoma vanoti sangano iri rine dzidziso dzakanaka nekuti vose vakabuda muRoma vanoita zvakafanana navo. Vanoti ivo sangano reRoma rekare neravako zvavanemusiyano. Kare sangano rairarama mukusaziva, riri murima. Vanoti ivo zvakaitwa nesangano kare, zvekuuraya nekuita hutsinye kuvanhu zvakaitika nekuda kwemweya yakaipa yaishanda panguva iyi.

Vanhu ava vaikanganwa kuti vaidzidzisa kuti sangano reRoma harikanganisi pakuita kwaro kwese kwemakore mazana masere. Dzidziso iyi yakazosimudzirwa zvakare pamusoro pesangano reRoma kuti “ sangano harina kumbobvira ratadza, zvakare harizombokanganisi sezvakataurwa muBhaibheri “ (John L. von Mosheim, Institutes of Ecclesiastical History, book 3, century II, part 2, Chitsauko 2, section 9, note 17). Papa nehutungamiri hwake vacharamba vachidzidzisa kuti sangano reRoma harikanganisi pakuita kwaro kwese. Zvese zvakaitwa nesangano pakutambudza vanoti zvaive zvakanaka zvakare pakaita mumwe mukana zvinokwanisa kudzokororwa.

Mumwe munyori anonyora pamusoro pekukanganiswa kwemutemo wekunamata muUnited States, anoti : “Kune vakawanda vasingafungidziri kuti kereke yeRoma inesimba rekuisa chinamato chayo munyika yeUnited States. Vanhu ava havasi kuona njodzi ichavepo pamitemo yenyika iyi nekukura kuchaita chikaturike. Ngatimbotsinhanisai mitemo yenyika yeUnited States nemitemo yekereke yeRoma. “Mutemo we United States unotendera chinamato chakasununguka” Pope Pius IX, mutsamba yake yepasi rese musi waNyamavhuvhu 15, 1854, anoti : “Vakanyora mitemo inobvumira kunamata zvakasununguka vakakanganisa. Izvi zvinofanira kubviswa munyika.” Papa, mumwechete mutsamba yake muna Zvita 8, 1864, akatuka vose vanokurudzira chinamato chakasununguka asi anoti kereke yaisazo shandisa chisimba kuvadzivisa .

“Kutaura kwakanyorova kweRoma kunyika yeUnited States hakuratidzi kuti yakashanduka. Inobvumira kunamata zvakasununguka kunzvimbo kweisina simba chete. Bishopi O’Connor anoti : ‘Kunamata kwakasununguka kunokwanisa kugamuchirwa

kusvika kereke yeRoma yabuda panjodzi kuti ikwanise kuisa mitemo yayo". Bishopu weSt. Louis akati : ' Dzidziso dzenhema nekusatenda imhosva. Munyika dzine chikristu seItaly neSpain makazara vanhu vekereke yeRoma, vanhu vanofanira kupihwa murango. "Mutungamiriri wose mukereke yeRoma anofanira kuita mhiko yekuteerera papa pazvose zvavanenge ataura: "Kunevose vanodzidzisa zvinopesana neshoko reRoma, vachipandukira papa tichavapa mutongo wavo."–Josiah Strong, Our Country ch. 5, pars. 2-4.

Ichokwadi kuti kune vanhu vanonamata Mwari zvechokwadi mukereke yeRoma Vazhinji varikunamata Mwari zvichienderana nechiedza chavakawana.

Havana kupihwa mukana wekusvika pachiedza saka havazivi chokwadi. [* Rakadhindwa mugore ra 1888 na 1911.] Havana kubvira wawona musiyano wekunamata kwenhema nekwechokwadi. Mwari anoratidza rudo rwake kunevanhu vakadai. Vachatumira chiedza chavo kwavari.

Achavaratidza chokwadi chose kuti vaite sarudzo yekumira nevana vaMwari. Dzidziso dzeRoma hadzichafambidzani neshoko raKristu sezvazvaive pakutanga. Zvitendero zvakabuda mukereke yeRoma zviri kufamba murima guru. Vamwe vachazovhenekerwa nechiedza mushure mekuona zviratidzo zvemazuva ekupedzisira. Kereke yeRoma inehurongwa hwuri mberi hwekunyengera vanhu. Iri kushandisa zvose zvinogoneka kuti ishandise nzira dzakahwanda pasina kushandisa chisimba kunyengera masangano ose akabuda kubva mariri. Chinagwa chikuru ndechekutonga nyika yose, nekuparadza zvose zvakaiswa nedzimwe kereke. Izvi zvichatungamirira mukutambudzwa kwevanhu nekuda kwechokwadi. Parizvino Roma inezvikoro zvakawanda muAmerica, izvo zviri kukurudzirwa nekufarirwa nemamwe makereke. Munyika yeEngland mazara nyaya dzemasvikiro izvo zvinokurudzirwa nekereke yeRoma. Izvi zvinofanira kupa shungu nekupepuka kune vose vanofarira chokwadi chevhangeri. Dzimwe kereke dzakagamuchira dzidziso dzeRoma, izvo zvakakatyamadzawo vakuru vesangano iri. Vanhu havasi kukoshesa njodzi yekuumba hukama neRoma nedzidziso dzayo. Vanhu vanofanira kupihwa yambiro pamusoro pekukanganiswa kwerunyararo pakunamata.

Vanhu vazhinji vanofunga kuti chinamato cheRoma hachinamaturo zvakare hachifadzi pakuitwa kwacho. Apa ndipo panorasika vakawanda. Kunamata kwechiRoma kunesimba, izvo zvisingazivikanwi nevakawanda. Kanamatiro kavanoita kanobvisa mifungo yose. Zvipfeko zvavo, zvivakwa zvemakereke avo, maartari endarama zvifananidzo zvakanyorwa nehunyanzvi, kuimbira kenezviridzwa zvemhando yepamusoro, zvose zvinoshandura mifungo yevanhu.

Kunaka uku nekufadza meso kwechitendero ichi ndihwo humbowo hunoonekwa kunze hweuori huri mukati kwacho. Asi chinamato chaJesu hachidi zvose izvi kuti chigamuchirike. Mwari vanokoshesa kuzvininipisa kupfuura kunaka kwekunze.

Kusazvidzora nekushamisira chiratidzo chakazara chepfungwa dzinofunga zvenyika ino chete. Izvi zvinounzwa naSatani kuti vanhu vakanganwe ramangwana ratakagadzirirwa naMwari.

Kunamata kwekunze ndekwe avo vanemoyo isati yatendeuka. Kuratidzira kweRoma kunesimba rekunyengera vazhinji pakunamata. Vamwe vanotofunga kuti ndiro siwo rekupinda kudenga naro. Vakaverenga nekunzwisa ndivo vega vanogona kuramba vakamira pachokwadi. Vazhinji vachagamuchira kunamata kwekunyengera uku nekuti ndiko kwavanofarira.

Dzidziso yekuti sangano reRoma rinesimba rekuregerera zvivi, yakaita kuti kereke yeRoman irambe ichirarama iri muchivi. Vose vanopfugama vachinamata munhu vanozvidzikisira vachizvidza mweya yavo. Kuita kwakadai ndiko kuchazvidza nyika kusvika yaparadzwa naJehova. Zvirinyore kuvanhu vezvivi kutenga ruponeso nemari pane kureurura zvivi nekuzvisiya. Mutoro unoshuvirwa kutakurwa nevanhu unorema kupfuura joko raKristu. Panekufanana kuripo pakati pekereke yeRoma neye vaJudha munguva yaKristu paakauya kekutanga vaJudha vaiputsa murairo waMwari asi vachiita zvose zvaitarisirwa pamitambo yaMoses. Vanokoshesa tsika dzevanhu, vachiremedza vanhu.

Kereke yaikurudzira kukosha kwemuchinjiko waKristu asi vachidzidzisa dzidziso dzenhema nekurarama zvinopesana neshoko raKristu. Mashoko aJesu kuva Judha anokwanisa kushandisa mukereke yeRoma: “Vanosunga mitoro inorema, inotambudza kutakurwa, vachiisa pamafudzi avanhu, asi ivo vamene havadi kuibata nomunwe wavo” Mateo 23:4. Vazhinji vanoshuvira kurarama vachiita zvinofadza Mwari asi vatungamiriri veRoma vaitorarama mumafaro enyika ino. Kunamata zvifananidzo, kunamata vakafa kunamata Papa nevakuru vesangano zvakaiswa semusungo nasatan kutsausa vanhu kubva panaMwari. Mwari ndiye woga anoti “Vuyai kwandiri, imi mose makaneta makaremerwa, ini ndichakupai zororo.” Mateo11:28. Itsika yaSatan kukanganisa zita raJehova mukati mehondo huru . Satan anozvidza kukosha kwemutemo, kuti vanhu vararame muzvivi. Anoita kuti vanhu vasade Mwari asi vamutye . Satan anoita kuti kunamata Mwari kuite sekunorema. Satan anoshandisa pfungwa dzevanhu, mukusaziva kwavo kuti arwise Mwari. Nekuda kwedzidziso dzenhema, vanhu vendudzi dzimwe vakatanga kuuraya vanhu sezvipiriso kuedza kufadza Mwari. Kereke yeRoma yakabatanidza, tsika dzevanhu nechikristu pakunamata Mwari. Vanhu vazhinji vakatambudzwa nenyaya yekunamata. Vose vairamba kutenda kudzidziso dzeRoma vairangwa vamwe kusvika pakuuraiwa.

Vakuru vekereke vakatsvaga nzira dzekurwadzisa vanhu asi vachisara varivapenyu. Vakawanda vaishungurudzwa kusvika vashuvira kuti vafe zvavo. Kuti aende kudenga, mutadzi ainzi anofanira kurwadzisa nyama yake. Vazhinji vakadzidziswa kugara padyo netembere vachizvinyima zvokudya kuti vawane ruponeso. Tikatarisa kashandire kaiita kereke yeRoma nekashandiro kaiita vatungamiri vacho, tinonyatsoona huyipi hwasatani

hwese. Tikatarisa kubudirira kwake pakunyengera vakuru vekereke, tinonyatsonzwisisa ruvengo rwake pamusoro peBbaibheri. Bhaibheri rikaverengwa, nyasha nerudo rwaMwari zvinoonekwa. Mwari vanongoda munhu anozvininipisa kuti aponeswe nekuregererwa zvivi. Kristu haana kumbokurudzira kuti vanhu vanofanira kuti vazvirwadzise nyama yavo kuti vawane keregererwa zvitadzo. Moyo waKristu wakazara nerudo. Munhu anonzwisisa kukundikana kwake kana aenda pedyo naKristu. Papa anozviita Mwari, asi hupenyu hwake hunga enzanizwa nehwa Kristu here? Kristu aisunga vanhu vanenge vasina kumukudza here? Akambonzwika here achikurudzira kufa kune vose vaimuramba?

Apo Jesu akarambwa paSamaria, John azere neshungu akakumbira: “ Ishe munoda kuti titi moto uburuke kudenga, uvaparadze here? Asi iye akatendeuka akavaraira. Ipapo vakaende kunomumwe musha,” Ruka 9:54, 56. Mweya wakanga uri muna Kristu wakanga wakasiyana newaPapa aizviita mumiriririri waMwari panyika. Kereke yeRoma yavakuratidza sekunge yakasiya mabasa akaipa, mushure mekukumbira kuregererwa panezvayakaita vanhu panyaya dzekunamata. Yakanga yapfeka chimiro chaKristu asi pasina shanduko yechokwadi. Mitemo yose yechipapa yaivapo kare ichiripo kunyangwe nanhasi. Ndiyo Roma yaizvikudza ichiita zvakaipa ichishandisa madzimambo enyika. Ndiye papa wekare anotaurwa kuna. 2 VaTesaronika 2:3, 4. Ndiko kaitire kake kutora mabasa anozoita kuti azadzise chinangwa. “Kutenda hakufaniri kuchengetwa panenhema “ (Lenfant, volume 1, peji 516).

Iyi kereke yakadeura ropa rakawanda ingakodzera here kunzi ndeya Kristu? Masangano akabuda muRoma avekungoita zvakafanana nayo. Vazhinji havachaoni kuipa kweRoma.

Nekuda kwekamirire kakaita nyika, nehuipi hwazara mairi, vanhu havachagamuchiri rumutsiriro rwekanamatiro kanotarisirwa naMwari. Shoko raMwari riripedyo nesu vanhu vemazuva enguva ino. Shoko raMwari rakaparariira panyika yose richibva kudenga. Vose vanoramba shoko raMwari vanowirwa nerima guru mumoyo yavo. Vose vasingadzidzi shoko raMwari vanoratidza simba reRoma iyo yakadzivisa kuverengwa kweshoko raMwari mumakore akapfuura. Kunyange vachizvikudza pamusoro peruzivo rushomanana pamusoro peBhaibheri, havanyatsonzwisisi simba raMwari zvakare neshoko raKristu. Vanotsvaga izvo zvinozvidzwa naJehova zvinoita kuti hana dzavo dzisarove kana vachiita zvakaipa. Vanoshuvira kushandisa nzira dzinoita kuti vakanganwe Mwari.

Hutungamiriri hwechipapa hunenzira dzose dzinoita kuti vanhu vabve panaMwari. Kereke yeRoma inoda kugadzira mapoka maviri evanhu. Rimwe boka rinenge richitenda kuti richaponeswa ririmuzvivi, rimwe richiti richaponeswa mushure mekushandira ruponeso. Apa ndipo pane chakavanzika chesimba rehuPapa. Roma yakabudirira munguva yekusaziva kwevanhu nekuda kwekushaya shoko raMwari. Kune vamwe vanongogamuchira dzidziso dzakatsauka sevanhu vakapofumadzwa. Mwari akagadzira

munhu nenzira inoita kuti ashandise njere dzake pakutsvaka chokwadi mushoko rake. Vanhu vari kupihwa dzidziso dzenyika ino, idzo dzinoderedza simba reshoko raMwari. Izvi zvichaita kunge shoko raMwari rakurirwa simba zvichiita kuti vanhu vazhinji vagamuchire dzidziso dzeRoma sezvakamboitika kare.

Kune zvikoro zviri kugadzirwa munyika yeUnited States zviri kutevera matsiko edzidziso dzechipapa. Idzi inzira dzekugadzirira kereke yeRoma kuti itore simba yaraimbova naro kare. Kuchengetwa kweSvondo sezuva rekunamata kuchaita kuti Roma iratidzike seine simba, zvakare ibudirire pahurongwa hwayo hunopesana neshoko raMwari. Mweya wechipapa wekukoshesa tsika dzevanhu kupfuura shoko raMwari ndiwo wakapinda mumakereke mazhinji, izvi ndizvo zvichaita kuti vachengete zuva reSvondo seSabata. Kereke yeRoma inoshuvira kubatanidza kereke dzose nechipapa. Roma yakawana simba pamusoro penyika yose nekuda kwekushandisa masimba ehurumende dzaitonga, uye kudzidzisa tsika dzevanhu mumakereke. Mutemo wekuchengetwa kweSvondo seSabata wakaiswa naConstantine. (A.D. 321) Pazuva iri vanhu vose vemumaguta vaizorora vachinamata zuva asi vekumamisha vairamba vachiita mabasa avo samazuva ose.

Mutemo uyu wakazomanikidzirwa kuti uchengetwe apo Constantine akatendeukira kuchikristu. Eusebius, shamwari yaConstantine, akaunza dzidziso yekuti Sabata rakaendeswa paSvondo. Dzidziso iyi hapana painodzidziswa mushoko raMwari. Eusebius anobvuma kuti Sabata rechokwadi musi wechinomwe. – Robert Cox, Sabbath Laws and Sabbath Duties, peji 538. Kunyange pasina pakanyorwa mushoko raMwari, ruva reSvondo rakakosheswa sesabata kuitira kuti Sabata rechokwadi rimhurwe. Vose vaida kufarirwa nenyika vakachengeta Svondo sezuva rekunamata. Papa akaramba achisimbisa nekusimudzira zuva reSvondo seSabata. Pamazuva aya vanhu vaitenderwa kuita mabasa avo ekurima kana vasina kuenda kukereke, vachizochengetedza Sabata, zuva rechinomwe.

Zvishoma nezvishoma pakaunzwa shanduko. Vatungamiriri vose vekereke vakadziiswa kutonga mhosva nemusi weSvondo. Vanhu vose vakapihwawo murairo wekuti varege kushanda musi uyu. Vose vaizo tyora mutemo uyu vaizorangwa zvakaomarara zvichienderana nechinzvimbo chako. Vose vakanga vari varombo vaipihwa mirango yakaomesesa. Pane ngano inotaurwa yemurume aida kundorima nemusi weSvondo. “Gejo rakanamira muruwoko rwake kwemakore maviri, izvo zvakanyadzisa nekurwadzisa murume uyu.”– Francis West, Historical and Practical Discourse on the Lord’s Day, peji 174. Papa akaraira muprista wekuParish kuti vanhu vachengetedze Svondo sezuva rekunamata kuti vasazvipinze panjodzi. Vatungamiriri vose vakarairwa kuti vachengetedze Svondo sezuva rekunamata zvakare riri dzvene nevanhu vavanotungamirira–Thomas Morer, Discourse in Six Dialogues on the Name, Notion, and Observation of the Lord’s Day, peji 271.

Vatungamiriri venyika vakaisa kutya mukati mevanhu kuti vasatyore mutemo wekuchengetwa kweSvondo. Pamusangano wekereke wakaitwa kuRoma, zvose zvakabva zvasimbiswa zvikawedzerwa pamitemo yekereke. (See Heylyn, History of the Sabbath, pt. 2, ch. 5, sec. 7.) Zvese zvakaitwa pasina shoko raMwari rinosimbisa. Vanhu vaibvunza chikonzero vakasiya shoko raMwari vachiita zvinopikisa.

“Zuva rechinomwe ndiro Sabata raJehova, asi sei masarudza kuremekedza zuva rekutanga?

Mumwe muchengeti weSvondo akaenda kumakereke ekuEngland, uko akasangana nevatendi vaitenda kudzidziso dzeBhaibheri chete. Akadzoka kunyika kwake akundikana kuti dzidziso yake igamuchirwe. Paakadzokera zvakare kuEngland akabudirisa kudzidzisa kereke yeko dzidziso dzenhema . Akaenda nezvinyorwa zvainzi zvakabva kuna Mwari. Muzvinyorwa izvi maiva nemutemo wekuchengetwa kweSvondo sesabata. Paiva pakaiswa mutongo nematambudziko aizowira vose vanotyora mutemo uyu. Akaudza vanhu kuti zvinyorwa izvi zvadonhedzwa paartari yaSt Semeon kuJerusalem padyo nepa Golgotha zvichibva kudenga.

Idzi dzakanga dziri nhema. Chinyorwa ichi chakanga chakanyorwa kuRome. Papa vaishandisa chitsotsi chose kuti varambe vachiwana hupfumi nesimba. Vanhu vakarairwa kuti varege basa kubva Mugovera masikati kusvika Muvhuro mangwanani. Vose vaizotyora mutemo uyu vaizooma mitezo yemuviri.

Kunonzi mumwe murume aida kugaisa hupfu pachigayo nemusi weSvondo akawona muchibuda ropa. Mumwe mukadzi akaisa chingwa mumoto chikaramba kuibva. Mumwe akachengeta Svondo nekurega kubika chingwa chake, akawana chabikwa nesimba raMwari musi weMuvhuro . Mumwe akabika chingwa chake akawana chakazara ropa. Nyaya dzose idzi dzaidzidziswa vanhu kuti vagamuchire zuva reSvondo sesabata.(See Roger de Hoveden, Annals, vol. 2, pp. 528-530.)

KuScotland, seku England, zuva reSvondo rakatanga kuchengetwa sesabata.

Munyika yeScotland pakaiswa mutemo wekuchengetwa kwesvondo sesabata kubva masikati eMugovera kusvika Muvhuro mangwanani–Morer, mapeji 290, 291.

Kunyange vaidzidzisa zvakatsauka, vaiziva zuva chairo reSabata. Hutungamiriri hwechipapa hwaito rangaridza vanhu kuti zuva rechinomwe isabata raMwari. Avo vaitsvaga kushandura murairo waMwari vaitoita izvi vachiziva kukanganisa kwavo. Vaizviisa pamusoro paMwari.

Zvaizoitwa neRoma kune vanoramba kuteerera dzidziso dzavo zvakaratidzwa kare pavaishungurudza nekuuraya maWaldenses, vamwe vavo vaichengeta Sabata. Nhoroondo yekereke yeEthiopia neAbyssinia yakakosha kuiziva. Kereke idzi dzakaramba dzichiwana

mukana wakakura wekunamata zvakasununguka. Roma yakazoziva kuti kune kereke idzi kwapera nguva yakareba . Vakandovapa dzidziso yekuti papa aive mumiriririri waKristu panyika. Pakarairwa kuti vanhu varege kuchengeta Sabata . Vose vaizorichengeta vaizorangwa zvakaomara (Ona Michael Geddes, Church History of Ethiopia, mapeji 311, 312.) Mutemo waPapa wakanga wakaoma zvekuti vanhu vekuAbyssinia vakatanga kuramba kuuteedzera. Vakarwisa kuti vadzinge hutungamiriri hwechiRoma kuti vanamate zvakasununguka. Kereke yakafara zvikuru payaka kwanisa kudzinga vatungamiriri veRoma munyika yavo.. Vaishuvira kurarama vasingazivikanwi nenyika yose. Kereke dzemuAfrica dzakaramba dzichichengeta sabata rechokwadi. Vaichengeta Sabata, zuva rechinomwe, asi vakanga vasingashandi zvakare nemusi weSvondo . Roma yakanga yamhura Sabata raJehova asi ichi simudzira Svondo sezuva reSabata. Makereke emuAfrica haana kutevedza dzidziso iyi kwemakore akawanda. Nhoroondo iyi inoratidza ruvengo rwekereke yeRoma pamusoro pesabata raJehova nevose vanorichengeta.

Nguva ichauya apo kereke dzakawanda dzichabatana neRoma pakuchengeta Svondo sezuva rekunamata. Chiporofita chiri kuna Zvakazarurwa 13 chinotaura kuti chikara chinenyanga sedzehwai chichaita kuti vanogara panyika vanamate humambo hwechipapa . Chikara ichi chicharaira kuti vanhu vose vagamuchire munembo wechikara Zvakazarurwa 13:1116. Chikara chine nyanga sedzehwai chinomirira United States, iyo ichazo manikidza vanhu kuti vachengete Svondo sezuva reSabata. United States inenge ichishanda pamwechete nehutongi bwaPapa. Simba reRoma munyika yese harisati rapera. Simba iri richadzoka zvakare. Chikara chakambopihwa vanga rakazopora, nyika yose ikatevera chikara. Uku kwakanga kuri kuputsika kwakamboita hutongi hwechipapa muna 1798.

Mushure mekukuvara uku, vanga rakazopora vanhu vakatevera chikara Pauro anoisa pachena kuti munhu wezvivi achavapo kusvika Jesu achidzoka kechipiri, 2 VaTesaronika 2:3-8. Achaita mabasa ekunyengera nemazuva ekupedzisira. Johane anobva ataurawo achiti vose vanogara panyika vakachinamata, vasina kuyorwa mazita avo mubhuku rehupenyu, Zvakazarurwa 13:8. Roma icharumbidzwa nenyika nekuda kwekuunza dzidziso yekutora Svondo sezuva reSabata. Nekukasika chiporofita ichi chichazadziswa. Kereke zhinji dzinodzidzisa kuchengetwa kweSvondo sesabata asi panenge pasina shoko raMwari rinotsigira. Vanogadzira zvishamiso kuti vanyengere vanhu. Nyaya yekumanikidzwa kuchengeta Svondo sezuva reSabata iri kusvika nekukasika.

Nyika yeAmerica ichaisa mutemo wekuti kereke ndiyo yavanesimba pamusoro pehurumende dzose dziri panyika asi mitemo ichange iri yenyika. Izvi zvichaita kuti kereke yeRoma ibudirire panezveirikuda kuita. Shoko raMwari rakagara rakatipa yambiro pamusoro pezvakaipa zvichawira nyika kubudikidza nekereke yeRoma. Simba rayo ririkuramba richiwedzera zuva nezuva. Dzidziso dzeRoma dziri kusvika munzvimbo dzose kusanganisira mumakereke nemumatare anogadzirwa mitemo yenyika. Kushungurudzwa

kwakamboita vanamati makore ekare kuchadzokororwa. Vose vanotevere shoko raMwari vachamhurwa nekuzvidzwa.

Chitsauko 36 Hondo iri kuuya

Kubva pakutanga kwehondo huru kudenga, chagara chiri chinangwa cha-Satani chekubvisa murairo waMwari. Ndicho chinangwa chaaive nacho paakaita chimurenga kudenga achirwisana naMwari Musiki, kunyange zvake akadzingwa kudenga, ari kungoenderera mberi nehondo yake panyika pano. Chinangwa chake chikuru chiri chekunyengera vanhu, kuti avatungamirire kuputsa mutemo waMwari. Kuti zvinoitika sei, kuuputsa wose kana kuramba mumwe chete wawo, magumo acho mamwechete. Uyo "anogumburwa kune chimwe chawo," anoratidza kuti anozvidza mutemo wose; saka muenzaniso wake nemabasa aanoratidza zviri kurutivi rumwe chete rwekutadza; saka "anova nemhosva kune zvose" Jakobo 2:10.

Mukutsvaka kwake kuti mutemo waMwari uzvidzwe, Satani akamonyorora dzidziso dzeBhaibheri,ndicho chikonzero nei nhema dzichiwanikwa pakati pevazhinji vanoti vanotenda muMagwaro. Hondo huru yekupedzisira pakati penhema nechokwadi kupedziswa kwehondo yagara iripo panyaya yemutemo waMwari. Tava kutopinda muhondo iyi- hondo pakati pemitemo yevanhu nemitemo yaJehova, pakati pechinamato chinobva muBhaibheri nechinamato chengano yetsika dzemagariro evanhu.

Masimba achabatana mukurwisana nechokwadi nekururama, muhondo iyi ari kutoita basa rayo. Shoko raMwari dzvene, iro ratakagashidzwa nemutengo wekutambudzika kwakadaro neropa, harisi kukosheswa. Munhu wose anokwanisa kuzviwanira Bhaibheri, asi vashoma vanorigashira kuti rivatungamirire muhupenyu. Kusatenda kwapararira zvinotyisa, zvisiri munyika chete, asi nemukerekevo. Vazhinji vave kuramba dzidziso dziriidzo mbiru dzechinamato cheChikristu. Chokwadi chikuru chekusikwa kwenyika sekupiwa kwachakaita nevanyori vakafemerwa, kutadza kwevanhu, nekudzikinurwa kwavo, kusapera kwemutemo waMwari, zvose izvi zvave kurambwa pachena, zviri zvose zvakadaro kana kuti chikamu chazvo nevazhinji vanozviti maKristu. Vazhinji vanozvikudza pamusoro pehuchenjeri nerusununguko rwavo vave kuona sekuti kuterera Bhaibheri kupusa nehutera, vanofunga kuti hunyanzvi hukuru kana vachitsoropodza Magwaro nekuratidza kuti vakadzidza zvikuru nekurasira kure chokwadi chawo chinokosha, kuburikidza netsananguro dzavo. Vafundisi nevadzidzisi vakuru veBhaibheri vazhinji vanodzidzisa vanhu vavo kuti mutemo waMwari wakashandurwa kana kuti wakabviswa; saka vose vanoti uchiri kuchengetwa vanosekwa nekuvonekwa sevanhu vasina maturo.

Kana vanhu vachiramba chokwadi vanenge vachitorambawo naIye wakachinyora. Pakutsikira pasi mutemo waMwari, vanozvidza simba reMupi weMutemo wacho. Zviri nyore kuumba chifananidzo chedzidziso dzenhema nepfungwa dzakamonyoroka zvinongoita sekuveza chifananidzo nematanda kana nemabwe. Nekuminamisa zvakaita Mwari, Satani anotungamirira vanhu kuti vavone Mwari nenzira isiri iyo. Vazhinji

vakazvivezera chifananidzo mupfungwa chikagadzwa pachigaro mumwoyo yavo pachinzvimbo chaMwari; ukuvo Mwari mupenyu uyo anoratidzwa kuburikidza neshoko rake naKristu, nezvakasikwa, achinamatwa nevanhu vashoma. Vazhinji vanonamata zvisikwa vachiramba Mwari akasika zvinhu zvacho. Kunyange kuchitora zvimiro zvakasiyana siyana , kunamata zvifananidzo kuchiri kuitwa nanhasi pakati pemaKristu sezvazvaitwa munguva yevaIsraeri yekare pamazuva aEria. Mwari wevanhu vanozviti vakachenjera, nevakadzidza, vezvematongerwe enyika, nevatapi venhau,-mwari wevanozviitira nekubudirira kwavo, vakatsvinda, namwari wezvikoro zvepamusoro zvizhinji, kunyange nezvinodzidzisa vafundisi,-akangosiyana paduku duku naBaari, mwari wezuva ainamatwa kuFonishia.

Hakuna nhema dzinotambirwa neMakristu dzinokunda kurwisa masimba edenga kana dzinobva dzapesana nekushandiswa kwenjere, hakunazve dzinematuso anokunda kuparadza senhema dzakadai kupararira mazuva ano dzekuti Mutemo waMwari wakapera hauchina basa. Nyika imwe neimwe ine mitemo yayo, inofanira kuchengetwa nekukudzwa, hakuna hurumende yaingararama isina mitemo yayo; saka zvinganzi here Musiki wedenga nepasi haanavo mitemo inotonga pazvisikwa zvake? Kana vafundisi vane mukurumbira vakatanga kuparidzira vanhu vachiti mitemo yenyika yavo inochengetedza kodzero dzevanhu vemo haina basa,- nekuti inotyora kodzero dzevanhu, saka haifaniri kuchengetwa, vanhu vakadai kungatora nguva yakareba zvakadii vachigashirika pamberi pevanhu? Zvinganzi here kushaya hanya nemitemo yenyika imhosva yakakura kudarika kutsika pamitemo yaMwari inova nheyo yekutongwa kwenyika yose?

Zvingatove nani kuti nyika dzose dzishaye mutemo, vachibvumira vanhu kuti vaite sekuda kwavo, pane kuti Mutongi wedenga nenyika adzime mutemo wake, achisiya nyika isina zvimiso zvekusimbisa anoterera, zvichipa mhosva anenge atadza. Tingaziva here tuso rekushaisa mutemo waMwari basa? Pane vakambozviedza. Kuvurayana kukuru kunotyisa kwakaitika dzidziso yekuti hakuna Mwari payaitonga muFrance. Zvakaratidzwa kunyika kuti kurasa zvisungo zvakadzikwa naMwari kutambira hutongi hwemudzvanyiriri ane hutsinye hunodarika vose. Kana chimiso chekururama chikasendekwa parutivi, muchinda werima, anowana mukana wekudzika masimba ake panyika.

Pose panobviswa mutemo waMwari chitema hachizovonekwa nekuipa kwacho kose, uye kururama kunoshaya simba. Vose vanoramba kuzviisa pasi pehuremende yaMwari zvinovaita kuti vasagone zvachose kuzvitonga ivo voga. Kuburikidza nedzidziso dzavo dzakaipa kwazvo, mweya wekusazvininipisa unodyarwa mumwoyo yevana vechidiki, zvinovakonzera kuti vagare vasingafariri zvekurairwa nekudzorwa mutsika dzavo dzekuzvarwa nadzo; vane chindini, saka panozobuda vanhu vasina mutemo, vasingazvidzori uye vasine simba rokurega zvakaipa. Pavanoseka nekushora vanochengeta mutemo waMwari, vanhu vakawanda vanenge vachitogamuchira hunyengeri hwaSatani.

Vanozviita varanda kukuchiva nechindini vachiita zvitema zvakambounza rutongo kuvahedheni vekare.

Vanodzidzisa vanhu kuti vasachengeta mutemo waMwari vanodyara kusateerera uye vachakohwa kusaterera ikoko. Regai kurambidza kunoitwa nemurairo waMwari kumboiswa parutivi, muchaona kuti nemitemo yevanhu ichiraswawo. Nemhaka yekuti Mwari anorambidza kusatendeka, kuchiva, kunyepa nekubira nekubiridzira vamwe, vanhu vanofarira kupwanya mutemo wake vachiona sechipingidzo chino- vakanganisa kubudirira mupfuma yavo yenyika, asi matuso ekubvisa mirairo yaMwari achave akakura kupfuura zvavanga vachifungidzira. Kana mutemo usina basa, komunhu angatyei kukanganisa? Pfuma inenge isisina kuchengeteka.

Vanhu vangatora pfuma dzevavakidzani vavo nechisimba; uye vane simba kupfuvura vose ndivo vangapfuma kudarika vose. Hupenyu pachahwo haungaremekedzwi. Mhiko dzekuroorana hadzingamiri sechidziwiriro chitsvene kumhuri. Uyo ane simba aingatora mukadzi wehama yake nechisimba kana achida. Murairo wechishanu ungaiswa parutivi pamwechete newechina. Vana havangazezi kuuraya vabereki vawo, kana izvozvo zvichivaita kuti vawane zvinodiwa nemwoyo yavo. Vakadzidza vangaita boka remakororo nemhondi; rugare, kuzorora, nerufaro zvikabviswa panyika zvachose.

Dzidziso yekuti vanhu vakasunungurwa kubva pakuterera mirairo yaMwari yaderedza simba rechidiso chekuita zvakanaka, nekuzarura masuwo kuzvakaipa kuti zvipinde munyika. Kuparwa kwedzimhosva,kupedzera pfuma mukudzingirira kunakidzwa nehuori zviri kukwira pamusoro pedu sedutu guru remvura. Mumhuri, Satani ari pabasa. Mureza wake unobhururuka pamusoro kunyange mudzimba dzevanodaidzwa kuti Makristu. Kune godo neruchiva, kufungira kwakaipa, kunyengera, kurambana pakati pevakarovorana, kutevedzera vanoita zvakaipa, kumukirana kusatendeka pazvinhu zvitsvene sezvinotarisirwa, nekuchiva kukuru; Nzira dzese dzemirairo yezvekunamata nedzidziso izvo zvinofanira kuumba nheyo nekuwaridzwa pasi semavambo ehupenyu hwekugarisana, zvinoita sekuti hakuna kwazvinoenda zvava pedyo kuparara.

Matsotsi makuru, kana akaiswa mujeri nekuda kwezvaaka kanganisa vanotanga kugashira zvipo nekushanyirwa kakawanda zvinoita sekuti vaita chinhu chakanaka kwazvo. Mhosva dzavo nehunhu hwavo zvinotaurwa nekushambadzirwa, nekunyatso kurondedzerwa maitikire azvo zvikuru. Mapepanhau anotaura nezvazvo kakawanda zvekuti vamwewo vanotodzidzawo tsika dzekunyengera, kuba nekupamba, nekuponda; Satani opembera nekuzvirumbidza mukubudirira kwake mukukonzera vanhu kuita mabasa akaipa kudai. Kufarira zvakaipa, kufarira kuvuraya vamwe zvisina hanya, kukuru kwekusazvidzora nehuipi hwemarudzi ose hune zviero zvose, zvinofanira kumutsa vanotya Mwari, kuti vabvunze kuti chii chingaitwa kuti zvakaipa zvimiswe.

Matare edzimhosva ava nehuori. Vatungamiriri vave kusundwa nekuda pfuma nekubudirira nekuda mafaro akaipa. Kusazvidzora kwaputira pfungwa dzevanhu vazhinji, zvinoita kuti Satani abve ave nesimba rose pamusoro pavo. Vatongi mumatare edzimhosva havachina kururamisa vava kupihwa fufuro kuti vatadze kutonga mhosva zvakanaka. Kudhakwa nekufarira mitambo, pane zvinoridzwa neruzha nekupembera, hasha, godo, kusavimbika kwemarudzi ose, zvazara pakati pevanhu vanofanira kuchengetedza mitemo. “Kururamisa kunoonerwa kure kwazvo; nekuti chokwadi chadonhera mumugwagwa,nekuenzanisa hakungawanikwi” Isaya 59:14.

Kusarurama nerima rekusaziva Mwari zvakambovepo mazuva ekutonga kweRoma aive matuso ekurambidza kwayo Magwaro; Asi chichawanikwa kupiko chikonzero chekusatendeka munzvimbo zhinji, kuramba murairo waMwari, nehuori huriko, pasi pechiyedza chevhangeri munguuva yekunamata kwakasununguka? Zvino nekuti Satani haachagoni kuramba akaisa nyika pasi pehutongi hwake nekurambidza kuverengwa kweMagwaro, anoshandisa dzimwe nzira kuti abudirire pachinangwa chake chimwe chete ichocho. Kuparadza kutenda muBhaibheri kunomubatsira zvakangofanana nekuparadza iro Bhaibheri pacharo. Nekuunza dzidziso yekuti mutemo waMwari hauchina basa, ari kutotungamira vanhu kuti vatadze zvakangofanana nekuita sevasingatombozivi nemurairo uyu. Iko zvino semakore ekare, oshanda kuburikidza nemakereke kuti zvinangwa zvake zviyenderere mberi. Masangano ekunamata emazuva ano anoramba kuterera kuchokwadi chisingafadzi vazhinji chinowanikwa pachena chena.

Mumagwaro uye mukupikisana kwavo nechokwadi ichi nedudziro nekunzwisisa zvinodyara mhodzi dzekusatenda. Vachibatirira kumanyepo evana Papa ekuti munhu haafi zvirokwazvo, zvakare nekuti vakafa vanoziva vakaramba chidziviriro choga kukunyengera kwezvemweya midzimu nemashai. Dzidziso yekutambudzwa nekusingaperi kwevatadzi yatungamirira vazhinji kuti vasadaire muBhaibheri. Uye panodzidziswa murairo wechina, unokurudzira vanhu kuti vachengete Sabata rezuva richinomwe, senzira yekuzvisununguka kubva pabasa iro ravasingadi kuita, vadzidzisi vazhinji vane mukurumbira vanoti murairo waMwari hauchina basa. Nekuita izvi vanorasira kure mutemo neSabata. Apo basa rekudzosera vanhu mukuchengetwa kweSabata rinoenda mberi, kurambwa uku kwemurairo mutsvene kuitira kuramba murairo wechina kuchapararira pasi rose. Dzidziso dzevatungamiriri vezvekunamata dzazarura masuwo kukusatenda, kune zvemweya, kumidzimu nemashai, nemukushora murairo mutsvene waMwari; uye pamusoro pevatungamiriri ava pane mhosva inotyisa nekuda kwezvivi zviri Mumakristu.

Asi boka irori rinoparadzira manyepo ekuti kusarurama kwawanda kudai kuri kukonzerwa nekuzvidzwa kweravanoti “Sabata remaKristu” Uye kuti kumanikidzirwa kwekuchengetwa kweSvondo seSabata kuchaita kuti tsika dzevanhu dzive nani. Kutaura uku kunokurudzirwa zvikuru muAmerica, umo dzidziso yesabata rechokwadi yaparidzwa zvikuru kupfuvura kumwe kose. Umo nyaya yekuzvidzora, iri imwe yenzira dzin kwazvo

dzine mukurumbira mukushandura magariro evanhu inowanzosanganiswa nemisangano yezvekuchengetwa kweSvondo, avo vanokurudzira kuchengetwa kweSvondo vanozviratidza sevanhu vari kushandira kusimudzirwa kwemagariro evanhu vose; uye avo vanoramba kubatana vano vanotorwa sevavengi vezvekuzvidzora nekushandurwa kwemagariro evanhu. Asi kuti boka riri kuvaka manyepo, riri kufamba mukati mebasa rakazvinakira pacharo, hachisi chikonzero chingangoshandiswa kutsigira zvakaipa nenhema. Tinogona kusanganisa muchetura nekudya kwakanaka, asi izvi hazvishanduri chimiro chemuchetura. Izvi zvinotove nenjodzi yakanyanya nekuti munhu anogona kudya muchetura wacho asingazvifungidziri. Ndeimwe yenzira dzinoshandiswa naSatani dzekusanganisa manyepo nekachokwadi kadiki diki kuti zvigashirike. Vatungamiriri vemisangano inokurudzira kuchengetwa kweSvondo vanogona kukurudzira shanduko dzinodiwa nevanhu, zvimiso zvinowirirana neBhaibheri; asi mukati mazvo muine zvinopikisana nemurairo waMwari, vanhu vaMwari havagoni kubatana navo. Hakuna chingava ruramisa pakuisa murairo waMwari parutivi vachisimudzira mirairo yevanhu.

Mumanyepo maviri makuru aya, kusafa kwemweya wemunhu nekuyereswa kweSvondo, Satani achaisa vanhu pasi pesimba remanyepo ake. Kusafa kwemweya kuchiisa nheyo yezvemweya nemidzimu nemashai, kuera kweSvondo kunounza kubatana nekunzwirana neRoma makereke echiProtestant. (Vakabva mukereke yeRoma) vari muAmerica ndivo vachave pamberi mukutandavadzira maoko avo kuti vabatane nezvemweya nemashai nemidzimu; vachadzika kuenda mugomba rakadzika dzika kuti vabatane maoko avo nesimba reRoma. Uye nekubatana uku kutatu, nyika iyi ichatevera mumatsiko eRoma ekutambudza vanhu nekurambidza vanhu kunamata vakasununguka sezvinodiwa nepfungwa dzavo.

Zvemweya nemashai pazvinoshanda zvichitevedzera chiKristu chemazuva ano zvinowana simba rakawedzera rekunyengera nekubata pfungwa dzevazhinji. Satani pachake anoshanduka achiteedzera zvinhu zvinoitwa mazuva ano. Achawonekwa muchimiro chemutumwa wechiyedza. Kuburikidza nemasimba ezvemweya izvi nemidzimu nemashai, zvishamiso zvikuru zvichaitwa, vanorwara vachaporeswa, neminana mikuru isingarambiki icharatidzwa. Sezvo mweya iyi inenge ichiita seinodaira muBhaibheri, nekuratidza kuremekedza hurongwa hwekereke, mabasa ayo achagashirwa sesimba raMwari.

Mazuva ano musiyano pakati pevanozviti Makristu ava nevasinganamati zvachose uri kunetsa kuwonekwa. Nhengo dzesangano dzinodavo zvinodiwa nenyika, uye haazenguriri kubatana navo, naSatanivo akazvimisira kuvabatanidza kuita chinhu ichi chimwe chete zvinosimbisa chinangwa chake nekutsvairira vose mubasa remashayi nemidzimu. Vana Papa vanorumbidza zvishamiso sechimwe chezviratidzo chekereke yechokwadi, vachanyengedzwa nesimba iri rinoita zvishamiso; MaProtestantvo, nekuti vakarasa nhovo yechokwadi, vachatorwawo mumanyepo aya. Vana Papa, MaProtetsant, nevenyika vose

vachagashira mufananidzo wekunamata uyu, asi vasina simba racho, vachaona mubatanidzwa uyu seboka guru richaunza kutendevuka kwenyika yose kuti nguva yemakore 1000 ichatanga yanga yakamirirwa kwenguva yakareba. Kuburikidza nezvemweya, nemashai nemidzimu, Satani anowonekwa semubatsiri mukuru wemarudzi, achiporesa zvirwere zvevanhu, achiita sekuti anouya nenzira itsva yakasimukira yekunamata nekutenda; asi panguva imwecheteyo achishanda semuparadzi. Miyedzo yake iri kutungamirira vazhinji mukuparara. Kusazvidzora kunobvisa kufunga; kufarira zvakaipa, kunetsana, nekudeura ropa zvochitevera. Satani anofarira hondo; nekuti hondo inomutsa shungu dzakashatisa muvanhu, nenzira iyoyo anotsvairira mukuparara nekusingaperi vanenge vakanyura muzvakashata nemuropa. Chinangwa chake chekukurudzira ndudzi kuti dzirwisane; kuti agone kubvisa pfungwa dzevanhu kubva mubasa rekugadzirira kumira pazuva guru raMwari.

Satani anoshandisawo zvinhu zvakasikwa kuti awunganidzire mudura rake vanhu vasina kugadzirira. Akadzidza zvakavanzika zvezvisikwa, uye anoshandisa simba rake rose pamusoro pazvo kusvika paanenge abvumirwa naMwari. Paakabvumidzwa kuti atambudze Jobo, makwai, mombe, varanda, dzimba, nevana, zvakatsvairwa nekukasika, dambudziko richitevera rimwe nekukasika kunotyisa. NdiMwari anodzivirira Zvisikwa zvake nekuzviisira ruzhowa kubva kusimba remuparadzi uyu. Asi maKristu aratidza kuzvidza kwavo mutemo waJehova; Saka Ishe achaita zvaakataura kuti achaita;- Achabvisa zvikomborero zvake panyika, nekubvisa kuchengetedza kwake pane vanopandukira murairo wake nekudzidzisa nekumanikidzira vamwe kuti vaiite saizvozvo. Satani ane simba pamusoro pevanhu vose avo Mwari asina kuchengetedza. Achavapa vamwe kubudirira, kuti zvidiso zvake zvienderere mberi; uye achaunza matambudziko pamusoro pevamwe, otungamirira vanhu kuti vadaire kuti ndiMwari anovarwadzisa.

Achizviratidza pamberi pevanhu semurapi mukuru anokwanisa kurapa zvirwere zvavo zvose, achaunza zvirwere netsaona kusvikira maguta akazara nevanhu aparadzwa kuita matongo. Kana nazvino atori pabasa. Mutsaona mumakungwa nepanyika, nemazimoto anoparadza munzvimbo zhinji madutu makuru anotyisa kwazvo nechimvuramabwe chinoparadza kwazvo, mumafashamu emvura nekuvhuvhuta kwemhepo dzine simba huru dzinotakura masayi-sayi makuru emvura nekudengenyeka kwenyika munzvimbo dzose nemuzvimiro zvizhinji. Satani ari kushandisa simba rake. Anoparadza zvirimwa zvaibva, nzara nekushushikana zvichitevera. Anokanda mumhepo hutachiona hunouraya zviuru zvoparara nehosha. Zvinhu izvi zvichaitika kakawanda munguva zhinji uye zvichiparadza chaizvo. Kuparara kuchava pamusoro pevanhu nemhuka. “Nyika inochema nekusvava, pasi pose panopera simba nekuwoma, vanhu vane manyawi . . . venyika vanopera simba. Nyika yakasvibiswawo nevagere mairi; nekuti vakadarika mirairo, vakashandura mitemo, nekuputsa sungano isingaperi” Isaya 24:4, 5.

Zvino munyengeri mukuru uyu achakonzera vanhu kuti vafunge kuti avo vanonamata Mwari ndivo vanokonzera zvakaipa zvose izvi. Boka iri rakamutsa kutsamwa kwaMwari richapomera kuti matambudziko aro akakonzereswa nevanochengeta mitemo yaMwari nekuti kuteerera kwavo mirairo yaMwari kunovatsiura nguva dzose. Kuchatemwa chirevo chekuti vanhu vanotsamwisa Mwari nekusachengeta Svondo-sesabata; uye kuti chitema ichi chakonzera matambudziko asingazoperi kusvikira mutemo wekuchengeta Svondo wamanikidzwa nesimba; uye kuti avo vanotaura nezvemurairo wechina, vachishaisa ruremekedzo pazuva reSvondo, vatambudzi vevanhu, vanokanganisa vanhu kudzorerwa kuhukama hwakanaka naMwari nekupiwa kubudirira panyika ino. Saka kupomerwa kwakaitwa muranda waMwari kare kuchadzokororwa, vachishandisa zvikonzero zvakanyatsorongwa. Zvino Ahabi akati achivona Eria, Ahabi akati kwaari, “Ndiwe here, iwe mutambudzi waIsraeri? Iye akati, Ini handina kutambudza Israeri; asi ndiwe neimba yababa vako, nekuti makasiya mirairo yaJehova, mukatevera vaBaari” 1 Madzimambo 18:17, 18. Hasha dzevanhu padzichamutsa nekupomera kwenhema, vacharongera vanhu vaMwari sezvakamborongwa nevaIsraeri vakanga varasika vachirongera Eria zvakashata.

Mabasa emashura achaitwa nemasimba emweya, emashai nemidzimu achakurudzira kumukirwa kwevanoteerera Mwari vachiramba kuterera vanhu. Mweya yakaipa ichataura kuti yatumwa naMwari kuti ibatsire avo vanoramba Svondo pakukanganisa kwavo, ichisimbisa kuti mitemo yemunyika inofanira kutererwa semutemo waMwari. Vachachema nekuipa kukuru kuri munyika, nekutsigira huchapupu hwevadzidzisi venhema, hwekuti kudzikira kwehunhu kuri munyika kwakonzerwa nekuzvidza Svondo. Kuchave nekutsamwa kukuru kwekutsamwira avo vanoramba kugashira huchapupu hwemweya yakaipa uhu.

Hurongwa hwaSatani muhondo iyi yekupedzisira nevanhu vaMwari hwangofanana nehwakashandiswa pakatanga hondo iyi kudenga. Ainyepa achiti aishandira kuunza kudzikama muhurumende yedenga, asi pakavanda iye achitsvaka kuipidigura. Basa raaishingairira kuita iye, ndizvo zvaaipomera vatumwa vaiterera. Hurongwa humwechete uhu hwekunyengera hunovonekwa munhoroondo yekereke yeRoma. Vainyepera kuti ndiyo inomiririra mirairo yeDenga pano pasi, asi iyo ichiedza kuzviisa pamusoro paMwari, nekushandura mutemo wake. Pasi peRoma, avo vakavuraiwa nekuda kwekutendeka kwavo kuvhangeri vakashorwa sevaiti vezvakaipa; vakatonzi vane mubatanidzwa naSatani; zvose zvakaedzwa kuti vazvidzwe nekutukwa, kuti vavonekwe mumaziso evanhu nemumaziso avo ivo pachavo sevanhu vakaipisisa matsotsi akazara nehuipi. Saka zvichava saizvozvo ikozvino. Satani achiedza kuparadza avo vanochengeta murairo waMwari, achakonzera kuti vanzi vanotyora murairo waMwari, sevanhu vanozvidza Mwari, nekuunza rutongo panyika.

Mwari haamanikidzi hana yemunhu kana pfungwa; asi Satani akatozvimisira-kuti vanhu vaasingakwanisi kunyengera avabatenekumanikidza nehutsinye. Kuburikidza

nekutya kana nekumanikidza anotsvaka kutonga pfungwa, nekuzvitsvakira rukudzo nekuremekedzwa. Kuti abudirire mazviri anoshandisa masimba ose ezvekunamata neenyika, achivakonzera kuti vaminikidze kuchengetwa kwemirairo yevanhu inozvidza nekushora mutemo waMwari.

Avo vanoremekedza Sabata remuBhaibheri vachashovorwa sevavengi vemutemo nerunyararo, sevanhu vanoparadza kuzvidzora munharaunda, vachikonzera kusachengetwa kwemirairo yekugarisana nehuwori, nekukonzera kuti Mwari aunze matambudziko panyika. Kuchenjerera nekuzvimisira kwavo kuita zvakanaka zvichavonekwa sekusindimara nekuzvidza vatongi. Vachapiwa mhosva dzekusaterera hurumende. Vafundisi vanoramba simba remutemo waMwari vachaparidzira vanhu kuti kuteerera vari kutonga munharaunda ndizvo zvinodiwa naMwari. Mumatare edzimhosva nemunzvimbo dzekutaura nezvemirairo inotonga vanhu munyika dzavo, vanochengeta mutemo waMwari vachapomerwa zvekunyepera nekupiwa mhosva. Mashoko avo achamonyororwa vachipomerwa kuti vanofunga nekuronga zvakaipisisa.

Makereke echiProtestendi paacharamba zvinobva muBhaibheri zviri pachena zvinotsigira mutemo waMwari, vachatsvaka kunyaradza avo vane kutenda kwavasingakwanisi kukunda vachishandisa Bhaibheri. Kunyange vachitsinzinira meso avo kwazviri, vanenge vave kutora nzira ichatungamirira mukutambudzwa kweavo vanoramba kuita zvinoitwa nemamwe Makristu ose munyika dzose, nekugashira sabata rapapa.

Vakuru vakuru vekereke nevenyika vachabatana mukufufura, kunyengerera, kana kumanikidza vanhu vezvimiro zvose kuti varemekedze Svondo. Kushaikwa kwesimba raMwari kuchatorerwa nzvimbo nemirairo inodzvinyirira. Huwori mune zvematongerwe enyika huri kuparadza rudo rwekururamisira nekukoshesa chokwadi; kunyange muAmerika yakasununguka, vatongi nevanoisa mirairo yekutongana kwevanhu, kuti vadiwe nevanhu , vachaita zvinodiwa neruzhinji zvekumanikidzira kuchengetwa kweSvondo. Kusununguka kwekuzvisarudzira chekunamata, uko kwakadhura zvakadaro, hakuzoremekedzwi. Muhondo yave pedyo kusvika tichavona mashoko emuprofita achiitika, “Zvino shato yakatsamwira mukadzi, ikaenda kunorwa nevamwe vana vake, vanochengeta mirairo yaMwari, nevanobata kupupura kwaJesu” Zvakazarurwa 12:17.

Chitsauko 37 Magwaro ndiwo anogona kutichengetedza

“Dshoko iri, havangavi nechiedza chemangwanani, Isaya 8:20. Vanhu zokerai kumurairo nekuzvipupuriro! Kana vasingatauri sezvinoreva vaMwari vanonongedzerwa kumagwaro sechidziviriro chavo kubva kukukweva kwedzidziso dzenhema, nekubva kusimba rinonyengera remweya yerima. Satani anoshandisa nzira dzose kuti adziviirire vanhu kubva mukuwana ruzivo rweBhaibheri; nekuti kutaura kwaro kunonzwisisika, kunoburitsa pachena kunyengera kwake. Pakumutsirirwa kose kwebasa raMwari, muchinda wezvakashata uyu anodenhwa kuti ashande zvakawomarara; saka ikozvino ari kuisa simba rakawedzerwa kuti arwise kekupedzisira Kristu nevateveri vake. Kunyengera kukuru kwekupedzisira kuchabudira kwatiri nguva pfupi inotevera. Andikristu achaita mabasa ake anoshamisa pamberi pedu. Manyepo ake anenge akada kufanana nechokwadi zvekuti zvichanetsa kuona musiyano wawo nechokwadi kana kusina kushandiswa Magwaro Matsvene. Zvishamiso zvose nemashoko ose zvinofanira kuedzwa nekupupura kweMagwaro.

Vachazvimisira kuterera mitemo yaMwari yose, vachapikiswa nekusekwa. Vanogona chete kumira muna Mwari. Kuti vagone kutsungirira pakuedzwa kuchavuya, vanofanira kunzwisisa kuda kwaMwari sekuzarurwa kwazvakaitwa mushoko rake; vanogona kumukudza chete kana vane pfungwa yakajeka pamusoro pechimiro chake, hurumende, nezvinangwa zvake, vachiita zvinoenderana nazvo. Hapana achamira pakurwisana kukuru kwekupedzisira kunze kwevanhu vakakomberedza pfungwa nehana dzavo nezvokwadi yemuBhaibheri. Munhu wose achaidzwa nemiedzo unoti: “Ndoterera Mwari here kana kuti munhu?” Nguva iyi inokosha yatosvika. Ko tsoka dzedu dzakatsika here padombo reshoko raMwari risingashanduki? Takazvimisira takashinga here kutsigira mitemo yaMwari nekutenda kwaJesu.

Jesu asati aroverwa pamuchinjikwa akatsanangurira vadzidzi vake kuti aizovurawa ozomuka kubva muguva, uye vatumwa vaivepo kusimbisa mashoko ake muhana nemupfungwa dzavo. Asi vadzidzi vaitarisira kudzikinurwa kwepanyama kubva pahuranda hwevaRoma, saka vakanga vasingadi kugashira pfungwa yekuti munhu wavaivimba naye nguva dzose ozofa zvinonyadzisa zvakadaro. Mashoko avaifanira kurangarira akadzimika mupfungwa dzavo: Saka pakauya nguva yekuedzwa yavakawana vasina kugadzirira. Kufa kwaJesu kwakaparadza tariro yavo kuita sekuti akanga asina kutombovataurira nezvazvo. Saka muzviprofita remangwana redu rakazarurwa zvakajeka sezvazvakanga zvakaitavo panguva yevadzidzi nemazwi aJesu. Zviitiko zvakanangana nekupfigwa kwemutsa, nebasa rinodiwa kugadzirira nguva yenjodzi zvakaiswa pachena. Asi vanhu vazhinji havanzwisisi chokwadi ichi chinokosha kuita sekuti hazvina kumboratidzwa pachena. Satani anotsvaka mukana wekuti abvise zvose zvingachenjedza kuti vaende kuruponeso, nenguva yenjodzi ichavavona vasina kugadzirira.

Kana Mwari achitumira vanhu yambiro dzinokosha zvekuti dzinoita sedzaparadzwa nevatumwa vatsvene vachibhururuka pakati pedenga, anoda kuti munhu wose akapiwa njere nesimba rekufunga aterera mashoko aya. Rutongo runotyisa runodaidzirwa kune vanonamata chikara nemufananidzo wacho, “Kana munhu akanamata chikara nemufananidzo wacho, nekugamuchira chiratidzo pahuma yake kana paruvoko rwake. Naiye uchanwavo waini yekutsamwa kwaMwari, yakadirwa isina kuvhenganiswa mumukombe wehasha dzake; uchatambudzwa mumoto nesuferi pamberi pevatumwa vatsvene, nepamberi peGwaiana ivo vanonamata chikara nemufananidzo wacho neunogamuchira chiratidzo chezita racho,” (Zvakazarurwa 14:9-11) zvinofanira kuita kuti vanhu vashingaire kudzidza zviprofita kuti vadzidze kuti chiratidzo chechikara chii, uye kuti vangaitei kuti vasachigashire. Asi vanhu vazhinji vanoramba kuterera chokwadi vachitendevukira kungano dzisina maturo. Muapostora Pauro, akatarisa pamuzuva ekupedzisira akataura akati; “Nekuti nguva ichasvika yavacharamba kutendera dzidziso yakarurama, asi, vachida kufadzwa panzeve dzavo, vachizvivunganidzira vadzidzisi pakuchiva kwavo” 2 Timotio 4:3. Nguva iyi yatosvika. Vazhinji havadi chokwadi cheBhaibheri, nemhaka yekuti chinopesana nezvidiso zvemwoyo wechivi unoda zvenyika; saka Satani anovapa kunyengedzwa kwavanoda.

Kunyange zvakadaro Mwari ane vanhu panyika vanoramba vakatsamira paBhaibheri, iro Bhaibheri chete, kuti chive chipimo chedzidziso dzose nehwaro hweshanduko dzose. Pfungwa dzevakadzidza, zvinobuda musainzi, zvimiso nezvirongwa zvinoumbwa nematare emakereke, nekuwanda nekupesana kwavo sezvakangoita makereke acho, kana izwi revazhinji,hapana kana chimwe chezvinhu izvi chinofanira kushandiswa sehuchapupu hwekutsigira kana kuramba dzidziso ipi zvayo pane zvekutenda. Tisati tagashira mutemo kana dzidziso tinofanira kutsvaka tsigiro inoti: “Zvanzi ndizvo zvinotaura Jehova”.

Nguva dzose Satani ari kushingaira kuti vanhu vatarise kumunhu pachinzvimbo chaMwari. Anotungamirira vanhu kuti vatarise kumabishopi, vafudzi, vadzidzi vakuru veBhaibheri sevatungamiriri vavo, pane kuzviverengera nekuzvitsvakira muBhaibheri kuti vadzidze zvavanofanira kuita. Kana Satani abata pfungwa dzevatungamiriri ava anochikonzera vazhinji kuti vaite zvaanoda.

Kristu paakavuya kuzotaura mashoko ehupenyu, vanhuvo zvavo vakamuterera vachifara, nevazhinji pakati pevaprista nevatongi vakatenda maari. Asi vakuru vakuru pakati pevaprista nevatungamiriri venyika vakazvimisira kuzvidza nekusatenda dzidziso dzake. Kunyange vaitadza nguva zhinji kumuwanira mhosva, kunyange vainzwa simba redenga nehuchenjeri hwekudenga mukubata nemumashoko ake, asi vamwe vakaramba dzidziso yake nekuda kwekusangomufarira, nekumushora, vakasarudza kutsinzinira huchapupu hwaiva pachena hwekuti aive Messia nekuti vakanga vasingadi kuva vadzidzi vake. Vaipikisa Jesu ava vaive varume vekuti vanhu vaidzidziswa kubva pahuduku hwavo, kuti vaifanira kuvakudza, vakavakudza nekuvateerera zvisina mubvunzo. Saka vaibvunza

kuti, “Sei vakuru vedu nevanyori vakadzidza vasingatendi muna Jesu? Ko vatendi ava vaitadza sei kumugashira kana aiva Kristu? “ Kunyengerwa kwevadzidzisi ava kwakakonzera kuti maJudha arambe Mudzikinuri wavo.

Mweya waisunda vaprista nevakuru ava uchiri kuvonekwa muvazhinji vanozviti vanamati vakasimba. Vanoramba kutsvaka muMagwaro chokwadi chakakosha ichi chenguva ino. Vanotarisa kuwanda kwavo, upfumi nemukurumbira wavo, votarisa nekushora vateveri vechokwadi kuti vashoma, vari varombo, vasina mukurumbira vane kunamata kunovaparadzanisa nevamwe vanhu vose.

Kristu akazvivona kare kuti kuzvivunganidzira masimba kwevanyori nevaFarise kwakanga kusingazoperi nekuparara kweva Judha. Akavona neziso rechiprofita basa rekusimudzira masimba emunhu kusvikira pakutonga mafungiro nemavonero evanhu, chakazove chituko chikuru mukereke mumazera ose. Nekushora kwake kunotyisa kwevanyori nevaFarise neyambiro yake kuvanhu kuti vasatevera vatungamiriri ava vaiva mapofu, zvakanyorwa seyambiro kumazera aizotevera.

Kereke yeRoma inoti vafundisi chete ndivo vane kodzero yekududzira Magwaro. Nechikonzero chekuti vafudzi voga vanonzi ndivo vanogona kutsanangura shoko raMwari, vanhuvo zvavo vanorambidzwa kuribata. Kana nepo vaparidzi veReformation (veshanduko) vakabatsira kupa Magwaro kuvanhu vose, tsika imwe chete yakachengetedzwa nemaRoma inotadzisa vazhinji vari mumakereke echiProtestant kuti vanzvere Bhaibheri voga. Vanodzidziswa kugashira dzidziso dzaro sekududzirwa kwaro nekereke. Uye kune zviuru zvisingadi kugashira kana chimwe chete zvacho kunyange chiri pachena sei muMagwaro, kana chichipesana nezvinodairwa kana zvinodzidziswa nekereke yavo.

Kana nepo Bhaibheriwo rizire neyambiro pamusoro pevadzidzisi venhema, vazhinji vakasununguka kuisa kuchengetedzwa mweya yavo kuvaFundisi. Kune vanoti vanonamata vakawanda kwazvo vasina zvimwe zvikonzero zvavanopa zvekutenda kwavanoita kunze kwekungoti vakazvirairwa nevatungamiriri vavo vezvekunamata. Vanosiya dzidziso dzaJesu, vachiita sevasingadzioni vachitsamira zvakasimba pamazwi evaFundisi. Ko vaFundisi havatadziwo here. Tingaisa mweya yedu kuhutungamiri hwavo seiko kunze kwekuti tazvivona mushoko raMwari. Kuti ivo vane chiedza? Kushayiwa kushinga kusiya nzira yakapfumbira yenyika zvaita kuti vanhu vakawanda vatevere matsiko evarume vakadzidza kusada kwavo kuzvitsvakira kuti shoko rinoti chii kwavaita kuti vabatwe mumusungo wenhema zvisina tariro yekupukunyuka. Vanovona kuti chokwadi chenguva ino chinonyatsobudiswa pachena muBhaibheri uye vanonzwa simba raMweya Mutsvene richiperekedza panoparidzwa shoko, asi vanobvumira kupikisa kwevafundisi kuvabvisa muchiyedza. Kunyange pfungwa nehana dzavo zvabvuma kuti ichokwadi, vanhu vakanyengerwa ava vanotya kufunga zvinopesana nevafundisi vavo.

Saka mavonere avo, nehupenyu hwavo husingaperi, zvinopararira pakusatenda, kuzvida nekushora kwevatungamiriri vavo.

Satani anoshandisa nzira zhinji dzekuita vanhu nhapwa achishandisa vamwe vanhu. Anosungirira vazhinji kwaari kuburikidza nekuvasunganidza nekushanda kwerudo nevanenge vari mhandu dzemuchinjikwa waKristu. Hazvinei kuti kubatanidzwa uku ndekweruzhinji kunyange kuri kwemubereki kumwana kana kuti kwemwana kumubereki kana kwekuroorana, kana kwekugarisana, asi magumo acho mamwe chete, vanopikisa chokwadi vanoshandisa simba kutonga manamatiro emumwe, zvekuti vaya vari pasi pavo havana kushinga kwakakwana kana kusununguka kutevedzera zvavanonzwa muhana dzavo kuti ndizvo zvinofanira kuitwa.

Chokwadi chaMwari nembiri yake hazvigoni kuparadzaniswa, hazvigoni kuti isu tine Bhaibheri, pamberi pedu kuti tigorumbidza Mwari nenzira dzisiri idzo. Vazhinji vanoti hazvina basa kuti munhu anotenda chii, kana hupenyu hwake hwakanaka chete. Asi hupenyu hunoumbwa nezvaunotenda. Kana chiedza nechokwadi zviri pedyo nesu, isu tichishaya hanya yekuzvinzwa nekuzvivona, tinopedzesera tangochiramba chokwadi chacho; tinosarudza rima pachinzvimbo chechiedza.

“Munhu anoona nzira achiti yakarurama, asi kuguma kwayo inzira dzerufu” Zvirevo 16: 25. Kusaziva hakusununguri munhu kuti atende nhema kana kuita chitema, kana ipo paine mikana yose yekuziva kuda kwaMwari. Munhu kana achifamba osvika pamharadzano pane nzira dzakawanda, paine chibhakani chinomuudza kuti nzira imwe neimwe inoenda kupi. Kana akaramba zvinotaurwa nechibhakani ichii opinda munzira yaangangofunga zvake kuti ndiyo chaiyo zvisinei kuti akaperera zvakadii anofamba nenzira isiri iyo, igomuendesa kusiri iko.

Mwari akatipa shoko rake kuti tizive dzidziso dzaro, nekuzvizivira toga zvaanoda kuti tiite. Pakavuya gweta kuna Jesu, nemubvunzo wake, “Ndingaitei kuti ndiwane hupenyu husingaperi?” Muponesi akamudzorera kuMagwaro achiti, “Murairo unoti kudii? Unoverenga sei” Kusaziva hakugoni kusunungura mukuru kana muduku, kana kuvadzivirira kuchirango chekusaterera mutemo waMwari, mumavoko avo mune bhuku rakatendeka rinotsanangura mutemo waMwari nezvimiso zvawo nezvisungo zvawo. Hazvina kukwana kungove neshungu dzekuita zvakanaka,hazvina kukwana kuti munhu aite zvaanofunga kuti ndizvo zvakanaka, kana zvaanovudzwa nemufudzi kuti ndizvo zvakanaka. Ruponeso rweMweya wake rwuri panjodzi, saka anofanira kunzvera Magwaro oga. Hazvinei kuti anenge achitenda zvakasimba zvakadii hazvinei kuti anotenda wake kuti mufudzi anoziva chokwadi zvakadii, iyi haisi nheyo yake. Ane nzira inezvibhakani zvose zvinonongedzera kwekufamba nako parwendo rwekudenga saka haafaniri kutombofembera pane chimwe chezvinhu izvi.

Ndiro basa rekutanga repamusoro soro remunhu wose anofunga kuti azviverengere Mwagwaro oga kuti azive chokwadi, agozofamba muchiedza ichi, nekukurudzira vamwe kuti vatevere mumuenzaniso wake. Tinofanira kudzidza Bhaibheri zuva rimwe nerimwe nemwoyo wose, tichiedza pfungwa imwe neimwe, nekuenzanisa rugwaro nerumwe rugwaro. Nerubatsiro runobva kuna Mwari, tinofanira kuzvisarudzira zvatinoda kuita panyaya dzekunamata, sezvatichazvipindurira toga pamberi paMwari.

Chokwadi chakanyatsoiswa pachena muBhaibheri, chakasangana nerima nekukahadzika kwakawanda nevanhu vakadzidza, ivo vachinyepera kuita sevane huchenjeri hukuru, vanodzidzisa kuti Magwaro ane zvimwe zvisinganzwisisiki, zvakavanzika, zvaanoreva zvemweya zvisingavonekwi pachena nemutauro wakashandiswa. Vanhu ava vadzidzisi venhema. Ndivo boka rakanzi naJesu, “hamuzivi Magwaro kana simba raMwari” Marko 12:24. Rurimi rweBhaibheri runofanira kududzirwa sezvarunoreva sezvazviri, kunze kwekuti paine mufananidzo kana chimwe chinomiririra zvakanyorwa. Kristu akapa chitsidzo, “Kana munhu achida kuita kuda kwake, uchaziva dzidziso dzaMwari” Johane 7:17. Kana vanhu vakatora Bhaibheri sezvarinotaura, kudai pasina vadzidzisi venhema vanovanyengera nekukanganisa pfungwa dzavo, basa raingapedzwa rinoita kuti vatumwa vafare,uye vaingaunza mudanga raKristu zviuru nezviuru nhasi zviri kudzungaira murima.

Tinofanira kuisa masimba ose epfungwa dzedu mukudzidza Magwaro, tichiita kuti pfungwa dzinzwisise, kusvika patingakwanisa sevanhu, zvinhu zvakavanzika zvaMwari; asi tinofanira kurangarira kuti kupfava kwemwana muduku nekuzviisa pasi ndiwo mweya wechokwadi wemudzidzi wechokwadi. Zvakaoma kunzwisisa zvemuMagwaro, hazvigoni kunzwisisika nenzira dzakafanana nedzinoshandiswa mukupindura mibvunzo yenyika ino. Hatifaniri kupinda mukudzidza Bhaibheri nekuzvivimba kunoitwa nevazhinji mukudzidza kwayo zvesainzi, asi nekunamata kukuru nekutsamira pana Mwari, nechidiso chakaperera chekudzidza kuda kwake. Tinofanira kuuya tine mweya wakazvirereka unodzidzisika kuti tiwane ruzivo kubva kuna NDICHAVA IYE WANDICHAVA. Kana zvikasadaro vatumwa vakaipa vachapofumadza pfungwa dzedu nekuwomesa mwoyo yedu zvekuti chokwadi hachitibati.

Ndima dzakawanda muMagwaro dzinonzi nevakadzidza chaizvo hadzinzwisisiki, kana kuti dzavanopfuvura vachiti hadzina basa, dzakazara nekunyaradza nekuraira kune uyo akadzidza muchikoro chaKristu. Chikonzero nei vadzidzi vakuru veBhaibheri vasinganzwisisi shoko raMwari zvakanaka ndechekuti, vanotsinzina meso avo kuchokwadi chavasingadi kurarama. Kunzwisisa Bhaibheri hakuna kutsamira zvikuru pakupinza kwenjere dzinoshandiswa mukudzidza, sezvingaitika kana munhu ane chinangwa chimwechete chekutsvaka kururama nemwoyo wose.

Bhaibheri harifaniri kumbodzidzwa pasina munamato. Mweya Mutsvene oga ndiye anokwanisa kutiita kuti tinzwe kukosha kwezvinhu zvirinyore kunzwisisa, kana kutibatsira kuti tisaita mutsimba nechokwadi chakaoma kuzvinzwisisa. Ibasa revatumwa vekudenga kugadzirira mwoyo yedu kunzwisisa shoko raMwari zvekuti tibatwe nerunako rwaro, nekukurudzirwa neyambiro dzaro nekumutsiridzwa, nekupiwa simba nezvitsidzo zvaro. Kukumbira kwemunyori wePisarema kunofanira kuva kwedu, “Ndisvinudzei meso angu, kuti ndione Zvinhu zvinoshamisa zviri pamurau wenyu” Pisarema 119:18. Miyedzo inoita seyakaoma kukurira nguva zhinji, nekuti nekusadzidza shoko raMwari nekusanyengetera, munhu anoyedzwa haagoni kukurumidza kurangarira zvitsidzo zvaMwari zvinomugonesa kumira achidzivisa Satani nenhumbi dzekurwa nadzo dzeMagwaro. Asi vatumwa vakakomberedza avo vanoda kudzidziswa zvinhu zvitsvene, nemunguva yekuedzwa kukuru, vanovarangaridza chokwadi chinodiwa panguva iyoyo. Zvino “kana muvengi achivuya Mweya waMwari uchasimuka serwizi runodira, runokukura” Isaya 59:19.

Jesu akavimbisa vadzidzi vake, “Asi Munyaradzi, Mweya Mutsvene, uchatumwa naBaba muzita rangu, iye uchakudzidzisai zvose, nekukuyevudzirai zvose, zvandakareva kwamuri” Johane 14:26. Asi dzidziso dzaJesu dzinofanira kugara dzave mumwoyo kare, kuti Mweya waMwari akurangaridze munguva yenjodzi. “Shoko renyu ndakariviga mumwoyo wangu,” Davidi anodaro, “kuti ndirege kukutadzirai” Pisarema 119:11.

Vose vane hanya neruponeso rwavo vanofanira kugara vakangwarira zvingangounza kutenda. Nheyo dzechokwadi pachadzo dzinozungunutswa. Hazvikwanisiki kurarama munhu asingasvikirike nekushorwa nenhema dzine vuchenjeri hwenyika ino pamwechete nedzidziso dzakavanda dzinoparadza dzekusatenda dzemazuva ano. Satani anoita kuti miyedzo yake ikwane mumapoka ose evanhu. Anozvisvitsa kune vasina kudzidza semusere kana sejee nekuseka kusina maturo, kune vakadzidza achienda nemibvunzo inoda huchenjeri hwenyika nemhinduro dzinobva musainzi achizviita kuti vanhu vashaye rutendo muMagwaro. Kunyange vechiduku vasati vaziva zvakawanda muhupenyu vanomutsa kukahadzika mumirairo yenheyo dzechiKristu. Kusatenda uku kunovuya kune vechiduku, kana nepo kusina midzi, kune simba. Vazhinji vanokonzerwa nako kuti vaseke kutenda kwemadzibaba avo, nekuita zvakapesana neMweya wenyasha, VaHeberu 10:29. Vazhinji vaifanira kuva ruremekedzo kuna Mwari nechikomborero munyika vakanganiswa nemweya wakaipa wekusatenda. Vose vanovimba nemweya wekuzvikudza munjere dzemunhu, nekufunga kuti vanogona kutsanangura zvakavanzika zvehuMwari, nekuwana chokwadi pasina rubatsiro runobva kuhuchenjeri hwaMwari, vanowira mumusungo waSatani.

Tiri kurarama munguva yakaipisisa yenyika ino. Magumo evazhinji zhinji wenyika ino ave pedyo kusarudzwa. Remangwana redu, neruponeso rwevamwe vanhu zvakatsamira panzira yatiri kufamba nhasi uno. Tinofanira kutungamirirwa neMweya wazvokwadi. Muteveri waKristu wose akatendeka anofanira kubvunza, “Ishe munoda kuti

ndiitei?” Tinofanira kuzvininipisa pamberi paJehova, nekuzvinyima zvekudya nekunyengetera, nekutora nguva tichifungisisa nezveshoko raMwari, zvikuru sei panguva yerutongo. Tinofanira kutsvaka hukama hwakasimba nezvinhu zvaMwari. Hatina kana nguva yatinofanira kurasikirwa nayo. Zvinhu zvinokosha zviri kuitika pakati pedu; tiri panzvimbo yakaroiwa naSatani. Musarara, varindi vaMwari; muvengi akamirira mukana ari pedyo pedyo, akamirira kuti ingava nguva ipi zvayo, ukangoshaya simba nekukotsira zvishoma, anoda kukusvetukira nekukuparadza.

Vazhinji vanonyengedzwa pamusoro pechimiro chavo chaicho pamberi paMwari. Vanozvikorokotedza pamusoro pezvakaipa zvavasina kuita vachikanganwa kuverenga zvakanaka nezvinorumbidzwa zvavanotarisirwa naMwari kuti vaite, asi zvavasina kuita. Kungova kwavo miti iri mumunda waMwari hazvina kukwana. Vanofanira kuita zvaanotarisira nekubereka michero. Anovapa mhosva yekusaita zvose zvakanaka zvavaikwanisa kuita, kuburikidza nenyasha dzake dzichivapa simba. Mumabhuku ekudenga vakanyorwa sevatambudzi vemunda. Asi kana kune ivava kuchine tariro.

Kwavari nekune avo vakashaya hanya nemutsa wake nekushora nyasha dzake, mwoyo murefu wake weRudo uchiri kudaidzira. “Saka iye unoti: Muka iwe uvete, muka kuvakafa, Kristu achakupa chiedza. Naizvozvo chenjerai kwazvo pakufamba kwenyu, . . . mungwarire nguva yenyu, nekuti mazuva akaipa” VaEfeso 5:14-16.

Kana nguva yekuedzwa yasvika, vose vakatora shoko raMwari semurairo wekurarama nawo vachavonekwa. Muzhizha hapana musiyano pakati pemiti isingadonhedzi mazhizha nemimwe miti; asi kana chirimo chave kuuya, inoramba yakasvibira haishanduki, mimwe miti painenge ichidonhedza mazhizha ayo. Saka anonyepera kunamata haangagoni kuvonekwa kusiyana kwake neMukristu akaperera nhasi, asi nguva yatosvika pachavonekwa kusiyana kwavo. Regai vanopikisa vavepo, regai ruvengo nekuzvikudza kubate hushe, regai kutambudzwa nekushungurudzwa kwevatsvene kutange, avo vasina kutenda chaiko nevainyepera kunamata vachawira pasi nekusiya kutenda, asi Mukristu wechokwadi uchamira akasimba sedombo, kutenda kwake kuchitowedzera kusimba, tariro yake ichitowedzera, kupfuvura munguva yerugare.

Muimbi anoti: “Nekuti zvipupuriro zvenyu ndizvo zvandinofungisisa.” “Pazvirevo zvenyu ndinowana njere; Saka ndinovenga nzira dzose dzenhema” Pisarema 119: 99, 104. “Munhu, awana uchenjeri, anomufaro, naiye munhu, anowana njere.” “Nekuti uchava semuti wakasimwa pamvura, unotuma midzi yawo kurwizi, usingatyi kana kupisa kuchisvika, asi mashizha awo achava matema; haungarangariri pagore rekusanaya kwemvura, kana kurega kubereka zvibereko” Zvirevo 3:13; Jeremiya 17:8.

Chitsauko 38 Yambiro yekupedzisira

“Nguru, nyika ikavhenekwa nokubwinya kwake. Akadaidzira nezwi guru, dakaona mumwe Mutumwa achiburuka kubva kudenga, ane simba achiti, ‘rawa rawa Bhabhironi, guta guru, rakaita nzvimbo inogara mweya yakaipa, rakaita jeri remweya inotadza, nenzvimbo yekugara yeshiri dzose dzakasviba uyezve dzakavengwa!’ ‘Ndakanzwa zvekare rimwe izwi richibva kudenga richiti ‘budai muguta iri vanhu vangu, pamwe mungaita mugove muzvitema zvaro, mozowirwa nematambudziko aro.’” Zvakazaruwa 18:1,2,4.

Gwaro iri rinonongedzera kunguva yekuwa kweBhabhironi kwakataurwa nemutumwa wechipiri munaZvakazarurwa 14:8 apo kuwa kweBhabhironi kuchadzokororwa, pamwe nekuwedzera kwekutaurwa kwezvakaipa zvirikupinda mumabato akasiyana-siyana ari muBhabhironi kubva pakapihwa shoko muna1844. Kuipa kukuru munyaya dzekutenda kunotsanangurwa. Mukuramba chokwadi mifungo yevanhu ichaipa, moyo yavo ichawedzera kuoma, kusvika vaoma moyo kusvika pakugumisira. Mukusateerera kuraira kwakapihwa naMwari, vacharamba vachityora mumwe wemitemo yaMwari kusvika pakutambudza vanochengeta mutemo iwowo. Mukuzvidzwa kweshoko raMwari pamwechete nevanhu vake, Kristu ndiye anenge achizvidzwa iye pachake. Makereke mukugamuchira kuti vakafa vanotaura nevapenyu kunenge kuri kudzorwa kwemoyo inoda zvepanopasi kunobviswa mhiko yechitendero inoshanda kuvharidzira chitema. Kutenda mumweya yemuchadenga kunovhurira mweya yakaipa musuwo pamwechete nedzidziso dzaSatani nekudaro kubata kwemweya yakaipa kunooneka mukereke.

Bhabhironi mukutaurwa kwaro muchiporofita inonzi “zvivi zvake zvakasvika kudenga Mwari akarangarira kudarika kwake.” Zvakazarurwa 18:5. Yakazadza mukombe wezvivi zvayo naizvozvo igere kuparadzwa. Asi Mwari achinevanhu vake muBhabhironi, naizvozvo asati arova Bhabhironi vakatendeka vake vanofanira kudanwa kuti vabudemo, varege kuva nemugove nezvitema zvavo uye “vasatambudzwe pamwechete neBhabhironi.” Naizvozvo chiitiko chakamirirwa nemutumwa akabva kudenga achivhenekera nyika nembiri yake nekusheedzera nezwi guru rine simba achitaura zvivi zveBhabhironi. Maererano neshoko rake, kudana kunonzwikwa: “budai imomo vanhu vangu.” Mashoko aya pamwechete neemutumwa wechitatu anotaura nezvechenjedzo yekupedzisira ichapihwa vagari vepanyika.

Nyaya ichaunzirwa nyika inotyisa kwazvo. Masimba epano pasi achibatana kuita hondo nemitemo yaMwari vachataura kuti “vose vakuru, vapfumi, nevarombo, vakasungwa nevatapwa.” Zvakazarurwa 13:16. Vanofanira kuteedza mitemo yekereke kuburikidza nekuchengetwa kwesabata renhema (musi weSvondo).Vese vacharamba kuteerera mitemo iyi vachatambudzwa zvikuru. Pakupedzisira vachanzi vanofanira

kuuraiwa. Nerimwe divi mitemo yaMwari inosanganisira kuchengetwa kweSabata inofanira kuteererwa ichizosimudza hasha dzaMwari kune vasingateereri.

Aninani achatyora mitemo yaMwari achiteera mitemo yemunhu achagamuchira mufananidzo wechikara, anogamuchira chiratidzo chekuteerera masimba aasarudza kuteerera asiri aMwari. Chiziviso kubva kudenga ndechekuti: “kana munhu akanamata chikara nemufananidzo wacho kana kugamuchira mufananidzo wacho, pahuma kana paruoko rwake iyewo uchanwa waini yehasha dzaMwari isina kuvhenganiswa mumukombe wehasha dzake.” Zvakazarurwa 14:9,10.

Hakuna munhu anofanira kutambudzwa muhasha dzaMwari kunze kwekuti anzwa shoko rake iye owomesa moyo wake. Pane vazhinji vasina kuwana mukana wekunzwa chokwadi chinokosha ichi chenguva ino. Kuchengetwa kwemutemo wechina havana kumbokunzwa. Iye anoverenga moyo achiedza nzira dzese haasiye munhu ane chidikwadikwa chekuziva chokwadi achinyengerwa munguva ino yehondo nemuvengi. Mutemo hausi kuzodzvanyirira vasingazive chokwadi nechakaipa. Munhu wese achange ane chiedza chichaita kuti iye asarudze zvaarikuda.

Kuchengetwa kweSabata ndiko kucharatidza kutendeka kwevatendi nekuti ndipo pane kutsungirira kwevatendi sezvo paripo panoda kuyedza kushandurwa naSatani. Kuyedzwa kwekupedzisira pakuchaunzwa kuvanhu ndipo pachaonekwa vanorumbidza Mwari pamwechete nevasingamurumbidze. Mukuchengetwa kweSabata renhema pamwechete nemitemo yenyika vachipikisana nemutemo wechina munhu anenge achiteedzera masimba anopikisana naMwari, kuchengetwa kweSabata razvokwadi mukutererwa kwemutemo waMwari chiratidzo chekutendeka kumusiki. Avo vanoteerera masimba epasi pavanowana chiratidzo chechikara vamwe vachiterera Mwari vanogamuchira chisimbiso chaMwari.

Vaparidzi veshoko rengirozi yechitatu vanoonekwa sevaparidzi vemhangamhanga. Kutaura kwavo pamusoro pekuti kusatererwa kwechokwadi kuchatangira kuUnited States pamwe nekuti masimba enyika neekereke achabatanidzwa vatambudze avo vanoterera mitemo yaMwari. Kwakashevedzerwa sekupenga uye kusina basa. Kwakataurwa zvakasimba kuti nyika ino haisi kuzova kunze kwezvairi—mumiriri wekusununguka kwekunamata. Mubvunzo wekushandurwa kwezuva rekunamata reSabata zvaunotyisa nekutambudza vazhinji asi chiitiko chekushandurwa kwemusi wekunamata zvausingatendwe nevazhinji kwenguva refu chava kusvika naizvozvo shoko rengirozi yechitatu richaisa shanduko yaraisakwanisa kuisa.

Panguva dzose Mwari akatumira varanda vake kuzobvisa zvitema zvese munyika nemukereke. Asi vanhu vanoda zvinhu zvinofadza moyo yavo vacharamba chokwadi. Vaparidzi vakawanda mukupinda kwavo mubasa raMwari vaiva neshungu dzekubvisa zvivi mumakereke pamwechete nemunyika. Vaiva netariro yekuti kuburikidza nekurarama

hupenyu hweChikristu hwakanaka vachadzorera vazhinji kuzvidzidzo zveBhaibheri. Asi mweya waMwari wakauya pamusoro pavo sezvawakaita kunaEria uchimushandisa kuzivisa mambo zvivi zvavo nevanhu vake—havana kumira kuparidza chokwadi cheBhaibheri, zvokwadi yavaisada kutaura nezvayo panguva yakapfuura. Vakava nechido chekuparidza chokwadi pamwechete. Vakasundwa vakava nechido chekuparidza chokwadi, nedambudziko raiva pamberi pevanhu. Shoko ravakanga vapihwa naMwari,v akaritaura vasingatyi kuurayiwa, vanhu vakava neshuwiro yekunzwa mashoko echenjedzo.

Nekudaro shoko rengirozi yechitatu richaparidzwa. Mukuswedera kwenguva yekuti ripiwe nesimba guru, Mwari achashandisa midziyo yakazvininipisa, achitungamirira pfungwa dzevanozvipira kubata basa rake. Vashandi vachapinzwa pabasa nekuzadzwa neMweya Mutsvene kwete nekudzidza muzvikoro. Vanhu vanotenda nekunamata vachasundwa kuti vaende nemoyo unoda vachiparidzira shoko ravakapihwa naMwari. Zvitema zveBhabhironi zvichaiswa pachena. Magumo anotyisa ekuisa kuchengetedzwa kwekereke nemasimba enyika, nenzira dzekutaura nevakafa, kukurumidza kwebudiriro yekugadzwa kwemasimba echiroma (chikara) kuchaiswa pachena.

Mashoko echenjedzo achashungurudza vanhu. Mazana emazana vachaterera vanenge vasina kumbonzwa mashoko akadai. Mukushamisika vanonzwa huchapupu hwekuti bhabhironi ndiyo kereke yakawa nekuda kwezvivi zvayo nekudarika kwayo, nekuda kwekuramba chokwadi chakabva kuna Mwari. Vanhu vachaenda kuvadzidzisi vavo vekare nekutsvakurudza kukuru, “ndizvo here zvinhu izvi?” Vaparidzi nevadzidzisi vavo vachavaudza nyaya, mifananidzo nehuporofita hunonyengera, kuti vavanyaradze mukutya kwavo nekunyaradza pfungwa dzinenge dzavakutsvaga ruponeso. Asi vazhinji mukuramba kwavo kugutsikana nemasimba emunhu vachati “ndizvo zvinotaurwa naMwari,” hubati hune mbiri semaFarise vekare vachazadzwa nekutsamwa kwekuyedzwa kwemasimba avo vachati mashoko aSatani vachifadza vazhinji vanoda zvivi vachivasimudzira kuti vatambudze vaparidzi veshoko raMwari. Mukukura kwehondo ichipinda munzvimbo itsva nemupfungwa mevanhu vanoda kuparadza shoko raMwari. Satani anofara. Simba riri mushoko richatsamwisa avo vanoripikisa.

Masimba achaisa mamwe masimba makuru kuti vaedze kuvharira chiedza vachiti pamwe chinogona kuvhenekera vanovatevera. Nenzira dzose dzavanogona vachazama kumisa nhaurirano dzemibvunzo yakakosha. Kereke ichakumbira masimba enyika, nekudaro vatungamiri venyika neveKereke vachabatana. Mukuswedera kwekuchengetedzwa kwezuva reSvondo kereke ichawana simba, mitemo ichaiswa kuti vanochengeta Sabata vatambudzwe pamwechete nekuiswa mumatirongo, vamwe vacho vachapiwa mibairo nezvinofadza moyo senzira yekubvisa kutenda kwavo asi mhinduro yavo yakatendeka ndeyekuti “titaridzei mushoko raMwari kuti kukanganisa kwedu kuri papi?”— zvakafanana nezvakambokumbirwa naLuther apinda mubipi rakangofanana neiri. Avo vanomiswa mumatare edzimhosva vachimirira kutenda kwavo, vamwe

vachanzwa vachasundwa kusiya zvakaipa kuti vatevere mirairo yaMwari. Naizvozvo chiedza chichaunzwa pamberi pevanezana vasingazive chokwadi ichi.

Vateveri veshoko raMwari vachaonekwa sevapanduki. Mukuvaraidzwa naSatani, vabereki vachaitira hasha kuvana vanotenda muna Mwari. Vatungamiri vachadzvanyirira vashandi vavo vanochengeta shoko raMwari. Kunzwirana kucharega kuvapo, vana vachanyimwa nhaka vachidzingwa pamba. Mashoko aPauro achazadzikiswa: “zvino navose vanoda kunamata Mwari munaKristu Jesu vachatambudzwa.” 2 Timotio 3:12. Vamiriri vechokwadi mukuramba kwavo kuchengeta musi weSvondo, vamwe vachabatwa sevaranda. Mukufunga kwemunhu zvese izvi zvinoita sezvisingaitike, asi Mweya waMwari wekudzora paunobva pavanhu vachava vachishandiswa nasatani uyo anovenga mitemo yaMwari, naizvozvo kuchava neshanduko dzisinganzwisisike. Moyo unogona kuipa kana kutya Mwari nerudo zvikabviswa.

Mhepo huru painoswedera, vazhinji vakatenda shoko rengirozi yeChitatu asi vasina kuzadzwa nekuterera chokwadi vachasiya nzvimbo dzavo voshanda pamwechete nevanopikisa shoko raMwari. Mukubatana nenyika nekudyidzana nemweya yayo, vanoona semaonero enyika; zvino kuedzwa pakunouya, vakagadzirira kusarudza nzira iri nyore, yevanhu vazhinji. Vanhu vane zvipo, vanotaura zvinodakadza, vaimbofarira chokwadi vachashandisa masimba avo kurasa vazhinji. Vanobva vava vavengi vakuru vevavaitenda navo zvimwechete. Apo vachengeti veSabata pavanoiswa mumatare edzimhosva nokudza kwekutenda kwavo, Munguva iyi yekutambudzwa, kutenda kwevaranda vaMwari kuchayedzwa, mukutendeka vachapiwa mashoko eyambiro, vakatarira kuna Mwari neshoko rake bedzi. Pakutaura kwavo vachange vachidzorwa neMweya waMwari uyo unovapa simba kuti vaite basa vasingatye kutambudzwa vachiparidza shoko raMwari.

Havakoshese zvido zvavo kana mazita nehupenyu hwavo asi vanozvipira kuita kuda kwaMwari. Panosimuka mafunge anovarwisa nekushora achiputika pamusoro pavo, vamwe, nekuda kwekuwandirwa nekutsimbirirwa vanoti “ dai takawona zvaizouya kuburikidza nemashoko edu , tingadai takangonyara.” Vanokomberedzwa nezvinorema, Satan anovashungurudza nemiyedzo inotyisa kwazvo. Basa ravakatanga rinotanga kuwoneka serakawoma ringambopedzeke. Vanotyisidzirwa nekuparadzwa, simba nerudo rwekuita basa raMwari rinotuwidzwa, asi havagone kuchadzokera shure. Vachinzwa kushaya simba, nekuva sekunge pasina chavamobatsira vanomhanyira kuna Mwari wamasimbaose kuti vawane simba. Vanorangarira kuti mashoko avakamga vachitaura akanga asiri avo, asi auyo akavati ipai chenjedzo. Mwari akaisa zvokwadi mumoyo yavo saka havangara vachitadza kuriparidza. Zvimwe chete izvozvo ndizvo zvakaitika kumhare dzevhangeri dzakararama shure kwavo ana Wycliffe, Huss, Luther, Tyndale, Baxter, Wesley, vakamge vachikutudzira kuti dzidziso dzose dzekutenda dzinofanira kuidzwa neshoko raMwari uyezve kwakuti vanoramba chese chinenge chisina humbowo hweshoko. Pamusoro pevarume ava kutambudzika kukuru kwakavapo muhupenyu hwavo, asi Havana

kumira pakaumirira zvokwadi yaMwari. Kusiyana kwezvikamu zvenguva munhoroondo yesangano, chimwe nechimwe chinovaka pfungwa yakakosha yezvokwadi, zvichinobatana nezvinenge zvichidiwa naMwari panguva yakafanira. Kazhinjri chokwadi nzira yacho ineruvengo nekupikiswa kwakakura, avakaropfadzwa nechayedza ichochi vakayedzwa zvese nekuropafadzwa. Mwari anopa vana vake chokwadi kunyangwe vanhu varipakabatikana. Voramba kutsikisa chokwadi ichi kuti chishambadzirwe. Mwari oraira veranda vake kuti vaite rukoko rwetsitsi rwekupedzisira Kunyika. Havangarambe vakanayarara kunze kwekuti kana vachida ivo kuparara, vamiriri vaKristu havanga wirwi neshamhu idzi, vanofanira kungoita basa ravo vosiya mhinduro kunaJehovah.

Apo bope rekukupikisa kufamba kwebasa rinonyanya kusimuka vabati ,mubasa raMwari vanoshamiswa; nekuti zvinoita sekunge ndivo vaunza dambudziko. Asi mifungo yavo neshoko raMwari zvinovataurira kuti varimugwara. Kunyangwe miyedzo ichiwanda vanosimbiswa kuramba vakabata kutenda. Apo mutambo unotsvuka ropa kutenda kwavo kusimuka pakubatikana kwenguva, huchapupu hwavo unoti “ hatingatambe neshoko raMwari, kupatsanura mutemo vwake mutsvene, vachiti umwe wakakosha umwe hauna kukosha kuti tiwane kufirwa nenyika,Ishe watinobatira anogona kuti dzinginura, Kristu wakakunda simba renyika;saka tingatya here nyika yakakundwa kare?”

Kutambudzwa mukusiyana kwako imhodzi inokura nekurarama nekuda kwekuvapo kwaSatani asi Chikristu chine simba. Hakana mumhu anogona kukudza nekurumbidza Mwari kunze kwekunge asiya nekubuda musimba repikiso dzewakaipa. Munhu akadaro ngirozi dzewakaipa dzinomusona nemhake yekuti dzinoziva arimubasa ekubvisa vatadzi murufu kuvaunza muupenyu. Asi kana Jesu angora mumiriri wedu mutemberi yekumusoro, simba rekudzora raMweya mutsvene rinonzwikwa muVatongi nemuVanhu. Mweya waMwari uchiri kutonga mitemo yenzvimbo, dai yanga isiri mitemo iyoyi, chimiro chenyika chingadai chakaipa kudarika zvachiri. Apo vatungamiriri vedziNyika vakawanda vamiriri vaSatan, asi Mwari anevabati vake zvekare varipakati pevanotungamirira dzinyika. Muvenge anofamba pavabati vake kuti awone anagpinde sei pakuvhiringa basa raMwari; asi vabativenyika vanotya Mwari varipo kupikisa pfungwa idzodzo dzwewakaipa nesimba guru, ndizvo varume vashoma vakabata mhepo dzewakaipa . avo vanopikisa kuparidzwa kwechokwadi kweshoko rengirozi nhatu vanodziviswa kuti shoko riite basa raro. Pachapihwa chenjedzo yekupidzisira, ichabata pfungwa dzevatungamiri vazhinji vamwe vavo vachatendeuka vototanga kumira nevanhu vaMwari munguva yekutambudzika.

Mutumwa ane basa rekubatanidza pakuparidzwa kweshoko rengirosi nhatu achapenyera nyika yese nekubwinya kwake. Basa repasi rese pano ndipo parinotaurwa nesimba risina chinokanganisa. Boka remaAdvent emakore a 1840-44 rakanga chiratidzo chembiri yesimba raMwari, shoko rengirozi yekutanga rakaenda kuna muvhangeri vanoenda dzimwe nyika, vakagona kuendesa vhangeri pasi tenderere.. kune dzimwe nyika

kwasimuka cgidiso chikuru panezvekunamata kuma 16th century, asi izvi zvichakundwa nesimba reshoko richavapo pa shoko yengirozi yechitatu. Basa richada kungofanana nezuva riya (re pentecosti) apo mvura yekutanga yakapihwa, pakadururwa kwaMweya Mutsvene pakautangisa pekuparidzwa kwevhangeri, zvikakonzeresa kusimuka kwe mvura yekupedzisira iyo ichaiswa panyika pakuibva kwegoho. “ Ngatimuzive, ngatishingaire,kuziva Jehovah;kubuda kwake kwakatemwa sokwamangwanani achauya kwatiri semvura, semvura yekutevera inodiridza nyika.” Hosiya 6:3 “ naizvozvo farai imi vana veZ oni, mufarise mubaJehovah Mwari wenyu, ; nokuti anokupai mudzidzisi wokururama, uye anokunisirai mvura, mvura yokutanga nomvura yekutevera, nomwedzu wekutanga. Joeri 2:23. “ mwari vanoti namazuva okupedzisira, ndichadurura mweya wangu pamusoro pemyama yose,vanakomana venyu navanasikana venyu vachaporofita; majaya enyu acahawona zviratidzo, navatana venyu vacharota hope.” “ zvino kuchaitiaka kuti anai nani anodana zita raIshe acahaponeswa.” Mabasa 2:17,21

Basa guru revhangeri harisi kupera nekuda kwe simba shoma asi nesimba guru raMwari kupfura rakaitika pakutanga kwaro. Zviporofita zvakazadziswa pakunaya kwemvura yekutanga, pakuvhurwa kwekuparidzwa kwevhangeri kunofanira kuzadzisa kunyangwe pakunaya kwemvura yekupedzisira. Ndidzo “nguva dzekuvandudzwa” apo muapostors Petro vachitarisira vanoti “ naizvozvo tendeukai mudzoke, kuti zvivi zvenyu zvidzimwe, kuti mguva dzikusimbiswa dzinobva kunaIshe dzisvike.atume Kristu, iye Jesu akagadzwa kare nekuda kwedu. Mabasa 3:19,20

Varanda vaMwari, nezviso zvavo zvichipenya nekutsaurwa kutsvene, vanofanira kuparidza nguva nenguva nzvimbo ne nzvimbo vachiparidza shoko kubva kudenga. Nezviuru zvemazwi pasi rese renyika chenjedzo ichapihwa kunyika, minana ichaitika,vanorwara vachapora, zviratidzi nezvishamiso zvichatevera vatendi. Satani achashandawo nekunyengera kwake, kunyangwe zvekudzikisa moto kubva kudenga pamberi pavanhu (Zvakazarurwa 13:13) Ipapo vanogara panyika vanofanira kutora hugaro hwavo

Shoko richafamba kwazvo kwete nenharo nekupikisana asi nesimba rezvokwadi raMweya Mutsvene. Nhaurirano dzenyaya dzaiswa pachena. Mhodzi yadyarwa, ikozvino ichamera yokura, yobereka zvibereko. Zvinyorwa zvaipihwa nema missionari zvine simba rakanyanya nesimba rekushandura pfungwa dzemunhu zvakakura, kunyangwe vazhinji vakadziviswa mupfungwa kunyatsogamuchira chokwadi chovasvitsa pakuterera. Ikozvino chayedza chinopinda pese pese, chokwadi chinowonekwa, kubatana kwemhuri, kugarisa zvemasangano. Chokwadi chakakosha kudarika zvose, kunevabati vazhinji vanorwisa chokwadi, asi vazhinji vanomira kurutivi rwaMwari.

Chitsauko 39 Nguva Yekutambudzika

“Nvana vavanhu vako; ipapo nguva yenjodzi ichavapo, isina kumbovaenguva iyo Mikaeri uchasimuka, iye muchinda mukuru unorindira po yakadaro kubva pakumuka kwemarudzia avanhu kusvika panguva iyo; nenguva iyo vanhu vako vacharwirwa, ivo vose vakangorwa mubhuku” Danere 12:1.

Mutsa uchavharwa mushure meshoko rengirozi yechitatu. Vanhu vaMwari vanenge vapedza kuparidza evhangeri. Vanenge vagamuchidzwa mweya mutsvene kekupedzisira, kuti vakwanise kumira pamatambudziko ekupedzisira. Ngirozi dziri kumhanya pose pose mukati medenga. Imwe ngirozi ichadzoka ichideedzera kuti basa rapera apo inenge ichibva mukati medenga. Vose vakarurama vachange vaiswa chisimbiso chaMwari. Jesu anobva amira basa rake rekumiririra mutembere kudenga. Anosimudza maoko ake achideedzera kuti “ Zvapera.” Ngirozi dzose dzichabvisa korona: “ Usina kururama ngaarambe achiita zvisakarurama, unetsvina ngaarambe achisvibiswa wakarurama kaarambe achiita zvakarurama, mutsvene ngaarambe achiitwa mustvene. Zvakazarurwa 22:11. Nyaya dzose dzapera kutongwa. Kristu anenge apedza mumiririra nyaya dzevanhu vake, zvivi zvose zvinenge zvadzimwa. Vanenge vavapedyo kupihwa bushe nesimba. Jesu ari Ishe wemadzishe naMambo wemadzimambo.

Pachava nerima guru panyika yose apo Jesu achabuda mutembere kudenga. Panguva iyi vatsvene vachamira pamberi paMwari vasina mumiririri. Satani anenge apihwa mukana wekushandisa simba rake rose kuvanhu vari panyika. Nyasha dzaMwari dzinenge dzavharwa. Nyika yakazvidza nyasha dzake nerudo rwake, pakuramba mutemo wake. Mweya WaMwari wakapedzisira watama panyika. Vose vakaramba mutemo WaMwari vanenge vasina anovadzivirira kubva kuna satani. Satani achaisa nyika pakutambudza kukuru kwekupedzisira.

Nyika ichaparara kupfuura kuparara kwakaita Jerusalem rekare. Ngirozi imwechete yakaparadza matangwe eEgipta, nyika yose ikazara nekuchema kukuru. Mwari akatumira ngirozi imwechete kuparadza mushure mekunge David amutsa hasha dzaMwari paakaverenga vanhu.

Simba rimwechete rakashandiswa nengirozi tsvene richashandiswa nengirozi dzakaipa kana Mwari vatendera. Pane mweya yakamirira kuparadza nyika kana Mwari vatendera. Vanochengeta mutemo waMwari vachapihwa mhosva yekuunza matambudziko aya panyika. Kuparidza kweyambiro yekupedzisira kuchatsamwisa nyika pamwechete naSatan. Vachavamba kutambudza vana vaMwari. Mweya WaMwari pawakabviswa kubva kuvaJudha, maPrista havana kuzviziva. Kunyangwe vachashandiswa naSatan vacharamba vachifungu kuti vachiri vasanangurwa vaMwari . Vakaramba vachipa zvipiriso paartari dzavo dzakasviba. Vanhu vakaramba mutemo waMwari vacharamba

vachinamata asi mweya mutsvene unenge wabviswa kwavari. Mweya wasatan unenge woshanda pakati pavo uchizviita semweya WaMwari.

Nyika yose ichabatana kurwisa avo vanenge vachichengeta Sabata zuva rechinomwe kuti vachengete Svondo.

Vachataura kuti vanhu vashoma havafaniri kuzvidza dzidziso dzeRoma uye mutemo wenyika yose. Zvirinani kuti vanhu ava vashoma vaparadzwe pakuti nyika yose iwirwe nenyonga nyonga.

Sezvakataurwa naCaiaphas kuti “vuye hamurangariri kuti zvirinani kwamuri, kuti munhu mumwe afire vanhu, rudzi rwose rurege kufa” zvinofanira kuitika kuvanhu vanochengeta murairo WaMwari. Johane 11:50. Pachaiswa chirewo chinosungira vose vanochengeta Sabata kuti varangwe zvakaomara, mushure vozotongerwa rufu.

Kereke yeRoma nevose vakabuda musangano iri vachabatana kuti vatambudze vana vaMwari vanochengeta Sabata. Vana vaMwari vachapinda pakushungurudzika sezvakaita Jacob paakarwa nemutumwa husiku hwose achida kundosangana nemukoma wake. “Nokuti zvakanzi naJehova: Takanzwa inzwi rinodederesa, rinotyisa, risati riri rerugare. . . . Nezviso zvose zvacheneruka. Maiwe! Nokuti zuva iri iguru, hakuna rakafanana naro: inguva yekutambudzika kwaJacob, asi uchasunungurwa pazviri” Jeremiya 30:5-7. Nguva yakanamata Jacob husiku achinamatira kuti asangane naEsau, inomirira nguva yekutambudzika kwevana vaMwari (Genesi 32:24-30). Jacob akanga atiza mukoma wake aida kumuuraya nokuti akanga amubira hudangwe.

Akanga atiza kwemakore akawanda. Mwari akamuraira kuti adzoke kunyika yake nemhuri yake nepfuma. Paakanga avakusvika kunyika kwake akabatwa nekutya kukuru paakanzwa nezvemukoma wake Esau akanga avekuuya nehondo kuzomurwisa. Jacob nemhuri yake vaisakwanisa kurwisa Esau. Jacob akaziva kuti chivi chake ndicho chakanga chamupinza munjodzi iyi. Tariro yake yakanga iri kuna Mwari nepaminamato.

Akaita zvose zvaaigona kuti ayanane nemukoma wake, asaparadzwe nemhuri yake.

Vana vaMwari vanofanira kuita zvose zvinoita kuti vasawanirwe mhosva pamberi paMwari. Jacob akatungamidza mhuri yake mberi kuti awane nguva naMwari zvakare vasawone kushungurudzika kwake. Akakumbira kuregererwa chivi chake, awanirwe nyasha pamberi paMwari paBethel.

Mwari vanokoshesa kuzvininipisa kupfuura kunaka kwekunze. Kusazvidzora nekushamisira chiratidzo chakazara chepfungwa dzinofunga zvenyika ino chete. Izvi zvinounzwa naSatani kuti vanhu vakanganwe ramangwana ratakagadzirirwa naMwari. Kunamata kwekunze ndekwe avo vanemoyo isati yatendeuka. Kuratidzira kweRoma kunesimba rekunyengera vazhinji pakunamata. Vamwe vanotofunga kuti ndiro suwo

rekupinda kudenga naro. Vakaverenga nekunzwisa ndivo vega vanogona kuramba vakamira pachokwadi. Vazhinji vachagamuchira kunamata kwekunyengera uku nekuti ndiko kwavanofarira. Dzidziso yekuti sangano reRoma rinesimba rekuregerera zvivi, yakaita kuti kereke yeRoman irambe ichirarama iri muchivi. Vose vanopfugama vachinamata munhu vanozvidzikisira vachizvidza mweya yavo. Kuita kwakadai ndiko kuchazvidza nyika kusvika yaparadzwa naJehova. Zvirinyore kuvanhu vezvivi kutenga ruponeso nemari pane kureurura zvivi nekuzvisiya. Mutoro unoshuvirwa kutakurwa nevanhu unorema kupfuura joko raKristu. Panekufanana kuripo pakati pekereke yeRoma neye vaJudha. Munguva yaKristu paakauya kekutanga vaJudha vaiputsa murairo waMwari asi vachiita zvose zvaitarisirwa pamitambo yaMoses. Vanokoshesa tsika dzevanhu, vachiremedza vanhu.

Satani achatuma vanhu vake, sezvakaita kunaEsau apo akanga achida kuparadza Jacob, kundo paradza vana vaMwari, achivaisa pakushungurudzika kukuru.

Satan achapomera mhosva kuvana vaMwari, sezvaakaita kuna Jacob. Anenge achida kuparadza kaboka aka kaduku kuti nyika yose ive mumaoko ake zvakazara.

Satani paanoona kuti vana vaMwari vakachengetwa nengirozi tsvene, anotanga kuvarangaridza mhosva dzavakaita, dzikaregererwa kudenga. Anoziva zvivi zvose zvaakakonzeresa vanhu. Anozviisa pamberi paMwari achiwedzereredza. Anonyepa kuti Mwari haagoni kuregerera vanhu zvivi zvavo saka vanhu vose ndevake. Mwari anomutendera kuti avaise pamiyedzo yakasimba.

Kutenda nekutendeka kwevana vaMwari kuchaidzwa zvinesimba. Moyo yavo inobatikana pavano tarisa kumashure vachiwona kukundikana kukuru kwavaiita. Satan anoita kuti vafunge kuti havachina tariro yekuponeswa.

Anenge achida kuparadza tariro yavo yose vabve pana Mwari. Asi vacharangarira shoko raMwari: “ndichakuchengetawo panguva yokuidzwa yodokuuya panyika yose, kuidza vanogara panyika.” Zvakazarurwa 3:10. Kana vainechivimbiso chekurevererwa zvivi, havangadzoki kumashure. Kumativi ose vanonzwa vachirongerwa kuparadzwa.

Vanozvidemba kuti dai vakanyatso shandira Mwari satani aizoshaya mukana wekuvarwisa. Vanonongedzera Mwari pamabasa akanaka nekutendeuka kwavakaita pazvivi zvavo: “Kana asingadaro ngaabate simba rangu, ayanane neni, ngaayanane neni.” Isaya 27:5. Kutenda kwavo hakuzununguswi nekuda kwekunonoka kupindurwa kweminamato yavo. Vanoramba vachinamata. Vanoramba vakabatirira panaMwari sezvakaita Jacob kungirozi. Dai Jacob asina kureurura chivi chake chekubira mukoma wake hudangwe, munamato wake ungadai usina kunzwika kudenga. Dai paine zvimwe zvivi zvisina kuregererwa, vana vaMwari vaishaya simba rekuramba vachinamata kuti vasunungurwe. Kunyange vachiwona vasingakodzori kupukunyuka matambudziko aya

ose, vanoshaya chivi chimwechete chavasina kureurura. Zvivi zvavo zvose zvakarongwa, zvikadzimwa zvekuti havachazvirangariri.

Satani anoita kuti vamwe vanhu vafunge kuti kune zvimwe zvivi zvisina basa pamberi paMwari, asi Mwari vanoratidza panyaya yaJakobho kuti havayanane nezvivi. Vose vanosiya zvivi zvavo zvakanyorwa mumabhuku ekudenga, zvisina kuregererwa, vachakundwa naSatani. Chivi chose chinoita kuti vanhu vasakwanise kumira kana Satani ovaedza. Vose vanononoka kugadzirira mazuva ekutambudzika havazokwanisi kumira panguva iyi. Mamwe makristu vakaramba murairo WaMwari vachasekwa nenyika pavanenge vavekukumbira kuregererwa zvivi nekuda kweku rwadziwa nematambudziko. Kurevurura kwakadai mwakafana nekwa Esau naJudas. Vanochema nekuda kwekutya zvichavawira nekuda kwezvivi zvavo kwete nekuti vatendeuka. Vanorangarira chivi chavo, nekutya murango wacho, sezvaiita Pharaoh vanodzokera pakuita kwavo kwakaipa.

Nhoroondo yaJacob inotidzidzisa kuti Mwari anoregerera vose vakareurura zvivi zvavo kuna Mwari mushure mekungenyengerwa naSatani. Mwari achatuma ngirozi dzake kuchengeta nekusimbisa vana vaMwari kuti vasaparadzwe naSatan. Kutambudzwa uku kwose kunoita kuti vaite segoridhe rakaburwa mumoto. Rudo rwaMwari rucharamba ruchiratidzwa kuvana vake panguva iyi. Matambudziko ari mberi kwedu anoda vanhu vanokwanisa kuramba vakashinga munzara, mukuneta nemukumirira. Jacob akakurira nekuti akaramba akasimba. Kukurira kwake kunoratidza munamato wemunhu akatsungirira. Vose vachatsungirira nekutendeka paminamato vachabudirira. Vose vachatsungirira vachawanirwa nyasha pamberi paMwari. Vanhu vashoma vanokwanisa kumira pakutenda kana matambudziko aya asvika. Vose vanekutenda kuduku nguva iyi isati yasvika havakwanisi kumira pakutambudzika uku nekuti havana kubvira vaisa vimbo yavo yose munaMwari. Tinofanira kuva nehukama naMwari panguva ino apo nguva yekutambudzika isati yasvika. Ngirozi dzinonyora pasi munamato wese wanamatwa nekurevesa. Ngatitorei nguva yedu kunamata.

Tikava nenguva yemunamato, Mwari achabvisawo pfungwa dzedu papfuma yenyika ino. Hakuna munhu wechidiki anonyengerwa kana vachitungamirirwa naMwari nguva dzose. Dai vanhu varikuparidza pamusoro peyambiro yemazuva ekupedzisira vainamata nemazvo vaigara vachiwona kubata kwaMwari: “Ndakaonana naMwari , hupenyu bwangu vukachengetwa.” Genesi 32:30. Vanenge vainesimba rekumiririra Mwari nevanhu.

Nguva yekutambudzika isina kumbovapo panyika, iri pedyo nekuitika mberi kwedu. Hapana mashoko anokwanisa kutsanangura nguva iyi. Munhu wese achazvimiririra pamberi paMwari. “Kunyangwe Noah naDanieri naJobo vaivamo nehupenyu bwangu, ndizvo zvinotaura Jehovah, havangarwiri mwanakomana kana mwanasikana, vangarwira mweya yavo vega, nekururama kwavo.” Ezekieri 14:20. Ngativei vakarurama apo Kristu achiri kutimiririra. Jesu haana kumbofunga zvakaipa. Satani anoshandisa kamukana

kadukuduku pakuunza muedzo kumunhu. Jesus anoti: “Muchinda wenyika unouya; asi haane chinhu kwandiri.” Johane 14:30. Satani akashaya chaangapomere Mwanakomana WaMwari, izvo zvakamupa simba rekukurira. Vose vachamira panguva yekutambudzika vanenge vakachengeta murairo WaMwari sezvaitwa naJesu.Tinofanira kusiya chivi panguva ino kubudikidza neropa raKristu.

Tinofanira kuva pamwe naKristu kuti atibatsire pakushaiwa simba kwedu. Tinofanira kudzidza kuzvininipisa saKristu. Zviri kwatiri kubatana nevatumwa vaMwari vatibatsire kugadzirisa hunhu hwedu.

Munhu wese anorega basa iri anozvigadzirira njodzi pamweya wake. John mumuwono anonzwa inzwi guru richiti: “Saka farai kudenga nemi munogara ko. Munenhamo imi nyika negungwa nokuti mweya wakaipa wakaburukira kwamuri akatsamwa kwazvo nokuti unoziva kuti uchine nguva duku” Zvakazarurwa 12:12. Mashoko anobva kudenga aya anotyisa. Kutsamwa kwasatani kunoita kuchi wedzera apo nguva yake yekuparara ichiswedera.. Zvishamiso zvemweya yakaipa zvichaonekwa muchadenga nepanyika. Mweya yakaipa ichaenda kumadzimambo enyika ichi vanyengera kuti vapandukire Mwari. Vanhu venyika vachanyengerwa nemweya yakaipa. Vachamuka vana kristu venhema vachiti ndivo Muponesi. Vachaita zvishamiso vachitaura mashoko anopesana neshoko raKristu. Satani achazvishandura achizviita Kristu.

Kereke yakamirira kuuya kwaMuponesi setariro yega yasara. Munyengeri achazvishandura achiita sekunge ndiKristu adzoka. Kunyika dzakapararira Satan achazviratidza sengirozi yekupenya sezvakanyorwa kuna Zvakazarurwa. Zvakazarurwa 1:13-15. Kubwinya kwake kuchashamisa vakawanda. Vamwe vachadeedzera nemanzwi ekukurira vachiti Kristu awuya. Vamwe vachapfugama vachimunamata, iye achasimudza maoko achitaura mashoko ekuropafadza sezvakaita Kristu. Inzwi rake rinenge rakatsetseka, richinakidza kuteerera. Achadzidzisa zvimwe zviri mushoko raMwari asi achaudza vanhu Sabata akarishandura kuenda paSvondo. Acharapa varwere achiita zvishamiso. Achaudza vanhu vose varikuchengeta Sabata zuva rechinomwe kuti havasi kuteerera.

Kunyengera kukuru sekunyengerwa kwakaitwa vanhu veSamaria naSimon Magus n’anga, vanhu vose vaitenda kuzvishamiso zvake vachiti, “iri isimba guru raMwari.” Mabasa Avapositori 8:10. Vanhu vaMwari havazonyengerwi. Dzidziso dzakristu uyu wenhema hadzienderani neshoko raMwari. Zvikomborero zvake zvichaenda kune vanhu vanonamata chikara nemufananidzo wacho. Ndivo vanhu vacharohwa naMwari.

Satani achadziviswa naMwari kuti ateedzere kuuya kwaJesu nemazvo.

Jesu akagara atiudza kauriro kaachaita paachauya kechipiri. “Vachamuka vana kristu venhema nevaporofita venhema vachiratidza zvinoshamisa, zvekuti dai zvaibvira

wainyengera nevasananangurwawo ... Kana vachiti kwamuri ari kurenje musaendako, ari mumba yemukati, musatenda. Semheni inopenya ichibva kumabvazuva, ichienda kumavirira, ndizvo zvichaita kuuya kwemwanakoma wemunhu." Mateo 24:24-27, 31; 25:31; Zvakazarurwa 1:7; 1 VaTesaronika 4:16, 17. Hapana anokwanisa kuuteedzera kauriro aka. Vose vakanzwisisa shoko raMwari havakwanisi kunyengerwa. Bhaibheri rinoisa pachena vanyengeri venhema ava.

Vana vaMwari vanofanira kuziva Bhaibheri nemazvo kuti vakwanise kumira pamatambudziko aya. Satani anoda kuti vanhu vasagadzirire kuti vasakwanise kumira pamatambudziko. Vana vaMwari vachatiza kutambudzwa nevatongi venyika ino.

Vachamhanya vachibva munerimwe guta vachienda munerimwe. Vachandovanda mumakomo. "Tichatenda Mwari nekupa nzvimbo dzehutiziro." Isaya 33:16. Vanhu vose vanonamata Mwari vachaiswa muhusungwa nekuda kweshoko raMwari. Vana vaMwari vachapedza nguva vari muhusungwa, vamwe vachisiiwa kuti vafe nenzara. Hapana kana munhu anoshuvira kuvabatsira. Ko Mwari angakanganwa here vanhu vake munguva yekuedzwa kwakadai? Mwari haana kukanganwa Noah, Roti, Josefa, Danieri naJeremiya pamazuva avo apo vainge vachisangana nekuedzwa kukuru.

"Asi Zion rakati: Jehovah wakandisiya, Ishe wakandikangwanwa. Ko mukadzi ungakanganwa mwana wake waanonwisa, akasava netsitsi nomwanakomana wechizvaro chake here? Zvirokwazvo vose ava vangakanganwa, asi ini handingakukanganwi " Isaya 49:14-16. " Nokuti zvanzi naJehova wehondo: Wakanditumira kundudzi dzakakupambai imi, kuti ndiwane kukudzwa; nokuti unokugunzvai imi, unogunzva mboni yeziso rake" Zakariya 2:8. Matambudziko aya ose haakwanisi kubvisa hukama hwaKristu nevanhu vake. Ngirozi dzaMwari dzinoshanyira vanenge vachishungurudzwa vari mumatirongo nemumakomo. Sezvakaitika kuna Pauro naSilas, ndizvo zvichaitika kuvana vaMwari. Mwari achaisa pakutongwa vose vanenge vaine chinangwa chekupradza vana vake." Nokuti Jehovah uchasimuka sezvakaita pagomo rePerazimi, uchatsamwa sepamupata weGebeon; kuti abate basa rake, iro basa rake rinoshamisa, nokuti izvo zvaanoita, zvinoshamisa." Isaya 28:21. Mwari haafariri kuparadza vanhu. "Handifariri rufu rwowakaipa, asi kuti atendeuke panzira yake." Ezekeri 33:11.

" Jehovah akapfuura pamberi pake, akadanidzira achiti: Jehovah, Jehovah, Mwari uzere nenyasha nengoni, unononoka kutsamwa, anetsitsi huru . Anochengetera vane zvuuru zvamazana nyasha. Anovakanganwira zvakaipa zvavo, asi asingapembedzi munhu unemhosva anorova vana nekuda kwezvivi zvamadzibaba avo navana vavo kusvikira kurudzi rwechitatu nerwechina Eksodo 34:6, 7; Nahumi 1:3. Mwari acharwira mutemo wake wakazvidzwa. Mwari achaparadza vakaipa kana nguva yakwana. Kana mutsa wavharwa hasha dzaMwari dzinoratidzwa kune vose vakagamuchira munembo wechikara. (Zvakazarurwa 14:9, 10).

Matambudziko akawira nyika yeEgipita ndiwo achawira nyika asi anenge ava nesimba kupfuura kare. Johane anoti “ Wokutanga akaenda akadurura ndiro yake panyika; ronda rakaipa rinorwadza rikavapo pavanhu vakanga vane chiratidzo chechikara, vakanamata mufananidzo wacho.Wechipiri akadurura ndiro yake pagugwa, rikashanduka ropa seromunhu wakafa nezvipenyu zvose zvakanga zviri mugungwa zvikafa. Wechitatu akadurura ndiro yake panzizi nomumatsime emvura ikashanduka ropa. Ndikanzwa mutumwa wemvura achiti: Imi Makarurama muripo namakanga muripo Mutsvene nokuti makatonga saizvozvo. Nokuti vakadurura ropa ravatsvene nerevaporofita mukavapa ropa, kuti vanwe vakafanirwa naizvozvo.” Zvakazarurwa 16:2-6. Nyika inemhosva yekudeura ropa revana vaMwari. Kristu anoti vaJudha vane mhosva yekuuraya vanhu vaMwari kutanga kuna Abel. Zuva rakapihwa simba rekupisa vanhu semoto.” Mavhesi 8, 9.

“ Munda waparadzwa, nyika inochema nokuti zviyo zvaparadzwa, waini itsva yapwa, mafuta apera. Nyarai imi varimi wungudzai imi varimi vemizambiringa nekuda kwezviyo nebari nokuti zvakaberekwa neminda zvaparadzwa” Joere 1:10-12, 17-20; Amosi 8:3. Matambudziko aya anenge achiwira dzimwe nzvimbo, zvakare haazoparadzi nyika yose. Aya matambudziko anenge achirwadza zvisati zvakamboitika kubva makare kare. Matambudziko ose anowira vanhu mutsa usati wapfigwa anenge akasanganiswa nenyasha dzaMwari. Panguva iyi vanhu vachashuvira nyasha dzaMwari dzavakaramba.

“Tarirai mazuva anouya, ndizvo zvinotaura Jehovah, andichatuma nzara isati iri nzara yezvokudya kana nyota yemvura, asi yokunzwa shoko raJehova. Vachadzungaira vachibva kugungwa vachienda kugungwa, vachibva kumusoro vachienda kumabvazuva, vachamhanya pose pose vachitsvaga shoko raJehova, asi havangariwani “ Amosi 8:11, 12. Kunyangwe vana vaMwari vachisangana nekuedzwa kukuru, havazosiiwi vari vega kuti vaparare. Mwari umwechete akachengetedza Eriya haazosiyi vana vake vari voga. Apo vakaipa vanenge vachiparadzwa, Mwari achachengetedza vanhu vake kubudikidza nengirozi dzake tsvene.

“Ndiye unofamba nekururama, unotaura zvakarurama iye unoshovora fuma yakawanikwa nekunyengera, unozuza mavoko ake chiramba fufuro, unodzivira nzeve dzake kuti arege kunzwa mashoko eropa, unotsinzinya meso ake arege kurangarira zvakaipa. Iye uchagara pakakwirira, nhare dzamatombo dzichava utiziro hwake, zvokudya zvake uchazvipiwa, mvura yake haingapwi.” Isaya 33:15, 16; 41:17. “ “Nokuti kunyange muvonde ukasatunga maruva, nemizambiringa ikashaiwa zvibereko, Kunyange kubereka kwemuorivi kukakona. Neminda ikasabereka zvokudya; Kunyange makwai akapera muchirugu; Nemombe dzikashaikwa mumatanga. Kunyange zvakadaro hazvo ndichafara kwazvo muna Jehovah. Ndichava nomufaro muna Mwari, woruponeso rwangu. Habakuku 3:17, 18.

“Jehovah ndiye muchengeti wako. Jehovah ndiye mumvuri wako paruwoko rwako rwerudyi. Zuva haringakubayi masikati, Nomwedzi husiku. Jehovah uchakuchengeta pazvakaipa zvose. Uchachengeta mweya wako.” Mapisarema 121:5-7; 91:3-10.

Asi pakuona kwevanhu, zvinoita sekunge Mwari achatendera kuti vana vake vaurayiwe. Vachafunga kuti Mwari avasiya kuti vaparadzwe nevavengi. Vachachema husiku namasikati kuti Mwari avarwire. Vakaipa vanodanidzira vachiti, “Kutenda kwenyu kuripi? Sei Mwari wenyu asina kukurwirai pamaoko edu kana muri vanhu vake? Vana vaMwari vanorangarira mashoko vakataurwa kuna Jesu apo aiva pamuchinjiko: “Wakaponeswa vamwe haagoni muzviponesa. Ndiye mambo wava Israeri. Ngaaburuke iye zvino pamuchinjikwa titende kwaari.” Mateo 27:42.

Vose vachaita mutsimba naMwari sezvakaita Jacob. Zviso zvavo zvicharatidza kushungurudzika kuri mumoyo. Zviso zvavo zvinotsvukuruka nekuda kweshungu, asi vanoramba vachinyengetera. Ngirozi dzinesimba guru dzinenge dzakavakomba mativi ose. Vachamirira dzikinuro inobva kuna Jehovah. Vana vaMwari vanofanira kunwa mukombwe uyu nekupinda murubhabhatidzo urwu. Minamato yavo ichapindurwa nekunonoka kuuya kwaJesu kuzova dzikinura. Vana vaMwari vaifanira kuratidza kutenda kwavo, kutsungirira, kuramba vane tariro nemoyo. Nekuda kwevakasanangurwa nguva yekutambudzika ichapfupiswa. “Ko zvino Mwari haangaruramisiri vakasanangurwa vake, vanodanidzira masikati nehusiku kunyange achinonoka pamusoro pavo here? Ndinoti kwamuri uchakurumidza kuvaruramisira. Asi Mwanakomana womunhu kana achisvika uchawana kutenda here.” Ruka 18:7, 8. Kuguma kuchakurumidza kusvika kupfuura zvinotarisirwa nevanhu.

Zviyo zvichaunganidzwa kuti zviiswe mudura asi hundi huchaunganidzwa kuti hupiswe. Vakarurama vacharamba vakamirira nguva yekudzikinurwa. Vakaipa vachatara nguva yekuuraya nekuparadza vose vanochengeta murairo WaMwari. Asi hakuna kana mumwechete anokwanisa kupfuura ngirozi dzaMwari kuti vaparadze vakatendeka. Zvombo zvevavengi vaMwari zvichawira pasi zvoga, apo vanenge voda kuuraya vakatendeka.

Vamwe vacharwirwa nengirozi tsvene dzinenge dziri muchimiro chevarwi vehondo. Ngirozi dzinogara dzichishandiswa naMwari kuchengetedza vanhu. Dzinouya dziine zvimiro zvakasiyana siyana, pamwe dzichipenga semheni, pamwe sevanhu, pamwe sevarwi vehondo. Pamwe dzaivesa moto paartari. Pamwe dzakavhura matirongo kuti vana vaMwari vabude. Dzinoshanya paungano dzevatsvene nepaungano dzevakaipa, sezvakaita paSodom kuti dziwone kupa murango kuguta iri.

Mwari anodzora hasha dzake nekuda kwenyasha dzake kuti arege kuparadza vanhu nekuda kwemunhu mumwechete akatendeka. Vanhu vanotadzira Mwari havazivi kuti vanoraramiswa nevashoma vakatendeka vavanoseka nekuzvidzwa. Vatungamiriri venyika

havazvizivi asi mumatare avo ngirozi dzakataura dziri muchimiro chevanhu. Ngirozi idzi dzaiita zvose kubatsira vanhu asi vanhu havana kuzvicherechedza. Mumatare edzi mhosva, dzaipinda dzichimiririra vasingakwanisi kumira voga pakutongwa. Dzaidzivisa zvose zvaikwanisa kukonesa kuti vhangeri riende mberi zvakanaka. Munguva dzekumanikidzwa "mutumwa waJehovha unokomberedza vanomutya nekuvarwira." Mapisarema 34:7. Vana vaMwari vanomirira chipikirwa chekuuya kwaMambo mukuru. Varindi vachabvunzwa "Inguvai yehusiku?" Vachapindura vasingatyi, "Mangwanani anouya, novusikuvo." Isaya 21:11, 12.

Kuuya kwaJesu kwava pedyo. Mambakwedza nehusiku zvose zvinouya panguva imwechete. Mangwanani anouya kuvana vaMwari vanga vari pakutambudzika kukuru. Husiku huchauya kuvanhu vose vakaipa apo vanenge vavakuparadzwa nemusingaperi.

"Mwari acharatidza vana vake zvavakanga vasingawone. Vanoona denga richipenya. Vanonzwa kuimbira kunotapira kwengirozi kuchibva kudenga: "Rambai makasimba pakutenda. Kusunungurwa kwenyu kunosvika" Inzwi raKristu rekusimbisa varanda vake " Tarirai ndinemi. Musatya. Ndinoziva kutambudza kwenyu, ndakatakura marwadzo enyu. Vavengi venyu vakayerwa neni. Ndakakurwirai hondo yenyu. Muri vakundi nekupfuurisa."Jesu vachatumira sununguro panguva chaiyo apo vanhu vake vanenge vakamirira. Ndiye anotungamira munzira yekuenda kudenga. Zvose zvatakasangana nazvo, akasangana nazvo.

Nguva yematambudziko inorwadza asi, inotisimbisa pakutenda kuti tirambe takatarisa kumusoro kudenga pane zvaakavimbisa mushoko rake; "Vakasunungurwa naJehova vachadzoka, vachaenda Zion vachiimba; mufaro usingaperi uchava pamisoro yavo, vachapiwa mufaro nokufarisisa, kuchema nokugomera kuchapera. Ini iyeni, ndinokunyaradzai; ndiwe aniko, unotya munhu anozofa, kana mwanakomana womunhu achaitwa sovuswa; ukakanganwa Jehovah Muiti wako, wakatatamura denga rose, nokuteya nheyo dzenyika, uchingotya zuva rose nokuda kwehasha dzomumanikidzi, kana achizvigadzira kuparadza here? Musungwa wakatapwa uchakurumidza kusunungurwa, haangafi nokuburukira mugomba, zvokudya zvake hazvingashaikwe. Nokuti ndini Jehovah Mwari wako, unomutsa gungwa, kuti mafungu atinhire; Jehovah wehondo ndiro zita rake. Ndakaisa mashoko angu mumuromo mako, ndikakufukidza mumumvuri woruvoko rwangu, kuti ndivambe denga rose, nokuteya nheyo dzenyika." Isaya 51:11-16.

"Naizvozvo zvino chinzwa chinhu ichi, iwe unotambudzika, wakabatwa, asi usino kubatwa newaini. Zvanzi naShe wako Jehovah, naMwari wako, unorevera vanhu vake: Tarirai ndakabvisa mukombe wokudzedzeresa paruvoko rwako, iwo mukombe uzere nokutsamwa kwangu, haungazounwi zve, ndichauisa muruoko rwavanokutambudza, ivo vakati kwauri: Kotama, tifambe napamusana pako sapasi, senzira yomumusha inofamba navanhu." vhesi 21-23.

Mwari aiziva zvichaitwa nevatungamiriri venyika kuvana vake. Sevanhu vanenge vari pautapwa, vaitya kuurayiwa nenzara kana kushandisirwa nzira dzehutsinye. Mwari akapatsanura gungwa dzvuku nepakati achashandura kutapwa kwavo kuve mufaro. “Vachava wangu—ndizvo zvinotaura Jehovah wehondo- ivo vangu chaivo, nezuva randichazviita; ndichavanzwira tsitsi somunhu unonzwira tsitsi mwanakomana wake unomubatira.” Maraki 3:17. Dai Mwari akarega vana vake vachiparara panguva iyi, Satani angadai akakunda. Muimbi anoti: “Nokuti nomusi wenjodzi unondiviga mudumbu rake. Uchandikwiridza padombo.” Mapisarema 27:5. Kristu anotaura: “ Vuyai vanhu vangu, pindai mumba yenyu yemukati mupfige mikova yenyu Shure kwenyu; muvande nguva duku, kusvika kutsamwa kwapfuura.” Isaya 26:20, 21. Vana vaMwari, avo vakamumirira nekutiwira, ivo vakanyorwa mazita avo mutsamba yeupenyu, vacharwirwa zvinofadza.

Chitsauko 40 Vanhu vaMwari vanodzikinurwa

Kana kudzivirira kwemirairo yevanhu kwabviswa pavanhu vanochengeta mirairo yaMwari, kuchamuka munzvimbo zhinji, mweya wekuda ku-vaparadza nenguva imwechete. Apo nguva yakatarwa inoswedera, vanhu vacharangana kuparadza kapoka kanovengwa aka, kanonamata zvakasiyana neruzhinji. Kuchagadirirwa kuvawira nekuvaparadza nehusiku humwechete, kunyaradza zvachose izwi iri rinotsiura nekutaura zvakasiyana nevamwe.

Vanhu vaMwari-vamwe varimumatirongo, vamwe vakavanda munzvimbo dzemumasango nemumakomo-vachingoramba vachikumbira kudzivirirwa naMwari, kose kose mapoka evarume akapakatira zvombo zvekurwisa nazvo, vachikurudzirwa nevatumwa vakaipa vachigadzirira basa rekuvuraya. Ndipo panguva iyi, yekutambudzika kwekupedzisira, apo Mwari waIsraeri achapindira kuti adzikinure vanhu vaakasanangura. Ndizvo zvinotuara Jehova: “Muchaimba rwiyo, sezvinoitwa usiku kana mutambo mutsvene uchitambwa; muchava nekufara kwemwoyo, wakafanana newemunhu anoenda kugomo raJehova, kudombo raIsraeri. Jehova achanzwisa inzwi rake reumambo, acharatidza kuburuka kweruoko rwake, nekutsamwa kwake kukuru, nemurazvo wemoto unopedza zvose, nechamupupuri, nekunaya kukuru kwemvura, nechimvuramabwe.” Isaya 30: 29,30.

Nekudaidzira kwekukurira, kuseka nekushora , mapoka evakaipa avekuda kuwira pamusoro pevatsvene, ipapo ndipo pachavonekwa gore rakasviba kwazvo, rakasviba kupfuvura kusviba kwevusiku, rinowira pamusoro penyika. Zvino muraravungu, unopenya nekuda kwekubwinya kunobva pachigaro chaMwari, unozadza denga, uchiita sekutenderedza chipoka chimwe nechimwe chevatsvene vose vari kunamata. Mapoka evanhu vakatsamwa vaya anokaruka amiswa. Mhere mhere yavo yekushora nekutuka inopera. Vanokanganwa mhandu dzavo. Nekutya kukuru vanotarisa chiratidzo chesungano yaMwari, nekutsvaka kudzivirirwa kubva kusimba rekubwinya kukuru kwacho.

Kuvanhu vaMwari kunonzvikwa izwi kudaidzira nekuimba rinoti, “Tarirai kumusoro,” ivo pavanotarira kumusoro, vanovona murarawungu wechitsidzo. Gore dema rakashatirwa ranga rakaputira nyika rinobviswa, saStefani vanotarisa kudenga, vanovona kubwinya kwaMwari, neMwanakomana weMunhu akagara pachigaro. Muchimiro chake chitsvene vanovona zviratidzo zvekuninipiswa kwake, uye kubva mumuromo make vanonzwa chikumbiro, chichienda kubaBaba nevatumwa vatsvene, “Ndinokumbira kuti avo vamakandipa, vave neni pandiri. Johane 17:24.

Inzwi rinotapira rinenge mumhanzi rakanzwikwazve richiti: “Varikuuya! Varikuuya! Vatsvene, vasina chakaipa, vasina chavanopomerwa, vasina tsvina. Vakachengeta shoko

rekutsungirira kwangu; vachafamba pakati pevatumwa.” Nemiromo inekutya yeavo vakabatirira kutenda, vanoshevedzera kukurira kwavo.

Pakati pevusiku apo Mwari paanodaidzira simba rake rekudzikinura vanhu vake. Zuva rinobva rabuda, richipenya nesimba raro rose. Zviratidzo nezvishamiso zvoteverana nekukurumidza. Vakaipa votarisa nekutya nekushamisika kuzviitiko izvi, asi vakarurama vachitarisa nemufaro mutsvene zviratidzo zvekudzikinurwa kwavo. Zvinhu zvose zvinoita sezvabva pamasikirwe azvo. Hova dzinomira kuerera. Makore akakora akasviba anosimuka, achibonderana zvinesimba. Pakati pekushatirwa kwematenga kunovonekwa nzvimbo imwe chete ine kupenya kusingatsananguriki, umo munobva inzwi raMwari richitinhira semvura zhinji richiti, “Zvapera.” Zvakazarurwa 16:17, 18.

Inzwi iri rinozunguza matenga nenyika. Kunoitika kudengenyeka kwenyika kukuru kwazvo, “kusati kwakamboitika kwakadaro kubvira pakusikwa kwevanhu panyika, kwakakura kura kwazvo.” Zvakazarurwa 16:17,18. Muchadenga munoita semunovhurika muchivharika. Kubwinya kunobva pachigaro chaMwari kunoita sekunobuda naipapo. Makomo anozunguzwa sezvinoitwa rutsanga nemhepo, nematombo akatsemuka akakandwa kose kose. Kune kutinhira sekwe dutu guru rinovuya. Gungwa rinomutswa nehasha. Kunonzwikwa kurira kwemhepo inemvura zvinji, seizwi remadhimoni arikuenda kunoparadza. Nyika yose inosimuka mudenga ichidzika ichizvimba semafungu egungwa. Pamusoro penyika pachitsemuka tsemuka. Nheyo dzayo dzinoita sedzaparara. Makomo makuru anonyura. Zvitsuwa zvaigarwa nevanhu zvinoshaikwa. Nzvimbo dzaisvikira zvikepe zvikuru dzakanga dzave seSodoma pakuita zvakaipa, dzinomedzwa nemvura yakashatirwa. Babironi yekare yarangarirwa naMwari, “kuti ripiwe mukombe wewaini yekutsamwa kwehasha dzake.” Zvakazarurwa 16:19, 21. Chimvura mambwe chikuru kwazvo, “kurema kwebwe rimwe nerimwe kukaita setarenta” chichiita basa racho rekuparadza. Maguta aizvikudza zvikuru panyika anodzikiswa. Mizinda yemadzishe umo vakakudzwa venyika ino vakadirira pfuma yavo zhinji kuti vazvifadze nekuzviwanira mbiri inowisirwa pasi pameso avo chaipo. Madziro emajere anokandirwa pasi, vanhu vaMwari vakanga vakasungwa nekuda kwekutenda kwavo vanosunungurwa.

Makuva anozaruka, …“vazhinji vevavete muguruva repasi vachamuka…, vamwe kuvupenyu husingaperi, vamwe kukunyadziswa nekuzvidzwa kusingaperi.” Danieri 12:2. Vose vakafira mukutenda kwekuparidzwa kweshoko remutumwa wechitatu vanomuka kubva mumakuva vapfekedzwa kubwinya, kuti vanzwe chitsidzo chaMwari cherugare kune avo vakachengeta mutemo wake. “Naivo vakamubaya,” (Zvakazarurwa 1:7) avo vakaseka nekushora kutambudzika nekufa kwake Kristu, nevaipikisa chokwadi chake nevanhu vake zvakanyanyisa, vanomutswa kuti vamuvone ari mukubwinya kwake, kuti vavone kukudzwa kunenge kwaiswa pamusoro pevakaterera nevakazviisa pasi paMwari.

Makore akakora achiri mudenga, asi zuva zvino rinoita richibuda pano nepapo, richiita seziso raJehova rekudzorera. Mheni dzinotyisa dzinosvetuka kubva kudenga, dzichiputira nyika yose murimi remoto. Pamusoro pekutinhira kukuru kunotyisa, manzwi asina kujairika anotyisa anodaidzira kuparara kwevakaipa. Mazwi anotuarwa aya haanzwikwi nevanhu vose, asi anonzwikwa zvajeka kwazvo nevadzidzisi venhema. Avo munguva duku yakapfuvura vakanga vasina hanya, vachizvikudza nekuramba murairo, vakaita hutsinye hunotyisa kwazvo kuvanhu vanochengeta murairo waMwari, vawirwa zvino nekupererwa nekutya kukuru. Kuwungudza kwavo kunonzvikwa pamusoro peruzha rwezvimwe zvose. Madhimoni anobvuma huMwari hwaKristu, achidedera pamberi pesimba rake, vanhu vachikumbira tsitsi, vachigwesha mukutya.

Vakadaro vaprofita vekare, pavaitarisa zuva iri raMwari mumuvono, “Chemai, nekuti zuva raJehova riri pedyo; rinosvika sekuparadza kunobva kune weMasimbaose.” Isaya 13:6. “Pinda mudombo uvande,muguruva, nekuda kwaJehova anotyisa, uye nekuda kwekubwinya kweumambo hwake. Kuzvikudza kwevanhu kuchaderedzwa, nemanyawi evanhu achaninipiswa, Jehova oga achakudzwa nezuva iro. Nekuti Jehova wehondo ane zuva rake pamusoro pavose vanodada nevanozvikudza, nevane manyawi; vachaderedzwa.” “Nezuva iro vanhu vacharasa zvifananidzo zvavo zvesiriva nezvifananidzo zvavo zvendarama, zvavakazviitira kuti vazvinamate, vachizviisa kunhukusa nezviremwaremwa; vapinde mumapako ematombo, nemumikaha yematombo makuru, nekuda kwaJehova anotyisa, uye nekuda kwekubwinya kweumambo hwake, kana achisimuka kuzunungusa nyika nesimba.” Isaya 2 : 10-12; 20-21.

Nepakati pemukaha wemumakore, kunobuda nyeredzi inopenya kupenya kwayo kunokura kakapetwa runa zvichienzaniswa nerima rinenge ririko. Inotaura tariro nerufaro kune vakatendeka, asi kurangwa kukuru nehasha kune vasakarurama vanotyora murairo waMwari. Avo vakapa zvose nekuda kwaKristu vachengeteka zvino, vavigwa munenge mumapapiro aIshe. Vakaedzwa vakawanikwa vakakwana, pamberi penyika yose nepamberi pevanoramba chokwadi vakaratidza kutendeka kwavo kunaIye akafira zvivi zvavo. Kushanduka kukuru kwave pamusoro peavo vakabatisisa kutendeka kwavo pamberi perufu chairwo. Vasunungurwa kubva murima nemuhudzvinyiriri hunotyisa hwevanhu vakashandurwa kuva madhimoni. Zviso zvavo zvakambosuwa, zvichishushikana, nekuratidza kuparara, zvajekeswa zvino nechishamiso, kutenda nerudo. Mazwi avo anokwira zvino mukuimba: “Mwari ndiye vutiziro hwedu nesimba redu, Ndiye mubatsiri ari pedyo-pedyo panguva dzekumanikidzwa. Saka hatingatyi, kunyange nyika ikashanduka, Uye kunyange makomo akabviswa akaiswa mukati mamakungwa. Kunyange mvura zhinji yawo yotinhira nekumutswa, kunyange makomo akadedera nekupupuma kwawo” Pisarema 46: 1-3.

Mazwi aya ekuvimba munaMwari paanenge achikwira kunaMwari, makore anodzokera shure, matenga anenyeredzi ovonekwa, anekupenya kusingatauriki kana

kuchienzaniswa nedenga dema rine hasha kumativi ose. Kubwinya kweguta rekudenga kunoyerera kuchibuda nepamasuo akashama. Mudenga munovonekwa ruoko rwemunhu rwakabata matombo maviri akakwidibirana. Anodaro muprofita, “Kudenga-denga kunodudzira kururama kwake; Nekuti Mwari ndiye mutongi amene” Pisarema 50:6. Mutemo uyu mutsvene, kururama kwaMwari, wakataurwa paSinai pakati pemheni, nemurazvo wemoto semurairo wekurarama nawo, wavekuratidzwa zvino kuvanhu sechiero chinoshandiswa pakutonga.

Ruvoko runovhura matombo, povonekwa zvirevo zvemirairo inegumi, zvichiita sezvakanyorwa nemoto. Mazwi akajeka zvekuti . . . Mutemo wake kana vaingaenzanisa zvimiro zvavo nawo, nekudzidza kusakwana kwavo mukana wekutendevuka nekushanduka uchiripo; asi kuti vadiwe nenyika, vakaisa zvaunoreva parutivi nekudzidzisa vamwe kuudarika. Vakashingaira kumanikidza vanhu vaMwari kuti vatyore Sabata. Zvino vave kupiwa mhosva nemurairo iwoyo wavakazvidza. Nekujekerwa kusina kana chingashaikwa vanovona kuti Havana chavangataura kuzvireverera. Vakasarudza wavaida kushumira nekunamata. “Ipapo muchaonazve kusiyana kwewakarurama newakaipa, kweanoshumira Mwari neasingamushumiri” Maraki 3:18.

Vavengi vemurairo waMwari, kubva kuvafundisi kusvika kunemunhu wekupedzisira, vave kuona chokwadi nenzira itsva chokwadi, nezvavaifanira kuita. Nguva yapera ndipo pavanovona kuti Sabata remurairo wechina ndiro chisimbiso chaicho chaMwari mupenyu. Nguva yapera ndipo pavanovona chimiro chaicho chesabata rekunyepera, nemujecha mavaivakira. Vanovona kuti vakanga vachirwa naMwari. Vadzidzisi vezvekunamata vakatungamirira vanhu mukurasika asi ivo vachiti varikutungamirira vanhu kuenda kuParadiso. Pazuva rerutongo ndipo pachazivikanwa musengwa uripavatungamiriri vari pazvigaro zvitsvene, nemuchero yekusatendeka kwavo kuti yakaipa sei. Muhupenyu husingaperi chete ndimo matichanyatso nzwisisa kurwadza kwekurasika kwemunhu mumwechete. Achatyisa sei magumo emunhu achanzi naMwari: Ibva kwandiri iwe muranda wakaipa.

Izwi raMwari rinonzwikwa richibva mudenga, richitaura zuva nenguva yekuuya kwaJesu, richitaura sungano isingaperi kuvanhu vake. Semheni ineruzha rukuru kwazvo, mashoko ake akaita maungira munyika yose. Israeri yaMwari inomira ichiterera, maziso avo akatarisa kudenga. Zviso zvavo zvinojekeswa nekubwinya kwake, nekupenya sezvakaita chiso chaMosisi paakaburuka kubva muSinai. Vakaipa havachagoni kuvatarisa. Chikomborero pachinotaurwa kuneavo vakakudza Mwari nekuchengeta Sabata riri dzvene, pane kudanidzira kukuru kwekukurira.

Nekukasika kumabvazuva kunovonekwa kakore kaduku katema, kanenge chidimbu cheruvoko rwemunhu. Ndiro gore rinopoteredza Muponesi, rinoita serakaputirwa nerima nechekure. Vanhu vaMwari vanoziva kuti ichi chiratidzo cheMwanakomana wemunhu.

Murunyararo rwakadzikama vanotarisa parinoswedera pedyo nenyika, parinenge richiwedzera kujeka nekubwinya zvishoma nezvishoma, kusvikira rave gore guru jena, pasi paro pachibwinya semurazvo wemoto unoparadza , pamusoro paro pane muraraungu wesungano. Jesu anoritasva semukundi mukuru. Ikozvino asiri, "munhu wekutambudzika," kuti anwe pamukombe unovava wekunyadziswa newenhamo, anovuya, semukundi kudenga nepanyika, kuzotonga vapenyu nevakafa. "Akatendeka wazvokwadi," "Anotonga nekurwa zvakarurama," " Nehondo dzekudenga dzanomutevera" Zvakazarurwa 19:11, 14.

Nenziyo dzekudenga vatumwa vatsvene, chaunga chakakura chisingaverengeki, vanomuperekedza. Muchadenga mose munozara nezvisikwa zvinopenya,"zviuru zvine gumi nezviuru zvezviuru." Hakuna munhu angagona kunyora chiitiko ichi, hakuna pfungwa dzemunhu dzinganzwisisa kupenya nekubwinya kwakadai. "Kubwinya kwake kunozadza denga rose nenyika inozara nenyika inozara nekumurumbidza. Nekubwinya kwake kwakaita sechiedza" Habakuki 3:3, 4. Gore benyu iri parinoswedera pedyo, meso ose anovona Muchinda wevupenyu. Hakusisina chiremba cheminzwa chinokuvadza musoro mutsvene uyu, asi chiremba chembiri chinogara mumusoro wake mutsvene. Chiso chake chinopenya kupfuvura kujeka kwezuva remasikati makuru. "Panguvo yake napachidzva chake pakanga pakanyorwa zita rinoti:

Mambo wamadzimambo, naShe Wamadzishe" Zvakazarurwa 19:16.

Pamberi pake, zviso zvose zvinochenuruka," pamusoro pevairamba tsitsi dzaMwari panowira kutya kwekuparadzwa nekusingaperi. "Mwoyo unonyauka, mabvi anobonderana, kurwadziwa kuripo pazviuno zvose, zviso zvavose zvacheneruka" Jeremiya 30:6; Nahumi 2:10. Vakarurama vanochema nekudedera, "Ndiani achagona kumira?" Kuimba kwevatumwa kunonyaradzwa, kunovapo nekunyarara kunotyisa. Izwi raJesu rinonzwikwa, richiti, "Nyasha dzangu dzakakukwanirai." Zviso zvevakarurama zvinopenya, nemufaro unozadza mwoyo yavose. Vatumwa voimba rwiyo rwakakwirira, voimba zvekare pavanoswedera pedyo nenyika.

Mambo wemadzimbo anodzika agere pagore, akaputirwa mumurwazvo wemoto. Matenga anopetwa sebhuku, nyika inodedera pamberi pake, negomo rimwe nerimwe nechitsuwa zvinobva panzvimbo dzazvo. "Mwari wedu anouya, haangarambi anyerere; Moto unoparadza pamberi pake, Dutu guru rinomukomberedza. Anodana denga kumusoro, nepasi, kuti atongere vanhu vake" Pisarema 50:3, 4.

"Nemadzimambo enyika, nevakuru, nevatungamiriri vehondo, nevafumi, nevanesimba, nevaranda vose, nevakasununguka vose vakanovanda mumapako nemumambwe emakomo; vakati kumakomo nekumabwe:

‘Tiwirei, mutivige pameso aiye unogara pachigaro chevushe, nepakutsamwa kweGwaiana; nekuti zuva guru rekutsamwa kwaro rasvika; ndianiko unogona kumira?’ “ Zvakazarurwa 6:15-17.

Mashoko ekutuka nekunyomba apera. Miromo inonyepa yanyaradzwa. Kurwisana kwapera, kurira kwezvombo nemhirizhonga yehondo “neruzha rwenyongano, nenguvo yakanyikwa muropa,” (Isaya 9:5) zvanyaradzwa. Hakuna kunzwikwa kweizwi rekunamata kana kuchema kana kuwungudza. Kuchema kwavakubva zvino pamiromo yaimbo seka nekutuka. “Zuva rekutsamwa kwake rasvika; ndiani achagona kumira?” Vasakarurama vanochemera kuvigwa mumatombo emakomo, pane kusangana nechiso chaiye wavakazvidza nekuramba.

Izwi iri rinopinda kana munzeve dzevakafa, vanoriziva. Rakambovakoka nekunyengerera kakawanda kuti vatendeuke. Rakambonzwikwa kakawanda mukunyengerera kweshamwari, hama, naMuponesi. Kune vakaramba nyasha dzake, hakuna mumwe angavuya nekutonga kwakadai, riya rakambonyengerera kwenguva yakareba, “Tendeukai, tendeukai panzira dzenyu dzakaipa, nekuti muchafireiko?” Ezekieri 33:11. Kudai rakanga riri izwi remutorwa! Anodaro Jesu: “Zvandakadana, imi mukaramba; Ndikatambanudza ruvoko rwangu, kukasava nemunhu akarangarira; asi makazvidza mano angu ose, mukaramba chose kuraira kwangu” Zvirevo 1: 24, 25. Izwi iri rinomutsa ndangariro dzavasingadi kurangarira, yambiro dzakarambwa, rukoko rwakazvidzwa, nemikana isina kushandiswa.

Kune avo vakaseka Jesu mukuzvidzwa nekutambudzwa kwake. Nesimba rinotyisa mashoko aMuponesi paairwadziwa anodzokazve aakataura kumuprista mukuru pachena, “Kubva zvino muchavona Mwanakomana wemunhu agere kurudyi rwesimba, achivuya nemakore ekudenga” Mateo 26:64. Zvino vave kumuvona ari mukubwinya kwake asi kwasara kumuvona agere kuruvoko rwerudyi rwesimba.

Avo vaiseka vachiti anonyepera kuti Mwanakomana waMwari zvino vanyaradzwa. Herodi aizvikudza agere pachigaro chekutonga, achimuseka kuti ndishe akaita sei, achitaurira mauto kuti vamupfekedze korona yehushe. Pane zvakare varume vaya vakada kufadzana, vakamupfekedza nguvo tsvuku, pamusoro wake mutsvene vakamupfekedza korona yeminzwa, nemuruvoko rwake rusingarambi vakamubatisa tsvimbo yekumushora, nekumupfugamira mukumuzvidza. Varume vakamupfira nekushora Muchinda wevupenyu, zvino vave kutiza kubva kuchiso chake chirikuvabaya pamwoyo kuti vaende kure nekubwinya kwake kukuru. Vaya vakarovera zvipikiri mumavoko nemakumbo ake, nemuuto uya akabaya parutivi rwake vanotarisa mavanga aya nekutya kukuru nekurwadziwa kwekupererwa.

Vaprista nevatongi vanorangarira zvakaitika paKarivari nenzira inotyisa. Nenzira inovhundusa vanorangarira kudzungudza kwavaiita misoro yavo vakazadzwa nadhiaborosi

vachiti, “Akaponesa vamwe; Iye haagoni kuzviponesa. Kana ari Mambo wevaIsraeri, ngaadzike kubva pamuchinjikwa, tigomudavira. Akavimba naMwari; ngaachimubatsira zvino, tivone kuti anogona here kumubatsira” Mateo 27:42, 43.

Vanorangarira zvinoshamisa mufananidzo waMuponesi wevaranda vakaipa vakaramba kupa ishe wavo zvibereko zvemuzambiringa wake, avo vakatadzira varanda nekuvuraya mwanakomana wake. Vanorangarirawo: kutonga kwavakazviita: Ishe wemuzambiringa, “uchaparadza vanhu ava vakaipisisa zvachose.” Muchitema nekurangwa kwevanhu ava vasina kutendeka, vaprista nevakuru vanovona mabasa avo nechirango chavo ivo chekuparadzwa. Panobva pabuda kuchema kwekuparara kwekurwadziwa kukuru. Kudaidzira kunopfuura kwavakamboita vachiti, “Ngaaroverwe! Ngaaroverwe!” uko kwakanzwikwa muJerusarema rose, kudaidzira kuzere nekutya nekuchema kusina tariro kunoti: “Ndiye Mwanakomana waMwari! Ndiye Mesia wechokwadi!” Vanotsvaka kutiza pamberi paMambo wemadzimambo. Vanoedza kuvanda mumapako enyika, atsemurwa nekudengenyeka kwezvinhu zvose, asi zvisingabatsire.

Muhupenyu hwevanhu vose vanoramba chokwadi, pane nguva apo hana painombomuka, ndangariro padzinorwadziwa dzichitarisa kunyengera kwakaitwa muhupenyu, mweya wotambudzwa nekuzvidemba. Asi izvi chii kana zvichienzaniswa nekurwadziwa kwezuva iri, “kana kutya kuchisvika sedutu guru, nekuparadzwa kuchisvika sechamupupuri;” Zvirevo 1:27.

Avo vaida kuparadza Kristu nevakatendeka kwaari, vavekuona zvino mbiri yavavenayo. Mukati mekutya kwavo vanonzwa mazwi evatsvene vachifara vachiti, “Tarirai, uyu ndiye Mwari wedu; takanga takamumirira, iye achatiponesa; uye ndiye Jehova, takanga takamumirira, tichafara, nekufarira ruponeso rwake” Isaya 25:9.

Pakati pekudzedzereka kwenyika, kupenya kwemheni, nekutinhira kwayo, izwi reMwanakomana waMwari rinodaidzira vatsvene vavete. Anotarisa makuva evatsvene, anosimudza ruvoko rwake kudenga nekudaidzira, “Mukai, mukai, mukai, imi vavete muguruva, mukai!” Pakufara kwenyika yose, vakafa vachanzwa izwi iri, avo vachanzwa vachararama. Nenyika yose ichaita maungira nekuda kwehondo huru inobva kumarudzi ose, ndudzi, ndimi nevanhu vose. Kubva mujere rerufu vanovuya, vakapfeka kusafa, vachidaidzira, “Iwe rufu rumborera rwako ruripiko? Iwe guva kukunda kwako kuripiko?” 1 VaKorinde 15:55. Vapenyu vakarurama nevakarurama vamuka vanobatana mukudaidzira kwakareba kunofadza kwekukurira.

Vose vanobuda mumakuva nechimiro sechavakapinda nacho. Adamu achamira pakati pechaunga chamuka, akareba kwazvo asi arimupfupi zvishoma kuMwanakomana waMwari. Anoratidza kusiyana kukuru nemamwe mazera akazovapo kumashure, ipapa chete panoratidzwa kudzikira kukuru kwakaita rudzi rwevanhu. Asi vose vanosimuka nehutsva nesimba rehuduku husingaperi. Pakutanga munhu akasikwa arimumufananidzo

waMwari, musiri muzviito chete, asi mumuviri, muchimiro nekuvonekwa kwake. Chitema chakakanganisa chikapotsa chadzima zvachose mufananidzo waMwari uyu; asi Kristu akavuya kuzodzorera icho chakanga charasika. Achashandura miviri yedu yekuninipiswa iyi kuti ifanane nemuviri wekubwinya wake.

Chinofa, chinovora, chisina chakanaka machiri, chakambosvibiswa nechitema, chinopiwa kuperera, kunaka, nekurarama nekusingaperi. Zvose zvinoshoreka nehurema hose zvinosara muguva. Vadzorerwa kumuti wehupenyu wakarasika kare kare muEdeni, vakaponeswa "vachakura" (Maraki 4:2) vagoreba kusvika pachimiro chekubwinya chekutanga. Zvose zvairatidza chitema zvichabviswa, vakatendeka vaKristu vachamira "murunako rwaJehova Mwari wedu," mupfungwa, mumweya nemumuviri vachiratidza mufananidzo wakaperera waIshe Mwari wedu. Haiwa, rudzikinuro runoshamisa sei! Rwakataurwa kubvira kare, rukatarisirwa kubva kare, nekumirirwa nemwoyo wose, asi rusinganzwisisiki zvakazara.

Vapenyu vakarurama vachashandurwa nekanguva kaduku "sekubwaira kweziso." Neizwi remuromo waMwari vakapiwa kubwinya, zvino vapiwa kusafa, pamwechete nevatsvene vamutswa kuvakafa vatorwa kuti vasangane naIshe mudenga. Vatumwa "vanounganidza vakaponeswa kubva kumativi mana enyika, kubva kunemumwe mugumo wenyika kusvika kunemumwe." Vacheche vanotakurwa nevatumwa vachiiswa mumavoko emadzimai avo. Shamwari dzakaparadzaniswa nerufu kare kare dzinosanganiswa, pasina kuzoparadzana zvakare, nenziyo dzekufara vanokwira pamwechete vachienda kuguta raMwari.

Kumativi ose engoro yegore iri kunemapapiro, pasi pavo pane mavhiri mapenyu, ngoro painenge ichikwira, mavhiri anodaidzira achiti, "Mutsvene" nemapapirowo paanenge achisimuka anodaidzira, "Mutsvene," neboka revatumwa vanobvumira vachidanidzira vachiti, "Mutsvene, mutsvene, mutsvene Jehova Mwari Wemasimba Ose." Nevakaponeswa vanodaidzira "Hareruya!" panenge pachikwira ngoro yakananga kuJerusarema Idzva.

Vasati yapinda muguta raMwari, Muponesi anoisa chiratidzo chekukurira pavateveri vake, nekuvapa nguvo dzehumambo. Vatsvene vanomira vari mumativi mana akaenzana, pakati panaMambo wavo, uyo anechimiro chakareba kupfuvura chevatsvene nechevatumwa, uyo anechiso chinokanda maranzi erudo kwavari. Pakati pechaunga chisingaverengeki chevakaponeswa, maziso ose akatarisa paari, ziso rose rinotarisa kubwinya kwaIye akakuvadzwa kupfuvura vanhu vose, nenzira isina kumboitwa mumwe munhu." Pamisoro yevakuriri ava, Jesu neruvoko rwake rwerudyi anoisa korona yembiri. Munhu wose ane korona yake, inenge ine "zita rake idzva" (Zvakazarurwa 2:17) nemavara anoti, "Hutsvene KunaMwari." Murovoko rwemunhu wose munoiswa muchindwe wemukuriri nemarimba anopenya! Zvino mutumwa anenge achitungamirira paanopa

karidziro, ruvoko rumwe nerumwe runoridza marimba nehumhizha, pachibuda kuimbira kwakafuma kwazvo kunotapira kuterera. Mwoyo mumwe nemumwe unozadzwa nemufaro unoshamisa kwazvo, izwi rimwe nerimwe rinosimudzirwa mudenga nekurumbidza kwekutenda: “ Kuna iye wakatida akatisuka, pazvivi zvedu neropa rake, akatiita madzimambo, nevaPirisita kunaMwari naBaba vake, kwaari ngakuve kubwinya nesimba nekusingaperi peri. Ameni” Zvakazarurwa 1:5, 6.

Pamberi pevakadzikinurwa paneguta dzvene. Jesu anozarura masuo emaparera, marudzi akachengeta chokwadi opinda. Imomo anovona Paradiso yaMwari, musha waAdamu asati atadza. Zvino izwi rinotapira kupfuvura kuimbira kose kwambo mhara panzeve dzevanhu richanzwikwa richiti, “Hondo yenyu yapera.” Vuyai imi makaropafadzwa naBaba vangu, garai nhaka yamakagadzirirwa kubva pakusikwa kwenyika.”

Munyengetero waMuponesi waakanamatira vateveri vakezvino wazadziswa, “Ndinoda kuti avo vamakandipa vave neni pandinenge ndiri.” “Pamberi pekubwinya kwake vasina chavangapomerwa, vachifara kwazvo,” Judasi 24. Kristu anopa zvibereko zveropa rake pamberi zvakadini paBaba, achiti, “Ndiripano nevana vamakandipa.” “Avo vamakandipa ndakavachengeta.” Haiwa zvishamiso zverudo rwerudzikinuro! Kufadza kunovuya ipapo Baba pavanotarisa vakadzikinurwa, vachivona mufananidzo wavo, kushata kwechitema kwabviswa, kurwadza kwacho pasisina, munhu avekuwirirana naMwari zvekare!

Nerudo rusingatauriki, Jesu anochingamidza vakatendeka vake “kurufaro rwaIshe wavo”. Mufaro waMuponesi ndewekuona, muhumambo hwekudenga, mweya yakaponeswa nekutambudzika kwake nekuzvininipisa kwake. Vakaponeswa vachafara pamwechete naye, pavanenge vachivona vakaponeswa nekuda kweminamato yavo, nekushanda kwavo, nekuzvipira kwavo kwerudo. Pavanenge vachivungana pamberi pechigaro chichena chikuru, kufara kusina kumbovonekwa kuchazadza mwoyo yavo, vachivona avo vakashandira kuti vaponeswe naKristu. Vachivona kuti mumwe chete wakawana vamwe, nevamwe ivava vakawanavo vamwe zvakare, vose vave mubako rekuzorora kuti vaise korona dzavo patsoka dzaJesu nekumurumbidza nekusingaperi.

Vaponeswi pavanenge vachichingamidza muguta raMwari, mudenga munozara kudaidzira kwerudo rukuru nekuremekedza nekunamata. Vana Adamu vaviri vave kuda kusangana. Mwanakomana waMwari akamira akatandavadza mavoko ake kugashira baba verudzi rwedu -munhu waakasika, akatadzira Musiki wake, akakonzera mavanga emuchinjikwa pamuviri waMuponesi. Adamu paanovona mavanga ehutsinye hwezvipikiri, haawiri pachifuva chaMuponesi, asi mukuzvininipisa anozvikandira pamakumbo ake, achichema, “Yakafanira, yakafanira Nyenye yakabaiwa!” Nevunyoro

Muponesi anomusimudza, nekumutaurira kuti atarisezve musha weEdeni umo maakadzingwa kare kare.

Kubva paakadzingwa muEdeni, hupenyu hwaAdamu panyika hwakanga hwakazara nekusuwa. Kufa kweshizha rimwe nerimwe, hwai imwe neimwe yaibairwa, chose chakaipa chakawira nyika,chose chakaipa chakakanganisa kuchema kwemunhu, chaive chirangaridzo chitsva chechitema chake. Akarwadziwa kwazvo paaivona kusarurama kuchiwanda, mukudza kuyambira vanhu kwake, aikasangana nekutukwa achinzi ndiye akakonzera chitema. Nekutiwira kwekuzvininipisa akatakura, kwemakore angasvika chiuru, mubairo wekudarika murairo. Akatendevuka kubva muzvivi zvake nemwoyo wose, nekutarisira kuna Muponesi akavimbiswa, akafa ainetariro yerumuko. Mwanakomana waMwari akadzikinura kutadza nekuputsika kwemunhu; ikozvino, kuburikidza nebasa rekuchenurwa, Adamu anodzererwazve pachinzvimbo chake chekutanga.

Akatakurwa nerufaro, anotarisa miti yakambomufadza-miti inemichero yaakambonhonga paakanga asati atadza achifara. Anovona mizambiringa yaakasakurira nekuchekerera, maruva aaimbofarira kurimira. Pfungwa dzake dzinobatwazve nezvaanovona chaizvo, anogutsikana kuti zvechokwadi iyi ndiyo Edeni yadzorerwa panezvayakanga yakaita, yanaka kupfuvura zvayakanga yakaita paakaburitswa mairi. Muponesi omutungamirira kuenda kumuti wehupenyu, anotanha muchero wawo nekumupa kuti adye. Anotarisa tarisa, anovona zviuru nezviuru zvemhuri yake vakadzikinurwa, vakamira muParadiso yaMwari. Anokandira chiremba chake chinopenya pamakumbo aJesu, achiwira pasi nechifuva chake, anombundikira Mudzikinuri. Anobata marimba endarama, maungira edenga anodaira rwiyo rwekukunda urwu: “Yakafanira, yakafanira, yakafanira Nyenye yakabaiwa, inoraramazve!” Mhuri yose yaAdamu vanokandirawo korona dzavo pamakumbo aJesu vopfugamira patsoka dzake mukutenda kumurumbidza nekumunamata.

Kudzokeranazve uku kunopupurirwa nevatumwa vakambochema musi wakatadza Adamu, nekupembera, musi wakakwira Jesu kudenga abva kumuka kunevakafa, avhura makuva evanhu vose vaizotenda muzita rake. Zvino vanotarisa basa rerudzikinuro rapera, vanoimbawo pamwe chete rwiyo rwekurumbidza.

Pamusoro pegungwa rekristori riri pamberi pechigaro chehushe, gungwa riya regirazi raiita serakasanganiswa nemoto,-richipenyeswa nembiri yaMwari,- paungana vanhu “vakakurira chikara, nemufananidzo wacho nechiratidzo chacho, nechiverengo chezita racho” Zvakazarurwa 15:2. NeGwaiana paGomo reZioni, “vaIne rudimbwa rwaMwari,” vanomira, 144 000 avo vakadzikinurwa kubva panyaika; pakanzwikwa kutinhira sekwemvura zhinji, nekutinhira kwemheni kukuru, “nenzwi seravaridzi verudimbwa vachiridza vudimbwa” Zvakazarurwa 14:1-5; 15: 3; 7: 14-17. Zvino vakaimba “rwiyo rutsva” pamberi pechigaro, rwiyo rusina mumwe akarudzidza kunze kwe 144 000. Rwiyo

rwaMosisi neGwaiana,-rwiyo rwekudzikinurwa. Hakuna mumwe kunze kwe 144 000 anogona kudzidza rwiyo urwu, nemhaka yekuti rwiyo rwezvakaitika kwavari,-zvisina kumboitika kune rimwe boka. “Ndivo vanotevera Gwaiana kose kwarinoenda.” Avo vakashandurwa kubva panyika, kubva pavapenyu, vanoverengwa, “…sezvibereko zvekutanga kunaMwari nekuGwaiana.” “Ndivo vanobva kukutambudzika kukuru;” (Zvakazarurwa 14:1-5; 15:3; 7:14-17), vakapfuvura nemunguva yematambudzika makuru asina kumbovapo akadaro kubvira pakatanga marudzi evanhu panyika; vakashinga munguva yematambudziko aJokobo; vakamira vasina mumiririri munguva yekudirwa kwekutonga kwaMwari kwekupedzisira. Asi vakadzikinurwa, nemhaka yekuti “vakageza nguvo dzavo vakadzichenesa muropa reGwaiana.” “Mumuromo mavo hamuna kuvonekwa nhema, havana chavangapomerwa pamberi pechigaro chaMwari.” “Naizvozvo vari pamberi pechigaro chevushe chaMwari, vanomushumira masikati nevusiku mutembere yake; Iye unogara pachigaro chevushe, uchavadzitira netabernakeri.” (Zvakazarurwa 14: 1-5; 15: 3, 7; 7: 14-17.)

Vakavona nyika ichiparara nenzara nezvirwere, zuva richipiwa simba rekuti ripise vanhu nekupisa kukuru, ivo vamene vakakunda mumatambudziko, munzara nenyota. Asi “havachazoziyi nenzara, havachazofi nenyota; havangapiswi nezuva kana nekumwe kupisa; nekuti Gwaiana riri pakati pechigaro chevushe richavafudza, richavatungamirira kumatsime emvura yevupenyu; Mwari uchapisika misodzi yose kumeso avo” Zvakazarurwa 14: 1-5; 15: 3, 7; 7: 14-17.

Mumazera ose vasanangurwa vaMuponesi vaidzidziswa muchikoro chematambudziko. Vaifamba nenzira nhete panyika, vakachenurwa mumoto wemuchenuri wematambudziko. Nekuda kwaJesu vakashinga pakupikiswa, kuvengwa nekutukwa kunekushorwa. Vakamutevera nemumatambudziko anorwadza chaizvo, vakazviramba nekupinda mukukuhunika kukuru.

Muvupenyu hwavo hwairwadza vakaziva huipi hwechitema, simba racho, nhamo dzacho, saka vanochitarisa nekusema kunekuvenga kukuru. Kunzwisisa kuzvipira kusingaperi kwakadaidzira kubva kwachiri, kunovaninipisa pameso avo, nekuzadza mwoyo yavo nekutenda nekurumbidza zvisingakwanisiki kuitwa nevasina kumbotadza. Vanonyanya kuda, nemhaka yekuti vakaregererwa zvakawanda. Sevagoverani naKristu mukutambudzika kwake, vanokodzera kudyidzana naye mumbiri yake.

Vadyi venhaka vaMwari vakabva mumatambudziko, makomba, matorongo, mumipata, mumakomo, mumarenje, mumapako nemunzvimbo dzakavanda dzemhenderekedzo dzegungwa. Panyika vakanga, “vari varombo vekupedzisira, vachitambudzwa, nekurwadziswa.” Mamirioni akaenda kumakuva vazere nekutukwa nekumhurwa nemhaka yekuti vakaramba manyepo aSatani zvakasimba. Mumatare evanhu vakatongwa semakororo nevanhu vakaipisisa. Asi zvino, “Mwari ndiye avekutonga

Pachake" Pisarema 50:6. Zvakanga zvatongwa nenyika zvino zvave kushandurwa. "…achabvisa kuzvidzwa kwavanhu vake …." Isaya 25:8. "Vachavatumidza zita rinonzi "Vanhu vatsvene, Vakadzikunurwa naJehova" Isaya 62:12; 61: 3.

Akagadza kuti , "vapiwe korona panzvimbo yamadota, mafuta emufaro panzvimbo yekuchema, nenguvo yekurumbidza panzvimbo yemweya waziya . . . . Havachazovi vasina simba kana kutambura, havachina kuparadzirwa kana kudzvinyirirwa. Kubva zvino vavekugara naIshe nekusingaperi. Vave kumira pamberi pechigaro chehushe vakapfeka nguvo dzehushe dzakafuma dzinopfuvura dzose dzakambopfekwa nevanoremekedzwa venyika. Vakapfekedzwa zvino korona dzisina kumbopfekwa nemadzishe enyika ino.

Mazuva ekurwadziwa nekuchema apera zvachose. Mambo Wembiri apukuta misodzi yose kubva pameso avo, chose chaikonzera kurwadziwa chabviswa. Mukati mekusimudza michindwe kunonzwikwa kuimba kwekurumbidza, kwakanaka kunotapira, nemazwi anopindirana, izwi rimwe nerimwe richipinda paro chaipo, kusvikira maungira azadza denga rose: "Ruponeso ngaruve kunaMwari unogara pachigaro chevushe, nekuGwaiana. Ipapo vagari vose vekudenga vakapinda vachiti: Ameni: Kurumbidzwa, nekubwinya, nekuchenjera, nekuvonga, nekukudzwa, nevushe, nesimba, ngazvive kunaMwari nokusingaperi-peri. Ameni." Zvakazarurwa 7:10, 12.

Muhupenyu huno tinogona kutanga kunzwisisa nyaya inoshamisa yerudzikunuro. Nepfungwa dzedu dzinogumirwa tinogona kuona kunyadzisa nembiri, hupenyu nerufu, kururamisa nenyasha, zvinosangana pamuchinjikwa, asi nekutatamuka kwekupedzisira kwepfungwa dzedu hatigoni kurunzwisisa kukosha kwarwo zvazara. Kureba nekufara, kudzama nekukwira, kwerudo rwerudzikinuro asi kungozvinzwisisa zvishomanana. Zano reruponeso harigoni kunzwisiswa zvakazara, kunyange vakadzikinurwa vave kuona sezvavanovonekwa vachivona sezvavanovonekwa ivo, asi kusvikira nekusingaperi, chokwadi chitsva chicharamba chichizarurwa kumunhu achishamiswa nacho nekuchifarira. Kana nepo manetswa nemarwadzo enyika ino abviswa nechinozvikonzera chabviswa, vanhu vaMwari vacharamba vachingove nekuziva mupfungwa dzavo kuti ruponeso rwavo rwakadhura zvakadii.

Muchinjikwa waKristu ndiwo ucharamba uri sainzi nerwiyo zvevakaponeswa nekusingaperi. Muna Kristu ari mukubwinya vachavona Kristu akaroverwa pamuchinjikwa. Hazvizokanganwikwi narini kuti Iye akasika nesimba rake nekutakura nyika dzisingaverengeki muchadenga, Mudikanwi waMwari, Kubwinya kwedenga, uyo maserafimu nemakerubi anopenya akafarira kumuremekedza nekumunamata,- akazvininipisa kuti asimudze vanhu vakanga vaputsika, zvekuti akatakura mhosva nekunyadzisa kwezvivi, nekuvanzirwa chiso chaBaba vake, kusvikira matambudziko enyika yakarasika apwanya mwoyo wake, nekuparadza hupenyu hwake pamuchinjikwa weKarivari. Kuti muiti wenyika dzose, nemuMumiririri weremangwana rose, aise mbiri

yake parutivi, nekuzvininipisa nekuda kwekuda munhu, zvichafadza nekudaidzira rudo nekuremekedza kudenga nepasi rose. Marudzi akaponeswa paachatarisa Mudzikinuri wawo, nekuona kubwinya kwaBaba kusingaperi muchiso chake, pavanotarisa chigaro chake chinobva kusingaperi kusvika kusingaperi, nekuziva kuti humambo hwake hauzoperi, vanotangazve kuimba rwiyo, “Yakafanira, yakafanira Nyenye yakabaiwa, yakatidzikinura kuna Mwari neropa rake rinoeresa kwazvo!”

Chakavanzika chemuchinjikwa chinotsanangura zvimwe zvakavanzika zvose. Muchiedza chinoerera chichibva paKarivari, zvimiro zvaMwari zvakambotizadza nekutya nekushamiswa zvinoratidza runako nekutikwezvera kwazviri. Tsitsi, vunyoro, nerudo rwekubereka zvinovonekwa zvichisangana nehutsvene, kururamisira nesimba. Patinenge tichitarisa mbiri yechigaro chake, chakasimudzirwa nekukwidzwa kumusoro, tinovona chimiro chake munyasha dzacho, nekunzwisisa sezvatisina kumboita, kuti zita rakadai rinorevei rekuti, “Baba vedu.”

Zvicharatidzwa kuti Iye anehuchenjeri husina magumo haasaironga zano reruponeso pasina kuzvipira kweMwanakomana wake. Mubairo werufaro runobuda mukuzvipira kwakadai kwuzadza nyika yose nevanhu vakadzikinurwa, vatsvene, vanofara, vanorarama nekusingaperi. Chakabuda muhondo yaMuponesi nemasimba erima rufaro kunevakaponeswa, runoramba ruchipa mbiri kuna Mwari ruripo nekusingaperi. Uku ndiko kukosha kwemunhu zvekuti Baba vanogutsikana nemutengo wakabhadharwa, Kristu pachake, achivona michero yekuzvipira kwake kukuru, anogutsikanawo.

Chitsauko 41 Kuparadzwa kwenyika

“Nokuti zvivi zvaro zvasvika kudenga, Mwari warangarira zvisakarurama zvaro … mumudziyo iwoyo marakadira iro, muridirire kaviri. Parakazvikudza nokuzvifadza napo, murirwadzise nokurichemedza; nokuti rinoti mumoyo maro: ndinogara pachigaro chovushe ndiri vahosi, handizi chirikadzi, handingatongovoni kuchema. Saka madambudziko aro achasvika nezuva rimwe, rufu, nokuchema, nenzara: richapiswa kwazvo nomoto, nokuti Ishe

Mwari unoritonga, unesimba. Namadzimambo enyika akaita vupombwe nokuzvifadza naro, acharira nokuchema pamusoro paro, … vachiti, Nhamo, nhamo, iwe guta guru, iwe Bhabhironi, guta rakasimba! Nokuti kutongwa kwako kwasvika nenguva imwe.” Zvakazarurwa 18:5-10.

“Vatengesi venyika,” avo “vakafuma nokuwanda kwefuma yaro,”

“Vachamira vari kure nokutya kurwadziwa kwaro, vachirira nokuchema, vachiti: Nhamo, nhamo, guta guru rakanga rakapfeka mucheka wakanaka, mutsvuku nomushava, rakanga rakashonga ndarama, nmabwe anokosha, namaparera! Nokuti nenguva imwe fuma hurur yakadai yaparadzwa.” Zvakazarurwa 18:11, 3, 15-17.

Aya ndiwo madambudziko achawira Bhabhironi nezuva rekutongwa nekushanyirwa kwaro nehasha dzaMwari. Nokuti rakazadza mukombe wezvivi zvaro; nguva yaro yasvika; raibva kuti riparadzwe. Apo izwi raMwari richabviswa kubatwa kwevanhu vake, pachaita kumuka kukuru kwevanhu vakarasikirwa nezvose munguva yehondo huru muupenyu. Apo nguva yemutsa yakanga ichipo, vakanga vakapofumadzwa nekunyengera kwaSatani, vakazvichenura munzira yezvivi zvavo. Vapfumi vakazvikudza pamusoro pekutonga kwavo avo vaiva pasi pavo, asi vakanga vawana hupfumi hwavo nokutyora murairo waMwari. Vakarega maune kubatsira vaiva nenzara, kupfekedza vakanga vasina mbatya, vakarega kuita nekururamisira, uye havana kuita netsitsi.

Vakatsvaga kuzvisimudzira nekukudzwa nevamwe vanhu vakasikwa saivo. Iyezvino vatorerwa zvose zvaivaita kuti vaite mbiri ndokusiiwa vave varombo vasina dziviriro. Vanotarisa nokutya zvifanidzo zvavo zvichiparadzwa izvo vakanga vachida kupfuura Musiki wavo. Vakatengesa mweya yavo kune zvinofadza nehupfumi hwenyika, vakasatsvaka kuva vapfumi kunaMwari. Matuso acho ndiko kukundikana kwehupenyu hwavo; zvinofadza zvavo zvashandurwa kuva nduru, pfuma yavo ikava kuora. Zvavakawana muhupenyu hwese zvatsvairwa muchinguva chiduku. Vapfumi vanochema kuparadzwa kwedzimba dzavo dzinokosha, kuparadzirwa kwesirivheri nendarama yavo. Asi mariro avo anonyaradzwa nekutya kwekuti ivo pachavo vamirira kuparadzwa pamwechete nezvimwari zvavo.

Vakaipa vanozadzwa nekuzvidemba, kwete nokuti vakatadza kuita zvakanaka kuna Mwari nekunevamwe vanhu, asi nokuti Mwari akunda. Vanochema kuti zvinhu zvavo zvazvava; asi kwete kuchemera kutendeuka pazvivi zvavo. Dai vaine simba vaiita zvavangakwanisa kuti vakunde.

Nyika ichaona boka iro riya revanhu vaishorwa nekutukwa, vaishuvirwa kuparadzwa chose, vachipfuura nemumatambudziko, nemuchamupupuri, nemukudengenyeka kwenyika asi vasina chinovawana. Uyo achava moto unoparadza kuvadariki vemurairo wake, ndiye achava bako rekuhwanda kuvanhu Vake.

Muparidzi uyo akatengesa zvokwadi achida kuwana kukudzwa navanhu ava kuona zvino chimiro nesimba rekudzidzisa kwake. Zvava pachena kuti Ziso risingapotsi raimutevera pose paaisimuka achidzidzisa, paaifamba munzira dzemumisha, paaisangana navana vavanhu muzviitiko zveupenyu. Kaitiro kose kemweya, zvose zvakanyorwa namavara, shoko rose rakataurwa nemuromo, nekuita kwese kwakatungamirira vanhu kuvarairwa vakazorora mumanyepo, zvose izvi kwakanga kuri kukusha mbeu; saka zvino, ava kuona goho racho mukurashwa kwemweya isina simba yakamutenderedza.

Zvanzi naJehovha: “Vakangopodza vanga romukunda wavanhu vangu zvishoma, vachiti, Rugare, rugare!’ izvo hakuna rugare.” “Nokuti nenhema dzenyu makarwadza moyo wowakarurama, wandisina kuchemedza, makasimbisa maoko owakaipa, kuti arege kudzoka panzira yake yakaipa, aponeswe.” Jeremiya 8:11; Ezekieri 13:22.

“Vane nhamo vafudzi vanoparadza nokuparadzira makwai amafuro angu! … Tarirai ndichakurovai nokuda kwezvakaipa zvamabasa enyu.” “Wungudzai imwi vafudzi, mucheme, wumburukai mumadota, imi vakuru vamapoka; nokuti mazuva okuurawa kwenyu asvika kwazvo; … Vafudzi vachashaiwa matizire, navakuru vamapoka mapukunyukire.” Jeremiya 23:1, 2; 25:34, 35.

Vaparidzi nevanhu vachaona kuti havana kuita ukama chaihwo naMwari. Vachaona kuti vakapandukira muiti nemupi wemurairo wakarurama nekururamisira. Kuramba zvakatongwa naMwari kwakakonzeresa kumuka kwezvitubu zvizhinji zvechakaipa, nyongano, ruvengo, kusarurama, kusvikira nyika yaita renje huru rehondo, negawa rimwe rehuwori. Ndizvo zvichange zvino zvava kuonekwa nevaya vakaramba kusarudza zvokwadi vachida manyepo. Mashoko haagoni kutsanangura kuzvidemba kukuru kuchabata vanhu vasingateereri apo vachange vachishuva icho chavakarasikirwa nacho nekusingaperi—hupenyu husingaperi. Vanhu avo vainamatwa nenyika nokuda kwehunyanzvi hwavo nekugona kwavo kutaura vave kuona zvino chiedza chezvavakaita. Vave kuona zvino icho chavakarasikirwa nacho nokuda kwekusateerera, uye vachawira pasi patsoka dzeavo vavaizvidza nekunyomba, vachiedza kureurura kuti vanoda Mwari.

Vanhu vave kuona zvino kuti vakarasiswa. Vachapomerana mhosva yekutungamiririrana kukuparadzwa; asi vose vachabatana pakupomera mhosva kuvaparidzi. Vafudzi vasina kutendeka vakaporofita zvisina maturo; vakatungamirira vateereri vavo kuzvidza mutemo waMwari nekutambudza avo vaiuchengeta uri mutsvene. Zvino, mukutambudzika kwavo, vadzidzisi ava ndipo pavachareurura kunyika mabasa avo ekunyengera. Vazhinjizhinji vachabatwa nehasha huru. Vachachema vachiti: “Taraswa! imi ndimwi chikonzero chekuparadzwa kwedu;”, saka vachamukira vafudzi venhema. Vanhu avo vaisimbovayemura zvikuru, vachataura zvituko zvikuru pamusosro pavo. Maoko mamwechetewo aisimbovapfekedza korona achasimudzwa kuvaparadza. Minondo yakanga yakagadzirirwa kuuraya vanhu vaMwari ichashandiswa kuuraya vavengi vavo. Mhirizhonga nekudeura ropa zvichazara pese-pese.

“Mubvumo uchasvika pamugumo wenyika pamene; nokuti Jehovha unegakava namarudzi; uchatonga nyama yose; kana vari vakaipa, uchavaisa kumunondo.” Jeremiya 25:31. Kwemakore zviuru zvitanhatu, hondo huru yanga ichirwiwa; Mwanakomana waMwari neVatumwa vake veDenga vanga vachirwisana nesimba rewakaipa, vachiyambira, kuonesa, nekuponesa vana vevanhu. Zvino, vose vaita sarudzo dzavo; vakaipa vaita mubatanidzwa naSatani mukurwisa kwake Mwari. Nguva yasvika yekuti Mwari vamiririre simba remutemo wavo wakakandirwa muhuruva. Zvino, hondo huru iya haichingori nasatani bedzi, asi nevanhuwo. “Jehovha une gakava namarudzi.” “Uchaisa vakaipa kumunondo.”

Mucherechedzo wekusunungurwa wakaiswa pamusoro peavo “vanochema nekugomera nokuda kwezvakaipa zvinoitwa.” Zvino mutumwa werufu anoenda, uya anoratidza mumuono waEzekieri achiratidzwa sevarume vakabata minondo inoparadza, avo vakapiwa simba vachinzi: “urayai vose vatana namajaya nemhandara, navana navakadzi; asi regai kuswedera kunoumwe ane chiratidzo; mutange panzvimbo yangu tsvene.” Muporofita anoti: “Ipapo vakatanga navatana vakanga vari pamberi peimba.” Ezekieri 9:1-6. Basa rekuparadza richatangira pakati peavo vaizviti ndivo vatariri vemweya yevanhu. Varindi venhema ndivo vachatanga kuwa. Hapana vachanzwirwa tsitsi kana kuregererwa. Varume, vakadzi, mhandara nevacheche vose vachafa pamwechete.

“Jehovha uchabuda panzvimbo yake kuti arove vanogara panyika nokuda kwezvakaipa zvavo: nenyikawo ichafukura ropa rayo, ikasazofukidzazve vakaurawa vayo.” Isaya 26:21. “Uku ndiko kurova Jehovha kwaacharova nako ndudzi dzose dzavanhu vakarwa neJerusarema, nyama yavo ichawora vamire namakumbo avo, meso avo achavorera mumakomba awo, norurimi rwavo ruchaorera mumiromo yavo. Zvino nezuva iro kunyonganiswa kukuru kunobva kuna Jehovha kuchavapo pakati pavo; mumwe nomumwe uchabata ruoko rwowokwake, uye ruoko rwake ruchasimudzirwa ruoko rwowokwake.” Zekariya 14:12, 13. Mukupenga kwehasha dzavo nekusazvidzora, uye kuburikidza nekudururwa kwehasha dzaMwari dzisina kuvhenganiswa, vagari vakaipa

vepanyika vachawira pasi—Vaprisita, Vatongi nevanhu vapfumi, varombo, vakakwirira nevapasi. “Nezuva iro, vakavurawa naJehovha vachavapo kubva kunomumwe mugumo wenyika kusvikira kunemumwe mugumo wenyika; havangachemwi, kana kuunganidzwa, kana kuvigwa.” Jeremiya 25:33.

Pakuuya kwaKristu, vakaipa vachabviswa panyika yose—vachamedzwa nemweya womuromo wake, nekuparadzwa nekupenya kwechiedza chake. Kristu achatora vanhu Vake kuenda navo kuguta raMwari, ipapo nyika ichabvisirwa vagari vayo. “Tarira Jehovha unobvisa zvose panyika nokuiparadza, nokuitsindikira, nokuparadza vagere mairi.” “Nyika ichabvisirwa zvose zvayo, ichaparadzwa chose; nokuti Jehovha akataura shoko iro.” “Nokuti vakadarika mirayiro, vakakanganisa mitemo, nokuputsa sungano isingaperi. Saka kutuka kwaMwari kwapedza nyika, navageremo vava nemhosva, saka vagere munyika vapiswa, vangosara vanhu vashoma.” Isaya 24:1, 3, 5, 6.

Nyika yose inoita serenje risingagari vanhu. Matongo emumaguta nemumisha zvakaparadzwa nekudengenyeka kwenyika, kukadzura miti, nekuparadzira mabwe, achikandwa negungwa kunosakadza chiso chenyika pachayo, akazara pamusoro payo uye mipata ichavhurika panyika ichiratidza nzvimbo dzakanga dzakagara hwaro hwemakomo ayo achabvarurwa kubva pamidzi yawo.

Zvino chiitiko chichaitika icho chaisimboitwa semuenzaniso murusando rwekupedzisira pazuva rekuchenurwa. Kana hushumiri hwemunzvimbo tsvene-tsvene hwapera, uye zvivi zvevana veIsraeri zvabviswa kubva musenjuari kuburikidza neropa rechipiriso chezvivi, ipapo mbudzi yaAzazeri yaichipirwa iri mhenyu pamberi paJehovha; ipapo, pamberi peungano, MuPrisita Mukuru aireurura zvivi pamusoro payo “zvakaipa zvose zvavana vaIsraeri nokudarika kwavo kose, izvo zvivi zvavo zvose, ngazviiswe pamusoro wembudzi.” Revitiko 16:21. Nenzira imwecheteyo, basa rekunatsa musenjuari yekudenga rapedzwa, zvino ipapo pamberi paMwari nevatumwa vekudenga, nemhomho yevanhu vakaponeswa, zvivi zvevanhu vaMwari zvichaiswa pamsoro paSatani; ipapo achabva atongerwa mhosva dzezvakaipa zvose zvakapa vanhu kuita. Sezvakaita mbudzi yaAzazeri iyo yairasirwa kunyika yerenje isingagari vanhu, naizvozvo Satani achasiiwa munyika yakaitwa dongo, isingagari vanhu uye nyika yerenje.

Munyori waZvakazarurwa anoporofita kurasirirwa kwaSatani uye chimiro chisina kurongeka icho nyika ichasvitswa pachiri, uye anotaura kuti chimiro ichi chichagara chakadaro kwemakore anegumi remazana. Mushure mekuratidza zviitiko zvekudzoka kwaShe kechipiri nekuparadzwa kwevakaipa, chiporofita chinoenderera mberi chichiti: “Zvino ndakaona mutumwa achibururuka kudenga, anekiyi yegomba rakadzika-dzika neketani huru muruvoko rwake. Akabata shato, nyoka yekare, ndiye Dhiyabhorosi naSatani, akamusunga makore ane gumi ramazana. Akamukandira mugomba rakadzika-dzika, akamupfigiramo, akaisa chisimbiso pamusoro pake, kuti arege kuzonyengera

marudzi kusvikira makore ane gumi ramazana apera: shure kwaizvozvo unofanira kusunungurwa chinguva chiduku.”Zvakazarurwa 20:1-3.

Mashoko ekuti “gomba rakadzika-dzika” zvichireva chimiro chenyika mukusagadzikana kwayo nerima, ane humbowo muMagwaro. Maererano nechimiro chenyika, “pakutanga,” zvakanyorwa muBhaibheri zvinoti: “nyika yakanga isina kugadzirwa isina chinhu, uye rima guru rakanga riripo pamusoro pemvura yakadzika.” Izwi rechiHebheru rakashandurwa kuti “pakadzika” rinowanikwa mubahibheri rechigiriki rinonzi Septuagint iro rakadudzirwa kubva Testamende yeKare muchiHebheru ndiro vara rimwechete rakadudzirwa kuti “gomba rakadzika-dzika” muna Zvakazarurwa 20:1-3; Genesi 1:2. Chiporofita chinotiudza kuti nyika ichambodzorerwa kwechinguva pachimiro ichi. Achitarisira zuva guru raMwari, muprofita Jeremiah anotaura kuti: “Ndakatarira nyika, ndikaiona yaparadzwa, isina chinhu; ndikatarira denga rose, asi rakanga risina chiedza. Ndakatarira makomo ndikaona achidedera, nezvikomo zvichizununguka. Ndakatarira ndikasaona vanhu, neshiri dzose dzokudenga dzakanga dzatiza. Ndakatarira ndikaona nyika yakanga ichibereka zvakanaka yashanduka renje, namaguta ayo ose akanga akoromoka.” Jeremiya 4:23-26.

Uyu ndiwo musha waSatani nengirozi dzake kwemakore anegumi remazana. Achasungirwa kugara panyika ino bedzi, asina mukana wekushanyira dzimwe nyika dzisina kuwa kuti arege kunokanganisa vagari vadzo. Nenzira iyi, ndizvo zvinoreva kusungwa kwake: nokuti hapana vanhu vasara panyika, avo vaangashandisira simba rake. Achadziviswa zvachose kushandisa simba rake rekunyengera nekuparadza iro ranga riri chombo chake chaanofarira kwemazana emakore

Muporofita Isaya, apo aitarisa mberi panguva iyo Satani achawisirwa pasi akataura kuti: “Haiwa, wawa Seiko uchibva kudenga iwe nyamasase, iwe mwanakomana wamambakwedza! Wakandwa Seiko pasi, iwe wekuwisira marudzi pasi! … Iwe wakati mumoyo mako, Ndichakwira kudenga, ndichakwiridza chigaro changu choushe kumusoro kwenyeredzi dzaMwari … Ndichakwira kumusoro kwemakore, ndichazvienzanisa noWokumusoro-soro. Kunyangwe zvakadaro uchaderedzwa kusvikira paSheori, kusvikira pakadzika pegomba. Vanokuona vachakucherekedza, vachakutarira vachiti, Ko uyu ndiye munhu aidederesa nyika, aizunungusa ushe; aishandura nyika ifanane nerenje, aiparadza maguta ayo, airamba kusunungura vasungwa vake vaende kumusha here?” Isaya 14:12-17.

Kwemakore zviuru zvitanhatu, basa raSatani rekupanduka “rakaita nyika idedere,” “akaita nyika ishanduke renje, nokuparadza maguta ayo.” Haana kuzarurira vasungwa vake kuti vabude mutorongo.” Kwemakore zviuru zvitanhatu imba yake yejeri yakagashira vanhu vaMwari, uye angadai akavachengeta muhubatwa nekusingaperi; asi zvino Kristu akadambura misungo yake nekusunungura vasungwa.

Kunyangwe nevakaipawo zvino vaiswa kure nesimba rake, saka asara ega nengirozi dzake panyika kuti vaone michero yakaunzwa nechituko chezvivi. “Madzimambo ose amarudzi, iwo ose, anovata achikudzwa, mumwe nomumwe paimba yake yeguva. Asi iwe waraswa kure nobwiro bwako, sedavi rinonyangadza … Haungavigwi pamwechete navo, nokuti wakaparadza nyika yako, wakauraya vanhu vako.” Isaya 14:18-20.

Kwemakore chiuru, Satani achafamba nekupota pakufara nekukura kwenyika isina vanhu achiona matuso ekupandukira kwake mutemo waMwari. Munguva iyi, kutambudzika kwake kuchava kukuru. Kubvira pakuwa kwake, upenyu hwake hwekusazorora hwakaita asaona kana kucherechedza kaitiro kake; asi zvino achatorerwa simba rake achisiiwa kuti afunge rupandi rwaakaita kubva pakupandukira kwake hurumende yeDenga, uye achifungisisa nekutya nhamo yaakatarisana nayo mberi kwake apo anofanira kuzotambudzika nokuda kwezvakaipa zvose zvaakaita nemugove wake wekurohwa pamusoro pezvivi zvaakakonzeresa vanhu kuita.

Kusungwa kwaSatani kuchaunza mufaro kuvanhu vaMwari. Muporofita Isaya anoti: “Zvino nezuva iro kana Jehovha achikuzorodza pakuchema kwako, napakutambudzika kwako, napakubata kwako kunorema kwawakabatiswa nako, uchaimba rwiyo urwu pamusoro pamambo weBhabhironi, uchiti, Haiwa, mumanikidzi wapera sei! ... Jehovha wakavhuna mudonzvo wowakaipa, netsvimbo youshe yevabati; Iye airova marudzi avanhu nehasha nokurova kusingaperi.” Isaya 14: 3-6.

Panguva yemakore ane gumi ramazana kubva parumuko rwekutanga kusvika pane rwechipiri, kutongwa kwevasakarurama kuchatora nzvimbo. Mupostori Pauro anotsanangura kuti kutonga uku kuchaitika mushure mekudzoka kwaJesu kechipiri. “Saka regai kutonga chinhu nguva isati yasvika, kusvikira Ishe avuya, iye uchabudisa pachena zvinhu zvakavanzika zverima, nokuratidza mifungo yomoyo.” 1 Vakorinde 4:5. Danieri anotaura kuti kana Wakakwegura pamazuva achisvika, “Vatsvene veWokumusoro-soro vakaruramisirwa, nguva ikasvika yokuti vatsvene vapiwe ushe.” Danieri 7:22. Panguva iyi vakarurama vachatonga samadzimambo navaprisita kunaMwari. Johane anoti muna Zvakazarurwa: “Ipapo ndakaona zvigaro zvovushe, vakagara pamusoro pazvo vakapiwa simba rokutonga.” Zvakazarurwa 20:4, 6. Iyi ndiyo nguva, sezvakaporofitwa naPauro, apo: “Vatsvene vachatonga nyika.” 1 Vakorinde 6:2. Pamwechete naKristu vachatonga vasakarurama, vachienzanisa Mabasa avo nezvakanyorwa mubhuku yemurairo, iro Bhaibheri, vachipa mutongo wehupenyu umwe nehumwe zvinoenzanirana nemabasa akaitwa nemuviri. Mugove uchapiwa vakaipa uchatemwa, zvinoringanirana nemabasa avo; uye zvichanyorwa mberi kwemazita avo mubhuku rerufu.

Sataniwo nevatumwa vake vachatongwa naKristu nevanhu vake. Pauro anoti: “Ko hamuzivi here kuti muchatonga vatumwa?” 1 Vakorinde 6:3. NaJudha anotaurawo achiti: “Navatumwa vasina kuchengeta nzvimbo yavo asi vakasiya pavaifanira kugara,

Wakavachengeta muzvisungo zvisingaperi pasi perima guru kusvikira kutongwa kwezuva guru.” Judha 6.

Pakupera kwemakore ane chiuru ndipo pane rumuko rwechipiri. Ipapo vasakarurama vachamutswa kubva kuvakafa vachimira pamberi paMwari kuti vagashidzwe rutongo rwekuparadzwa sezvakanyorwa. Ndiko saka munyori waZvakazarurwa, mushure mekutsanangura rumuko rwevakarurama, anoti: “Vamwe vakafa havana kumukazve kusvikira makore ane gumi ramazana apera.” Zvakazarurwa 20:5. Uyewo Isaya, achitaura pamusoro pevakaipa anoti: “Vachaunganidzwa pamwechete, sezvinounganidzwa vasungwa mugomba, vachipfigirwa mutorongo, zvino kana mazuva mazhinji apfuvura, vachashanyirwa.” Isaya 24:22.

Chitsauko 42 Hondo huru yapera

Panopera makore ane churu, Kristu anodzoka zvekare panyika. Anenge achiperekedzwa nechita chevakaponeswa achishandirwa negunga-no revatumwa. Apo anodzika nemutsindo mukuru anoraira kuti vakafa vakaipa vamuke kuti vagamushire mubairo wavo wekuparara. Vanomuka, iri hondo huru kwazvo chinesimba, vasingaverengeki sejecha regungwa. Musiyano wakadii nevaka muka parumuko wekutanga. Vatsvene vaiva vafukidzwa nemiviri mitsva isingafi yakanaka. Vakaipa vachine zviratidzo zveurwere nekufa.

Ziso rimwe nerimwe muboka guru iri rinotarisa pakubwinya kweMwanakomana waMwari. Hondo yevakaipa iyi pamwe chete vanodaidzira “Wakaropafadzwa anouya muzita raShe. Harusi rudo kuna Kristu runoita kuti vadaidzire vachidai. Simba rechokwadi rinomanikidza kuburitsa mazwi aya, mumiromo yavo isingadi. Sekupinda kwavakaita mumakuva, vakaipa ava vanongobuda vaine ruvengo rumwe chetewo kuna Kristu, nemweya mumwechete iwoyo wekupanduka. Havasi kuzopihwa mumwe mukana wekutendeuka kuti, vachigadziridze mhosva dzepupenyu hwavo hwekare. Hapana chingabude pakudaro. Hupenyu hose hwekutadza hauna kunyevenutsa mwoyo yavo. Mukana wechipiri, dai waingapihwa kwavari, wainga shandiswa sewekutanga pakunzvenga zvidiso zvaMwari uye kumutsa mweya wechimurenga kunaMwari.

Kristu anoburukira pagomo reMiorivi, kwaakakwira achibva paakamuka kubva kuvakafa, apo vatumwa vakadzokorora chitsidzo chekudzoka kwake. Muporofita anoti, “Jehova Mwari wangu achauya, nevatsvene vose pamwechete newe.” “Nezuva iro tsoka dzake dzichamira pagomo reMiorivi, riri pamberi peJerusaremu kurutivi rwemabvazuva; gomo reMiorivi richapamuka nepakati, zvichibva kumabvazuva zvichienda kumavirazuva, kukavapo mupata mukuru kwazvo; imwe hafu yegomo ichatsedukira kurutivi rwekumusoro, imwe hafu yaro kurutivi rwezasi.” “Jehova uchava Mambo wenyika yose nezuva iro Jehova uchava mumwe chete, nezita rake rimwe chete” Zakariya 14: 4, 5, 9. Apo Jerusarema idzva rodzika kubva kudenga, nekupenya kukuru, rinomhara panzvimbo inenge yanatswa kugadzirira kurigamuchira, Kristu nevanhu vake nevatumwa vanobva vapinda muGuta Dzvene.

Ipapo Satani anobva agadzirira kurwisa kwekupedzisira kuti atore hukuru. Paange amboshaiswa simba rake nekutadziswa kunyengera, muchinda wehuipi uyu angaachingodzungaira akadumbirwa asi apo panomuka vakaipa anobva aona vanhu vakawanda vari kurutivi naye, saka tariro yake inomutswa, ozvimisira kuti haangakundwi pahondo huru iyi. Anobva akokera hondo dzose dzevakaraswa kuti vave pasi pemureza wake, ovashandisa kuti mazano ake abudirire. Vakaipa inhapwa dzake. Mukuramba Kristu, vakagashira kutongwa nemutungamiriri wekupanduka uyu. Vakazvimisira kugamushira zvaanotaura, vachiita zvose zvaanovatuma. Iye Satani, sekuita kwake kubva pekutanga

haazviratidzi kuti ndiye Satani. Anozviti ndiye muchinda anova muridzi wenyika ino, uye kuti nhaka yake yakabvutwa kubva kwaari. Anozviratidza kuvanhu vake semudzikinuri achivasimbisa nerukuti isimba rake ravamutsa kubva mumakuva, saka ava kuda kunovanunura kubva kumutongi anehutsinye. Kristu anenge amboti sudurukei, saka Satani anobva aita mapipi kutsigira zvaanenge ataura. Anoita kuti vakaneta vasimbe avafemera mweya wake nesimba. Anovaudza kuti anoda kuvatungamirira kumusasa wevatsvene nekuda kutora Guta Dzvene. Nemufaro unemanyawi mukati, anonongedzera kuhuwandu hwevanhu vamutswa, obva ati semutungamiriri wavo, anogona kukunda guta nekutora chigaro nehushe.

Muchaunga ichi mune vazhinji vakararama panyika kwenguva refu murove usati wauya. Varume vaive nemumhu mukuru nenjere dzaipinza. Vakazvipa kuteerera vatumwa vakawa, saka vakabva vaisa humizha nehunyanzvi hwavo zvishandisa kuzvifadza ivo, varume vakaita mabasa ehumhizha vakarumbidzwa nekunamatwa nevamwe vavo, asi hutsinye hwavo nezvavakagadzira zvakasvibisa nyika zvikadzima mufananidzo waMwari mavari, zvikakonzera kuti Mwari avabvise panyika. Panenge pane madzimambo nevakuru vemauto vakakunda dzimwe nyika magamba asina kumbokundwa muhondo, varwi vaizvikudza vaineshungu, zvekuti kuswedera kwavo kwakakonzera humwe hushe kubvunda serutsanga. Pakufa kwaro, havana kushanduka. Pavanobuda mumakuva, vanosimudzira mafungiro avo pavakasiira. Vanenge vachimutswa nemweya mumwe chetewo wekukunda waiva tonga pavaka putsikira pasi vachifa.

Satani anorangana nengirozi dzake, pamwechete nemadzimambo aya nevakuru vehondo vanesimba ava. Vanotarisa huwandu hwavo nesimba ravo, zvinoita kuti vataurirane kuti hondo irimuguta ine mauto mashoma, saka vanogona kuikunda. Vanoronga mazano ekutora hupfumi nembiri yeJerusarema idzva. Vose vanobva vakatanga kugadzirira hondo. Mhizha dzinehunyanzvi dzinogadzira zvombo zvehondo. Vatungamiriri vehondo dzekare vachikurudzirwa nekupembererwa nekubudirira kwavakaita kare, vanoranga vanhu muzvipoka zvipoka zvekurwa.

Pekupedzisira panobva papihwa shoko rekuti vaende mberi, chita chisingaverengeki chobva chafamba … hondo huru isati yakambounganidzwa nevakundi vepanyika, isingaenzwanisi nemauto ose emazera ose panyika yose kubvira pakatanga hondo. Satani, murwi mukuru anesimba kukunda vose, anobva atungamirira chita ichi, nevatumwa vake vanobva vabatana naye kuti varwe kwekupedzisira. Madzimambo nemachinda ehondo varimo muchikwata chake, neruzhinji votevera, boka rimwe nerimwe riine mukuru waro. Vanofamba nehunyanzvi hwehondo vachidzika nekukwira mumakoronga vachienda kumusasa wevatsvene. Jesu anobva araira kuti masuo eguta apfigwe, hondo yaSatani inobva yakomba guta rose, vachigadzirira kutanga hondo.

Kristu anobuda pachena zvekare kuti vavengi vake vamuone. Pamusorosoro peguta, kunenge kune chigaro cheushe chine nheyo dzendarama, chakasimudzwa mudenga. Ndipo panobva pagara Mwanakomana waMwari, akatenderedzwa nevaranda vake. Simba nechiremerera zvaKristu hazvitauriki, kana kugona kunyorwa nezvazvo. Mbiri yaBaba vasingafi yakaputira Mwanakomana. Kupenya kwekuvapo kwake kunozadza Guta RaMwari, kopfuurira mazambara, zvichiita kuti nyika yose ijeke.

Pedyo pedyo nechigaro kune avo vaiva mbiru dzokurwisa varikudivi raSatani, asi vakava zvitsiga zvakabvutwa mumoto vakazoshandira Kristu nekuperera kwavo kose. Kuchitevera vaya vakachenesa zvimiro zvavo zveChikristu pakati pemanyepo nekusavimbika, avo vakaremekedza mutemo waMwari panguva io nyika yose yaiti haushandi, nevakawanda, venguva dzose, vakapondwa nekuda kwekutenda kwavo. “Shure kwavo kune, “vazhinji-zhinji vasingagoni kuverengwa nemunhu, vakabva kundudzi dzose, nemarudzi, nevanhu, nendimi,” “pamberi pechigaro chevushe, nepamberi peGwaiana, vakapfeka nguvo chena, vakabata michindwe mumavoko avo” Zvakazarurwa 7: 9. Hondo yavo yapera, vakakunda. Vakamhanya mujaho, vakapiwa mubairo. Matavi emichindwe mumavoko avo mucherechedzo werukuriro rwavo, nguwo chena dzichimiririra hutsvene hwaKristu husina ruvara, zvino hwave hwavo.

Vakaponeswa vanoimba rwiyo rwekurumbidza runoita maungira anopararira mudenga rose: “Ruponeso ngaruve kunaMwari unogara pachigaro chevushe, nekuGwaiana”. Ngirozi neserafimu dzinobatana navo nemazwi ekurumbidza. Sezvo vatsvene vakaona simba nehukasha hwaSatani, vanovona kuti hapana simba rinogona kuita kuti vakunde kunze kweraKristu. Kune ruzhinji rwose runopenya urwu, hapana anozviti akakunda nesimba rake, kana kunaka kwake. Hapana zvinotaurwa pamusoro pezvavakaita, kana kutambudzika kwavo, asi dindingira rerwiyo rumwe nerumwe nerwiyo rwavo rukuru kuti: Ruponeso rwabva kuna Mwari nekuGwaiana!

Pamberi pewungano yevagari vepanyika neve kudenga, kugadzwa kwekupedzisira kweMwanakomana waMwari kunobva kwaitwa. Ipapo, apiwa masima nerukudzo, Mambo wemadzimambo anobva ataura murango wevakapandukira hurumende yake, nekupa zvakavakodzera kune avo vakatyora mutemo wake nekudzvanyirira vanhu vake. Muprofita anoti, “Zvino ndakavona chigaro chevushe chikuru chichena, naiye wakanga agere pamusoro pacho, iye, nyika nedenga zvakatiza pachiso chake, zvikasawanirwa nzvimbo. Ipapo ndakavona vakafa, vaduku nevakuru, vamire pamberi pechigaro chevushe; bhuku dzikazarurwa,neimwe bhuku yeupenyu ikazarurwa, vakafa vakatongwa nezvakanga zvakanyorwa mubhuku, sezvavakabata” Zvakazarurwa 20:11, 12.

Panongozarurwa bhuku dzerutondedzo, ziso raJesu richitarisa vakaipa, ivo vanobva vatondera zvose zvakaipa zvavakamboita. Vanovona pose pakatsauka tsoka dzavo kubva munzira yehutsvene nekururama, kuti kuzvikudza nehupandu zvakavasvitsa kupi,

pakuputsa mutemo waMwari. Miyedzo yekufurirwa yavakakurudzira kuburikidza nekusazvidzora kuchitema, zvikomborero zvakatambiswa, nhume dzaMwari dzakazvidzwa, yambiro dzakashairwa hanya, nenyasha huru dzakarambwa nemwoyo yakasindimara isina kutendeuka ...zvose izvi zvinoonekwa sekuti zvakanyorwa nemavara emoto.

Pamusoro pechigaro panobva paonekwa muchinjiko kobva kwabudiswa inenge mifananidzo yekuedzwa nekuwa kwaAdamu, nematanho ose akatorwa muzano reruponeso. Kuzvarwa kwakashoreka kwaMuponesi, hupenyu hwake kubva pahuduku hwake mumhuri yepasi pasi huine kuteerera; kubhapatidzwa kwake muJordani, kutsanya nekuedzwa kwake murenje, kushandira vanhu kwake, paaizarura kuvanhu nezvechikomborero chinokosha chekudenga; mazuva akazadzwa nemabasa erudo nengoni, husiku hwekunamata ari oga mumakomo, kuronga kwegodo, ruvengo nehutsinye zvakava kutendwa kwake; kurwadziwa kunotyisa kusinganzwisisiki muGetsemani akatsimbirirwa nemutoro wezvivi zvenyika yese, kutengeswa kwake kuruzhinji rwaida mumuvuraya; zviitiko zvinotyisa pahusiku hwekutambudzwa kwake…. Musungwa asingarwisi, arambwa nekutizwa nevadzidzisi vaanoda, achizvuzvurudzwa nekumhanyiswa munzira dzeJerusarema; Mwanakomana waMwari oiswa pamberi paAnnasi nechisimba, omiswa mumuzinda wemuprista mukuru, muimba yekutonga yaPirato, pamberi pembwende ine hutsinye Herodi, kusekwa, kutukwa, kurwadziswa, nekutongerwa rufu …. Zvose izvi zvinoratidzwa pachena.

Pamberi peboka guru kwazvo panoratidzwa zviitiko zvekupedzisira .... Munhu wekutambudzika anotiwira achifamba nzira yekuenda Karvari, Muchinda wekudenga arembera pamuchinjiko vaprista vanozvikudza neruzhinji ruchisvevererredza marwadzo ekufa kwake, dima risinganzwisisiki, kuzunguzika kwenyika, matombo achitsemuka, makuva akazaruka, zvichiratidza nguva apo Mununuri wenyika akapa hupenyu hwake.

Chiitiko chinotyisa ichi chinoonekwa sekuitika kwazvakaita. Satani, vatumwa vake nevaanotungamirira havana simba rekubvisa maziso avo kubva kumufananidzo wemabasa avo. Mumwe nemumwe anorangarira pake paakaita. Herodi, akaparadza vana vasina mhosva vekuBeterehema kuti aparadze Mambo waIsraeri, Herodias aive nemwoyo wakaipa, ane mhosva yeropa naJohane mubhapatidzi, Pirato, wekusada kuita zvakafanira, varwi vechiRoma vekuseka, yaprista nevatongi neruzhinji rwakadaidzira, ruchiti, “Ropa rake ngarive pamusoro pedu nevana vedu!” …. Vose vanovona kukura kwemhosva yavo. Vanoedza kuvanda kubva kuchiso chesimba raMwari chinekubwinya kunodarika kwezuva, apo vakadzikinurwa vanenge vachikandira zviremba zvavo pamakumbo aMuponesi, vachidaidzira vachiti, “Akandifira ini!”.

Pakati peboka revakaponeswa iri panevadzidzi vaKristu, gamba Pauro, Petro wekushingaira nesimba, Johane aidikanwa zvikuru, nehama dzaro dzose dzepamwoyo

yakatwasuka, pamwechete navo paine boka revazhinji vakapodwa nekuda kwekutenda kwavo, kunze kweguta kunezvose zvakasviba, zvinonyangadza, kunenge kuine vaya vakashungurudza vatsvene, vakavapfigira mumatirongo, nekuzovavuraya. Nero, gandanga rehutsinye hwakaipisisa, achavona rufaro rwekukudzwa rweavo vaakamborwadzisa, achinakidzwa zvikuru nekugomera kwavo. Mai vake varipo kuti vavone mabasa avo, kuona chimiro chakashata chavakaisa pamwana wavo, havi dzezvakaipa dzakakurudzirwa nekuwumbwa nemuenzaniso wavo, zvakabereka michero mumhosva dzakaita dederesa nyika.

Pane vaprista veRoma nevakuru, vainyepera kuva nhume dzaKristu, asi vachishandisa mitauro yekurembedza vanhu nemajere emumakomba, nekupisa vanhu vakasungirirwa kuti vamanikidze vanhu vaMwari kuti vanamate sekuda kwevaprista. Kune vana Papa vaizvikudza pamberi paMwari, vakafunga kushandura murairo waMwari Wekumusoro. Avo vaizviti madzibaba ekereke vachazvidavirira pamberi paMwari panyaya dzose dzavangada kunzvenga. Pasisina mukana wekushanduka vanovona kuti Mwari muzivi wazvose anegodo nemutemo wake uye kuti haangaregeri munhu anemhosva. Vanovona kuti Kristu ane hanya nevanhu vake vanotambudzika, vanonzwisisa simba remashoko ake ekuti, “Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, pamakazviitira mumwe wevaduku vehama dzangu idzi, makazviitira ini” Mateo 25:40.

Nyika yose inomira ichitongwa pachigaro chaMwari vachipomerwa mhosva yakakura yekupandukira hurumende yekudenga. Hapana anovamiririra pamhosva dzavo; havana bako rekuvanda mariri, saka vanobva vatongerwa rufu nekusingaperi.

Zvino zvavapachena kuvanhu vose kuti mubairo wezvivi hakusi kuzvitonga nehupenyu husingaperi asi huranda, kuparara nerufu. Vakaipa vanovona zvavakarasikirwa nazvo nekuda kwehupenyu hwavo hwekupanduka. Mbiri yakakosha kwazvo inokudzwa, uye inogara nekusingaperi vakazvidza pavakaipiwa; asi apa yave kudikanwa zvikuru. Vanoti, “zvose izvi ndingadai ndakazviwana, asi ndakasarudza kuzvirasira kure neni. Haiwa, hupenzi hukuru! Ndakatsinhanisa rugare, rufaro rerukudzo nehurombe, kushorwa, nekushaya tariro. “Vose vanovona kuti kusiiwa kwavo kudenga kutonga kwakarurama. Nehupenyu hwavo vakataura vachiti “Hatidi kuti munhu uyu (Kristu) atitonge.”

Kuita sevarikurota, vakaipa vakatarisa kugadzwa kwaKristu. Vanovona mahwendefa emutemo waMwari mumavoko ake, mirairo yavakazvidza nekuputsa. Vanovona kupfachuka kwemufaro, kushamisika nekurumbidza kunobva kune vakaponeswa; maungira ekuimba kwavo paanonzwika nevarikunze, vose vanodaidzira nezwirimwe chete vachiti “Ishe, Mwari Wemasimba Ose, mabasa enyu akakura, anoshamisa; Mambo wemarudzi, nzira dzenyu dzakarurama, ndedzazvokwadi, Imwi Ishe wevatsvene.” Vanowira pasi vachinamata Muchinda wevupenyu.

Satani anomboita seaoma achiona kubwinya nekukudzwa kwaKristu. Uyo aimbova kerubi inofukidzira anorangarira kwaaimbova asati awa. Serafarimi inopenya, mwanakomana wemambakwedza tarirai kuti washanduka sei, waninipiswa nechitema sei! Haachabvumirwi nekusingaperi kusvika kumatare ekudenga kwaimboremekedzwa. Anovona mumwe akamira pedyo naBaba, achifukidzira mbiri Yake. Akaona korona ichiiswa pamusoro waKristu nemumwe mutumwa anoremekedzwa ane simba, anoziva kuti chinzvimbo chine ngirozi iyi chaifanira kuva chake.

Ndangariro dzinodzokera kumusha wake mumazuva ehutsvene nekuperera kwake, rugare nekugutsikana zvaiva zvake asati ava nemweya wekunyunyutira Mwari, negodo kuna Kristu. Kupomera kwake, chimurenga chake, nekunyengera kwake kuti awane rutsigiro rwevatumwa, kuramba kwake akaomesa mwoyo Mwari paakanga amupa mukana wekuregererwa zvose izvi zvinovuya mupfungwa dzake. Anorangarira basa rake pakati pevanhu nemuchero yaro- kuvengana kwevanhu, kuparadzwa kunotyisa kwehupenyu, kumuka nekuputsika kwehushe, kupidigurwa kwezvigaro zvehushe, matambudziko asingaperi, kurwisana, nekupandukirana kukuru.

Anorangarirawo kupikisa kwaaiita basa raKristu, nekuderedza hunhu hwemunhu kuenda pasi pasi kuronga kwake kwakaipa kwakatadza kuparadza avo vakaisa ruvimbo rwavo munaJesu. Satani paanotarisa humambo hwake, michero yekushingaira kwake kwese, anongovona kukundikana nekuparara. Anyengedza vanhu kuti vatende kuti kuparadza Guta Dzvene zvirinyore; asi iye anoziva kuti aya manyepo. Nguva nenguva, mukuenderera mberi kwehondo huru, aingokundwa nekumanikidzwa kubvuma. Anonyatsoziva simba nekukudza kwaIye Asingafi.

Chinangwa chemupanduki mukuru uyu chaive chekuzvichenesa kubvira pakutanga, achida kuratidza kuti hurumende yaMwari ndiyo yakakonzera kupanduka. Akapedzera simba rake rose nenjere dzake kusimbisa chinangwa ichi. Akashanda nehungwaru nekuronga kukuru, achinyatsobudirira, pakutungamirira vazhinji kuti vamutsigire muhondo huru yatora nguva yakareba zvakadai. Kwezviuru zvemakore mukuru uyu wehupanduki angaachiisa nhema panzvimbo yechokwadi. Asi nguva yasvika yekuti chimurenga chake chikurirwe, nenhoroondo nechimiro chaSatani zviratidzwe pachena. Mukuedza kwake kwekupedzisira kubvisa Kristu pachigaro, kuparadza vanhu vake, nekubvuta Guta raMwari, munyengeri mukuru uyu azonyatsobuda. Vose pachena vakabatana naye vavekuona kukundikana kuzere kwehurongwa hwake. Vateveri vaKristu nevatumwa vasina kupanduka vanyatsoona hurongwa hwake hose hwekuda kuparadza hurumende yaMwari. Ndiye ave chiseko chinhu chinosemesa kudenga nepanyika.

Satani anovona kuti kupanduka kwake kwekuzvisarudzira kwamuita kuti asakwane kudenga. Akazvidzidzisa kurwa naMwari, saka kuchena, rugare nekunyarara kwekudenga kungamushungurudza zvikuru. Kupomera kwake achishora tsitsi nekururamisira

kwaMwari kwanyaradzwa zvino. Kushoresa kwaakanga aita kuzita raMwari kwaiswa zvizere pamusoro pake iye. Satani zvino anopfugama achibvuma kuti chirango chake chakamufanira.

“Ndianiko ungarega kutya nekukudza zita renyu, Ishe? Nekuti imi moga muri mutsvene; nekuti marudzi ose achavuya, achinamata pamberi penyu; nekuti kururama kwenyu kwakaratidzwa.” Zvakazarurwa 15: 4. Mibvunzo yose pakati pechokwadi nenhema mumakakatanwa emakore yaiswa zvino pachena. Matuso ekupanduka, michero yekusiya mitemo yaMwari, zvavonekwa pamberi pezvisikwa zvose zvinenjere. Kushanda kwehutongi hwaSatani kuchienzaniswa nehurumende yaMwari zvaiswa pamberi pedenga nenyika yose. Mabasa aSatani anomupa mhosva. Huchenjeri hwaMwari, kururamisa kwake, nekunaka kwake zvinobuda pachena. Zvinoratidzwa kuti kushanda kwake kose muhondo iyi, Mwari aishandira kuti zvinakire vanhu vake nekunakira nyika dzose dzaakasika.

“Mabasa enyu ose achakuvongai Jehova; nevatsvene venyu vachakurumbidzai” Pisarema 145:10. Nhoroondo yechitema ichamira nekusingaperi sehuchapupu hwekuti mutemo waMwari uripo kuti zvisikwa zvaMwari zvose zvive nemufaro. Panenge pachiratidzwa pachena zvose zvine chekuita nehondo huru iyi, zvisikwa zvose kudenga nepasi, zvinoterera nezvakapanduka, zvichataura nezwirimwe chete. “Nzira dzenyu dzakarurama uye ndedzazvokwadi, imi Mambo wevatsvene.”

Pamberi pedenga nenyika chibairo chikuru chakaitwa naBaba neMwanakomana pakubatsira vanhu chaiswa pachena. Nguva yasvika yekuti Kristu agadzwe pachinzvimbo chake, uye akudzwe kupfuura masimba nemazita ose. Mufaro wakange uri pamberi pake - wekuti aunze vanhu vazhinji kukukudzwa ndiwo - kwakaita kuti atsungirire pamuchinjiko, nekutakura kunyadziswa. Kunyadziswa nekusuwa kwake kwaive kukuru kusingatauriki, asi rufaro rwakazovuya kura nekubwinya kwacho kwakakura kupfuvurisa.

Anotarisa vakaponeswa vaitwa vatsva muchimiro chake, mwoyo yose yakazara nehuMwari nezviso zvose zvichiratidza kufanana naMambo wavo. Mavari anovona tuso rekurwadziwa kwake kukuru, zvinomupa kugutsikana. Zvino nezwi rinonzwika neruzhinji rwose rwevatsvene nevakaipa anodaidzira achiti “Tarirai zvakatengwa ne Ropa Rangu! Ndakavatambudzikira, ndikavafira, kuti vagare neni nekusingaperi.” Rwiyo runobva rwatetsurwa nevanenguwo chena vari pamberi pechigaro chehushe runoti: “Gwaiana rakabaiwa rakafanira kuti rivigirwe vushe, nefuma, nekuchenjera, nesimba, nekukudzwa, nekubwinya, nekurumbidzwa” Zvakazarurwa 5:12.

Zvisinei kuti Satani amanikidzwa kubvuma kuti Mwari akarurama, nekupfugamira hukuru hwaKristu, chimiro chake hachina kusanduka. Mweya wechimurenga, sedutu rinesimba, unobva watubukazve maari. Anozadzwa neshungu, ozvimisira kuti asabvuma kukundwa muhondo huru iyi. Nguva yasvika yekuti arwisane kekupedzisira naMambo

weDenga. Anomhanyira pakati pevanhu vake, nekuvafemera hasha dzaanadzo kuti vasimukire kurwa. Asi pane vose vaakanyengera kupanduka, hapana achabvumira kutonga kwake neguva ino. Simba rake rapera. Vakaipa vakazarawo nekuvenga Mwari saSatani, asi vanovona kuti nyaya yavo haina kwainoenda, havanga kuriri Jehova. Hasha dzavo dzinopindukira kunaSatani navose vaishandiswa naye pakunyengera, saka nekutsamwa kukuru sekwemadhimoni, vanovamukira.

Ishe Jehova vanoti: “Zvawakamisa mwoyo wako semwoyo waMwari, naizvozvo tarira, ndinovuisa vatorwa pamusoro pako, ivo vanotyisa pakati pemarudzi ose; vachavhomorera kunaka kwehuchenjeri hwako minondo yavo, vachasvibisa kubwinya kwako. Vachakuburusira kugomba.” “Ndichakuparadza, iwe kerubi raifukidzira areka, ndikakubvisa pakati pamabwe emoto.... Ndichakuwisira pasi, ndikakuisa pamberi pemadzimambo kuti vakuvone.... ndichakushandura ukava madota panyika pamberi pavose vanokuona. ... Uchava chinhu chinotyisa, haungazovi chinhu nekusingaperi” Ezekieri 28: 6-8, 16-19.

“Nekuti shangu imwe neimwe yemurwi, yakatsika nekutinhira, nenguvo yakanyikwa muropa, zvichapiswa, zvichava sehuni dzemoto” Isaya 9:5; 34:2; Pisarema 11:6. “Nekuti Jehova akatsamwira marudzi ose, ane hasha nehondo dzawo dzose; akavaparadza chose, akavaisa pakuurawa”. “Achanisira misungo pamusoro pavakaipa; Moto nesuriferi nemhepo inopisa, ndiwo uchava mukombe wavo wavakagoverwa.” Moto unouya kubva kudenga kuna Mwari. Nyika inotsemurwa. Zvombo zvekurwa nazvo zvakavigwa kwakadzikadzika zvinoburitswa. Mirazvo inopisa inobuda kubva pose pakatsemuka. Matombo chaiwo arikubvira. Zuva rasvika rinopisa sechoto, Maraki 4:1; 2 Petro 3:10. “Nezvedenga zvichaparadzwa zvichipiswa nenyika nemabasa ari mairi achapiswa”. Nyika yose inoita sedombo rakatsva, rikanyongodetswa dziva remoto rinopedza chose. Inguva yerutongo nekupardzwa kwevanhu vasingadi Mwari,- “zuva rekutsiva raJehova, negore rekutsiva zvakaitirwa Zioni” Isaya 34:8.

“Tarirai, wakarurama achapiwa mubairo panyika; Ndoda wakaipa nemutadzi! Zvirevo 11:31. Vachava “semashanga; zuva rinovuya, richavapisa, rikasavasiira mudzi kana davi ndizvo zvinotaura Jehova wehondo” Maraki 4:1. Vamwe vanoparadzwa nekanguva kadukuduku, asi vamwe vanombotambura mazuva mazhinji. Vose vanorangwa “zvichienderana nemabasa avo.” Zvivi zvevatsvene zvakabviswa pavari zvichiiswa panaSatani, achaitwa kuti atamburire kwete kupanduka kwake iye chete, asi nezvivi zvose zvaakakonzera vanhu vaMwari kuti vazviite. Kurangwa kwake kuchave kukuru kukunda vose vaakanyengera. Kana vamwe vose vakaputsika vanyengerwa naye vapera kufa, iye anombosara achitsva ari oga. Mumarimi anochenesa aya, vakaipa vose vazoparadzwa zvino mudzi, nedavi - Satani ari mudzi, vateveri vake vari matavi. Kutyorwa kwemutemo kwaripirwa zvizere; zvinodiwa nekururamisa zvaitwa, uye denga nenyika zvakatarisa zvinobva zvadaidzira kururama kwaJehova.

Basa raSatani rekuparadza rapera zvachose nekusingaperi. Kwemakore zviuru zvitanhatu anga achiita zvaanoda, achizadza nyika nenhamo nekurwadziwa kwemwoyo kudenga nepasi. Zvisikwa zvose zvaigomera nekuchema pamwe chete zvichirwadziwa. Zvino zvisikwa zvaMwari zvanunurwa kubva kwaari nemiedzo yake. “Nyika yose yazorora, yanyarara; (vakarurama) vanofara nekuimba” Isaya 14:7. Kudaidzira kwekurumbidza nekukunda kunokwira kuchibva kudenga nenyika yose inoterera. “Inzwi ravazhinji-zhinji, senzwi remvura zhinji, senzwi rekutinhira kukuru rinonzwikwa richiti: Hareruya! Nekuti Ishe Mwari wedu wemasimba ose anotonga.”

Nyika payakaputirwa nemoto wekuparadza, vatsvene vanga vakachengeteka muguta Dzvene. Pamusoro pavose vakamutswa parumuko rwekutanga, rufu rwechipiri haruchina simba. Zvakazarurwa 20:6; Pisarema 84:11. Kunyange Mwari ari moto unoparadza kune vakaipa, kuvanhu vake izuva nechidziviriro.

“Zvino ndakavona denga idzva nenyika itsva, nekuti denga rekutanga nenyika yekutanga zvakanga zvapfuvura; negungwa rakanga risisipo” Zvakazarurwa 21:1. Moto unoparadza vakaipa unobva wachenesa nyika. Zvose zvine chekuita nechituko zvinokukurwa. Hakuna gehena rinobvira nekusingaperi richiramba richiyeuchidza vakaponeswa mubairo wezvivi unotyisa.

Kuchasara chiyeuchidzo chimwe chete. Muponesi wedu acharamba ane mavanga ekuroverwa kwake pamuchinjikwa. Musoro wake wakakuvadzwa, rutivi, mavoko nemakumbo ndizvo zvoga zvichava chiratidzo chebasa rechitema rinehutsinye. Achivona Kristu ari mukubwinya, muprofita akati “Kupenya kuripo kwakafanana nechiedza; kwezuva kunobuda paruvoko rwake, simba rake rinovandapo” Habakuki 3:4. Rutivi rwake rwakabaiwa pakabuda rukova rutsvuku rwakayananisa vanhu naMwari - ndipo pane mbiri yaMuponesi ndipo pane “kuvanzika kwesimba rake” “Anesimba rekuponesa,” kuburikidza nechibayiro cherudzikinuro, saka akavawo nesimba rekuranga vose vakazvidza tsitsi dzaMwari. Micherechedzo yekunyadziswa nekudzikisirwa kwake ndiyo inoita kuti aremekedzwe zvikuru, saka mavanga epaKarvari acharatidza kurumbidzwa kwake, nekuparidza simba rake nekusingaperi.

“Zvino iwe, rutura rwemakwai, iwe chikomo chemukunda weZioni, zvichasvika kwauri, zvirokwazvo ushe hwekutanga huchasvika” Mika 4:8; VaEfeso 1:14. Nguva yasvika iya yaishuvirwa nevatsvene vane chidiso chikuru kubva pakudzingwa kwemhuri yekutanga muEdeni - nguva ye “kudzikinurwa kwechakatengwa. Nyika ino pakutanga yakapiwa munhu kuti aitonge, akaiengesa kunaSatani nekunyengererwa, ikava mumavoko ewakaipa kwenguva yese iyi yakareba, zvino yadzoserwazve kumunhu nezano guru reruponeso. Zvose zvakanga zvarasika nekuda kwechitema zvadzoka “Nekuti zvanzi naJehova akaumba nyika nekuiita, akaisimbisa akasaisika kuti rive dongo, asi akaiumba kuti igarwe. . . ” Isaya 45:18. Chinangwa chaMwari chepakutanga chekusika nyika

chinozadziswa painoitwa nzvimbo yekugara yevatsvene nekusingaperi. “Vakarurama vachagara nhaka yenyika, vachagaramo nekusingaperi” Pisarema 37:29.

Kutya kuti nhaka iyi inouya inozoonekwa sechinhu chinobatika chepasi pano zvakaita kuti vazhinji vatore musha uyu nemufananidzo chete, izvi zvinobvisa chokwadi chinotibatsira kuutarisira semusha wedu. Kristu akavimbisa vadzidzi vake kuti aienda kunovagadzirira dzimba dzakanaka mumba maBaba vake. Vose vanogamuchira dzidziso dzeshoko raMwari havazotadzi kuziva nezvemusha wekudenga. Kunyange zvakadaro “Izvo zvisina kuvonekwa neziso, kana kunzwika nenzeve, nezvisina kupinda mumwoyo wemunhu, ndizvo Mwari zvaakagadzirira vanomuda.” 1 VaKorinde 2:9. Mutauro wevanhu unotadza kunyatsotsanangura mugove wevatsvene. Zvichazoonekwa chete nevachaendako. Hapana njere yemunhu inokwanisa kunzwisisa mbiri iri muParadiso yaMwari.

MuBhaibheri nhaka yevachaponeswa inonzi “nyika” VaHeberu 11: 14-16. Ikoko Mufudzi wekudenga anotungamirira makwai ake kumatsime emvura yehupenyu. Muti wehupenyu unobereka muchero yawo mwedzi mumwe nemumwe, uye mashizha awo ndeekurapa marudzi. Kune nzizi dzinoyerera nguva dzose, mvura yacho yakachena sekristori, uye kurutivi kwadzo kune miti inozunguzika ichikanda mimvuri munzira dzakagadzirirwa vakadzikinurwa vaIshe. Mapani akatanda anoenda kusvika kuzvikomo zvakanakisisa, nemakomo aMwari anovonekwa mudenga denga necheshure. Mumapani aya erugare, kumativi enzizi didzi dzehupenyu, vanhu vaMwari, vaimbova vafambi nevadzungairi vachawana musha imomo.

“Vanhu vangu vachagara paugaro vane rugare, nepadzimba dzakasimba, nepanzvimbo dzekuzorora dzakadzikama” Isaya 32:18; 60: 18; 65: 21, 22. “Zvinoitwa nesimba hazvichazonzwiki panyika yako, kana kuraswa nekuparadzwa pamiganhu yako; asi uchatumidza masvingo ako zita rekuti, “Ruponeso, nemasuo ako Rumbidzo.” “Vachavaka dzimba nekugaramo; vachasima minda yemizambiringa, nekudya michero yayo. Havangavaki dzimba, mumwe achizogaramo; ...vasanangurwa vangu vachapedza nguva huru vachifarira mabasa emavoko avo.”

Ikoko “renje nenyika yakaoma zvichafara; sango richafara kwazvo, richatumbuka seruva.” Isaya 35:1; 55: 13. “Panzvimbo yemuti wemunzwa pachamera musaipuresi, panzvimbo yerukato pachamera mumirite.” “Bere richagara negwayana, ingwe ichavata pasi nembudzana, uye mwana muduku achadzitungamirira.” “Hazvingakuvadzi kana kuparadza pagomo rangu rose dzvene,...” ndizvo zvinotaura Jehova (Isaya 11:6, 9, 33; 24: 62: 3; 65: 19).

Marwadzo haangavipo mudenga raMwari. Hakuzovi nemisodzi, kana mariro, kana nguvo dzekuchema. “Rufu haruchavipo, kana kuchema, kana kurira, kana kutambudzika hazvingavipo; nekuti zvekatanga zvapfuvura” Zvakazarurwa 21:4, 11, 24, 3. “Hakuna

ageremo, achati, “Ndinorwara; vanhu vageremo vachakanganwirwa zvakaipa zvavo” Isaya 11: 6, 9; 33:24; 62: 3; 65: 19.

Iri ndiro Jerusarema Idzva, muzinda mukuru wenyika itsva yekupenya, “Iwe uchavawo korona yakanaka muruvoko rwaJehova, nehukomba hwehumambo muruvoko rwaMwari wako.” Isaya 11: 6, 9; 33:24; 62: 3; 65: 19. “Chiedza charo chakanga chakaita sebwe rinokosha kwazvo, sebwe rejaspisi, rinovonekera sekristaro” Zvakazarurwa 21: 3, 4, 11, 24. “Vuye marudzi avaya vanoponeswa achafamba nechiedza charo, madzimambo enyika achavuyisa kubwinya kwawo nekukudzwa kwawo mariri.” Jehova anoti: “Ndichafarira Jerusarema, nekuva nemufaro pamusoro pevanhu vangu.” Isaya 11: 6, 9; 33: 24; 62: 3; 65:19. “Tarirai, tabernakeri yaMwari iri pakati pevanhu, iye uchagara navo ivo vachava vanhu vake; Mwari amene uchava navo, ave Mwari wavo.” Zvakazarurwa 21: 4, 11, 24, 3.

Muguta raMwari “hakuna husiku ikoko.” Hapana anenge achida kumborara kana kuzorora. Panenge pasina kuneta pakuita zvinodiwa naMwari nekurumbidza zita rake. Tichagara tichinzwa hutsva hwemangwanani,husingazoperi narini. “Havatsvaki chiedza chemwenje kana chiedza chezuva; nekuti Ishe Mwari uchavavhenekera. . . ” Zvakazarurwa 22:5; 21: 22. Kupenya kwezuva kuchakundwa nekupenya kusingarwadzisi meso nekutosvora, asi kuchipfuvura kupenya kwemasikati edu makuru. Kubwinya kwaMwari neGwaiana kenenge kuchipa kupenya kusingaperi. Vakadzikinurwa vachafamba mumbiri isina zuva asi kuine chiedza chemasikati nguva dzose.

“Handina kuona tembere mukati maro, nekuti Ishe Mwari Wemasimba Ose neGwaiana itembere yaro” Zvakazarurwa 22:5; 21: 22. Vanhu vaMwari vanemukana wekutaurirana naBaba neMwanakomana uso neuso. “Nekuti zvino tinovona pachivoni-voni, tisingavoni kwazvo” I VaKorinde 13:12. Tinoona mufananidzo waMwari uchivonekera, semuchivoni voni, mumabasa ezvakasikwa nemabasa ake muvanhu, asi tichazomuona uso neuso, pasina mucheka wekuvhara pakati. Tichamira pamberi pake, tichiona kupenya kwechiso chake.

Ipapo vakadzikinurwa “vachaziva, sekuzivikanwa kwavanoitwa.” Rudo netsitsi zvakadyarwa mumunhu naMwari zvichanyatsoshanda zvakanaka. Kutaurirana kutsvene nezvisikwa zvitsvene, kudyidzana nevatumwa uye nevakatendeka vemazera ose vakasuka nguvo dzavo nekudzichenesa muropa reGwaiana, hukama hutsvene hunobatanidza “mhuri yose yekudenga nepasi” (VaEfeso 3:15) izvi zvichabatsira kuumba mumufaro wevakaponeswa.

Pfungwa dzevanhu dzichafungisisa nekufara kusingaperi zvishamiso zvesimba rekusika, nechakavanzika cherudo rwekudzikinura. Panenge pasina munyengeri anehutsinye anoita kuti vanhu vakanganwe Mwari. Masimba enjere achawedzerwa, nekunzwisisa kuchiwedzerwa. Kudzidza hakuzonetesi pfungwa kana kupedza simba.

Zvirongwa zvemabasa makuru zvichaitwa, munhu wose achisvika paanoda kusvika pane zvaanoshandira asi kuchangoramba kuine zvimwe zvikuru zvinenge zvasara zvisina kudzidzwa kana kuongororwa.

Hupfumi hose huri kudenga nepanyika hunenge hwave pachena kuti hudzidzwe nevakadzikinurwa vaMwari. Vasisina kusungwa neketani dzerufu, vachabhururuka vachienda kunedzimwe nyika dzakasikwa dziri kure vasinganeti,- nyika dzaishamiswa nekusuwa dzichiona nhamo yevanhu, dzikaita maungira enziyo dzekufarira mweya wadzikinurwa. Nekufara kusingatauriki vana vepanyika vachapinda mumufaro nehuchenjeri hwezvisikwa zvisina kumbotadza. Vachigoverana hupfumi hweruzivo nekunzwisisa kwakawanikwa nguva yakareba yekufungisisa pamusoro pemabasa emaoko aMwari. Nekuona kusina madzengerere, vanoona kubwinya kwemabasa ekusika aMwari - mazuva, nyenyedzi nehurongwa wehuzhinji hwezvinotenderera pachigaro chaMwari. Pazvose izvi kubva kuzviduku kusvika kuzvikuru zvazvo, zita reMusiki rakanyorwa uye mazviri zvose munovonekwa hupfumi hwesimba rake.

Panofamba makore ekusingaperi, kunoramba kuchingozaruka zvimwe zvakadzika zvekubwinya kwaMwari nekwaKristu. Sekukura kuchaita ruzivo, ndizvo zvichaitavo rudo, kuremekedza, nekufara kuchiwanda. Vanhu pavanodzidza zvimwe pamusoro paMwari, zvichaita kuti vanyanyise kuda chimiro chake. Jesu paanovazururira zvefuma yekudzikinura kwake, nekukurira kunoshamisa kwakaitwa muhondo huru naSatani, mwoyo yevaponeswi inofara nekurumbidza kwakasimba, nekuridza kwakanakisisa vanoridza vudimbwa hwavo hwendarama; uye makumi nemakumi ezvuru anosanganisiravo mazwi avo murwiyo rwekurumbidza.

“Ndikanzwa zvisikwa zvipenyu zvose zviri kudenga, nepanyika, nezviri pasi penyika, nepagungwa nezvose zviri mukati mazvo, zvichiti: Kurumbidzwa, nekukudzwa, nekubwinya, nesimba ngazvive kunaIye ugere pamusoro pechigaro chevushe, nekuGwaiana nekusingaperi-peri” Zvakazarurwa 5:13.

Hondo huru yapera. Chitema nevatadzi hazvisisipo. Nyika nedenga zvose zvachena. Zvisikwa zvose zvave kuita chinhu chimwechete murufaro. Kubva kuna Iye akasika zvinhu zvose, vupenyu hunoerera nechiedza nemufaro, kusvika kunyika dziri kure kure. Kubva kuchisikwa chiduku duku kusvika kunyika huru kukunda dzose, zvinhu zvose, zvinofema nezvisingafemi zvinokambaira nezvakamira, mukunaka kwazvo kusina kufukidzirwa nerufaro rwakaperera, zvinotaura nesimba kuti Mwari rudo.

Kumirira kuguma kwezvinhu zvose

`